

**'A' LEVEL**

**SHONA STUDY  
PACK**

**ZVIRI MUKATI MEGWARO**

Chitsauko  
PEJI

Mazwi Okutenda.....**Error! Bookmark not defined.**

Chitsauko 1: Rondedzero..... 7

CHIKAMU A:ZVINOTARISIRWA KUITWA NEMUDZIDZI .....	7
CHIKAMU B: ZVIBOZWA ZVINOPIWA PARONDENDZERO NEMAPIRWO AZVO .....	9
CHIKAMU C: RONDEDZERO YEHURUKURO/NHAURIRANO.....	9
CHIKAMU D RONDEDZERO YETSAMBA .....	11
CHIKAMU E RONDEDZERO YEIZWI RIMWE CHETE.....	14
CHIKAMU F RONDEDZERO YETSUMO.....	19
BASA REKUITA.....	20

CHIKAMU G: RONDEDZERO YEGAKAVA/YEKUKAKAVARA .....	20
CHIKAMU H: RONDEDZERO YENHAURWA.....	21
CHITSAUKO 2: NZWISISO .....	22
NZWISISO PADANHO RE ‘A’ LEVEL.....	22
CHITSAUKO 3 PFUPISO .....	37
PFUPISO .....	37
ZVINANGWA ZVECHIKAMU .....	37
CHITSAUKO 3: NYAUDZOSINGWI.....	44
CHIKAMU A: MHANDO DZENYAUDZOSINGWI.....	44
CHIKAMU B.....	46
NHURIKIDZWA DZENYAUDZOSINGWI.....	46
CHIKAMU C .....	48
CHITSAUKO 4: MHENENGURO.....	50
Chikamu A: Mhenenguro yeNhetembo.....	50
Chikamu B .....	56
Muenzaniso weMhenenguro.....	56
Mhenenguro yenyaya.....	65
CHIKAMU A: ZVINOTARISIRWA PAKUPENENGURA NYAYA .....	65
CHIKAMU B: MHANDO DZEZVIDAVADO NEBATSIRO YAZVO.....	66
CHIKAMU C: MAPIRWO EZVIBODZWA MUMHENENGURO.....	70
CHIKAMU D: ZVIMWE ZVINOTARISIRWA MUMHENENGURO.....	71
CHIKAMU E: BASA REKUITA:.....	71
ONGORORA NDIMA DZOSE DZEMHENENGURO WOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA .....	71
CHITSAUKO 5: KUUMBWA KWEMUTAURO: .....	83
CHIKAMU A: ZVIVAKAZWI/ZVIUMBAMAZWI.....	83
CHIKAMU B: ZVIZITA .....	87
CHIKAMU C: NDEVO YEZVIZITA .....	93
CHIKAMU D: NDEVO DZEZVIZITA DZINE ZVIWEDZERWA .....	95
CHIKAMU E NDEVOBONGA DZEZVIZITA UYE ZVIREVO ZVEZVIZITA.....	103
Mashandisirwo endevo bonga dzezvizita .....	104
ZVIREVO ZVEZVIZITA .....	104
CHITSAUKO 6: KUUMBWA KWEMUTAURO .....	105
CHIKAMU A: NHURIKIDZWA YEZVIITO.....	105
CHIKAMU B: NDEVO YECHIITO.....	110
CHIKAMU C: NDEVO YECHIITO INE CHIWEDZERWA .....	112

CHIKAMU D: NDEVOBONGA YECHIITO .....	114
CHIKAMU E: ZVIREVO ZVEZVIITO .....	117
CHIKAMU F: ZVIITOGAMA .....	118
CHITSAUKO 7: MUTAURO .....	121
CHIKAMU A: MAZITAUMBIRIDZWA .....	121
CHITSAUKO 8: UVARANOMWE.....	123
CHIKAMU A: UVARANOMWE HWECHINYAKARE .....	123
UYAVAYA HWENDURI DZECHINYAKARE .....	123
TSIKA DZAVASHONA.....	153
NGANO VOLUME 4 .....	197
GONAWAPOTERA .....	205
CHIKAMU B: UVARANOMWE HWEMAZUVA ANO .....	219
MUDENGU MUNEI? .....	219
TONGOONA.....	255
MUNZWA MUNDOVE.....	284
NDIKO KUPINDANA KWAMAZUVA .....	298
NDAKAITEI .....	312
TSANO .....	325
MUBAIRO .....	331

### **MAERERANO NEGWARO**

Chinangwa chegwaro iri ndechokupa zvese zvinodiwa nevadzidzi pagadziriro yavo yeongororo yepadanho re ‘A’ level richishandisa mutauro wakakodzera. Zvese zvinodiwa negwaro rourongwa hwechidzidzo ichi (syllabus) zvakahwerengedzwa pamwe chete mugwaro iri. Iro gwaro iri rinopawo mibvunzo inorodzorodza pfungwa dzomudzidzi anogadzirira zamanishoni.

Chivimbo chedu ndechekuti negwaro irori mudzidzi haazombokundikani.

### **BUMBIRO RE ‘A’ LEVEL SHONA (9145)**

Chinhu chakangonaka kuti mudzidzi azive bumbiro rechidzidzo chaanenge achiita. Izvi zvinomubatsira kuti azive zvaanotarisirwa kuti ange oziva, paanozovika pakunyora bvunzo dzake. Bumbiro reShona padanho rino harina zvizhinji, kunze kwekungopa zvinotarisirwa pamibvunzo mumapepa matatu achanyorwa. Pari zvino rakanyorwa neChiRungu, asi pano ticharipa riri mururimi rweShona.

### **BUMBIRO**

Pachanyorwa mapepa matatu, rimwe nerimwe richipiwa nguva inoita maawa maviri nehafu. Mibvunzo ichasetwa kuchishandiswa mitemo yakabvumiranwa yekunyora ChiShona. Vadzidzi vanotarisirwa kunyora mhinduro dzavo vachitevedzawo mitemo iyoyo pakupatsanura mazwi nepakuperetera sezvakatsigirwa neShona Language Committee. Vadzidzi vanototi vanyore mapepa ose ari matatu.

**Pepa 1 (2 1/2 hours) (100 marks)**

Vadzidzi vanotarisirwa kupindura mibvunzo mitatu, umwe chete kubva muchikamu choga choga chezvinotevera:

Chikamu A: Rondedzero (50 marks).

Chikamu B: Nzwisiso (30 marks)

Chikamu C: Pfupikiso (20 marks)

(Mhinduro dzose ngadzinyorwe neChiShona)

**Pepa 2 (2 1/2 hours) (100 marks)**

Vadzidzi vanotarisirwa kupindura mibvunzo mina, miviri kubva muChikamu A, nemimwe miviri kubva muChikamu B.

Chikamu A: Mhenenguro yendima mbiri, imwe yenganonyorwa neimwe yenhetembo.

(60 marks)

**Chikamu B:** Maumbirwo nemashandisirwo emutauro weChiShona (40 marks)

Muchange mune mukana wekusarudza mibvunzo yaunoda muzvikamu zvose zviri zviviri. Mhinduro dzose ngadzinyorwe neChiShona chete. Tarisawo manotsi eChikamu B ari mumashure mePepa 3.

**Pepa 3 (2 1/2 hours) (100 marks)**

Vadzidzi vanotarisirwa kupindura mibvunzo mina ichabva mumabhuku euvaranomwe avakanzi vaverenge. Mabhuku aya achabva muzvinyorwa zvakare nezvanhasi zvenhetembo nenganonyorwa. Mibvunzo ichange iri muzvikamu zviviri.

Chikamu A: Uvaranomwe hwechinyakare.

Chikamu B: Uvaranomwe hwamazuva ano.

Pamhinduro ina dzinotarisirwa, chikamu choga choga chisashaya imwe inobvamo. Vadzidzi vanosungirwa kupindura mubvunzo mumwe wenhetembo kubva muChikamu A kana B. Mubvunzo woga woga une mamakisi 25. Mhinduro dzose ngadzinyorwe neChiShona chete.

**Manotsi eChikamu B chePepa 2**

Mibvunzo yemuChikamu B chePepa 2 iri pamusoro pemaumbirwo nemashandisirwo emutauro weChiShona, ichange yakazembera panzira dzakanyorwa naG. Fortune mumabhuku ake anonzi,

Shona Grammatical Constructions Volumes 1 neII (Central African Correspondence College).  
Mabhuku aya angangoshandiswa semacherero chete kubatsira vadzidzi, haamanikidzwe.

Vadzidzi vanotarisirwa kugona kutsanangura maumbirwo nemashandisirwo ezviumbwa zvinotevera:

- i) Zvizita, Ndevo dzezvizita, Ndevo dezvizita dzine zviwedzerwa, Ndevobonga dzezvizita uye Zvirevo zvezvizita.
- ii) Midzi yezviito, Ndevo dzezviito , Ndevo dzezviito dzine zviwedzerwa, ndevobonga dzezviito, uye Zvirevo zvezviito
- iii) Nyasudzosingwi, Ndevo dzenyauudzosingwi, Ndevobonga dzenyauudzosingwi, uye zvirevo zvenyauudzosingwi.

### **Mabhuku euvaranomwe anoshandiswa kuPepa 3**

Aya anowanzoshandurwa mushure mekushandiswa kwemakore maviri.

Ari kushanda muna 2014- 2015 ndeanotevera:

Chikamu A: Uvaranomwe hweChinyakare.

<u>Ngano Vo IV</u>	G. Fortune, (ed)	Mercury Press.
<u>Uyavaya Hwenduri Dzechinyakare</u>	H. Haasbrook (ed)	Mambo Press.
<u>Tsika DzavaShona</u>	J. Gombe	College Press.
<u>Gonawapotera</u>	I.M. Zvarevashe	College Press

### **Chikamu B: Uvaranomwe hwamazuvano**

<u>Mudengu Munei?</u>	C.D. Hwiridza	Litho Imaging Press
<u>Munzwa Mundove</u>	M. Mahanya	College Press
<u>Mubairo</u>	D. Hwendaenda	College Press.
<u>Ndiko Kupindana Kwamazuva</u>	C. Mungoshi	Mambo Press
<u>Ndakaitei?</u>	E. Ribeiro	Longman
<u>Tsano</u>	T.K. Tsodzo	Mambo Press
<u>Tongoona</u>	R. Choto	ZPH

## **CHITSAUKO 1: RONDEDZERO**

### **Chikamu A:Zvinotarisirwa kuitwa nemudzidzi**

- Rondedzero yepadanho re “A” level inosungirwa kuva ine mapeji ari pakati pemana nemashanu epfungwa dzinoererana/dzinodyidzana. Chinyorwa ichi hachifaniri kuva zندانakuenda rechinyorwa, asi kudimburwa pachishandiswa ndima dzine pfungwa dzinodyidzana.
- Pane vamwe vadzidzi vanofunga kuti kuzadza zvirungamutauro ndiko kuti zvibozwa zviwande, asi kurudziro ndeyekuti zvinofanirwa kutsvetwa pazvinokwana kwete kungotsveta nje. Semuenzaniso, vamwe vanoti, “Zvechokwadi aiva madziva ava mazambudziko. Dzaiva nhungo dzava mbariro. Chinokura chinokotama musoro wegudo chava chinokoro. Chemusi uyu chaiva chekuzvionera nekuti kutaaurirwa kunyimwa mbare dzekumusana”.

- Uku kunongova kutsveta zvirungamutauro nepazvisingakodzeri uye hazvipe mudzidzi zvibodzwa. Zviri nani kushayisa zvirungamutauro, asi uchinyora zvinonzwisika pane kuzadza tsumo nemadimikira zvisina zvazvinoreva.
- Kunyora basa rakachena, uye rinoyemurika. Basa rakachena, risina kuchekwa-chekwa rinoyemurika pachinhambo che rakasviba rine runyoro rwunonetsa kuverenga.
- Padanho re”A” level panodiwa kuti mudzidzi ataridze udzamu hwepfungwa paanenge achinyora. Izvi zvinoratidzwa nepfungwa dzine udzamu dzaanobudisa, uye mienzaniso inoshandiswa nemudzidzi. Mienzaniso inotaridza kuziva zvaunenge uchitaura nechokwadi chaunenge uchitaura.

### **Mhosho dzinowanikwa pakunyora rondedzero**

- (a) Mazitasingwi anova mazita anotumidzwa zvinhu zvorudzi rumwe chete kuti zvive zvinopatsanuka semazita evanhu, mhuka, nzizi, makomo nezvimwewo. Mazita akaita sekuti Mugezarichakwata anoresva kunyorwa onzi Mugeza richakwata. Chiremwaremwa ronzi chiremwa remwa.
- (b) Mazita anodzokororwa sekuti Kare kare kwete karekare. Vashoma vashoma kwete vashomavashoma.
- (c) Zita rinenge richidzokorodzwa dzitsi chete rinowanoresva kunyorwa nevadzidzi sekuti rungwanangwana kwete rungwana-ngwana, usikusiku kwete usiku-siku. Mutemo unoti kana zita richidzokorodzwa dzitsi chete rinonyorwa sezwi rimwe chete, ndokunge rine nyaudzirwa dzisingadariki mbiri. Nyaudzirwa dzacho ndi; siku, uye, si, na, ku.
- (d) Mazwi akaita samangwanani-ngwanani nachamusvetu-musvetu anoresva kunyorwa. Kazhinji unowana pasina kasungazwi kanopatsanura sekuti mangwananingwanani.
- (e) Mazwi akaita sekuti mesomeso kana mheremhere anoresva kunyorwa. Kazhinji anopatsanurwa seizvi meso-meso kana kuti mhere-mhere. Mutemo unoti kana zita richidzokorodzwa sezwi rose asi kudzokorodzwa uku kuchizounza izwi idzva risingarevi zvanga zvichirehwa nezwi radzokororwa riri rega, rinonyorwa sezwi rimwe chete.
- (f) Mazwi akaita sezviitosingwi anonyorwa seshoko rimwe sekuti akafanomugaririra ndaisimbomuvenga.
- (g) Chiitosingwi chakaita sakutamba-tamba chinonyorwa zvakaipa nevadzidzi vakawanda. Vakawanda vanonyora vachiti kutambatamba zvinova zvakashata.
- (h) Vadzidzi vane dambudziko guru pakunyorwa kwezviitogama. Vanobatanidza nemazita kana chiitosingwi chinenge chiri pedyo sekuti Maivane vana vakawanda, kana kuti Arikuenda nhasi. Uku kuresva nekuti manyorero akanaka ndeanoti Mai vane vana vakawanda uye ari kuenda nhasi.
- (i) Nhamatidzwa dzose dzinonyorwa dzakabatana neshoko rinenge riri shure kwadzo sekuti Mhanyazve kwete Mhanya zve kana Uyawo kwete Uya wo.
- (j) Nyaudzosingwi dzakadzokorodzwa dzinowanoresva kunyorwa pachipatsanurwa nekasungazei sekuti mhanye-mhanye kana tambe-tambe. Uku kuresva nekuti mutemo unoti nyaudzosingwi yakadzokorodzwa inonyorwa yakaparadzana pasina chisungazwi sekuti mhanye mhanye uye tambe tambe.
- (k) Vadzidzi vazhinji vanoti kana vachinge varesva kunyora vanokomberedza mazwi acho nezvikomberedzo. Uku kuresva sekuti Muzivi wenzira yepa (ruchare) ruware ndiye mufambi wayo Kukomberedza uku kukanganisa nekuti kureva kuti ruchare rinova izwi rakanganiswa, rakafanana nerokuti ruware.



### **Cherechedzo**

Kana mhosho dzikaitirwa pakunyora, dzingava dzepatsanuro, batanidzo nezviperego zvinoderedza zvibodzwa. Nekudaro manyorero anoda kungwarirwa kuitira kusarasikirwa nezvibodzwa.

### **Chikamu B: Zvibozwa zvinopiwa Parondendero nemapirwo azvo**

Kugona zvakapfurikidzisa	-	43 -50
Kugonesa	-	35 -42
Kugona	-	30 -34
Zviri nane	-	25 -29
Zvisina udzamu	-	18 -24
Kukonewa	-	10 -17
Kunyanya kukonewa	-	0-9

- i) Panokosheswa udzamu hwepfungwa zvichienderana nedanho re “A” level. Mudzidzi anotarisirwa kunge anyora zvinoenderana nemubvunzo.
- (ii) Panoongororwa kudyidzana kwepfungwa, zvimiso, kushandiswa kwendima, kuverengeka kwebasa, kushandiswa kwemutauro, mamirire ezvirevo nekutendeseka kwepfungwa.
- (iii) **Zvinodiwa parondendero yetsamba**
  - (1) Kero yekutanga nezuva ranyorwa tsamba.
  - (2) Kero yechipiri nemunhu anoitambira-chinzvimbo chake.
  - (3) Kumikidzo yetsamba.
  - (4) Magumo-zita rako rakazara.
- (iv) **Zvimwe zvinokanganisa vadzidzi**
  - Kukanganisa kunyora mavara makuru nemadiki
  - Kuresva kushandisa zvitari dzamazwi emutauri, zviturabefu, kunyora nemuchidimbu nhamba yebhegi netsamba, kudimbura mazwi panopera mutsara nekushandisa zvimiso pakunyora kero yetsamba. Izvi zvose zvinoita kuti munyori webvunzo arasikirwe nezvibodzwa.

### **Chikamu C: Rondedzero yehurukuro/nhaurirano**

- Nhaurirano kutaurirana kana kukurukurirana pakati pevanhu vaviri kana vatatu
- Munyorabvunzo anotaririrwa kusapedza nguva achipa vatambi vake nhaurwa dzisinei nezvabvunzwa. Kupedza nguva vanhu vachibvunzana upenyu hakupi zvibozwa.
- Izwi remutauri/mutsananguri ndiro rinotanga kutitaurira zvinotisvitsa munhaurirano yacho sekuti. Muchirimo apo shamwari mbiri dzinenge dzichidya zvadzo nyaya dzezvemitambo

pakati pechikwata cheDynamos neCaps United. Vanoerekana vawira munyaya yekuti mitambo ine pundutso here muupenyu hwevanhu kana kwete.

- Apa munyorabvunzo anenge asina kumboti pamunhondo kana pamusana achinyora. Anenge angobaya dede nemukanwa kubudisa zvaanoda kutaura zviru maererano nekukosha/kusakosha kwemitambo muupenyu. Mazita evatambi anoda kusarudzwa anoenderana nedingindira renyaya ekuti dzidzai Budirirai, Shingirirai Garai, Nhamoinesu.
- Mazita ekuti Dzidzai, Budirirai naShingirirai anopiwa kune avo vanenge vachiti kuita mitambo chinhu chakanaka muupenyu, ukuwo Garai naNhamoinesu anopiwa kune avo vanofunga kuti mitambo haina pundutso muupenyu.
- Munyorabvunzo anokurudzirwa kuti asashandise chidhorobha, mutauro wechizvinozvino kana chirungu pakunyora nekuti hazvikurudzirwi. ChiShona chemandorokwati ndicho chinodikanwa, saka shamwari idzi dzinofanirwa kushandisa mutauro weChiShona chemandiriri.
- Munyorabvunzo anogonawo kupota achitsveta izwi remutsananguri kutaura zvinoitwa nevatambi vacho muzvikomberedzo sekuti mushure mekutura anomboti tsinin'ini achifunga zvakadzama. Kana kuti (Anombomira apo panopfuura bhazi rekwaMunhenzva). Zvikomberedzo zvinoshanda kutaridza kutihaasi mazwi akataurwa nevatambi.
- Munyori webvunzo anokurudzirwa kuongorora mativi ose emubvunzo sekubuda kwepfungwa kunenge kuchiitwa nevatambi vacho. Hazvikurudzirwa kuti vangodzokorora pfungwa imwe cheteyo.

Muenzaniso: Nyora hurukuro pakati pevanhu vaviri vari kukakavadzana maererano nekudzidziswa kwekodzero dzevanhu.

Sunungukai: Kodzero dzevanhu ngadzidzidzise kuitira kupa ruzivo kuvanhu maererano nekodzero dzavo.  
Izvi zvinobatsira kuti vanhu vave neruzivo rwezvavangaita kana kodzero dzavo dzichinge dzavhiringidzwa.

Batidzirai: Dzidziso dzekodzero nedzekutungana wembudzi nekuti vamwe havazozive pekugumira nepokushandiswa kodzero dzavo. Izvi zvinounza kusawirirana.

Sunungukai: Kudzidzisa kodzero dzevanhu kunobatsira kubvisa udzvanyiriri munyika, mumhuri, uye pakati pevarume nevakadzi.

Batidzirai: Hazvibatsiri nekuti zvekodzero izvi zvinounza kudzurirana runyemba nekurimirana kumuganhu pakati pevanhu. Vana vanopikisana nevakadzi, uyewo mudzimba munoita masimukatienzane pakati pevarume nevakadzi. Vadzidzisi vanotadza kudzora vana rangova bvonyongera muzvikoro.

- Kubva munhaurwa iyi zvinoonekwa kuti hapana kutenderera pakubudisa pfungwa dzakakosha. Mutambi mumwe nemumwe ari kubudisa zvakakosha zvinova zvinodikanwa murondedzero yenhaurirano.
- Nhaurirano iyi yabudisa ChiShona chemandorokwati pasina chidhorobha. Kudzurirana runyemba, kurimirana muganhu, kutungana kwembudzi, masimukatienzane mienzaniso yemadimikira ahandiswa.

### **Basa rekuita**

1. Nyora nhaurirano pakati pevanhu vaviri vari kukakavadzana nenyaya yekuti nyika dzekumadokero hadzifanirwi kupindira mune zvevatongerwo enyika dzemuAfrica mumwe achiti dzinofanirwa kupindira.
2. Nyora hurukuro yeshamwari mbiri dziri kukakavadzana nenyaya yekuti zvirango zveupfumi zvakatemerwa Zimbabwe ndizvo zvaunza urombo mumwe achiti, hazvisizvo.

### **Chikamu D Rondedzero vetsamba**

Tsamba dzinonyorwa pa'A' level ndedzekuti mudzidzi anyore kero mbiri yekutanga yepanowanikwa munyorabvunzo neyechipiri kwainoenda. Izvi zvinosiyana netsamba inoenda kushamwari iyo inongoda kero imwe chete.

### **Zvinotevedzwa pakunyora tsamba.**

1. Kero inofanirwa kunyorwa yakarurama-kungava kurudyi kana kuruboshwe sekuti.

Bushu High School  
Private Bag 247  
Wedza

14 Ndira 2002

KuMupepeti wenhau  
Kwayedza  
Post Office Box 2  
Harare

Kero mbiri idzi hadzina kushandisirwa zvimiso, kero hachisi chirevo nekudaro haidi zvimiso zvakaite sezviturabefu, nyora kana chimiso chekuratidza kuti chirevo chaguma.

- Kubva pakero idzi Private Bag yanyorwa zvazazara. Sepanotiwo Post Office Box. Izvi ndizvo zvinotenderwa kwete kunyora kuti P. Bag. Asi Post Office Box inogona kunyorwa kuti P.O.Box.
- Kunoenda tsamba kwabudiswa pakero yechipiri- Mupepeti wenhau pamwe chete nebepanhau racho- Kwayedza
- Kubva pakero yechipiri panosiyirwa mutsetse munyorabvunzo oenda pakumikidzo- Wadiwa/Anodiwa Changamire. Zvakashata ndezvinoti Kuna Changamire kana kuti Mudiwa Changamire.

Izvi zvakashata nekuti zvinoita sekuti zita remunhu ari kutambira tsamba yacho ndiChangamire, zvinova zvisizvo.

- Pakunyorwa kwetsamba iyi panonyorwa chinangwa chetsamba yacho sekuti:
  - (a) Chinangwa: Maonero angu nenyaya yeuwozi yakurumbira muZimbabwe.
  - (b) Chinangwa: Zvakanaka nezvakaipira kuenda kunotenga nekutengesa zvinhu kunze kwenyika.

Kubva pazvinangwa zvapiwa izvi paonekwa kuti zvakanangana nemubvunzo zvatopiwa pachinangwa chacho. Kazhinji mubvunzo yepa “A” Level inoda kuti munyori webvunzo atarise mativi maviri emubvunzo kwete kungotarisa divi rimwe chete. Ndosaka chinangwa chanyatsoburitsa mativi maviri acho.

- Kana munyorabvunzo achitanga tsamba yake hapadikwi zvekupedza nguva munhu achitaura zvisina basa zvisinei nemubvunzo wapiwa. Anokurudzirwa kuti atange nekubudisa zvabvunzwa zvacho sekuti: Ndanyora tsamba iyi ndichida kukupa pfungwa dzangu maererano nevanhu vanoenda kunze kwenyika vachindotengesa zvinhu. Ndinoti zvakanaka nekuti zvinounza pundutso kumhuri.
- Apa panenge pataridza kuti munyorabvunza atotanga achitotarira mativi ose emubvunzo uye achitobudisa pfungwa dzakakosha. Maonero emativi ose ndiwo anodikwa padanho re “A” level.
- Pakunyora rondedzero iyi panoda kuti pashandiswe mienzaniso inotsigira chinyorwa chake. Kushayisa mienzaniso kunoratidza kuti munyorabvunzo haana udzamu hwepfungwa. Saipapa panodikwa kuti mienzaniso yezvinoitika kana vanhu vachindotengesa kuSouth Africa, Mozambique, Zambia nekuDubai ibudiswe. Matambudziko, uye zvakanaka zvinounzwa nekuinda uku zvinofanira kubudiswa sezvinotevera.

### **Zvazvakanakira**

- Kuunza upfumi munyika
- Kuraramisa mhuri
- Kuunza ruzivo nekugadzira zvinhu
- Zvitengeswa zvinoita kuti mitengo iderere nekuda kwemakwikwi.
- Kuderedza hurombo munyika

- Kusimudzira upenyu hwevanhu.

### **Zvazvakashatira**

- Kuunza zvirwere munyika-shuramatongo
- Kukanganisa maindasitiri emuno anogadzira zvinhu
- Kusiya vana vachizviriritira zvaunza misikanzwa pavana
- Vana vanotamba uterera vabereki vari vapenyu.
- Zvinoshoresa nyika ichinzi ine urombo
- Kuunza twutsika twunoeredza tsika dzedu- ungochani, kusaremekedza vakuru
- Kukonzera kuti vanhu vemuno vashaye mabasa nekuti maindasitiri anenge avharwa.
- Kuuyiswa kwemidziyo isina kusimba seyekuChina.

### **Mhedziso**

Pakupedzisa tsamba munyorabvunzo anotarisirwa  
Kuti apedzise achiti  
Wenyu Anovimbika

Farirai Moyo  
kana

Ndini anotendeseka

Peter Ncube

Hazvitarisirwa kuti pave nemhedzisi yekuti  
Ndini Wenyu Anovimbika

Paul Gumbo

Panenge paine dzokororo yepfungwa Ndini inoreva  
zvimwe chete nekuti Wenyu saka dzokororo iyi  
Haidikanwi

### **Basa rekuita**

1. Nyora tsamba kumupepeti wenhau uchitaura zvaunofunga maererano netsika yeungochani yakurumbira.
2. Nyora tsamba kupepanhau uchipa pfungwa dzako pamusoro pehurumende dzemubatanidzwa.
3. Nyora tsamba kune rimwewo bepanhau uchiyanika maonero ako maererano nekuti kushandiswa kwemari yekunze munyika kunounza budiriro.
4. Nyora tsamba kumupepeti webepanhau reKwayedza uchipindura mumwe murume akati bumbiro remutemo remhirizhonga yemudzimba rinoputsa dzimba pane kuvaka.

## **Chikamu E Rondedzero yeizwi rimwe chete**

- Iyi irondedzero inopa munyori webvunzo izwi rimwe chete semubvunzo sekuti Nzara, Doro, Upenyu, Rufu, Makakatanwa, Uterera, barika.
- Mazwi awa anogona kunge achireva zvakasiyana-siyana kana akaongororwa sekuti doro zvinoreva chinwiwa chinodhaka kana munda wakanyorova unorimwa mupunga. Nzara zvinoreva zvipande zvomuzvigunwe kana kushaya chikafu kunoita zvipuka.
- Munyori webvunzo unotarisirwa kuti asarudze divi rine zvekunyora zvakanwanda kwete zvisihoma.
- Haanganyori nezvemunda wemupunga kana nzara dzemuzvigunwe nekuti hapana zvekunyora zvakanwanda.
- Munyorabvunzo anotarisirwa kunyora nezvekushaya chikafu kwezvipuka kana zvekunwa zvinodhaka.
- Kana izwi racho richinge rapiwa rinoda kutsanangurwa pekutanga richipiwa dudziro kuratidza ruzivo. Dudziro iyi inopa gwara rezvichazokururwa mukati.
- Rondedzero yerudzi urwu haisi yekupa runyaya ruri pamusoro perufu, doro kana nzara, asi kubudisa pfungwa dzinoenderana neizwi racho.
- Zvibodzwa zvinopiwa zvichienderana neuwandu hwepfungwa dzabudiswa.
- Kutu munyori webvunzo akwanise kubudisa zvakanwanda anofanirwa kunge akaverenga mapepanhau, kuteerera wairesi, kuonawo nekuteerera terevhizhini kana kuita tsvagurudzo painda neti. Zvose izvi zvinobatsira chose kuti munyori webvunzo akwanise kuwana ruzivo rwekunyora izwi rimwe chete.

### **Nzara**

Munyorabvunzo ngaapindure mibvunzo inotevera

- Nzara- chii?
- Inokonzerwa nei?
- Ndeapi matambudziko anounzwa nenzara?
- Ndezvipi zvingaitiwe kuti nzara ipere?

### **Nhaka**

- Chii?
- Mhando dzenhaka
- Zvakanakira nhaka
- Kuipa kwenhaka mumafungiro anhasi nekare
- Mafambisirwo enhaka.
- Muenzaniso wepfungwa dzingabudiswa paronedzero yeizwi rimwe chete

### **Uroja**

Chii chinonzi uroja? Kugara kwemunhu asina imba yake pachake muimba yemumwe achibvisa mari kumuridzi wemba. Munhu anogona kunge achiroja imba yose kana chipandi cheimba.

### **Zvinotarisirwa kubva kumaroja:**

- Kubhadhara mari inenge yatarwa pamwedzi woga woga

- Kutevedzera mitemo inenge yakatarwa nemuridzi weimba.

**Matambudziko euroja:**

- Kutarirwa nguva yokusvika pamba
- Kusabvumidziwa vashanyi, vanonzi vanotambisa mvura nemagetsi zvinokwidza mutero
- Kusabvumidzwa kuva nemidziyo yemagetsi yakawanda
- Kudzingwa usina kupuwa notisi yakakwana
- Kudzingwa ukarwara zvikuru kana wafungidzirwa kuti ungangofirapo.
- Kugara usina kusununguka, sokuti haugoni kutaurisa, kusekesa kana kuridza redhiyo neruzha rwaunoda
- Kana makawandisa munotomirirana pakuenda kuchimbuzi kana pakugeza kana kurambidziwa kugeza kusvikira varidzi vepamba vageza.
- Zvirwere zvinogona kutatapuriranwa
- Kubirwa
- Kunenerwa mhosva
- Mari yaunobhadhara inogona kuva yakakwira zvokuti haugoni kuchengetedz yokuzotengawo yako imba kana kuzvivakira.

**Zvinokonzera uroja**

- Urombo
- Kutsvaka dzidzo
- Kutambira mari shoma
- Kushayikwa kwedzimba
- Kuchinja nzvimbo dzokushandira, hondo, kudhura kwedzimba
- Vamwe vanobhadharirwa nemakambani, asi vasingadi kuti vavatengere dzimba

**Zvingaitwe kuderedza uroja:**

- Hurumende nemenisiparati zvinofanira kuita zvirongwa zvokubatsira vashandi vose kuwana dzimba
- Kupa mishandirapamwe yedzimba mari yakawanda ine mitero yakaderera
- Vanhu kushandira kwavanogara
- Kupa vanhu dzimba dzinobhadharwa zvisihoma zvisihoma.

**Pindura mibvunzo inotevera unyore rondedzero**

- Umbimbindoga
- Dzidzo
- Mari
- Ongorora ndima inotevera ine izwi rimwe chete n'anga uchiongorora kuti yanyatsoburitsa here zvinotariswa parondedzero yerudzi urwu?

**N'anga**

N'anga munhu uya anouka, kushopera pamwe nokurapa. Kune vamwewo vanouka vasingarapi navarapi vasingauki, asi vese ivava tingangovati n'anga. N'anga dzinoshopera dzinoshandisa hakata dzemiti. Vamwewo vanoshandisa shomwe dzemiti. Vaya vanoshandisa hakata dzemiti vanowanodzigidzira kubva kumuti inoti muraka, mukomberwa kana mutobwe. VaRungu

vakatanga kuona na'anga idzi vakadzitumidza zita rokuti *witchdoctor*. Kuda vakavapa zita iri nechifungidziro chokuti n'anga dzose dzinogona kuroya nokurapa, kana kuti ndidzo dzoga dzaigona kunanganura varoyi pazere vanhu. Idzo n'anga pachadzo hadzifariri zita iri. Radzinonyanyofarira nderekuti chiremba. Kwavari n'anga yoga yoga yakamirira kubatsira vanhu. Asika kune dzimwe dzainzi nditsingire munhu uyo dzobvuma. Dzaibva dzashandisa mishonga yadzo kukuvadzisa mumwe.

Kareko kusati kwauya vanachiremba vakadzidzira urapi, n'anga dzoga ndidzo dzanga dzakamirira kubatsira vanhu. Izvi zvaiita kuti n'anga dzikoseswe zvikuru. Nhasi uno tava kuti munhu akatemwa nomusoro onozvitengera mapiritsi muchitoro. Kareko zvaitonetsa. N'anga dzoga ndidzo dzaiziva mishonga yakawanda yokurapa zvirwere zvakasiyana- siyana. Vamwewo vanhu vaizivawo mishonga yakati kuti yokurapa. N'anga dzakanga dzisingangokwanisi kurapa bedzi: dzaitiwo dzaikwanisa kupa mishonga inodzivirira kuti varapwa vasavingwe nemweya yakaipa kana vavengi. Kana misha dzinonzi dzaipinga kuti vavengi kana varoyi vasambosvikapo vachida kukuvadza kana kuroya vanhu vacho. Dzaipawo zvakare tsananguro yokuti urwere kana rufu zvaikonzerwa nemidzimu inenge yatsamwa, navaroyi kana mamwewo mashavi anenge achida kugara pamunhu. Zvokuti kukura, utachiwana, kana tsaona zvingangokonzerawo urwere ndezvenyu vamazuva ano izvi, zvakatounzwa neruzivo rwemumabhuku, rwemadhokotera.

Kana iri pabasa rayo n'anga inowanzoda kudeedzwa nezita rokuti chiremba. Hakata ndiyo nzira yadzinoshandisa kutaura navakafa. Vamwe vanoita zvekusvikirwa kuti vakwanise kuita basa ravo. Kana chiremba ari pabasa rake anowanzobatsirwa nemunhu anonzi makumbi anobata mishonga nehomwe yake yehakata namakona. Makumbi uyu ndiye munhu waanotuma kungofanana zvinoitwa mukoti nachiremba wemuzvipatara. Makumbi uyu anogona kuva mukadzi wake, mwana kana muzukuru. Kana n'anga yoita basa inoenda padare rayo. Rinogona kuva dare repanze kana imba yaakavakira basa irori. Nzvimbo iyoyi inogara yakashongedzwa nezvinhu zvinotyisa bedzi zvakaita seminhenga yenungu, matehwe emhuka dzakaita seshumba, garwe, mbiti, bere, tsindi neingwe nemateze ehamba, haka, nezvimwe zvisikwa zvemumvura, uye makona nenyanga dzakasiyana- siyana. Zvimwe zvinhu zvinosevenzeswa nen'anga zvinogara mumangando anenge akagadzirwa nematehwe eshumba, bere, kana ingwe. Midziyo iyi inenge ichiitirwawo kuti vaya vanouya vabvume kuti n'anga iyi ndeyechokwadi. Kana yozoropodza kutaura hapana anenge achakahadzika neumbirimi hwayo.

Un'anga hwaiuya kuvanhu vashomashoma munharaunda yoga yoga. Hwakasiyanazve neuchiremba huya hwekudzidzira kubva mumabhuku. Vamwe vanoti hwayo un'anga ndehwemadzinza. Izvi zvichireva kuti anenge akahupiwa namadziteteguru ake aimborapa. Vamwe ndivo vanoti vakambotorwa nenjuzu ndokumbogara pasi pemvura kwemavhiki kana mwedzi yakati kuti vachidzidziswa zveun'anga. Pavakazobudamo vakange vatove vanagodobori. Vamwe ndivo vanonzi vaiita un'anga hwekutsvaga, vachitoita hwekutenga. Vamwe ndivo vaya vanorwara kwenguva refu vozoudzwa nen'anga kuti vari kuda kugarwa neshavi rokurapa. N'anga yamazvirokwazvo inofanira kugona kushandisa shavi rayo riya kuti ikwanise kutaurirana nevakafa. Inofanira kuvawo ine mukurumbira ichikwanisazve kuita basa rayo namaitiro anotendewa navanhu. Vamwe kana voita basa vanoshonga nhumbi dzoun'anga N'anga inogona kunge iri yomukadzi, murume, jaha kana mhandara. N'anga inogona kutyisa kana kukudzwa. Kana nakareko vanhu vakanga vasingafariri mamwe maitiro en'anga asi kuti vadzishayezve zvaivanetsa.



Painenge ichishopera inenge ichishandisa hakata dzayo dzinoti nhokwara, kwami, chitokwadzima, uye chirume. Painodzirovanisa inogona kutaura yega ichiyeva hakata dzayo idzi samai vanoyeva chindumure chavo. Inokurukurawo nehakata idzi ichitaura nevakafa. Hakata dzinoshandiswa nen'anga dzakasiyana-siyana. Dzimwe dzinoshandisa makwati ehamba kana ezvimwe zvisikwa zvemumvura. Dzimwe dzinoshandisa shomwe dzemiti, asi zhinji ndidzo dzinoshandisa hakata dzokuveza pamuti N'anga yose inodawo kuva nezita rakanaka pamwe nomukurumbira.

Munhu aityiwa nen'anga imhondoro. Madzimambo aitotyawo n'anga nokuti zvinotonzi kareko aienda kwadziri kunotsvaga makona okuzvisimbisa kuti vasaurayiwe navaroyi kana vamwewo vangandodawo umambo. Hatizivi kuti izvi zvaishanda here. Kana iyo n'anga yarwarirwa kana kurwara yainzi yaitonotsvaga imwewo n'anga inozoirapa nokuti n'anga haioni zvomumba.

Mazuva ano zvinhu zvashanduka. Kuuya kwavanachiremba vakadzidzira kurapa netsananguro yokuti urwere uzhinji hunokonzerwa netsaona, utachiwana hwakasiyana-siyana, kusashanda zvakanaka kwenhengo dzemiviri nezvimwewo zvakadaro, zvaita kuti vanhu vazhinji vave nerudaviro rushoma mun'anga. Pane kumhanyira kuna'nga kana warwarirwa, vazhinji vava kumhanya vakananga zvipatara. Munyayawo dzezveupfumi hwezvipfuyo nezvirimwa basa ren'anga rave shoma chose. Pane kushandisa divisi kuti mbesa dziwande kana dikibvu kuti dzisapere mumatura, vazhinji vava kushandisa mupfudze, fetiraiza nemishonga yokuti mbesa dzisapfukutwe. Naidzowo n'anga dzavewo kuenda kuzvipatara kana dzarwara kana kurwarirwa. Dzimwewo dzakangwarira zvikuru dziya dzakambosevenza dzichibatsira muzvipatara dzinonzi dzinopota dzichisananisa mishonga yadzo nemapiritsi anenge akakuyiwa.

Asi nyangwe dai zvazvo mishonga yechiRungu navanachiremba vamabhuku vakadzikisira kukosha kwen'anga, n'anga dzichine chinzvimo chadzowo muupenyu hwevanhu. Kune zvimwe zvirwere zvinonzi zvatadzikwa kuchipatara zvonopedzwawo nen'anga idzi. Panonyanya kupinda n'anga ndepaya pane urwere hunonzi hunokonzerwa nemweya yavashakabvu. Vamwe vanhu nyangwe dai vachiti vave vechiRungu kana kuti vakadzidza, vanonobvunza n'anga kana upenyu hworamba hwongoita zvimhingamupinyi zvisingaperi, zvisingagoni kutsanangurika zvinogutsa. Vazhinjiwo vanowanzoenda kun'anga vachida kunzwa kuti chii chauraya hama yavo kana kuti chaita kuti ipenge. N'anga inokwanisa kupa tsananguro ingangogutsa nokurayira kuti zvinhu zvigadziriswe nenzira inoita kuti vapenyu vave netarisiro itsva muupenyu.

## **Mamwe mabasa en'anga**

Dzimwe n'anga dzine mamwe mabasa adzo akaipawo. Nyangwe zvadzo dzichinzi dzinobatsira, asiwo n'anga dzakaredzo dzinogona kushinhwa nokuita mabasa erima. Dzimwe dzeManyika dzinonzi dzinogona kugadzira mheni nokuitumira kwainenge yanzi iende nemunhu anenge akumbira. (Imwe n'anga yakati “*Mutasa Air Force.*”) Asi mheni iyi inonzi inorova bedzi pane zembe, panenge paine mhosva. Dzimwe dzinonzi dzinogona kunyepera vanhu kuti yagadzira musha kana kutsipika ngozi ipo pasina zvaitwa. Izvi tinozviona muna *Muchadura* pana Zinyimotenderera. Dzinonzive dzinogona kuribha munhu oita tsaona kana kupfurwa nebara risina kwarakananga achifa, uye kupa vamwe zvitsinga kana mushonga wekuroya. Dzinonzi dzinopawo vakadzi mishonga yemupfuhwira yakaita semudiwadiwa, mupetebere, mukotakota, (*zvanamina*

nechiNdevere) nekandirindoga unonzi unonyanyoshandiswa nepfambi dzinenge dziine shungu yokutora varume vevanhu. Vanhurumewo vanonzi vanogona kushandisa mishonga yakareyo kudhambisa vakadzi vavo kana kukwezva vakadzi. Tunhu tunoiswa mumishonga iyi twakasiyana-siyana. N'angawo dzinonzi dzinogona kumutsa ngozi nokuitawo zvimwewo zvakaipa zvakawanda-wanda. Dzinonziwo zhinji dzacho hadzina hosha yadzinoti hadzizoni kurapa. Kuita kwakadai uku ndiko kunonzi kwakazoita kuti vatumidzwe zita rechirungu ravasingadi rekuti *witchdoctor* rinoreva iro chiremba anogona kurapa nokuroya.

Mukuita basa radzo n'anga zhinji dzinopota dzichiti nyebei kana kutyisidzira varapwa vadzo. Pandakabvunza imwe n'anga nenyaya iyi yakati, "E-eka, rume risinganyebi hariroori." Kune kumwe kunyeba kwakanaka nhai, kana kuchizoponesa munhu? Kazhinji n'anga dzinoshandisa unyanzvi hwadzo hwekugona kuziva mamiriro nemashandiro emweya yevanhu vakafa kare mukubatira nokuvhundutsira vanhu. Ruzivo urwu rwemasimba ari seri kweupenyu hwatinoziva, ndicho chombo chikuru chinoshandiswa nen'anga pakuita basa radzo, rakaipa kana rakanaka.

### **Zvipeto zven'anga**

N'anga inotarisira mubhadharo kana ichinge yarapa kana kubatsira munhu. Ikasabhadharwa inogona kutsamwa zvokuti munhu iyeye akazoendazve kun'anga iya anogona kuzorambirwa. Kare n'anga dzaipiwa zvirimwa, fodya, huku, mbudzi, mombe kana mukadzi kana hosha yacho yakakurisa. Nhasi uno zhinji dzava kungodawo mari. Dzimwe, zvikuru dziya dzomumadhorobha, dzava kutotenga motokari nemari yekurapa. Kare dzimwe na'nga dzaitozoda mubhadharo kana murwere wadzo apora. Nhasi uno vazhinji vava kutungamidza mari pamberi urwere mumashure. Kana dai murwere uya akasaita zvakanaka muripo wadzo wokugumisira, shano kana mushano, dzinenge dzichingouda bedzi.

Chipeto chokutanga chinobviswa pan'anga chinonzi badza. Ndicho chinoita kuti n'anga izotanga kuda kunzwa nezvechichemo chauya nomunhu. N'anga yaizodawo *chambwa chefodya*. Vasekuru kana mbuya vanenge vakagara n'anga iyi vanoda kusutswa nefodya, kuti vagone kuita basa. Dzimwe dzinotoda kutanga dzasvikirwa kuti dzigone kuzoita basa. Saka fodya iyi haifaniri kumboshaikwa pamusha pen'anga. Varapwa ava vanobatsirawo kuti fodya yacho igare iripo. Kana n'anga yatema munhu nyora nokutsvaga mushonga musango yaidawo zvimwe zvipeto zvinoti huku yetsamutombo neyetsvuka mukanwa. Yetsvukamukanwa iyi ndeyekugeza mukanwa machiremba munenge matsvukiswa neropa rinobva panyora yemurapwa paairikweva nomurumiko wake. Kana murwere uya azosimudza n'anga iya yaibva yada *musimudzo* wokuti ikwanise kutakura mangwanda ayo ichienda nawo kumba kwemurapwa. Kana yasvikapo yaidawo *huku yederere*. Iyi ihuku yayainourayirwa kupangidza kuti yagashirwa zvakanaka. Mishongawo mizhinji yen'anga yainzi idyiwe nenyama yehuku. Zvichida nyama yehuku yayitawo kuti murwere akurumidze kunaya. Kana yazopedza kurapa murwere ndipo payaizoda shano yayo.

N'anga ndivo vevamwe vanhu vanozvirumbidza zvikuru kana vari pabasa ravo. Painenge ichirapa murwere inopota ichiganza kuti uchaona hako, kana zvadai zvichazodai! Kuda inoitira kuti mishonga iya ishanda nesimba. Murwere akazvitendawo pamwe zvaibva zvaita saizvozvo.

## **Chikamu F Rondedzero yetsumo**

- Tsumo mutauro wakavanda unobudisa uchenjeri hwevakuru vekare ndosaka vakuru vakati “Chisi hachieri musi wacharimwa”
- Tsumo inoda kutanga yadudzirwa kuti munyori webvunzo awane zvibodzwa. Dudziro yetsumo inobatsira kuratidza kuri kuenda rondedzero yacho.
- Nyaya inonyorwa inofanirwa kubata zvipandi zviviri zvetsumo Chaitemura chava kuseva. Bandi rekutanga nderekubudisa kutambudzika kunenge kuchimboita munhu mushure ozowana cheviri chinoita kuti upenyu hwake hupinduke. Kupunduka ikoko kana kubudirira ndicho chipandi chepiri. Nekudaro, munyori webvunzo anotarisirwa kugutsa mativi ose etsumo.
- Nyaya inenge yakamboveerengwa mumabhuku euvaranomwe haifaniri kunyorwa, nekuti kunenge kwava kutapa pfungwa dzemumwe. Munyori webvunzo anotarisirwa kunyora nyaya yakaitika, inoitika, uye ingangoitika.
- Zvidavado zvakaita senhendesure, kutanga nyaya nepadumbu nepakati, fungiramumwoyo nenhaurirano, zvingangoshandiswawo.

Tsumo- Chisi chako masimba mashoma

Dudziro- Chinhu chisiri chako hauchibati nehanya kana nemutsa, unogochibata nje usina basa nacho. Zvakafanana nekuchengeta mwana asiri wako kunyange akaita misikanzwa unongomurega achirashika nekuti haasi wako.

- Tsumo iyi yakafanana neyekuti Chisi chako haukungiri hata.
- Rondedzero iyi inoda kuti mudzidzi ange akaverenga zvinyorwa zvevaranomwe zvakasiyana-siyana kuitira kuti zvirungamutauro zviwanikwe izvo zvinozoshandiswa murondedzero yacho. Mutauro haufanirwi kuva pamhene sepamusha wakatamwa.

Tsumo- Chiri pamuchena chiri pamutemure. Inoreva kuti wenhamo kana kuti murombo anogona kumbowana chinomubatsira, asi chinokurumidza kupukunyuka obva adzokera mukutambura.

### **Nhanganyaya**

“Mwari mandaita waaniko? Inga munopa nerudyi motora neruboshwe. Inga zinyarimwe zai regondo randaiti ndapiwa mushure mekuyaura nekushaya mbereko ndiye here anzi hwipu? Mai Muzanenhamo vaingunozvibonderedza nekuda kwaMazorodze raiva anyangira budzi ravo, Ivaivanhu, uyo ainge achantotanga kushava muHarare. Ndiyezve aivariritira, sezvo murume wavo ainge atorwa nedenga.

-Kubva panhanganyaya iyi paoneka kuti mazwi chaiwo Amai Muzanenhamo abatsira kuratidza kuti matambudziko ari kuramba achingovawira. Vainge vambotiwo Mwari avabetsera pavainge vabara mwanakomana uyo aivariritira, sezvo baba vainge vafa. Kuratidza kuti chiri pamuchena chiri pamutemure, mwanakomana wavo anofa vosara vasina muriritiri. Nekudaro, vanodzokera mukutambura.

- Kushandiswa kwemadimikira nenyaudzosingwi kunotarisirwa muchinyorwa ichi.

### **Basa rekuita**

1. Nyora madimikira ahandiswa munhanganyaya iyi.
2. Nyora nhanganyaya ine tsumo yekuti: Chinotanga mberi mashura.
3. Nyora rondedzero ine musoro wekuti Chaikuda kana chokuvenga zvinenge zviine chinokwenyera.

### **Chikamu G: Rondedzero yegakava/yekukakavara**

- Rondedzero iyi inobva pagakava inova nyama inonetsa kutsenga. Vavhiyi vanoziva kuti gakava ndiyo nyama inenge yakabatana nedehwe, nekudaro yakasimba.
- Kana rondedzero iri yegakava inenge iine nharo mukati ichinetsa kugura. Mumwe anoti inovhiiwa mumwe achiti haivhiyiwi.
- Rondedzero yegakava inofanira kubata mativi ose. Kutarisa divi rimwe hakugutsi mhando yerondedzero iyi
- Inoda kutsigirwa nemienzaniso yakakwana kuitira kugutsa abva kunzara.

Mubvunzo: Chinofanira kugadziridzwa nevatungamiri venyika dzemuAfrica urombo hwevanhu.

### **Kutsigira musoro**

- Zvokudya hazvisi kukwana saka nhamo zhinji dzinouya saka vanhu ngavakurudzirwe kuzvirimira nekuzvimirira, kwete kungokumbira
- Kusaseveneswa nevenyika dzekunze vachiramba vachiburitsa upfumi
- Kusanyanyokwereta, sezvo zvikwereti zvisingaperi
- Kuita fundo yekuti vanhu vakwanise kuzvitira mabasa nekuzvisumudzira.
- Mabanga ngaape vanhu mari
- Vanhu kuti vapiwe ivhu kuti vazvishandire vega
- Ngavashandise upfumi hwenyika kukurudzira matunhu ose kwete kuzvisumudzira pachavo.

Vanhu havangogadzirisi upfumi chete, asi pane zvimwe zvinofanirwa kugadziriswa

- Kodzero dzevanhu kuti vanhu vade kugara munyika.
- Kubvuma pfungwa dzakasiyana-siyana, kwete kuita umbimbindoga pakutonga
- Kusapindira muhondo dzevamwe, sezvo dzichiondonga upfumi
- Kusakurudzira gwevarudzi
- Kubvisa uori munyika
- Kubvisa kurwisana kwemarudzi
- Kukurudzira utano hwevanhu vose
- Kugadzirisa bumbiro remutemo rinonzwisika
- Kukurudzira kubatana kwezvitendero.

Cherechedzo Munyori webvunzo anenge aedza kubata mativi ose emubvunzo kuti kunzungu nekunyimo. Ndizvo zvinodikwa nemubvunzo.

Mubvunzo 2. Unoti kudii nepfungwa yekuti vanoda kuroorana vanofanirwa kutanga vaenda kundoongororwa ropa vasati varoorana? Munyori webvunzo ngaatarise mativi ose emubvunzo achibudisa zvazvakanakira nezvazvakaipira.

Tsanangura uchipa mienzaniso papfungwa dzinotevera dzingashandiswe.

### **Kutsigira**

- Vaviri vanoorana vachiziva pavamire
- Kuderredza kuparara kwemhuri
- Kuderredza kutapurirana zvirwere
- Kuderredza kutapurirana uwandu hwevana vanozvarwa vane utachiwana
- Kubatsira kuti vanhu vazvibate
- Kuronga ramangwana nguva ichipo
- Kuderredza uwandu kwenherera
- Kupinda muzvirongwa zvevanorarama neutachiwana

### **Kupikisa**

- Kukurumidza kufa nekufunga
- Kutadzisa kuroorana kwevanodanana
- Kutarisirwa pasi kwevane utachiwana
- Kukusha chirwere
- Kupedzisira vamwe vapenga
- Kuparadza ukama mumhuri-kushorana
- Kuzviuraya kwevanhu.

- (1) Mibvunzo: “Zvidzidzo zvese zvinofanirwa kudzidziswa nemutauro/rurimi rwaamai”. Unoti kudii nazvo?
- (2) “Mifananidzo inoonekwa nevana ndiyo inoita kuti vaite misikanzwa” Budisa pfungwa dzako.

### **Chikamu H: Rondedzero yenhaurwa**

Mazwi anotaurwa nemunhu maererano nenyaya yakakosha sokuti Nyora mazwi achataurwa nemumiriri wedunhu renyu maererano nematambudziko ari kuitika mudunhu umu nezvingaitwa kugadzirisa.

- Mukunyorwa kwerondedzero yemhando iyi panoda kushandisa izwi remutauro rokutanga sekuti Ini ndauya pano kuti nditaure... Izvi zvinotaridza kuti munhu ari kutaura ndiye mumiriri wedunhu racho. Hapadi kushandiswa mutauro wekukurikira nekuti hapana chiri kuda kuturikirwa.
- Kwaziso/chingamidzo zinodikanwa senzira yekuparura nayo. Mutauro haangoti bvo kutaura zvaanotaura asati akwazisa gungano riripo. Kwaziso inopa ruremekedzo kuvateereri zvichenderana nezvinzvimbo zvavo. Zvinopa rukudzo kune zvichaturwa.
- Kana mutauro achinge apedza kutaura anotarirwa kutenda vateereri nekumupa nzeve dzavo. Zvakakosha izvozvo kuitira kuti mangwana vamuteerere.

**Mibvunzo:**

- (1) Nyora mazwi emutungamiri wezvekodzero dzevanhukadzi achitaura maererano nekusimudzirwa kwevanhukadzi.
- (2) Nyora mashoko achaverengwa nemukuru wezvedzidzo maererano nekukosheswa kwemitambo netsika muzvidzidzo zvevana.

**CHITSAUKO 2: NZWISISO****Nzwisiso padanho re ‘A’ level**

Chitsauko chino chiripo kubatsira avo vachanyora bvunzo dze ‘A’ Level Shona Paper 1 (9145/1) vachipindura mubvunzo weNzwisiso uyo une mamakisa anosvika makumi matatu [30]

**Chikamu A: Zvakanangana nenzwisiso.**

- (i) Nzwisiso indima inoverengwa ichiteverwa nemibvunzo inotarisirwa kupindurwa nanyakuverenga achiedza kutaridza kunzwisisa kwaaita zviri kutaurwa mundima yacho. Vavairo yemibvunzo yeNzwisiso ndeyokuona kuti unoverenga uchinzwisisa here. Kana munhu akanzwisisa zvinenge zvabvunzwa mundima, pfungwa dzake dzinenge dzagona kusvika pachipimo chinenge chichidikwa nemubvunzo kana mibvunzo.

Chitsauko chino chichatarisa mapindurirwe emibvunzo yemhando dzakasiyana. Izvi zvinoreva kuti pamubvunzo umwe neumwe pane kamupindurire kanotarisirwa kubva kumunyorori kuti agonzi agona kuzadzisa zvinodiwa nemubvunzo wacho. Ndimu inotevera

ichashandiswa zvikuru kuratidzira zvose zvinodikanwa zvakatenderedza mubvunzo. Kazhinji vanyori vebvunzo vanotadza kutora mamakisi ose, kwete nekuti havazivi mhinduro, asi kuti havazivi kamupindurire kanotaisirwa.

Houno muenzaniso wendima yeNzwisiso. Usati waverenga toda kutanga tamboongorora RAYIRO Inotanga kupiwa pamubvunzo weNzwisiso:

ii) **Rayiro**

Verenga ndima inotevera ugopindura neChiShona chakatsvinda mibvunzo yakaiswa mushure mayo. Zvibodzwa zvemibvunzo mumwe nemumwe zviru muzvikomberedzo[ ].

Izvi zvinorevei kumunyori webvunzo?

- Ndimu yawapiwa ndiyo hwaro hwemhinduro yauchapa pamubvunzo woga woga wauchapindura
- Mutauro weChiShona ndiwo woga unodikanwa pamhinduro dzauchapa.
- ChiShona ichi ngachive chakajeka chiri nyore kunzwisisika nemunhu achamaka bepa rako
- Mamakisi ari muzvikomberedzo ari kukuudza udzamu hwemhinduro yaunofanirwa kupa. Cherechedza zvawabvunzwa kuti ugokwanisa kunangana nemubvunzo.
- Munyori anokurudzirwa kuverenga ndima nokupindura mibvunzo mumaminitisi anosvika makumi mana kana makumi mashanu. Usadarika nguva yakatarwa iyi nokuti zvinozoita kuti utore imwe nguva yezvimwe zvikamu zvinoda kupindurwa.
- Nokudaro, munyori anokurudzirwa kutanga nekuverenga mibvunzo iri pazasi pendima yeNzwisiso. Izvi zvakakosha pakuti pakudii?
- Dzimwe ndima pakungodzitarisa kudai, dzinosvota zvokuti munyori anokuhunika kunyatsoverenga ndima. Izvi zvinozomufoirisa, sezvo achizotadza kunyatsonzwisisa ndima. Zvadaro, anorasikirwa nemamakisi. Saka, kuzvigona, kutanga kuverenga mibvunzo. Mibvunzo iyi ichasundidzira chidikwadikwa chiya chokuda kuverenga ndima nokuti panenge pava nechinangwa chokutsvaka umbowo hune chekuita nekupindura mibvunzo yeNzwisiso.

**Chikamu B: Nzwisiso:Mapindurirwo emibvunzo**

2. **Verenga ndima inotevera ugopindura neChiShona chakanaka mibvunzo yakaiswa mushure mayo. Zvibodzwa zvemubvunzo mumwe nemumwe zviru muzvikomberedzo [ ].**

“Mai Tendai mwanagu, akuruma nzeve ndewako. Ndazvinzwa. Asika iye Chenesai chaite kuti akutaurire masoko akarema kudaro chii? Wambozvibvunzawo? Futi usakanganwe kuti Chenesai mwana mudiki. Anogona kunge angogamira mudenga asina kuziva nyaya iyi payatangira...”

“Pasinazvo mhai, ati ndaguma ndiyani? Ndiye here akambondipa vaviri vacho vandiinawo? Uko kana chirimukati ari mukomana anozviziva sei? Handisati ndaguma. Handisati ndafa. Saka chanyanyomunetsa chaicho pavana vedu vaanoti vashoma chii? Handimiba manga muchiti vairi vacho igumi rangu? Saka muchizoono vana vanyamunhu vasingazofambidzani ndizvo izvi.”

Mbuya Usina vakaedza kupingudza mukunda akanga odyo gaka neminzwa yaro. “Mai Tendai kura kani mwanangu” Mukadzi mukuru akati musoro dzungu dzungu sembwa yepamusha Muroyindishe yarumwa nenhata panzeve, asi kuri kupererwa nezano. Chembere yakazototi irambe yakatarisa mukunda mumaziso chaimo kuri kuti zvimwe angaita nyadzi akazvidzora pashungu dzake. Bva, mubvana honya yanga yakwira.

“Munoda kuti ndikure ndichinyararira zvakadaro?”

Mwana wenyu haana kugumira ipapo. Zvanzi pamuchadhirai vha kupinda mutaundi enda wakazvishongedza zvemberi. Ukavayemera wakachena muri vaviri basi mumotikari imomo, tsoro inenge yagundika nekuti varume tuhanda. Ndizvo anga achitaura Chenesai mwana wenyu mhai. Handizivi kuti daka racho ndereyi. Iye haana barika, asi ondikwenyera gwenya mutsoka kudaro.” Mwana wemunhu anga arudenha rusaka. Hongu aive chinyerere, asi kana atanga kutaura paishaya aigona kumunyararidza. Mukadzi mukuru aiita serusvava runoti kana kana rwatanga kuchema, runotoda kunyaradzwa nezamu kana nehope. Zvino zvaave ave mubereki pachake, vaitoshaya mhindu chaidzo dzingamunyengetedze.

Chavo chimene Mbuya Usina chaiva chokuti ndivo vaiva vakabereka. Chembere yaitsvaka mazano ekuumbiridza vabvana vayo mudehenya rayo raive rati mburetete sechimera chiri paruware, asi yakatangirwa namai Tendai kusimudzira rusaka.

“Zvekutaura ini handidi, asi ndizvo zviya ndamboti, saka vanhu vasingazofambidzani vana vanyamunhu mozoti zvabva nepi. Ndidzo mviromviro dzacho idzi. Motaura naye kuti anyangira yaona. Zvekunetsana nemwana wandakakura ndichibereka kumusana handidi.”

“Mai Tendai ndati nditeerere mwanangu. Iwe ndiwe mukuru...”

“Saka mati ndofira yeukuruzve?Ndizvo munogarondiita, saka asingasanduri mabasa ake.”

Ainge otofemera mudenga sendere. Shungu dzacho dzakamutora akakanganwa kuti aitaura nemukweguru Zvaariye aichemera nyembe yeukuru? Uko mbuya wevana vake vaaiwe ogamha seanotaura nendumurwa yaakasiira zamu? Mukweguru haana kuita hanya nazvo. Mwana wake aimuziva kusimuka kwake nekugara.

“Kwete handizvoba. Ndiri kuti ini, pfavira ngoma usiku urefu. Iye murume wako wambomunzwa kuti atiiwo? Iye ndokungopakwa pfungwadzo asina kana zano rakewo? Zvambotangira pai? Wambozvibvunzawo? Pamwe iye baba waTendai ndiye anga



atokonya. Murume murume, haisi hama yako. Ucharasa mwana wamai vako uchiti uri kuumbiridza iwe uri kutozviparadza. Iye munun'una wako kuzopinza Chenesai mukati ukati hapoana chaakanzwa? Unofanira kuzivaka kuti Makudo ndemamwe, kuona mhani anobvutidzana. Kungotangorotomoka seagarwa nemataurirewo emurume wako aya? Chiripo chiri kukwenyera. Uchazonditaurira. Munun'una wako kutoda kuona pane pfungwa dzemurume wako.

Nyika ine maziso, nzeve nemazino mwanangu. Pamwe munun'una wako anga ati utize mvura yembambara iri kure, hapeno”

“Zvimwe zvazvo mhai, asi pane nyaya. Pane chingakotswe kusvikepi pasi pezuva mhai?”

Ndangariro dzamai Tendai dzakadongorera kwavaiti ndokwazvakabva nako iyo misodzi turi tukova pamatama. Mukadzi akaridza kachikwe-e ari ega ndokutanga kutaura seaiva neumwe mukuru mumbamo.

“Heede, seka hako nhamo serugare mwana waMutasa. Saka upenyu dzozvahuri izvi?Ndaiti kudiwazve mwanami-i! E-e-de. Heya, saka zvainzi titange nekunamatira mhuri yaBaba naMai Shumba nhai? Iko kuzoti munamoto uitirwe pamba pedu usiki hwese? Ndaingoti inyaya yeminamoto yemudzimba, izvo chitoripo chakakomba. Zvakuriko kupata kwehuku inokotsiriswa musoro mubapiro rayo.

“Chacho chinoda kunamatirwa? Zvanzi kuregererana mumba maJehovha, vana vaMwari musasvitsane kumatare evahedeni!” Mukadzi akambokwetsurazve kachikwe-e serugare. “Kana kuregererana kwacho murume wangu!” Apa akabva ambotura zibefu remunhu ambovhizinguka naro zibadza mundima. Akarusimudzira nezwi rinenge rekunyengetedza,

“Kufamba ndingori zifendefa mumaziso enyika yese iwe uchiziva hako matakanana ako? Kuzoudzwa naBaba naMai Mufundisi kuita kunge ndivo vaiva gwevedzi kubvira kumanyuko azvo!” Mukadzi akatora mugwembe wetsamba waiva parutivi pake pazimubhedha paaive agere ndokumborinan'anidza zvakare maziso akatoita zvekutsinzinyira kwazvo.

Akafinyamisa chiso ndokurusumudzira, “Zvingani zvimwe zvaunondivanzira uchitaurira shamwari nehama? Heya rudo rwangu rwakandipofumadza nhai? Kubva dai akatombondinyeurirawo nenzira yakahwanda? Iko kusada kurovha kuminamoto mwedzi yapfuura iyi!

“Dai zvirizvo zvega ndaiti zvimwe” Apa akasimuka ndokuvhura fafitera ndokuramba akati ndee panze seaiona zvaive kure kure. Akambofamba-famba zvinyoronyoro mumbamo ndokunanga kuhodhiropi yembatya akaramba akamira seagwinhwa nemagetsi.

Akati zviriri nani kupedza shungu nekutaura, sezvo chirungurira huri hutenda hwekuti akasataura aizofa nahwo.

“Kundiendesa kubasa, kunditora, kuendesa vana kukireshi nekuvatora, kunditengera nembatya dze Morgan Exclusive Designer dzinodura kudaro! Izvo kuziva yaora yawakanditamba? Vasikana ivava waiti maruva edu tese wani, hapana anozvisarudzira.”

“Kuvimba newe saka kwaiva upenzika? Zvino zimudhandanda, zimugwembe retsamba irori ndiro rawati ndochipedzera shunguzve? Baba Ati, chokwadi unondiitira manenji. Zvino wakazvinanzvisa moto nerurimi. Kuzosiya peyisiripi nemufananidzo wemwana! Waani? Wangu! Kundisvotese kuti uri bhuru? Kutane pane kunditsvinyira kungapfuura ipapa? Saka kuita museve waenda neuma uchiperkedza Reverend? Zvozodini? Mukadzi akangoti zii iyo misodzi twava tukova pamatama aitsvedzerera sehari yakanyatsokwenenzverwa.

(Kubva mupepa rebvunzo ZIMSEC 9145/1 2006).

## **B Mhando dzemibvunzo**

Chikamu chino chine vavairo yokuti mudzidzi achazova munyori webvunzo ajairire mhando kana kuti rudzi rwemibvunzo inoda mhinduro dzinotarisirwa padanho re’A’ Level. Muchikamu chinotevera mudzidzi anotarisirwa kuzoita zvimwezvo paanopiwa mibvunzo yese yechikamu. Pari zvino pachazunguswa zvose zvine chekuita nemhando imwe neimwe pachishandiswa ndima iri pamusoro.

### **B(1). Mibvunzo vekudoma**

Iyi mibvunzo inoda mhinduro yekungodoma zviri pachena mundima. Inenge ine mamakisi mashoma. Haifanirwi zvakare kurebesa ingonangana zvakare nezvabvunzwa. Sepamibvunzo yese zvayo, usapedza nguva uchishandisa mazwi emubvunzo uchipotera. Iwe chingonanga chete.

- 1(a) i) Mai Tendai nababa Tendai vaiera chii? [2]
- ii) Doma zita rimwe ramadunhurirwa rinoreva zvakanaka nerimwe rinoreva zvakashata [2]
- iii) Ndezvipi zvinhu zvikurukuru zviri mundima zvinoratidza kuti chokwadi baba vaTendai vari kubvuma mhosva? Doma zviviri chete [2]
- iv) Mai Tendai vaiva nevanai vangani? [1]
- v) Zvii zvakasiiyiwa pachena zvakananyanya kusvota mai vaTendai [2]
- vi) Doma “vana vanyamunhu” vari mundima [1]

### **Mhinduro:**

- 1a)(i)- Mai Tendai vairera Mbizi/Tembo yokwaMutasa  
Baba Tendai vaiera Shumba
- ii)- Chenesai/Tendai/  
Muroyindishe
- iii)- Kupotera kuna Reverend  
Kuitira mhuri zvese zvakanaka zvingafadza  
Kunamata nemoyo wose

- iv) Vasikana vaviri
- v) Payslip  
Mufananidzo wemwana
- vi) Mai Tendai naChenesai

### **Pfungwa dzinokosha**

- Darikira mutsetse pakati pemhinduro kuti basa ritaridzike zvakachena, uye zvakajeka zvisinganetsi vakwenyi kuti vaone kuti iyi mhinduro inopindura mubvunzo upi. Vanyori vazhinji vanorasikirwa nemamakisi pamusana pekuti mhinduro dzavo dzinenge dzisingaonekwi kuti dzinotangira, uye kugumira papi.
- Kana mubvunzo uchida zvinhu zviviri kana kudarika, ita zvokunyora uchidzira zvaunenge uchidoma

### **B.2 Mibvunzo inoda tsananguro yepfungwa**

Iyi mibvunzo inoda mhinduro yakadzama inotsigirwa nezvinobva mundima. Apa hapadizve kushandisa zvikonzero zviri mune zvimwe zvitsauko zvingano kana bhuku rakatorwa nyaya yendima yawapiwa. Izvi hazvina kunaka chose.

B. 2a) Uchishandisa ndima iri pamusoro pindura mibvunzo inotevera

- (i) Mai Tendai ari kushungurudzika nenyaya yei mukugarisana kwake nemurume wake? Ipa chikonzero chekuti sei wadaro [2]
- (ii) Sei mbuya vaTendai vari kuti mubvana wavo anyatsodzika achinyatsofungisisa? [2]
- (iii) Ndezvipi zviviri zvingaite kuti mukweguru ape yambiro yekuti, “akuruma nzeve ndewako” kubva pane kugunu’una kwamai Tendai nemagariro avo mumhuri yavo? [2]
- (iv) Ipfungwa dzipi dzapiwa mundima dzingangoita kuti Mai Tendai vaite maonero matsva panyaya yavaive vapirwa naChenesai? [2]

### **Mhinduro**

- 2a(i) Mai Tendai vanoshushikana nekusavimbika kwemurume wake nekuti murume akaita mumwe mwana kunze.
- (ii) Mai Tendai vari kutungamidza hasha mberi, uye ngavanyatsotsvaka chokwadi nokuongorora mviromviro dzamaitiro emurume wavo.
- (iii) Mbuya Usina vaidza kuti mubvana wavo anzwisise kuti havaizomunyepera, sezvo vaiva nehanya naye asi murume haana hanya nemudzimai nokuti mutorwa.
- (iv)- Murume wavo anoita seari kupa rudo rwake rwese iye achiziva zvake zvaari kuita muchihwande
  - Murume wavo ari kutobhadhara mari yekuchengeta mwana neumwe mukadzi.

### **Cherechedzo**

Pamhinduro dziri pamusoro ona kuti dziri kuzadzisa zvipande zvose kana kuti pfungwa huru yanga ichidiwa nemubvunzo. Handi zvikonzero zvose zvinopindura mibvunzo.

### 1B.3. **Kutsanangura ndevo**

Pane imwe mibvunzo inoda kuti munyori ape tsananguro yemanzwi/ndevo semashandisirwe adzakaitwa mundima/nhetembo. Kazhinji zvirungamutaro izvi zvinenge zvine munhu/chinhu/pfungwa/chiitiko zvazvakananga. Sakawo, tsananguro inofanirwa kuva nemunhu kana chinhu chakanangwa kuti chirungamutauro ichi chibude zvachinoreva.

3(a) Ipa tsananguro dzemanzwi kana ndevo dzinotevera semashandisirwo adzakaitwa mundima

(i) Akaruma nzeve ndewako [2]

(ii) Tsoro inenge yagundika [2]

(iii) Ondikwenyera gwenya mutsoka [2]

(iv) Ucharasa mwana waamai vako [2]

(v) Ati utize mvura yembambara iri kure [2]

### **Mhinduro**

3a) Mbuya Usina vakayambira Mai Tendai nokuti vane hanya navo.

(i) Baba vaTendai panenge pasisina mabudiro avangaita munyaya vava kutoda zverudo naChenesai.

(ii) Munun'una waMai Tendai aiva avatangira matambudziko airamba achizovarwadzwa upenyu hwavo hwese.

(iii) Mbuya Usina vaireva kuti Mai Tendai vaitadza kuzowirirana nemunin'ina wavo.

(iv) Mbuya Usina vari kureva kuti Chenesai aida kuyambira Mai Tendai kuti vafanogadzirira matambudziko avaiona achiuya.

### **Cherechedzo**

- Mhinduro 3a (i) yakazara nokuti inotaridza vanhu vane chekuita nedimikira rinoda kutsanangurwa. “akuruma nzeve ndewako.”- Umwe munyori anogona kupa mhinduro yokuti “akurayira ane hanya newe.”

Mhinduro iyi haina kuzara nokuti iri kungotsanangurawo nje zvinorehwa nedimikira iri zvisinei nyenya iri mundima. Apa ndipo panorasikirwa vanyori vazhinji nemakisi nokuti mhinduro dzakadai hadzibudisi tsananguro semashandisirwe azvakaitwa mundima. Saka munyori ngaacherechedze aone kuti ari kunzi “a” wacho ndiyani, uye “ndewako” inoreva ani ndokusaka mhinduro yakanaka yazonzi.

(i) Akuruma nzeve ndewako- Mbuya Usina vakayambira maiTendai nokuti vane hanya navo.

- Kana munyori akopa ndevo yose anoisa dheshi pakati( -) kutaridza kuti zviri kurudyi itsananguro yezviri kuruboshwe. Asi, munyori anoyambirwa kungonyora nhamba chete nemhinduro kuiitira nguva nokuti panenge pane imwe mibvunzo inenge ichida kupindurwa munguva yakatarwa.

1B 4 Mibvunzo inoda kunyurura manzwi/ndevo/zvirevo/mitsara inoreva zvakafanana netsananguro dzakapiwa. Iyi mibvunzo inoita seyakanyorova pakungoita, asi ine zvikaranga zvayo zvinoita kuti vanyori vaitadze. Zvimwe zvacho ndezvinoti

- Kusaongorora uwandu hwemanzwi awanzi unyurure

- Kutapa zvimwewo zvisinei netsananguro. Saka, kuzvipedza, cherechedza mubvunzo wese woona zvinodiwa nemubvunzo wacho.

1B4(a) Nyurura izwi rimwe riri mundima rinoreva zvakafanana netsananguro imwe neimwe iri' pazasi

- (i) Munyama waMbuya Usina
- (ii) Shungu dzaMai Tendai
- (iii) Vana vakawanda vaMai Tendai
- (iv) Pamuviri pana Mai Tendai

### **Mhinduro**

- 1B4(a)(i) Chimene
- (ii) Honya
- (iii) Igumi
- (iv) Chirimukati

1B4(b)(i) Nyora manzwi maviri ari mundima anoburitsa pachena kuti varume havatani kufuririka [2]

- (ii) Ndeipi tsumo iri mundima inodudzira kuti varume vane maitiro mamwe panyaya dzokuchiva vakadzi vakanaka [2]
- (iii) Uchishandisa mazwi masere ari mundima ndaapi manzwi anoratidza kuti Mbuya Usina vaiva vakwegura [2]

1B4c) Nyora madimikira ari mundima anoratidza zvinotevera

- (i) Kusaziva kwatangira nyaya [2]
- (ii) Kuramba kuti haachaiti vana [2]
- (iii) Kushaya zvokuita [2]
- (iv) Kuvharidzira unyengedzi [2]
- (v) Kusadzoka kunenge kwaendwa [2]

### **Mhinduro**

1B4(b)(i) Varume tuhanda

- (ii) Makudo ndemamwe, kuona mhani anobvutidzana
- (iii) Mudehenya rayo raive rati mburetete sechimera chiri paruware.

1B4c (i) Kunga angogamira mudenga

- (ii) Handisati ndaguma
- (iii) Kupererwa nezano
- (iv) Kuziva yaora yawakanditamba
- (v) Kuita museve waenda neuma

### **Cherechedzo**

Zvakakosha kuziva kana kuti kucherechedza uwandu hwamanzwi awanzi unyurure kubva mundima. Kana wanzi tsumo, munyori ngaanyururewo tsumo. Izvi ndizvo zvinoratidza kuti wanzwisisa mubvunzo wemuchikamu cheNzwisiso.

1B5. Mibvunzo inoda kuti utsanangure zveukama kana tsika namagariro edu. Ngatitarisei mibvunzo inotevera.

1B5a(i) Pamagariro eChiShona ndezvipi zvinhu zvakanga zvakanakira kuti vana vanyamunhu varoorwe pabarika semaburitsirwe azvaitwa mundima iyi [2]

(ii) Zvakaitwa naBaba Tendai zvaiva zvakanaka here kuita umwe mwana kunze?. Tsigira zvizere mhinduro yako [3]

Mibvunzo yakadai inoda kuti munyori anyatse kuongorora pfungwa dzaanenge apiwa kuti agozvifungirawo mhinduro yakakodzera. Mhinduro yemunyori ngaive neungwaru hunenge hwatapiwa munyaya inenge yaverengwa sezvatichaona pamubvunzo 1B5a (i) ne(ii) pamhinduro dziri pazasi.

(i) MaiTendai nemunun'una wavo havaimbozoitirana shanje, sezvo vainge votozivana unhu nemagariro nechekare.

(ii) Hongu Baba Tendai vakaita zvakanaka.

- Chikonzero vaida mwana mukomana, sezvo maiTendai vakanga vavatangira nokungoita vana vasikana

- Mutsika dzavaShona murume haarambidzwi kuita barika, zvikuru sei kana achitsvaga vana vakawanda.

1c) **Mhendero yechikamu**

- Munyori webvunzo ane mukana wekudzosea zvose kana akapindura zvinoda mubvunzo.
- Tanga kuverenga mibvunzo yose kuti unzwe chidikwadikwa chokuverenga zvindima zvenzwisiso
- Ipa mhinduro pfupi pose panokodzera
- Cherechedza rayiro iri mumubvunzo woga woga.
- Siya mutsara pakati pemhinduro dzako
- Nyora zvachena
- Verengawo zvinyorwa zveChiShona zvakanakira. Izvi zvinokubatsira uti usangane nemanzwi echiShona akawanda zvigokubatsira kuziva kuti mamwe mazwi anorevei. Nyaya inobva yarerekawo kuinzwisisa zvokuti haunetseki pakupa mhinduro yacho.
- Cherechedza kuti nhamba dziri pamhinduro dziri kuenderana nedziri pamibvunzo.

**Chikamu C:Nzwisiso:**

**Basa rekuita paruro**

Chikamu chino ndechekuti munyori aedzesere kupindura mibvunzo yose inenge iri pazasi pendima yenzwisiso. Munyori ngaadzokere kune zviga zviru muchikamu chetichangobva kutsanangura nezvacho maererano nemapinduriro emibvunzo yakasiyana-siyana. Asi tisati taenda mberi paNzwisiso yenhetembo, Munyori ngaangwarirewo pamubvunzo iya ine chokuita nekutsanangura manzwi semashandisirwe azvakaitwa mundima. Taridza vanhu/zvinhu/pfungwa ine chokuita namazwi anofanirwa kutsanangurwa.

1. Nyatsoverenga ndima iyi ugopindura mibvunzo inotevera. VaMakaitireni zvavakabva pamba pomuroora wavo vanzwa madzanangurwa aVaNyeesai mwoyo wavo wakaramba kuti ganana kuti vagare mumba mavo kuti tende zvavo pasina chavamboita. Kunyange zvako kwakanga kwava kupisa vakasvika mumba mavo ndokutora juzi ravo raiva pachipikiri chaiva seri kwegonhi vachibva vapfidigira mapendekete avo naro. Vakabura hari yaiva pamoto ndiye havu dhugu kubuda mumba vokwidza nomusha waBhondo. Gonhi ravo vakakanganwa kusiya varikweva kuti ripfige.

VaBhondo vaiva sabhuku womusha. Vaiva vari vapfupi vatete, vatema, vakati zvi-i setsvubu. Chirebvu chavo chairemerwa negwindingwi rendebvu dzaiva dzapera kuchena kuti mburetete. Dai pane aidzicheka zvake dzaipfirira chengo chemba chikapera. Musoro wavo chete ndiwo waizoshaya vhudzi rokupedzisa dzimwe mbariro nokuti waigara wakaguswa. Dai pasina kuti vaiva vatema mumwe munhu aizononga musoro wavo achiti in'ono. Vaiva pasi paVaBhondo vaivarumbidza nemhaka yokuti vaiteerera zvichemo zvavanhu vawo.

Kusvika kwakaita VaMakaitireni paVaBhondo vakawona vasipo. Vakazosvika zvavo VaMakaitireni vachibva vadonhedza misodzi yavo. VaBhondo vakainanzva vakaipfunda. Vakazoti pava paye ndokuzoti, “Apa mukweguru panzwikwa. Nzeve ndimi, nzeve ndivo. Zvino zvamauya kwandiri manga muchida kuti ndibate ripi?” VaMakaitireni vakatanga vasuka huro ndokuzoti, “Shewe. Sekureva kwenyu ini ndinotiwo ziso ndimi, gumbo, muromo ndivo.”

“Hon’oka. Asika,” murume akabva ambozunza musoro achitambanudza dzake ndebvu,” Hapana mwana anofa negwirikwiti, ngatibvumiranei ipapo.” VaMakaitireni vakagutsirira musoro.

VaBhondo vachibva vati, “Murume wemunhu haapo mukweguru. Imi makanzwa hamuna kuona. Ndinoipinza ndichiti kudii kana ndimi munenge muripo? Imwe nguva murume wake haadi kuti mukadzi wake agadzwe dare. Imwe nguva amai vaGiresi vacho vachati handina kumbozvita. Dhanimoo naHaneta vanodzidza pachikoro apa. Ticha uyu anogona kuvatsvetera kana kuvatysisidzira. Vana vashaya chavanotaura monzi muri kunyepa. Ichokwadi nekuti ini ndakazvinzwawo kakawanda. Asika anoti yandibaya nungu asina munhenga wayo anotenderwa nani? Hapoka mukweguru.

“Shewe. Ini rangu nderekuti muende kuchikoro uku munomubayira zanzi ticha iyeye.”

“Kwete mukweguru. Ticha uyu haayambirwe. Anowana munhu muchihwandehwande anomurova musana. Ini ndinoti shoko riende kumukuru wechikoro. Tobhiyazi kana auya ndiye achanditaurira zvaanoda iye.” VaBhondo vainge vatoshatirwa. Mukuru wechikoro ndiye andinoona iko zvino, Ini ndoga! Vanhu ava vakauya kuzodzidzisa vana vedu kwete kuparadza misha yedu!” VaBhondo vakangoti kwanyanu ndiye toro, VaMakaitireni vakasara vangoshama vakatarisa VaBhondo vonanga kuchikoro kwaMugandi. Vakamboda kutevera, mumwe mwoyo ndokuvarumbidza.

Vakasvikowana mukuru wechikoro VaBhasvi vari paivakwa zvimbudzi. VaBhondo vakatambirwa naVaBhasvi nomufaro mukuru kwazvo. Vakuru ava vaizivana nakare, saka mitupo ndiyo

yaingokandaniswa. “Hevoi Murehwa.” VaBhasvi vakambonyarara zvawo. Vakanga vatopedza zvokubvudzana matare kare.” Ko, chamapisirwa nerinon’ en’ ena kudai masikati ano chinoda kudya ini here vakuru vangu? Vakapedzesera nokunyemwerera.

VaBhondo vakatanga nokunyemwerera vasati vapindura “Chiri mutsoka dzenyu Mazvimbakupa. Chasara kuti chishame nekungokubandai kamwe. Ndati mungazokahadzika, saka ndauya kuzokuonai. Mangwadhi anonhuwa kana avakukuva. Mazvimbakupa.” VaBhasvi vakanyatsocherechedza chiso chaVaBhondo vakaona zvainge zvaisafadza. Vakazongoti “Tomboenda mugota redu. Murehwa, tononongedzana inda imomo musina vazhinji.”

Vakuru vaviri vakaenda kuhofisi yaVaBhasvi vakadungamidzana kunge Baba voZvomweya nomubatidzi wavo vava kudzokera kuaritare vabva kutambirisa vatendi chingwa choMweya Mutsvene. Hapana akambotaudza mumwe kudakara vakasvika pahofisi iyi.

“Garai zvenyu pachigaro ichi Murehwa,” VaBhasvi vakadaro vachinongedzera cheya yaive izere nemabhuku, ivo vachibvisa mamwe meso avo maviri ndokumboapukuta nomucheka ndokuati pakadaro tsve. Vakapfumba chibhakera choruboshwe ndokuchiisa pamuromo pavo vachifuridza-furidza kunge n’anga yechidyaro. Ruoko rwavo rworudyi rwaitamba-tamba nechinyoreso chaiva chakaburitsa miromo miviri chaiva patafura.

“E, Mazvimbakupa”, VaBhondo ndivo vakatanga. “Zvingakushamisei muchiona ndichisvika pano kudai asi zvinonzi auya ane kwaabva.” Ndiko kutaura kwaVaBhondo uku. Vakataura nokuuya kwaVaMakatireni kumba kwavo vachisiya nezvaZimbangura zvavaiva vareva. Vakazoti, “Mazvimbakupa nyaya iripo ndeyekuti mwana wenyu ave kupwanya ruzhowa mumusha mangu, usiku achiraramo. Ini handina kuzviona nemeso angu asi kuti ndezvekunzwa chete.

“Ndimbokubatai muromo. Handizive kuti mwana wangu wamunoreva uyu mukomana here kana kuti musikana?”

“Mukomana Mazvimbakupa. Musikana angagonzi apwanya ruzhowa here?”

“Zvingangodaro Murehwa nekuti madimikira aya ane pakawanda.” VaBhasvi vakanonga meso aye vachibva vaapfeka. “Gara zviya mwana wedu uyu apwanya ruzhowa mumusha medu uyu ari kudzidza pano here kana kuti kumwe Murehwa.

“Anodzidzisa pano Mazvimbakupa’

VaBhasvi vakaita sokuvhunduka vachibva vakurumidza kuzvidzora. “Mwana wedu uyu ndeupi iye? Mungazive zita rake here Murehwa?”

Hongu chaizvo. Anonzi Paul Zimbangura anodzidzisa sitandadhi sikisi.”

VaBhasvi vakagutsurira musoro wavo zvinyoronyoro ndokumbopedza chinguva vanyerere. “Ko, mutsubvu wacho?”



“Mutsbvuvu uripo asi une gomarara. Mutsbvuvu wacho ndiRudo”

VaBhasvi vakakurumidza kuti, “Rudo Upi?”

“Rudo muroora waVaMakaitireni. Rudo uyu mudzimai waTobias anosevenza Harare. Anouya kupera kwesvondo kana awana nguva. Ane vana vaviri vanodzidza pano. Sekuru vavo ndiChimbeketera. Ndizvo zviri kuita Zimbangura izvi Mazvimbakupa.”

“VaBhasvi vakapererwa zvokuti meso avo akatadza kubayana neemukuru uyu. Zvaiva pachena kuti nyadzi dzaiva dzovakunda. “Zvinhu izvi zvava nenguva yakadii zvichiitika Murehwa?”

“Kwenguva handingape sezvinhu zvasvika munzeve dzangu zvasvisvinwa nenyerere. Ndingangoti zvangu kuona gura rochena murima rabvira kare kurimwa.”

“Nyaya iyi yava kudare kwashe here Murehwa?”

“Kwete. Asi amai ava kuuya kwavaita kumba kwangu pfungwa yavo yanga iri yokuti nyaya ive mumaoko ashe iyi. Ini ndini ndazoti kwete. Hapana uchapupu uzere, uye pamwe murume wacho haadi kuti nyaya iyi iende mudare rashe. Saka ndauya kuno kuzokuonai Mazvimbakupa kuti mukomere mwana wenyu uyu. Ini handingakuvimbisei kuti nyaya iyi haisvike kwashe. Zviri kumuridzi wemukadzi. Akauya achiti ngaipfuure, ndinorasa mazaruro. Kana chiri chokwadi Mazvimbakupa, ndinoona kuti murairidzi uyu ari kukanganisa zvikuru. Zvinonyadzisa uye zvinoshoresa. Isu tichazoshaya chivimbo nemi mese varairidzi vari pano. Tichati kana tokuonai motivhakachira tofanopfiga dzimba dzedu. Kana pane zvamungakwanise kutaura naye Zimbangura uyu mungataura naye.

Ini rangu shoko ndasvitsa kwamuri. Hapana kumwe kwandichapindurira.” VaBhondo vakazooneka voenda zvavo vapangura kugumbuka wavo kwese. Vachangoenda VaBhasvi vakabva vaenda kundodana Zimbangura maaidzidzisa achibva auya muhofisi havo. Zimbangura achangopinda muhofisi maVaBhasvi akabva azviona kuti akanga asina kudeedzerwa kunzi abvunzwe kuti choko dzaiva dzapera sei kana kuti paiva nomumwe mubereki akange auya achitsutsumwa pamusana pokurohwa kwemwana wake. Chokwadi chaiva pameso aVaBhasvi aiva abumba kunge aida kuputika.

(Kubva muECLES 9145/W95)

Mibvunzo

- (a)(i) Nyora ukama hwaivapo pakati paVaMakaitireni naRudo [1]  
(ii) Ipa inzwi/mazwi anoreva zvakafanana netsananguro dzakapiwa kubva mundima
- Damba [1]
  - Kuchema nhunha dzavo [1]
  - Atongwe mhosva [1]
- b)(i) Ibasai raiitwa naVaBhasvi pakasvika VaBhondo? [1]

- (ii) Nyora zvidawo zvinodetembwa VaBhasvi naVaBhondo [1]  
 (iii) Imhosva yei yakauya kuzomhan'arwa naVaBhondo? [1]
- c) Tsanangura zvinorehwa nemanzwi ekuti “chiri mutsoka dzenyu [2]  
 d) Sei zvichinzi mundima musikana haapwanye ruzhowa? [2]  
 e) Tsanangura kuti, “Kuona gura rochena murima rabvira kare kurimwa’ Zvinorevei semashandisirwe azvakaitwa mundima [2]  
 f) Ipa zvikonzero zviviri zvakaita kuti nyaya iri mundima iyi isakurumidze kusvika kwashe [2]  
 g) Tsanangura zvinoreva manzwi aya semashandisirwo aakaitwa mundima iyi.  
 i) Meso avo aiva mana [2]  
 ii) Kunongedzana inda [2]  
 iii) Mutsbvu une gomarara [2]  
 iv) Kubata muromo zvishoma [2]  
 v) Kurasa mazaruro [2]  
 vi) Kupwanya ruzhowa [2]
- k. Sokuona kwako, VaMakaitireni vakafambisa nyaya nemazvo here pakumhan'ara kwavo? [3]
- TOTAL [30]

### **Basa rechipiri**

2. Nyatsoverenga ndima iyi ugopindura mibvunzo inotevera.

Shasha dzechimbo dzichatamba chimbo  
 Dzaireverera sedzasutswa; dzaisekana sedzabudirwa  
 Nezvemitupo dzaitaura, Shasha dzechimbo  
 Nezvekukara dzaitoropodza shasha dzechimbo  
 Vaera Gumbo dzaishona shasha dzechimbo  
 Mapofu dzaishona shasha dzechimbo

Kunyombana dzaisutsirwa shasha dzechimbo  
 “Tainzwa mbiri yavaNjanja  
 Tikati zvimwe vana machanjanja pamiromo.”  
 Vaitaura nhema dzaiseka shasha dzechimbo  
 “DzaVaChifuse dzinoda n’anga inouka  
 Rava zinzwavanzwa kuti nzou dzakapera namariva  
 Matekeshwa dzaiseka  
 “Makumbo matikinyi svovi yashe  
 Mukadzi asinganetsi kushopera

Vakadzi vemakuhwa dzaikwaya  
 “Rukadzi rwamakuhwa rworeva guhwa

Rwoita guhwa nomunda  
Kuti bere rakadya mapodzi”  
Vaera Gumbo dzaishona shasha dzechimbo  
“Tainzwa mbiri yavanaMadyirapazhe  
Izvo imboora dzokudyira mumba

Vachembera dzaishona shasha dzechimbo  
“Mutana akanaka akakutarisa  
Kana afuratira mwene somukoko wawa mumuti. Mutana anorutsuta dzaishona shasha dzechimbo  
“Shungu dzomutana aswera padare  
Kuramba nemhandire souna meno.

VaMupazvaora dzaishona shasha dzechimbo  
Nyashamupandu dzaVaMupezino  
Kuperekedza mweni wavanyima sadza

VaTonga dzaishona shasha dzechimbo  
“KwaMunyikwa ndakasvikeyo  
Mitimwi yavaTonga ndeyemiuyu.”

Veushamwari hwechikunyanuwo dzaiseka  
Shasha dzechimbo. “Ushamwari hwenjiva  
Nenzembe hwaparaware. Hwakaparara mvura yanaya.”

Pendeke dzainyomba “Mai imi munofamba kani?  
Nzira dzawanda sei seri kweimba.”  
Teveremakiwa dzaikwaya Shasha dzechimbo  
“Twana twamazuvano twakatsva guni somutakura  
Zundu kugara mundove hezvo ndava n’ombewo.

VaNyakunyengerera kuwana dzaitaura  
“Jaya kufudzira n’ombe VaChibaramasekesa  
Mwoyochena ndowe kugombera inonwa hayo?”  
Muroora asina tsika dzaituka shasha dzechimbo  
“Mwanawe wakabva kusina vanhu kani?  
Wotanga gapu musu wawasvika  
Shasha dzechimbo dzaitamba chimbo  
Dzaisekana dzichirayana  
Dzaifarira dzichivaraidzana

(Yakatorwa nokugadziriswa kubva munaNhetembo  
naI. Zvarevashe

### **Mibvunzo**

- 2a) Ndivanani vari kunzi shasha dzechimbo mibvunzo [1]  
b) Shasha dzechimbo dzaiita basa rei? [3]

c)	Ndeapi manzwi ari mundima anoreva zvimwe chete netsananguro dzinotevera	
i)	Chibage chokugocha chinenge chava kuda kuoma	[1]
ii)	Munhu ane mwoyo wakashata	[1]
d)	Tsanangura zvinoreva manzwi anotevera semashandisirwo aakaitwa mundima	
i)	Kushona	[1]
ii)	Mitimwi	[1]
iii)	Kuuka	[1]
iv)	Mukoko	[1]
v)	Ushamwari hwechikunyanguwo	[1]
e)	Munhu ane rutsuta munhu akaita sei?	[2]
f)	Unofunga chinangwa chanyanduri chaive chei pakunyora detembo iri?	[2]
g)	Tsanangura mitsara inotevera semashandisirwe azvakaitwa mudetembo.	
i)	Mwanawe wakabva kusina vanhu kanhi?	[2]
ii)	Mwoyochena ndohwei kugombera inonwa hayo?	[2]
iii)	Rwoita guhwa nomunda kuti bere rakadya mapodzi	[2]
iv)	Shungu dzomutana waswera padare, kuramba nemhandire souna meno	[2]
v)	Nyashamupandu dzaVaMupezino, kuperekedza mweni wavanyima sadza	[2]
vi)	Twana twamazuva ano twakatsva guni semutakura	[2]
h)	Tsanangura kuti mazita aya anoreva vanhu vakaita sei?	
(i)	Mupazvaora	[1]
(ii)	Chibaramasekesa	[1]
(iii)	Pendeke	[1]
	TOTAL	[30]

### **Mhendero yechitsauko Chenzwisiso**

- Mamakisi ose anogona kutoreka kana ukatevedzera rayiro yapiwa muchitsauko chiri pashure
- Usatombosiya zvako pamwe pakashama. Pindura mibvunzo yose. Ita zvokufungidzira kana zvanyanya kukugozhera. Vamwe vakapona nekungotsaya-tsaya, pane kusiya pakashama.

### CHITSAUKO 3 PFUPISO

#### **Pfupiso**

#### **Zvinangwa zvechikamu**

Paanopedza kudzidza Chikamu chino, mudzidzi anotarisirwa kunge:

- (a) Ave kuziva kuti pfupiso chii
- (b) Ave kuziva zvokuita pakunyora pfupiso
- (c) Ave kuziva zvokusaita pakunyora pfupiso

#### **Chii chinonzi pfupiso?**

Kupfupisa nyaya/nhetembo kupa namazwi mashoma, pfungwa huru dziri munyaya/nhetembo. Pfupiso chinyorwa chine chimiro chinozikanwa chinenge chichitaura zviri munyaya/nhetembo zvakakosha chichisiya zvisina kunyanya kukosha. Ibaso remunyori wepfupiso kupepete zviri munyaya/nhetembo achitora zvakanyanya kukosha achisiya zvisina. Mupepeti asina unyanzi hwekupepete anorasa nzungu zvoise nemateko akasara nenzungu shoma. Zvakakosha kudzidza kupepete nyaya/nhetembo kuitira kuti paunonyora pfupiso usasiya pfungwa huru uchitora pfungwa diki. Kupfupisa nyaya/nhetembo ndeimwe nzira yokutaridza kunzwisisa kwawaita nyaya/nhetembo yacho. Kana usina kunzwisisa nyaya/nhetembo yacho zvinobudawo muchinyorwa chauchati pfupiso yako.

### **Zviri maererano nechimiro chepfupiso: zvokuita nezvokusaita**

Kana uchinyora pfupiso **shandisa mazwi ako**. Ukange waverenga nyaya/nhetembo, wave kupfupisa, budisa pfungwa huru dzirimo uchishandisa mazwi ako. Usadzura ndevo dzinobva mundima kana munhetembo. Kudzura kunoratidza kuti hauna kunzwisisa zvinorehwa nendevu idzodzo nokudaro watadza kupa pfungwa dziri mundevo idzodzo uchishandisa mazwi ako. Izvi zvinoita kuti urase zvibodzwa.

Pfupiso ine urefu hunenge hwakapiwa hunozikanwa. Padanho refomu yechitanhatu mibvunzo inowanza kuti usapfurikidza mazwi zana (100). Padanho refomu yechina mibvunzo inoti usapfurikidza mazwi makumi mashanu (50). Kuvhuna mutemo uyu kunoita kuti urase zvibodzwa zvinoendera nemazwi awapfuudza nawo. Zvibodzwa izvi zvinobviswa pazvibodzwa zvaunenge wawana papfupiso yako iyoyo. Ukaramba uchingonyora aya manzwi emuraudzo achiwanda, unenge uchirasawo zvibodzwa zvakawanda. Nokudaro, remekedza uwandu hwemazwi hwawanzi usapfurikidza.

Pfupiso inofanira kungove ndima imwe. Ingava pfupiso yenyaya kana yenhetembo, chimiro chepfupiso chakangofanana. Kana ukanyora chinyorwa chine ndima mbiri kana kudarika (tundima ndima) unenge usina kunyora **Pfupiso**, nokudaro zvibodzwa zvauchawana hazvizikanwi. Zvinozongobvawo nevakwenyi vegore iroro kuti vatenderana kuti vachakupa chii, asi iwe unenge usina kuita basa rawanzi uite. Saka, chero vakakunyima zvibodzwa zvose, unenge usina chekutura nekuti unenge usina kunyora pfupiso.

Kana uchinyora pfupiso, shandisa mutauro uri pachena usina zvirungamutauro. Kana ukashandisa mutaurosiri unenge uchipa mukwenyi basa rekutsvaga kuti uri kureva kuti kudini. Munyori anotarisirwa kunyanika zvaanoreva pachena kuti awane zvibodzwa.

Nyaya/nhetembo yauchanzi pfupisa inenge ine mutaurosiri, mutauro uzere zvirungamutauro wakawanda. Unofanira kutsvaga zviri kurehwa munyaya/nhetembo kuitira kuti paunenge wave kunyora pfupiso yako unyore chokwadi chaicho kwete manyepo kana kupesa. Kana rimwe dimikira kana rimwe gudziramukanwa rikakuvhiringidza ukasanzwisisa zviri munyaya/nhetembo, izvi zvikabuda mupfupiso yako zvichaita kuti udonhedze zvibodzwa.

<b>Zvokuita</b>	<b>Zvokusaita</b>
<ol style="list-style-type: none"><li>1. Shandisa manzwi ako</li><li>2. Remekedza urefu hwawapiwa, kana kuti uwandu hwamanzwi hwawapiwa</li><li>3. Nyora ndima imwe chete.</li><li>4. Shandisa mutauro uri pachena usina zvirungamutauro</li><li>5. Tsvaka chokwadi chaichoicho chezviri kuitika munyaya kana zviri kurehwa nanyanduri.</li><li>6. Zviitiko ngazvirongwe (kana zvange zvakatanga zvive kwekutanga zvigotevera nemuburiro wazvo).</li></ol>	<ol style="list-style-type: none"><li>1. Usadzura ndevo dzinobva Munyaya/nhetembo</li><li>2. Usapfurikidza uwandu hwamanzwi hwawanzi usapfurikidza.</li><li>3. Usanyora tundima ndima.</li><li>4. Usashandisa zvirungamutauro</li><li>5. Usanyora manyepo. Usavhiringidza zviitiko kana kuti zviri kurehwa nokuti kutadza kuburitsa chokwadi kunoratidza kuti hauna kunzwisisa.</li><li>6. Usapesanisa zviitiko. Pfupiso ine zviitiko zvakabvongodzeka inoratidza kukundikana.</li></ol>

### (3) Basa Remudzidzi:

#### **Verenga nyaya inotevera ugoipfupisa nemazwi ako asingapfuuri zana.**

Gibson Turo akaenda kuBritain kunodzidza Economics mugore ra 1963. Paakapedza zvidzidzo zvake, akanzwa kuti hondo yeChimurenga yakanga yopisa kumusha ndokubva afunga zvokumboshanda-shanda ariko kusvikira zvinhu zvava pari nani. Akabvawo odana neimwe tsikombi yokuJamaica yaigara ichinge iri kuda kuridza mhere iko kuri kushata, ndokuchata nayo. Muna 1968 mudzimai waGibson akabara mwanasikana wapakapa zita rokuti Farai. Vakagara zvavo zvakanakisisa vari muBritain kusvikira Zimbabwe yasanunguka, apo vakauya kumusha navamwe vaiva kunze kwenyika. Vakasvikowana mabasa apamusorosoro muHarare, ndokutenga imba yavo kuEastlea. Chainetsa mumhuri umu inyaya yokuti tsika dzaihanira kutevedzerwa naFarai ndedzokuJamaica here, dzokuBritain kana dzomuno muZimbabwe. Zvinhu zvakabva zvaita manyama amire nerongo pakaita Farai pamuviri ndokubva atizira kumukomana wake, Tawanda Muchakata, uyo akanga ari mudzidzisi weChiShona pane chimwe chikoro chinonzi Tamuka Secondary School.

Tawanda akatambira Farai zvakanaka-naka, ndokupira mhosva yake kuvabereki vake nenzira kwayo. Mushure mokumbobingisa-bingisa mwanakomana wavo, vabereki vaTawanda vakaita zvechivanhu ndokutsvaka munyai, Gwenzi, kuti aende kunoridza mhere kuHarare. Gwenzi akanga agara nebasa iri asi rwendo runo akangobvuma kuenda napamusana pokunyara VaMuchakata chete. Uyuwo Farai aingotaura nyaya yacho senyaya isina nebasa rose achiti, “Ingoendai chete. Havana shungu nezvakawanda.” Dombo rakazongorovera mwoyo kudombo ndokupinda mubhazi roenda Harare.

Nenguva dzorubvunzavaeni Gwenzi akasvika pagedhe reimba yavabereki vaFarai ndokuimbirwa naano mazimbwa maviri aiva nemisoro inenge yamapere. Akazofara kuona mukomana wezera revana veGrade 7 obuda mumba achiuya kugedhe. Kakomana aka kakanga kakafanana kwazvo naFarai zvokuti Gwenzi akabva aziva kuti nditezvara. Akataurira kakomana aka kuti aida kuona vabereki vako, iko ndokumutungamirira mumba. Akasvikogara pano uno munyorododo wesofa achiyevedzwa net.v. yainyatsoratidza zvinhu namavara azvo chaiwo.

“Gibson naDora,” kakomana kaya kakadaro, “murume uyu ati anoda kukuonai.” Matauriro ekakomana aka akashamisa Gwenzi, asi pakanga pasina nguva yokunyatsozvifunga. Aifanira kuti achitaura zvaakanga afambira.

“Mwendamberi,” Gwenzi akadaro achiuchira, “handifungi kuti tati tamboonana. Ini ndinonzi Gwenzi, ndiri womutupo weSoko. Ndinobva mumusha maGandiwa, kwaMurehwa. Kusvika kuno kudai, Mwendamberi, ndakatorayirwawo nomumwe musikana wandakasangana naye mubhazi rokwedu achiti zita rake ndiFarai...”

Gwenzi akamboganhurwa nokufara kwakaita vabereki vaFarai nekahanzvadzi kake. Akazoshama kuti ambuya vaitaura sei apo vakati, “Iri papi Farai? Iri kuita happy here?” Dai pasina kuti akambenge ari mudzidzisi, Gwenzi angadai akatotadza kunzwa zvakanga zvabvunzwa.

“Kufunga kwangu ini ndinoti ari imo mudunhu medu, asi zvimwe handisati ndoziva. Ndakangoona akati surududu arimo mubhazi ndokumubvunza kuti chii chakanga chiri kumunetsa. Iye akapindura achiti akanga ari kunetseka kuti imi mungazive sei kuti mupenyu zvake, asi kuti ari kumboshanyira imwe shamwari yake yechikomana inogara pedyo nokwedu...”

“Tinomuziva mukomana iyeye,” Gibson akadimurira Gwenzi. “Aigara achidheta mwana wedu kazhinji kwazvo...”

Kuzonzwa kudaro, Dora akati apenga. Ndiye svanhamu, munhu ava kurwisana nokuda kufonera mapurisa. Murume ndokutoita basa kurambidza, sezvo aiva noturuzivo twetsika dzechivanhu. Gwenzi akabva aoma mate mukanwa nazvo. Akasara ongotaura-taurawo zvimwe mwoyo wava kure kure. Akatora hamvuropu yaaiva nayo muhomwe ndokuipfekera pasi pesofa. Dzedu Dora dzakazviona dzikashaya kuti zvairevei. Pava paya akazosimuka kuti ava kuda kuenda. Hapana akamboti, “Zvino moenda musina chamadya here?”

Dora ndidzo dzakabva dzanhamhukira pasofa pakanga pagere Gwenzi ndokutora hamvuropu iya “*What is this? A bomb?*” ambuya vakabvunza munyai vachimudzivirira nzira. Gwenzi akatadza kana kupindura chaiko. Akawo kahanzvadzi kaFarai kakatenge kamira pamusiwo kakabata bhurumu rokuzvambura naro Gwenzi. Dora ndokuvhura hamvuropu iya wanei mune mari inoita madhora gumi nekatsamba kakanyorwa kuti: “Ndini Muchakata ndiri kuti tsvakirai mwana wenyu kuno. Timirireiwo, tiri munzira.” Dora akaverenga chipewa ichi samaverengero anoita munhu achiri kudzidza rurimi. “*why makaita kidnap mwana wangu?*”

“Kwete, Dora, havana kukidhinepa Farai,” Gibson akadaro. “Gara pasi unzwe. Newe Chris gara pasi. Gwenzi, usatye zvako kana kuda kuita zvokuhwanda-hwanda. Isu tiri vanhu vechiRungu.

“Hatinei nezvechinyakare zvokuti vanhu vanoda kuwanirana vanoswerovengana. Isu tinotofara kuti mwana wedu akawana anomuroora. Chigara zvako pasi tikuudze zvatinoda pamwana wedu.” Gwenzi akafunga kuti akanga ari kurota paainzwa mashoko aya. Asi paakazoono kunyemwerera kwaiita Gibson, akazongoti kubva kana iri iyo firo yangu chiregai ndife ndiri muchokwadi chezvandavinga.

Dora kuzonzwa nyaya yekuti Gibson aida kutema roora raFarai, akabva apenga achiti handina mwana anotengeswa setsiru remombe. Uyuwo Gibson aiti handina mwana anoenda mahara senhapwa. Wanei kahanzvadzi kaFarai kongobwaira kari pakati. Gwenzi ndiye akatozopedza nayaya apo akati, “Hazvingaiti kuti ndingodzokera ndisina chandinonotaurira vokumusha. Dai mangwana pamunonditema napo kuti ndiwane madzokerero.”

“Haunzwi zvako iwe munyai akanaka. Terera zvako unzwe zvandinoda ini. Kana iyeyu uyu asingazvidi anodzokera kwake kune vanhu vanopona nokutengesha mbanje. Ndinoda kuti muripe akaundi yangu yechikafu gore rese, moripa fizi dzemwanakomana wangu uyu dzetemu inouya, monditengera bhoto reLondon Dry Gin rinobva kunze kwenyika. Ndizvozvo. Ndozokuonai mouya nezvinhu izvi.” Dora dzakapenga dzikada kuzviuraya, asi Gibson dzakaramba dzangodzika midzi. Akawo kahanzvadzi kaFarai kakanga kangoti dzvututu, tuzu nazvo. Gwenzi akambomira-mira achiti pada iri raiva zvaro jee, baba vomwana vachazotema roora zvakanaka, asi akazongoguma aenda pasina chimwe chitsva chataurwa. Kayawo kakomana ndiko kakasara kachingozvinetsa mufungwa kachiedza kuona kuti akanga ari mugwara ndoupi pakati pababa namai vako. Mubhazi rokumusha Gwenzi aipota achiseka achidudza apo aifunga zvaaanga anoona Harare. Akanga aona roora rechimodheni. **(Kubva muna Rurimi rwaamai Bk4)**



**Verenga nhetembo inotevera ugoipfupikisa nemazwi ako asingapfuuri zana.**

Ndiwe woga, Shava Mtenhesanwa,  
Shumba yakadzvova vakanzwa veGomba  
Vaigara mumasango eGuni  
Munyika regova yaZumba.  
Hapoka! Akati Zumba anzwa uchidzvova,  
Ndiye pasi tiba, avhungwa neziya.  
Tarisaka, Chiweshe! Wakazoti wotuma hondo,  
Katambarare, anova ndiye azonzi Goredema,  
NaGutsa, benzi romunhu azonzi Hwata,  
Vakabva kuhoka raa gorondondo raa goredema,  
Zvipfuwo zvoririmiswa mukati mehuruva  
Honakazve! Ndiwe muparadzi waZumba,  
Mambo weGomba, munyika yegova;  
Mombe dzake wakadya dzikarova,  
Ukava ndiwe mudyinhaka yeGomba.

Muvhu reshava, munyika yebvuti,  
Mumipata yemakomo eChindunduma,  
Mumateve maifudzirwa mombe dzako,  
Anopupura nhoroondo dzounyanzwi hwako.  
Harahwa nechembere nenherera,  
Vanodya mudura rako risingapere,  
Vanopona nokurungurura kwauri  
Semazinyana eshiri ane nzara.

Nyamhangambiri, Chiweshe, Mtenhesanwa!  
Nyika yavaMbire yakanga yazangazika  
Nepfumo rezasi ravatorwa, raChingururu.  
Asi ndiwe murwi namakovero ayo  
Akanga akomba mhuri yeMazowe, paGwiranenzara,  
Ndiweka muvhumbamiri wayo  
Mumakomo eManangate naMushande

Nyamhangambiri, Chiweshe, Mtenhesanwa!  
Ndiweka muparadzi wePfumojena,  
PaChimurenga, paChindunduma.  
Chokwadi, wakavaita bararamhanya,  
Padunhu repaChomkoreka pagomo reMbeve;  
Napachikaniso pagomo guru rehondo reChivi,  
Makomo eChimurenga muMazowe;  
Napagomo remvura rinonzi Shaarunzwi,  
Apo parere Dzishe Mazuru Hwata,  
PaChikaniso, muGomba, mudunhu regombwa.  
Newewo, Shava wakambotsvuka ropa ukadududza,

Dzangove njirikidzwa dzemhanda mapfumo,  
Nemadheremete achidandaura mumapako omuShaarunzwi.

Honaka! Wakavaita rukatakata nedeve  
Ukadzidzinga mhandu dakara kuTsikwi,  
Kumapani anoyerera Gwihwi naTateguru,  
Dakara kumaperere eguta reHarare,  
Uri pasi petsoka dzavo, Nyamhangambiri,  
Nehanda Nyakasikana, Mudzimu unoera,  
Mwanasikana waMhutsa, achikupa mazano,  
Ukava ndiwe mudyi wepfuma itsva  
Yakanga yauya navainzi ‘havana mabvi’  
NaMufemberi Chaminuka mwana waMuzaruri.  
Honaka! Ndiyo pfuma yakazokudzipa,  
Nokukukandisa mapfumo pasi, Mtenhesanwa,  
Nomusikanzwa wavarwi vako.  
Mbiri yako yakare inokunda kukundwa  
Kwako kwanhasi. Tinoti: Uri murume!  
Kana napaugere vanokuziva, uri murume.  
Kana napaunofamba vanokunzwa, uri murume.  
Zvino wakanganwiwa, Mambo, wafukatirwa;  
Umambo hwako nembiri yako zvakutiza.  
Somumvuri unotiza chiedza kwoyedza,  
Zvinodaro nokuparara kwembiri yako yakare.

Nyamhangambiri, Chiweshe, Mtenhesanwa!  
Tinokuuchira, tinokupemhedza  
Tichiti:

Uri Chirombo, uri Denga, Mwana waNyashanu,  
Varidzi vepasi, chizvarwo cheMbire!

Nyamhangambiri, Chihweshure, mwana waNyashanu,  
Chirombowe, Mhukahuru, Mhondoro Huru,  
Mhanduwe, Shava Mtenhesanwa, chizvarwo chevhu!  
Ndiweka wakaburuka zasi kwaNyashanu,  
Pasichigare, Mavhunga, Mwendamberi,  
Navaviri vanin’ina vako:  
Hwata, naGutsa;  
Tinokuuchira, tinokupembedza.  
Tichiti:

Nyamhangambiri, Chiweshe Mtenhesanwa!  
Murwi namapanga maviri, parakanga  
Raa gombemukomberi remhanda mapfumo  
Ndiwe woga mudyi wenhaka, Shava,

Nhaka yavamambo, vatongi venyika yeHarare;  
Muzukuru waMbiru, Shava Mseyamwa,  
Muriritiri wemhuri yokwaNyashanu,  
Kunzvimbo dzemaDzimbahwe,  
Kunyika yechizvarwo chako.  
Ndiweka, Changamire wakati zviye  
Wabva mugota, nyika yose ikazara  
Nembeu yako, Ndokuve rushishe,  
Nyika yeHarare ichiri yako, Mtenhesanwa.  
Iwe Mavhunga, unove ndiwe dutu  
Rakavhunga miti yeruwa rwokwaSeke  
Nomweya womupamhezera une hasha,  
Seke akasara ashama asisina neromuromo,  
Nyika yangove gan'a rine mirove yemvura;  
Miti nouswa zvikarova pagwara  
Rakafamba makovero ehondo dzako  
Ndiweka wakakonzero Nyamweda  
Anoera Moyo Zuruvi,  
NaSeke, vapete mikunda kwauri:  
Ndiwe Nyamuvhimwa, Mupamombe, Chidavarume!

Changamire! Iwe uri pfumo guru,  
Rakati rabatana nerokwaRusanga,  
Mambo Chinembiri wenyika yeShawasha,  
Rusanga akanzwa seawirwa  
Nomutoro mukuru wepfumo guru  
Ndiweka wakadya mombe dzaRusanga  
Ukamusiya arova gasho achiti rashu,  
Ropa rake raparadzwa newe, Mtenhesanwa,  
Nemhuri yake yose yazangazika,  
Yangove sembudzi dzerimuka dzisina mufudzi.  
Honaka! Ndiweka mucheri wemhangura  
KuDzivarisekwa pedyo nokuChaswe,  
Uko kwaichigara Rusanga Mushawasha,  
Anoera Soko Mrehwa.

Changamire, Chirombowe, Shava Mtenhesanwa!  
Ndiwe wakati, ramuka pfumo raMatema,  
Mupikisi wesimba rako, Chiweshe,  
Ukamuparadza nemitemo yake yose,  
Nemidzimu inoera yenyika yake  
Wakaripfukudzira iro pfumo raMatema  
Rikabva raro rikasazomukazve.  
Uri mbada ina mavara anonyengedza  
Isooneka painoverera mudondo  
Uri pfumo rakabva kwaNyashanu

KumaDzimbahwe, kuguta raMunhumutapa, muMbire.

Changamire, Chirombowe, Chiweshe!  
Iwe uri pfumo rakadya vokwaMbari,  
Mambo weruwa rweHarare kuna Tategura,  
Pakakomo keHarare pachigerwe naZharare.  
Ndiweka wakadya mombe dzake  
Ukamusiya arova gasho atambarara,  
Mombe dzake raa gorondondo raa goredema,  
Dunhu rake woritonga iwe, Mtenhesanwa,  
Makovero ake aita rurasademo  
Dakara kutukomo tweTsikwi,  
KuDombomubvumbi, kuna Gwihwi,  
Kumuti waPande waidonha madyo  
Vana venyika vari mboyamboya pasi,  
Iwe uri bandadzi, nhungamiri yavanhu.  
(kubva muna **Nduri dzeZimbabwe**)

### CHITSAUKO 3: NYAUDZOSINGWI

Muchidzidzwa ichi munotariswa kuti nyaudzosingwi chii, mhando dzacho, nhurikidzwa dzenyaudzosingwi nesiyano yadzo nezviito.

Nyaudzosingwi izwi rinonyatsoburitsa zviru kuitika zvichipa mufananidzo wezviri kuitika chaizvo. Mazwi anoshanda sezviito, asi achijekesa zviitiko zvacho. Tinogona kuti Mwana akamhanya ndokumira. Kana tava kushandisa nyaudzosingwi tinoti Mwana akati mhanyei ndokuti miri Mazwi ekuti mhanyei namirei inyauzisingwi dzinonyatsoburitsa maitikire ezvinhu chaiwo.

Nyaudzosingwi izwi rinozvimirira rega risingadi zviwedzerwa sezvingaite zviito. Chero parinoshandiswa rinenge rakazvimirira rega.

#### **Chikamu A: Mhando dzenyaudzosingwi**

1. Dzinoumbwa nemidzi yezviito uye dzichipera na/ei/na/-e/  
Sokuti           mhanyei                   mhanye  
                          rimei                            rime

Cherechedzo Kune dzimwe nyaudzosingwi dzinoumbwa nemidzi yezviito asi dzisingaperi na/ei/kana/e/

Sekuti:           tanhou kubva pamudzi wechiito wekuti  
                      -tanh- neumbanyaudzisingwi- au.

Chakakosha chinofanirwa kuchenjererwa nevadzidzi ndechekuti havafanirwi kungoti kune nyaudzosingwi dzinopera na/-e/ kana/-ei/ vasina kubudisa kuti dzakaumbiwa nemudzi wechiito.

## 2. **Dzinobva muzvipauro**

Zvipauro mazwi anotsanangura mazita anopa rudzi, unhu, uwandu nemamiriro echinhu. Chinenge chavapo kubatanidzwa zvipauro netuumbanyaudzosingwi sokuti tsvukuru  
Cheneru  
Pfumburu

## 3. **Dzakadzokororwa**

Uku kudzokorora nyaudzosingwi inenge yapiwa sokuti fambei fambei  
Endei endei

## 4. **Dzefumvunuro**

Idzi inyaudzosingwi dzinenge dzichitaridza kubvisa zvange zviripo kubva paizwi rekuti kupfumvunura panoonekwa kuti kubvisa kana kupfaranyura sekuti munhu ari kupfurunyura imba.

Sokuti pombe > pombono  
Payi > payanu

## 5. **Dzisingadzokororwe**

Idzi inyaudzosingwi dzisingakwanisi kudzokororwa nekuti kuedza kudzokorora kunoita kuti pashaiwe dudziro yakakwana

Sokuti zvi-i  
mbu-u

## 6. **Dzinoburitsa muririro wechinhu**

Idzi inyaudzosingwi dzinotevedza maririre ezvinhu zvakasiyana-siyana

Sokuti maririre erunhare > ngiriri  
Maririre ejongwe > kukurigo-o  
Maririre ehora ichidhuuka > dhiriri

## 7. **Dzine vara rokupedzisira rakadzokorodzwa sokuti haradada, mburetete, surududu**

Mburetete - panyaudzosingwi iyi panoonekwa kuti vara rekupedzisira-te ndiro rakadzokororwa. Nyaudzira iyi ndiyo inodzokororwa.

## **Mhando dzenyaudzosingwi zvichienderana neuwandu hwemavara**

Uwandu hwemavara zvinoreva mubatanidzwa wenzvanyira nezvovera kuti pave nenyaudzirwa. Nzvovera navara anoti: a, e, i, o, u. Nzvanyira ndemamwe mavara asiri adomwa akaita sa: b,d,f,g,h,m,n. Kuverengwa kwemavara zvinoreva uwandu hwenyaudzirwa dzacho.

- (1) Sokuti ba Nyaudzosingwi iyi ine nyaudzirwa imwe chete nekuti pane mubatanidzwa wenzvanyira b. nenzvovera a.
- (2) Nyaudzosingwi dzine nyaudzirwa mbiri  
Sokuti koche Nyaudzosingwi iyi ine nyaudzirwa mbiri dzinoti /ko/na/che/
- (3) Nyaudzosingwi dzine nyaudzirwa nhatu.  
Sokuti kochono Nyaudzosingwi iyi ine nyaudzirwa nhatu pakuti na/ko/cho/na/no/
- (4) Nyaudzosingwi dzine nyaudzirwa ina

Sokuti Tasarara  
Surududu

Nyaudzirwa dzacho ndi/ta/sa/ra/ra/na/su/ru//du/du/


**Cherechedzo:** Mudzidzi anotarisirwa kusiyana maongorerwe anoitiwa mubvunzo unoda mhando dzenyaudzosingwi neunoda mhando dzenyaudzosingwi zvichienderana neuwandu hwemavara acho.

### **Chikamu B.**

#### **Nhurikidzwa dzenyaudzosingwi**

Mudzidzi anosungirwa kuratidza kuti nyaudzosingwi ndiyo inumba hwaro rwenhurikidzwa dzenyaudzosingwi.

Chirevo chenyaudzosingwi



Manyorero awa anonyatsoburitsa matanho anotevedzwa kubva kunyaudzosingwi kusvika kuchirevo chenyaudzosingwi.

#### **Danho I: Nyaudzosingwi**

Apa mudzidzi anongokurudzirwa kuti ape mienzaniso yenyaudzosingwi sokuti bate, go, pote nature. Vamwe vadzidzi vanopedza nguva vachiedza kutsanangura mhando dzenyaudzosingwi zvinova zvisina kubvunziwa, uye zvisingadiwi.

#### **Danho 2: Ndevo dzenyaudzosingwi**

Panodiwa kutsanangurwa maumbirwe endevo dzenyaudzosingwi anoti Nyaudzosingwi +/- Zadzisandevo +/-Tsigisandevo.

Maumbirwe awa anoreva kuti nyaudzosingwi ndiyo yakanyanyokosha, uye haifanirwi kushaikwa pamaumbirwe endevo dzenyauzosingwi.

Sokuti svetu goronga guru sebenzi

Apa svetu ndiyo nyaudzosingwi, goronga guru izadzisandevo, uye sebenzi iri tsigisandevo. Svetu haifanirwi kushaikwa nekuti hazvizorevi chinhu kuti goronga guru sebenzi nekuti munhu anobvunza kuti kudii kwacho, uye kuita sei kwacho? Mudzidzi akangoti svetu anenge atopa ndevo yenyauzosingwi. Anogona kuti svetu goronga guru osiya sebenzi. Izvi zvinenge zvakangonaka nekuti tsigisandevo inogona kuvapo kana kusavapo.

Panogona kunzi svetu sebenzi zvinova zvine zvazvinaireva.

### **Danho 3: Ndevobonga dzenyauzosingwi**

#### **Maumbirwe**

+/-muiti + Chiiwa

Maumbirwe awa anoreva kuti ndevobonga dzenyauzosingwi dzinofanirwa kuva nechiiwa kunyange zvodii, kozotiwo muiti anogona kuvapo kana kusavapo.

Muiti wacho indevo dzezviziwa, uye chiiwa indevo dzenyauzosingwi

Sokuti: Sekuru vangu svetu gomba guru sebenzi

Kubva pamuenzaniso wapiwa sekuru vangu ndiye muiti, svetu gomba guru sebenzi chiri chiiwa. Izvi zvinaireva kuti ndevobonga dzenyauzosingwi dzinogona kuti

Svetu gomba guru sebenzi nekuti ndicho chiiwa chinofanirwa kunge chiripo.

### **Dhano 4: Zvirevo zvenyauzosingwi**

Maumbirwe: Ndevobongasimboti yenyauzosingwi+/- ndevobongatsigiri (dze) yenyauzosingwi

Kubva pamaumbirwe awa zvinoonekwa kuti ndevobongasimboti yenyauzosingwi inofanirwa kuvapo nekuti ndiyo musimboti. Ndevobongatsigiri ye(dze) nyauzosingwi inogona kuvapo kana kusavapo.

Sekuru vangu svetu gomba guru sebenzi tande nenzira, chirevo chenyauzosingwi nekuti sekuru vangu svetu gomba guru indevobongasimboti yenyauzosingwi. Ndevobongatsigiri yenyauzosingwi nditande nenzira nekuti iripo pakutsigira zvabva mukutaurwa zvekusvetuka gomba guru kwakaitwa nasekuru.

Ndevobongasimboti yenyauzosingwi inogona kushanda sechirevo chenyauzosingwi yega pasina ndevobongatsigiri ye (dze) nyauzosingwi.

### **Cherechedzo**

- (1) Panhurikidzwa yenyaudzosingwi hapana zviwedzerwa nekuti nyaudzosingwi izwi rakazvimirira rega risingadi kupamhidzirwa zvimwe zvivakazwi. Zvakasiyana nezviito. Ndosaka pasina danho rinodaizwa kunzi Ndevo yenyaudzosingwi ine zviwedzerwa.
- (2) Pandevo yenyaudzosingwi panofanirwa kuzivikanwa kuti urongwa hwemazwi hauna basa kana kukosha. Chikuru ndechekuti pane nyaudzosingwi here zadzisandevo netsigisandevo.

Sokuti Panyama mha

Mha panyama

Apa tinoona kuti panyama mha zvakangofanana nekuti mha panyama. Changoshanduka chete urongwa hwemazwi, asi zvimwe zvese zvakafanana.

- (3) Kana mudzidzi achipa ndevo dzenyaudzosingwi, ndevobonga dzenyaudzosingwi nezvirevo zvenyaudzosingwi haafaniri kubatanidza nezvisingadikaniwa zvakaita sezvindori, zviitogama nezviito.

Sokuti Sekuru vakanzi nga mbiradzakondo nembavha. Ndevobonga yenyaudzosingwi inowanikwa pamuenzaniso uyu ndiSekuru nga mbiradzakondo nembavha. Vakanzwi iri kusiyiwa nekuti chiitogama. Mumwe angabvunza kuti sei iri ndevobonga yenyaudzosingwi. Sekuru vanonzi muiti sei varivo vakasungwa. Izvo zvinopindurwa nekuti

- (1) muiti indevo dzezviziita, saka sekuru indevo yezviziita nekuti izita rakazvimirira.
- (2) Izwi rekuti vakanzi rinoratidza kuitiwa, saka pamutemo wekuitwa izwi rekuti sekuru rinobva rotera chinzvimo chemuiti.

## **Chikamu C**

### **Mibvunzo**

- (1) Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo inotevera.
  - (a) Vanhu vaiva pamusangano vose vakati mwii kunyarara.
  - (b) Maziso ake aive ongoti misodzi mokoto mokoto neutsi hwaive mumba umu.
  - (c) Rudo akati gonhi remota dzvi, ndiye monyororei chekuvhurisa chaipenya segoridhe
  - (d) Tsitsi akati je-e kuvatarisa kumeso kwavo pamwenje akabva ati nazvo tuzu.
  - (e) Mazarura akati jiti mubhazi ndiye sika kumhanya
  - (f) Paakangoti pindei vanhu vakati kanha semanyana akashamira makonye.
- (i) Nyora ndevobonga dzenyaudzosingwi uchipatsamura muiti nechiiitwa [10]
- (ii) Ongorora zviitwa zvacho uchidoma zvinoumba wopa mazita azvo [10]
- (2) Verenga ndima iyi ugopindura mibvunzo inotevera. Mudzidzisi paakati pembe pii, vana vakabva vati bhora pasi tsve ndiye rongondo kugedhi kwairwiwa. Vakasvika Joe achinzi nembama watu naJames, dama ndiye tuku tuku kuzvimba. Achirikwenya akanzi tuche kumusana katatu neshamhu yemugwavha ndiye pasi pu sesaga radonha pabhazi. Akazoti pepu semwana ane buka, cheu, kabhegi kake nonge ndokuenda. PEQ (2009).



- (a) Nyurura ugonzora ndevo dzenyauzosingwi dzose dziri mundima iyi [10]  
 (b) Zvino, chinyora uchipatsanura nekudoma nhengo huru dzinoumba ndevo dzawanyora mu (a) [10]
- (3) Murume akati nongei tsvimbo yake, payanu bhachi rake rakati tsvukuru kubva pachimuti ndokunanga kumba. Akasvika pakanyararwa ndokusvikoti kiyi kochono ndiye mahwekwe nomukadzi wake aingoti bidinu bidinu ari pasi asiya anzi mbiradzakondo nga nga nga nematsotsi. Tumuriwo twaive twanzi tanhau kubindu twaive twangoti cheneru twuri pasi.

### **Mibvunzo**

- (a) Nyurura nyauzosingwi dzose dziri mundima iri pamusoro wozodzinyora pasi dziri muzvikwata zvadzo [8]  
 (b) Uchishandisa nyauzosingwi dzawawana mu (a), tsanangura kuti imwe neimwe yadzo inoumbwa sei [12]
- (4)(a)” Nyauzosingwi dzinogona kuisiwa muzvikwata zvakasiyana-siyana zvichienderana neuwandu hwemavara adzo” Tsanangura izvi uchishandisa mienzaniso yakasiyana-siyana[12]
- (b) Ita kuti nyauzosingwi idzi dzive zviito  
 Komba                      payi  
 Tsve                        mhanye                      [8]
- (5) Umba nyauzosingwi kubva mumazwi anotevera uchiratidza tuumbanyauzosingwi twawashandisa.  
 Chena            pfeka                      tsvuku                      muka
- (6) Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo inotevera  
 Saka apo akati poterere seri kwechikomo ichi akakaruka anzi hetu, chirongo ndiye bhagamu zvichibva zvanzi, “Nhasi tasangana!” ‘Akanzi hembe mwau, ‘Nhasi unondiona’, ndiye mbama wadzu kumeso, VaMunondidii vangu tichine dhimu rokushamiswa uko tabatwa tichibva tati pasi go. Akatemwa nechimedu chechirongo akagara kudaro ndokuti kwarakwashu simu mhanye nomugwagwa webhazi, zvichibva zvati tasa uku bhazi riri kutevera, imbwa yechipiri. Vanhu vange vachitevera mai Sekai apo vainge vabva kubhazi vakabva vazhamba, ‘Bata tsuro nembwa. Rovesa chaizvo nokuti anofunga kuti muno mupurazi!’
- Achindoti zvinhano zvinenge chitsama Munondidi akati cheu ndokuona zvedi mudzimai ainge ari kuuya semhepo. Akarusumudzira ndokuti mberi dzvokorei wanei ndimai Maidza naMai Gwati vainge vachibva kumunda. Vakadzi ava vakabva vati midziyo yavo pasi kande ndokubva vamuvharira nzira. Vakabva vadaidzira kuti, ‘Nhasi tinokukaurisa. Waiti wakangwara nhai?’
- Munondidii akabva ati mirei semhembwe yaona imbwa. Akaona kuti akada kuenda kwaive navakadzi ava haaizopona, zvaiva nani kurwa nomunhu mumweyo chete.
- (i) Budisa nyauzosingwi dzinowanikwa mundima iyi [7]

- (ii) Umba zviito kubva kunyauzosingwi dzacho [7]  
(iii) Zviito zvinoumbwa sei kubva kunyauzosingwi?  
Tsigira nezvaunowana kubva mundima [6]

## **CHITSAUKO 4: MHENENGURO**

### **Chikamu A: Mhenenguro yeNhetembo**

Chikamu chino chakanangana nemhenenguro yenhetembo. Chiripozve kubatsira vanyori vebvunzo dzeShona ‘A’ Level avo vachazopindura umwe mubvunzo wechipiri wemhenenguro kuChikamu A. Pane kudyidzana pamaongorere enyaya, uye nhetembo, asi Chikamu chino chinenge chakanyanya kusimbirira zvose zvakatenderedza kupindura nekupindurwa rwemubvunzo wemhenenguro yenhetembo. Chinyorwa chino chiripo zvakare kujekesa chakavanzika chiri munhetembo nemibvunzo inouya yemhenenguro iyo yashungurudza vanyori vebvunzo vanobuda mubvunzo yamaawa maviri nechidimbu vachifunga kuti varova chaizvo, nyambisirwa vanenge vaima nepadivi pezvinotarirwa mukupenengura ndima.

Vanyori vazhinji havazivi zvokuita noruzivo rwavanawo, saka kuvabetsera tichaongorora pfungwa dzinotevera kuti mhenenguro yenhetembo igonzi yagonekwa nemunyori.

2. Rayiro
3. Mubvunzo
4. Kanhanganyaya
5. Ndimba
6. Zvidavado

7. Tsananguro
8. Chidavado chakafa.

### 1. Rayiro

- (a) Rayiro yepanhamba 2 yemubvunzo wemhenenguro yenhetembo inowanzoti (PINDURA (a) kana (b) Izvi zvinoreva kuti munyori anofanirwa kupindura mubvunzo umwe chete (A) kana kuti (b).

Kumunyori zvinodazve kuti atange kuverenga mibvunzo inotevera nhetembo dzemhenenguro. Izvi zvinobatsira munyori kuti aone nekukasira nhetembo yaanokasika kunzwisisa nokupindura asingadariki maminiti makumi mashanu. Nekuda kwekuti nguva ishoma ngavanyatsotarisisa mubvunzo voona kuti zvaunoda hazvingavanetsi here kuona munhetembo.

- b) Nokukasikazve vanyori ngavangokanda ziso panhetembo dziri mbiri idzi voona kuti isinganetsi kunzwisisa ndeipi, uye ine zvidavado zviru pachena ndezvipi. Unogona kusatomboverenga zvako imwe ndima yose, asi kungokadidza ziso zvako. Izvi zvinobatsira pakuti ugone kuti tsinatsina nendima imwe woidzumburudza kusvika wasvika pakugona kuipenengura.
- c) Kupenengura zvinoreva kuonesesa kusvika pamwongo wendima kusvika wanzwisisa zvinorehwa nendima namabudisirwe azvo. Saka, zvinoda kaya kakunyatsotaririsa kuti uone zvinoita sezvakavanda panhetembo imwe neimwe yawanzi uverenge. Wadero, mubvunzo unenge wava nyore kuupindura.

### 2. Mubvunzo

Uyu ndiwo hwaro hwemhenenguro yenhetembo yacho. Unotaririrwa kuti uone nhetembo nekamwe kamuonero kuburikidza nemubvunzo waunenge wabvunzwa. Semunyori/mudzidzi ongorora nhetembo yawapiwa uchishandisa mubvunzo. Nyatsocherechedza ndevo dzakabata mubvunzo umwe neumwe wenhetembo. Ndimu/Nhetembo imwe chete inogona kushandiswa kupindura mibvunzo yakasiyana siyana. Nokuda kwekuti imhenenguro, munyori anofanirwa kunyatsotarisisa itwotwo tunhu tudikidiki tunosiyana mibvunzo nemhinduro yatwo:

### Somuenzaniso

- (a) Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kubudisa dambudziko rake pachena? [30]  
Mubvunzo wakadi haunei nezvimwe. Unotsvaka munyori kuti ati dyu padambudziko ranyanduri riri munhetembo yabvunzwa nezvayo. Rinogona kuva riri dambudziko reurwere, rufu, kushaya basa nzara kana zvimwewo zvinotaridza kuti idambudziko. Kunzi munyori agona anotofanirwa kuribudisa dambudziko iri.

- (b) Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kubudisa zviri kumunetsa? [30]

Mhinduro ngaibudise chinetso chacho kuti munyori agonzi agona kusongana nemubvunzo. Mamwe manzwi anogona kushandiswa zvakada kufanana nekunetseka anoti kushushikana,

Kudyiwa mwoyo, kushungurudzika kurwadzikana, kugumbuka, kubatikana, nemamwewo. Pakadai mudzidzi kana kuti munyori webvunzo anofanirwa kunyatsoongorora nekupenengura manzwi aya nokuti haarevi zvakafanana chero hazvo achiita seakada kufanana. Izwi ranyanduri rinotaura roga kuti kugumbuka nekushushikana zvakasiyana. Saka, panoda vanonzvera manzwi kuti vagogona kunyatsopenengura ndima sezvinotarisirwa.

- c) Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kuburitsa chinangwa chake? [30].

Uyu mubvunzo unotsvaka kuti paonekwe zvakanangwa nanyanduri munhetembo yake. Kungava kurayira, kupopota, kusvora, kumhura, kukaurisa, kuchema, kupira, kutirira. Apa unenge uchipindura mubvunzo wokuti akanangei paari kushandisa zvidavado zvakasiyana-siyana.

- d) Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kuburitsa rudzi rwenhetembo iyi? [30]

Mubvunzo uyu unoda kuti munyori averenge ndima/nhetembo yose agogona kuti mutauro wakashandiswa neizwi ranyanduri ndezvemhando ipi yenhetembo. Dzimwe dzemhando yenhetembo ndedzinoti, Nhetembo dzerufu, rudo. Ndyaringo, mhiramidzimu, madzinza, Nhango dzapadare/mudumba, Bembera, zvichingodaro.

- e) Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kunyatsoburitsa musambo wenhetembo yerudzi urwu [30]

Uyu mubvunzo une zvikamu zviviri zvinofanirwa kuzadzikiswa pamubvunzo uyu, asi wakarerereka pamusambo (anova maitiro nemutauro une chokuita nokuda kweukama hwavanhu panguva/nzvimbo zvakasiyana. Inogona kunge iri nhetembo yerufu, asi rufu rwacho rwosiyana pakuti ndiyani wanyanduri ari kudetembwa. Mhinduro inogona kuva inoti, “Iyi inhetembo yekuchema Sahwira afa” nokuti pamwe musambo unenge urimo ndeweChisahwira. Kana iri yeRudowo, mhinduro inogona kuti, “Nyanduri ari kuyemura runako rwemusikana waari kupfimbana naye.” Zvinenge zvatova pachena kuti musambo wekupfimbana panyaya dzerudo.

- f) Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kuburitsa nyaya yake pachena? [30]

Uyu mubvunzo unoita sewakapusa pakutarisa, asi ndiwo wakagozha nekuti unotsvaka munyori kuti anyatsotarisisa aone nyaya huru iri munhetembo. Nyaya kana kuti pfungwa huru iyi inobuda pachena kana munyori akanyatsobatanidza tunyayanyaya tunobuda muzvikamu zvenhetembo kuti zvose zvinobudisa pfungwa ipi huru munhetembo. Pamwe inogona kuva iri nhoroondo kana kungovawo pfungwa yangofungwa nanyanduri kunyora zvaanofunga pamusoro peimwe nyaya/pfungwa.

- g) **Cherechedzo yemibvunzo**

- Mamwe manzwi anogona kushandiswa kutsiva izwi rokuti zvidavado sokuti, [Nzira, mutauro, mitowo]

- Dzimwewo nhetembo dzinogona kudawo mhinduro yezvidavado zvamaitiro sekuombera, kuseka, kuchema, kukakamira. Asi kashoma. Kana munyori aona zvichikodzera ngaanyore mhinduro dzakadai. Imwe mibvunzo inogona kubvunzwa nenzira dzakaita sedzinotevera:

- Nzira dzakashandiswa nanyanduri dzinoburitsa sei nyaya yake pachena? [30]
  - Tsanangura mashandisirwe emutauro kujekesa zviri kutsi kwemoyo wanyanduri [30]
  - Zvidavado zvakashandiswa nanyanduri zvinokodzerana here nenhetembo yerudzi urwu? [30]
  - Tsanangura mutauro wakashandiswa nanyanduri kubudisa nhunha dzake [30]
  - Nderipi dambudziko rakatarisana nanyanduri, uye anozviburitsa nenzira dzipi? [30]
- h) Pamibvunzo yose yemhenenguro muverengi/ munyori webvunzo anofanirwa kuyemura mashandisirwe ezvidavado zvinokodzera. Apa hapana mukana wokuti zvidavado hazvikodzeri iwe tsvaka zvacho zvinokodzera.

### 3. Kanhanganyaya

Aka kandima kanouya pekutanga pemhinduro yemubvunzo wemhenenguro. Kandima aka ndiko kapfupiso kenya yacho kanopindura zvinodiwa nemubvunzo wemhenenguro. Apa pane nyaya nokuti kanoratidza kuti munhu anzwisisa ndima yaaverenga uye zvinodiwa nemubvunzo. Chikamu chino chichashandisa mibvunzo iri pachikamu chatichangobva kutsanangura pamusoro semienzaniso yemhinduro dzinenge dzichitarisirwa pakanhanganyaya kane mamakisi maviri [2]

- 3a) **Mubvunzo:** Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kuburitsa dambudziko rake pachena? [30]
- (a) **Mhinduro:** Nyanduri akashandisa zvidavado zvakanwanda kuburitsa kutambudzika kwake neurwere husingadi kupera.
- b) **Mubvunzo:** Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kuburitsa chinangwa chake? [30]
- b) **Mhinduro:** Nyanduri ane chinangwa chokurayira mwana wehanzvadzi yake ava kuda kuroorwa.
- c) **Mubvunzo:** Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kuburitsa rudzi rwenhetembo iyi? [30].
- c) **Mhinduro:** Iyi inhetembo yerudzi rwendyaringo inobudisa kukara zvokudya kwanyanduri.
- d) **Mubvunzo:** Nyanduri akashandisa zvidavado zvipi kunyatsoburitsa musambo wenhetembo yerudzi urwu?
- d) **Mhinduro:** Musambo wekuchema kufirwa naSahwira wake
- e) **Mubvunzo:** Tsanangura nzira dzakashandiswa nanyanduri kujekesa zviri kutsi kwemoyo wake
- g) **Mhinduro:** Nyanduri akashandisa nzira dzakanwanda kujekesa kushushikana kwake nekuita chipfambi kwemurume wake.

- Cherechedzo pakanhanganyaya.

- Usarondedzera sepfupiso yekupepa 9145/1.

- Tsanangura zvinopindura mubvunzo chete.
- (ii) Usanyora zvidavado zvacho munhanganyaya nokuti unenge uchizvipedzera nguva iwe uchingozodzokorodza wave kuzvinyora mune dzimwe ndima dzinotevera
  - (iii) Mibvunzo inoda rudzi, musambo, uye chinangwa inenge ine zvipandi zviviri zvinoda kuzadikiswa sezvo ichizoda pfungwa dzinobva munhetembo dzinotsigira kuti inhetembo yemhandoi uye yakananga chii kunyangwe iri yemhando yakati kuti.

### **Somuenzaniso**

“Iyi inhetembo yendyaringo yekukara kudywa kwanyanduri.”

Apa tinoona Kutu: yekukara kudywa kwanyanduri” chipandi chinozadzisa pfungwa iri kubudiswa nenzira yerudzi rwenhetembo yendyaringo.

- (iv) Nyanduri ndiye muridzi wezvidavado, saka ngaaratidzwe sezvinongoitwawo kumhenenguro yendima yenyaya. Ndiko kuti zvibodzwa zvose izvi zvigowanikwa.
- (v) Kanhanganyaya kanoratidza kuti munyori webvunzo anzwisisa ndima here kana kwete. Kanoratidza kuti zvinoda mubvunzo wose zvanzwikwa here. Ukashaisha panhanganyaya zvinogona kureva kuti ucharasikirwa nemamakisi ose zvawo etsananguro pandima yogayoga youchanyora. Zvokwadi zvinosiririsa kurasikirwa nezvibodzwa izvi. Ugoti wakafirei panguva yawanga uchigadzirira bvunzo.

### 4. **Ndima**

- Imwe neimwe ndima inozvimiririra pakuwana mamakisi ayo maviri.
  - Chidavado chimwe nechimwe indima yakazvimirira.
  - SAKA pandima dzose, imwe neimwe ngaisongane nemubvunzo pose zvapo. Zvichireva kuti pane kamunyorere kanotarirwa kuti ndima igonzi yagona kupindura mubvunzo wemhenenguro zvimwe zvingabetsera ndezvinotevera.
- 1a) Nyora ndima pfupi. Usazazanura zindima nokuti ndima imwe inenge ichitsvaka mamakisi maviri chete ayo anowanikwa nenzira inotevera yokuti
- (i) Doma, Tapa, Tsanangura.
    - Doma chidavado chakashandiswa nanyanduri
    - Tapa muenzaniso wechidavado chakashandiswa nanyanduri. Apa unotarirwa kutapa muenzaniso uri munhetembo. Tapa panobuda chidavado kana mutsetse wakarebesa kuitira nguva yako yemubvunzo yose. Tapa sezvazviri nekuti ndima unayo.
    - Tsanangura basa rechidavado kwete kumbodudzira zvinoreva manzwi awatapa
    - Chakakosha ndechekuti nyanduri akashandisirei chidavado.
    - Nyora zvidavado ugotapa ugotsanangura mashandisirwo ezvidavado zvakashandiswa nanyanduri zvinodarika gumi nezvina. Hauzivi chakakodza nguruve pakuti zvidavado zvingagutse mhinduro ndezvipi.
- Tarisa uone muenzaniso wendima pfupi iri kupindura mubvunzo kuti uwane mamakisi maviri akazvimirira.
- ii) Nyanduri akashandisa fananidzo sepaanoti “Zvokuti munhu anosonwa sejira” Kujekesa kurwadziwa kukuru nokusachengetwa nemwana wavo wavakatamburira.

Ukadero pandima dzinodarika gumi nena (14) uchaona kuti zvinokunyorovera kuti unyore zvakawanda munguva shoma. Uye uchizviwanira zviru nyore mamakisi ako.

- Urongwa hwezvidavado hauna kunyanya kukosho. Iwe tanga nekunyora pamusoro pezvidavado zvawatoona munhetembo. Zvose zvinongodzokera kubasa rimwe sezvauchaona kuti tsananguro inenge yakangoita seyakada kufanana pamashandisirwe echidavado chimwe nechimwe. Chidavado chaunenge watoona ngachinyorwe uchiri kuchirangarira uye, kuchiziva pachiri mundima. Ona pakandima kanotevera:
- iii) Nyanduri akashandisa mubvunzanhando paakati, “Kubereka kwandakaita kutadza here?” Kujekesa kurwadziwa kwavo kukuru nekutsvinyirwa nemwana wavo wavakatamburira.
- Tsananguro yepa (iii) haina kumbosiyana neyepa (ii) Zvidavado ndozvakasiyana asi mashandisirwe ndiwo mamwe.

## 5. Kuziva zvidavado Ngaive garoziva...

Zvisiri chinyoreso nepapa chete munyori ngaave negadziriro yokugara achiziva zvidavado, zviri pazviguwe chaizvo. Izvi zvinobetsera munyori kuti haazonetseki kana opinda mundima kudoma nekunyorura/kutapa muenzaniso wechidavado nokuti zvidavado izvi zvinenge zvatova muropa. Pane zvimwe zvokuti hautombokoni kusangana nazvo munhetembo sezviri pazasi.

- (i)- Fananidzo
  - (ii)- Enzaniso
  - (iii)- Dimikira
  - (iv)- Tsumo
  - v)- Nyaudzosingwi
  - vi)- Mubvunzonhando
  - vii)- Chikuwo
  - viii)- nhamatidzwa
  - ix)- Nhemeramuvhu
  - x)- Zitaumbiridzwa
  - xi)- Zitadunhurirwa
  - xii)- Dzokororo yemanzwi
  - xiii)- Dzokororo yepfungwa
  - xiv)- Dzokororo yezvirevo
  - xv)- Mhesano yepfungwa
  - xvi)- Mhesaniso yemanzwi
  - xvii)- Mutauro wekudimikira
  - xviii)- Manzwi e... (Apa zvinobva nendima zvainoreva)
  - xix)- Mutauro we...
  - xx)- Dzokororo yezvimwe zvidavado zviri pamusoro
  - xxi)- Nhevedzano yezvimwe zvidavado zviri pamusoro
- Mienzaniso yezvidavado izvi tichaiona pachikamu chinotevera tichiona nzira yokutapa zvidavado zvakakodzera.

## 6. Tsanangura

Apa ndipo panotaridzwa basa rechidavado. Chimwe nechimwe chidavado chine basa racho pakushandiswa kwachinenge chaitwa nanyanduri. Pane zvachinofanira

- a) **Kubudisa/kuratidza.** Asi pane zvimwe zvidavado zvinofanirwa kuchenjererwa pakuti zvine rimwe basa razvinoita zvinopfuura kungoratidza chete.
- b) **Kujekesa-** Apa panopinda zvidavado zvakaita se-
- i) Fananidzo
  - ii) Dimikira
  - iii) Enzaniso
  - iv) Tsumo
  - v) Nyaudzosingwi
  - vi) Wedzeredzo

Izvi basa razvo nderekujekesa nokuti zvinoumba pfungwa mumusoro wemuverengi. Izvi zvinotonzi zviumbapfungwa nemhaka yekuti zvinonyatsojekesa pfungwa imwe neimwe nokuda kwezvimwe zvinhu zvinoda kufananidzwa nacho pakutsanangura zvinoda nyanduri.

- c) **Kusimbisa**  
 Apa panopinda zvidavado zvakaita se
- (i) Chikuwo.
  - ii) Mhesano yemanzwi, yepfungwa
  - iii) Dzokororo dzose
  - iv) Nhamatidzwa
  - v) Hokamutereri
  - vi) Nhevedzano yezvimwe zvidavado
  - vii) Monyororo yamanzwi
  - viii) Nhapanzwi
  - ix) Hochekeche dzose
- Sezvo riri pepa rekurerutsa hapadiwi mutauro wakadzika patsananguro. Ruzivo rwemutauro runogonawo kubatsira pazvidavado kana zvimwe zvakajairika zvapera.

## 7. **Chidavado chafa**

Pane mamwe manyorere anoita kuti ndima dzishaiwe mamwe mamakisi kana kuti mamakisi ose zvawo ari maviri.

- a) Kusaisa zvinyora pakutapa manzwi emudetembo kunoshaisa makisi. Saka munyori paanongopedza kuti; nyanduri akashandisa fananidzo sepaanoti; ngaatobva atoisa zvinyora izvi “.....” Anogonawo kushandisa nzira yokupinda mukati kana kudarikira mutsara kana achitapa dzokororo yemitsara, mibvunzanhando, hochekeche dzose, uye nhevedzano dzose
- b) Chidavado chinogonawo kufa kana munyori akatapa muenzaniso usiri chidavado chaadoma. Ndosakei zvakakosha kuti munyori anyatsoziva zvidavado.
- c) Kutadza kuona kuti nhetembo ndeyei, uye ine nyaya yei zvokubva munyori atadza kuonawo kwakarerekerwa nyaya, uye zvinodiwa nemubvunzo wabvunzwa.

## **Chikamu B**

### **Muenzaniso weMhenenguro**

## **Paruro**



Chikamu chino ndechekuedzesera kupindura mubvunzo wemhenenguro tichiona sirogani iya yokuti Doma, Tapa, Tsananguro inoshanda sei pakupindura mubvunzo wemhenenguro yeNhetembo dzemhando dzakasiyana-siyana. Tichatarisa zvinhu zvinotevera.

1. Nhetembo, mubvunzo, mhinduro, cherechedzo
  2. Mhando dzenhetembo nemibvunzo yacho
- 1a) Verenga nhetembo iri pazasi ugopindura mubvunzo unotevera.

E! Nhai vari Kumhepo!  
Chigumbuiko chamuinacho mumoyo?  
Chokupai kundiringa somwana wapaitundu?  
Mudzimu wakupa chironda  
Wati nhunzi dzikudye  
Zvaita seiko kuramba makangoti ziro ziro?  
Kuita semusakasiya tsanga kunze!  
Asi kwamuriko hakuchina achanditi wangu uye?  
Mondiridza nyaya isina dare  
Chamakatadzirwa chamusingataure chiiko?  
Mhuri yangu yanzwa kugara iri pahukwe  
Chisakiso chacho chinobva pai patisingaoni?  
Nyevenurai moyo yenyu madzitateguru  
Ndadungana nemi midzimu yangu  
Nokuti ndashaya andinopumha uroyi  
Mondidarirei masikarudzi machengeta angu?  
Chogarisa mhuri iri ndonda chabvepizve

Mati nditize pano pamusha here?  
Zvino ndotizirepi kwazvisingateveri zvikasvika?  
Pfumo ratanda nowangu musha  
Kana ari muroyi ana maitiro iwaya  
Mazembe andinawo naye ini?  
Kana uchinge uri mudzimu,  
Mudzimu weipi imba wondirova dzamatumburira?  
Handichisina kwandichati uku  
Nzira dzose dzogon'a  
Vasekuru musandipe makotsi  
Bu-bu-bu

(A.C. Hodza Ugo hwamadzinza)

b) Nyanduri akashandisa nzira dzipi kubudisa nhetembo yerudzi urwu? [30]

ii) **Mhinduro**

Iyi inhetembo yemhiravadzimu, nyanduri achitukirira midzimu iri kurega mhuri yake ichingogara ichingorwara.

Nyanduri akashandisa dimikira sepaanoti  
“Musandipe makotsi” kujekesa kugumbukira midzimu inorega mhuri yake ichingorwara.

Nyanduri akashandisa fananidzo paanoti; “...kundiringa somwana wapaitundu” Kujekesa kunyunyutira midzimu isingadziviriri urwere kumhuri yake.

Nyanduri akashandisa enzaniso paanoti,  
“Pfumo ratanda nowangu musha” Kujekesa kutukirira nekusvora midzimu isingadziviriri urwere kumhuri yake.

Nyanduri akashandisa hokamutereri paanoti, “E! Nhai vari kumhepo!” Kusimbisa kugumbukira midzimu inorega mhuri yake ichingorwara.

Nyanduri akashandisa chikuwo paanoti “Nhai vari kumhepo!” Kusimbisa kugumbukira midzimu yarega mhuri yake ichingogara ichingorwara

Nyanduri akashandisa nhevedzano yezvikuwo paanoti “E! Nhai vari kumhepo!” kusimbisa kugumbukira midzimu yarega mhuri yake ichingorwara.

Nyanduri akashandisa mubvunzonhando paanoti, “Mati nditize pano pamusha here?”  
Kuratidza kugumbukira midzimu yarega mhuri yake ichingorwara.

Nyanduri akashandisa nhevedzano yemibvunzomhando paanoti,

Mati nditize pano pamusha here?  
Zvino ndotizirepi kwazvisingateveri zvikasvika?  
Kusimbisa kutukirira nekusvora mudzimu yarega mhuri ichingorwara.

Nyanduri akashandisa tsumo paanoti,  
“Mudzimu wakupa chironda..” kujekesa kugumbukira nekusvora midzimu yarega mhuri  
Yake ichingorwara.

Nyanduri akashandisa zitaumbiridzwa paanoti “masikarudzi” kuratidza kutukirira, nekusvora midzimu yarega kudzivirira zvirwere kumhuri yake.

Nyanduri akashandisa nhevedzano yemazitaumbiridzwa paanoti “masikarudzi, machengeta” kusimbisa kutukirira nekusvora midzimu iri kurega mhuri yake ichingorwara. Nyanduri akashandisa mutauro wokudimikira paanoti, “Mhuri yangu yanzwa kugara iri pahukwe” Kujekesa kugumbukira nekusvora midzimu iri kurega mhuri yake ichingorwara nguva dzose.

Nyanduri akashandisa mhesano yemanzwi paanoti “...ratanda nowangu musha” kusimbisa Kugumbukira nokusvora midzimu yarega mhuri yake ichingorwara.

Nyanduri akashandisa dzokororo yepfungwa paanoti “Chisakiso chacho chinobva patisingaoni?”

Chogarisa mhuri iri ndonda chabvepizve? ”kusimbisa kugumbukira nekusvora midzimu inorega mhuri ichingorwara.

Nyanduri anoshandisa nhamatidzwa paanoti “...chabvepizve” kusimbisa kutukirira midzimu yarega mhuri yake ichingorwara.

Nyanduri anoombera sepakanzi “Bu-bu-bu” kusimbisa kutukirira midzimu kuti isarege mhuri yake ichingorwara.

(c). **Cherechedzo**

- Kanhanganyaya kanokodzera kuwana zvibodzwa zvose nokuti kanoratidza zvinodiwa nemubvunzo kuti “inhetembo yerudzi rwemhira midzimu ine chekuita nenyaya yekurwarirwa.” Ukatarisisa uchaona kuti tsananguro haizokunetsi, sezvo ichibudisa kutukirira nekugumbukira mudzimu.
- ii) Tsananguro sezvatambobata-bata pashure apa tinoona kuti munyori anotarisirwa kutaridza kuti sei akashandisa chidavado. Zvii zvakaita kuti nyanduri adero kwete kuti muenzaniso wechidavado unorevei.
  - Pane musiyano pakati pefananidzo neenzaniso Fananidzo inoonekwa namavara anoti “sa-,se-,so ,kunge, sokunge, uye fanika” asi enzaniso inogonanga panenge pachienzaniswa. Tarisa zviri pazasi kuti ugoona zviri kutsanangurwa “...Kundiringa semwana wapaitundu.” Iyi ifananidzo. Tichiri pafananidzo ipapa munyori anofanira kutaridza kuti kune zviri kuruboshwe zviri kufananidzwa nezviri kurudzi. Zvinotevera zvinoita kuti muenzaniso usava wefananidzo.
    - 1- Kutara pasi pechiwedzerwa, “kundiringa **se** mwana wapaitundu.
    - 2- Kutara pasi pendevo yedudzirachiito chete “Kundiringa semwana.....”
    - 3- Kungonyora panotangira chidudzirachiito wototi ifananidzo, “semwana,” KWETE.
  - Chidavado cheenzaniso chinogonanga sezvizvi pfumo ratanda musha wangu  
Mbwa yomunhu  
Uri gudo
  - iv) Munyori anogona kungoisa zvidododo zvitatu kumashure kana kumberi kwemanzwi aanenge atapa kana akashandisa muenzaniso wabva mumutsetse wakareba.
  - v) Mazitaumbiridzwa anosanganisira mazitadunhurirwa, asi munyori anofanira kungwarira kuti zitadunhurirwa rinotanga nevara guru pose parinoshandiswa somuenzaniso;  
masikarudzi (zitaumbiridzwa)  
masikarudzi (zitadunhurirwa)
    - Zviri pamusoro zvinoreva kuti  
Zitadunhurirwa izitaumbiridzwawo, saka munyori anogona kuva nezvidavado zviviri pamuenzaniso umwe chete.

- Zvichakadaro pakuti muenzaniso umwe unogona kushandiswa pazvidavado zviviri kana, tarira pamienzaniso iri pazasi.

Nyanduri akashandisa Hokamutereri paakati,  
 “E! Nhai vari kumhepo!” kusimbisa  
 Kugumbukira midzimu iri kurega mhuri yake ichirwara

Nyanduri akashandisa chikuwo paakati  
 “Nhai vari kumhepo!” kusimbisa kugumbukira mudzimu iri kurega mhuri yake ichirwara.

- vi) Zvine njodzi kutara zvimiso zvinoratidza mubvunzonhando nezvikuwo sezvungaita  
 vamwe sezvizvi “Nhai vari kumhepo! “kutara uku kunoita kuti chidavado chose chife.
- vii) Ukanyatsotarisisa patsananguro dzose dzendima uchaona kuti dzose dzakada kufanana uye dzinodyidzana nekanhanganyaya kaya. Ndosaka tamboti kanhanganyaya kakakoshesesa nokuti kanokubatsira kuti usongane nemubvunzo pandima imwe neimwe yauchanyora.
- Uyezve yeuka kuti ndima imwe neimwe yakazvimiririra pamamakisi ayo maviri.
  - viii) Usakanganwe kurerutsa mutauro wako paunopindura mibvunzo weMhenenguro ingava yendima yenyaya kana yenhetembo.
  - ix Edzesera pazvinyorwa zvenhetembo zvakasiyana-siyana kuti ugova nyanzvi chaiyo pakupenengura.
- 2a) Verenga detembo rinotevera ugopindura mubvunzo unoritevera.

Maiwe zvangu...  
 Inga wakandiparira  
 Ndakaziva haitungamiri  
 Zvinoita varume, Mwari ndiye anoziva.  
 Wakandiwana ndakazvigarira netunhamo twangu  
 ukati, “Uya tigoverane, ini ndine dzangu...”  
 Ini moyo ndiye nyekebvu  
 Ndichiti pada wairevesa

Ndorangarira zvechokwadi rwuchapisa rwuno  
 Yako mhiko wakaitevedzera  
 Ukandipa chako chipfuva chipamhi neuso hunyoro  
 Ndikati nhamo ndokurura sejuzi rekwopisa  
 Ndichiti nhamo kwandiri wava mukuwasha  
 Choziva kuti ndatodzikoromora dzemukuze  
 Zvaitova nani ndichine dzangu  
 Inga wakandiparira.

Kungokanganiswa misodzi yangu yobuda waipuruzira  
Wanei ndoyema kunge chindumurwa pana mai  
Nhasi ndochema wakangonganduka ukava chikara  
Nyemwerero yako ikave ukasha  
Ukati, “Aikazve regondirembukira sederere kudaro  
Uri wesipeya, ndine wangu chaiye akandimirira.”  
Hana yakarova ndikazvidya mwoyo.

Inga wakandiparira  
Ko, chiya chipfuva chokuzendamira chazoenda nepi?  
Naiye wangu wokugovana nhamo naye aendepi?  
Ko, zvandatsika mwedzi ndoitonga sei?  
Kangoma kerufaro rwedu kaparutswa nei?  
Dai ndakaziva.

Yuwi ndaremerwa  
Ndaremerwa nomusengwayu wandakatakura  
Ndakurirwa mupfungwa nezvandava izvi  
Mutupo mingani, zvidawo zvingani  
Mumba mumwe chete?  
Wekutanga Dhehwa  
Wepiri Murehwa  
Ichochi chiri mukati chetatu Samaita  
Inga wakandiparira.

(M. Mataranyika)

Tsanangura nzira dzakashandiswa nantanduri  
Kuburitsa zviru kumudya moyo [30]

b) **Verenga nhetembo iri pazasi ugopindura mubvunzo unoitevera [30]**

Makore adurikidzana  
Kuaverenga muswerazuva  
Kuaunganidza ihobho nechitsama  
Chokwadi kwakabviwa kure

Kuti titi akabva muucheche  
Tonge hedu tinonyepa  
Kuzvireva toda mhupuri  
Kurega kungange nani.

Chakatambwa paye chikuru  
Chiiko chaitika pamana  
Chaidarika uyu mukuru?  
Padare mhosva dzaiva dzake

VaRungu zvavakaunza mapurisa  
Takati midzimu yakombora  
Chokwadi mapurisa akachiona  
Basa vonge vakapindura iye.

Aiwa kwakabviwa kure!  
Nhasi uno anotura mafemo  
Taisafunga kuti zvichavadai  
Weduwe! Kuchembera kunogurira

Kumutarira zvope tsitsi  
Naiko kuonda sorutanda  
Iwo makumbo matetetete  
Shamhu zvadzo.

Mazuva ovafambira zvisiri izvo  
Sehoromba yegudo  
Muswerera kutara inda  
Ndiko kudzima kwomoto waibvira

Iko kasoro kanenge damba  
Kangoti tutsinga tara tara  
Tuziso kunge turi muninga  
Turi tutsvukutsvuku seropa

Achanzwa raiva rume  
Nhasi wonge mukono woumhotu  
Izwi raityisa pwere  
Ronge rechiva chatsikwa muswe

Nedumbu akamira aisaona shangu  
Nhasi ronge chitsaga chapera upfu  
Chitaurirwa mbare yegotsi  
Uyu mukuru tonge tinomunyepera

Kukurukura kuti chiitai kushoma  
Uyu mukuru mazuva ake aenda  
Eduwo akatimirira mberi  
Vanhu vachazotidarowo tadai

Nhasi ofira mugota  
Ndiko kusabereka  
Chifundiso kunemi pwere-  
Mifaro yedhorobha inovava wadai

(Kubva muna Gwenyambira na C.L. Mungoshi)

**Zvidavado zvakashandiswa nanyanduri zvinonyatsoburitsa here nyaya yacho pachena? [30]**

c) Verenga detembo iri ugopindura mubvunzo uri pazasi.

Mukare wakareva paakati nyoka inorwisa  
Ndeiri musango, yapinda mumba chibata-bata  
Musina kuenda kunyikadzimu  
Makadini kusiya maitakunyira kure  
Nhasi heyo yapinda mumba?  
Kunotsvaga basa wayo musoro  
Yousimudza ndichiri pagedhe

Zvomombunyikidza pfungwa dzangu nhasi shefu?  
Bvisai ruoko rwenyu pandiri  
Vavairo yenyu ndinoiziva  
Ndiri meso enyoka  
Zvamunoda pandiri ndinozviziva  
Hinga yokutsvaga basa ihukutu.

Nhai iwe mesotsinga muboorashomwe, zirize  
Zimubhinyi, zirambakudarikwa-nemarokwe...  
Ndisiye.

Vangu vabereki vakaparadza  
Mari, dikita, simba nemisodzi kundiyarutsa  
Chokupfeka, chokudya kuchikoro  
Ini ndokuita wekaseveramudama muzvidzidzo  
Nokuve mhare pakuimba, pakusona  
Pamasvomho nomuchingezi  
Meso omurairidzi ndokunjeya-njeya pandiri.

Maoko ake koche muhuro mangu  
Zvanzi “*Sweet babe, I love you*”  
Kusanyara!  
Zvauri murairidzi, Ko zvauya sei  
Kuita nyoka yapinda mumba. “*I don’t love you*”  
Kwete ndaramba, kuti unhanzve rangu  
Rangu dapurahunanzva hazviiti!  
Vavairo yako ndinoiziva Kugara dzangu mbabvu  
Ndiregerere...  
Handirwo rudo

Nhasi ndakatenda ndakabva pauri  
Gore zvaropera, ndoti ndochiitawo zvakaita vamwe

Kutsvaga basa  
Vavairo kuchengeta vabereki  
Hinga iya nyoka  
Yakangondimirira sadhiabhorosi nyoka yeuori  
Yodionesa hurukuru mukutsvaga basa

Zvanzi tanga wandida, ko zvamuri vasekuru wani?  
Musoro wachena sedonje  
Ndebvu kunge chimera chakayanikwa paruware?  
Ndiregerei, ndiri mesoenyoka  
Kukatikasi vakandidzidzisa kusema chivi  
Nhasi iwe wondivhevha  
Woti nditange ndakupa hwangu humhandara  
Kuti ndigowana basa!  
Handidi hangu, chizonono, chingoko  
Naiyi AIDS, shuramatongo, Handidi!

Iwe zibhinya  
Usaisa mari mubhodhi mangu  
Rega zvako kunditengera drop-waist yacho  
Usandikwidze mumuzvambarara wemota yako  
Rega ndiri meso enyoka  
Ndinoziva unoda kundibhinyira mumota mako

Kugarwa madunduru nerako dumbu  
Rinenge redzetse  
Kutsvodiwa yangu miromo  
Newako unonhuwa doro sechidembo  
Une zvinyango  
Handidi, kwete ndaramba  
Basa racho ngandishaye zvangu!

Chokwadi, ngarikone basa  
Chero chete ini nevabereki vangu  
Tichizofara mangwana  
Ndava newangu anondida

Nyoka ngaipondwe!  
Basa racho ngandishaye zvangu!  
(Kubva muna Munzwa Mundove naMorgan Mahanya)

**Nzira dzakashandiswa nanyanduri dzinopindirana here nedambudziko iri mudetembo iri?**  
**[30]**



## Mhenenguro yenyaya

### Chikamu A: Zvinotarisirwa pakupenengura nyaya

Mhenenguro- Chidzidzwa chekuongorora nyaya yapiwa pachibudiswa pfungwa dzakakosha. Chakakosha ndechekuti munyori webvunzo abudise zviri kutaurwa kwete kushora kana kutsoropodza zvapiwa. Unonzwa vamwe vachiti “Munyori akakoniwa” kana kuti “Munyori akaita musiyapaduku pachinyorwa chake.” Izvi zvose hazvikoshi pamhenenguro. Rangarira kuti chinyorwa hachingasarudzwi nenyanzvi dzebvunzo chigongova kutungana kwembudzi chete.

### Chekutanga

Munyori webvunzo anotarisirwa kubudisa nyaya inowanikwa muchinyorwa chapiwa. Iyi inonzi Nhanganyaya. Nyaya inobudiswa iyi ndiyo inenge iine pfungwa yakakosha. Vamwe vangade kuti nyaya yacho inowaniwa sei? Kana chinyorwa chikaverengwa pane nyaya inoramba ichidzokororwa nemunyori kana vatambi. Pfungwa iyoyo ndiyo inotarisirwa kuti munyori webvunzo asimudze mukupindura kwaanoita panhanganyaya yake. Nhanganyaya iyi haifanirwi kuva ziendanakuenda rechinyorwa, asi kuti kutaura chete zvabuda munyaya yacho. Nhanganyaya yacho haipiwi nemutauro wakavanda.

Mubvunzo unogona kuti “Mutauro nemaitiro evatambi zvinobudisa sei nyaya pachena?”

Pamubvunzo wakadai munyori webvunzo unotarisirwa kutanga nekubudisa nyaya yacho senhanganyaya. Munyori webvunzo angatangisa achiti: Vatambi vanoti Joseph naJosephine vari kukakavadzana maererano nenyaya yebarika. Joseph anoti rakanaka, asi Josephine achiti rinoparadza. Apa panobva pabuda kuti munyori webvunzo abudisa zvabvunzwa zvacho.

### Chechipiri-mubvunzo wemunyori newevatambi

Cherechedzo inofanirwa kuitwa pakubudisa kuti mubvunzo wakanangana nei- munyori here kana kuti vatambi.

Mubvunzo (1) Munyori akashandisa zvidavado zvipi pakubudisa zviri kumunetsa? (30)

(2) Vatambi vakashandisa nzira dzipi kubudisa nhunha dzavo? (30)

Mubvunzo iyi yakasiyana pakuti wekutanga unoda kuti munyori webvunzo anangane nemunyori mukupindura kwacho. Wechipiri unoda kuti munyorabvunzo anangane nevatambi vacho, kwete kutaura zvemunyori nekuti panenge patopotswa/patoresva. Munyori webvunzo anofanirwa kuti “VaMuzanenhamo vati kupopotdzana nemudzimai wavo maererano nenhamo yavari kusangana nayo mumba. VaMuzanenhamo vari kuti nhamo iri kukonzerwa nekuda kweusimbe hwemudzimai, ukuwo murume achinzi kunwa doro zvisina maturo ndiko kunokonzera nhamo.”

Apa panobuda kuti mazita evatambi abudiswa, uye nyaya yacho yanyatsobudiswa zvakakwana. Mazwi akakosha nekuti “...vari kupopotdzana.” Kana munyori webvunzo akati “...vari kupopotera.” Anenge akanganisa nekti anenge aratidza divi rimwe chete.

## **Chechitatu**

### **Kudoma zvidavado**

Zvidavado zvinodomwa zvichienderana nemapirwe anenge aitiwa mubvunzo wacho sokuti.

- (1) Zvidavado zvakashandiswa nevatambi zvinopindirana here nenyaya yacho?
- (2) Munyori akashandisa nzira dzipi kubudisa zviru kumutambudza?

Kubva pamibvunzo yapiwa zvinoda kuti, munyori webvunzo adome sokuti Tambudzai akashandisa dimikira sepaanoti, “Baba vangu vakaigochera pautsi pavakapopotera mai..”

Apa patanga nekubudiswa mutambi wacho potevera chidavado chacho pedzisire muenzaniso wacho. Muenzaniso unofanirwa kutorwa sezvauri kwete kushandura mazwi. Munyori webvunzo haafaniri kuti Tambudzai anodimikira nekuti zvakasiyana nekuti dimikira.

Mazwi anodikanwa  
Dimikira  
Fanandzo  
Enzaniso

Mazwi asingadikanwi  
anodimikira  
anofanandza  
anoenzanisa

Kubva pamubvunzo wechipiri panobuda kuti munyori webvunzo anofanirwa kupindura achiti: munyori anoshandisa tsumo sepaanoti “Kure kwegava ndokusina mutsvubu.”

### **Chikamu B: Mhando dzezvidavado nebatsiro yazvo**

#### **Mazita ezvidavado zvinowanikwa mumhenenguro yenyava**

1. Tsumo/Shumo
2. Madimikira
3. Nyaudzosingwi
4. Enzaniso/Fanandzosiri/Fanandzobonga
5. Fanandzo
6. Mibvunzonhando
7. Nhevedzano yemibvunzonhando
8. Chikuwo/Chimbi/Chidanidziri
9. Nhevedzano yezvikuwo
10. Mutauro wekudimikira
11. Mutauro wekutuka
12. Mutauro wekushora
13. Dzokororo yepfungwa
14. Mhesano yepfungwa
15. Hokamuteereri

16. Nhapamazwi yemutauri
17. Mutauro wekutyisidzira/Mutauro wekuvhundusira
18. Mutauro wekukudza
19. Mazwi ekurumbidza
20. Dzokororo yemazwi
21. Mhesano yemazwi
22. Fungiramumwoyo
23. Nhamatidzwa/Namatidzwa
24. Nhendeshure
25. Chirungu
26. Chidhorobha
27. Nhevedzano yenyaudzosingwi
28. Gudziramukanwa/Mutauro wekuwedzerera/wedzerero

**Zvidavado zvinowanonyorwa**

**Nevadzidzi, asi zvisingatarisirwi**

1. Mutaurosiri
2. Chibhende
3. Mizvambarara
4. Demberezeze
5. Nhongoramwoyo
6. Minzvengure
7. Musambo
8. Chitsinhazita
9. Mutinhimira

**Mhando dzezvidavado**

**Zvinojekesa/ zvinoburitsa**

Tsumo  
Madimikira  
Nyaudzosingwi

**Zvinosimbisa**

Chikuwo  
Nhevedzano yemibvunzonhando  
Nhevedzano yezvikuwo

Enzaniso	Dzokororo yepfungwa
Fananidzo	Nhamatidzwa
Mibvunzonhando	Dzokororo yemazwi
Mutauro wekudimikira	Mhesano yepfungwa
Mutauro wekutuka	Mhesano yemazwi
Mutauro wekushora	Nhevedzano yenyaudzosingwi
Hokamuteereri	Nhevedzano yemazitaumbiridzwa
Nhapamazwi yemutauri	Nhevedzano yemazitadunhurirwa
Fungiramumwoyo	
Mazwi ekurumbidza	
Mazitaumbiridzwa	
Mazitadunhurirwa	

### **Zvidavado zvinofanirwa kuchenjererwa nevanyori vebvunzo**

**Fananidzo** = Ichi chidavado chinowanzokanganiswa nevanyori vebvunzo pakutapa kwavanoita sokuti John ahandisa fananidzo sepaanoti “sebenzi rawanikidzwa richiba.” Izvi hazvizizvo nekuti iyi haisi fananidzo. Fananidzo ndeyekuti “Akasvoda sebenzi rawanikidzwa richiba.” Apa pane fananidzo nekuti kusvoda sebenzi rawanikidzwa richiba zvinodyidzana.

**Mibvunzonhando** = Ichi chidavado chinoda chenjerero pakuti hachingawanikwi pose pose pane chituramubvunzo (?) asi kuti panofanirwa kunge pasina mhinduro inopiwa kumubvunzo wacho. Pakutora muenzaniso wacho hapafanirwi kusiiwa chituramubvunzo chacho, sezvo chiricho chinoratidza.

**Nhapamazwi yemutauri** = Uku kutora mazwi akatakurwa nemumwe mutambi sekuti John anoti “sekuru vangu vaiti vatsamwa waivanzwa voti, “Uko ndiko kunonzi kujaidza makudo neanokamhina.” Mashoko ekuti “Uku ndiko kunonzi kujaidza makudo neanokamhina” haasi aJohn, asi kuti ndeasekuru. Nekudaro zvakashata kuti munyorabvunzo ati John akashandisa kudimikira sepaanoti “Uku ndiko kunonzi kujaidza makudo neanokamhina.” Hazvisiriizvo nekuti haasi mashoko akataurwa naJohn.

### **Mazitadunhurirwa nemazitaumbiridzwa**

Mazitadunhurirwa anotaura zvakanwanda maererano netsika dzemunhu, kushora kana kurumbidza sokuti mai vangu vaiva nemwoyochena netsitsi ndosaka dunhu rese rekwaChadzarura raivanemera richiti Mai Munyaradzi. Mai Munyaradzi ndiro zita remadunhurirwa nekuti riri kutiudza zvakanwanda maererano netsika dzavo uye vakaripiwa nevanhu kwete kuti nderekuzvarwa naro. Rekuzvarwa naro harisi zita remadunhurirwa. Mazitaumbiridzwa mazita anoonekwa nekubatanidzwa kwezvipinga zvemutauro kuumba zita.

Sokuti,

Mukomana uyu akakura ari chinzvengamutsvairo chaicho. Chinzvengamutsvairo izitaumbiridzwa nekuti rinogona kuputswa richiumbwa nezvipenga zvinoti.

chi- nzveng- a-mu- tsvair- o.

### **Cherechedzo**

Zitadunhurirwa rinogona kuva zitaumbiridzwa, asi zitaumbiridzwa harigoni kuva zitadunhurirwa.

### **Dzokororo yepfungwa**

Aya mazwi akasiyana anenge adzokororwa, asi achibudisa pfungwa imwe chete sokuti, Mai ava vainge vari nzenza, chisekeranzira, uye ‘VaChipavhurire chaivo. Chirevo ichi chiri kungodzokorora pfungwa imwe chete yechipfambi, asi pashandiswa mazwi akasiyana.

### **Mhesano yepfungwa**

Uku kunenge kuri kupesana kwepfungwa kana kupa pfungwa dzinopikisana sokuti

Pavakange vashaikirwa nemwana wavo VaZindonga vakadamba vachiti, “Inga Denga iri ndiMapa, uye ndiManditorera, uye munoti ungane nhasi hwedza parare.”

Kubva mumashoko aVaZindoga munobuda pfungwa dzinopesana dzekunaka kwaMwari nekushata kwake.

Mapa → Manditorera

Ungane → Parare

### **Tsumo nemadimikira**

Kazhinji vanyori vebvunzo vanitora zvidavado izvi sezvisinganetsi kusimudza, asi zvine dambudziko kuvadzidzi vakawanda chose. Tsumo mutauro wakawanda, asi uchumbwa nezvikamu zviviri zvinodyidzana, uye unozadzisa mafungire evakuru vekare.

Ndosaka vakuru vakati, Manga chena inoparira parere nhema.

Dzaive nhungo dzave mbariro

Zvikamu zviviri/ ndezvinoti:

Manga chena/ inoparira parere nhema

Dzaive nhungo/dzave mbariro

Madimikira mutauro wakapfuma asi usina zvikamu zviviri sezvataona pamaumbirwe etsumo sokuti,

Akaigochera pautsi

Kutsenga mvura

Kufira mafufu segonzo

Kukanda tsoka

Kubva mumienzaniso yapiwa zvinobuda kuti madimikira ane chikamu chimwe uye chirevo chisina kuzara kana kuti chisingagoni kuzvimirira chega. Nekudaro, vadzidzi vanofanirwa kungwarira kusiyana madimikira netsumo pakudoma zvidavado izvi. Vadzidzi ngavangwarire kuti hakuna chinonzi tsumo mhini kana kuti tsumo gama sokuti Chine manenji hachifambisi- iyi inotova tsumo kunyange mberi kwacho kune mamwe mazwi, sokuti, China manenji hachifambisi chinotomirira kuti mavara acho aonekwe.

Ziva kwawakabva iyi tsumo ndiyo imwe chete nekuti

Ziva kwawakabva nekuti mudzimu weshiri uri mudendere.

### **Batsiro yezvidavado kunyaya yapiwa**

- Apa panoda kucherechedzwa mhando yezvidavado zvashandiswa kuitira kuti pave nekushandiswa kwemazwi anokodzera sokuti VaKufandanda vanoshandisa dimikira sepavanoti, “Mwanangu usati handina kukuruma nzeve” Batsiro yedimikira iri inofanirwa kuburitswa kuburikidza neinzwi rekuti zvinojekesa/ zvinoburitsa.
- Pabatsiro yechidavado ichi panofanirwa kuwanikwa nzvenzvero yekunyaya yapiwa panhanganyaya. Kana nhanganyaya yange ichitaura nezvekurayirwa kwaNhamo nekunoita tsika dzakanaka mudhorobha zvinenge zvave kunzi: VaKufandanda vanoshandisa dimikira sepavanoti “Mwanangu usati handina kukuruma nzeve” Izvi zvajekesa rayiro yavo yekuti ave netsika dzakanaka kudhorobha. Basa rechidavado racho rinobva rabuda.
- Pane zvimwe zvidavado zvesimbiso sezvambobudiswa sokuti.
- Veronica anoshandisa chikuwo sepaanoti, “Nhai maiwee kani!” Munyori webvunzo anosungirwa kupa batsiro yekuti izvi zvinosimbisa kushushikana kukuru kwaVeronica nekuda kwekufa kwamai vake. Apa izwi rekuti zvinosimbisa harifanirwi kushaikwa uye kushushikana nekuti zvinoburitsa manzwire aVeronica wachomanzwiro emutambi haifanirwi kusara. Mumuenzaniso wapiwa, kana munyori webvunzo akati, Izvi zvinosimbisa kushushikana kukuru kwaVeronica nekuda kwekusiyiwa namai vake. Izwi rekuti kusiyiwa rinogona kureva kufa kana kusiyiwa nemunhu achienda kune imwe nzvimbo asina kufa. Nekudaro, unenge watora mutauro wekudimikira, saka haudikanwe muchinyorwa chemhenenguro.

### **Mutauro ngaube wakajeka**

- Vamwe vadzidzi vanotsanangura zvinoreva chidavado apo vanenge vachipa basa kana kuti batsiro yechidavado chacho sokuti: Sisi vaLucy vanoshandisa enzaniso sepavanoti jaya racho raiva mbumba pakurwa. Izvi zvinojekesa kuti jaya iri raiva rakasimba, uye richirwa. Apa panenge paresvwa nekuti chidavado chacho changotsanangurwa zvachinoreva, kwete zvachabatsira. Izvi hazviwanisi mudzidzi zvibodzwa.

### **Chikamu C: Mapirwo ezvibodzwa mumhenenguro**

- (1) Nhanganyaya- 2 zvibodzwa
- (2) a) Kudoma chidavado-  $\frac{1}{2}$  chibodzwa
- b) Kusimudza chidavado chacho-  $\frac{1}{2}$  chibodzwa
- c) Kutaridza batsiro yechidavado -1 chibodzwa  
Zvidavado zvinotarisirwa-  $14 \times 2 = 28 + 2$  zvibodzwa  
Nhanganyaya yose = 30 zvibodzwa.

**Cherechedzo-** Mudzidzi anokurudzirwa kusimudza zvidavado zvakawanda kudarika gumi nezvina nekuti hauzivi zvaunogona zvacho.

## **Chikamu D: Zvimwe zvinotarisirwa mumhenenguro**

- (1) Kuverenga ndima uchitsvaga nyaya yakakosha inozobatsira kubudisa nhanganyaya
- (2) Kana mubvunzo ukabvunza zvidavado kana nzira zvinoreva kuti munyori webvunzo unofanirwa kubudisa maitiro nemutauro wakashandiswa. Panofanirwa kubudiswa maitiro akawanda ndokunge arimo, uye mutauro wakawanda ndokunge urimowo. Munyorabvunzo akazembera divi rimwe chete anenge akundikana.
- (3) Kunyange mubvunzo ukabvunza kuti Mutauro wakashandiswa nemunyori unopindirana zvakadii nenyaya yacho hapafanirwi kunyorwa kuti mutauro wacho haupindirani kana kuti unopindirana nekuti unonyatsoti gedye gedye. Chakakosha kuburitsa kuti wabatsira kubudisei munyaya yacho
- (4) Munyori webvunzo ngaasadzokorora chidavado chaambodoma sekuti ainyora, onyorazve uku kunongova kutaura chinhu chimwe chete. Doma zvidavado zvakasiyana- siyana.
- (5) Kana mubvunzo ukabvunza nezvekuti Mutauro nemaitiro evatambi zvinobudisa sei nyaya huru? Munyori webvunzo anosungirwa kubudisa nyaya inoramba ichidzokororwa nevatambi. Munyaya macho munenge muine turunyaya twakawanda- wanda, saka panoda kuti panyukurwe nyaya kuru chete.
- (6) Munyori webvunzo ngakasashandisa ruzivo rwenyaya yaakamboverenga pakuita basa remhenenguro inenge yapiwa yacho. Izvi zvinoita uti pazopiwa ruzivo rwezvisina kubvunzwa sokuti nyaya yotorwa kubva mubhuku raM.A. Hamutyinei Kusasana Kunoparira. Munogona kupiwa chidimbu chenyaya apo Baba vaSara vanenge vari kugomo reChidzura vachisasana zvavo naYuna. Mushure maizvozvo vanofunga kuti vaine vakanganwa kutenga zvinwiwa vobva vasiya Yuna uyo anozodzvinywa. Zvinenge zvisina ungaru kuti kana wave kuongorora chinyorwa ichi wobva wapinza zvanaChinovava zvinova zvisimo muchinyorwa. Ruzivo rwekunge wakamboverenga bhuku ngarwubatsire kuti munyorabvunzo akurumidze kunzwisisa nyaya yapiwa.
- (7) Maitiro evatambi anoda kubudiswa zvakajeka kwete kuvanza nemutaurosiri sokuti mundima mukanzi Maidei anoti maziso dzvoko. Kana munyori webvunzo ave kubudisa maitiro emutambi anoti Maidei akatarisisa/akadzvokora kwete kudzokorora kuti Maidei anoti maziso dzvoko. Uku kunenge kuri kutoshandisa mutaurosiri (dzvoko) inova nyaudzosingwi.

## **Chikamu E: Basa rekuita:**

### **Ongorora ndima dzose dzemhenenguro wopindura mibvunzo inotevera**

- (a) Verenga nyaya inotevera wozopindura mubvunzo uri mumashure mayo.  
“Chauruka,” akatanga Dzumbunu, nyaya yacho ichiturikirwa naRoparembwa, n’anga iye yamakuwerere, “ndiri kukutonga nemhosva yokupamba, yokuponda, yokuroya, yokuremadza vanhu vangu neyekutamba neni somuranda wako nokukonzera mheremhere munyika mangu. Zvose izvi wakazviita. Ndeipi mhosva yaunoramba?”  
“Mhukahuru,” akadaro Chauruka akakotamisa musoro nokuti panguva iyi akanga asunungurwa, amira, “zvirokwazvo dzose nyaya dzamuri kunditonga nadzo handidzizivi. Kutopomerwa navavengi vangu.”

Paakataura izvi, vanhu vakadzvova kuratidza kuti vakanga vasina kufadzwa namanzwi omutungwi. Kwaiva kunyepa kuramba zvinhu zvaainyatsoziva, uye zvaakaita. Mambo akavanyaradza nokusimudza ruoko rwake.

“Regai ataure zvaanoziva. Iwe Chauruka wati mhosva dzose idzi haudzizivi? Chitiudza ari kukupomera.”

“Ko, akakuudzai kuti ndakaita zvose izvi ndiani? Ndiri kuda kuti mutange mandiudza izvozvo.”

Mhinduro iyi haina kufadza mambo navanhu vake. Akaratidza kushora, saka Mutonhodza asina zvinoenda kure, akamukwidza mbama. “Rega kupindura munhu mukuru uchidaro. Muroyi! Uri padare raDzumbunu kwete muninga mako. Unofanira kupindura zvakanaka.”

Mambo Dzumbunu akabva agamhawo. “Uri kuda kuita zvokutamba neni nhai? Nhasi uchanyatsotaura zvako. Ndingapike naamai vangu vakafa. Uri pano kutongwa neni kwete kunditonga uchindibvunza zvakadaro.”

“Ngaaurayiwe! Ngaabayiwe! Ngaatemwe-temwe!” Vanhu vaingunosimudzira mazwi avo, vachisimudza matemo, mapfumo, nduni namakano mudenga. Vakadzi vakabva vapenga chose kunyanya VaZvanyadza. Shungu dzavo dzaida zvekujajadura chete.

Ipapo mambo akabva aita manyemwe ndokuti, “Chauruka, reurura mangava ako uchiri mupenyu kudai nokuti kutsi kweguva hakuna munamoto. Ukasataura ndinokuranga zvinonzwirwa tsitsi nomuroyi wese.”

“Mhukahuru, ndakuudzai kare kuti ndakatoita zvekupomerwa nomunhu akakurumai nzeve. Zvamunoti ndini ndakazviita, pazvakaitwa makandionawo here?” akapindura Chauruka achiita saasina hanyin’ a nazvo.

“Ndiwe wakakonzera izvi. Raive simba rako nokuda kwako kuti vanhu vako vaite zvinhu izvi. Ndiwe waivatuma kuti vaite zvavaisvikoita.”

“Ipapo ndipo pamakabatwa kumeso. Vaidaro kuti murege kufungira vanhu ivavo. Vaida kuti murasike nokutevera nzira isiri iyo. Hezvi makazondiparadza nokuuraya vanhu vangu pamwe nokupisa ninga yangu; musha wangu wakange wakanakisisa chose. Zvipfuyo zvangu makatora zvose navafudzi vazvo. Nhasi uno mava kunditongerera kufa; mava kunditi gororo zvandisingazivi.”

“Paakati, ‘Makatora zvipfuyo zvangu’, vanhu vose vakamboti dzvamu savaida kumuita kanyama kanyama. Asi vakanyaradzwa ndokuridza zvavo tsamwa vogara pasi.

“Zvaunotaura zvinorutsisa,” akadaro Dzumbunu asisagoni nehasha.

“Zvawakandiita ini ndizvo zvawava kuti ndakakuita? Hauna here kuudza vanhu vako kuti vandiudze uti unoda kuita hondo neni? Haunyari kutaura nhema here? Nhasi ndinoda kukudzidzisa kuti un’anga hwako hahurevi kuti ita umhondi noukororo.”

“Hondo yacho zvayakaitwa, ini makandiona here? Ndiani angasimuke achindiudza kuti akandiona muhondo imomo? Saka makandipisisa mazango angu nhai? Munhu orega zvake kugara namazango? Handiti ndiwo anotsigisa hana. Imi zvamuripo kudai hamuna here? Kusimbira zvavamwe bedzi, mazikonyora!

Paakanyomba kudaro, vanhu vakabva vamunhamukira ndokuzodzorwa naMatambanepfumo naMutonhodza. Mambo akataurazve nehasha. “Chokwadi uri muroyi womunhu iwe! Dai pasina machinda angu aya ndingadai ndakuita kanyama kanyama. Uri kundiudza here kuti hausiri Chauruka anogara mugomo rinonzi Maunganidze? Hausiri iwe



here wakamanikidza Chirombo kugara newe ndokuzoba mukunda wangu uchida kuita mukaranga wako? Nhasi unofa chete. Nyanga dzako namakona zvawaivimba nazvo zvakapiswa iwe uchizviona. Hapana chimwezeve chauchagona kuita. Nhasi uchafuga rako wega.”

Dare rose rakati zi-i, sokunge pafiwa. Maziso aChauruka aingoti ngara ngara kubwaira achitarisa vavengi vake. Vanhu vakange vachimirira kuti vanzwe mazwi ake okupedzisira. Hapana chaakataura nokuti akangoramba akatarisa pasi. Mushure mechinguva akasimudza musoro ndokutarisa-tarisa sokunge aitsvaga chimwe chinhu. Chirombo akange akamira kwakadaro uko akafunga kuti zvimwe ndiye aitsvagwa nokudaro akataura nezwi guru rino mutinhimira. “Uri kutsvaga ini here nhai, Chauruka? Ndiri pano ini ndakakutengesa ndikabatsira vasemi vako. Taura zvako zvaunoda kutaura. Nhasi ndiro zuva rechirango chako.”

Kubva muna Kutonhodzwa kwaChauruka naD. Chiguvare

### Mubvunzo

Mutauro nemaitiro evatambi zvinojekesa here nyaya iyi? Tsigira [30]

(b) Verenga nyaya iyi wozopindura mubvunzo uri mumashure mayo.

“Vamwe vanoroorwa, vamwe vanoroora, vamwe vakangozvigarira zvavo. Mose here kubva matadza kuita mubatirapamwe mangondibikira kapfuko kadiki zvako kekuti ndipfavise pahuro pangu? Ndoramba ndinayo nyota iyi kwemakore mangani? Vamwe vangu vanonongwa vega zvavo ini ndichigara kusango kusina vamwe. Ndati mati mandiisa kune vamwe here? Chivanhu hamuchizivi here chamakakura muchiona tichiitira vamwe vedu? Inga ndakazvara zvidhambakura zvinogara muguvi mokuti mvura ikapwa izvo zvinobva zvafa. Dai dzaiva hove dzaingodzika nerwizi, ko, chidhambakura? Ndozvirova dundundu ndichiti ndakabereka pakadai?... Sarurai, Brian, Bright, Molly, vana vaBrian.”

“Ndiri kuuya! Ndati ndiri kuuya! Zvinhu zvangu zviri kupi? Ndiani atora zvinhu zvangu? Ndati zvinhu zvangu zviripi ndiri kuda kuenda mhani... Ndati ndiri kuuya! He..., tsvimbo dzangu dziripi? Gano rangu riri pai nhai? Aa...,shi...” Paanyarara, misodzi yangu yatangisa kudonha ndakabata rushaya.

“Vanhu havana chakanaka zvechokwadi. Vava kushinhira murume wangu! Ndiwo mamhepo anga achitaurwa naDr Marovanyanga aya. Mazivanhu asina kudzidza haana mashuwa. Vava kuda kundiroyera murume wangu kuti vagodya zvavo upfumi hwaakawana nepfungwa dzake? Zvaanga achitaura handisati ndambonzwa achirotomoka kudaro kana ari kuhope. Izvi ndezvemishonga chete..uyezeve ari kukonzera zvole izvi, ihama dzaBrian.Chavanomuroyere ini handichioni. Haana chikwereti nemuhu, uyezeve Brian haapopotedzane nemunhu.Zvava kuita hama dzaBrian ndiyo inonzi shaisano. Zvino vakamupengesa, ndogobatana nei nhai vasikana? Brian chaiye here agofamba munzira vanhu vachimuti benzi iro? Kana iri iyo nyaya yeguva vadii kutamba zvavo vasiyana naBrian. Regai zvavo vakati mhandu yemunhu munhu, vakataura vaona zvechokwadi Brian wangu ava kupinzwa mumatambudziko nehama dzake..

Maziroi evanhu!

Dai amai nababa vari pedyo, ndaimbovapa *cassette* iyi kuti vanzweyo. Zvino zvavakaenda vose kuAmerica nezvechechi ndoinzwirwa nani nyaya yangu? Ndoudza here Lydia na Linda kuti ndizvo zviru kuita baba vavo kuchipatara? Lydia.. ane pfungwa dziri *very unpredictable*, zvokuti kumuudza ndingatozvipe dambudziko rimwezve. Dai ari Linda pamwe angawirirana nepfungwa dzangu. Kana kuti ndongonyarara zvangu- chero ndichiziva zviru kuitika pana Brian.. Dr Marovanyanga vandiudza kuti ndifunge zvakadzama panyaya iyi. Zvandingaite pana Brian ndezvipi chaizvo? Ndoudza here Dr Marovanyanga kuti vaendese Brian ku*Psychiatric Unit* ambonoongororwa namazvikokota? Dr Marovanyanga *is just a mere medical doctor* zvokuti zvana zvirwere zvepfungwa nezvimwe zvakadaro anongozviziva namabhuku chete. Semunhuzve ari mubato reZINATHA, ndazviona hangu kuti anga ava kungorerekerera kunyaya dzechivanhu chete, kana hazvo chokwadi chiripo. Kutaura chokwadi Brian munhu ari kurwara. Chiripo apa nechekuti Brian *is feeling guilty* nekuregerera hama dzake kuti dzitambe guva iye asipo. Zviru kubva zvangoita mubatirapamwe nemamhepo ari kutumirwa nehama dzake. Zvino vakamuuraya hapana chavanowana nokuti zvole zviru muno ndezvangu. Vakaita havu vakauya nepfungwa yekuronga *Women's League* nokuti vakadzi tainge takadzvinzirirwa chaizvo. Murume aiti akafa, hapana chawaisara nacho.Zvino zvole izvi zvakapera sekupera kwakaita Rhodesia nemureza wayo wakadzokera kuBritain naPrince Charles. Mureza mutsva wakamiswa musi wa18 April 1980. Wakauya nezvitsva. Taimbozvizivawo here kuti kuchava nema*equal rights*? Iye zvino vanhukadzi vava kupihwa nguva yekunoyamwisa vana vavo munguva dzebasa. Ichiru Rhodesia vakadzi taingotorwawo sechikamu chevanhu vasina basa, *treating us as mere objects for pleasure*. Zvole izvi zvakapera ndokukukurwa sehundi nemvura yegukurahundi. Iye zvino tiri munguva yekuti ane maoko ake anozviriritira. Mafootini ndipo anogarira maoko voita basa rekumhanya mudzin'anga kutsvaga mishonga yekuda kuparadza munhu anenge asina chitema kwavari. Ukaita murombo vanhu vanokuseka. Ukaita mupfumi vanokuroya. Ukanyarara hanzi anodada. Zvino vanhu vanoda munhu akaita sei?

...Bright, zvaari kusvika mangwana, anosvikotii nezviru kuita hama dzake pana Brian? Zvaari munhuwo anofarira zvemudzimu izvi handiti achangoti inyaya reguva iri kukonzera zvole izvi? Dai Brian anga asingarware, ndanga ndakaronga zvekuti Bright naMolly vatsvage imba yavo vega yekugara. Chete ndinoda kuona kuti vanouya vaine pfungwa dzakaita sei? Kana vachiru muRhodesia nanhasi ndinovadzinga mumba mangu. Handidi vanhu vanonditemesa musoro wangu uku murume wangu achinetseka nekurwara. Anofanirwa kuziva kuti kana aroora Koni Mashoko, ndiye waanotonga kwete ini mukadzi waBrian. Akaziva izvozvi chete, ndinogona kumukudza chaizvo.Ndakamuona zvangu kare kuti ane pfungwa dzechinyakare. Kana uri iwo mutemo wekwavo kwaMurehwa, pasi nawo. Ndikati mutemo wokwaMurehwa ndakanganyisa, asi kuti mutemo wemumusha mavo nokuti ndivo vandakaona kuti havanyare kupinda mumba memuroora vachiita zvavanoda, kumutuka nezvimwewo zvinokodoba.

Hamen, naiko kurwara kuri kuita Brian uku ichatova imwe. Kana ari Brian, ihama yavo. Vanongopindurana paukama hwavo *as long as they leave me out*. Chandisingadi kutemeswa musoro wangu nenyaya dzisina basa, dzisina chadzinondibatsira nacho. Izvozvi dai ndakavaudza kuti ndizvo zviru kuno, dai misha yose yakauya kuno ndichiona nhamo

nekuaposha iwo mazivanhu ari kupa kuti Brian arware. Iyo mvura, naiko kunetsa kwairi kuita, haisi yaitozopedzisira yavharwa zvayo?”

Kubva muna Tongoona naR.M. Choto

**Mubvunzo**

**Mutauri akashandisa nzira dzipi, uye dzakakodzera here, kubudisa zviri kumushungurudza? [30]**

2(a) Nyatsovereng ndima iyi ugopindura mubvunzo unotevera.

Mhoroika vamwoyo vashe vane donhodzo rinenge mvura yechitubu, vano runako rwakakura rwakapfimbikwa sedamba rinonzi riibvire muvhu, isu tichishuva kuruona kuno kumafuramhepo.”

“Mhoro, ndiwe aniko unotaura zvinonakidza zvikadai, uye unondizivirepi?”

‘Ndinonzi Murovasango. Ndinokunzwai nembiri, kunzi kuno mwanasikana, vamwoyo vaShe Sadzaguru, anonzi Mandivavarira. Ini ndinogara kumusoro kworwizi runo uku kunonzi kwaMudemberwa.’

‘Ini handikuzivi, asi ndakambonzwa baba vangu vachiti mumusha maMudemberwa mune shirikadzi yakauya kuzogara nomwana wayo mumwe chete mukomana.’

‘Ya-a, ndini wavaireva naamai vangu. Ko, nhai vamwoyo, ndipeiwozve shiri?’

‘Shiri dzei dzaungakumbira ini musikana? Chokwadi iwe mujaya unosetsa nembavha iri mugwenzi. Iweka munhu womukomana ndiwe unotowana shiri uchivhimaka nemiseve yako iyo yawakapakatira’

Munofunga kuti ndinoreva shiri chaidzo here?’

‘Ko, zvino unoreva chii?’

‘Vabva zano vanoti, matsvaka kuseka kukumbira musikana shiri. Majaya achiti mabarasetswa mavende emhandara.”

‘Keke-e, seka zvako mwana waSadzaguru. Iwe mukomana, zvako zvinondishamisa chokwadi. Chokwadi, unosetsa navakafa vose iwe. Bva kana wanga uchitsvaka kuseka neni, hinga ndaseka wani.”

‘Waseka hakozve, asi inini ndinoda zvokuti undirerewo.’

‘Ndichikurera sei munhu akura kudaro? Hingati chokwadi unondiyemera somwana worugotwe. Asi uri rugotwe kanhi nhaiwe mukomana?’

‘Hazvinei nokuti ndiri rugotwe. Chandiri kuda ndechekuti undirerewo’

‘Ko, mai vako, handiti unavo? Sekuru unavo. Chakunetsa apa chii?’

‘Ndinoreva zvokuti iwe undirerewo uchindibikira sadza.’

‘Kumba kwaunogara haupiwe sadza here?’

‘Ndinopiwa hangu asi mwoyo wangu unoshuva kubikirwa namaoko ako aya anoyevedza. Kana ndikadya sadza rinobikwa newe, nhamo dzangu dzose dzingapera.’

‘Ko, zvaita sei, kuwana mhembwe yopinda mumbudzi?’

‘Ichokwadi vamwoyo, kuti urombo hwayo, mhembwe haipindi mumbudzi. Asi mhembwe nembudzi zvakafanana, nokudaro mhembwe ikaona mbudzi imwe chete inoenda kwairi kunotsvaka shamwari. Kana mbudzi yatenda kuva shamwari yemhembwe zvinogona kuwirirana zvakana kwazvo. Mbudzi ingatora shamwari yayo yoenda nayo kune dzimwe mbudzi. Pakupedzisira mhembwe inozongoitawo sembudzi. Kana mbudzi yatenda kuva shamwari yoenda kunogara nemhembwe musango.’

‘Kwete hazviitiki kuti mhuka yomodondo ishamwaridzane nemhuka yomumusha. Kana dai zvikaitika, ini handifi ndakarumwa nenherera, isina musha. Nherera ngadziite dzvetsva nedzimwe nherera, kwete kuuya kuna vamadzishe.’

‘Woda kuti nherera dzirumane nedzimwe nherera, asi woda kuti nhamo dzadzo dzikandire mazai here, kana kuti dzipetwe kaviri’

‘Nhai iwe mujaya, unondiona sani?Ini ndiri vamwoyo vashe. Ndini dangwe rake, uye ndini mugari wenhaka yababa vangu.Unofunga ndingabvisa gumbo muupfu ndichiisa murufuse? Kana dai uriwe rugotwe rwenyika, handifi ndakawanikwa newe, nherera isina musha. Wakambozviona kupi kuti mwana washe chaiye anoorwa nenherera? Nyika yose ingasafa zvayo nokuseka.’

‘Kusekwa nenyika hakuna mhosva. Kana iwe uchindida chete, zvinogoneka nokuti ini ndinokuda zvechokwadi. Pfungwa dzangu dzinotenderere newe. Mwoyo wangu unodokwairira iwe. Kana norukope ndinorushaya kana rwanditi pute ndinongorota iwe chete. Vamwe vanoti inhamburiko dzehope kurotana kwavakarambana, asi ini ndichiti, inhamburiko dzehope dzangu kurota. Mandivavarira asingadadi. Chokwadi mwoyo wangu wamera pauri, Mandi. Hauchingondipawo ruchenamwoyo, nhai Mandi?’

‘Zvadziripo nherera hadzidi kusekererwa. Iwe mukomana , ndinofunga kuti njere dzako hadzitori kwazvo nokuti wakakura usina aikurayira. Unofunga kuti ndingaroorwa newe here ini zvandiri zvino izvi? Iwo mukundu waunawo kudaro izvi? Ndashaya dzaMurimo kutsengeramiswa matohwe.’

Haundidi nokuda kwomukundu wangu kana nokuda kwouterera hwangu, Kana kuti haundidi nokuda kwechimiro changu chandakapiwa noMusiki? Bva ndochinoroora chirema seni.’

‘Kubva muna *Gonawapotera na I. M. Zvarevashe*)

**Mubvunzo:**

**Nzira dzakashandiswa nemunyori dzinopindirana here nenyaya yorudzi urwu? [30]**

(b) Nyatsoverenga ndima iyi ugopindura mubvunzo unoitevera.

“Varume chimbopfuurirai nebase rokutsvaga iri sokuziva kwenyu. Ini zvandigombera chaizvo. Ndichamboenda kumba kumbondoterera ndakazorora. Ndinogona kusvika kuno chero kanguva kandinenge ndonzwa mwoyo wangu zvakanaka.’ VaNdudzo vakapfuurira nokutipa mazano, uye zvataifanira kuita. Vakatorana nomudzimai wavo ndokuenda kumba kwavo.

Vaya vamwe matikitivha kusanganisa navamwe vakanga vabva kumwe vakauya muhofisi. Izvozvi vakanga vabva mukuongorora matai emotokari yangu. Mumwe akatanga kunditarisa chaizvo ndokuzonditi, ‘Ko, VaChinovava matai emotokari yenyu makaatenga kupi? Kwamakatenga ikoko ndiko kwakatengawo munhu aiva naYuna. Tinogona kundonzwa pagaraji iri kuti vakatengesera matai aya kuna ani kunze kwenyu. zvingatibatsira izvozvo.’

Muchinda uyu ndakamutarisa nomwoyosviba ndokubva ndamuudza kugaraji kwandakatenga matai angu. Raiva muMoja makare. Pakarepo mamwe matikitivha maviri akaenda kugaraji rakare iroro. Vaida kuona kana kuine munhu ainge atenga matai akadaro ayo mukati memwedzi miviri yakanga yapfuura.

Takasara muya tichitsanangura nokuongorora zvatakanga tabva nazvo kugomo reChidzura, nokuongorora umboo hwaTsvakai. Tafa akabva asvikawo kubva kwaDzere kwaakanga aperekedza Tsvakai.

Uya mutikitivha wechikadzi akanga abva kune rimwe dhorobha ndiye akatanga kupa zvaafunga.

‘Ini ndinoona kuti kana Yuna achiri mupenyu, pane munhu waakaswera naye apa ndokubva azoenda naye zvakare. Kwavakaenda hapana achaziva, asi vari vose nazvino,’ ‘Munofunga kuti vakaenda kundoorana here kana kuti ichiri pikiniki nanhasi?’ Mumwe ndiye akamugamhawo nomubvunzo.

Zvokuroorana, sokuona kwangu, hapana. Mwana uyu angangodaro akapinda mungozi chaiyo. Mai vake vatitaurira mukomana aichimunyenga. Munoziva here kuti kana mukomana akanyenga musikana haaregeri kusvika pamba pomusikana? Zvino haana kuonekwa zuro wose. Ko, munoti mukomana wacho dai akauya aikona kuonekwa here? Aigofamba nomuvhu here?

Apa vamwe vose vakamboti pferu kuseka. Iniwo ndakangoti nyenyenye zvisihoma.

‘Ko, mukomana waYuna iyeyu ari kuchikoro here?’

‘Ehe!’

‘Chipi?’ Tafa akanga ava kufaririra kuti achienda parunhare.

‘Anzi ari kuChapenga Secondary School uko.’ Mukadzi uya akanga atarisa mukabhuku kake. Nenguva isipi Tafa akanga abata runhare kuti abvunze. Akanyatsoiti chapu, ndokuikurunga achibva aiti panzeve tsi.

‘Hofisi yamapurisa..Moja...Tafa pano... Tinobvunza kuti mukomana anonzi Sylas Mugo aripo anovhunduka. Anodzoka oti kunyenga vasikana hakuna kunaka...’Apa tose takambosekerera zvakare. Takazoerekana tonzwa Tafa ava kuti ‘Yaa!..Aripo chaizvo? Mubvunzei kuti zuro akaswera kupi...Yaa! Mubvunzei kuti anoziva here musikana anonzi Yuna..’

Pakamboperazve kamwe kanguva kwakati zi-i. ‘Yaa! Mamubvunza nhai? Mati asekerera? Ati anomuziva nhai? Chii chake? Yaa! Mati ati anoziva kuti ari kwaSajeni Ndudzo muno muMoja nhai? Tatenda.’

Tafa akabva atsveta runhare rwuya ndokutanga kutirondedzera zvose zvainge anzwa. Sylas Mugo ainge ari pachikoro apa zvakare ainge aswera pachikoro pake apa pazuva rakapera. Haana zvaiziva kunze kwokuti musikana anonzi Yuna aimuda, asi asati adiwa naye. Aiziva zvakare kuti musikana aigara muguta reMoja kumba kwaSajeni Ndudzo.

Tichakayeverwa kudaro vaya matikitivha vakanga vaenda kugaraji kundobvunza munhu akanga atengawo matai akafanana neangu vakabva vadzokawo. Vakauya navanoshanda mugaraji kuti vazoono kana matai emotokari yangu ari iwo chaizvo ane samburi yavaida. Paiva nefungiro yokuti zvimwe motokari yangu ndiyo yaiva nemhosva.

Pavakasvika vakanditarisa kwazvo kuti nde-e. Vegaraji vakazvishaya kuti ko, motokari yomupurisa watinoziva yaita sei chaizvo. Vakangotarisa-tarisa ndokubva vataura pachena kuti hongu, aya matai takatengesera kuna VaChinovava. Vachingotaura kudaro, ose matikitivha akati kwandiri maziso je-e. Mubvunzo waiva mumaziso avo ndowokuti, ‘Saka Chinovava chititaurira kwakaenda mwana? Mavhiri emota iyi ndiwo akanyoraka paya pakaswera mwana?’ Ndiyo mota yakatsika paya paakaonekwaka naTsvakai?’

Ini handina kutaura chinhu panguva iyi. Ndairwisana nehana yangu yairova zvokunge ichanzwika navanhu vose.

‘Varume! Hapana zvatichaita apa. Handei nemota iyi kuvaongorori vematai vagoenzanisa gwara rakaonekwa panzvimbo iyoyo. Handiti tatorawo ivhu rayakatsika? Handiti tatorawo nesora payakatsika? Imi vegaraji chiendai zvenyu. Tatenda nerubatsiro rwamatipa.’ Uyu ndomuwe wamatikitivha vakanga vauya kubva kune dzimwe nzvimbo kuzotsvaga nyaya iyi.

Ini ndakatarisa pabhuti paya ndokuona pakapfigwa. Kana munhu mupenyu achinge achiziva chimwe chinhu iye oga, anonzwa mwoyo uchiti, taura taura Dai ndaiva munhukadzi, vaingoona ndoti tsanza kuzarura pabhuti kuti zvipererane. Asi kusazarura kwandakaita hakusiri kuti hwaiva ushingi kwete.Ndakanga ndavhiringika. Ndakanga ndava chitunha chinofamba panyika. Ndaiziva kuti chokwadi Yuna arimo.

Pandakaona voityaira kuenda kwayaindoongororwa, ndakasara ndakamira ndichinzwa ivhu randainge ndakatsika richiita serinobaya-baya mutsoka dzangu. Ndakashaya munhu wokutarisa. Ndakakwenya mumusoro, asi pasina paivava. Mabvi aidedera. Ndakabvunza ndoga. Munoti vangazarura bhuti here? Handiti vanongoda zvavo matai chete? Kuti vangawana kiyi dzesipeya here dzekuzarurisa? Asi kana munhu akarasa kiyi, gariswa anopiwa imwe zvakare? Saka vangangozaruraka?

Ndichakayeverwa kudaro, Tafa akauya kwandiri ndokuti, ‘Varume ndanzwa manana chaiwo. Kwanzi Temba ati Erina ndiye anoziva munhu akauraya Yuna. Ati iye anoda kuti azopiwa mubayiro iwoyo.’

‘Kufa?’ Tose takashama namazwi aTafa aya. Takamira takashama zvokuti munhu aisvikapo aifunga kuti takamirira kutariswa mazino.

(Kubva muna Kusasana Kunopirira na M. Hamutyinei)

### **Mubvunzo:**

Buritsa zviru munyaya iyi. Ndedzipi nzira dzakashandiswa nemunyori mukuburitsa nyaya iyi? [30]

3 (a) Verenga nyaya iyi ugopindura mubvunzo unotevera.

Zvaakasvika muguta reChegutu, Nhamo akaona nhamo tsvuku inenge ropa. Nzara yakamudzungaidza. Kuti adye makavi muguta akaona zviru zvikukutu. Rakarereka anguri apinda kare muguta achiti zvimwe angafambe- fambe akawana anomupa chekudya. Akaedza zvikuru kuzviita munhu akarurama nyangwe zvazvo aive akasviba, asi vanhu vaiita sevaifembera kuti mwoyo wake waisava wakarurama. Nekudaro, vaiti anenge akumbirwa mari aingomunyenyeredza, wanei iye apusa.

Zvakwakanga kwasviba, kwekurara kwakati uya handei Kumene makatiza musha. Mwanakomana akatambura achitsvaga imba yekurara. Kamwando kemumanheru kaimutungamidza kuenda pamisuo yedzimba achinogugudza. Kungoona mataridzikiro emunhu ainge agugudza, varidzi vedzimba vaibva vavhara magonhi avo; sare Nhamo angoti undundu, kwave kuzongofuratira onoedza, pamwe. Kwese kwese zvakave zvimwe chetezvo dakara aona zvisina chimuko.

“Asi chaizvo ndanhuhwa here ini? Asi ndiri kurakidza kuti ndakaponda vanhu? Inga wani, nhumbi dzandakapfeka idzi itsvene chaizvo. Man’a angu hapana ari kumboaona. Ko, chiiko nhai? A! Regai ndiende pakati pezvitoro apo ndinorara ipapo. Kana anenge anditi ndibve akatambira mudhuze mangu ndinomubata kwiyo, pamwe mari ndingabve ndatoiwana ipapo.” Akadaro achinanga pakamukoto kaiva pakati pezvitoro. Avepo, hadzina kuita utsinye hwokusamushanyira, kutongoti umhutu chete hwaipurudzira kuuya kwake pamuzinda wahwo. Hwakatozombomurumika mukupembera kwahwo.

Rungwanangwana rwakatevera, nzara yakafumomutsa yomuyeuchidza kuti akanga arinda nayo. Mujaha akashaya zvekuita chandowo change chomudzidzisa kuti nzvimbo yaainge arara yaisave nzvimbo inokodzera kurarwa nemunhu. Akasunga katundu kake ndokufamba achiti atsvage basa

mudzimba. Akati fambei ndokuti achinopota seri pane chimwe chitoro akaona gomba remarara rizere zvaro nezvipapata zvechingwa. Akasvetukira pamusoro pazvo ndokugara obabandurana nazvo. Kudzamira kwazvaiita paakazvigara haana kukunzwa kwete. Akabanda kusvika shaya dzorwadza ndokumboti zororei, kwave kuzotangazve kusvika aguta. Nyota yakabva yati naye kwame kwame. Kwekunochera mvura akakushaya. Vanhu vaaibvunza vaingomupfuura vanyerere zvavo sevaisanzwa kubvunza kwake.

Akazvipena akaonawo ega kuti iye pachake nehembe dzake aingove mondo yega yega. Pachake akatanga kunzwa kunyara ndokutanga kuzvitongesa ega kuti ndiani aizomotambira pabasa kana kumuyamurawo nechimwe chinhu. Kuti abvunze nezvemvura iya akaona zvisisaiti.

Akangofamba-famba nemitundu yake achitevedza seri kwezvitoro dakara asvika paakawana musikana aichachamidzira mvura mumugoro wairakidza kuti waisevenzeswa pamoto. Pfungwa dzake dzakamhanyira apa avhura muromo. Akavhura gedhi ndokupinda onanga kwaiva nemusikana uye. Musikanawo kungomuona kwaakaita, akafunga kuti ainge azobatwa nebenzi kana dai airamba akamira. Akati tendeu, ndiye tsoka rwirai ushe ndokunoti voyo nepamusuo ondoudza muzvinachitoro.

“Ko, unodei pano, iwe mujaha? Tokuyamura nei?” Akadaro muzvinachitoro akamira pamusoro wechitoro chake.

“Baba, ndakuvara nyota. Ndapota zvangu ndiyamureiwo nemvura yekunwa.” Akadaro achinge achagwadama pasi apiwe.

“Zvakanaka zvazvo, mujaha. Sisi dirira mujaha uyu mvura mugaba iro riri nechekoko,” akadaro muzvinachitoro achinongedzera gaba rakange rapera jamu. Musikana uya akaritora ndokurizadza nemvura kwave kugadzika gaba racho angoita nhamo mbiri kubva papombi. Nhamo akabva asvikohwatura gaba riye sezvinonzi paive nearidawo, ndokukakaira yese. Akakumbira kuvirikwa akanzi azvicherere.

“Ndatenda zvangu, baba ko, hamungandibatsirewo here baba nekundipinza basa? Chero ripi zvaro ramungandipe ndinoriita nemwoyo wese, ndichifara chaizvo.” Akadaro achidzokera pakatundu kake kaaimbenge akanda pasi kuti anyatsonwa mvura. Muzvinachitoro achinzwa izwi raNhamo ropisa tsitsi, akanzwa mwoyo wake wadhingurwa, tsitsi dzofashamira mumwoyo make achibva amupa bheura nematanda matanhatu kuti aasevenze. Akamusiya ave ega, iye otevera mushandi wake ainge apinda muchitoro nemugoro.

Nguva dzesadza ramasikati dzichikwana, muzvinachitoro akaenda kunoona kuti Nhamo ainge atsemura zvakadii. Zvaakaona zvakamuvirutsa nehasha;Nhamo akange atsemura rimwe chete, opedzisa chidumbu cherechipiri. Muzvinachitoro akamudzinga achimuudza kuti haaibatsira. Akamupotsera chishanu chete ndokumurakidza kwaiva negedhi.

Nhamo akabva apa odzokera kugomba kuye kunobandana nezvibabandu zviye. Zuva rakadzimara rarereka zvaro iye asina kumborinzwa kupisa kwaro ari pagomba. Dikita rakatenuka ratenukazve nematama egorosviba regomana iri iro richibanda chete. Rainge zvino rodyira mbuva yemberi



sengamera. Paakaona uti ainge aguta akatakurana nako katundu kake odzokera pamukoto paakange amborara. Avepo akambomira kuti vanhu vaite vashoma pamusana perima rainge rokwidibira nyika yese. Ivowo vanhu havana kunonoka kuenda kudzimba, kutosiya vaye vanenge vachikungura kuti vmutangire mhamba. Zvitoro zvapakapfigwa, runyararo rwakakanganiswa nevaibva mahuri, hwahwa ihwo zvahwo hwainge hwotonga hwasunga urozvi hwese. Onzwa hope, mujaha akagadzirira kurara ndokubva apinda mumagumbeze oti achirara zvake. Dzese hope dzaainge onzwa dzakabva dzati hwa, mumeso make ndokuona Maka akatungamirira Taka nemuchengeti wejeri. Zviso zvavo vese zvairatidza hashu. Kuti atarise divi, aiona vabereki vake nemhomho yevanhu vaimusuduruka ongosara ega ega, obva avaonazve vatatu vaye vave divi iroro, vava pakati pake iye ega nemhomho yevanhu. Kwenguva huru kwazvo akatambudzika, kutya kwamuita muranda, achibva azoona vatatu vaye pasisina.

Kutsiva nzvimbo yevatatu vaye, akatanga kuona pamusha pavo paine vanhu vaichema, iye ari pachuru paaichera gurwe raakatadza kubata. Akayeve kudaro, akangozooona vanhu vaye voita sevaiputirwa nemhute, asi muchinguvana vazhinji vakabuda mumhute iyi, sare hama dzake chete. Achiedza kufunga kuti zvaimboreveiko zvinhu zvakadai, dzakabva dzamubata dzisina ishe kana muranda.

(Kubva muna *Gwara Reropa na. T.H. Goredema*)

**Mubvunzo:**

**Buritsa zviri munyaya iyi. Ndedzipi nzira dzakashandiswa nemunyori mukuburitsa nyaya iyi? [30]**

b) Rimwe zuva Karikoga abva kundodzora mbudzi, achangotanga kuundura shiri dzake, mumwe mukomana mukuru kwazvo akabvuta shiri dzake. Mukomana uyu, akabvuta shiri dzaKarikoga, akanga ane nhumbu inenge yatagutapadare. Man’ a mumakumbo waiti ihamba, maziso ainge ezizi, nzeve zvichinge zvigwaku. Kuzoti kumakumbo hapana chatingataure, raifamba richingoti peya peya. Asi waiti ukariti mukurwa wairiona ratsvukisa meso seragarwa nengozi. Hapana waimboti bufu kwariri; ndiro raive zimambo rokumbudzi. Parakaona Karikoga aine shiri rakatanga kuvararadza meso. Rakangobvuta shiri dzaKarikoga risina kumbotaura naye.

“Ko, mukoma uri kutorerei shiri dzangu? Hauzivi here kuti ndidzo dzandinopona nadzo?”

Asati apedza muromo uyu akabva ainzi tsvimbo napakati pomusoro iyo. Ropa raKarikoga rikati raviruka, akagodziti dzake kacha, iro ropa richingoerera ndokubva zvatarirana nechinguva chisina kufanira kakuruva kakati kamona, tsvimbo dzikati dzorira. Karikoga kaiti kakatema kopfugama, kakatema komira. Benyumundiro raiti rikatema rozunza musoro seriri kurwa nomunhu mukuru. Karikoga kakati uya tiende. Vamwe vakomana vakati vangobata miromo, Havana kugona kurandutsira. Vakatyva kuti vagazare ropa nokuti musi iwoyo Karikoga akanga aipirwa. Fungai mikweshwa yavakomana hapana akati ndondorandutsira, vose vakamirira kure kunyangwe avo vaichimbomurova. Vakatyva kuti vangazare ropa. Pakarwiwa musi iwoyo zvokuti dai paive navakadzi mupururu waidai wakarira, kana kuti vaidai vakachema.

Kuzoti zvino nzombe mbiri dzanetesana dzakatarisana sehandira mbiri dzemombe. Karikoga aiti akaritarira iro Benyu-mundiro meso ake aibva azara ropa. Benyumundiro akati akateme, Karikoga kakabva kati virikiti, kakabva kamuti napano pabvi ga akabva ati pasi bhi. Kakagomuti iyo iri mumusoro ropa rikabva raerera semvura. Kakagomupamhidza, kakagomupamhidza akabva ati tasa. Vamwe vakafunga kuti afa.

Kuzoti vamwe vazviona vakadziti tsvimbo kacha vakagoti vose naye memete. Kakomana kakati hendei narwo. Kakomana kakagoti mhanye mhanye apo mbi sakambada. Vanhu vakati voita samanhanga kupunzika. Vongoti auya ari pasi, auya ari pasi; vakati vose vakwana nadzo mbonje. Kukati zvino kwasara mumwe chete, paye pooti Karikoga amuteme gomana rikabva rati virikiti, rikagomuti gumi rakadya vaviri. Ridoti rimurovere pasi, Karikoga akati kunyepa ndokubva zvaita mawiramombe. Zvikagokweshana zviripo pasi, gomana rikati radura. “Chindi-regera, mukuru wangu, handichazozviiti. Handichazofi nda-karwa newe narini wose, wandikurira.” Karikoga ndokubva amuregera.

Kuzoti vasvika kumusha vakuru vakaona vana dzangova mbonje, vakabvunza kuti, “Maitwa nei?” Vana vakadavira vachiti, “Tatemwa naKarikoga.”

“Matemwa naKarikoga? Asi muri kushura? Iyemi mikweshwa yavarume yakadai mungabva marohwa nomucheche wakadai? Asi manga makasungwa? Nyatsotaurai, mheni akurovai.”

Vakomana vakaedza sokugona kwavo kuvatsanangurira, asi hapana akavatendera nokuti havana kugona kuzvinzwa kuti vanhu vakuru kudaro vangarohwe nakamwana kadiki kakadaro. Karikoga paakangopedza kurwa akatora shiri dzake ndokubva aenda kumusha. Ambuya vake kuzoti vaona shiri dzaaive nadzo vakamumhanyira ndokusvikotambira shiri idzi vachiti, “Mazviita vahombarume, towana chokusevesa, tanga tanzwa nenhomba.” Pashure pezvi vakatora shiri ndokundobika. Kuzoti pava pakudya Karikoga akapihwa mukonde wake woga nomuriwo. Ivo vakadya nenyama. Karikoga haana kumbopopota, akatofara kuti awana sadza. Kubvira musu uyu vakanga voti akauya neshiri kana netsuro vomupa sadza, akauya asina vomunyima. Izvi zvakaitika kwechinguva chirefu kusvikira ava munhu mukuru.

Tanzwa kuti Karikoga akarwa dzivo raakarova vakomana vakuru vakatenda. Izvi zvakapararira munzvimbo zhinji kwazvo. Kudaro vakomana vazhinji vakauya kuti vazorwa naye. Asi vose vaibva vomhanya. Mbiri yaKarikoga yokurwa neyokupfura shiri yakaenderera mberi kwazvo. Kuzoti ava namakore gumi namasere, vanhu vose vomumutunhu make vakatanga kumuzengezana, kwete pamusana pokuti aidenha vamwe, asi kutoti airwa kana atangwa navamwe. Ambuya vake vakatanga ku-muda zvino nokuti akanga ava kuvabatira nyama; asi pane zvose, nokuti akanga asina makuhwa, mukomana aivimbisika. Vakatanga kuona kuti vamwe vakadzi vakanga vavanyepera. Kudaro rimwe zuva vachivamba hwahwa vakadaidza Karikoga ndokumupa sadza nenyama yehuku. Akamira kwechinguva achiti ndodya here kana kuti ndoregera, ambuya ndokumuti,

“Idya sadza iri, wakamirireiko?”

Kuzoti apedza kudya sadza, vakatanga kumubvunza vachiti,

“Unoziva chandakudaidzira?”

Karikoga akati, “Kwete.”

“Unoziva here kuzvarwa kwako? Kungosunungukwa kwawakaitwa amai vako vakabva vafa. Musi wakarewo baba wavo wakadonha pamusoro pehozi yaaipfirira akabva afa. Kungofa kwakaita vabereki vako ndakabva ndakutora ndikakurera pamusana pokuti vanhu vose vomuno mumusha vakanga vakuramba. Mumwe musu ndakatandara navamwe vakadzi, vakandipinza mweya wakaipa kwazvo. Akanditi baba wako yaive mhondi, amai vako yaive mbavha. Vakanditi ukarera mwana uyu anozofuma okuponda. Mwoyo wakambonditi ndiuraye, ndikafunga kubereka ndikabva ndadzora mwoyo. Ndiko kusaka ndanga ndichikunetsa kudai nokuti ndanga ndichida kuti utize. Zvino ndaona uti uri mukomana akanaka, uyezve ndaona kuti ava vanhu vakanga vandinyepera.

**Mubvunzo:** Zvidavado zvakashandiswa nevatambi vari mundima zvinobudisa here nyaya yacho pachena? [30]

## CHITSAUKO 5: KUUMBWA KWEMUTAURO:

### **Chikamu A: Zvivakazwi/Zviumbamazwi**

#### **Zvinangwa zvechikamu**

Paunopedzera kudzidza Chikamu chino unotarisirwa kunge wave:-

- (a) Kukwanisa kupa mienzaniso yezvivakazwi
- (b) Kuziva kuti zvii zvinonzi zvivakamazwi kana kuti zviumbamazwi.
- (c) Kuona kuti zvivakazwi izvi ndicho hwaro hwenhurikidzwa yezviziita, yezviito, uye yenyaudzosingwi.

#### **Nhanganyaya**

Tsanangudzo yedudziramutauro inopiwa mubhuku rino yakanyanya kunangana nemudzidzi weFomu yechitanhatu. WeFomu yechina anogona kubatsirikanawo zvikuru netsanangudzo dzinotevera. Kudzidza Dudziramutauro tingangokufananidza nekutanda botso. Zvinonzi kareko mutandi webotso aipemha zvekuzobikisa doro rake achizviisa zvose zvose musaga rimwe. Aigona kupiwa rukweza, mabarwe, mapfunde, nyemba, nyimo, nzungu, zvose zvichingoiswa musaga rimwe. Adzokera kumba kwake aizopatsanura mbeu nembewana idzi imwe neimwe mhando ichisara yave pamwe chete. Ipapa pakupatsanura chimwe nechimwe kuti chizikanwe kuti chii kubva mumasanganiswa ndipo panofanana mutandi webotso nemudzidzi weChiShona padanho

reFomu yeChitanhatu. Mudzidzi anotarisirwa kukwanisa kupatsanura tunhu twakaumba mutauro watinotaura weChiShona uyu twakaita sezvivakazwi, zvizita, zviwedzerwa, chivakashure, dzitsi, ndevo, ndevobonga zvirevo, netumwe twauchasangana natwo mutsanangudzo dzinotevera. Kana mudzidzi akasaziva misiyano iri patunhu utwu, “anobika doro rinovava” akarasikirwa nezvibodzwa.

### **Tsananguro yezvivakazwi**

VaFortune, G (1985:1) vanoti zvivakazwi zvidimbu zvidukusa zvemutauro zvine zvazvinoreva, uye zvisingachagoni kuramba zvichidamburwa. Kana zvikadamburwa nezvazvinoreva zvinobva zvarasika, somuenzaniso zita rekuti mukomana rine zvivakazwi zviviri mu- uye -komana. /mu-/ chivakashure chezita ichi chinobatana nemadzitsi akasiyana kutipa mazita anoreva munhu mumwe chete.

/-komana/Dzitsi rezita iri rinobatana nezvivakashure zvemazita zvakasiyana kutipa mazita anoreva munhurume wechidiki asati aroora. Kana ikadamburwa seizvi /-ko-/-ma/, /-na/, hapasisina chidimbu chichareva zvange zvichirehwa nedzitsi iri risati radamburwa. Chimwe chivakazwi chinonzi **Hwidzazwi** hachinyoreki. Chinobuda pamatauriro chete.

### **Mhando dzezvivakazwi**

Mhando dzezvivakazwi dzinogona kuonekwa nenzira inotevera:

- (a) Zvikazwi zvatinowana kunhurikidzwa yezvizita
- (b) Zvivakazwi zvatinowana kunhurikidzwa yezviito
- (c) Zvivakazwi zvatinowana kunhurikidzwa yenyaudzosingwi

### **Cherechedzo**

Zvivakazwi zvakawanda zvinopoya zvichinoshanda kunhurikidzwa dzinodarika imwe. Apa tiri kutarisa kwachinotanga chiri chisati chakweretwa neimwe nhurikidzwa.

### **Zvivakazwi zvatinowana kunhurikidzwa yezvizita:**

- (a) Zvivakashure  
Izvi tinozviwana pakuumbwa kwezvizita zvakaita semazita, zvipauro, zviverengo, zvirovauwandu, nezvinan’anuri.

mu-	-komana	(zita)
mu-	-refu	(chipauro)
mu-	-mwe	chiverengo)
v-	-ose	(chirevauwandu)
va-	-no	(Chinan’anuri)

### **b) Madzitsi**

Zvizita zvadomwa pamusoro zvese zvine madzitsi

/-komana/	dzitsi rezita
/-refu/	dzitsi rechipauro
/-mwe/	dzitsi rechiverengo
/-ose/	dzitsi rechirevauwandu
/-no/	dzitsi rechinan'anuri

c) **Zviwedzerwa**

Izvi tinozviwana padanho rendevo yezvizita ine zviwedzerwa. Zviwedzerwa izvi ndezvinoti: Zviwedzerwa zvezvindori, zviwedzerwa zvezvirevamwene, zviwedzerwa zvedudzirachiito nezvezviratidzamuridzi.

i-	-mbudzi	(chindori)
ra-	-sekuru vake	(chirevanwene)
se-	-benzi	(dudzirachiito)
sa-	-purazi	(ratidzamuridzi)

Zvivakazwi zvatinowana kunhurikidzwa yezviito.

(a) **Mudzi**

Mienzaniso -famb-, -sek- -wach-, -tamb-

(b) **Chiumbachiito**

Ichi chivakazwi chinoshandura zita, chipauro kana nyaudzosingwi kuzviita midzi yezviito. Asi mudzi uyu unetenge wave nezvivakazwi zviviri seizvi:

Zita	+ chiumbachiito	=	mudzi wechiito
Pfimbi	+ -k-	=	-pfimbik-
Chipauro	+ chiumbachiito	=	-mudzi wechiito
Tete- + -p-		=	-tetep-
Nyaudzosingwi + chiumbachiito		=	mudzi wechiito
Kwaku- + -k-		=	-kwakuk-

(c) **Chiratidzamuitirwi**

Ichi tinochiwana padanho rendevo yechiito:

<u>mu</u> -	-rov-	neshamhu
<u>ri</u> -	-dy-	sadza racho

d) **Zviwedzerwa**

Izvi tinozviwana padanho rendevo yechiito ine zviwedzerwa. Izvi ndezvinoti chiratidzamuiti, chiratidzanguva, chiranduri, chiratidzadonzvo, nenzvovera yokupedzisira. Ngatitarise muenzaniso uyu:

**Ngavasaenda:**

Nga- chiratidzadonzvo rekurudziro

-v-	chiratidzamuiti
-sa-	chiranduri
-a	vara rokupedzisira

### Zvivakazwi zvatinowana kunhurikidzwa yenyauzosingwi

- (a) Nyauzosingwi  
Dzimwe mhando dzenyauzosingwi dzakangombwa nechivakazwi chimwe. Sokuti: do, haradada, mbikiti, simu, go.
- (b) **Chiumbanyauzosingwi**  
Ichi chinoshandura mudzi wechiito, uye zvipauro zvichiva nyauzosingwi. Iyiwo nyauzosingwi inoubwa nenzira iyi inenge yatove nezvivakazwi zviriri.
- (i) Mudzi wechiito +/-ei/ = Nyauzosingwi  
Far- + -ei = farei
- (ii) Mudzi wechiito +/-e/ = Nyauzosingwi  
Gar- + -e = gare
- (iii) Chipauro +/-ru/ = nyauzosingwi  
Tsvuku- +/-ru/ = tsvukuru  
Pfumbu- +/-ru/ = pfumburu

### Zvinamatidzwa

Sezita razvo izvi zvinonamatidzwa pamazwi akatokwana zvichiunza pfungwa yokusimbaradza zvinenge zvichirehwa ipapo. Semienzaniso:

Wanonoka- <u>zve</u> ?	Wanonoka- <u>ka</u> ?
Wanonoka- <u>wo</u>	zvikuru- <u>tu</u>
Zvikuru- <u>sa</u> .	

### Zvibanidzi

Izvi zvivakazwi zvinobatanidza ndevo kana ndevobonga.

Semuenzaniso: Vakomana nevasikana

Vanonoka uye vakurumidza

Zvibanidzi zvine mhando mbiri. Pane zvinogona kumira zviriri zvega sezvo ari mazwi azere, kunoita zvisingangoni kumira zviriri zvoga. Zvinomira zviriri zvega ndeizvi uye, asi, kana, nyangwe

Chibanidzi chisingamiri choga ndi/na-/ nenhoredzera dzayo.

### Zvinhengo zvinozvimirira zvoga

Utwu tumazwi twatinoshandisa mumutauro tusingadamburiki, uye tunoreva zvakasiyana-siyana.

Mienzaniso: chete, bedzi, basi, here, kwete, ko,

### Basa romudzidzi

Chimwe nechimwe chezvivakazwi zvinotevera chinogona kuve nemazita ebasa maviri kana kudarika. Tsvaka mazita aya ugoanyora uchipa mienzaniso yepachinenge chine zita rawadoma.

/a/, /ri/, /zvi/, /mu/

/chi/, /i/, /u/, /ka/

/o/, /no/

### **Mhinduro yemuenzaniso**

Tichatora /a/ na / /ri/

- /a-/ (i) Chiratidzamuiti sokuti aenda  
(ii) Chiwedzerwa chechirevamwene (mapadza) asekuru  
(iii) Nhoredzera yechivakashure chemupanda 2 (a) atete  
(iv) Chivakashure chemupanda 2(b) a-mai  
(v) Chivakashure chezvizita zvinoti chiratidzi, chinan'anuri,  
Chiverengo,: seizvi:  
a-mwe (chiverengo) a-no (chinan'anuri)  
a-vo (chiratidzi)

1. /ri/

- (i) /ri-/ Chivakashure chemupanda 5  
(ii) ri- Chitaridzamuiti chemipanda 5 ne21  
(iii) -ri- Chitaridzamuitirwi chemipanda 5 ne21  
(iv) -r- Chiitogama

### **Chikamu B: Zvizita**

Paunopedza kudzidza chikamu chinho unotarisirwa kunge:

- (a) Wave kuziva zvizita zvakasiyana-siyana.  
(b) Wave kuziva chimiro chezvizita zvakasiyana-siyana  
(c) Wave kukwanisa kuisa mazita mumipanda nokutsanangura zvikonzero zvinoita kuti uise mazita mumipanda yaunenge wamaisa.

### **Marudzi ezvizita**

Marudzi ezvizita ndeanoti, mazita, zvisazitasingwi, chipauro, chiverengo, chiratidzi, chirevauwandu, uye chinan'anuri. Mazita nezvisazitasingwi zvinowanza kushanda zviri zvizitasimboti pakuumba ndevo dzezvizita, izviwo zvasara zvichishanda zviri zvidudzirazita.

Tafura iyi ingatibatsira:

### **Zvizita**

<b>Zvizitasimboti</b>	<b>Zvidudzirazita</b>
* Mazita	* zvipauro
* Zvisazitasingwi	* zviratidzi
	* zviverengo
	* zvinan'anuri

\* zvirevauwandu

\*\*Cherechedzo: Zvidudzirazita izvi zvinosanganisirawo zviremwe (ndevo yechizita ine chiwedzerwa chechirevamwene), uye chiitopauro (ndevobonga yechiito) Izvi zviviri zvinonetsa kuti tizviti zvizita. Chakakosha kuziva kuti chimwe nechimwe chazvo chabva nepi chisati chashanda kududzira zita.

### Mazita

Tine mhando mbiri dzemazita:

(a) Mazitawo zvawo akapfava pakutaridzika (mazita nje)

(b) Mazitaumbiridzwa

(a) Mazitawo zvawo (mazita nje)

Aya mazita akaumbwa nezvivakazwi zviviri chete zvinoti chivakashure nedzitsi.

Maumbirwo: chivakashure chezita + dzitsi rezita

mu- + -rume

Kana tichiti “chivakashure chezita” kana kuti “dzitsi rezita” tiri kureva zvivakazwi, zvidimbu zvisingachadimburiki.

(b) **Mazitaumbiridzwa**

Aya mazita (i) ane dzitsi rakakura rine zvivakazwi zviviri kana kudarika risingakodzeri kunzi “dzitsi rezita” nokuti rinenge richiri kubvira kudimburika sokuti.

munhurume = mu- + -nhurume  
↓        ↓  
-nhu- -rume

(ii) Ane zvivakazwi zviviri zvinoti chivakashure chezita nenyaudzosingwi

Chivakashure chezita	+	nyaudzosingwi	=	zitaumbiridzwa
n-	+	tuku	=	nhuku
chi-	+	shwe	=	chishwe
mu-	+	-svuu	=	musvuu
∅-	+	-pfocho	=	pfocho

\*\* Cherechedzo: Mazitaumbiridzwa achaongororwa mune chimwe chitsauko chiri mberi.

### Mipanda yemazita

Mazita ose, angave mazita nje kana mazitaumbiridzwa anokwanisika kuiswa mumapoka anobva 1 kusvika 21. Mapoka aya ndiwo anonzi mipanda yemazita.

Mupanda	Chivakashure	Nhoredzera	Mienzaniso Yemazita
1	mu-	-mw-	munhu, mwana
1a	∅		baba, tete, Tapiwa
2	va-	-v-	vanhu, vana, vanababa
2a	va-	Va-,	vatete, VaHativadi,
2b	a-		amai, ambuya
3	mu-	mw-, m-	muti, mwoto, moto



4	mi-	- mw- m-	miti, mwoto, moto
5	(ri-)	∅ -	badza, zino, sadza, bvi
6	ma-		mapadza, masadza
7	chi-	ch-, cha-	chipadza, chana, chapungu
8	zvi-	zv-, zva-	zvipadza, zvana, zvapungu
9	i-	N, ∅-	imba
	n-		hari, (n- +-kari)
	∅-		shiri
10	dzi-	i,N, ∅-	dzimba
	n-		hari
	∅-		shiri
11	ru-	rw-	ruoko, rwizi
12	ka-	k-	kashiri, kana?
13	tu-	tw-	tushiri, twana
14	u-	hu-, hw bw-	upfu, hupfu, hwana/bwana.
15	ku-		kutamba, kuseka,
16	pa-		pamba, panze
17	ku-		kumba, kure
17a	∅-		zasi, mhiri, mberi
18	mu-		mumba
19	svi-	sv-	zvitsuro, svana
21	zi-	z-	zishiri, zana

## Nzira dzinoshandiswa pakuisa mazita mumipanda

### (a) Chivakashure

Mazita ane zvakakashure zvakafanana anowanza kuve mumupanda mumwe chete. Sokuti mukomana, munhu, musikana, murimi. Nzira iyi inovhiringidzwa neiya mipanda ine zvakakashure zvakafanana iyo iri miviri kana kudarika seizvi:

1 mu- ,3mu- 18mu-

1(a) ∅-, 5 ∅-, 9/10 ∅--,17(a) ∅-  
15ku-, 17ku-

Nokudaro, mudzidzi anofanira kushandisa nzira mbiri kana kudarika kuti ave nechokwadi kuti zita raari kuisa mumupanda anyatsogona kuriisa.

### b) Wirirano

Mazita ane wirirano yakafanana anowanza kuve mumipanda imwe chete. Sokuti mukomana uyu, musikana uyu, munhu uyu,

Mazita anoti mukomana, musikana, uye munhu ari mumupanda mumwe chete nokuti ataridza wirirano pakubvuma kushanda nechiratidzi uyu.

Asi nzira iyi zvakare, inovhiringidzwa apo mazita ari mumipanda yakasiyana anotaridzawo kuve newirirano sokuti:  
munhu uyu, muti uyu

Nokudaro, mudzidzi ngaashandise nzira dzine chitsama pazita rimwe chete kuti agutsikane kuti aisa zita mumupanda waro chaiwo.

c) **Zvaanoreva:**

Mazita anoreva zvakafanana anowanza kuve mumupanda umwe chete: mazita emupanda 1 anoreva munhu mumwe chete, ari mumupanda 15 zviito emumupanda 18 anoreva nzvimbo iri mukati. Zvakakosha kuti mudzidzi atsvagurudze kuti mumupanda umwe neumwe wakatakura mazita anoreva zvipi.

d) **Sungano Youwandu Noushoma**

Mipanda 1 kusvika 10 yakarongwa nenzira yokuti mupanda wemazita ari muushoma ndiwo unotanga uchibva wateverwa pakare ipapo nemupanda wemazita iwawo ave muzhinji sezvizvi:

<b>Mupande Woushoma</b>	<b>Mupanda Wouzhinji</b>
1. munhu, murimi	2. vanhu, varimi
3. muti, musana	4. miti, misana
5. gudo, danda	6. makudo, matanda
7. chitoro, choto	8. zvitoro, zvoto
9. imba, huku	10. dzimba, huku

Kushanda kwenzira iyi kunogumira pamupanda 10. Kuisa mazita ari mumipanda yemberi mumipanda yawo zvinenge zvitoda kushandisa dzimwe nzira.

\*\* **Cherechedzo:**

Mudzidzi anofanira kubata pfungwa yokuti hapana nzira imwe chete pane dzose dziri ina yakakwana zvokuti inopa batsiro inozadza mukombe iri yoga. Nguva dzose nzira idzi dzinoda kubatsirana kuti uzive kuti zita rakati riri mumupanda wakati.

**Zvisazitasingwi:**

**Maumbirwo**

Zvisazitasingwi zvine maumbirwo maviri:

- (a) Munhu wokutanga, munhu wepiri, wetatu, mupanda 1:  
Chitsigisi + chiratidzamupanda/munhu

- i- + -ni
- i- + -su
- i- + -we

i- + -mi  
i- + -ye

(b) Munhu wetatu, mupanda 2 zvichienda mberi.

Chitsigisi +	chiratidzamupanda/munhu	+	-o	
i- +	-v-	+	-o	(ivo)
i- +	-w-	+	-o	(iwo)
i- +	-dz-	+	-o	(idzo)

### Mashandisirwo ezvisazitasingwi

(a) Zvinoshanda kumirira/kutsiva zita  
Sekuru vaenda/ ivo vaenda  
Dhongi rapaza/iro rapaza.

(b) Zvinobatana nezvimwe zvizita kuumba ndevo dzezvizita kana kubatana nezviwedzerwa kuumba ndevo dzezvizita dzine zviwedzerwa.  
Ivo sekuru (chisazita + zita) ndevo yezvizita  
Ravo (ra- +-vo) ndevo yezvizita ine chiwedzerwa

a) Chisazitasingwi chine chiwedzerwa/na-/chinotipa ndevo inogona kutsiva nyaudzosingwi  
Tsuru yakati tande nenzira/ Tsuru yakati nayo nayo nzira.

### Zvipauro

Aya mazwi anotsanangura mazita kana zvisazitasingwi kana zvimwe zvizita, achidudzira zvinhu zvakaita seruvara, chimiro, kana uwandu, sokuti:

Musikana mutsvuku

Musikana mupfupi

Vasikana vatatu

Maumbirwo ezvipauro:

Chivakashure chechipauro + Dzitsi rechipauro

Va- + -tatu

Zvi- + -refu

Ø- + -pfumbu

### Zviratidzi

(a) Zviratidzi zvepedyo  
Chitsigisi + chiratidzamupanda

u- +-yu            uyu    (1)

i- +-ri             iri      (5)

a- +ka aka (12)

(b) Zviratidzi zvekure

Chitigisi + chiratidzamupanda +/-o/

u- + -y- + -o uyo (1)

a- -w-+ -o awo (6)

i- + -dz- + -o idzo (10)

### **Zvinan'anuri/-no, -ye, -pi?/**

Maumbirwo

Chivakashure chechinan'anuni + Dzitsi rechinan'anuri

va - + -no

dzi- + -ye

ku- + -pi?

### **Zvirevauwandu /-oga, -ose, -omene/**

**Maumbirwo**

Chivakashure chechirevauwandu + Dzitsi rechirevauwandu

v- + -oga

r- + -ose

ch- + -omene

Zvirevauwandu zvine madzitsi matatu chete anoti /-oga -ose, -mene/. Pakutaura vanhu vanomboshandura vara/-o-/ richiva/-e-/ sokuti voga/vega rose/rese zvomene/zvemene.

Izvi zvinoita kuti vamwe vati vara iri chivakazwi chakazvimirira choga hachisi chibandi chedzitsi. Isu tinoona sokuti kushanduka-shanduka kwevara iri kwoga hakuna kukwana kuti titi chive chivakazwi chakazvimirira. Nokudaro tiri kuti vara iri chibandi chedzitsi kunyangwe zvacho chine muitiro usati wanyatsonzwisisiwa.

### **Zviverengo/-mwe, -mwe, -i/yi?/**

Maumbirwo

Chivakashure chechiverengo + Dzitsi rechiverengo

Mu- +-mwe

Mu- + -yi?

Zviverengo zvine madzitsi matatu anoti –mwe, -mwe, na-i?/

### **Chikamu C: Ndevo yezvizita**

Zvinangwa zvokudzidza Chikamu chino:

Panoperera Chikamu chino mudzidzi anotarisirwa kunge ave:

- (a) Kugona kuziva nekutsanangura maumbirwo endevo dzezvizita
- (b) Kugona kupa mienzaniso yendevo dzezvizita
- (c) Kugona kupa nokutsanangura marudzi endevo dzezvizita
- (d) Kugona kutsanangura achipa mienzaniso, mashandisirwo endevo dzezvizita.

### **Maumbirwo Endevo yezvizita**

+/-chidudzirazita + chizitasimboti +/- chi (zvi) dudzirazita zvine wirirano nechizitasimboti.

Mienzaniso

Mumwe murume murefu

Murume murefu uyu

Maumbirwo aya anoratidza kuti zvidudzirazita zvinogona kuvapo kana kusavapo (+/-) kuti tive nendevo yezvizita. Chizitasimboti hachishaikwi, chinenge chiripo nguva dzose. Izvi zvinoratidza kuti chizitasimboti chiri choga chakakodzera kunzi ndevo yezvizita. Sokuti, murume. Izwi irori inotova ndevo yezvizita inokodzera kushanda pose panokwana ndevo yezvizita.

### **Mhando Dzendevo Dzezvizita**

Murume, (zita riri roga)

Iye, (chisazitasingwi chiri choga)

Uyo, (chiratidzi chiri choga)

- (b) Zita/chisazitasingwi + chidudzirazita
  - murume murefu (zita + chipauro)
  - idzo dzose (chisazitasingwi +chirevauwandu)
  - Imi manonoka (chisazitasingwi +chiitopauro)
- (c) Chidudzirazita + Chidudzirazita
  - Murefu uyu (chipauro + chiratidzi)
  - Mutsvuku wako (chipauro +chireramwene)
  - Wako mutema (chirevamwene + chipauro)
  - Avo vose (chiratidzi + chirevauwandu)
- (d) Ndevo dzezvizita dzakateedzana
  - Mukomana mbavha (zita + zita)
  - Musikana matsi (zita +zita)
  - Mukomana nhubu (zita +zita)
  - Musikana tsvarakadenga (zita +zita)

Idzo mbudzi (chisazitasingwi + zita)

(e) Ndevo dzezvizita dzine chibatanidzi

(i) Dzakabatanidzwa na/na-, ne, no-/

Tsuro naGudo

Sekuru nemuzukuru

Sekuru nomuzukuru

(ii) Dzakabatanidzwa nakana/nyangwe.

Mbuya kana sekuru

Mengo kana gwavha

Sadza kana mutakura

Iwe nyangwe baba vako

mbudzi nyangwe makwai

(iii) Dzina kana/nyangwe achiteverwa na/na-,ne,no-/

Kana nezvikiti zvinoshamba wani

Nyangwe nomufushwa ndipei ndidye

f) Mubatanidzwa wenhando dzadomwa pamusoro.

Ivo vano, sekuru nambuya.

3.3 Mashandisirwo endevo dzezvizita

(a) Dzinoshanda semadzitsi mundevo dzezvizita dzine zviwedzerwa.

i-+-mbudzi yangu (chindori)

dze-+-mbudzi yangu (chirevamwene)

ne- +- mbudzi yangu (chidudzirachito)

(mu-)-zvina-+-mbudzi (chiratidzamuraidzi)

(b) Dzinoshanda semadzitsi emazitaumbiridzwa.

<b>Zitaumbiridzwa</b>	<b>Nhengo huru dzakaumba</b>
Pfumojena	ø- +-pfumo jena
Sadzadete	ø- +-sadza dete
Gurajena	ø- +gura jena
Domborembavha	ø- + dombo rembavha
Mhukahuru	ø- + mhuka huru

Ukatarisa nhengo huru dzakaumba mazita aya uchaona kuti pane chivakashure nendevo yezvizita.

c) Dzinoshanda semuiti mundevo bonga yezvizita

Mukadzi murefu/imbavha

Mwana wechikoro/ndimazivavose

Muzivi wenzira yeparuware ndiye mufambi wayo

- d) Dzinoshanda semuiti mundeobonga yezviito  
Mukadzi murefu/ akaba maranjisi  
Mwana wechikoro/ngaaverenge nesimba  
Muzivi wenzira yaparuware/akamboifamba
- e) Dzinoshanda semuiti mundeobonga yenyaudzosingwi  
Mukadzi murefu/nga nga nga kechemu nemapurisa  
Mwana wechikoro/takarasima nemabhuku ake
- f) Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yechiito  
-rov-mwana  
-tem-muti
- g) Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yechiitogama  
-ri mbavha yamakoko  
-nge benzi guru  
-va mwana akanaka
- h) Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yenyaudzosingwi  
ga muti  
zvambu mwana

Pfupiso inotevera inokubatsira kurangarira mashandisirwo endevo dzezvizita

Basa	Kangani	Papi?
DZITSI	2	Ndevo dzezvizita dzine zviwedzerwa, zitaumbiridzwa
Muti	3	Ndevo dze zvizita, zviito, nyaudzosingwi
Zadzisandevo	3	Ndevo yechiito, chiitogoma, nyaudzosingwi

### **Chikamu D: Ndevo dzezvizita dzine zviwedzerwa**

#### **Zvinangwa zvechikamu**

Paunopedzera kudzidza Chikamu chino unotarisiwa kunge:

- (a) Wave kuziva maumbirwe endevo dzezvizita dzine zviwedzerwa.  
 (b) Wave kuziva mhando ina dzendevo dzezvizita dzine zviwedzerwa.  
 (c) Wave kukwanisa kutsanangura mashandiro ezviwedzerwa zveimwe neimwe mhando  
 (d) Wave kukwanisa kutsanangura mashandiro eimwe neimwe mhando yendevo yezvizita ine zviwedzerwa.

Maumbirwo endevo yezvizita ine zviwedzerwa

Chiwedzerwa +		ndevo yezvizita
i-	+	-mbudzi yake
dze-	+	-mbudzi yake
ne-	+	-mbudzi yake
(mu-)-zvina-	+	-mbudzi

Mhando Dzendevo dzezvizita dzine chiwedzerwa

Ndevo dzezvizita dzine zviwedzerwa ndedzinoti:

- (a) Ndevo dzezvindori  
 (b) Ndevo dzedudzirazviito  
 (c) Ndevo dzezvirevamwene  
 (d) Ndevo dzeratidzamuridzi

## Ndevo dzezvindori

### Maumbirwo

Chiwedzerwa chechindori + ndevo yezvizita

i- +mbudzi yake

ndi- +-sahwira wedu

### Zviwedzerwa zvezvindori

Zviwedzerwa izvi zvinoti:

Ndi- (nenhoredzera dzinoti/nda- nde- ndi- ndo-/  
i-

i-

ha-(nenhoredzera dzinoti/ha-he- ho-/  
Hwidzazwi

## Mashandiro ezviwedzerwa zvezvindori

Chiwedzerwa	Mazita achinobatanidzwa nawo	Zvimwe zvizita
Ndi-	Emupanda 1a Ndi-baba ndi-Takura	Zvisazitasingwi Ndi-mi, ndi-ye
Nda-	Emipanda 2a ne 2b Ndavasekuru (2a) ndaamai (2b)	Zviverengo, zvinan'anuri nezviratidzi zvemipanda 2 ne 6 Ndavamwe (2) ndamamwe (6) Nda-vaye (2) ndaaye (6) Nda-ava (2) ndaawa (6)
Nde-/ndo-	- - -	Zvidudzirazita zvose kunze kwezvipauro Nde-vedu (chirevamwene) Nde-zvose (chirevauwandu) Nde-vanonoka (chiitopauro) Nde- idzi (chiratidzi) Ndo-uno (chinan'anuri) Ndo-mumwe (chiverengo)
i-	emipanda 5,9,ne 10 5 ibadza, igudo	Zvipauro zvemipanda 5, 9, ne 10



<p>Hwidzazwi</p> <p>Ha- (nenhoredzera dzayo)</p>	<p>9/10 ishiri, imbudzi</p> <p>Emipanda imwe yose Kunze kwe 1a, 2a, 2b, 5, 9, ne 10 Vanhu (2) (H)- vanhu Mapadza (6) (H)- mapadza</p> <p>-</p>	<p>5, idzvuku,</p> <p>9/10 itsvuku Zvipauro zvemipanda isiri Iyi 5,9, ne10, uye zvimwe zviverengo Varefu (2, 2a, 2b) Vamwe (H)-vamwe Zviratidzi uye zvinan'anuri ha-vo (chiratidzi) ha-vano (chinan'anuri) he-dzo (Chiratidzi) he-uno (Chinan'anuri) ho-rwo (chiratidzi) ho-runo (chinan'anuri)</p>
--	--	---

### **Mashandisirwo endevo dzezvindori**

1. Dzinoshanda sechiitwa mundevobonga dzezvizita:  
Murume uyo/itsotsi  
Kure kwegava/ndokusina mutsubvu
2. Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yechiitogama  
-nge ndiyo mbavha iya  
-ve ndiwo mubairo wake.
3. Dzinoshanda sendevobonga yechiito chine donzvo rezvakatevera muzvirevo:  
Akapinda ndokugara pacheya  
Akapakura ndokudya sadza
4. Anogona kuvewo madzitsi mumazitaumbiridzwa  
Hoyoko = ø-hoyoko (Hoyoko)  
Horuno = ø-horuno

### **Ndevo dzezvirevamwene**

#### **Maumbirwo**

Chiwedzerwa chechirevamwene + Ndevo yezvizita

Ra- + -sekuru vangu

Sve- +- mombe iyo

Zvinorehwa nezvirevamwene:

- (a) mwene/muridzi wechinhu  
(banga) rasekuru vangu  
(svimuswe) svemombe iyo

- (b) Basa rechinhu  
Banga rechingwa  
Mukomana wemombe
  - (c) Chakagadzirisa chinhu  
Ndiro yedanda  
Imba yematanda,  
Imba yemarata  
Dovi rezungu
  - (d) Mhando yechinhu  
Chidzidzo cheShona  
Doro rendhari  
Hwahwa hwemusungwa
  - (e) Unhu kana tsika  
Vasikana vemafaro  
Murume wemakaro.
  - f) Panogara chinhu  
Mukomana wekuseri  
Gaba redovi  
Danga remombe  
Churu chemajuru
- Nzvimbo  
KwaMurehwa  
maSeke

### **Mashandisirwo endevo dzezvirevamwene**

1. Dzinoshanda sechizitasimbotti mundevo dzezvizita:  
Dzangu idzi  
Svemombe svitete
2. Dzinoshanda sechidudzirazita mundevo dzezvizita  
idzi dzangu  
Mombe dzangu
3. Dzinoshanda semadzitsi mundevo dzezvindori  
Nde- wangu  
Nde-zvavatete
4. Dzinoshanda semadzitsi edzimwe ndevo dzezvirevamwene.  
Dze-vo- kwangu  
Dzo-wangu- (Tsika dzowangu muroora...)

5. Dzinoshanda semadzitsi emazitaumbiridzwa  
 Chemhondoro: ø- +- Chemhondoro  
 Zvavahera: ø- +-Zvavahera  
 Choruwa : ø- +- Choruwa

**Ndevo dzedudziraziito**

Maumbirwo:

Chiwedzerwa chedudzirachiito + Ndevo yezvizita

Na- +- sekuru vake

Ne- +- mbudzi iye

Se- +- benzi chairo

Zviwezerwa zvedudziraziito

Zviwedzerwa izvi zviviri:/na-uye/sa-/

1/na-/

Ichi chiwedzerwa chinoreva zvinhu zvitatu,zvinotevera:

(a) Muiti wechinhu

Ndatukwa naamai

Dzarumwa nembwa

(ii) Kuve pamwe chete,:

Akaenda naambuya vake

Adya sadza nemwana

(iii) Chombo, chinhu chakashandiswa kuita chimwe chinhu,

Arohwa neshamhu

Vakatekeshurwa nechitsiga kumusana

Chiwedzerwa/na-/chine nhoredzera dzacho:/na-, ne-, no/

Nhoredzera/na-/:

Inobatanidzwa nemazita emipanda 1a, 2a, ne 2b, nezvisazitasingwi zvemunhu wetatu. Kana tichiti “munhu wetatu” tiri kureva mipanda 1 kusvika 21)

naChipo (1a)

naambuya (2b) naVaGono (2a)

naiye (1) naiwo/nawo (3)

nadzo (10) nasvo (19)

Nhoredzera/ne-/kana/no-/

Inobatanidzwa nemazita emipanda yose kunze kwe

1a, 2a, ne2b.

nemunhu/nomunhu (1)

negudo (5)

nehuku (9/10)

neuchi/nouchi (14)

-Zvisazitasingwi zvemunhu wekutanga newepiri:

Wokutanga: neni/ nesu

Wepiri: newe/nemi

-inobatanidzwa zvekare nezvidudziraziito zvose

Nevarefu	(chipauro)
Nouyu/neuyu	(chiratidzi)
Neuno/nouno	(chinan'anuri)
Nevanonoka	(chiitopauro)
Nowangu	(chirevamwene)
Nedzose	(chirevauwandu)
Nevamwe	(chiverengo)

2/sa-/

Ichi chiwedzerwa chinoreva fanano, uye chine nhoredzera nhatu: /sa-, se-, so-/

### **Nhoredzera/sa-/**

-Inobatanidzwa nemazita emipanda 1a, 2a ne 2b,

saChipo (1a) saVaGono (2a)

saambuya (2b)

-Inobatanawo nezvisazitasingwi zvemunhu wetatu zvose.

saiye (1) saivo (2)

saidzo (10) sairo (21)

Nhoredzera/se-/ kana/so-/

Inobatanidzwa nemazita emipanda yose kunze kwe 1a 2a ne 2(b):

semunhu/somunhu (1)

segudo (5)

sehuku (9/10)

seuchi/souchi (14)

Inobatanidzwa zvekare nezvidudzirazita zvose

semurefu/somurefu (chipauro)

seuyu/souyu (chiratidzi)

seuno/souno (chinan'amuri)

sevanonoka (chitopauro)

sewangu/sowangu (chirevamwene)

sedzose (chirevauwandu)

sevamwe (chiverengo)

### **Mashandisirwo endevo dzedudzirazviito**

1. Dzinoshanda setsigisandevo mundevo dzezviito

-rov- neshamhu

-dy- sebenzi

2. Dzinoshanda setsigisandevo mundevo dzenyadzosingwi

Go nenyoka

Rabada sechitunha

### **Ndevo dzeratidzamuridzi**

**Maumbirwo:**

Chiwedzerwa cheratidzamuridzi + ndevo yezvizita

Sa- +- bhuku

Nya+-kuba

(mu-)-zvina-+-mhosva

Zviwedzerwa zvezviratidzamuridzi

Tine zviwedzerwa zvitatu zvinoti/sa-, nya-, -zvina-/

(a) /sa-/

Ichi chinobatanidzwa nemamwe mazita emipanda 3,5, 9, ne 15

Sa- musha (3)

Sa- bhuku (5)

Sa- imba (9)

Sa-kuwana (15)

Sa-kuimba (15)

(b) /nya-/

Chinobatanidzwa nemazita emipanda 15, (kana kuti ndevobonga dzezviito dziri mudonzvo rekuita)

nya-kurima

nya-kuba

Nya-kureva nhema

Nya- kupaza chitoro

(c) /-zvina-/

Chiwedzerwa ichi chivakapakati: Zvinotaridza kuti nguva dzose dzinoshandiswa chiwedzerwa ichi panodiwa chivakashure chezita chemipanda 1 kana 2. Chivakashure ichi ndicho chinoita uti ndevo dzeratidzamuridzi dzine chiwedzerwa dzive mazitaumbiridzwa nguva dzose.

Mu-zvina- mhosva (zita remupanda 1)

Va- zvina-mhosva (zita remupanda 2)

Cherechedzo: Kana ndevo dzeratidzamuridzi dzine zviwedzerwa.

/sa-/ na/ nya-/ dzikatanga nevara guru sokuti Sabhuku, Nyakuba, dzinenge dzave mazitaumbiridzwa nokuti dzinenge dzotanga nechivakashure chezita/ ø-/ chemupanda 1a

Sabhuku: ø- +-sabhuku

Nyakuba: ø-+-nyakuba.

Tikatarisa zvekare mashandisirwo endevo dzeratidzamuridzi dzese zvadzo, zvisinei nekuti yatanga nevara guru here kana kuti duku, zvinokodzera kuti ndevo idzi dzinzi dzinoninipiswa mumutauro dzichiva mazita kana kuva ndevo dzezvizita. Tichiti “kuninipiswa” tiri kureva kubviswa nyembe yekuva ndevo yezvizita ine zviwedzerwa ichibva yaitwa zita, kana ndevo yezvizita anova matanho ari pasi penhurikidzwa. Tarisa zvinotevera.


Chirevo Chezvizita



Ndevobonga Yezvizita



Ndevo Yezvizita Ine Zviwedzerwa



Panhurikidzwa yezvizita iyi ndevo dzeratidzamuridzi dzinobva kumusoro dzichinoshanda dziri zviumbwa zvezasi kwenhurikidzwa. Izvi ndizvo zvinoitikawo kundevo dzezvirevamwene idzo dzinova zvidudzirazita.

### **Mashandisirwo endevo dzeratidzamuridzi**

Kana taona kuti ndevo dzinogona kutorwa samazita kana kuti sendevo dzezvizita zvinobva zvareva kuti pose panoshanda ndevo dzezvizita naidzowo ndevo dzeratidzamuridzi dzinogona kupashandiswawo:

- (a) Dzinoshanda semadzitsi mundevo dzezvizita dzine zviwedzerwa.

Ndi- sabhuku  
Ndi- muzvina-mhosva  
Ndi- nyakurima  
Dza- sabhuku  
Na- sadunhu

- (b) Dzinoshanda semadzitsi emazitaumbiridzwa

Nyakudya:  $\emptyset$ -+-nyakudya  
Sapurazi  $\emptyset$ - +- sapurazi

- (c) Dzinoshanda semuiti mundeovobonga yezvizita

Muzvinachitoro/imbavha  
Sabhuku/ndimi hama yedu

- (d) Dzinoshanda semuiti mundeovobonga yezviito

Muzvinachitoro/akaba maranjisi  
Sabhuku/vaenda nebhazi

- (e) Dzinoshanda semuiti mundeovobonga yenyaudzosingwi

Muzvinachitoro/nga nga nga kechemu nemapurisa  
Nyakuba/chururu misodzi mudare.

- (f) Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yechiito

-rov- muzvinachitoro

- (g) Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yechiitogama  
 -ri muzvinachitoro  
 -nge sapurazi  
 -ve nyakubaiwa
- (h) Dzinoshanda sezadzisandevo mundevo yenyauzosingwi  
 Nga nga nga muzvinachitoro  
 Watsu sabhuku nembama

### **Chikamu E Ndevobonga dzezvizita uye zvirevo zvezvizita**

#### Zvinangwa zvechikamu

Paunopedza kudzidza Chikamu chino unotarisirwa kunge wave:

- (a) Kukwanisa kupa mienzaniso yendevobonga dzezvizita, uye mienzaniso yezvirevo zvezvizita  
 (b) Kukwanisa kutsanangura maumbirwo endevobonga dzezvizita  
 (c) Kukwanisa kutsanangura maumbirwo ezvirevo zvezvizita.  
 (d) Kukwanisa kutsanangura mashandisirwo endevobonga dzezvizita.

#### **Ndevobonga dzezvizita**

Maumbirwo:

+/-muiti + chitwa

Murume uyo/ in'anga yemandorokwati

Mwana washe/ muranda kumwe

/ imombe yangu iyoyo.

Zvimoreva +/-

Nhengo inenge yakaiswa chiratidzo ichi inenge iri nhengo inokwanisa kuvapo kana kusavapo, asi chiumbwa chichiramba chakakwaniswa nenhengo dzasara, dziya dzinenge dzine chiratidzo(+). Pandeobonga, muiti anokwanisa kuvapo kana kusapo asi nguva dzose chitwa chinofanira kunge chiripo. Kuvapo kwechitwa kwakakwana kuti pave ndevobonga.

a) Muiti

Iyi ndiyo nhengo yendevonga inokwanisa kuvapo kana kusapo pakuumba ndevobonga. Nguva dzose muiti anenge ari ndevo yezvizita. Torangarira kuti ndevo yezvizita ine zvimiro zvakasiyana-siyana.

b) Chitwa

Iyi inhengo isingashaikwi pose panoumbwa ndevobonga. Inenge iripo nguva dzose. Nhengo iyi chero ikange iripo yoga pasina muiti, inenge yakakwana kuve ndevobonga. Kana tiri kunhurikidzwa yezvizita, sezvino, chitwa inenge iri ndevo yezvizita ine chiwedzerwa chechindori.

#### Mienzaniso

-/ in'anga yemandorokwati

-/muranda kumwe  
-/imombe yangu iyoyo.

### **Mashandisirwo endeobonga dzezvizita**

- (a) Dzinoshanda semadzitsi emazitaumbiridzwa  
Pabviwaipfumvu: Q--pabviwa ipfumvu
- (b) Dzinoshanda sendevobongasimboti muzvirevo  
Sadza iri imbodza/ kunyangwe tichidya zvedu  
Vaviri vaviri/ wetatu muzvinaguhwa
- (c) Dzinoshanda sendevobongatsigiri muzvirevo  
Usazvidze mbodza/ndiyo inozvimbira  
Vaviri vaviri/ wetatu muzvinaguhwa
- (d) Dzinoshanda sezadzisandevo dzezviitogama/-ti/na/-nzi/  
zvakaonekwa kuti varume varefu imbavha  
zvinonzi mwana mucheche in'anga

Cherechedzo: Kana pasina muiti, pakasara chitwa choga, kureva ndevo yechindori, mashandisirwo acho anenge afanana neatakatsanangura pamashandisirwo endevo dzezvindori.

### **Zvirevo zvezvizita**

#### **Maumbirwo:**

Ndevobongasimboti yezvizita+/-Ndevobongatsigiri  
Vaviri vaviri/wetatu muzvinaguhwa  
Sadza iri imbodza/- -  
Chembere masikati/usiku imvana

#### **Ndevobongasimboti**

Iyi nhengo haigoni kushaikwa pakuumba chirevo. Inenge iripo nguva dzose. Panotaurwa ndevobongasimboti, kazhinji pfungwa huru yechirevo inenge yatove pachena, ndevobongatsigiri inozongosimbisa zvinhu zvinenge zvayanikwa kare. Ongorora zvirevo izvi.

Chembere masikati...  
Mukuru mukuru  
Chembere mukadzi  
Gengezha mukombe  
Vaviri vaviri

Pazvirevo zvose izvi tinoona kuti ndizvo zvinenge zvakatakura pfungwa huru yechirevo. Ndokusaka dzichinzi ndevobongasimboti. Inenge iri ndevobonga yezvizita.

#### **Ndevobongatsigiri**



Idzi indevobonga dzinozadzisira pane dzimwe ndevobonga dzichitsigira nokusimbisa pfungwa yapiwa nendevobonga yokutanga. Idzi ndevobonga dzinogona kunge dziri dzezvizita kana kuti dzezviito. Mienzaniso:

Vaviri vaviri/wetatu muzvinaguhwa.

Apa ndevobongatsigiri indevobonga yezvizita.

Gengezha mukombe /hazvienzani nokunwira mudemhe

Apa ndevobongatsigiri indevobonga yezvizita.

## CHITSAUKO 6: KUUMBWA KWEMUTAURO

### Chikamu A: Nhurikidzwa yezviito

#### Midzi yezviito

5(a) Paruro

Midzi yezviito ndiyo hwaro munhurikidzwa yezviito. Midzi ndiyo inowanikwa padanho rekutanga munhurikidzwa yezviito; iyo ine matanho mashanu anoti Mudzi wechiito; Ndevo yechiito; Ndevo yechiito ine chiwedzerwa; Ndevobonga yechiito; chirevo chechiito. Pamatanho mashanu awa unofanira kunyatsocherechedza nekuziva maumbirwe edanho rimwe nerimwe, uye zvose zvakakosha zvakatenderedza danho iri munhurikidzwa yese zvayo yezviito.

(b) Mhando nhanhatu dzemidzi dzichataurwa muchitsauko chino.

1) Mudzi unoubwa nechivakazwi chimwe chete sokuti:

-end-

-it-

-Nyor-

-teng-

-d-

-p-

Cherechedzo. Midzi iri pamusoro yapinda muchikwata chimwe nemhaka yokuti pane chipande chidukusa chimwe chete chine zvachinoreva. Ukatarisa mudzi /-d-/ une nzvanyira imwe, asi /-teng-/ une nzvanyira nhatu nenzvovera. Yose midzi iyi inoumbwa nechivakazwi chimwe chete nokuti ndicho chidukusa chine zvachinoreva/-d-/ ichireva pfungwa yokuda, /-teng-/ ichibudisa pfungwa yokutenga

- Pakunyora midzi iyi panofanirwa kuva netudheshi kumativi ose emidzi yaunenge wapa somuenzaniso.

2. Mudzi wakadzokororwa sokuti;
  - tamb- tamb-
  - teng- teng-
  - d-d-
  - end-end-

Mhando yemidzi iyi inoumbwa nokudzokorora umwe mudzi zvadero panobuda imwe pfungwa itsva inounzwa nokudzokorora mudzi wechiito.

3. Mudzi wakaumbwa kubva kune zvimwe zvipenga zvemutauro weChiShona sokuti;
  - donh- (kubva kunyauzosingwi/do/)
  - tetep- (kubva kudzitsi rechipauro/-tete/)
  - pfimbik- (kubva kuzita/pfimbi/)
  - nyorov- (kubva kuchipauro/nyoro/)
  - nzveng- (kubva kunyauzosingwi/nzve/)
  - shodok- (kubva kunyauzosingwi/shodo/)

Cherechedzo: Panoshandiswa chivakazwi chinodaidzwa kunzi Umbachiito” Umbachiito ndiyo inoshandiswa pamwe chete nechipenga chimwe chomutauro weChiShona. Chipenga ichi chiri choga chinenge chine zita rachowo sokuti nyauzosingwi, Zita uye Chipauro. Midzi inozoumbika kana chabatanidzwa netumbachiito utwu sezviri pazasi.

- |     |                                  |                |
|-----|----------------------------------|----------------|
| (a) | Nyauzosingwi + umbachiito >      | mudzi wechiito |
|     | do -nh- >                        | -donh-         |
|     | nzve -ng- >                      | -nzveng-       |
|     | shodo -k- >                      | -shodok-       |
| (b) | Zita + umbachiito >              | mudzi wechiito |
|     | pfimbi -k- >                     | -pfimbik-      |
|     | shamwari -dz- >                  | -shamwaridz-   |
| (c) | Dzitsi rechipauro + umbachiito > | mudzi wechiito |
|     | -tete -p- >                      | -tetep-        |
|     | -nyoro -v- >                     | -nyorov-       |
|     | -shoma-ek- >                     | -shomek-       |

Ona (a), (b), (c) imhandonyana kana kuti zvikwata zvidoko zvemhando yemidzi yakaumbwa kubva kune zvimwe zvipenga zvemutauro weChiShona. Saka pakuzvinyora unofanirawo kuzviisa muzvikwata zvazvo zvikudu kana zvabvunzwa. Chakakosha kuziva maumbirwe.

4 **Mudzi wakakweretwa**

Apa panopinda mhando yemidzi iya yakaumbwa kubva kuzvipenga zvemimwe mitauro isiri ChiShona. Nokuda kwekujairira manzwi aya anongozodaidzwa kana kuverengwa seizwi reChiShona richitevera mavara eChiShona anoonekwa neuwandu hwenzvovera sezvizvi

-kon-	<	Corner
-chip-	<	Cheap
-kemb-	<	Camp
-fidh-	<	Feed
-kot-	<	Quote
-vhot-	<	Vote
-roj-	<	Lodge

5. **Mudzi wechiitogama**

(a) Apa panopinda midzi iya isingagoni kushanda iri yoga kana yozoshandiswa muzvirevo haiburitsi pfungwa izere kana iri yoga. Sokuti;

-t-		
-va	,	-dayi
-ti	,	-svik-
-ne	,	-swer-
-nzi	,	-dzok-
-fan-	,	-gar-
-nyang-	,	-sak-
-fum-		
-ngun-		
-kar-		

(i) Cherechedzo: pamidzi iyi pane chimwe chikwata chemidzi chinoshanda sezviitogama nguva dzose sezvizvi,

-t-
-fum-
-kar-
-ngun-
-ne

(ii) Chimwe chikwata chine midzi yezviitogama inogona kushanda semidzi yezviito chaizvo uyewo semidzi yezviitogama sezvizvi, -dzok-

-nyang-
-svik-
-swer-
-sak-

6. Mudzi wakarebeswa/wavandurirwa.

- Iyi midzi yawedzerwa nekuunzirwa pfungwa itsva kuburikidza nechivakazwi chinonzi Rebeso/chivanduriro
- Rebeso ikaiswa pamudzi wechiito mudzi mutsva unobva warebawo
- Zvaunoreva zvinobva zvashanduka. Apa panofanirwa kungwarirwa kuti patariswe dzimwe rebeso dzakafanana pakunyorwa, asi dzakasiyana pane zvadzinoreva

(a) **Mhando dzeRebeso**

Pane zvivakazwi zvinotaridza mhando dzerebeso dzinokwana gumi neimwe:

Mhando	Rebeso	Muenzaniso wemudzi warebeswa
(i) Yekugoneka	-ik-; -ek-	-fambik-; -nyorek-
(ii) Yemherevedzo	-erer-; -irir-	-chemerer-; -mukirir-
(iii)Yenyanyiso	-is-; -es-	-mhanyis-; -chemes-
(iv) Yekuitwa	-iw-; -ew-	-diw-; -tongew-
(v) Yekonzero	-es-; -is-	-rumis-; -temes-
(vi) Yekuitirana	-an-	-tukan-, rovan-
(vii) Yekuita pamwe	-an-	-ungan-; -songan-
(viii) Yedzokororo	-urur-; -oror-	-dyarurur-; -dzokoror-
(ix) Yepfumvunuro	-unur-; -onor- -anur- -enur- -inur-	-sungur-; -royonor- -namanur- -petenur-kiyinur-
(x) Yamamiriro echinhu	-arar-, -ar-	-komarar-, - -shamarar-
(xi) Yokuitira	-er-, -ir-	-nyorer- mhanyir- rover-

- Ngwarirawo kuzogona kupatsanura rebeso kubva kumidzi sezvinogona kuda imwe mibvunzo sezvizvi;

-rover-            -rov- er  
-shamarar-      -sham-arar  
-royonor-        -roy-onor  
-songan-         -song-an  
-tukan-           -tuk-an  
-temes-           -tem-es  
-diw-             -d-iw-  
-mhanyis-        -mhany-is-  
-chemerer-       -chem-erer-  
-nyorek-         -nyor-ek

b) Shanduko inounzwa nerebeso mumatanho maviri anoti rekutanga remudzi wechiito, uye rechipiri rendevo dzezviito

(i) Mudzi wechiito unorebeswa kupfuura zvawanga uri sezvizvi

-rov- +-er > -rover-

-donh-+-es-> -donhes-

(ii) Zvinoreva mudzi zvinosanduka nokuunza dudziro itsva pamudzi wechiito usina kurebeswa sezvizvi,

-nyor- inoreva kuita basa rokunyora

-nyor-er- inoreva kuitira umwe basa rokunyora

(iii) Mundevo dzezviito dzimwe rebeso dzinoita kuti zadzisandevu dzinoteverera mudzi wechiito dziwande. Idzi irebeso yekuitira neyekonzero/sakiso sezvizvi.

-nyor- bvunzo > -nyore- mwana bvunzo

Zadzisandevo mwana yawedzerwa kundevo yechiito-nyor-bvunzo nokuda kwerebeso yekuitira

-sek-> -sets- vana

(iv) rebeso dzinodzika uwandu hwezadzisandevo mundevo yechiito sezvizvi ndevo inoti /-rov-kudzai/ inozova/-rova-an-/ poshaikwa zadzisandevo mundevo yechiito nekuda kwerebeso yekuitirana;

/-tem-muti/inozova/-tem-w-/

Zadzisandevo muti inozoshaikwa nokuda kwerebeso yekuitwa.

(v) Dzimwe rebeso dzakaita seyepfumvunuro, yemamiriro, echinhu uye yemherevedzo dzinoita kuti urongwa hwezadzisandevo nemudzi zvisimbiswe. Hapana chinoshanduka sezvatichaona pamienzaniso iri pazasi.

-chem> -chem-es-. Hapana zadzisandevo yawedzerwa kana kutapudzwa nekuda kwerebeso yenyanyiso /-es-/.

Zvimwe chetewo pana,

/-rong- masaga > -rong-onor- masaga (rebeso yepfumvunuro).

Kozotiwo, /-om-/>/-om-arar-/ (rebeso yamamiriro echinhu).

Umwezve muenzaniso ndewesimbiso inounzwa nerebeso yemherevedzo sezvizvi,

/-sek- mwana > -sek-erer- mwana/

(c) **Basa rokuita padanho reMidzi yezviito.**

1. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi pazvo.

(i) Ndiani oparura chironzwa chatakatanga.

(ii) Usashamwaridzana nemunhu akambokudadira

(iii) Bata nechigunwe kuti bara rivhomoke zvakanaka

(iv) Andinzvenga paandiona

(v) Sekuru vakapofumara gore rakapera

(vi) Akapfimbika mbambaira dzakachipa chose

(vii) Mwana wake akapfupika zvinosekesa vakafa

(viii) Aizosevenza here zvakwaitonhora kudaro?

(ix) Chitanda chakatetepa hachiroveswi mwana

(x) Pakakadonha mumuti kakafenda ipapo.

(a) Nyurura chete midzi yezviito yakaumbwa kubva kune zvimwe zvipenga zvemutauro weChiShona [10]

(b) Tsanangura maumbirwe emudzi umwe neumwe wawanyora pamusoro [10]  
[20]

2. Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.

Mukomana akatora bhasikoro rake Aida kusevenza basa rake achiri mangwanani asati ambobata-bata zvake chimwe chinhu. Mukomana uyu aimhanyisa bhasikoro achinzvenga makorongwa ose. Kupfupika kwake kwaishamisa vanhu.

(a) Nyurura midzi yese yezviito kubva mukandima kari pamusoro [10]

(b) Doma mhando imwe neimwe yemudzi wawadoma pamusoro [10]

[20]

(3) “Midzi yezviito inogona kuiswa muzvikwata kuchishandiswa uwandu hwezvivakanzvi” Tsigira zvizere uchipa mienzaniso mitatu pachikwata chimwe nechimwe [20]

## Chikamu B: Ndevo yechiito

Munhurikidzwa yezviito padanho repiri panowanikwa ndevo yechiito.

Inoubwa sezvizvi.

(a) +/- Chiratidzamuitirwi + Mudzi wechiito +/-Zadzisandevo +/-Tsigisandevo. Sokuti -chi-chek-chingwa nebanga Ukatarira maumbirwe endevo yechiito uchaona zvinotevera.

1. Mudzi wechiito ndiwo hwaro. Unotofanirwa kuti uvepo kuti ndevo yechiito igonzi iripo. Iwo woga wakakwana kumira woga sendevo yechiito. Saka kana mubvunzo wabvunza kunyurura ndevo yechiito, munyori anogona kungonyora mudzi wechiito sendevo yechiito kana zviri izvo zvinenge zviri mumutsara kana mundima.

Zvimorevazve kuti munyori webvunzo anofanirwa kuva neruzivo rweMhando dzemidzi yezviito. Ndiyo midzi iya yataurwa nezvayo muchikamu chiri pasure. Hazvifaniri kunetsa munyori webvunzo nekuti zvinenge zvichingoda kuziva kuti chii chinopinda panzvimbo ipi pachivakwa kana maumbirwe endevo yechiito. Midzi yezviito inoti, (i) une chivakazwi chimwechete (ii) wakadzokororwa (iii) wakakweretwa (iv) wakaumbwa (v) wakarebeswa (vi) wechiitogama ndiyo inotarisirwa kuonekwa pose pazvipenga zvemidzi padanho rendevo yechiito.

2. PaZadzisandevo panopinda ndevo dzezvizita. Kana wakanganwa, dzokera kunhurikidzwa yezvizita. Somuenzaniso-chi-chek- chingwa nebanga, chingwa ndiyo zadzisandevo nokuti inowirirana netsananguro iyi yatapa yokuti zadzisandevo inenge iri ndevo yechizita zvisinei kuti ndeyemhando ipi sokuti /-chi-chek- chingwa chikuru nebanga.

Chingwa chikuru izadzisandevo iri ndevo yechizita yemhando ine zita sechizitasimboti uye chipauro /chikuru/ sechidudzirazita chine wirirano nechizitasimboti.

Ukatarisa pazadzisandevo uchaona kuti pane pfungwa dzinobudapo zvinoita kuti zvive nyore kunzwisisa kuti zadzisandevo chii. Nokudaro zvinobva zvabudisa mhando huru mbiri dzezadzisandevo dzinoti (a) yemuitirwi uye (b) yedudzirachiito.

- (a) Mhando yemuitirwi inoreva kuti izwi iri ndiro rine chekuita nekuita kwepfungwa inobuda pamudzi wechiito. Ndiko kuti zviri kuitirwa ani kana kuti chii. Panobuda mhandonyana nhatu dzinoti (i) zadzisandevo yemuitirwi anozvimiririra sokuti -rov- mwana, Mwana muitirwi akazvimiririra
  - (ii) Zadzisandevo yemuitirwi iri chidimbu chemuitirwi sokuti/-rov-mwana tsapfu /, tsapfu/ chidimu chiri pamwana.
  - (iii) Zadzisandevo yemuitirwi ari chidimbu chemuiti sekuti/- vhunik-gumbo/ zvichireva izvo kuti gumbo izadzisandevo yewakavhunika anova muiti ari kurehwa.
- (b) Imwe mhando yezadzisandevo ndeyedudzirachiito inenge ichitaridza kuti zvakaitika zvakaitika (i) nguvai (ii) papi (iii) sei, uye (iv) zvakadini. Nokudaro panobuda

mhandonyana ina dzezadzisandevo dzedudzirachiito dzinoti (i) yenguva sekuti /-tamb-masikati/ (ii) yenzvimbo sokuti/-tamb- musango/ (iii) yemaitiro/-tamb- zvinodadisa (iv) yeudzamu/-tamb- kaviri pazuva.

Zvose zviri pa (a) nepa (b) zvinopinda pachipenga chezadzisandevo. Ukanyatsozvicherechedza uchaona zvakare kuti dzinenge dzichingova ndevo dzezvizita.

3. PaTsigisandevo panowanikwa ndevo dzezvizita dzine chiwedzewera chedudzirachiito/ NA-, SA-/ nenhoredzera dzazvo. /na-, ne-, no-/na/sa-, se-, so-/  
/-chek- nebanga/  
/-famb- sebenzi/  
/-rim- nababa/  
/-teng- somupfumi/
  
4. Chiratidzamuitirwi chivakazwi chinomiririra muitirwi. Sezvo tamboti muitirwi anenge ari pazadzisandevo zvinenge zvava nyore kuona kuti ndechipi chivakazwi chine nhoredzera dzechivakashure chezadzisandevo somuenzaniso/-chi- chek- chingwa nebanga/ Zadzisandevo ndichingwa chivakashure chacho ndi chi chomupanda [7]  
Chiratidzamuitirwi chinotanga pozouya mudzi wechiito.  
Chiratidzamuitirwi ichi chinogonazve kushanda pasina zadzisandevo, mundevo dzezviito. Izvi zvinodaro kana tikacherechedza maumbirwe endevo yechiito, somuenzaniso.  
/-chi- teng- nemari/. Hapana zadzisandevo asi chiratidzamuitirwi chatovepo kuratidza kuti pane chine chekuita nekutengwa chiri mumupanda [7].
  
- b. Mibvunzo ine chekuita nenhurikidzwa yezviito padanho rendevo dzezviito
  - 1(a) Tsanangura zvizere zvinorehwa nemaumbirwe endevo dzezviito uchipa muenzaniso poga poga paunobvira [12]
  - (b) Ipa mienzaniso yemhando ina dzezadzisandevo dzedudzirachiito [8]
  
2. “Mhando dzendevo dzezviito dzinogona kuenderana neuwandu hwezadzisandevo dzinoreva muitirwi dzichigona kushandiswa nemudzi wechiito” Tsigira zvizere nemienzaniso. [20]
  
3. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo inotevera.
  - (i) Akadzitinha mombe
  - (ii) Mota yabva vhiri
  - (iii) Chingwa chakabiwa nemwana
  - (iv) Mwana akatsva rurimi
  - (v) Tichasangana pachikoro
  - (vi) Achauya zuva rogara miti
  - (vii) Akaripfura katatu seanopenga
  - (viii) Baba vakagera mwana musoro nechigero
  - (ix) Famba
  - (x) Anodya zvinosemesa
  - (a) Nyora ndevo dzezviito dzose kubva muzvirevo zviri pamusoro. [10]
  - (b) Tsanangura maumbirwe endevo imwe neimwe yawanyora pamusoro.[10]

- 4 Verenga zvirevo zviri pa3 ugopindura mibvunzo iri pazasi.
- (a) Nyurura zadzisandevo dzose kubva muzvirevo zviri pa3 [10]
- (b) Doma mhando imwe neimwe yezadzisandevo yawanyora pamusoro.

### **Chikamu C: Ndevo yechiito ine chiwedzerwa**

Danho retatu munhurikidzwa yezviito. Ndevo yechiito ine chiwedzerwa inoubwa sezvizvi.

Chi(zvi)wedzerwa + ndevo yechiito

(Izvi zvinoreva kuti unofanira kunge wava neruzivo rwakakwana pamusoro pendevo yechiito).

Ndevo yechiito yanga ichimbova chivakwa padanho repiri asi padanho retatu yava chipenga chechivakwa chendevo yechiito ine chiwedzerwa.

### **Muenzaniso**

/Musarova vana neshamhu/. Iyi indevo yechiito ine zviwedzerwa.

Zviwedzerwa mu-, -sa-, -a

Ndevo yechiito –rov-vana neshamhu

Padanho iri tanga waona kuti ndevo waiona here. Zvadero, zvasara zvose zvava zviwedzerwa.

Zviwedzerwa izvi zvinogona kuiswa muzvikwata zvazvo zvinoti.

- (a) Zviratidzamuiti (b) zviratidzanguva, (c) Zviranduri (d) zvivakazwi zvinoburitsa donzvo (e) zvivakazwi zvinoratidza maitikiro ezvinhu (f) Nzvovera yokupedzisira.
- (a) Pazviwedzerwa pane chiwedzerwa chinonongedzera kumuiti muchirevo. Ichi chinenge chiri chivakashure chechizitasimbota chendevo. Chivakashure ichi ndicho chinotodzwa nechiratidzamuiti nokuda kwemupanda wechivakashure ichi kana kuti wirirano yacho sokuti; /rakaba chibage/ ra- chiwedzeravara chiri kunongedzera kumuiti wemupanda 5 nokuda kwewirirano yacho pakushandiswa muzvirevo. Kuvapo kwechiwedzerwa ichi kwakakosha pakuti kunototaridza kuti muiti ari mumupanda upi, ndokusaka chichinzi chiratidzamuiti. Chinogona kushanda chero muiti asipo.
- (b) Zviratidzanguva zviwedzerwa zvinoratidza kuti zvinhu zvakaitwa rinhi kana kuti chiito chiri munguva ipi. Nguva idzi dzine zvikwata zvitatu zvinoti.
- (a) Yakare (b) yazvino (c) ichauya
- (a) Zviratidzanguva yakare zvine zvikwata zvitatu zvinoti (i) chiratidzanguva yakare-kare sokuti vakafamba –ka-
- (ii) Chiratidzanguva yakare ichangopfuura /vafamba/
- (iii) Chiratidzanguva yakare yezvaigaroitika sokuti vajfamba.
- (b) Chiratidzanguva yazvino /-no-/ sokuti, ndinodzidza kuHarare
- (c) Zviratidzanguva ichauya (i) /-cha-/ sokuti, ndichanyora bvunzo.
- (ii) yenguva ichauya yoda kusvika –o- vofamba.
- (c) Zviratidzanduri zviwedzerwa zvinobudisa pfungwa yokupikisa chiito chinenge chiripo. Nyatsotarisisa zvivakazwi zvakatarwa pazasi ugobuda nepfungwa yekurandura iripo.
- (i) Havadi matsotsi
- (ii) Havasiri kuuya
- (iii) Usaenda kumba kwake



- (iv) Uchawana ndisisamwe doro
  - (v) Vainge vasingandidi
  - (vi) Ndinodaba chingwa chose  
Handidiba kuya newe
- (d) Zvivakazwi zvinoburitsa donzvo rechiito. Tarisa zvirevo zvinotevera ugotsanangura kuti tuvakazwi twakatarwa tunoburitsa donzvo ripi.
- (i) Ngavadzidze (rekurudziro)
  - (ii) Hativerengei (rekurudziro)
  - (iii) Ndingatsamwe (rekwaniso)
  - (iv) Rakaomarara (remamiriro ezvinhu)
- (e) Zviwedzerwa zvinoratidza maitikiro ezvinhu
- (i) Zvinogaroitika/-chi-/kana/-si-/
  - (ii) Zvava kuda kuitika /-chi-/
  - (iii) Zvichiri kuitika /-chi-/inoshanda na/-ri/
- (f) Zviwedzerwa zveNzvovera Yokupedzisira  
/-a,-e;-i/ndidzo nzvovera nhatu dzinoshanda nechiito zvichibva nokuti chiito ichi chakashandiswa sei.
- (i) Nzvovera yerandura-i/sokuti Handinyori basa
  - (ii) Nzvovera /-e/ mumadonzvo (i) rechishuwo (ii) nerekutuma  
Sekuti; Kuti adye hazviite.usanzwe
  - (iii) Nzvovera (-a/ inowanikwa muzviito zvemhando dzose kunze kwezvine donzvo rechishuwo nezviito zveranduro sokuti;

Anogara pasi

Famba zvakanaka

Cherechedzo: (i) Ndevo yechiito ine chiwedzerwa ndiyo chiitwa mundeobonga yechiito (ii) Ngwarira kuti usati chinamatidzwa chakafanana nechiwedzerwa. (iii) Pane musiyano pakati pechiratidzamuiti nechiratidzamuitirwi. Chekutanga chiwedzerwa chepiri chinowanikwa kundevo yechiito.

### Mibvunzo

- 1a) Nyora mhando dzezviratidzanguva uchipa mienzaniso yakakodzera[12]
  - b) Tsanangura zvinorehwa nechivakazwi chinoratidza maitikiro ezvinhu/-chi-/ [8]
2. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi
- (i) Ngatidye sadza
  - (ii) Ndochitaurawo nyaya yangu
  - (iii) Usaba
  - (iv) Takapisa sora rese nemoto
  - (v) Handiendiba mangwanani kumba
- (a) Taridza chiwedzerwa nendevo yechiito pazvirevo zviripamusero[10]

- (b) Pandevo imwe neimwe yawanyora pamusoro tsanangura maumbirwe ayo [10]
3. Uchishandisa zvirevo zviripa2 (pamusoro) doma mhando imwe neimwe yezviwedzerwa zvawanyora pamusoro [20]

**Chikamu D: Ndevobonga yechiito**

Padanho rechina munhurikidzwa yezviito panowanikwa ndevobonga yechiito inoumbwa sezvizvi +/- Muiti + Chiitwa

Izvi zvinoreva kuti chiitwa ndicho chipenga chinotofanira kunge chiripo nguva dzose kuti inzi indevobonga yechiito. Chiitwa ichi inenge iri ndevo yechiito ine chi(zvi)wedzerwa nguva dzose. Saka danho retatu rinoda kuti ridzokororwe nemudzidzi kuti zvigoreruka kunzwisisa zviripa padanho rechina. Muiti inenge iri ndevo yechizita. Saka unosungirwa kuti udzokororezve chikamu chendevo dzezvizita chiri munhurikidzwa yezvizita. Zvinozova nyore kuti unyurure ndevobonga dzezviito pose zvapo paunenge wabvunzwa nezvadzo.

(a) Ngatitarisei mienzaniso inotevera;

(i) Vana vose vakafamba netsoka

(ii) Vakafamba netsoka

Pa(i) Muiti ndi/vana vose/ + chiitwa /vakafamba netsoka/

Tikacherechedza tichaona kuti /vana vose/ muiti nokuda kwekuti tamboti pamuiti panopinda mhando dzose dzendevo dzezvizita./Vana vose/ndivo vane chekuita nechiito chekufamba netsoka

Pa(ii) hapana muiti. Kunyangwe zvakadero, ndevobonga yechiito inongovapo nokuda kwekuti chiitwa choga chinogona kumira sendevobonga yechiito

Sezvo tamboti chiitwa chinenge chiri ndevo yechiito ine chiwedzerwa, tinogona kupatsanura/vakafamba netsoka/ tigobuda nechiwedzerwa/va-, -ka-, -a/ uye ndeo yechiito /-famb-netsoka/

- Kune mhando pfumbamwe dzendevoobonga dzezviito. Pamhando idzi pane pfungwa yakaonekwa ichibuda pakuti ‘Mhando dzendevoobonga dzezviito dzinoenderana nemadonzvo ezviito zviripa madziri’ (Mashiri and Warinda 1999. P77).

a) Ndevobonga yechiito ine chiito chine donzvo rokuudza somuenzaniso

Vana vose vakafamba netsoka

Tichapasa bvunzo gore rino

Pandevoobonga idzi chakakosha kungoudza kana kungobudisa kuti zvakaitika rini hapanzve imwe mudhu ingarehwa nendevobonga iyi kusiya kwekungoudza chete.

b) Donzvo rekuridziro

Vanhu vose ngavafare

Ngatinamate Mwari

c) Donzvo rekutuma

Mhanya pano!

Garai pasi

d) Dzine chiito chine donzvo rezvanga zvichiitika

Vakasvika tichidya

Vasikana vadya vakagara

- e) Dzine chiito chine donzvo rechishuwo sezvizvi  
Havadi kuti ndipase chikoro  
Kuti yakunde zvinoda nyasha dzaMwari
- f) Dzine chiito chine donzvo rekuita  
Vanogona kutuka vana  
Ndure kuruma nzeve  
Kuvhima kwake kwakamubetsera
- g) Dzine chiito chine donzvo redudziramuiti vana vanochena havarambwi Mudzidzisi arova  
vana vanoputa fodya
- h) Dzine chiito chine donzvo rekwaniso Tingafara  
Vakamusvota angacheme
- (i) Dzine chiito chine donzvo rezvakatevera sezvizvi;  
Vakasvika yakadya  
Ndakamuramba akazvisungirira  
Mudzidzi anofanira kuziva kuti mhando imwe neimwe yendeobonga inoshanda sei kana  
kuti inowanikwa papi mune zvimwe zvivakwa zvemutauro weChiShona. Zvakawanda  
zvinowanikwa kubva mubhuku Dudziramutauro (P Mashiri na C. Warinda (1999) p.76

### **Mibvunzo**

1. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.
  - (i) Kumhanyisa mota kwake kwandityisa
  - (ii) Chakavasimudza havachazivi
  - (iii) Ndinosivataurira chese chavanenge vandibvunza
  - (iv) Amai vake vakamuzvarira kuchembere isisina kana nezino rimwe mukana
  - (v) Kana akura achavatengerawo zvose zvingadiwe nemubereki
  - (vi) Tinozvidzidzisa tega zvinhu zvese izvi
    - (a) Nyora zviitwa zvendevobonga dzekuudza kubva muzvirevo zviri pamusoro [6]
    - (b) Tsanangura maumbirwe echiitwa chimwe nechimwe chawanyora pamusoro [6]
    - (c) Nyora mazita ezviwedzerwa zvawanyora pamusoro [8]
  
2. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo inotevera
  - (i) Vose vakarukwa misoro ngavauye pano
  - (ii) Akapfeka hembe yakachena semukaka
  - (iii) Pabasa panodikanwa vanhu vanoshanda nesimba
  - (iv) Vasikana vanodziya moto wehuni vachaita mbare dzinotyisa vanhu
  - (v) Vasina mari ngavarege kunyora zvavo bvunzo
  - (vi) Gomana riye refu randinotyia raenda kuHarare
  - (vii) Uri rombe rinoda kurohwa kuti rinzwisise
  - (viii) Mombe dzisingatenherwi mudanga dzinopedza minda yavanhu
    - (a) Nyora ndevobonga dzose dzedudziramuiti kubva muzvirevo zviri pamusoro [9]
    - (b) Taridza kuti zviitopauro zvivakwa kunhurikidzwa yezviito, asi zviri zvipenga mune  
zvimwe zvivakwa kunhurikidzwa yezvizita [11].
  
3. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi
  - (i) Kuseka kwake handikufariri
  - (ii) Ndinoda kurima nzungu

- (iii) Kura uone
- (iv) Tava kuenda izvozvi
- v) Iko kufara kwedu kwakangonakawo
- (a) Nyora ndevobonga dzezviito dzine zviito zvine donzvo rokuita [5]
- (b) Tsanangura mashandisirwe endevobonga dzawanyora pamusoro [15]
- 4. Verenga zvirevo izvi ugopindura mibvunzo iri pazasi
  - (i) Bvunzo idzi dzandigozhera
  - (ii) Wakamujaidza mwana wako
  - (iii) Ngoni dzashe dzakanakisisa
  - (iv) Musatirovesa nababa venyu
  - (v) Gore rino ndichapedza chikoro
  - (vi) Akaenda kare
    - (a) Tsanangura maumbirwe endevobonga dziri pamusoro uchiratidza muiti nechiitwa [6]
    - (b) Tsanangura maumbirwe echiitwa chimwe nechimwe [6]
    - (c) Uchishandisa mienzaniso nyora ugoratidza zviratidzanguva zvina muzviito zvakowo [8]
- 5. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.
  - (i) Sekuru vangu havafariri vana vadoko
  - (ii) Ndichamutorera badza nomupinyi wacho
  - (iii) Usandipedzera muriwo wemhodzi
  - (iv) Babamukuru Tinarwo vakabirwa mombe zhinji
  - (v) Kandibvisa chiri kumeso
  - (vii) Mai vangu vanonyatsogeza mbatya dzavo
  - (vii) Ndichamuroora gore rinouya
    - (a) Nyora muiti nechiitwa pandevobonga imwe neimwe iri pamusoro [10]
    - (b) Tsanangura maumbirwe echiitwa nechimwe chawanyora pamusoro [7]
    - (c) Taridza kuti ndevo yechiito ine chiwedzerwa ndiyo inozova chiitwa mundevobonga yechiito [3]
- 6.(i) Taridza kuti zviito zvakatarwa zviri pazasi zviri mudonzvo ripi [10]
  - (a) Ndinoda kunwa hwahwa
  - (b) Baba vakarova vana vasinganzwe
  - (c) Havadi kuti vaende kumusha
  - (d) Takasvika zvakanaka chose
  - (e) Imi vana tererai vabereki venyu
  - (f) Musafamba moga usiku
  - (g) Tingafara nokuuya kwenyu kubasa
  - (h) Hama dzangu ngatifare pamutambo wedu
  - (i) Vakauya vakanyora zvavaida
  - (j) Takawana vachitiseka zvavo
- 7.(ii) Ndaapi madonzvo asingagoni kushanda oga? [10]

## **Chikamu E: Zvirevo zvezviito**

Zvirevo zvezviito zvinowanikwa padanho reshanu munhurikidzwa dzezviito.

- (a) Chirevo chechiito chinoumbwa sezvizvi.  
Ndevobongasimbota yechiito +/-ndevobongatsigiri yezviito.  
Izvi zvinoreva kuti ndevobonga-simbota yechiito inotofanirwa kuti ivepo kuti chinzi chirevo chechiito. Ndevobongatsigiri inogona kuvapo kana kusavapo. Nemamwe manzwi ndevobonga simbota ndiyo inoratidza pfungwa huru muchirevo imwe yacho inotevera inenge ichitsigira pfungwa huru.
- (b) Heinoi mienzaniso
- (i) Ndinoda kunwa hwahwa/chirevo ichi chakaumbwa nendevobonga mbiri.  
Ndevobongasimbota ndeinoti, Ndinoda,  
Ndevobongatsigiri kunwa hwahwa  
Tikanyatsotarisisa pachirevo ichi tinoona kuti chine zvipenga zviviri chimwe chesimbota chimwe chetsigiro. Izvi zvinoenderana namaumbirwe echirevo chechiito.
- b(ii) Muchirevo /vana vangu vakaenda kumusha/ munongova nendevobonga imwe chete inova ndevobongasimbota. Hapana ndevobonga tsigiri, sezvo pasina chiito chimwe kusiya kwa/vakaenda/ ukacherechedza uchaona kuti ndevobonga dzakadai ndedziya dzinogona kushanda dziri dzoga dzichibudisa zvirevo zvakati twasa zvisingadi imwe tsigiro.
- (c) Mudzidzi ngaacherechedze mashandisirwe endevobongasimbota nendevobongatsigiri muzvirevo zvezviito. Mienzaniso iri pazasi ndeyezvirevo zvine zvipenga zviviri izvi netsananguro pachirevo chimwe nechimwe chakapiwa. Zvakatarwa pazasi ndiyo ndevobongasimbota
1. Vauya nababa vakatakura huni (Chirevo chokuudza)
- (i) Vauya nababa- donzvo rekuudza
- (ii) Vakatakura huni- donzvo rezvanga zvichiitika
2. Tsvakai mugowana (chirevo chokutuma)
- (i) Tsvakai- donzvo rekutuma
- (ii) Mugowana- donzvo rechishuwo
3. Vakauya ngavabike (chirevo chekurudziro)
- (i) ngavabike- donzvo rekurudziro
- (ii) Vakauya- donzvo rechishuwo
4. Muvataurire nyaya iyi (chirevo chechishuwo)  
Chirevo ichi kazhinji inenge iri mhinduro kumubvunzo unoda kunzwa zvinenge zvichishuwirwa sokuti/vanoda kuti mudii?/Mhinduro yoti Muvataurire nyaya iyi/  
Ndevobonga idzi kazhinji padzinoshanda muzvirevo dzinowananzoteverera kuti uye chiito chine donzvo rechishuwo chinopera nedzvovera /-e/ sezvinongoitawo zviito zvine donzvo rekurudzira sezvizvi
- (ii) Vanoda kuti muvataurire nyaya iyi
- (i) Vanoda- donzvo rekuudza

- (ii) muvataurire nyaya iyi- donzvo rechishuwo riri kushanda sendevobongatsigiri muchirevo chokuudza.
5. Ndakamunzwa achitaura (chirevo chokuudza)
- (i) Ndakamunzwa- donzvo rekuudza
- (ii) Achitaura- donzvo rezvakanga zvichiitika sendevobongatsigiri muchirevo chokuudza
6. Ndakamutuka akachema (chirevo chokuudza)
- (i) Ndakamutuka - donzvo rekuudza
- (ii) Akachema - donzvo rezvakatevera sendevobongatsigiri muchirevo chokuudza
7. Vakamupa chingwa angafara  
Angafara vakaupa chingwa (chirevo chekwaniso)
- (i) Angafara- donzvo rekwaniso
- (ii) Vakamupa chingwa- donzvo rechishuwo sendevobongatsigiri muchirevo chekwaniso
- (d) Mibvunzo
1. Rondorodza nemienzaniso yakakodzera nhurikidzwa yezviito [20]
2. Uchishandisa nhurikidzwa yezviito tsanangura zvizere kuti chivakwa chinogona kuva chipenga pane chimwe chivakwa chiri padanho riri pamusoro [20]

### **Chikamu F: Zviitogama**

a) **Midzi yezviitogama**

- (i) Iyi ndiyo midzi iya isingagoni kuburitsa pfungwa izere kana ikashandiswa yoga kuti iumbe chirevo. Haitogoni sezvingaitwa nomudzi wechiito chaicho.  
Muenzaniso /-ti/ mudzi wechiitogama  
/-famb-/ mudzi chaiwo

Haungagoni kuumba chirevo na/-ti/ chete

Sokuti/Akati/ Panenge pachitoda umwe mudzi kuti pfungwa yechirevo ibude

Sokuti akati famba Mudzi/-famb-/ unogona kumisa chirevo sokuti Akaffamba

- (ii) Midzi yechiitogama mizhinji haigoni kushanda nechiratidzamuitirwi mundevo yechiito sezvingaitwa nemidzi chaiyo sokuti /-mu-rov-mwana/,mudzi chaiwo, asi mudzi wechiitogama/  
-iri/ haungabatanidzwi nechiratidzamuitirwi sezvizvi.

\*/-ku-ri kufamba/ izvi havirevi chinhu kuda kuisa chiratidzamuitirwi chezadzisandevo yemupanda[15]

- (iii) Midzi iyi haidzokororwe sezvingaitwa mudzi chaiwo sezvizvi  
-rov-rov- (mudzi chaiwo)  
\*-nzi-nzi mudzi wechiitogama  
\*-ti-ti- (mudzi wechiitogama)  
-famb-famb- (mudzi chaiwo)

Hazvirevi chinhu kuti/-ti-ti/ kana ukada kudzokorora mudzi wechiitogama.

- (iv) Midzi yezviitogama mizhinji hairebeswe, asi yechiito chaicho inogona kurebeswa \*/-na-is-/ hazvirevi chinhu ukaisa rebeso yenyanyiso pamudzi wechiitogama sezvingaitwa pamudzi chaiwo-tamb-is-/

**Chikamu F:**

b) **Ndevo dzezviitogama**

Sezvatangoonawo pamidzi yezviitogama, Ndevo Dzezviitogama dzinosiyanawo neNdevo Dzezviito chaidzo.

- (i) Ndevo dzezviitogama hadzibanidzwi nezadzisandevo dzinobatanidzirwa nendevu dzezviito chaizvo sokuti/-rov—mwana neshamhu/ndevo yechiito chaicho. Hazvirevizve chinhu kuti, \*/-nyats-mwana neshamhu/
- (ii) Hadzibanidzirwi netsigisandevo  
\*/-yerek-neshamhu/asi ndevo dzechiito chaicho dzinogona/-famb-netsoka/
- (iii) Kuti dziombe zvirevo dzinotofanira kuva nezadzisandevo.
- (iv) Zvikwata zveimwe midzi chaiyo hazvinei nemhando dzezadzisandevo dzinozvitevera, asi ndevo dzezviitogama dzinoiswawo muzvikwata zvinoenderana nezadzisandevo dzazvo.

Kune mhando nhanhatu dzezadzisandevo dzinoshanda nemidzi yezviitogama sezvichabuda pazasi

- (a) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo ine chiito chine donzvo rekuita  
-ri kutora mari kubhengi  
-fum-kubata jongwe muromo  
-wanz-kusvika pano  
-ti kudyu  
-va kuenda kumba
- (b) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo ine chiito chine donzvo rekuita asi chiito chacho chakadimurirwa  
-kar- (-o)-netsa-  
-fan- (-o)-bika sadza  
-gar- (-o-) enda kumba.
- (c) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo ine chiito chine donzvo rezvakanga zvichiitika  
-nga ndichiuya  
-ti achidya  
-nge ndichifamba
- (d) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo ine chiito chine donzvo rezvakanga zvichiitika  
Zvakasarudzika  
-pot- achirara musango  
-bvir- ndichiri mudiki
- (e) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo ine chiito chine donzvo rechishuvo

-ti, irume mwana

-ti atize

-nzi ndisvetuke

-dzimar-akotsire

(f) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo inenge iri ndevo yechizita ine chiwedzerwa chechindori

-va ndidzo dzakanaka

-nge ndizvo zvakataurwa

-sak- ndini

(g) Ndevo dzezviitogama dzine zadzisandevo inenge iri ndevo yenyauzosingwi

-ti bvu pasi

-nzi ndure nemago

-ti fora kumhanya

(c) **Mibvunzo**

1. Tsanangura siyano iripo pakati pemidzi yezviitogama nemidzi chaiyo [20]

2. Ndeipi siyano iripo pakati pendevo dzezviitogama nendevo dzezviito chaidzo. Ipa mienzaniso inonyatsoburitsa kusiyana uku [20]

3. Nyatsoongorora midzi iyi yezvitogama ugoiisa muzvikwata zvayo zviviri [20]

-fan-

-san-

-gar-

-ti

-sak-

-iva

-swer-

-bv-

-kar-

-bang-

-ramb-

-ngun-

-bvir-

-dayi

-ng-

-svik-

-dzok-

-pot-

-fum-

-nyats-

-wan-

4. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi

(i) Murume anzi supfu nemukadzi wake?

(ii) Mwana wenyu ari kutora kosi yeyi kuNamibia?

(iii) Timu yake inenge ndiyo yakundwa pamutambo uye



- (iv) Ati ngavamumirire pagomo rechidzura masikati
- (v) Shingirira dzamara mukohwe zvirimwa zvenyu
- (vi) Afanosungira mbudzi ndisati ndauya
- (vii) Musapote muchimedza zvamunenenge matsengera vana
- (viii) Anenge musikana akamedza mabhii zvikuru
- (a) Nyora ndevo dzezviitogama dzose dziri muzvirevo izvi uchipatsanura mudzi wechiitogama kubva kuzadzisandevo [10]
- (b) Doma mhando yezadzisandevo imwe neimwe yawanyora mu(a) [10]

## CHITSAUKO 7: MUTAURO

### **Chikamu A: Mazitaumbiridzwa**

Iyi imwe mhando yemazita. Chinoita kuti rinzi izitaumbiridzwa chimiro chedzitsi kana tabvisa chivakashure. Dzitsi rezitaumbiridzwa harizokodzeri kunzi “dzitsi rezita.” Chinonzi “dzitsi rezita” chaicho chivakazwi chimwe chete semienzaniso inotevera: /-rume/, /-kadzi/, /-nhu/, /-komana/, /-sikana/, /-soro/ mazitaumbiridzwa ane maumbirwo maviri:

- (a) Chivakashure chezita +Dzitsi rine zvivakazwi zviviri kana kudarika  
Mu-    +-nhukadzi
- (b) Chivakashure chezita + Nyaudzosingwi  
Chi-                            +-shwe  
ø-                                +-pfocho

Iyi mhando ine zvivakazwi zviviri (chivakashure nenyaudzosingwi) asi mazita aya anongovawo mazitaumbiridzwa nokuti ane dzitsibonga. Tichiti “dzitsibonga” tiri kupa pfungwa yokuti ndevosiri iri kushanda sedzitsi apa inoda kunyatsoongororwa kuti zvii zvakaimba. Zvimwe zvivakazwi, dzimwe dzinenge dziri ndevo, ndevo dzine zviwedzera, kana ndevobonga. Basa guru pakunzwisisa zitaumbiridzwa riri pakuziva zvakaumba dzitsi, uchitanga nezvikuru zvacho. Napapfupi tingati maumbirwo emazitaumbiridzwa ndeanotevera:

Chivakashure chezita + Dzitsibonga

### **Marudzi emazitaumbiridzwa**

- (a) Chivakashure chezita + Nyaudzosingwi  
Chi-                            +-shwe                    (chishwe)

Mu- +svuu (musvuu)

- b) Chivakashure chezita + Ndevo yenyauzosingwi  
mu- + -svuu ganda (musvuuganda)  
∅- + -chauya bu (chauyabu)  
∅- + -Mashangu rapata (Mashangurapata)

Cherechedzo: Kana ukashandisa ruzivo rwako rwenhurikidzwa yenyauzosingwi uchaona kuti zvinobvira kuti zvinzi mhando mbiri inongova mhando imwe.

- c) Chivakashure chezita + dzitsi rezita +dzitsi rezita  
mu- +-nhu- +-rume  
mu- + -ana- +-komana

- d) Zvivakashure zviviri (kana kupfuura) zvemazita +Dzitsi rezita  
mu-mu- +-sha  
pa-ka-chi-mu- +-sha

- e) Zita + zita  
∅--nanga-N-kadzi (n'angahadzi)

Chivakashure chezita + Ndevo yezvizita

- ∅-- +-gura jena (Gurajena 1a)  
∅-- +-musoro wegomo (Musorowegomo 1a)
- g) Chivakashure chezita + Ndevobonga yezvizita  
∅- +-bere idzvene (Bereidzvene 1a)  
∅- +-pabviwa ipfumvu (Pabviwaipfumvu 1a)
- h) Chivakashure chezita +Ndevo yechiito ine zviwedzerwa  
Chi- + -rim-o  
Zvi- + -gar-o  
∅- + -furira-mudenga (furiramudenga)  
∅- + -dy-a matovo (chidyamatovo)
- i) Chivakashure chezita + Ndevobonga yechiito  
∅- +-nhamo-inesu (Nhamoinesu 1a)  
∅- +-nyika-yaramba (Nyikayaramba 1a)  
∅- +-Sekai (Sekai 1a)
- ii) Chivakashure chezita + Chirevo chechiito  
∅- +-kanda-wasvika (Kandawasvika 1a)

-Kanda- ndevobongasimboti  
-Wasvika- ndevobongatsigiri.

## **CHITSAUKO 8: UVARANOMWE**

### **Chikamu A: Uvaranomwe hwechinyakare**

#### **UYAVAYA HWENDURI DZECHINYAKARE**

**J. HAASBROEK (Ed) (MAMBO PRESS)**

#### **ZVINGANGWA ZVECHITSAUKO**

Paanopedza kudziidza chitsauko chino, mudzidzi anotarisirwa kunge:

- a) Ave kuziva mhando dzenhetembo dziri mubhuku iri.
- b) Ave kukwanisa kuongorora nhetembo dzemhando dzakasiyana-siyana, achitarisa pfungwa huru nezvidavado.

#### **MHANDO DZENHETEMBO DZIRI MUBHUKU IRI**

Mupepeti, J. Haasbroek, akaisa nhetembo muzvikamu, achiti chikamu choga choga nemhando yacho, sokudai:

1. Uya tidetembe
2. Mutsinhirano wetsumo
3. Nhango
4. Zvirairwa/zvierwa
5. Kuchingamidza/kutenda
6. Nyaradzo/detembedzo
7. Musumo

8. Rufu/chemo
9. Mukwerere
10. Dzorudo
11. Madanha mugudza

### 1) **UYA TIDETEMBE**

Muchikamu ichi mune nhetembo nhatu dzokukoka, kutuma nokukurudzira vananyanduri vatsva kuti vanyore nhetembo dzepasichigare.

#### **Zvinobuda Madziri**

- a) Yeuchidzo yokuti mumwe nyanduri wekutanga, Chivaura, paakafa, pakashaya vakasusukidza mberi basa rokunyora nhetembo raakanga atanga. Muna Haasbroek, zvinonzi,

*“Uya tivhukunure rurimi rwakafusirwa  
Rwakanzi njo-o parufu rwaVaChivaura”.*

- b) Kurudziro yekuti vabatane kunyora nhetembo, dzirege kurova.

*“Rurimi rwotandadza semhodzi  
Mutinhimira wangoti nho – o  
Isu maziso takangoti dzvutu  
Sevanhu vaputa mbanje”.* (p. 38)

- c) Kurudziro yekuti vashandise ruzivo rwavainarwo pakunyora nhetembo,

*“Nokuti nhovo nepfumo tinazvo* (p. 39)

- d) Yambiro yokuti kunyora kwacho kunotoda kuitwa nokuchimbizika,

*“Chinono chinengwe”.* (p. 38, 40, 41)

- e) Kuti mukana uripo unofanira kushandiswa izvozvi,

*“Nguva ino tazarurirwa  
Kuitsvedusa hwava utera”.* (p. 40)

- f) Kurudziro yekuti kunyora kwacho kunoda kutoitwa nevakawanda kuti zvifambe,

*“Chiuya titsvete misoro pamwe senjiva  
Tiujjane wedu mutauro waamai.* (p. 41)

#### **ZVIDAVADO ZVAKASHANDISWA**

- Mazitaumbiridzwa,  
Sokuti mudapurawanazva (p.38)

- Dzokororo yepfungwa nemazwi akasiyana  
Sokuti *tiite chigwirangwe*  
*Tiite muonerapamwe* (p.38)
  
- Tsumo, sokuti
  - Vakuru vakati ukama igasva hunozadziiswa nomusuva.
  - Nyoka huru haizvirume (p. 40)
  - Chinono chinengwe (p. 38), (p 40)
  
- Fananidzo, sokuti
  - Rurimi rwotandadza semhodzi (p. 38)
  - Chiuya titsvete misoro pamwe senjiva (p. 41)
  
- Nhevedzano yenyaudzosingwi, sokuti  
Mutinhimira wenhetembo wangoti nho – o  
Isu maziso takangoti dzvutu (p. 38)
  
- Enzaniso, sokuti  
Nokuti nhovo nepfumo tinazvo (p. 39)
  
- Chikuwo, sokuti
  - Chinono chinengwe Haasbroek! (p. 38)
  - Chaputika chaibva sahwira we – e! (p. 42)
  
- Mazitadunhururwa, sokuti
  - Mukonomuzezewa (p. 41)
  - Mukoranezvinopisa (p. 41)

## 2) **MUTSINHIRANO WETSUMO**

Nhetembo mbiri dziri muchikamu chino dzakaumbwa netsumo chete. Tsumo pachadzo induri duku dzamagamuchidzanwa dzinoteukira neutsome hunova kudya kwepfungwa. Somuna, *Gore raMugabe reshanduko muZimbabwe*, naTicha Jongwe hanzi:

*“kare haagari ari kare  
Pasi mupindu panopinduka  
Nhasi haasiri mangwana”*,

Zvichingodaro vachiburitsa zvegore reshanduko kuburikidza netsumo.

### **ZVINOBUA MUNHETEMBO DZETSUMO IDZI**

- a) Dzidziso
- b) Yambiro
- c) Tsiudzo
- d) Chokwadi choupenyu chinopa simbiso nekuruziro.

### **ZVIDAVADO ZVINOSHANDISWA**

- Hochekeche/nhodzano yamazwi mumitsara, sokuti  
Ane chake haareveteke  
Ane chake ndihombarume (p. 46)
- Nhodzano/dzokororo yepfungwa mumitsara miviri inotevedzana, sokuti  
Mwana anoudzwa odzoka  
Riudze kana rodzoka (p. 47)
- Mhesano yepfungwa mumitsara miviri inotevedzana, sokuti  
Kure ndekwemakumbo  
Kwemoyo unofa wasvika (p. 55)
- Mazitaumbiridzwa, sokuti  
Mhoro VaMuchavhaira!  
Mangwana tichazoti kwaziwai VaNyama! (p. 55)
- Enzaniso, sokuti  
Mudzimu ishiri  
Kutukwa unobhururuka (p. 58)
- Mibvunzonhando, sokuti  
Hushingii mweni kusarira muniro? (p. 53)
- Zvikuwo, sokuti  
Ona ichi!  
Kuva vaviri (p. 66)

### **3) NHANGO**

Idzi inhetembo dzekurayira, dzekukurudzira maitiro akanaka kuvanhu vakasiyana-siyana. Dzinopa mazano ekuita zvaunotarisirwa kuita, zvinoremekedzeka, zvichibva nokuti uri papi. Nokudaro, dzinozivikanwazve senhango dzekurayira. Madetembedzo okurayira aya,

muchikamu chino aiiwa nemadzisekuru kuvazukurukomana, onzi nhango dzepadare. Vakomana nevanhurume, vaidzidziswa maererano noupenyu hwemunhurume, sokuti kuvhima, kurima, barika, kurwa, ungwaru mukutonga mhosva, kubata vakadzi nekuyambirwa kuti vachenjerere zvinhu zvinouraya.

Hedzinoi nhetembo dziri muchikamu chino, vacho vanorayirwa nerayiro dzacho.

a) Nyatsotenyama Zinyoka riri padyo

- Mujaha abata mukadzi wemunhu chibharo
  - Kuti mujaya akabata chibharo anotongwa nedare
  - Kutiwo mukadzi asaise munhurume pachiyedzo. Hanzi, “adenha mago ati amurume”.

b) Inga makanyadzwa

- Samusha ane imba yatsva vana vareremo
  - Kukurudzira samusha kuti anotarisirwa kunorapisa vana nekupfirira imba patsva.

c) Kutsva kwendebvu tinodzimirana

- Varume vari kukumbidzana fodya
  - Kukurudzira kuti vanhu vabatsirane pane madzudzo anenge awira umwe neumwe.

d) Sekuru Godobori

- Samusha ane muroora mutsva muroyi.
  - Kudzidzisa samusha kuti afambire zvemusha kunyanya kana mumusha maita nhengo itsva.

e) Nzara yaruma

- Samusha vari kushuzhira mhuri yapinda nzara.
  - Kukurudzira samusha kuti anotarisirwa kutsvagira mhuri kudya kunyange nemunzara mose

f) Mamuko

- Samusha asvika nepana vari kushanda mumunda otanga kuchema-chema nezvemvura yanonoka kuturuka, yakonzera nzara.
  - Kukurudzira kuti vatongoshanda chete, kunyange vanhu vakaseka: apunyaira haashayi misodzi.

g) Nasahwira

- Baba vane mwana akauraya munhu akatongerwa rufu vakati zvapera, asi mupondwi ave kupfuka.

- Kudziidzisa kuti ngozi inopera nekuripwa, nokudaro anotarisirwa kundobvunzira kuti azvigadzirise.
- h) Sekuru munondipa muchindipokonyorera
- Muzukuru ari kudyisirwa munda nemadzisekuru ake.
    - Kudziidziswa kuti nyangwe ari madzisekuru, anoendeswa padare kuti vasazozviitazve.
- i) Tokumbirawo mapfihwa
- Samusha asvikirwa nasamutume achitsvagawo kuwana.
    - Samusha anokurudzirwa kutambira samutume nekuparidzawo shoko kune veukama hwake kuti vazoonerana pamwe.
    - Samutume kuti asanete chero akanzi aende nokudzoka, kusvika zvafamba.
- j) Tivirimewo changamire
- Murume awanikidza mukadzi nechikomba
    - Kukurudzira kuti muridzi wemukadzi aende kunomhan'ara nyaya yake kudare aine umbowo, kwete kuzvitongera.
- k) Usazvipamha, Musoni
- Chikomba chiri kutongwa padare.
    - Kutu chikomba chiripe muridzi wemukadzi, zvese nedare, kuti chisazozvipamha.
- l) Titambire Shumba Jichidza
- Munin'ina auya kuzoshanyira mukoma nemuramu wake mushure menguva ndefu.
    - Kufundisa babamunini kuti vanotarisirwa kuvhakachira mukoma nemhuri nguva nenguva.
- m) Dzehope Shumba Jichidza
- Mweni ari kukwazisana namambo
    - Vatungamiri vanofanira kusvikika nomunhu wose zvake, vachitovaratidzawo kuti vanongova vanhuwo
    - Mweni washe anofanira kuziva masvikire aanoita pana mambo, akazvininipisa.

## ZVIDAVADO

- i) Hurukuro, sokuti
- A: Chiizve, nhai sahwira?
- B: Ndofa ndakasasikwa, Madyira (p.85)



- ii) Kushandiswa kwemitupo nezvidao, sokuti  
Tigamuchire Chasura  
Muchigamuchireiko Murambwi? (p.73)
- iii) Mibvunzonhando, sokuti  
Takambosisvika muna kukadzi pasina donhwe? (p. 80)
- iv) Zvikuwo, sokuti  
Mukadzi wemunhu here! (p. 69)
- v) Mazitaumbiridzwa, sokuti  
Vari kunyikadzimu vanenge vatifuratira (p. 80)
- vi) Pfekedzaunhu, sokuti  
kwaMuza nzara yave kuridza mupururu (p. 80)
- vii) Kudimikira, sokuti  
Isu dura takaisa mutsvairo zuro (p. 79)
- viii) Tsumo, sokuti  
Mbudzi yazvarira pavanhu  
Shumba  
Yati nditandwe imbwa (p. 79)
- ix) Mutauro wekupika, sokuti  
Babangu Gumbo we-e! (p. 71)
- x) Mazwi okurerutsa/Pfavisamukanwa, sokuti  
Ndopandakati ndirase mvura (p. 69)
- xi) Nhevedzano yemibvunzo, sokuti  
Ko, chaibuda napai?  
Ko, waibudisa ndiani? (p. 70)
- xii) Hokamuteereri, sokuti  
Vashumizve – e!  
Nhai, madyirapazhe! (p. 80)

- xiii) Nhamatidzwa, sokuti  
 A: Nhambo ngani mondipazve chinzvimbochi  
 B: Nokuvimba newezve, muzukuru (p. 87)
- xiv) Fananidzo, sokuti  
 Handingamunakuriri kure  
 Segonye rine vunye (p. 90)
- xv) Nhevedzano yenyaudzosingwi, sokuti  
 Kana nembwa zvayo inoti hwu  
 Ndoti pasuo go go! (p. 92)
- xvi) Maitiro okuombera, sokuti  
 Bu bu bu! (p. 72, 74, 77, 91)

**Cherechedzo:** tsanangudzo yezvidavado izvi inoenderana nenhetembo inenge ichiongororwa. Uye zvidavado izvi zvadomewa handizvo zvoga. Uku kungotaridza kuti nhetembo idzi dzine zvidavado zvakawanda chose. Chinodiwa kukwanisa kutsanangura zvinojekeswa nezvidavado izvi, uye kukodzera kwazvo pazvinenge zvashandiswa.

#### 4) **ZVIRAYIRWA/ZVIYERWA**

Chikamu chino chine nhetembo dzine basa rokurayira, kudzidzisa, kuyambira kana kudzora nekupinguudza vaye vanenge vorasa gwara. Dzaive dzakakosha nokuti mukati madzo maive nezvishinji zvinhu zvine chokuita neunhu hwemunhu wese kuti agove munhu pakati pevanhu. Dzaitwa namadzisekuru, madzimbuya, madzitate, vakoma kuvanun'una, madzisahwira kumadzisahwira, uye shamwari kune shamwari dzadzo.

Zvino hedzinoi nhetembo dziri muchikamu chino, vanorayirwa madziri, uye zvavanorayirwa.

##### a) **Zvaunoona muzukuru**

- Muzukurukomana ari kurayirwa nasekuru
  - Kuti ateerere mhangwa
  - Kuti nyika yave kuita vanhu nhapwa
  - Kuti yave kuda munhu anorwisa, saka ashingirire kukunda miedzo.

##### b) **Kurauone**

- Muzukurukomana ari kurayirwa nasekuru vakwegura
  - Kuti aone kuti pasi mupindu.
  - Kuti pakaoa kugara nokudaro panoda kushinga kuti urarame.

c) **Ini ndaenda mwana**

- Mwanakomana ari kurayirwa nababa vave kufa.
  - Kuti ave kutora chijanha cheubaba.
  - Kuti achengetedze tsika dzababa.
  - Kuti achenjerere Mashoko evanhu.
  - Kuti abatane nevamwe vana.
  - Kuti agamuchire vanopotera kwaari.
  - Kuti agaroziva kuti hapashaikve vanomutadzira.
  - Kuti vanofa nomufaro, kana ataridza ushingi.

d) **Ndikurume nzeve muzukuru**

- Muzukurukomana ari kurayiwa nasekuru.
  - Kuti azvibate panyaya dzebonda
  - Kuti akawana asaite gumbo mumba gumbo panze.
  - Kuti panevematongo paari kumaira pavarimi pakanaka abve aroora.
  - Kuti akarooro pavarombo zvinoitisa nhamo .
  - Kuti aita zvakanaka kusiya muroyi aive akaipa waainge ofambidzana naye.

e) **Geza mabori**

- Muzukurukomana anorayirwa nasekuru
  - Kuti atsvake mumwe musikana kana arambwa nemumwe nokuti zvinoitika.
  - Kuti vachazoseka musikana zvasvata kwaakaenda
  - Kuti achitsvaga vematongo, vakatsiga zvingatomufambira zvakanaka.
  - Kuti atotsvaka nokuti musikana haatsvagi mukomana.
  - Kuti zvimwe anyepewo kuti adiwe achishandisa tsumo.
  - Kuti asazeza kwekuwana pfuma sezvo aine chipanda.
  - Kuti vanodawo muroora anovapa mvura yokugeza, kuvabatidzira moto nokuvaberekera vazukuru.

f) **Chiteerera mwana wehazvanzi**

- Muzukurusikana ari kurayirwa navatete.
  - Kuti zvaave mhandare yava kuda kuroorwa achengetedze umhandara hwake akashinga, kuti azove amai vemba vanoremekedzeka.
  - Kuti aremekedze vamwene sezvo vari mai, vanopfugamirwa nekumutswa, kutaridza kuti akarayirwa.
  - Kuti zvaari mukadzi ahandire musha, kwete kukwirirwa nezuva avete, asina kudziisira murume mvura yekugeza.
  - Kuti asaite makuhwa munharaunda, asi kuti aite nyaya nomurume mumba.
  - Kuti awirwa nemiedzo mumba atirire, kuti vagokanda mapfumo pasi, vomukudza zvinodadisa vemhuri yokwake.
  - Kuti asaparidze bopoto remumba kune vabanzi.

- Kuti achengetedzwe nemidzimu ari kuvarume vake.

**g) Guhwa imunzamusha**

- Muzukurusikana awanikwa ari kurayiwa nambuya.
  - Kuti ive imba yakasimba isina makuhwa, nokuti guhwa rinopunza musha.
  - Kuti vakauya vemakuhwa iye asavadavire.
  - Kuti asashamure hapwa kuvabanzi.
  - Kuti asareve chero ari kure nokuti achazvinzwa.
  - Kuti asatevedzere chakaipa nokuti chaitwa nevamwe.
  - Kuti asaparidzire chose chaanzwa.

**h) Mupofomadze nerwako rudo**

- Muzukurusikana ari kurayirwa navatete.
  - Kuti akanyengwa pakanaka, saka asanyengedzwe nevamwe vakomana.
  - Kuti arezve mukomana wake achimupuruzira, asi asabvume kugarwa mbabvu.
  - Kuti afarire nokubata mukomana wake zvakanaka, kuti asaonazve vamwe vasikana vangamukwezva.

**i) Hoyu mukadzi wenyu**

- Varoori vari kupihwa mukadzi wavo vachirayirwa
  - Kuti vachengete mukadzi zvakanaka, kana zvaramba vomudzosa zvavo.
  - Kuti ane chinu, kana vachiputsa vanoripa chotsiviwa, uye kana afa vanochidzosa.
  - Kuti kana ariye aputsa hachiripwe, anongopiwa chimwe.
  - Kuti kana muroora apa mvura anotora mafuta omuchinu opa baba namai vozora.
  - Kuti apuwa imba yake anozozora murume mafuta omuchinu.
  - Kuti apote achiwedzera mafuta paanenge aasvina.
  - Kuti chinu chinongochengetwa kunyange chisina mafuta nokuti ndicho chinopa unhu hwemukadzi.

**j) Zviera**

- Muzukurukomana ari kurayirwa nasekuru.
  - Kuti zvinoera kugara mumugwagwa, zvinoitisa maronda.
  - Kuti padziva hapatambirwi, unotorwa mumvuri nengwena, iwe wouteveramo wodyiwa.
  - Kuti mazai haadyiwi nepwere, anoitisa buka.
  - Kuti padota hapatambirwi, panoitisa mhezi.

**k) Tsigisa hana**

- Muzukurukomana ari kurayiwa nasekuru.
  - Kuti atsige aite unhu hwakanaka kuti ave nechimiro pane vamwe.
  - Kuti arege runyenganyenga.

- Kuti atange akura ozoti iota zvevakadzi.

**l) Pana mutemarungu**

- Pane tsananguro yekugadzwa kwamambo wavaDamba.
  - Musarudzi aigadzwa padanda riri mudziva akabata bvudzi kuruboshwe noupfu kurudyi.
  - Pakuridzwa kwengoma nevazukuru, munhu aipunzikira mumvura.
  - Kana ainge akanaka aizoonekwa agara padanda riye bvudzi neupfu zvakangooma.
  - Kana ainge akashata aingofiramo vanhu vozoona mvura yatsvuka neropa.
  - Kana abuda vaiombera nokupururudza vachichingamidza mambo mutsva.

**m) Nhaka youshe**

- Ishe ari kugadzwa achirayirwa nasekuru.
  - Kuti ushe hwakaoma hunoda kutosimba.
  - Kuti atonge zvine umhare achitsvaga ungaru kune vamwe.
  - Kuti apangwe zano aine rake, uye kuti arwise mhandu.
  - Kuti asaite ruvengo nevaranda nehama.
  - Kuti agare akabatana nemidzimu kuti kutonga kumurerukire achiremekedzwa nevari pasi.

**n) Zvaitwa Mhazi**

- Ishe ari kupembedzwa kuti atora ushe, ari kurayiwa.
  - Kuti adzorera ushe kuimba huru youshe.
  - Kuti atonge nungwaru hunogokwa kuna vamwe.

**o) Hero ivhu rako Gutu**

- Ishe ari kugadzwa ushe ari kurayiwa.
  - Kuti ashinge, abatisise nyika sezvo ava baba wevanhu vose, kunyanya varombo kwete kuchengeta vapfumi voga.
  - Kuti achengete nherera nezvirema.
  - Kuti aite mwoyomurefu nezvakaipa zvaanoitirwa.
  - Kuti achengete nyika nguva dzose zvine ungaru neushingi hwekurwisa mhandu nezvimwe zvinetso .
  - Kuti azvipire kufira mhuri.
  - Kuti asadade kuti zvose zviru munyika ndezvake.
  - Kuti abatane nevadzimu nokuti ndivo varidzi venyika.
  - Kuti asavenga vari pasi pake.
  - Kuti aterere mhangwa idzi abve adziita.

**p) Kwaziwai Changamire**

- Mambo ari kukwaziswa achishuvirwa izvi;

- Kuti awedzerwe makomborero, emutauri, emupanguri wengoma, neaMwari.
- Kuti awedzerwe makore okurarama kuti ararame kusvika abve zera.

q) **VaManwa**

- Kutenda nokurumbidza Mambo
  - Kuti akakurira mhandu ari oga.
  - Kuti akabvuma kuchengeta vanhu vakasiyana-siyana.
  - Kuti akashandisa njere pakuroodza vanasikana.
  - Kuti avake ukama nemamwe madzishe.

r) **Ndiwe zibaba rerudzi**

- Mambo ari kuyeuchidzwa basa rake guru semutungamiri wevanhu.
  - Kuti arwise vapambi venyika noushingi.
  - Kuti adyidzane nevekwake.
  - Kuti abate munhu wese semunhu, achigashira vose nemaoko maviri, uye kunzwa zvichemo zvavo.
  - Kuti achengetedze mbiri yakare.

**ZVIDAVADO**

- i) Mutauro une donzvo rokutuma, sokuti  
Vana vanyamunhu musaparadzana  
Yandasiya pfuma musaputsa-putsa (p. 106)
- ii) Tsumo, sokuti  
Muromo uyu zvawakadai chipako  
Chokuhwanda nacho (p. 110)
- iii) Chivakashure chokudukupisa, sokuti  
Tundebvu twake tuyu tupuruzire uchisekenyedza (p. 113)
- iv) Hokamuteereri, sokuti  
Maoneri, mwana womwana wangu (p. 111)
- v) Nhapamazwi, sokuti  
“Ko, madokotsira sei mukweguru?” (p. 110)
- vi) Kudimikira, sokuti  
Usarega ichi chawakandirwa

- Chichikukurwa nemvura (p. 113)
- vii) Nhendeshure, sokuti  
 Kare kwedu zvedu tichiri majaya  
 Tichatemwa nyora dzichidzutuka ropa  
 Vakadzi nemiswe vacharwa semvumba  
 Kuzviti pwe-e waiswera wave kusingadzokwi (p. 103)
- viii) Mibvunzonhando, sokuti  
 Zvino unhu hwako huri pai? (p. 116)
- ix) Nhevedzanwa yemibvunzonhando, sokuti  
 Sahwira uri munhu rudzii asina chimiro?  
 Chimiro chinotengwa here muzukuru? (p. 116)
- x) Dzokororo yepfungwa nemazwi akasiyana, sokuti  
 Rega zvipore akabva mukutsva  
 Wokurumidza kumedza kutsenga kuchada (p. 116)
- xi) Mazwi okurerutsa/pfavisamukanwa, sokuti  
 Muguriri  
 Akagurira dzemhandu  
 Zvakasara zvava zviguri  
 Vangove varume-zita (p. 127)
- xii) Nhevedzano yetsumo, sokuti  
 Rega zvipore akabva mukutsva.  
 Wakurumidza kumedza kutsenga kuchada  
 Tati zingizi gonyera pamwe maruva enyika haaperi. (p. 116)
- xiii) Chinamatidzwa, sokuti  
 Maonei, iti tyo mwanawe (p. 112)
- xiv) Enzaniso, sokuti  
 Vakuru vakati, musikana chihambakwe (p. 113)
- xv) Fananidzo, sokuti  
 Ndizvo zvainoita nyika kutizungura senzungu murusero (p. 103)

- xvi) Nyaudzosingwi, sokuti  
Ini ndigoti dyagada (p. 112)
- xvii) Madimikira, sokuti  
Miromo isingamharwi nenhunzi  
Iwe siyana nayo (p. 110)
- xviii) Mazitaumbiridzwa, sokuti  
Kana ukada kuita rurasamupini toti takaitei? (p. 109)
- xix) Mazitadunhurirwa, sokuti  
Asi utiriri hwaMuchaneta (p. 110)

**Cherechedzo:** tsanangudzo yezvidavado izvi inoenderana nenhetembo inenge ichiongorowa. Izvi zvadomwa pano handizvo zvoga, asi kuti, kungotaridza kuti nhetembo idzi dzine zvidavado zvakanakawanda. Chakakosha pakuongorora detembo rimwe nerimwe kuwana zvidavado zviri mariri, kupa rayiro dzakatakurwa nezvidavado zvacho, uye kukodzera kwazvo.

## 5) **KUCHINGAMIDZA /KUTENDA**

Nhetembo dziri muchikamu chino dzingangonziwo nhetembo dzemitupo nemadzinza. Chinangwa chadzo ndechekurumbidza munhu ari kuchingamidzwa, kana kutenda nebasa raaita zvakanaka, kana kuti kana munhu achipemberera zvinhu zvauya nemhanza, sokuti mwana mutsva kana mweni.

### **ZVINOBUA MUNHETEMBO IDZI**

- a) Pfungwa yokutenda:
- |                         |          |
|-------------------------|----------|
| “Maita Mbano”           | (p. 133) |
| “Hevoi Moyondizvo”      | (p. 135) |
| “Hekanhi, Madyirapazhe” | (p. 159) |
- b) Mazita emamwe madzitateguru edzinza:
- |                           |          |
|---------------------------|----------|
| “Waita waCheza naBenhura” | (p. 134) |
| “Maita zvenyu SaMusapa”.  | (p. 134) |
- c) Mazita enzvimbo dzakambogarwa nedzinza iri, uko kune makuva evamwe vavo:
- |                   |          |
|-------------------|----------|
| “Vari Towe”       | (p. 135) |
| “Vari Vinga”      | (p. 156) |
| “Vari Matiringwe” | (p. 161) |



- d) Tendero yokuti vanhu vedzinza iri vane maitiro akafanana neemhuka yavanoera:  
*“Vanopona nekuba”* (p. 136)  
*“Vane mbama inodzipura nenyama”* (p. 136)
- e) Mazita ekurumbidza:  
*“Madyanevana”* (p.142)  
*“VaChipavhurire”*  
*“Chisengamago”.* (p. 161)
- f) Pfungwa yekurumbidza maitiro kana chimiro  
*“VaMufamba patinhira*  
*Vakapakata sehura dzezviyo*  
*Vanotosimudzwa negumi”.* (p. 145)
- g) Zviito zvinoshoreka/zvinyadzi  
*“Vedzoro rinenge dende”*  
*“Vakaramba kutumburwa*  
*Vachida kudyiwa namadhoti avo”* (p. 166)

### **ZVIDAVADO**

- i) Mazitaumbiridzwa, sokuti  
*VaChireranherera* (p. 162)  
*Mutakuranzunza* (p. 163)
- ii) Mazitadunhurirwa, sokuti  
*Madyirapazhe* (p. 159)  
*Mushayachirashwa* (p. 155)
- iii) Mibvunzonhando, sokuti  
*Ndozvionerwa naniko?* (p. 156)
- iv) Nhevedzano yemibvunzonhando, sokuti  
*Hamusimi here imi makadambura ibwe?*  
*Hamusini here vaya vakadambura ibwe?*  
*Hamusini makapera nendarikure muDzimbabwe?* (p. 170)

- v) Zvituwo, sokuti  
*Hezvoka Mwenewazvo!*  
*Zvaitwa muMbire wekwaSvosve* (p. 145)
- vi) Mutorododo wezvikuwo, sokuti  
*Evo Mazvinga!*  
*Ziwewera!*  
*VokwaMuchenje!*  
*VokwaMunakirapasi!* (p. 148)
- vii) Hokamuteereri, sokuti  
*Hevoi Moyondizvo* (p. 135)
- viii) Mazwi ekurerutsa/Pfavisamukanwa, sokuti  
*Veguri rine mupunga* (p. 145)
- ix) Hochekoche yekumavambo, sokuti  
*Vari Musapa*  
*Vari Mburwi*  
*Vari Durwi*  
*Vari Mharamasimbe*  
*Vari Banninga*  
*Vari kumiuyu misere* (p. 134)
- x) Fananidzo, sokuti  
*Mune mavara anenge eshato* (p. 133)  
*Kutizira hunge kudyara nyimo*
- xi) Dzokororo yepfungwa nemashoko akasiyana, sokuti  
*Haiwa, varidzi venyika*  
*Vene vavanhu* (p. 135)
- xii) Enzaniso, sokuti  
*Usavi murimi, chikove*  
*Mhezi yomumwe, muswerandakaringa* (p. 147)
- xiii) Tsumo, sokuti  
*Charova sei nhasi.*  
*Chakwidza hamba mumuti!* (p. 163)

- xiv) Maitiro ekuombera:  
*Bu bu bu* (p. 146, 171)
- xv) Maitiro ekupururudza, sokuti  
*Njiririri . . . ririri . . . riri!* (p. 150)  
*Njiririri . . . riri . . . ri!* (p. 171)  
*Ur – r – r – r – u – u – u – u !* (p. 163)
- xvi) Nhaurirano, sokuti  
 Sinyoro: Vatai  
 Veni: Takavata  
 Sinyoro: Hindei  
 Veni: Toti tasvika (p.151)

**Cherechedzo:** Tingangoti zvidavado zvemhando dzose, zvadomwa pano nezvimwe zvisina, zvinowanikwa munedzimwe mhando dzenhetembo, zvinowanikwawo munhetembo idzodzi dziri muchikamu chino chekuchingamidza nekutenda.

## 6) **NYARADZO/DETEMBEDZO**

Idzi inhetembo dzinotaridza makumbiriro evanhu pazvichemo zvavo kuvadzimu maererano nekurwadzwa, kana kuchengetedzwa, sezvo vachidavira kuti midzimu ndiyo nharirire yevapenyu. Vanotaridza kutenda kwavo mukunyaradzwa nemukuchengetedzwa kwavo.

### **ZVINOBUA MADZIRI**

- a) Kukumbira kuti midzimu ivabatsire kunyaradza vana kubudikidza nekunyaradza mwana kuchishandiswa zvikamu zvedetembo redzinza ravo. Mudetembo, *Nyararai Tembo*, mucheche anotonzi,

“Nyararai Tembo  
 Chinyararai Mbizi  
 . . . . . “

Muna, *Dzorai Mwoyo Save*, munonzi

“Mati taita Seiko, nhai Dziva

. . . .  
 Musativhundutsira Muzikani

. . . .  
 Nyararai, Muzikani wokwaRusere”.

- b) Kukwazisa munhu kuchishandiswa nhetembo yedzinza. Muna, *Hevo Murehwa*, munonzi  
 “Mhoroizve VaChibatebate!

Vakasema usimbe neutsvina  
VaMudyazvokupambara”.

- c) Kukumikidza mwanarume ave kutama pamusha pevabereki achienda pake, mumaoko evadzimu, kuti varambe vakamuchengetedza. Muna, Rayai Jechana Renyu, munonzi:  
“Muvhenekerei mwana wenyu  
Dzive dzakapfumba nzira dzaanofamba  
.....  
Vanayisi vemvura  
Inayewo mune dzake ndima  
Agutewo savamwe”.
- d) Kukumikidza mufambi mumaoko emidzimu kuti adzivirirwe mumatambudziko angangoda kumuwira, uye kuti agokunda muchifambiro chake. Muna, Chitsva Chiri Murutsoka zvinonzi,  
“Chichengetai nyana renyu iro  
Musango muna vabapatyuro  
Asi ainemi hapana chinouya”.
- e) Kukumbira midzimu kuti iitise mushave wekuvhima kuti aite sakare, abate, asadzokera kumba asina chaainacho. Muna, Tizarurirei Masango, zvakanzi,  
“Chipo chiyazve Shambamuto  
.....  
Rokuvhima ishave roumhare  
Zvirambe zvakadaro Masarirambi  
Chitizarurirai masango  
Tirege kudzoka takangobata maoko!”
- f) Kukokera doro kuvanhu vakasiyana-siyana. Muna, Ngome munonzi,  
“Ngome pano paMbija – na!  
Iwe Matowe udza Chimhururu  
Chimhururu svitsa shoko kuna Mavhenyengwa”.

### **ZVIDAVADO**

- i) Nhevedzano yenyaudzosingwi, sokuti  
Svu svu!  
Svu svu svu- u! (p. 181)
- ii) Mazitadunhurirwa, sokuti  
VaChibatebate (p. 183)

- iii) Mazitaumbiridzwa, sokuti  
Mudyahandikori (p. 183)
- iv) Nhevedzano yezvikuwo, sokuti  
Ngome ngo – ome!  
Ngome - e!  
Ngome pano paMbija – ana! (p. 189)
- v) Kudimikira, sokuti  
Chitizarurirai masango (p.188)
- vi) Maganzo, sokuti  
Riri pano rinopucha musoro  
Ihora chandiyo (p. 189)
- vii) Nhevedzano yemibvunzonhando, sokuti  
Mati toita Seiko, nhai Dziva?  
Kunosimborehwa zvinodiwa muchichema here?  
Mati isu vanhukadzi tinozivei? (p. 182)
- viii) Hokamuteereri, sokuti  
Hevo Murehwa! (p. 183)
- ix) Nhevedzano yetsumo, sokuti  
Wati apunyaire haashayi misodzi  
Akatzive chitsva chiri murutsoka (p. 186)
- x) Tsumo, sokuti  
Makati kuwanda huuya (p. 185)
- xi) Enzaniso, sokuti  
Chichengetai nyana renyu iro (p. 187)
- xii) Zvivakashure zvinotsanangura, sokuti  
Svana svichaswera svogeza nomuto (p. 187)
- xiii) Mibvunzonhando, sokuti  
Ndaisimbotema inotiza here? (p.187)

- xiv) Madimikira, sokuti  
Riri pano rinopucha musoro (p. 189)
- xv) Hochekoche yemhesano, sokuti  
Iwe Matowe udza Chimhururu  
Chimhururu svitsa shoko kuna Mavhengengwa  
Mavhengengwa wotuma chimwana kuna Gombe  
Gombe wosimuka umene wondoudza Marowa (p. 189)
- xvi) Hochekoche yekumavambo, sokuti  
Nemi VaHamadziripi  
Nemi madzitateguru mose  
Nemi mai VaChehuva  
Nemi vatete VaMandipa  
Nemi mose vaMbiri vari Hwedza (p. 186)
- xvii) Fananidzo, sokuti  
Agutewo sevamwe (p. 185)

## 7) **MUSUMO**

Nhetembo idzi ndedzokusuma doru riri kumwiwa. Musumi wacho unotanga kuudza mudoko kateketeke, uya woudzawo unotevera, kusvikira pamukuru, unova ndiye anozodeketera. Doru iri haringosumwi namashoko chete, asi kuti, unosumwa unotanga nokupiwa mukombe wonwa, Mashoko ozotevera.

### **ZVINOBUDA MUNHETEMBO IDZI**

- a) Kuti kupira vari kutendwa kunoitwa kuchishandiswa doru, kuombera, uye mipururu.
- b) Mukupira uku munobuda mazita emadzitateguru/madzibaba neevari kupira vacho. Muna, *Haka Kamukombe Aka* munononzi  
“Hezvoka bamboo VaChirima  
Gamuchirai mukombe uyu  
Muromo uchitevera  
Mwana Manhivi wati iye. . .”
- c) Munobuda kupa rutendo pane zvakasiyana-siyana  
i) Rubatsiro rwakapiwa kana rwuchinge rwapundutsa:  
“Kaserima kaya kamakandipa  
Kandiwanira shanga yezviyo

Madzimai ndokuita magurungwa  
Zvino wati chikari ichi”  
(*Haka kamukombe aka*)

ii) Basa rashandwa kumunda, nhimbe yapera, vomusha vopuhwa pfuko yomusha:  
“Pfuko yavo mhi  
Padare dzikata”  
(*Pfuko yomusha*)

iii) Kubatsira kushanda mumunda  
Hari dzehwahwa idzi  
Tisukurudze huruva  
Yesakuro pahuro”.  
(*Ukama igasva*)

d) Panosumwa zvakasiyana-siyana

i) Kusuma usavi hwemweni:  
“Hohwu usavi, sekuru  
.....  
Vabvisa n’ombe”.  
(*Hohwu usavi*)

ii) Kusuma doro rangobikwa namai vemusha kuti ringonwiwa, muzukuru orisuma kumadzisekuru ake  
(*Mhirimo*)

iii) Kusuma gono remusha kumidzimu kuti dambudziko remvura ripere:  
“Mvura tave kungoona misodzi  
Yokumusoro yakaita museve waenda nouma  
.....  
Gono renyu ndireni”.  
(*Chengetai vanahombarume*)

iv) Kusuma vana kumidzimu isina kuvaona kuti vachengetwe  
“Mutarire nhiyo dzenyu pano pasi  
Rwisai avo vanoda kutiparadza”  
(*Kuna sekuru*)

v) Kusuma doro rokutenda kuti vakakundiswa muhondo:  
“Makatibvisa mumukanwa meshumba

Makatinunura mumabhanan'ana noubaribari  
Ndiyo hondo yakadya vazhinji"  
(*Tabuda muhondo*)

vi) Kusuma kutama kubva panzvimbo kuenda kune imwe:

“Ndati pamapango amakasiya  
Pava netsikidzi dzondishayisa hope  
Ndizvo ndati ndikusumei  
Kuti ndosuduruka”.  
(*Toshandura uvato*)

vii) Kusuma nzvimbo itsva yavave, uye kutenda kuchengetwa parwendo rwokutama:

“Rwendo takakamhina tikasvika  
Makatisesedza ndimwi  
.....  
Kusvika nhasi uno  
Taduka pachitumba chino  
Pamusasa watati tiduke”  
(*Ndipo Pataduka Pano*)

viii) Kusuma gono romusha

“Chionai zvaitwa nemwana  
Zvanzi mogara zvenyu apa”  
(*Garai napapa Gono*)

ix) Kuzvisuma kwemwana auya pamusha nemhuri yake kuzogadzirisa pane makuva, achiti vachengetwe nemadzitateguru.

“Muti hunzi nevana  
Tauya tisu  
Taona nhandare yanyangara”.  
(*Takutsikayi vari pasi*)

x) Kusuma kuchinjwa kwediramhamba pachiiswa mombe itsva inogona kurimiswa, tsaru ichiitwa usavi.

(*Diramhamba*)

xi) Kusuma mucheka wakatengwa nemwana, uyo vari kunzi vachisungunura kubva kudenda, nezviyo zvedoro rakarehwa nevadzimu.

(*Chiregedzai mwana*)



- xii) Kusuma nekutenda usavi hwawanikwa, vachikumbira kuti zvirambe zvakadaro.  
(*Nyamweda*)
- xiii) Kubvunzurudzwa kwemudzimu wasvika kuti ndiani, uye unodei, uitirwe, kovimbiswa kuzviita.  
(*Budai pachena vari muvhu*)
- xiv) Kusuma doro nefodya kumudzimu mutsva uri kuda kubuda, uri kushayisa mwana basa nekuti uri kuda kuti aite homwe yawo, saka uri kunzi uchisvika zvawo zvakana.  
(*Buda Pachena Tikutambire*)
- xv) Kusuma vana vadzingiswa paChimwenye, vatopora kuti vachichengetwa nemidzimu pavanodzokera kumisha yavo.  
(*Topfiga dzingiso Nyamukanga*)
- xvi) Kusuma mombe yenhevedzo yabviswa nemurume parufu rwemukadzi wake, vachiti mukadzi achitendawo nokutsiga.  
(*Heyo nhevedzo yako*)
- xvii) Kusuma kumufi mbudzi yabviswa nemukadzi wake semuripo wekumusema achirwara, asingamuchengeti kusvika aita honye.  
(*Shungu ngadzipere*)
- xviii) Kusuma mukadzi ari kuripiswa ngozi. Musumi ari kuti mufi azvichengetere nokuzviitira mhuri kuburikidza nomunin'ina wake achagara nomukadzi uyu  
(*Wakarwa Somurume*)
- xix) Kusuma mukuwasha mombe yetsvusbanya yekuuraya parufu rwaatezvara vake kuti vawane donhodzo. Hanzi banga ravachaibayisa rinosara pamusha apa.  
(*Tsvusbanya*)

**Cherechedzo:**

- (a) Tsigiro dzepanobuda zvarehwa munhetembo dzaiswa kubva pa(i) – (x). Dzasara kubva pa (xi) – (xix) dzinobudawo kubva munhetembo dzadomwe idzodzi dziri muna *Uyavaya hwenduri dzeChinyakare*.
- (b) Zvidavado zvinobudawo munhetembo idzi zhinji zvakangofanana nezviri mumhando dzaongorowa kumashure. Chinodiwa kuzvitsvaga mumhando iyi nemienzaniso yazvo.

## 8) RUFU/CHEMO

Nhetembo dzerufu nechemo dzinoburitsa zvinoreva rufu kuvanhu vakasiyana-siyana, zvinoitika parufu, zvinoitwa nevanhu parufu, uye zvavanofunga maererano nokuchema rufu.

### ZVINOBUA MUNHETEMBO IDZI

- a) Kana baba vomusha vorwarira kufa, vanokokorodza vana vavo vovayambira kuti kana vafa, vana vabatane pachavo munjodzi, uye nevakadzi nevana vavo.

*(Kana Mazorodze Rwagogodza)*

- b) Kana ishe akafa machinda anotambudzika

Kana munhu afa anokumikidzwa kumadzitateguru ake kuti amutambire. Kana ari she anotoenderera mberi kukumikidzwa kumhondoro nemasvikiro edunhu vachidetemba kumadzinza nhetembo dzakakodzera.

*(Nheketero parufu rwamambo)*

- c) Sahwira anodunura achitaridza kurwadziwa, uye kupererwa kwake nokufirwa nasahwira zvokukungura kuti deno vafa vose. Anenge achitoti dai arega kuita jee rakadai, nokusanzwisisa kuti saka mufi ari kunzwa sei. Anodembazve zvavaichiita vose.

*(Sahwira wangu aenda)*

- d) Kutu rufu runokonzerwa nekuda kwaMwari nemadzitateguru, kwete mufi kana umwe munhu, saka anotetererwa kumadzitateguru kuti amutambire, nekuti achengetewo vapenyu vasisina mutariri nokuti mufi aimbotarira, afa, nokudaro mufi nemadzitateguru vari kunzi vagadzirirewo vapenyu pokuzogara vafawo.

*(Tambirai mwana wenyu)*

- e) Kuchema mwana wavo wavari kuti akaurayiwa nemuzukuru wavakapa pekugara, achiurayirwa zviyo nen'ombe. Vanoti azvikaurisa nokuti ndopaaidyira, saka iye zvino hapachina. Vanokungura kuti deno vasina kubvumidza muroyi kugara navo, uye vanodemba kufawo.

*(Sara Ugarike)*

- f) Munun'una anoita matambudziko kune vehukama vakasiyana-siyana ozobvunza chakatora mukoma wake, ozopindirwa urwere hwake nekwakafambwa vachirapisa munhu, asi chirwere chakanyanyisa nhume dzikatumba kuhama dziri kure, oudzwa vakauya nevasina vaungana mufi akarayira vana vake zveмарwariro ake nekurota hama dzakafa achishambaira, zvaasingagoni, kuti aende mhiri kwadzaiveri dzichimuninira. Paakati achidzikwazisa ndokubva dzamuti atarire kwaabva, ndokuona vanhu vakaungana veukama, vachichema, Taruvona akabata tsvimbo yake. Ati avadane ndokupepuka. Anoti paanofa vabatane, uyu Taruvona achengete musha sedangwe. Anonzi abatane nevadzimu mukuchengeta mhuri. Vanonzi vasarase muzukuru Mutero, sezvo ari mukuru kuna

Taruona. Mutero anonziwo abatane nemadzisekuru ake, asi kana sekuru vabva zera ovapa zvavo, kwete kuzopamba vorwisana. Ngavarwise mhandu.

*(Kuchemana Kateketeke)*

g) Muzukuru ari kuchema sekuru achiti munhu haangofi pasina chikonzero. Anoratidza kuti vamwe vanozvipwatsa neshungu. Anonyaradza anoti kufa ndekwemunhu wose, uye aenda aenda kumusha, asi totochema mhuri yasiyiwa. Vanoti munhu anogona kufa muchingoti ndezvake zvamazuva ose, zvokuti zuro racho vasati vafa vanonzi vakatounza nhembwe kumunun'una wavo vakatomwa havo doro wose, ndokufa ramangwana nomusana wamazuva ose. Anonoratidzwa pava kavigwa vachingodembedzana kupera kuri kuita hama. Vanopodzana nokuti watorwa naMwari akaenda kumusha – kunyikadzimu. Anokanda chibwe ozvipira kune mufi. Vanoombera nokupirawo mufi kumadzitateguru ake, nekumuti achengete mhuri yake.

*(Kuchema Sekuru VaMurwira)*

h) Rufu runonzi harushare, rwatora benzi raisarara mazuva mazhinji richifamba richiimba nekutamba, richiti panosekwa rochema, panochemwa roseka. Rakazourayiwa naGumbire asina zvinoera, saka hanzi razorora risina kukura.

*(Benzi mwene waro)*

i) Rufu harunei kuti mwana izai regondo. Ukanyanya kurwadziwa hauchemi. Zviri kunzi ukafirwa nezai regondo unoshaya pokubata. Afirwa uyu anoti Ishe haana tsitsi, wokungura kuti ariye afa, asi nerimwe divi achiti Shora wake azorora, chake kwave kungotarisa vavamwe.

*(Nhasi Ndezvangu)*

j) Muzukuru ari kudemba mbuya vake vakafa, avo vaive nechipo chokudetemba. Zvino ari kuti dai waro vangomusutsawo panyaya dzokudetemba idzi.

*(Mbuya ndinokudembai)*

**Cherechedzo:** zvidavado zviri munhetembo idzi zvakangofananawo nezviri mudzimwe mhandu dzenhetembo, kusara kwekuti, pamusaka pekudemba nekungunguzika kwemudetembi, idzi nhetembo dzinowanda mibvunzonhando nenhevedzano yayo, uyewo zvikuwu nenhevedzano yazvo. Chinodiwa kutsvaga tsigiro yezvinobuda munhetembo, uye mhandu dzezvidavado zvacho nepazvinobuda munhetembo dzacho.

## 9) **MUKWERERE**

Madetembedzo aya aiiwa kumakombwe, vanhu vachireverera nokuombera. Aiiwa kana vanhu vawirwa netsaona yezuva nenzara, mvura yaramba kunaya. Saka chinangwa chokudetemba pakadai kwaiva kupira chichemo ichi kumukombe nemasvikiro emudunhu kuti

anayise mvura. Idzi nhetembo dzinopindawo muchikwata chikuru chenhetembo dzemhiramidzimu.

### **ZVINOBUDA MADZIRI**

- a) Mukuru wenzvimbo anoombera kumidzimu mikuru yedunhu, mhondoro kana kuti magombwe anonayisa mvura achibatsirwa nevanhu achiitongesa kuti sei yaregerera vanhu vachishaya mvura.
- Anoti vanhu kana paine chavakatadza ngachitaurwe chigadziriswe, ochikumbirira ruregerero.
  - Anoita izvi achisuma doro rabikirwa midzimu  
(Pasi Paoma Vakuruwe)
- b) Mudetembi ari kupira kumidzimu yeMabweadziva achikumbira mvura, achizviita pwere kumidzimu.
- Anotaurawo kuti kana paine chakatadzwa varegererwe.
  - Anotaura kuti mbeu dzatsva, zvipfuwo zvaonda, pasi popisa, uye vana vongochema nzara nenhomba.
  - Anotukirira midzimu kuti isarega vanhu vachipera yakatarisa.
  - Anoyeuchidza midzimu kuti vanhu vakapera, iyo inoshaya anoipira, uye makuva avo anoshaya mutariri.
  - Anoinyengerera achiti anovimba kuti iyo iri kutorwadziwawo nedambudziko iri.  
(Mukwerere)
- c) Midzimu yevaRozvi iri kuomberwa ichipirwa chichemo chekushayikwa kwemvura
- Doro rinopiwa nokumudiki, Musoko, onzi asumewo kune mamwe makombwe kusvika kuna Nyadenga, kuti vazive kuti vana vaita nyota  
(Donhedzai dova renyu)

Cherechedzo: zvidavado zvakashandiswa munhetembo idzi ndizvo zvimwe nezvakadomwa pane dzimwe mhando. Chinodiwa kutsvaga mienzaniso yazvo. Seyeuchidzo, pano pava kungopiwa mutorododo wemazita ezviri kuwaniwa muchikamu chino.

- i) Mibvunzonhando
- ii) Mazitadunhurirwa
- iii) Zvikuwo
- iv) Hokamuteerereri
- v) Hochekeche
- vi) Fananidzo
- vii) Enzaniso
- viii) Dzokororo yepfungwa
- ix) Tsumo
- x) Madimikira
- xi) Mazwi ekurerutsa

- xii) Zvivakashure zvekutsanangura
- xiii) Maitiro ekuombera
- xiv) Maitiro ekupururudza.

## 10) DZORUDO

Kubva munhetembo dzorudo idzi tinodzidza kuti rudo harunzwisisike, saka zvinoita vanhu murudo ndizvo zvoga zvinogona kuti titsanangure zvimwe zvatinowana munyaya dzerudo.

### ZVINOBUA MUNHETEMBO DZORUDO

#### a) Musikana wandinoda

- Kuti runotekenyedza munhu ongonzwa kufara nekunakirwa.
- Kuti parunenge rwabata munhu, haatarisi vamwezve nguva iyoyo.
- Kuti kana akanzi arwire mudiwa anosva arwa.
- Kuti anenge ongoona mudiwa wake saiye oga akanaka.
- Kuti kungogumhiwa nemudiwa kunofadza nekudekadza.

#### b) Masanga nemhandara

- Kuti kana mukomana akamisa musikana nemheterwa anomuudza kuti akanaka.
- Kuti anomuudza kuti anoda kumuroora nokuti anomuda zvakanyanya izvo anotsanangura.

#### c) Ndakarota mudiwa

- Kuti rudo runokurotesa mudiwa aine vamwe vachirezvana nokutsvodana, asi iye akamboti ndiwe woga.
- Obva kumumwe ouya kumudiwa vorezvanawo akanganwa nezveumwe uya.
- Vanotanga kunyeperana zvavachaitirana neizvo vakaitirana zvekufadzana.

#### d) Uri mushavhi chimhandara

- Kuti vakomana vanogona kupokana pamusana pemusikana wavanoda vose.
- Vamwe vanonamatira kuti vadiwe.
- Vaisageza vanotanga kugeza.
- Vamwe vanotsvaga mushonga kuti vadiwe.
- Kuti kana musikana apfuura vanosara vachimutaura.
- Kuti kana musikana anodiwa akasaonekwa vakomana vanoshaya rudekaro.

#### e) Chekamwoyo

- Kuti rudo runorwadza pamwoyo.
- Kuti rupere kurwadza, mukomana anetenge ogara nemusikana, orezvwa.
- Kuti akarezvwa anoita searasa pfungwa.
- Kuti rudo runoita muviri utsve chero kuchitonhora, hana yorova, makumbo orembuka nemaziso kuti awetsurwe, asi asinganyatsoona.
- Kuti mwoyo unyanyorwadza kana mudiwa asipo.

- f) Kunge wamuwana wemwoyo wako
- Kuti kunyange mate omudiwa haasemesi, anotonaka.
  - Kuti mudiwakadzi muchengeti wemudiwarume.
- g) Ndiye wandinoda
- Rudo runorambisa mukadzi ari kumba nevana.
  - Kuti ukaona munhu waunoda unotomedzera mate nehavi yokumuda.
- h) Wangu wepamwoyo
- Waunoda unoziva inzwi rake, munhuwi wake nemachemero ake.
  - Chero vamwe vakati akaipa, unongoona kunaka zvese pachimiro nepamaitiro ake.
  - Kuti ukanzi ichembere hauzvioni.
  - Kuti zvese zvaari nezvaanoita zvinokufadza.
  - Kuti runoita kuti utende madzitateguru emudiwa kuti akakuberekera mukadzi akanaka.
- i) Rudo
- Kuti rudo runopedzera munhu okutsanangura pamusoro pemudiwa.
  - Rudo harudi kuti mumwe azorupawo vamwe vasiri iwe.
- j) Rudo mumba
- Runoita kuti munhu ambokanganwa nhamo.
  - Kana rukaitwa sezvinodiwa zvinowanisa hope.
- k) Chiuya, mudzimai wangu, chiuya
- Rudo, kana maroorana, runopa rutsigo, kana kunyeyerwa upfunda kunopera.
  - Harudi kuteerera zvinotaurwa navanhu.
- l) Changu chibayamwoyo
- Kana rudo rwavepo runopa chikonzero chekurarama.
  - Vakomana vanozeza kutaura zverudo kuvasikana, zvokutondandama kana vazozvipira kutaura.
  - Vakomana chero vakamborasiswa vanoramboshinga kudzokera kusvika vadiwa.
- m) Chidyanamanhenga changu
- Kuti mukomana anosarudza mumwe pakati pevasikana vose, zvoita sokuti anenge asarudzirwa navadzimu.
- n) Ruva romwoyo wangu
- Kuti zvivimbiso zverudo ndezvokuti ndinofa ndinewe, handikusiyi.
  - Rudo rwechokwadi runosvika pakufa.

- o) Vengesai
  - Kuti mudiwa anenge ari mupfungwa chero paipi nguva.
  - Nyaya dzerudo ndedzekuroorana vachiita mhuri.
  
- p) Rwedu Rudo
  - Rudo runoda kushinga kuona zvakaparadza rwevamwe wozvinzvenga.
  
- q) Nhai mai Runaku
  - Murume anowedzera rudo kumukadzi kuburikidza nekumubikira zvinonaka.
  
- r) Rumbidzai ndinokuda
  - Rudo runokonesa kuvata uchifunga mudiwa.
  
- s) Zvinobudawo munhetembo dzasara
  - Usina wako vanhu vanokunyeya, uye kuya kunonetsa.
  - Mai vemukomana vanokuchidzira kuwanikwa kwemuroora.
  - Kushanda kwemukadzi kunowedzera rudo.
  - Varume nevakadzi vanoyemurana zvimiromo zvemuviri.
  - rudo runotofambirwa haruuyi rwega.
  - Chero mukuwasha akaomeserwa anoshinga kusvika aroora.
  - Rudo runonongedzerwa naMwari.
  - Rumwe rudo nderwekuti kungotarisa matodanana.
  - Mukadzi anoona rudo rwomurume kubudikidza nokuda kwaanoita vana, vabereki vavo vose, hama neshamwari.
  - Varume vanosekenyedzwawo nekudetembwa namadzimai avo .
  - Rudo runopa varume simba rokushanda mabasa akaoma.

**Cherechedzo:** zvidavado zvenhetembo dzorudo zvakafanana nezvedzimwe nhetembo, asi zvinonyanyobuda madziri zvakawanda nezvizvi: mazitaumbiridzwa nemazitadunhurirwa, enzaniso fananidzo, zvikuwo newedzeredzo. Izvi zvinodaro nokuti, rume risinganyepi hariroori.

## **11) MADANHA MUGUDZA**

Iyi imhando yenhetembo dzamadzinza, dzinoitwa navanhu vakuru vanenge varoorana. Panhetembo idzi, pane madanha anoitwa nomudzimai achikuza murume wake, kuzoita zvirevereve zvinoitwawo nomurume achirumbidza mukadzi wake. Chinangwa chenhetembo idzi ndechekukuzana nokurumbidzana vanhu vari pabonde, kuitira kuti ndima irambe

ichienderera mberi nokunakidza. Pamusoro pezvo vavariro ndeyekutendana pane basa rinenge richiitwa mumagudza imomo.

### **ZVINOBUDA MUNHETEMBO IDZI**

- a)
- Kuti mumagudza munotambirwa ngoma yokusika vana
  - Matambirwo engoma acho chaiwo anobuda.
  - Munotendanwa nenhetembo dzemadzinza.
  - Munokurudziranwa kuti zviendeke.
- b)
- Kuti ngome yamugudza kudya kunodiwa nomuviri kwavanhu vakuru, uye kunoita kuti mwoyo ugadzikane, havi yapedzwa.
  - Mushure mengoma vanhu vanovata hope dzakanaka.
- c) Kuti varume vanotendawo vachitsanangura mukadzi kuti akavakwa zvinoyevedza sei, uyu anozipa sei.
- d) Kuti vakadziwo vanopa manyemwe varume nokutenda nhengo yacho inoshanda mugudza nembeu yacho yainoburitsa, kuti vanonzwa zvakanaka nazvo.
- e) Kuti ngoma yomugudza, cherodera rinongoiridzawo.
- f) Kuti vakadzi havawanzopi munhu wese wese sikarudzi yavo.
- g) Kuti kana mbonga dzine vamwe vanogona kudzitambisa ngoma yemugudza iyi.
- h) Kuti panyaya dzemugudza idzi, varume vanongosvika pakufa vachingodziita – hapana zvekunzi vachembera.
- i) Kuti kana bhinya rinogona kudzorwa nengoma iyi yemumagudzo.
- j) Kuti madzimai anotozunguzuka kuti baba varase mbeu yavo.

### **ZVIDAVADO ZVINOSHANDISWA**

Zvidavado zvinoshandiswa zvinosanganisa zvenhando, zvose zvinowanikwa munhetembo dzokutenda. Asi semhando yenhetembo dzomumagudza, munhetembo idzi munowanzoshandiswawo bhende, uye mazwi akareruka. Chidavado chebhende chine Mashoko anoreva zvimwe, zvakasiyana nezvaanoreva mazuva ose. Izvi zvinodai nokuti zvinenge zvichataurwa zvinhu zvinganonzi zvinotsverudza kana kunyadza Mazwi okurerutsa/akapfava anoshandiswawo kutaura zvinhu zvikuru.

## **12) MIBVUNZO**

- 1) Mubhuku umu mune musanganiswa wenhetembo, nhango, zvirairwa/zvierwa, kuchingamidza/kutenda, dzorudo nedzimwewo. Pazvikamu zvose izvi ndechipi chakakutora mwoyo? Nemhaka yei? Tsanangura uchitsigira nezvinobuda mubhuku iri, Uyavaya Hwenduri DzeChinyakare.



- 2) Zvanzi nhetembo hadzina basa chairo radzinobatsira. Zvese zvinotaurwa nanyanduri zvinongotaurika zvakafanana kana kutaurika zviri nani sezvinyorwa zvenganonyorwa. Unobvumirana here nepfungwa iyi kana uchinyatsoongorora nhetembo dzeMadanha Mugudza dziri mubhuku *Uyavaya Hwenduri DzeChinyakare?*
- 3) Uchishandisa nhetembo dzinosvika shanu chete dzinobva muzvikamu zvakasiyana-siyana zviri muna *Uyavaya Hwenduri DzeChinyakare*, tsanangura kuti detembo rimwe nerimwe rinotaura nedingindira rei, uye taridza kuti dingidira racho rakakosha sei muupenyu hwavanhu.
- 4) Ndezvipi zvaungati izvi ndizvo zvinowanikwa munhetembo dzinonzi Rufu/Chemo dzakapiwa mubhuku iri *Uyavaya Hwenduri DzeChinyakare?*

## **TSIKA DZAVASHONA**

**Na Jairos M. Gombe (COLLEGE PRESS)**

### **TSIKA CHII?**

VaGombe vari kuedza kutsanangura kuti tsika mubatanidzwa wezvinhu zvakanwanda zvinoumba unhu neupenyu hwavaShona. Zvimwe zvezvinhu izvi ndezvinoti mitupo nezvidau, zvitendero, zveunamati, zvitevedzwa pakuroora, ukama, utongwi nezvimwe zvakanwanda wanda. Hanzi munhungamidzo yavo, tsika dzinogona kuiswa mumapoka maviri anoti zvinhu zvinogona kubatika namaoko kana kuonekwa nameso, kwouyawo zvinhu zviri mupfungwa dzevanhu, zvinoita kuti vaShona vatevedze kumwe kuita kwavanofunga kuti ndiko kunounza ugaro nendaramo yakanaka.

Munyorori anotiwo tsika dzinosanduka-sanduka nekufamba kwenguva, kusangana kwemarudzi akasiyana-siyana avatema neemabvakure sechiRungu. Kusangana ikoku ndiko kunoita kuti tsika imwe isiyane zvishoma kunzvimbo dzakataramukana, nokuti panosangana marudzi nezvizvarwa

zvokasiyana, panobuda kamwe kamuitiro katsva. Mukusangana ikoku ndimo munobuda nhodzera dzinoita kuti tsika imwe isiyane maonerwe kana maitirwo ayo, kunzvimbo dzakasiyana.

Tsika idzodzi ndidzo dzinoumba unhu hwevanhu. Chinonzi munhu unhu, uye kurasa unhu kuzvirasa kubva mune vamwe verudzi rwako. Unhu inhaka yemusiidzanwa. Saka bhuku rino rinotsanangura tsika dzavaShona semaonerwo adzaitwa kare, uye semaonerwo adzave kuitwa nhasi.

## 1) **NDIVANANI VANONZI VASHONA?**

- Mapazi emutauro weChiShona ndeanoti: Chikaranga, Chizezuru, Chikorekore, ChiManyika, NeChindau. Bazi roga roga rine tumapazi twaro.

### **ChiManyika**

- Izwi rekuti chiManyika rakabva muzita renzvimbo iri kuchamhembe kweMutare ine nhika kana kuti mapirizhonga emakomo. Maputukezi ndokunyora vachiiti Manhika pamwe voti Manhica, vanhu venyika iyi vovati vaManhika/vaManhica, dzamara vazonzi vaManyika, mutauro ndokunzi chiManyika. Mutauro uyo wakazonyanyokudziridzwa navafundisi veAmerican Methodist paOld Mutare (1892), veRoma paTriashill (1896) neveAnglican paTsambe (1898).
- Tumapazi twemutauro uyu ndetunoti: chiGuta cheMutasa, chiUngwe chekwaMakoni (Rusape), chiJindwi chokwaZimunya, chiBocha chokwaMarange, chiKarombe nechiNyama cheNyanga, chiBunji chekuNyamaropa, nechiBvumba cheVumba.
- Madzimambo enzvimbo idzi ndavanaMutasa, Makoni, Marange, Zimunya nevamwe.

### **ChiNdau**

- Chakapambadzwa nevafundisi veC.C.Z paMt Selinda (Chirinda) mugore ra1893 nechekuChipinge.
- Izwi rekuti Ndau rakabva pana “Ndhau” rechiChangani rinoreva nzvimbo.
- Vamwewo voti rakabva pakukwazisa vachiti “Kaziwai Ndanwe”. Saka vanhu vaSoshangana navaZvangendaba vakapfuura nemunzvimbo iyi ndokuvati vaNdau. Maputukezi ndokunyarawo vachiti laNdau.
- Tumapazi twechiNdau tunoti chiTonga chekuBikita, chiGarwe chekwaMutambara, chiNdau cheChipinge, Chikore neChimanimani, chiShanga cheSofala, Gaza zvichienda nemuMozambique, netumwewo tumapazi tudiki.

### **ChiZezuru**

- ChiZezuru chakashambadzirwawo navavhimi navafundisi vanoti, veRoma paChishawasha muna 1892. VeHwisiriwo paChiremba (Epworth) napaWaddilove mugore rimwero, 1892. Izwi iri raireva vanhu vanogara kunzvimbo dzakakwirira dzapauzuru dzinotangira nzizi zhinji, mutauro uchibva wanzi chizezuru.

- Tumapazi twechiZezuru ndetunoti, ChiShawasha cheDomboshava nekwaChinamhora. ChiHarava chemaSeke, maChihota neGoromonzi. Chinhowe chekuMarondera nekwaMurehwa, Chihera chinotaurwa Buhera. Chimbire cheHwedza nechiNjanja chinotaurwa Njanja neChivhu.

### **Chikaranga**

- Vafundisi veDutch Reformed Church vakambadzawo chikaranga paMugabe mugore ra1891. VeLondon Missionary Society ndokushambadzira Chikalanga paInyati (1859) nepaHope Fountain (1870). Maputukezi mumakore mazana mana apfuura vaishandisa zita rokuti mocarange kureva vanhu vembahuru vaitonga muushe hwaMunhumutapa. VaLanga (Karanga naKalanga) vanhu vakabva zasi kwaNile vakange vari vamwe muumambo hwaMunhumutapa uhwo hwakazopera hwave nechekuMasvingo. Zita rokuti karanga ndokurambirakowo.
- muchiKaranga mune tumapaziwo tunoti ChiJena chokwaNyajena, ChiGovera chokwaGutu, ChiMhari chokwaChivi neShurugwi nechiDuma cheZaka neBikita.
- Madzimambo avo ndavana Gutu, Chirumanzi, Chivi, Charumbira, Nhema, Mkanganwi, Mazvihwa, Mugabe, Ziki, Bota nevamwe.

### **Chikorekore**

- Izwi iri rakapiwa nechikwata chevanhu vaMunhumutapa chakabva kuMasvingo chichinotapa vaTavara. Vamwe vanoti murwisiro aiita vaTavara ainge zvinoita makore kana achifambiswa nemhepo kana chaunga chenhshu. Hanzizve vaitama gore negore, ndokupuhwa zita dunhurirwa iri. Saka, pakazouya vaChena, vakazongonzi makorekore vese nevaMunhumutapa vaye.
- chiTavara cheHungwe neMakonde, chiShangwe chekuSanyati, Gokwe neGuruve, ChiTande chekuDande, chiBudya chokuMutoko neMudzi nechiNyombwe cheMt Darwin, tumapazi tweChikorekore ichi.

### **ChiShona**

- vamwe vanoti rakabva kumaNdebele vachiti vanhu vanosvina ura hwemombe nehwebudzi vobika vodya nokuti ivo vaisabata. Vaipa vavhiyi nepwere vogocho asina kusvinwa. Vakabva vanzi maSvina vanaRhodes ndokuzonzi Mashona.
- Zvinonzi vakabva mhiri kwaVambe (Limpopo) kumasutu namaTswana vaiti vakabira mhiri vaibva vatsakatika (vaShona/vaTshona). Ndokubva nzvimbo iyi yapuhwa zita iri. Vanhu vacho ndokunziwo maShona navaRungu pavakazouya.
- Vamwe vanotiwo vanhu pavakabva Abisinia vachienda Sudan, vakazopararirazve voti vamwe kumavirirazuva (tshonalanga), vamwe maodzanyemba. Vemavirirazuva ndovakazogumisira vayambuka Zambezi vogara muno. Saka vanga voonekwa sevekumadokera nevaibva nekugungwa reIndia. Saka vazodimbura ‘-langa’ vogara na’tshona - /Shona-‘ kureva madokera. Vanhu vacho ndokuzongonzi vaShona.
- vaRungu vechiBritish ndivo vakazongopfumbidza chiShona muzvinyorwa zvavo.
- vaClement Doke ndivo vakazoti mitauro mishanu yevanhu vekuMashonaland ibatanidzwe inzi chiShona muna 1930.

## **Misha Yavashona**

- Vaigara munzanga kana mumamana evanhu veukama.
- Vaitama-tama kutsvaka nzvimbo dzakanaka, kana pamusana pemhengo kana kutiza mhosva
- Vokutamira mataka nemhosva vairandudza mutupo wavo nokusvipa chidao chitsva kuti vasazivikanwa navavengi. Sokuti vaera Shava vakapedzisira vave nemipatsa iyi, Shava Museyamwa, Shava Vhuramavi, Shave Mufakose zvichingodaro, ivo vana vaMushawatu vose.
- Mavakirwo edzimba (misha) dzavaShona aive akafanana, uye mashandisiro adzo aive mamwe chete sokuti nhanga dzaiva dzimba dzokurara vasikana.
- Kudya kwaibikwa navakadzi. Varume vaiva vokuriritira mhuri.
- Zvirimwa zvaive zviyo, mhunga nemapfunde zvechibage ndezvemukore uno.
- Michero yaibva musango.
- Kudya kwaisanganisira nyama(yemusango) hove zvicherwa, shiri, zvipembenene nezvimwe zvaidyiwa nesadza.
- VaShona vaidyidzana, mweni aisanyimwa chekudya, uye apindwa nenzara aisunza.
- Asina mombe dzekurimisa aiposa kana kutongopihwa pachena kana ari sahwira.
- Vaishandira pamwe, semuenzaniso mumajakwara.
- Vainzwirana tsitsi.
- Mazuva ano, kunyanya mumadhorobha kana usina mari inofa kwako, nokuti ave mazvake mazvake.

## **2) MITUPO NEZVIDAU**

- Mutupo imhuka, nhengo yemhuka, chisikwa chemvura kana shiri inoerwa nevanhu vedzinza iroro.
- Kuera kuti chinoyerwa chacho hachidiyiwi nevedzinza iri.
- Nyama yemitupo iyi yaidyiwa nevakatanga nemushonga unonzi ndudzo.
- Hanzi zitateguru redu raive nevakadzi vatatu vakaita vana vavo vakaita mitupo yakasiyana kuti vagone kuroorana nemadzimai akasiyana.
- Vakazoniyatsopatsanurana nokunogara kunzvimbo dzakasiyana dzemativi eAfrica vachibva kuSudan.
- Isu takananga kumadekero hanzi takatora mhuka dzesango kuita mitupo, sezvo taive mudunhu.
- Hanzi madzinza edu aitevera kukudzwa kubudikidza nevanakomana.
- Nokuwanda kwevanhu vakaramba vozvipatsanura nemitupo yemhuka kusvika dzapera, ndokutanga kutora zvakaita segumbo remombe, moyo, kana tsivo voyera izvozvo.
- Vakananga kumabvazuva vakatora mhuka dzemumvura ndokuzvipatsanurawo vachishandisa zvisikwa zvemumvura.
- Chindini, madaka, unhunzvatunzva neumvangamakomwe zvakanzerawo kuti vemutupo umwe vapatsanuranezve voita mapazi anove zvidao, sokuti shumba Nechinanga, Shumba Samaita, Shumba Nyamuzihwa, zvichingodaro.

## **Chidau**

- Izita ramadunhurirwa kana kuti rokuzvirumbidza naro rinofambirana nezviito zvemhuka kana chinhu chacho chinenge chichierwa. Pakudetemba munhu achizvirumbidza aidonongora zvakaipa nezvakanaka zvechinhu chiya chaaiera. Zvinhu izvozvo zvaizotorwa sezviri pamunhu uyu, zvoterederwa nezvizvarwa zvaizotevera kana nanhasi vazhinji vakatora zvidau zvedzinza ravo kuti tichengetedze ukama.

## **Nhetembo Dzemadzinza**

Munhetembo idzi munobuda zvinotevera:

- Nhorooondo dzeupenyu hwedzinza iroro.
- Mhuka, chipuka kana chinhu chinoerwa chacho.
- Mazita emadzitateguru akavamba dzinza.
- Nzvimbo dzavakambogara.
- Hondo dzavakarwa nembirimi dzedzinza ravo.
- Dzaive dzekutenda vanhu vedzinza iroro vanenge vaita zvakanaka.
- Zviito namaitiro echaiwa chacho.
- Munhetembo dzemadzinza madanha aiiwa nevakadzi mugudza vachidetemba vadiwa vavo. Varumewo vaidetembawo zvirevereve zvemugudza kuvadiwa vavowo.
- Dzinotirwa kukuza mudiwa.
- Madziriwo maibuda kutenda, kurumbidza nemimwewo minzvengure.
- Mutauro wacho une nzvenzvero kumutupo nekudzinza remudetemberwi.
- Mutauro wacho unenge uzere mazwi ekurumbidza, nhemeramuvhu, gudziramukanwa, bhende neminzvengure, semumienzaniso mitatu inoti, Soko Vhudzijena Wachenuka, Madanha omugudza – Tembo Zvimbakupa naZvirevereve zvemugudza – Moyo Sinyoro.

## **Mitupo Nezvidau Nhasi**

- Mitupo nezvidao tichinazvo nanhasi.
- Zvinoratidza kuti tiri vanhu vamwe, nekuti chero nekuBulawayo zviriko.

## **Maumbirwe Enhetembo Dzamadinza**

- Panotangwa nekutenda sokuti : Evo . . . , Hekanhi . . .
- Kotevera mhuka yacho inoerwa : Evo Tembo, Evo Soko.
- Mune kurumbidza kuchishandiswa mazita umbiridzwa nemazita dunhurirwa: Magaramugomo, Vhudzijena . . .
- Chimiro nezvimwewo zviito zvemhuka/chinhu zvinorumbidzwa kunyange zvichionekwa sezvakashata: meso ari mubako, inodya zvekupara zvichingodaro. Zvakanakawo zvinotaurwa sokuwana ushe neuchenjeri.
- Mazita/amagoko erudzi sekuti Jena
- Matongo evakuru avakambogara sokuti Zvihota.

- Nzvimbowo dzakavigwa vashakabvu dzinobuda sokuti mumabwe nemumawere.
- Mutauro unoshandiswa unosanganisa madimikira, mazitaumbiridzwa, mazitadunhurirwa, dzokororo yepfungwa mumazwi akasiyana, nyaudzosingwi enzaniso nezvimwewo.

### 3) **DARE/CHIVARA**

Dare zvinoreva kuti nzvimbo inogara vanhurume. Zvinorevaro kuti vanhu vakaungana kuti vatonge mhosva.

#### **Dare Senzvimbo Yavarume**

- Musha woga woga kana mana roga roga raiva nedare raro.
- Manheru oga oga varume vainogarapo.
- Murume aimuka achinanga kudare kunomutsana votsvaira dota nekuvesa moto wekugocha maputi vozoenda kumabasa avo.
- Dare raivakirwa panzvimbo yakati taramukei pedo nezimuti kana seri kwechuru pasingapindi mhepo, sezvo paisapfirirwa.
- Paiveswawo moto kana zvoto.
- Vanhu vaigara nemazera avo.
- Paiva nasadare, aive munhu anokudzikana, aive nechiremera pamwe neruzivo.
- Ndiye aive ziso rasadunhu, ishe kana mambo.
- ndiye akazove sabhuku pakauya vaRungu.
- Kugariswa mumaraini navaRungu kwakaita kuti zvivara zviite zvishoma.
- Chivara, chaiunza kubatana, kunzwanana, kuwirirana nemushandirapamwe.
- Upenyu namagariro nehunhu hwavanhurume zvaiumbwa padare.
- Varume waitobva padare voenda kunorara, kwanaya kana kuti voenda kumabasa.
- Varume vemumadhorobha nhasi votatora mabhawa sezvivara zvokutandarira nevamwe varume vachitaura nyaya dzechirume.
- Vaeni vechirume ndipo vaisvikira nekuvaraidzirwa.
- Ndipo paitambwa tsoro nekusika nyimo vachitandara pavanenge vasina chekuita.

#### **Dare Sechikoro**

- Vechidiki vaidzidziswa mabasa emaoko.
- Vaidzidziswa tsika dzeunhu dzakarurama sekuti ushingi.
- Vaidzidza zvidzidzo vachitoita basa remaoko raanenge achida, uye zvichifambirana nezera nekugona kwake, zvakafanana nekupfura.
- Chikoro change chisina mavambo kana maguma.
- Vadzidzisi vaive mbumbuchena dzomumana mhizha pamwe nenyanzvi dzemabasa akasiyana-siyana, idzo dzaitoita vadzidzi votevedzera.
- Zvimwewo zvoupenyu zvaiwanzodzidzisirwa mumabasa akasiyana sokuvhima.

#### **Dare Senzvimbo Yokudyira**

- Varume vemana vaidyira padare kunyanya manheru.
- Dzimba dzaibika kudya kune uwandu hwevarume vari kudare, uye kwakanyatsobikwa.

- Vakomana vadoko ndivo vaigashidzwa kudy a uku panguva imwe chete kuti kugova kusanetsa.
- Vapedza ndiro dzaizotorwa kana kuendeswa.
- Vabiki vaitendwa.
- Vaidyawo kumwe kudy a kwavarume semazondo nemimwe mishonga yekusimbisa miviri, misana nokushingisa mwoyo.
- Vasharukwa ndivo vaitanga kupiwa, uye vaipuwa kudy a kwakanaka.
- Paboka roga roga aitanga kudy a mukuru vamwe vozotora ambotanga, uye vadoko vozosarira mudiro.
- Vamwe vaingokudzwa mumapoka aya pamusana pezvinzvimbo zvavo sokuti vanababamunini vadiki.
- Kuve panze kwaiita kuti varume varinde musha kuudzivirira kuvavengi nezvikara.
- Vachibva kumabasa avo manheru oga oga vaitarisirwa kuuya nedanda rehuni rekuvesesa moto.
- Murume oga oga aitarisirwa kuunza maputi nguva nenguva.
- Kunyange musi wausina kuunza maputi kana kuunzirwa chekudy a waingody a nevamwe.

#### 4) **DARE REMHOSVA**

- Iri idare senzvimbo yokutongera mhosva, uye sechaunga chavanhu vari kutonga mhosva kana paita mhosva zvese vakomana, vasikana, varume nevakadzi vanoungana vachiumba chikwata chevatongi kana vateereri vemhosva, panzvimbo inenge yasarudzwa kana inotogara yakasarudzwa.
- Matare emhosva aya ari paviri. Kuti matare epamusha nematare avatongi vedunhu kana enyika.

#### **Matare Emhosva Apamusha**

- Samusha vanogona kutonga vana, vanin'ina, vakadzi kana vazukuru vavo vachivaenzanisa.
- Vatetewo vaigona kutongawo vazukurusikana nevazukurukomana vavo.
- Vanga vasingapiwi mitete sematare makuru, kwavo kungoenzanisa chete vanenge vatadzirana vachibatsirwa nevamwe vane zvinzvimbo mumusha.
- Vaigona kuti mukadzi abate huku kana mbudzi kana kubikira murume waatadzira doru.
- Murume aigona kuripa mukadzi nehuku, mbudzi kana mombe.
- Vabereki/vanaSaimba vaigona kuripira vari pasi pavo.

#### **Matare emumana**

- Samana anogona kuunganidza mhuri mbiri dzatadzirana odzitonga kuti vanhu vagarisane zvakanaka.
- Dare iri harinyanyi kubvisirwa zvipeto.

- Panoenzwaniswa mhosva doko dzakaita sokubirana zvinhu zvidoko, madzivo, kudyisirana minda, makuhwa nezvimwewo zvidoko.
- Matare aya ndihwo hwaro hwekuchengetedzwa kwemutemo neunhu pakati pavaShona.
- Vari kutaura vanonangana nasamana zvine rukudzo, vachishandisa zvidawo.
- Mutadzi anenge ari pachena, uye anokasira kubvuma mhosva yake kuitira kugarisana zvakanaka.
- Atadzirwawo aifanirawo kudzorekawo mukuziva kuti kutadza ndekwevanhu.
- Pakashayikwa wirirano nyaya yaikwidzwa kudare repamusoro.

### **Matare epamusoro**

- Dare rasadunhu neraishe kana ramambo ndiwo aive matare epamusoro avatema.
- Mhosva dzaisvikira kwasadunhu.
- Kana sadunhu adzitatadza kana kuti vatongwi vasina kugutsikana dzoenda kwashe/mambo.
- Asi dzimwewo hombe sekuuraya munhu dzaingosvikopfuudzwa kwashe/mambo nasadunhu.
- Vanasamana vakazove vanasabhuku pakauya vaRungu ndokupuhwa mvumo yokutonga mhosva dzemana vachibvisisa zvipeto kuti vatonge vanhu.
- Sabhuku uyu akanga ava ziso rehurumende, achikokorodza mitero nekufambisa zvimwe zvirongwa zvehurumende.
- Masadunhu aive vanhu vekumba huru, kana vainge vapuhwa matunhu nashe/mambo nezvikonzero zvokuve nhungamiri muhondo kana kupa she/mambo harakabvu.
- Sadunhu aive ziso ramambo nokuti ishe/mambo aitonga nyika yake nemumasadunhu.
- Mamwe matunhu anoti ishe ari pasi pamambo, saka ishe ndiye sadunhu, mambo ari pamusoro.
- Mambo ndiye ane dare repamusoro, sezvo ariye muridzi wenyika yaaitonga nemuchengeti wenhaka yevhu ravanhu vake.
- Aigashira vaui nekudzinga vaasisadi munyika make.
- Ndiye anenge ari mukuru nemutungamiriri wedare rake achibatsirwa kutonga namachinda, makurukota pamwe nevanhuwo havo vedare.
- Machinda vanhu vouse, madzibabamunini/mukuru vamambo, vangangozotongawo mambo afa.
- Makurukota/makota, vanosarudzwa namambo pamusana peuchenjerei, ruzivo nekugona kutaura kwavo, vove vanachipangamazano vamambo.
- Mumhan'ari nemumhan'arirwi vanopira mhosva kudare.
- Zvapupu zvopawo umbowo.
- Zvinotaurwa kudare zvinozoshumiwa mambo nejinda/gurukota.
- Manzwiwo amambo anouya kudare kubudikidza nejinda/gurukota iri.
- Asiwo mambo anogona kutaura akananga vatongwa.
- Mhosva yatongwa jinda rinozoshuma mambo kuti dare raona sei mhosva.



- Mambo ndiye anozogura mhosva.
- Anoda kuripirwa anotaura muripo kudare, dare ronoongorora.
- Matare ese achiriko nanhasi, asi kwave neamwe epamusoro ekwamajisitireti nehaikoti akauya navaNgezi.
- Dare ramambo raitawo zvisungo zvevanhu sokuti votama here kuti vorwisa here zvichingodaro.

### **Zvipeto Zvepamatare Makuru**

- Chipeto chaive huku, ndarira, chuma, badza kana ngepero chaiyo.
- Chipeto chaimirira shoko rinenge rataurwa.
- Chipeto chokutanga chainzi gwiro chimhan'aro icho chaibiswa nemumhan'ari kuratidza kuti ane zvaakatadzirwa zvinoda kuenzaniswa.
- Mushure meguriro munouya badza/marime/mahwandauswa icho chinobwisva ndiye anozobvisira amunyisa marime ake.
- Marime aibadharwa iri mbudzi yaizodyiwa navanhu vasiya mabasa avo kuuya kudare, asi mazuva ano yongobiswa iri mari yogovanwa nemakurukota amambo.
- Kwavewo nechipeto chitsva chegumbo remupurisa anonosunga mumhan'arirwi, icho chinobiswa naiye musungwi wacho.
- Mukonwi aizobvisa chipeto chinonzi matatendandava chaipiwa uya atadzirwa.
- Mukonwi uyu aizobvisazve nhemamuripo kuti mutadzirwi areve muripo waanoda, dare richiona kuti muripo wakaringana here nemhosva yacho.
- Kwaigona kubiswa mombe, mbudzi, hwai, zviyo, nguruve kana mwanasikana chaiye zvichenderana nemhosva yacho.
- Mhosva dzakaita sedzemakunakuna, kushanda musi wechisi, tsvukamaropa nedzimwewo dzakadaro dzairipwa kuvadzimu kubudikidza namambo.

### **Murao/Mutemo**

- Mirao nemitemo ndiyo inosunga hupenyu hwavanhu.
- Dzimba, zvikoro, nyika nepese pana vanhu panowanikwa mitemo yokuti ikadarikirwa vanenge vaidarikira vanorangwa.
- Mumba, muzvikoro, munyika mune vanhu vane muraramiro wokuisa mitemo iyi kuti vanhu vagarisane zvakanaka.
- Nhasi uno mitemo yenyika inomiswa nedare rehurumende, dare guru repasi rose (U.N.O) kuti itevedzwe munyika, uye mupasi rose.

### **5) VATETE, KUPFIMBANA NEKUMISA IMBA**

#### **Ndiani anonzi vatete?**

- Vatete ihanzvadzi yababa.
- Nhasi sakare vanovepo panoroorwa muzukurusikana wavo nepane dzimwe nyaya dzomumusha wehanzvadzi yavo.
- Basa ravo guru kuumba musha wehanzvadzi.

- Rimwe basa raiva rekuumbiridza tsika neunhu hwavazukuru vavo vachibatsirwa nanambuya naanasekuru vekwaamai.
- Vaiona nyaya dzerudo, dzewanano, dzokuzvichengeta nedzekumisa misha dzaidzidziswa vazukuru vavo, asi simbiriro yavo iri pavasikana.

### **Kunobva simba Ratete**

- Vatete ndisamukadzi (muridzi wemukadzi).
- Vana vavo kunyanya vakomana vokutanga ndivo vaishevedzwa kunzi vana samukadzi kana kuti dunzvi.
- Mukadzi ndiye wehanzvadzi yavo nokuti mombe dzakabva kuroora ravo ndidzo dzonorooresawo hanzvadzi yavo, saka vanenge vari Chipanda chehanzvadzi yavo.
- Saka, vanenge vaine ruramiro yekutonga imba yakamiswa nemombe dzavo.
- Hanzvadzikomana yaisagona kuramba mukadzi pasina kubvumirana navatete ava.
- Mukadzi wese wehanzvadzi kunyange pasina zvechipanda ndewavatete, kana paine zvanetsa ndivo mutongi.
- Vanazukuru ava vanofanirwa kutora tete sababa (bambomukunda/babakadzi)
- Vatete mubereki wechitatu anofanira kuremekedzwa nokuti anotogona kutandisa botso.
- Vaive nesimbazve nekuti vaiwanzoitwa homwe nemidzimu yamadzitateguru.
- Vaive homwe nokuti vaive nehana yokuda kuvakamusha, uye vaisaita mataka nehanzvadzi dzavo panyaya dzekutonga misha semunhu wechikadzi.
- Ndivozve vaiita mbonga dzedzimba dzoushe kana dzemadzinza iwayo.

### **Dziidziso yavazukurusikana**

- Yaive ye
- Zveupenyu hwamangwana.
- Kuzvichengeta kuti varoorwe vakazara.
- Zverudo muumhandara hwavo.
- Kuzvichenesa nekuzvishongedza vari kumatumba (mumba, kuhuni, kurwizi zvichingodaro)

### **Kupfimbana Pachinyakare**

- Kwaipfimbwa nevematongo kuti dzimba dzisaputsika.
- Zvekupfimbana zvaipindirwa nevakuru, kunyanya madzidzitate nokuti ndivo vaiziva vane tsika.
- Vakomana vaigona kutanga nekutaura natete kana mbuya vomusikana.
- Musikana anga asingakurumidzi kuda mukomana kuti aone kuti akasimba zvakadii murudo.
- Pakutsvetsvana yaive hondo yemashoko, mukomana achirara muzvambarara, musikanawo achiita pamunhondo pamusasa – kunyange ada, kuti asazoonekwa seari nyore, uye nekuda kuona gwinyiso yemukomana. Onai Dzvetstva Patsime p65 -69, neDzvetstva Munhanga p69 – 71 semienzaniso yenhoroondo dzokupfimbana.

- Vatsvetsvani vaisangana patsime.
- Kana azoda mukomana musikana aimuti azosvika kumba.
- Mukomana ndiye aitotanga musikana.
- Aigona kushandisa gwevedzi (shamwari, tete, sekuru, mbuya kana mukoma).
- Shamwari yaigona kuzoitira shamwari yayo pfudza.
- Kana mukomana adiwa aizoti paanomuona omudetembera detembo rerudo sezviri papeji 72, kuti rudo ruririme.

### **Kupana Nduma**

- Nduma kana kuti chindakuda chinhu chinobatika sendarira kana chuma chaipananza pamberi pemboo satete kuratidza kuti vadana.
- Musikana aitozodazve mumwe mukomana agura nduma iyi, kuti asazoite nzenza.
- Vapana nduma vatete vaigarayira vakanyanyorerera kumusikana kuti vazvibate.
- Musikana anonzi achengete umhandara hwake, sezvo pasina aizoda kuruma guni.
- Vese vainzi vaite mabimbiri mune zvakanaka.
- Kuwanikwa musikana asisiri mhandara kwaisvonesa mai, tete navanambuya vake.
- Mukomana airatidza kuti musikana akaziva varume nekupa vanatezvara badza rine kaburi pakati, kudya sadza akarikudubudza achifoonora pakati, kupa mbuyawasha mucheka une kaburi pakati kana kuisa kobiri rakare riya rine kaburi pakati panhumbi dziya dzaiyehwa mbuyawasha.
- Zvaisvonesa vatete uye zvaiita kuti mukuwasha asabvisa mombe yechimanda, kana imwe mombe yedanga rainge ratemwa.
- Kusabiswa kwemombe uku kwairwadza vakuru zvikuru, ndokusaka vaizoenda madzitate nemadzimbuya nevanasikana kurwizi kuti vaone akashinha senzira yekuti vatye kurasa umhandara.

### **Gadziriro Yokupinda Mumba**

- Musikana aifanira kuratidza unhu nokuve akakwana kwaairoorwa.
- Asati aenda kuvarume aigarirwa pasi nanatete uye nanambuya vake vachimurayira.
- Ainonzwa:
  - Zvinofadza nezvisingafadzi murume.
  - Zvinovaka nezvinoputsa musha.
  - Zvinosvonesa nezvine unhu.
  - Zveutsanana zvichisimbaradzwa.
  - Zvemadetemberwo evanhu vemutupo wevarume vake.
  - Zvemagadziriro emuviri wake kuti uve nezvinovaraidza murume.
  - Zvenyora dzavaizomutema panzvimbo dzakasiyane dzomuviri (Onai p75)
  - Zvemukonde waainikirwa.
  - Zvechinu chemafuta chawainoperekwa nacho kuvamwe vake, chaiswa mafuta epfuta.
  - Mafuta aizozorwa varamu navanatete mushure mokupururudzwa.
  - Aizorawo murume wake kuti amenyukire pane vamwe.
  - Aizorawo nhengo dzemurume dzakavandika mushure mekutamba ngoma.

- Chaifanira kugara chiripo, zvekuti musi waifa mukadzi waitoda kuchiona-kuchisaya yaive mhosva yaitoripwa nemombe.
- Kana ave kumurume, vatete vaizitora basa rekurayira mukadzi uyu ndavatete vemurume avo vanenge voona kuti imba yemuzukurukomana wavo haiputsiki.
- Kana zvanyanyonetsa vaigona kudzorera mukadzi kuti anorayirwazve navatete vake.

### **Vatete vemuzukurukomana**

- Vaipa muzukurukomana mukadzi wake mushure memazuva akati kuti aperekwa kuvarume.
- Murume aikanganisa mumba umu ainomhangarirwa kwavatete vake kuti vamugadzirise.
- Vaitonganisa mhosva, aonekwa ane mhosva oripiswa.

### **Kushaya Mbereko**

- Varoorani vaiti vakapedza gore zvichikwira pasina pamuviri pabatwa, vatete vaibva vaziva kuti pakati pevaviri pane asingabereki.
- Vaifamba kudzin'anga vachivhunzira.
- Murume aigona kupuhwa umwe mukadzi (munin'ina kana mwana wehanzvadzi).
- Murume aigona kutsvaga asiri wemhuri yemukadzi.
- Akashayazve mbereko mukadzi uyu, voti mukadzi wokutanga apindirwe nemukoma, munin'ina kana muzukuru wemurume.
- Akaiwana, aizogara hake semukadzi mudiki navahosi vasina mbereko.
- Kutsvaga mupindiri kwaiwanzoitwa natete asi murume aigona kuzvitsvagira oga, uyo waaitozopa chipeto chainzi chirigo.

## **6) TSIKA DZOKUWANANA DZAVASHONA**

- Wanano kugara kwemurume nemukadzi zviri pamutemo.
- Wanano ndihwo hwaro hwendudzi dzose pasi rose.
- Inzira yekuti vanhu vawande vari vanhu vakadzikama vasiri nzvori dzevanhu.
- Wanano inomisa dzimba dzinofambira mberi zvakanaka.
- Wanano yaitarisirwa kuva yevamatongo kudzivirira kuputsika kwedzimba.
- Mukadzi aroorwa aiva wemhuri yose, kunyanya baba vemurume natete vake nekuti ndivo vanenge vaine mombe dzakaroorosa mukadzi.

### **Nzira Dzokuwanana**

#### **Kutema Ugariri**

- Yaiitwa navarombo nenherera vanenge vasina pfuma yokurooresa kana zvipanda, saka vainosevenzera mukadzi kwavatezvara.
- Ainobisa chipeto chevhumuromo kuti agone kushuma nyaya yake.
- Aibisazve zvimwe zvipeto zvidiki kusvika panenge podiwa rusambo nedanga, munyai osuma nyaya yokupfuyiwa iyi.
- Aitemerwa makore okushandira mukadzi achitevedza mitemo yavatezvara.
- Makore aigona kukamurwa kana kuwedzerwa zvichienderana nemashandiro emugariri.
- Mugariri aitora mukadzi wake sehanzvadzi, uye vachonana paine wetatu.
- Unhubu hwaigona kudzingisa mugariri onyimwa mukadzi kana kuti jaya rainzi richiunza pfuma yarisina.
- Rapuhwa mukadzi jaha raigona kugara pavatezvara kana kuenda kwaro.
- Papfuma raizotarisirwa kuzotsvaga mombe youmai.
- Nhasi majaha haachatevedzi zvengariri izvi nokuti kana varombo vave kugona kuenda kubasa.

### **Kuzvarira/Kuputsa**

- Mubereki ndiye aitsvagira mwana wake murume, kunyange achiri pamaoko.
- Murume uyu aitogona kuve wezera rasekuru vemwana uyu.
- Vamwe vaitozopa mukadzi uyu kuvana kana vazukuru vavo.
- Murume aitobvisa pfuma mwana achiri kurerwa kumba kwavo, iye atozivikanwa kuti mukadzi wanhangi.
- Mukadzi akatorwa kana kutiziswa neumwe murume aitonzi apara mhosva yetsvingu aitoripiswa zvakaomarara kana kuurayana.
- Mupari wemhosva iyi aigona kuroora kaviri, kuti kumadzitezvara nekumuridzi wemukadzi.
- Vamwe vaizvichengetera mukadzi wavo kuti asvike pakububudza ari mumba mavahosi.
- Baba vaizvarira mwana wavo pamusana penzara, mhosva, mangava nezvimwewo.
- Kana iri nzara kudya kwaibiswa ndiyo yatove pfuma yacho asi mukuwasha aizobvisa mombe shoma.
- Murume aigona kuda kusimbaradza usahwira oti kana sahwira abara musikana anomubatira nedanda rehuni, mhuka yemusango kana mbeva chaidzo achiri kasvava chaiko, ozobvisa pfuma pave paye.
- Kuzvarira kwaive kwakaipira kuti zvido zvemwana uyu zvanga zvisingambotariswi.
- Akada kutiza kana kuramba aitongomanikidzwa chete, asi pakauya chiRungu vaizotizira mumadhorobha kana kwavanamudzviti, vodzivirirwa nemutemo wechiRungu.
- Chirunguzve chakaderedza simba revabereki kuvana vavo.
- Vamwe vaitozvarira mimba. Ikaita mukomana mukuwasha aimirira inotevera.

### **Kuganha**

- Musikana aizvipereka kumukomana waasina kupfimbwa naye, asi iye achimuda.
- Aiedza zvose zvishereketo zvokuti mukomana amupfimbe, asi zvotadzika.
- Aiudza vatete dzimwe nguva naamai kuti ave kuenda kumukomana uyu.

- Aisvikogara kunze komusha kuchangoti hunderere kuti aonekwe.
- Vatete kana mbuya vepamusha apa ndovaizonotaura naye vomutora pozorongwa dare rekutsvaka mvumo kubva kumukomana.
- Kazhinji jaha rairamba richiti rine musikana waro, oedza kuudzwa kuti mukadzi wekupiwa navadzimu haarambwi.
- Vamwe vakomana waitizira kumadzisekuru hanzvadzi dzamai kuti musikana adzokere kwake kana ari iye oga waaida kumhuri iyi.
- Aigonawo kuzoorwa nemunin'ina kana mukoma wewaanga aganha akatiza.

### **Chimhurira**

- Chimhurira mukomanawo anongotuma munyai kunoorwa asina kudiwa nemusikana, mushure mokedza zvose kuti adiwe.
- Kwaitanga kwatumwa munhu kunotaura navatete vomusikana.
- Kana vatete vasina chavanosvora pamukomana nemhuri yake ndopaizotumwa munyai kuzoorwa.
- Munyai aingosvikokumbira sadza, asi achibva abuda pachena kuti haasati adiwa.
- Tete vaibva vanzi vanoita dare ravo nemusikana, mukuwasha, mbuya nemunyai vari kwavo.
- Musikana aiudzwawo kuti asundirwa murume navadzimu, saka haarambwi.
- Aizotyia kutsamwisa vadzimu navatete vake obvuma.
- Munyai aizodzokera kuna tezvara anopedzisa kuroora.
- Mazuva anozvechimhurira zvese zvave kunyadza kuita.
- Vana vamazuva ano havatyi kutsamwisa vadzimu, nokuti havachatenderi mavari.
- Asiwo vasikana vamazuva ano vazhinji vave kutanga vakomana!
- Vabereki havachagari kumiririra mukomana/musikana aita chimhurira kana aganha nokuti vanenge vasingamuzivi.

### **Musengabere**

- Mukomana anonyenga musikana orambwa.
- Vaimunyangira aine vamwe vake, iye musikana ari ega kana kuti aine munin'ina sekuti kutsime panguva dzekumazuva rodoka, vomudzvamura.
- Vasvika kumusha vaimupfigira mugota remukomana kwemazuva maviri kana matatu vanatete nanambuya vachimunyengerera kuti abvume kuroorwa.
- Mushure memazuva aya kana aramba akaoma musoro aizotyisidzirwa kunzi vabereki vake vave kutoziva kuti ari kumurume, saka aizonyara kudzokera kwake, otoroorwa, achiteedzera zvepakutizisiwa zvatichaona mberi.
- Nhasi uno hazvichagoneki nokuti kupamba yave mhosva inotosungisa.

### **Mukadzi Wengozi**

- Mumusha maigona kupondwa jaha kana umwewo hake murume, ofa aine shungu dzokudawo mukadzi wake.
- Aizomuka ngozi yaitadzika kutsipikwa, ichingoda mukadzi.

- Vaida vakadzi kunyanya vaive vaya vaitema ugariri vofa kana kuurayiwa vasati vapuhwa mukadzi.
- Vaya vaitemerwa ugariri vaizoendesa mwanasikana uya kuti anoorwa nehama yanyakufa.
- Mukadzi uya akabara mwana mukomana aibva apuhwa zita ranyakufa.
- Chikwambo nderumwe rudzi rwengozi inoda kuripwa nemukadzi.
- Kazhinji mupondwi aive mubvakure.
- Aigona kuve mushandi akapondwa kana kufa asati apuhwa muripo wainge wakabvumiranwa.
- Aizoshusha mhuri iyi yoenda kun'anga uko vainonzwa kuti mumusha mavo mune chikwambo/mukwambo.
- Vainzwa kuti vachivakire imba nekuchipa mukadzi aisazoorwa.
- Aizongozvara vana nevarume vaisaroorwa, uye vaiti kana vada kugara nemukadzi uyu, vogara naye pamusha pababa vake.
- Imba iya yaifanira kugara ichingotsvairwa.
- Dzimwe nguva mukadzi uyu aitogaramo.
- chiRungu nechikristu zvakaita kuti rudaviro rwavazhinji munyaya dzengozi rupere.
- Nazvino uno kunzvimbo dzakadziva kumabvazuva kuchine tudzimba uturu.

### **Chigadzamapfihwa/Chimutsamapfihwa**

- Chigadzamapfihwa/chimutsamapfihwa mukadzi aivirikwa mukwasha kana wokutanga afa kana kushaya mbereko.
- Kana nanhasi kune vamwe vane vakadzi vorudzi urwu.
- Vamwe vanoti chigadza . . . ndeuya anouya kuzotsiva afa, asi chimutsa mapfihwa ndeuya anotsiva ashaya mbereko, kuti murume aitirwe mbereko.
- Murume afirwa kana aive munhu kwaye aingopihwa mwana wehanzvadzi yemufi kana kuti munin'ina wemufi.
- Murumewo kana ainge akaroorwa zvakanaka aigona kunokumbira mukadzi mushure mekufirwa, uyewo kana wekutanga ashaya mbereko.
- Panga pasina roora rakakura raizobiswa.
- Vana vemurume afirwa, vaizonyatsochengeteka kana vachichengetwa nemunini'ina wamai vavo kana kuti nemwana wehanzvadzi yavo, nekuti vagara vari mai vanotopuhwa zvirango zvezvipfeko zvoumai nemombe yacho pakuroorwa kwevanasikana womufi.
- Vamwe muzuva ranhasi vangava tezvara vacho kana chigadza/chimutsa chacho kana murume wacho ndiye asisadi.

### **Bondwe kana Chitsarumvi**

- Uyu mukadzi aivirikwa mukuwasha, zvisinei nekushayikwa kwembereko kana kufa kweumwe.
- Mukadzi aipihwa murume atokura anenge ave kutochena musoro, nokudaro aizopota achidzura imvi dziya.
- Vatezvara vaizopa mukuwasha bondwe kana wekutanga asisaite vamwe vana, ndokunge mukuwasha ainyatsopindirana nanatezvara.
- Pfuma yaizongobiswa shoma.

- Iyewo mukoma/tete kana kuti vakura aitogara kukurudzira ndiye kuti muzukuru/muninina auye kuzomuparika, kunyanya kana ari mupfumi hazvainetsa.
- Bondwe iri rainyengetedzwawo nokuudzwa kuti murume akura ndiye anogona kuchengeta.
- Mapondwe ava mashoma nokuti vashoma vave kufarira kunzi mukadzi weharahwa.
- Upenyu hwechiRungu hunotogonekwa nemhuri duku, saka zvemabondwe hazvichadiwi.

### **Mukumbo (Kutizira)**

- Inzira yainyanyoteverwa kare, uye ichiri kuteverwa nhasi.
- Mukumbo uri pakutizira nepakutizisa.
- Kutizira ndekwemusikana anozviendera kuchikomba chake ega.
- Aitizira kuchikomba kana aita pamuviri asingadi kuti paonekwe asati aroorwa uye mukomana anenge otsenga-tsenga mukanwa.
- Aitizirawozve kana achigara paanoshushwa, pamwe achigara nehama baba namai vafa.
- Aironga natete kana mbuya, avo vaigona kumuperekedza.
- Vasvika vaigara kunze kwemusha nguva dzerubvunzavaeni.
- Pakutizira mukomana aituma vanhu kunотора mukadzi waasati aroora, pada anenge ave nenhumbu kana zvimwewo sokunonokerwa kwemukomana kana kushaya pfuma.
- Vabereki vemukomana vaironga nanatete/mbuya vemusikana kuti vazive kwaenda musikana.
- Mukumbo waigona kuitwazve jaha rambonyatsokumbira zvakanaka rotadza kumirira kuperekwa kwemukadzi pamusana pemimba inenge yotokura.
- Vananyakutumbura vaisafanira kuziva urongwa hwekutizira, kunyange mai vakaziva vaiita sevasingazivi.
- Mukumbo waiitwa kuine mwedzi muchena.
- Musikana aizivisa vabereki vake nekuisa chinhu pasi pebonde raairarira sendarira kana mari.
- Uyu atizisa/atizirwa aizotuma munhu kuzoridza mhere.
- Zvemukumbo izvi zvaizongoperera mukubviswa kwepfuma iyo yaizoti dhurei pane kuti dai munhu akangobvunzira chete, nekuti tumiriporipo twacho twunoti wandei.

### **Kubvunzira/Kutumira**

- Iyi ndiyo nzira inokurudzirwa pachitema.
- Ndiyo nzirazve inoshandiswa muzuva ranhasi.
- Musi unobvunzirwa mukunda wavo vanababa vanototanga nekumubvunza kuti anoziva vanhu vacho here.
- Musikana anobvuma nokunhonga mari inenge yaiswa muniro nomunyai.
- Munyai/sadombo/samukuru/samutume aitsvagwa nevabereki vomukomana.
- Anopuhwawo mari semubayiro kana kuti kare aipuhwa bandauko pambudzi yemasungiro, mombe yematyorwa, kana yechimanda.
- Munyai anoperekedzwa navasekuru vekwaamai, babamunini, mukoma kana sahwira wababa, asi ivo havatauri kusara kwekuburikidza nekumunyai pamwe nekubata tsapo.
- Munyai ndiye aisvikopinda mumusha.



- Vamwe vaitozopinda mushure mechipeto chokupinda mumusha.
- Mukuwashawo aizouchira ambuya abisa chiuchiro.
- Musikana aimirirwa navatete vake, mai, baba, nevanji wemumba umu, babamunini nasahwira.
- Dare rekuroora raitungamirirwa nababamunini kana babamukuru kumba kwababa vemusikana.
- Mukomanawo kana oda kuroora haainopira baba nyakutumbura, ainopira babamunini kuti vanosvitsa mukoma wavo.
- Vatete kana sahwira ndivo vaiwanzoitwa botero nevanhu vauya kuzoroora kuti vanosuma hweni uhu kumadzitezvara.
- Nevanji, sandiye mugari wenhaka yezita, ndiye tezvara chaivo, mukadzi wake ovawo ambuya chaivo.

### **Mazwi Anoshandiswa Pakubvunzira**

- Munyai kana atungamirirwa mumba navatete/sahwira anosvikogara pasi akafunya chisero, ouchira vanatezvara achishandisa chidao chavo.
- Tete vaishuma hweni kuna babamunini.
- Munyai aikumbira ndiro nechipeto chekamari, inova ndiyo inozoiswa zvose zvinenge zvichibiswa.
- Ndiro dzinowanzoshandiswa ndedzemuti.
- Kwaizoiswazve kamari kokubvumidzwa kutaura kwemunyai.
- Anozotaura chinangwa chake nechipevo achiti:  
Tiri kutsvagao sadza  
Tauyawo kuzonanzva maoko  
Tauyawo kuzogoka moto  
Tauyawo kuzotsvaka ukama  
Tauyawo kutsvaka pekuvanda zuva  
Tauyawo kuzotsvaga tsaiye
- Mazuva ano yangove mari inobiswa, asi kare raive badza, bikiro, tsambo, ndarira, huku nezvimwewo.

### **Zvipeto Zveparoora Rekubvunzira**

- Kwaitanga rubvunzo rwaimira panzvimbo yamashoko ekuti vari kutsvaka ukama.
- Tevere vhuramuromo, kuti tezvara vagone kupindura munyai shoko raauya naro.
- Kotevera manongoranzeve kuti tezvara vachigona kunzwa zviri kutaurwa.
- Makandinzwanani, kuti mukwasha akaziva sei kuti vane mwanasikana.
- Kozouya matekenyandebvu, bikiro, manyaya pahuro, chigaro, sunungurahomwe, pindai mumusha nezvimwe, zvose zviri zvababa.
- Panobiswa mari yedare inozogovanwa kuvarume vose varipo kuzoroodza mwana.
- Mai vaibisirwa chiuchiro, mafukidzadumbu, gusha, hotamiro, mudya, mwenje, mbariro, masukamukanwa, kapadza nezvimwewo.
- Musikana anozonhonga mari pamwe navatete vake.
- Kotemwa rutsambo, danga nezvipfeko zvababa namai.

- Patsambo aigona kuchema chema kuti adzikisirwe achishandisa chipeto chinonzi nhimura.
- Danga raisanganisira mombe yamai (youmai) negono rababa.
- Mai pazvipfeko zvavo panosanganisa midziyo sebhureki, homwe yemitambo netumwewo.

### **Zvipeto Zvemukumbo**

- Zvizhinji zvakatoredzera kumiripo midoko yepamusoro apa, asi zvibhadharo zvakati kwirei nokuti wandei.
- Mushure memhere dare guru rinoitwa kumukuwasha.
- Mhere yekuti tine mwana wenyu inonzi tsvakiraikuno.
- Munyai anonosiya mari mazuva ano, badza kare kwavatezvara achiita seangovhakacha. Pakuoneka oshevedzera kuti “Tsvakirai kuno” ave kunze kwemusha, asi achitotiza kurohwa kwaanotogona kuitwa akabatwa.
- Tezvara vaizotuma babamunini kumunyai nehanzvadzi yomusikana, kumunyai, ovatungamirira kumukomana.
- Vaimira kunze kwemusha munyai opinda ozodzoka nezvipeto zvainzi ibvai mumarara napindai mumusha.
- Vapinda vaibisirwa chipeto chinonzi, garai parukukwe.
- Vaigadzirirwa kuya kwainzi huku yederere.
- Pamusoro pezvipeto zvepakubvunzira kwaibviswawo mhoyamusha nepwanyaruzhowa.
- Tezvara vaibisirwawo rusvovadova, tapuratsine, nhumburamafeso, mumvuri nemafuridzameso.
- Chekapedzisira chainzi maponda.
- Rooro raizobhadharwa mushure mekunge zvipeto zvese izvi zvabiswa.

### **7) KUNOREVA DANGA KUVAKUWASHA**

- Nzira dzose dzarehwa dzaizoguma nekurehwa kwedanga.
- Vatezvara vaizoenda kumukwasha kundoratidzwa danga ravo vachipinzwa mumusha mavakuwasha.
- Vazhinji vongobisa mari nokuti havachawani mombe, uye vongoroorana vabvakure, saka mombe haizotinhiki kubva kure ikoko.
- Ko, tezvara vomudhorobha vanodziisepi mombe?
- Mushure mekuroora, mukwasha ainotsvaira dota kwavatezvara, vatezvara vozongonawo kunoreva danga ravo.
- Vanatete vomukomana vonokandawo musikana gotsi kuti ambovhakachirawo kumurume.
- Madzitezvara vanonopinza mumba semupinzirwo zvavanoitwa pakunotevera akatiziswa sezvatamboona.
- Chifumi chamangwana zvikwata zviviri zvakatungamirirwa nababa vemukuwasha zvinoenda kudanga.

### **Zvipeto pakuratidzwa Danga**

- Paibiswa chipeto chainzi dombo, rinove nzvimbo yaigara tezvara akamirira kuratidzwa danga.
- Chipeto chinotevera chainzi hwiradanga kuti tezvara vakurire danga vanyatsoona mombe.
- Chaitevera chainzi meso emombe kuti tezvara vangatsaona mombe dzavairatidzwa.
- Kwaitevera munongedzo waiita kuti vakwanise kunongedzera mombe dzacho zvakanaka.
- Chipeto chainzi shamhu chaibisirwa kuti tezvara vagozotinhisa mombe dzavo voenda nadzo.
- Vaiurayirwa mbudzi yainzi Nhongo yedanga kana Nhongo yetsvusedanga.
- Danga raisanganisa mukono wedanga, mhau, matsiru nezvigondora.

### **Zvipfuyo Zvinobviswa Pakuroora**

- Pakuroora paibiswa zvipfuyo zvinotevera  
Danga  
Iro raimirira kuroorwa chaiko kwemusikana pamwe chete nerusambo.
- Kana vorambana dzimwe mombe dzaigona kudzorera zvichienderana kuti vanga vagara vese kwenguva yakadini, uye vaita mhuri yakakura sei. Vana vaifambirana nemombe , asi rutsambo rwaifambirana nekuwanda kwemakore avagara.

### **Nhongo Yetsvusedanga**

- Yaiurayiwa musi unenge tezvara vauya kuzoona danga.
- Yaishandiswa sechipiro kuvadzimu vemba mbiri idzi kuti ukama hwadzo husunganidzwe neropa.
- Ropa iri raifanira kuropafadza danga ratezvara iri kuti rikure vafare, zvofadza midzimu yavo.
- Zvaizoita kuti midzimu itaririrewo mukunda uyu oberekawo vana vakanaka nokusimba.

### **Mbudzi Dzemasungiro**

- Mushure mekuperekwa kwemukadzi kuvarume vake aisafanira kuonana navabereki vake asati asungirwa, zvainzi zvinovatyora musana.
- Aisungirwa akurirwa napamuviri pokutanga abva asara navabereki vake achidya mishonga yamasuo okubereka.
- Vakuwasha vaiuya nembudzi mbiri hono nehadzi.
- Hadzi yaigona kuchengeterwa kuzobereka, asi hono ndiyo yaiurawa ichinzi ndeyechidyamushonga.
- Yaibikwa nemishonga yaizosimbisa misana yavabereki kuti isatyoka.
- Kusungira kwaiita kuti vabereki vachinyatsofambidzana nevaroorani ava.

### **Mombe yeChimanda/YeMachiti**

- Yaiunzwa nevakwasha pakusungira iri nzombe.
- Mukuwasha aiiurayira kutenda madzimbuya kuti akawana mukadzi wake azere, saka anenge achijitika kubudikidza nemombe iyi.
- Madzimbuya vaifarawo vachidya nyama iyi kuti vakagona kurayira.

### **Mombe yematyorwa (yemavhunwa)**

Mushure mekunge mukuwasha aitisa mwana wavanhu mimba asati aroora, iye ari pamusha pavo, aibvisa mombe iyi nekuti anenge atyora misana yavabereki vomusikana. Yaigona kuurayiwa pamwe chete nembudzi yamasungiro.

### **Mombe youmai/YeMusana**

- Yaiva yaamai nyakutumbura, uye yaifarira kuuya iri inotsika yopiwa vabereki vamai.
- Mazuva ano vamwe vanamai vave kungogashira iri mari.
- Tsiru iri raive rekutenda mai kuti vakabarira mukuwasha mukadzi nokumuchengetera.
- Kubiswa kwemombe iyi kwaifadzawo midzimu yekwaamai yodzivirira norutivi rwayowo mhuri iyi.
- Mwana woga woga wechisikana aitobisirwa yake mombe kana aroorwa.
- Mombe dzamai dzaigona kuroodza mukorore kana mwana wehanzvadzi yavo, kana kungobaya havo vachidya.
- Vaiti kana yati berekei mukuwasha nemhuri yake vodeedzwa vourayirwa imwe kuti vatsvuse (varopafadze) danga.
- Kana vafa dzinotorwa nevekumusha kwavo (munini'ina, mukoma, mwanasikana wehanzvadzi).
- Mukwasha akasabvisa mombe iyi inokonzera urwere kana ndufu mumhuri yake. Vana vake vaitogona kushaya mbereko, kuve nechifo nekusagarisana zvakanaka kwevaroorani mumba mavo.
- Dzaida kubatwa zvakanaka kunyange muridzi wacho afa, nokuti dzikangoitwa chipfuudze-pfuudze dzaigona kukonzera ngozi mumusha.

### **Mhindura**

- Yaibiswa kunanaMberengwa, Mashava, Zvishavane nenzvimbo dzakadzipoterredza panzvimbo pemombe yeumai neyechimanda.
- Iyi yaiurawa iri yemadzimbuya, mai nyakutumbura ndivo vaiona nekugovewa kwenyama yacho vachibatsirana nevamwe madzimbuyawasha.
- Bandauko raipuhwa mukuwasha kubudikidza nokumunyai, zhinji vodya vachiropafadza mhuri tsva iyi.

### **Mbwazukuru**

- Imbudzi yaibiswa nomukwashazukuru kuna mbuya vomudzimai wake, mai vamai vake.

- Yairehwa mbuya ava vafa kubudikidza nourwere hwevana vemuzukuru (vaiudzwa kun'anga).
- Vazukuru vainouraya mbudzi iyi kumusha kwambuya ava kana kwemunin'ina wavo.
- Mbudzi iyi yaive muripo kuvadzimu vokwaamai kuti vachengete imba yemuzukurukwasha.

### **Mombe youredzwa**

- Yaibvisirwa vava vakazosarorerwa nambuya, tete, mainini kana maiguru mai nyakutumbura vafa.
- Ndeyekutenda mai vasara vachirera.
- Inogona kurehwa kunyange mushure meroora mai vava nyakurera vafa.
- Yaibvisirwawo kutenda chero munhukadzi anosarorera nherera zvisinei kuti mukomana.

## **8) MUROORA**

- Izita rinopihwa munhukadzi akaroorwa nevanhu vekwaakaroorwa vanoti : baba vemurume, madzikoma nevanin'ina vavo, mai vomurume wake nemadzikoma nevanun'una vavo, uye hanzvadzi dzake nokuti ndivo varoodza mukomana nokumupa pfuma kana kuve chipanda chake.
- Vanambuya navanasekuru vanomutora semuzukuru.
- Madzikoma nevanun'una vomurume vanomutora saamaiguru kana mainini.

### **Basa Guru Romuroora**

- Anosunganidza ukama pakati pemhuri yekumurume wake nemhuri yokwaakabarwa.
- Anosungirwa kukudza mhuri yekwaakaroorwa nokuiberekera vana.

### **Kuuya Kwemuroora Mumusha**

- Kana achinge aroorwa, kutiza kana kutiziswa anetenge atove muroora, zvepfuma zvinozoonekwa.
- Mushure meroora madzitetete namadzimbuya vaimupururudza muroora/kana kukanda gotsi.
- Vaienda netswanda dzeupfu nehuku yousavi.
- Vaisvika mumba mamai vomusikana mangwanani kana zuva richangonyura.
- Vanofukidza muroora nemucheka vopururudza kana kukanda chuma muhuro make vopururudza kureva kuti wave wedu zvachose, tava namai vanotibikira sadza.
- Vaizosungunura tswanda dziye dzeupfu dzanga dzakasungwa, voswera, nokurara, vodzokera zvavo.
- Vaidzoserwa tswanda dzavo dzave nenzungu, nyimo, tsenza, chero chiripo.
- Kukanda gotsi kureva kuti muroora ambouyawo kwavo vamuone chiso.
- Muroora nevanun'una natete vaiendawo netswandawo dzavo nemuriwo vonovatawo nekuswera, vodzokawo kwavo.
- Vaizonohwirirodzoka kuzomupereka kuvarume vake mushure mekanguva.

- Mazuva ano zvave kuitwa mushure memuchato.
- Vanatete, madzimbuya, madzikoma, vanin'ina, vaperekedzi (muzuva ranhasi) vaisvika nemwenga kwati hunderere.
- Vatete ndivo vanenge vakabereka muzukuru.
- Vamwe vanenge vakatakura mbatya nemidziyo yemwenga.
- Mwenga aifukidzwa jira jena.
- Anosvikira kunze kwemusha wavamwene vake.

### **Kupururudzwa Kwemwenga**

- Havapindi mumusha vasina kushonongorwa nhanho yoga yoga yavanotora.
- Vave mumba munhu wose anoda kumuona aitoshonongora.
- Vatete vaizomufugura munhu wese amushonongora.
- Vanhu vamativi ose vozivisana kuti ndivanaani, voomberana, nokubikirana.
- Muroora anoshonongorwa kuti adye.
- Mangwanani varoora vanotsvaira chivanze vachiunganidza zvitutu zvamarara zvavanohorera vashonongwa.
- Vanonochera mvura yavanotura nekushonongorwa.
- Vanoidziyisa kuti vape vanasekuru, madzimbuya, vanatete kuti vageze nesipo yavo namafuta vachishonongorwa. (kare mafuta aya ndoaya emuchinu).
- Vaizotsvagawo huni dzaishonongorwazve kuti vadziture.
- Vaichizobika sadza (mapombwe) nejongwe ravauya naro, roshonongorwazve kuti ridyiwe.
- Vasipo vaizongopuhwawo mvura pavanouya vachiishonongora.
- Mushure metumazuva vaperekedzi vanoenda, uyu muroora azopiwa kumurume wake mushure mevhiki.
- Murume aitopa chipeto chembudzi kuna samusha kuti akumbire kupihwa mukadzi wake, uyo aizopiwa navatete.
- Murume aizoshonongora mukadzi wake kuti vatore danho nokuzovata vose, ozomupawo chipeto chinonzi gomwe (mbudzi) chaazoratidza vabereki vake.
- Muroora aizourayirwa mbudzi kana mombe naatezvara vake.
- Aigara mumba mavamwene kusvikira abikiswa.

### **Kubikisa Muroora**

- Mushure megore kana kudarika, vachimirira kuti aite mwana wekutanga.
- Aigariramo kuti adzidze kubata imba navakuru, murumewo achidziidziswa namadzisekuru.
- Vaizovakirwa imba, vamwene navanatete vomugadzirira midziyo inodiwamo nezvekubika zvacho.
- Kudya kwomusi uyu kwaibikwa nehuku naiwo madzitate kana madzimbuya, vopa muroora, akadya anenge atambira imba yake, nomuti achizvionera.
- Vakadzi vechipiri vaibikiswa vachibva mavahosi, kwete mavamwene.
- Muroora aizofamba achipira kuti ave nembera achipiwa zvokudya kana zvokushandisa.
- Aizopira kumusha kwake aronedzerwazve zvipo.

- Anenge averengwawo senhengo yakazvimirira panhimbe nemamwe mabasa enharaunda.
- Pasuru dzemurume dzinenge dzouya kwaari, ozogoverawo vamwene.
- Anoramba achiitira vamwene navatezvara mabasa aaisimboita.
- Mazuva ano, vave kunochata, musikana anoitirwa kicheni pati, achipihwa midziyo.
- Zvekumbonogara kwavamwene zvichiri kuitwa kunyange nevemumadhorobha, munhu ozobikiswa.

### **Chiroora**

- Kutuka hanzvadzi dzavarume, vana vadzo pamwe nehanzvadzi dzaamai vemurume, navana sekuru vevarume vavo kunoitwa navarooro, vachivanemera mukuseka.
- Vanogona kufoonora chokwadi chisingagoni kubuditswa nevamwe.
- Vanoudzwa havatarisirwi kutsamwa, chero zvorwadza sei.
- Izvi zvinoitwa chero pavasangana: pamuchato, parufu, panhimbe, pamutambo zvichingodaro.

### **Parufu**

- Panoitwa chiroora chekugeza mufi, kumupfekedza nekumuzora mafuta.
- Vanotuka mufi nekumunemera somupenyu.
- Vanosunga vafirwa tumicheka tuchena twavanobvisa vashonongorwa.
- Vanokura mugwagwa wekuguva.
- Vanogona kutora zvipfeko zvemufi vachiteedzera zvaaiita achiri mupenyu.
- Vanotadzisa mufi kubuda pamusuo kuti anovigwa kusvikira vashonongorwa.
- Vanonochera mvura inoshandiswa kugadzira bviro votanga vashonongorwa kuti vature.
- Panourayiwa chipfuyo vanopihwa bandauko ravo.
- Ndivo vanosvina ura nekuita rimwe basa rese.
- Vanoita sevari kutofara kuri kurerutsa marwadzo erufu, asi vachitochema.

## **9) MUKUWASHA**

- Munhurume akarooro mwana wavaridzi, nababa vake zvakare.
- Hanzvadisikana dzanyakuroora vakuwashawo, pamwe nemadzisekuru anyakuroora, madzikoma nevanun'una.
- Kune dzimwe nzvimbo nyakuroora mwana, asi vamwe vese vari pamusoro apo vakuwasha.

### **Zvaanotarisirwa Kuita**

- Anotarisirwa kubatsira vabereki vatsva ava pose pose pavanoda rubatsiro, pamufaro, pakusuwa napanhamo.
- Pakushanya aifanira kuenda akabata chinhu.
- Panhamo yevabereki aigona kukumbirwa kuti abise mombe yenhevedzo.
- Anotarisirwa kuremekedza vabereki ava/kubva pachipeto chechiuchiro chepakuroora nepose paanosangana navo anotanga kuuchira ndiye.

- Anotarisirwa kunotsvaira ,madota epadare pavatezvara mushure mekubvunzira asati atora mudzimai wake, mushure mekukanda gotsi.
- Anotarisirwa kuvaka dzimba, kudzipfirira, kufuzha zviyo pajakwara, kuve anotanga kushanda panhimbe ipi zvayo yavatezvara, kubata kiya pabasa rese renhimbe neparufu.
- Anogona kunzi apinde nemunhu muguva.

## 10) MASUNGIRO

### **Zuva rokusungirwa kwemudzimai**

- Vekumukuwasha vaiti vasvika nembudzi vambodzisungirira mukunda oisa muputi pamusuo pemba yevabereki.
- Vanozoti vabereki vachibuda, mukunda nemurume vachipinda, vese vachisvetuka muputi uyu.
- Vave mukati mukunda oira muputi vabereki vopinda asi havakwazisani.
- Vakuwasha vouraya Nhongo iya votora kachiropa, tuura tutete nechishava zvekushumisa, yogochwa yodyiwa.
- Mbuya yapedza ura yaibika nyama shoma yakasangana nomushonga yodyiwa nesadza nezviyo.
- Baba vaigura musova vononga nyama vopa mukuwasha ogashira namaoko maviri asingauchiri.
- Vaiita zvimwezvo kumukunda wavo.
- Maiwo voita zvimwezvo zvaitwa nababa kuvana.
- Vaizozvigurira vodya, vozopa vana ava kuti vachipedzisa.
- Mushure mezvi vanochikwazisana nekuchigarisana.
- Imwe yose yozobikwa zvayo nesadza vanhu vodya vachifara.
- Mazuva ano panzvimbo pomuputi pave kutengwa jira rakanaka rinozozonwa hembe naambuya.

### **Kusununguka kwemudzimai**

- Mushure memasungiro mukadzi aizosara achipihwa mishonga yemasuo naamai vake.
- Azosununguka vaizivisa vabereki vemurume.
- Mukomana ainzi, “. . .kwauya kautate”, musikana onzi, “. . . kwauyawo kahuyo”.
- Vananyamukuta vairidza mhururu kamwe kana ari mukomana, nemhururu mbiri kumusikana.
- Mwana aisabuda mumba kwemazuva manomwe kuti asimbe nokudonha guvhu.
- Nyamukuta aipuhwawo muripo.
- Nanhasi masungiro achiri kuitwa mhuri mbiri idzi dzichifara hadzo nekudya nyama isina mushonga kazhinji kacho.
- Vasina misha vanoitira muno mudhorabha vobva vatouraya mbudzi idzi dzose dziri mbiri.
- Vamwe vave kuita mabhebhi shawa okupa mutekede zvipo zvokushandisa pamwana.
- Kare nanhasi vanhu vaiuya/vanouya kumakorokoto vakabata zvekubatsira mutekede pamwana.

## 11) MIDZIMU, MHONDORO, MASHAVI, NENGOZI



- Vanhu vatema vanotendera kuti munhu akafa anogona kutaura nevapenyu kubudikidza nengozi, mudzimu, shavi kana svikiro.
- Uku kunenge kutori kupira kwavo kunaMwari sezvinongoitawo zvimwe zvitendero zvese.
- Mwari anozikanwawo saZame, Mariga, Nyadenga, Musiki, Chikara, Matangakugara, Musikavanhu, Wedenga, Samasimba naSamatenga.
- Mwari anopirwa uyu haaonekwi.
- Vakuru vanoti vaigona kumunzwa achitaura ari pamuti usina zita.
- Vaikwanisa kuzosvika kuna Mwari vapotera nekumidzimu.

## **Mudzimu**

- Vaiti mudzimu ndiwo uri pedyo naMwari.
- Pakupira vaitanga kushuma muteuro kumushakabvu ane guva rakapedzisira kutambwa, voramba vachidonongora vashakabvu vose vavanoziva namazita avo.
- Vozoti vasvitsirwe mberi kusvika kunaMwari.
- Vaipira vachitenda midzimu yavo nezvakanaka zvavaitirwa, vachiituka kana pave nyatwa kana kuti vachiisuma kana paine chavaida kuzivisa.
- Vaiwanzoshandisa doro nefodya pakupira apa.
- Mudzimu mweya wamadzisekuru, madzibaba nemadzitete ako anofa oroverwa guva.
- Mweya wemudzimu unogona kugara pamunhu wawada wozopota uchisvikira paari.
- Munhu uyu anonzi homwe.
- Pabira pakaurayiwa mombe homwe dzinogona kusvikirwa dzononwa musiya (ropa).
- Mhuri yoga yoga yaifanira kuve nemukono wemombe wakadirwa mudzimu wainzi mukono wediramhamba, apo paigara mudzimu unozosvika pahomwe panguva yakakodzera.
- Mhuri yaitarisirwa kupota ichiitira midzimu mapira pese pazvaikodzera.
- Mukono waipota uchinetsa kana vadzimu voda ropa wourayiwa, kodirwa umwe – nyama yacho yaishevedzewa munhu wese, yezvirango yodyiwa isina munyu.
- Mwana wemwanakomana aigona kureverwa zita ramai vababa, obva ava homwe yambuya vake.

## ➤ **Mhondoro**

- Mhondoro zvinoreva munhu anosvikirwa nemudzimu mukuru wedzinza.
- Sezvo unenge wakamirira rudzi rwose haugari pamombe semudzimu wemusha, asi musango uri pashumba, wozosvika hawo pahomwe inodaidzwa kunzi mhondoro kana gombwe, anowanzove madzimambo.
- Basa remhondoro nderekuchengeta dzinza rose, kunyanga kunayisa mvura.
- Madzimambo ndivo aitungamirira kubikwa kwedoru remvura iri (mukwerera/mutoro) akatungamirirwa nemhondoro, sesvo aive pasi payo.
- Mhondoro ndidzo dzaibvuma kuti munhu ave mambo.
- Mhondoro dziri pamusorowo pemidzimu nen'anga, sanaChaminuka nanaNehanda.

## **Shavi**

- Mweya wemushakabvu unogara pamunhu wawada, zvisinei nekuti ihama uchiita kuti munhu uyu ave neumwe unyanzvi sehwekuvhima, kupfura, kuvesa, uroyi, umhondi neunzenza.
- Rinotozogona kusiyiramwa sokuti kubva kuna mai richienda pamukunda.
- Kutu munhu azoziva kuti ane mweya wekushava anorwara ofambirwa. Anotozoudzwa kuti ane shavi rinoda kubuda kun’anga.
- Anonzi abike doro nekugadzira zvombo zvinodiwa pabasa rekushava kwerudzi rwake, semicheka, bakatwa, chuma kana ndarira.
- Pabira iro shavi raizobuda richironedzera mashandiro araizoita.
- Akaipa haaitaura uipi hwawo, hwaizongooneka nokuita.
- Mamwe mashavi anonyatsozivikanwa ndeepochunha nechitsinha rinova shavi repfere kana rechinzvi rinoita kuti agarwa asaroorwe kana kuroora.
- Mamwe ndeanoti rejukwa, rezungu, remasiinda, remasimi rongo, remadzviti, rebveni, rezenda, rechingweme namamwewo akadararo.
- chiKristu chakaita kuti rudaviro rwevanhu mumashavi ruderere, asi vachiriko vanodavira maari.

### **Ngozi**

- mweya wemunhu akafa nefiro isina kunaka kana kuti nekupondwa zvemambune.
- Mweya uyu unodzoka kumhuri yemhondi uchipa minyama nendufu dzinouya nenzira dzinonetsa kunzwisisa.
- Vamwe vanoedza kutsipika ngozi nemushonga asi haiperi, inotoda kuripwa.
- N’anga ndidzo dzaiudza vanhu nezvengozi nekuvabatsira kuiripa.
- Zvengozi zvinongofambirana nemutemo waMozisi wokuti, “Usauraya”, uye MuBhaibheri motizve, “Ndinorova vana nokuda kwezvivi zvamadzibaba avo kusvika kurudzi rwetatu nerwechina rwevandinovenga. . .”, nekuti inogona kunyenyeredza nyakuita yonangana nevana vake nehama dzake.
- Hanzi ngozi inonyanya uturu ndeyemukadzi aurawa aine pamuviri kana achisiya rusvava.
- Imwewo inonetsa ndeyemutorwa wamusingazivi rudzi rwake, anogona kunge aiva mushandi, nokuti kunyange moda kuripa hamuzozivi kwekuenda, yobuda yave yechikwambo yatakaona mumashure senzira yokuroora tichibisa mukadzi wengozi. Onaizve nyaya yaZhuwao papeji 133. Kutsinhira nyaya yechikwambo iyi.

### **Mabasa eChikwambo**

- Chaigona kuve nharirire nokuve mudziviriri wemhuri, ndosaka vamwe vachizochitenga.
- Hanzi chaigona kubvunza mbavha kuti, “ko, gejo redu wave kuenda kupi naro?”, iri mibvunzo iri kubvunzwa negudo, jongwe kana imwewo mhuka.
- Atenga chikwambo kun’anga aigona kupihwa uri mushonga uri muchidende kana gona raiswa mishonga inotogona kunge iine ropa romunhu.
- Mutengi akafa, chikwambo chaizosara chichinetsa vemhuri yake.

## **12) N'ANGA NEVAROYI**

- N'anga inouka, kana kushopera, kana kurapa.
- Imwe inogona chimwe chete, zviviri kana zvose.
- N'anga dzinoshopera dzinoshandisa hakata.
- Hakata dzinogona kunge dziri shomwe dzemiti kana dzakavezwa kubva mumiti Makwati ehamba kana ezvimwe zvisikwa zvemumvura inoti muraka, mukomberwa kana mutohwe uye.
- N'anga dzinogona kurapa zvose nokuroya, saka dzakazonzi “witchdoctor” nevaRungu, kunyange ivo vasingaride vachida kunzi chiremba.
- Pamusoro pekurapa dzaigonawo kudzivirira vanhu kuti vasavigwe nemweya yakaipa, kana vavengi.
- Dzaipawo tsananguro dzokuti sei murwere arwara kana kuti sei mufi afa, kubudikidza nekutsamwa komudzimu, uroyi kana mashavi.
- Dzimwe n'anga dzinotosvikirwa kuti dziite basa dzichibatsirwa namakumbi, dziri padare padzo.
- Dare rinoshongedzwa nezvinhu zvinotyisa sematehwe eshumba, garwe, bere neingwe, uye nemateze ehamba, haka nezvimwe.
- Munenge mune makona nenyanga dzakasiyana-siyana kuitira kuti varapwa vabvume kuti in'anga yechokwadi.
- Umwe un'anga ndehwedzinza.
- Umwe hunobva mukumbotorwa nenzuzu.
- Umwe ndehwekutenga.
- Umwe ndehwemashavi.
- Munhu wezera rose anogona kuve n'anga anongopfeka nhumbi dzoun'anga.
- Hakata dzine mazita anoti, nhokwara, kwami, chitokwadzima uye chirume.
- Mhondoro ndidzo dzaityiwa nen'anga, asi vanhu, kunyange madzishe, vaitya n'anga vose.
- N'anga yaitonotsvagawo rubatsiro kubva kune imwe nekuti zvainzi n'anga haioni zvemumba.
- Nhasi uno vazhinji havasisina rudaviro mun'anga nemhaka yeruzivo rwekurapa nerweScience nerumwewo ruzivo rwakauya navaRungu rwunopundutsa sema fetireza.
- Vamwe vachiri kuvimba nen'anga mune zvimwe zvirwere zvinononzi hazvirapiki kuzvipatara sezvinouya nokutsamwa kwavashakabvu, kana kuti upenyu hunoramba huchishata zvisingatsananguriki, uye kana vachida kunzwa kuti chii chauraya hama yavo, kana kuti ipenge.
- Mamwe mabasa en'anga akaipa seekugadzira mheni.
- Dzimwe dzinonyepa, sokunyepa kuti dzatsipika ngozi ipo pasina chadzaita.
- Dzinonzive dzinogona kuribha munhu oita tsaona, kupa munhu zvitsinga kana mushonga wekuroya.
- Dzinopazve vanhu mishonga yemipfuhwira.
- Dzinogonawo kumutsa ngozi.
- Dzimwe hadzibvumi kuti pane hashu yadzisingagoni.
- Dzinotyisidzira vanhu dzichishandisa ruzivo rwadzo rwezvemhondoro, midzimu nemashavi.

### **Zvipeto Zven'anga**

- Badza ndicho chipeto chokutanga chekuti n’anga ide kunzwa zvichemo zvemunhu.
- Chamba chefodya ndochaitevera kuti sekuru kana mbuya vakagara n’anga vasutswe nefodya.
- Kwaidiwawo huku yetsamutombo yekuripa kutemwa nyora nekutsvagirwa mushonga musango.
- Huku yetsvukamukanwa yaive yekugezesa mukanwa men’anga munotsvukiswa neropa remurwere pakurikweva nemurumiko painenge yatema nyora.
- Kana n’anga yaizoita zvokunorapira pamba yemurwere, yaida musumudzo.
- Yasvika yaidawo huku yederere.
- Yapedza kurapa ndopayaizodawo Shano, zvisinei kuti murwere opera here kana haana.
- Zvipeto zvaigona kuve zvirimwa, fodya, huku, mbudzi, mombe kana mukadzi kana hosha yakakurisa.

### ➤ **Varoyi**

- Vamwe vevanhu vanokonzera kusagadzikana kuvaShona.
- Vakawanda vavo vakadzi.
- Ukapumha munhu uroyi unosungwa.
- Vanonzi vanoshandisa mweya yeVaShakabvu.
- Hanzi vanofamba usiku vakatasva mapere, vachifukunura zvitunha kuti vadye nyama yevanhu.
- Hanzi vanogona kutasva vamwe vanhu kuvaita semabhiza.
- Vanochiva zvevamwe kana kuuraya vachishandisa zvidhoma kana zvishiri kana muchetura chaiwo.
- Maitiro avo akangofanana neevaya vanonamata satani nhasi uno.

### **Uroyi**

- Kuna varoyi vamadzinza, vokuromba, vemuchetura n’anga, uye vanoroya nezviito.
- Varoyi vedzinza vanotokuurirwa namadzimai kana madzimbuya avo ivo vasingazivi kuti pane zvakavagara.
- Mukadzi uyu chero akawana kun’anga kwaanoudzwa zveshavi rake iri, haagoni kuriramba, sezvo kuriramba kuchireva rufu kumwanakomana wedangwe mushure mekutambudzwa kukuru.
- Atambira shavi, rinomumutsa ari mushwi nenguva dzomurirazizi oendeswa kumakuva kune dzimwe shasha dzekuroya.
- Zvitopota zvinomudziidzisa kutasva munhu kana bere zvomupa zvombo zvokushandisa semushonga wamadzikirira, muswe webere nechiko chemunhu akafa.
- Aizopiwa basa rekuuraya, sokuti munhu anonzi anodada.
- Apuhwa basa aibva adenha munhu uya kuti uroyi hwake hugobata mushure mekunge agumbukira muroyi aridza tsamwa, iyo inova muridzo wekudaidza mashavi.]
- Shavi raunzwa nemuridzo raimutsa muroyi anoroya muvengi waro.
- Muroyi, kana ari mukadzi, aipfungaidzira murume wake mushonga wamadzikirira osiya aradzika duri nemurume.
- Pamusha pemuvengi anoita zvekunyangira kusvikira ave pamusuo apo anodeketera midzimu yemuvengi wake kuti imurege achiita mabasa ake akaipa, asi achitaura kunge ari kuda zvakanaka.
- Mapere nezvimbwanana zvake hazvipindi naye mumusha.

- Musha wose unorara wakachengetedzwa nevadzimu vepo, saka akangonanga pamba kana kutadza kutaura aiona dziva onyenyeredza musha, kana kuona kunze sekwoidza otiza, kana kunzwickwa nevarere vobuda vomurova nekumurovera chipikiri/mbambo mumusoro adzokera kwake uko anonofira.

### **13) NHIMBE/HOKA/GUMWE/HUMWE NEMISHANDIRAPAMWE**

#### **Chii Chinonzi Nhimbe?**

- Mushandirapamwe waiitwa mumana roga roga panguva ipi zvayo yegore nechinangwa chekubatsirana mabasa akaita sekushanyura, kusakura, kudunhura nokuunda makombo, kucheka, kukohwa, kupura, kuvaka, kutanhaura nzungu nemamwewo mabasa.
- Vanhu vose vaitarisirwa kuendesa vanhu vaviri kana vatatu kwadanirwa nhimbe.
- Nyanhimbe anotarisirwa kupa vanhu doro rekuzopa vanhu kuti vamwe nokuvabikirawo sadza nenyama.
- Anoitirwa basa raizomotorera mwedzi kana kupfuura ari oga nemhuri yake.
- Mubhadharo kwaiva kuzouyirwawo kunhimbe yako kana chijana chako chasvika.

#### **Marongerwo enhimbe**

- Sabhuku/samana aishumirwa urongwa hwenhimbe kuti mazuva enhimbe dzakasiyana asabatana uye kuti padarikwe zuva pakati penhimbe.
- Kwaizobuda vairi kana vatatu pamhuri yoga yoga.
- Uwandu hwaabuda hwaizotsiviwa nanyanhimbe kana oendawo kwevanhu.
- Doro raingomwiwa navaya vabva zano voga.
- Vadoko nevakadzi vechidiki vaimwa biti, mangisi kana maheu.
- Inhimbe yokupura zviyo, mhunga kana mapfunde.
- Jakwara raive nedonzo guru rokupura, asi raipawo mukana kumunhu wose wekuita muchohwe, kunove kutaura kwejee kungaitwa pachisahwira, asi pajakwara kuchingoitwa nechero munhu pasina anofanira kugumbuka.
- Kuvepo kwevanyarikani hakutadzisi kuitwa kwejee.
- Jee iri raiitwa mukuimbwa nomukudeketerwa zvinoyevedza. (onai muenzaniso wedetembo rakanyorwa naval. M. Zvarevashe rinonzi Shasha dzeChimbo papeji 152 – 153).
- Detembo iri rinonyatsoburitsa nyaya dzechokwadi dzetutsika twakaipa twunoitwa nevamwe vanhu vemuchaunga ichi, sokuti kuba, kuroya, kutuka, makuhwa, usimbe, kunyengedza netwumwewo.
- Hapana mazita aitaurya, asi munhu aizvizivira.
- Asvotwa aipindurirawo mujee iri.
- Kuimba vachideketera pakupura kwaiita kuti vashandi vakanganwe basa ravari kuita nekukurudzira kuti pashandiwe vasinganeti.
- Vakuwasha ndivo vaifuzha zviyo kubva mutsapi vozviparadzira paruwere.
- Ndivozve vaizopura mupuro wekutanga basa kana sawhira.

#### **Mamwirwo edoro panhimbe**

- Mushure mekudya muzvipani kana zvikwata ndopavaipuhwa doro zhinji.

- Mukadzi wasamusha kana apedza kudira doro iri zvichinzi nhimbe iriko mangwana, aitora chipfuko chainzi chomusumo opa kumurume wake chekureva kuti doro raibva odeedza vakuru vakewo kuti vamwe vose.
- Aizopuhwawo hokeso yaaizonopa sabhuku kana kuti samana kumuudza kuti doro raibva, vomwawo navarume vakuru vakuru vomumusha umu, nhume yobva yatumwa kunoreva hoka iyi, vanhu vorara vaziva.
- Mangwana vaimboti shandei vachangosvika kwechinguva vobva vombopihwa hari yokutanga inonzi chiraramatsa/chikururamabhachi, apo mushandi woga woga anofanira kuwana mukombe.
- Vaidzokera mundima kusvika masakati vodya sadza nenyama, vobva vaburitsirwa doro zhinji, vari muzvikwata-zvikwata.
- Chikwata choga chaiwana hari yacho isina zita.
- Vakadzi vaipota vachiti pakunwa mukombe wavo vaisapedza vachiisa rasara muhombero, nerimwe ravaipiwa navarume kana varamu vavo vaiisawo muhombero mavo.
- Vainwa vachitaura nyaya dzinosetsa.
- Vapedza vaishandazve kusvikira zuva rovira vopuhwa hari yokupedzisira yainzi mharadza/mharadzamusasa, iyo inenge iri mhirimo huru chaizvo, iyo yaishumiwa nasahwira kana nomukuwasha.
- Vapedza, vanhu vaiparara.
- Vaurutsi vaisiyirwawo hari mbiri/nhatu dzavaizonwa rechimangwana vapedza kuurutsa.
- Ruzhinji rwaparara kwaiburitswa hari yainzi ndiki/chidyavarimi yaipuhwa samusha kuti agozonwa namadzisahwira navakwasha vake chifumi chamangwana acho kana manheru iwayo.
- Kwaibudawo tsvamaoko yaive yavakadzi vose vakabatsira pakubika doro, yavaimwa nhimbe isati yatanga, kana kuti yapera.

### **Matekerwo ehari yedoro**

- Kana hari ichinge yaunzwa yechiramatsa nemharadza zvinonwiwa nevanhu vose, inopirwa kuna sahwira.
- Aichera mukombe wokutanga unonzi mapete/wetsine opa mukwasha.
- Unotevera wainzi matakuro uyo waipuhwa mukadzi auya akatakura hari iyi.
- Waizotevera wainzi mataibaya, wokushumisa mukuru wechikwata kuti tave kunwa, waiita zvokupirwa kubva kumudiki kusvika kumukuru uyu.
- We china wainzi maturiro uyo waizotura doro riya kuchikwata chose, uyo waipuhwa chero harahwa inenge iripo.
- Weshanu wainzi wemucheri weachachera achipa vanhu vose, achitanga nemukuru zvichidzika nezera.
- Wekupedzisira wainzi mataipedza/mukwenguro waipuwa muzukuru kana mukwasha, kureva kuti yapera.
- Kana kuine, imwe yaingotevedzwazve mikombe iyi.

### **Donzvo remushandirapamwe**

- Donzvo raiva rokurimirwa pasina mubhadharo.
- Rimwe raiva rekuitirwa basa muchinguvana zvisinganyanyorwadza pane kuita woga.
- Mumaruwa nhimbe ichiri kuitwa.
- Mumatenganyika mave nevashandi vanobhadharwa vakawanda.

#### **Mimwe Mishandirapamwe Yepasichigare Ndeinotevera:**

- Nhimbe
- Majangano – siyano nenhimbe kuti aitwa nemhuri dzisingadariki shanu uye paisabikwa doro. Vaingotenderedza dzimba idzi vachiita mabasa angave ekusakura, kucheka kana rimwewo. Vaiita zvisungo sezvenguva, nezvingangodyiwa navabasa ava. Aityora chisungo aizotsiviwawo kana vanhu vave kwake, neusimbe chaihwo hwaitsiviwa.
- Majana/madzoro – aitwa pakufudza zvipfuwo muzhizha apo vaibatana vakati wandei vachipa imba nemba dzoro rokufudza zvipfuwo kwenguva yavakatarirana kuti vaya vasina dzoro vawane nguva yokushanda muminda.

#### **14) MUKWERERA/GASVA/MARENJE/CHIPWA**

- Ibira remvura raitwa kana munhuruka wawepedyo, uye kana mvura yaramba kana kunonoka kunaya.
- Kunyange mapira emvura aya ave mashoma achiri kuitwa.
- ChiKristu neruzivo rweScience ndizvo zvave kunyanyoshandiswa kuti mvura inaye.
- Vanhu vave nerudairo rwushoma kumakombwe nemhondoro dzemvura idzo dzave shomanana.

#### **Mabikirwo edoro romukwerera**

- Mambo nesvikiro ndivo vaironga bira iri.
- Nhume yaifamba mumamana ose ichipuhwa zviyo nemba imwe neimwe.
- Svikiro raizodeketera zviyo zviya zvonoiswa mumakubi akaoma aizongonyuka mvura yokuzvimeresa.
- Zviyo apa zvinobatwa nembonga kana chembere isingachazivi murume.
- Mushure mekumera, chaigoverwa kuvakadzi vechidiki kuti vakuye, asi vainzi panguva iyi vatsanye bonde, chodzoserwa kuchembere/mbonga iya.
- Varume vaibatsirana kutsvaga huni.
- Chembere/mbonga dzochizobika doro riya, mvura ichitekwa nevakadzi vadiki vaya.
- Raibva, mushumo waienda kuna mambo, aizoupfudza kusvikiro.
- Vanhu vaizoudzwa zuva rokuungana pasi pemuhacha kana mumakomo mune zvipako.

#### **Bira regasva**

- Hari dzaizoendeswa kunzvimbo iyi vakatungamirirwa namambo nesvikiro vachiimba.
- Chembere, kunyanya dzekumba huru, dzinenge dzichatamba dzichirasa nhembe nekutaura zvitsverudzi.

- Vasvika vaikomberedza muti, svikiro roteketera kumidzimu, rochera mukombe unorasirwa pasi, varume vachirova gusvi, uku vakadzi vachipururudza.
- Mhondoro yaizomwa, yacherera makombwe mikombe vachidira pasi.
- Mushure mezvirango izvi, vanhu vaizogoverwawo doro vomwa vachipfachura – pfachura kuti midzimu imwewo.
- Zvasara zvaidirwa pasi, posiyiwa chipfuko chaizosiyiwa pamuti paya kana mubako mokuti mhondoro dzigouya dzomwa.
- Vaizongoona chaoma gare gare.
- Paidandaurwa mbira zvekuti svikiro raigona kusvikirwa rotaura kuti vanhu vakurumidze kuenda, sezvo mvura zhinji yaiuya. Vaitogona kunayiwa vasina kure kwavasvika.
- Svikiro raigona kurevawo kana paine mhosva huru dzakaparwa, bira risati ratambwa, semakunakuna, vanhu vacho voripiswa mombe dzinoenda kwamambo.
- Imwe yaiurayiwa yodyiwa nevanhu vose, bira rozotambwa zvaro.

### **15) KUTANDA BOTSO**

- Botso ibira rokupodza shungu dzomubereki anenge afa aine shungu dzokuti mwana wokubereka akamurova, akamutuka, akamuuraya kana kuti akamusvora.
- Vabereki ndimai nababa, kozouya vatete, avo vanofanirwa kukumbirwa ruregerero kana vatadzirwa voripwa vachiti vapenyu, apa anobvisa nhendamurandu.
- Vakafa pasina nhendamurandu, anowirwa nematambudziko akaita seaya: minyama, rufu, urwere, netsaona dzakasiyana-siyana.
- Nhamo idzi kana dzawanda pamwana, kunoendwa kun’anga kunobvunzira obva orongerwa zvokutanda botso.

#### **Botso**

- Mutandi anopemha mbesa akapfeka mamvemve kana masaga achiudza vanhu mhosva yake.
- Anenge atandirwa musango nedunzvi kunoita izvi.
- Vakuru, munin’ina, mukoma wababa, amai kana tete ndiye anodeketera kuhama yake yakatadzirwa iyi kuti mwana ave kunopemha achitsvaga mubereki waakadzingiramo.
- Hama dzinomutuka, kudirwa makoko kana madota vachimudzingira musango, pwerewo dzichimushapura neshamhu dzimwe nendandi.
- Anopotedza misha netsapo yake achiimba rwiyo rwemhosva.
- Anotukwa achiisirwa mbeu mutsapo yake.
- Asvika kumusha aizopatsanura mbeu dziya achiti dzorudzi rumwe padzo, dzorudzi rumwe padzo.
- Zviyo zvaizodeketererwa kobikwa doro, kwourawa mombe yeusavi yaibviswa nomutadzi uyu.
- Raibva, aipfekedzwazve mamvemve ake.
- Mudzimu unochitukwa kuti uchiregerera mwana.
- Mutadzi anonotwazve nekukupirwa zvine tsvina, vanhu pavanoswera vachimwa nokudya iye asingadyi kana kunwa zvebira, asi anotopiwa sadza nemufushwa.
- Kutambudzwa uku ndiko kuchenurwa kwake.



- Zuva rodoka, anozopiwa mbatya dzake, kuratidza kuti aripa mhosva yake.
- Nhasi uno vave vashoma vari kutanda botso.

## **16) RUFU**

- Runouya apo mweya nenyama zvinoparadzana.
- Haruna zera kana nguva.
- Kare vainyanyofa vana, avo vaifa nezvirwere zvavana, nevatana nekuti vainge vakura.
- Jaha kana mhandara vaiti vafa vaivigwa negonzo, tsvimbo kana chiguri kana mugoti kuti zvimirire mukadzi kana murume kuti mufi asapfuka.
- Vazhinji vanofa mushure mokurwara nekupinda mutsaona dzakasiyana-siyana.
- Mazuva ano mhandara nemajaya ndivo vave kutangira vatana kunyanya pamusana pemukondombera.
- vaShona vanoti rufu rweze rwunouya nekuroyiwa kana nemidzimu inenge yatsamwa.
- Kunyange varoyi vanonzi vanouraya munhu vatokumbira midzimu yake kutanga.
- Vakuru vanenge vanonyumwa rufu rwavo zvokuti vanodana vakakodzera vovaoneka vachivarongerwa zvavanoda kuti zviitwe.
- Hanzi vamwe vanga vasisadyi vanodya chaizvo musu wokufa.
- Achangofa mufi anopetwa achadziya, kureva kuti, maziso ake anodzorwa pamwe nemuromo kuti zvivharike, oradzikwa akatambarara kana kugonyeswa makumbo, uyu musoro worerekeswa kurudyi.
- Apetwa, shoko rerufu rinozofambiswa kune vakakodzera vanoti hama, sadunhu kana mambo nevamwewo. Kumadzitezvara kunonoridzwa mhere nechipeto chehuku, asi mazuva ano yangove mari ndokunge ari mukunda wavo afa. Kana ari mukuwasha imhere chete isina chipeto.
- Sadunhu kana ishe ainoridzirwawo mhere kwamambo.
- Mazuva ano kwongoshandiswa runhare ndirwo rwonyanyoshanda kuzivisa zverufu.
- Vatezvara vakaudzwa nenhare vanozopihwa chipeto chavo vasvika vopiwa imba, umo mavanochemera mukunda wavo kana mukwasha wavo vari.
- Mazuva ano vehofisi yamudzviti vanoudzwawo kuti mupiwe mvumo yekumuviga, uye kuti zita rake ribviswe pamazita evapenyu.

### **Kunoradzikwa Vafi**

- Vamwe vane makuva enharaunda
- Vamwewo emusha
- Mumadhorobha, dhorobha rega rega rine nzvimbo yevafi.
- Kare zvindumure nevakuru vese vaivigwa pane ivhu rakasimba repazvuru.
- Madzisho nemadzimambo vaivigwa mumapako nemumakomo.
- Vacheche, vachiri kuyamwa netusvava kana magavamwedzi mumapani nepedo nenzizi uye vachivigwa nechembere nevakadzi vakura voga, vari muhari uye varume naamai vemwana navasviki pakuvigwa apa.
- Vakadzi vaifawo nepamuviri vaivigwawo mumapani nepedo nenzizi.
- Vamwe vaivhura dumbu voburitsa mwana vomuviga vakamuradzika padumbu raamai vake.
- Azvisungirira aivigwa musu wacho iwoyo asina kusvitswa mumusha, vachitya kuti vangapinze mweya wetsvina mumusha mumwe akagarwa nawo.
- Kana anga ari saimba kana mai vaitotanga vagadzira mweya wake kuti vamurove guva.

- Hama yomufi yeropa ndiyo yaitemera hama yayo rukarwa kuti guva richerwe.
- Mazuva ano mumadhorobha haruchatemwi, sezvo makuva emo achigara akacherwa kare, asi mumamisha ruchiri kutemwa.]
- Guva remunhu rinofanira kucherwa musi wokuvigwa kwake, zvikatadzika rinotorindwa usiku hwose.
- Munhu anowanzovigwa mangwanani kana zuva ronodoka kwete rorova nhongonya ari mubhokisi kana mumachira.
- Marinda avana aisanyanyodzika, asi avakuru aidzika, uye aiiswa hweda, kunova kuzofeda kurutivi kwaizoiswa munhu.
- Mazuva ano hweda iyi yave kuiswa pakati pegomba vovakira kumativi kwayo nezvidhinha, vodzikisa mutumbi, vovhara hweda iyi nematombo, mapango akasimba, poitwa kanenge kasirabhu kuitira kuti ivhu kana rokandwa risatsimbirire mufi.
- Mumadhorobha nyaya yehweda haimo.
- Kana munhu avigwa muzukuru kana mukuwasha anotsvaira mativi eguva kudzima tsoka dzavanhu achishandisa chizhuzhu kana zumbani.
- Vakuru vanozofumira rechimangwana kunomutsa mufi nokuona kuti hapana rutsoka rwakasvikapo here – angadero ari muroyi.
- Kare guva raionekwa muganhu nematombo aivakwa pamiganhu yegwa, asi panhasi vanoisa dombo guru kumusoro kwemufi rakanyorwa zvemufi.
- Emadzimambo aingoizivikanwa nevakuru vakuru vedzinza iroro bedzi.
- Vamwe vaiita guva rechipameso ramambo umo vaivigwa musoro wembudzi kana wemombe uri mudenwe remombe.
- vechiTonga vakaviga munhu wavo chero mumunda vanotamba pamusoro pachu vachisiya pati sandarara zvekuti hapazoonekwi kuti pane guva.
- Mutumbi usati wavigwa waigezeswa namadzimai, varoora, varamu, sekuru kana muzukuru, wozorwa mafuta, wozopfekedzwa mbatya.
- Varoora vanenge vachitosekawo nokunemera mufi seviri kutaura naye.
- Kwafa mutorwa vakuru vaibvisa mbudzi nhema yaiurayiwa nejaha risati raziva mukadzi , kwotsvakwa n'anga iyo yaizomwaya ropa rembudzi iyi paaizovigirwa, yochera rukarwa nokuzopinda nemutorwa uyu muguva, musoro wembudzi iya unovigwa pamwe naye, kuitira kuti mweya wake udzokere kumusha kwake usanetse vatorwa ava.
- Mombe yenhevedzo yepfungaidzo yaibisirwa samusha kana mai vemba, nanevanji pafa baba, jinda raizotarisirwa kugara umambo pafa mambo, nomurume kana mukadzi wemufi kana nemukuwasha, uye vana vese vanogona kubisa mombe iyi.
- Vana vaduku vaisatenderwa kuona vafi vachivigwa.
- Vana vasati vave nedzimba dzavo vaisabvumirwa kusvika panovigwa vabereki vavo, kune dzimwe nzvimbo.
- Vese varambidzwa ava vaizonona havo chifumi chinotevera.
- Mazuva ano zvose izvi hazvichaereswi.
- Vamwe vanoti musoro wemunhu afa unofanira kutaridzwa kuchamhembe chakadziva kumavirira kana kumabvazuva.
- Mumadhorobha nepazvuru zvizhinji zvemumamisha misoro inongopedzisira yangotarisa chero kwese kwese.

## **17) KUROYA GUA NEKUGARA NHAKA**

- Kurova guva /kuchenura ibira rinoitwa kudzora nekuzorodza mweya wemufi kuti uzogara uchichengeta mhuri yakasara, usina imwe mweya yakaipa yakanamatira kumusana kwemufi.
- Kwaive hwaro hwechitendero chavaShona chokuti mweya wemunhu haurovi.
- Mweya wakafa waizochengeta vapenyu semudzimu, wemutorwa wakanaka kana kushata seshavi, uye watsamwa sengozi inoda kuripwa.
- Hanzi wemudzimu ndiwo wange wakanakaa nekuti haurayi, unounza zvole zvakanaka. Makuva anorohwa ndevakuru vanga vava nedzimba.
- Mushure mekuvigwa kwevaikodzera kuroverwa makuva mweya yavo yaingotenderera iri nechekunze kwemisha kusvika yazopinza mumusha isingakwanisi kunobatana neyevakarohwa makuva.
- Bira rekurohwa guva hariitwi mumwedzi waMbudzi, uye muzhizha mitambo iyi yaive mishoma.
- Munhu afa vakuru vainorova gota kun'anga kuti vazive chakauraya munhu, vogadzirisa zvinoda kugadzirwa kana zviripo.
- Vaizobika hwahwa hwehonyi/hwemvura/hwemapere mushure mevhiki nhatu uho hwaibikirwa sawira akapinda nemunhu mubviro.
- Musi uyu ndiwo wairongedzwa mbatya dzemufi kuti dzizogovewa mushure meguva.
- Vaisarudzawo sarapavana anofanoona zvemusha uyu kusvikira guva rarohwa.
- Mazuva ano doro iri rave kunzi remafoshoro. Kwairawawo mbudzi yerudzi rwemufi pamusuo paakabuda napo, yotemerwa pamashizha emupembere, yogochwa yose ichidiyiwa isina munyu vanhu varimuzvikwata zvavo. Neurawo hwaigochwa husina kusvinwa.
- Mapfupa nechinzvinzvi zvaipiswa kuti zvisadyiwe nembwa.
- Vanasawira vaidyira nyama iyi hupere vachishereketa zvavo.

### **Kurova Guva**

- Vaidzokera kun'anga iya kunobvunza kuti vorova havo here guva kuti vaone kuti harina kupiswa here.
- Kana rakaipa n'anga yaiuya jobvisa nyanga inenge iripo.
- Kana rakapiswa mukadzi kana mwana akashereketa airipiswa. Hanzi kupiswa kweguva uku kwaionekwa nemujuru wakawanda chose waimerapo.
- Kana rakanaka kana ragadziriswa hama dzaizoziviswa nezvemutambo uyu.
- Zviyo zvairevererwa nehama yanyakufa satete, sekuru kana babamukuru.
- Zvainyikwa nemukadzi apedza ura, doro rozovambwa, dunzvi richitungamirira basa rose.
- Parinenge richibikwa, varoora vanenge vachitsoropodza vatukwa vose.
- Musi warinodirwa vanhu vanoraratamba ngoma.
- Mombe yabiswa nemukwasha ndiyo inourayiwa usavi navakwasha.
- Vamwe vairadza chipfuko chedoro musango, icho vaiti vakawana chisina kuputswa mangwanani acho zvareva kuti basa ravo ragashirwa (chipfuko ichi chinonzi mushunje)
- Kana chakaraswa –raswa vaiti pane papotswa vopatsvaga nekugadzirisa kun'anga.
- Kana chakamwiwa vaiti mushakabvu anwa.
- Chifumi ichi kwairayiwawo mbudzi yaibitirisa nemvura kusvikira yafa paguva remufi.

- Varoora vaikura nzira yekumakuva nekutsvaira guva rake, vachikandirwa zvipo.
- Chinzvinzvi chembudzi iyi chaidzuriswa guva.
- Musoro wayo waivigwa wotsikirirwa nebwe, nyama voenda nayo kumba.
- Chipfuko chainwirwawo paguva apa chichiitwa zicherawachera, rasara rodirwa pasi.
- Zvapera, vaizopfugama, mukuru uya oteketera achiudza mufi kuti vave kuenda naye kumusha kuti anochengeta mhuri yake, vanhu vouchira nokupururudza, vodzokera kumba vaiimba nokufara.
- Varoora vachituka nekuteedzera mufi, vaizopa vanhu kudya nokunwa. Dzimwe nyama dzezvirango dzaidyiwa dzisina munyu dzatangwa dzasumwa kuvakuru nekuvadzimu. Vaiswerera nokurarirofara, vozofumira remangwana acho voita zvenhaka.

## **18) KUGOVEWA KWENHUMBI**

- Ndopanopadzwa nhumbi dziya dzokurongedzwa nedunzvi.
- Dzaigoveva nedunzvi riya zuva rangati kata achiudzwa zvekuita nababa namai vake.
- Kana ari murume, vakadzi vake vainzi vatange vadarika nhumbi idzi.
- Mombe dzababa dzaisarira vana kuti vaseezese nekurooresa.
- Kana dziri dzemunhukadzi dzaive dzekumusha kwake kana dzasara pavana.
- Vaiedzawo kutevera zvido zvanyakufa, kana zviripo.
- Zvombo zvechirume zvaipuhwa nevanji seuta, miseve . . .
- Tsvimbo yaizopuhwa achagara nhaka yomukadzi.
- Nevanji aibva apuhwa zita remufi paanopuhwa zvombo.
- Zvechikadzi zvaigoverwawo vekwake, asi zvizhinji zvaisarira vana navaroora.
- Mukadzi kana murume achenurwa aichikwanisa hake kuroorwa kana kuroora.
- Nhasi nhumbi dzava kuparadzwa chifumi chezuva rokuvigwa.

### **Mapiro Ezita**

- Usiku hweguva, dunzvi nanevanji vairara chinhambwe nekumba.
- Mangwanani acho dunzvi rainogeza nevanji, vozodaidzwa.
- Varoora vaiwaridza rukukwe, voti umwe kune rimwe divi, umwe kune rimwe, dunzvi nanevanji vogara pakati parwo.
- Kana akafukidzwa dunzvi rinomufugura romugachidza pfumo, bakatwa kana imwe yetsvimbo yanyakufa, achitaura mazwi okutura zita rasekuru padunzvi iri.
- Apedza vanhu vanoridza mhururu, mheterwa nenhondo kufarira mufi amuka.
- Vanhu vanozotota zviyana zvokutaura zvavanoda kumunhu mutsva uyu vachikomekedza tsika dzakanaka nekumhura dzakaipa dzaiitwa nemufi.
- Kwaizotaurwa zvikwereti kuti zviripwe nemugari wezita.
- Pakubisa rukukwe varoora vava vanofanirwa kushonongorwa voridza mupururu, vanhu vobva vopinda munhaka.

### **Kugarwa Kwenhaka**

- Mukadzi ainge afirwa nemurume aifanira kupiwa mukana wokugarwa nhaka nemurume waanoda.
- Vaviri ava vaigona kufanokonzana zuva iri risati rasvika.

- Vanin'ina vatevedzani ndivo vaive nekodzero yekugara nhaka, kwete vakoma kuti vagare nhaka, nokuti vainzi ndivanababa, kunyanya nevanji.
- Vazukuruwo nevana vekwanababamunini nanababamukuru vaipindawo murundaza rwokusarudzwa.
- Mukadzi wechidiki aitonzi agarwe nhaka, kana aramba dzimwe mombe dzainzi dzidzoke zvadzo.
- Akura aigona kugara hake pasina nhaka, asi gomba raizobatwa rairipiswa.
- Nhaka yaigona kuitwa kuchishandiswa tsvimbo kana dhishi remvura.
- Mukadzi aitora tsvimbo kana dhishi iri onopa murume waanenge asarudza ari wemumba chaimo.
- Kugashirwa kwetsvimbo kana dhishi ndokutenda kwemurume.
- Kuti ari kuda kuchengeta mhuri chete pasina zvebonde aingogeza maoko orega kunwa mvura yacho, akaimwa anenge achida zvose nebonde.
- Kana nyakufa aive nevakadzi vaviri, vakadzi ava vaibva vangotevera pamurume asarudza nehosi,
- Vanakomanawo vakura vaigonawo ganhiwa navakadzi vadiki vababa vavo panhaka apa, chero chete vakadzi ava dzisiri hama dzamai vavo.
- Mukadzi asingachadi zvemurume aigona kupa dhishi kumwanakomana wake kana tete kureva kuti ndogarira vana ndakura, asi dzimwe nguva aingoirasira pasi kuti achagara pamusha achizvionera.
- Vana vaibarwa munhaka vaive vanyakufa, zvokuti vaiita zvipanda zvehanzvadzi dzomunhumbu chete.
- Murume aiurayira mukadzi wenhaka mombe yainzi sendekauta kuti awane mvumo izere yekuenda naye pabonde.
- Kana paive nejeredzwa ndiye aipedzisa.

### **Nhaka Mazuva Ano**

- Vakadzi vazhinji havachadi nhaka, kunyanya vanosevenza nevane vana vakura.
- Zvese varume nevakadzi vave kuda kuzozvitsvagira vega.
- Nhaka haichadiwi nekuti inokudza mhuri yonetsa kuriritira.
- Mukondombera unoita kuti vanhu vatye nhaka.
- Vazhinji vongochengeta vana vehama pasina zvesendekauta izvi.
- Asiwo vachiriko vashoma vachiri kutevedza tsika yekugara nhaka iyi.

### **Nhaka Nhasi Uno**

- Mufirwi (murume kana mukadzi) ave nemararamiro ekugara nhaka yepfuma yeumwe wake.
- Pfuma yave kugoverwa maererano nerudzi rwemuchato wevaviri.
- Kana uri wekwamajisitireti weChitsauko 37 mukadzi kana murume anogara pfuma yakasiyiwa zvisina mutauro.
- Mimwe miviri, kuti wokwamudzviti Chitsauko 37, umwe wechikare usina kunyorwa pasi inosanganisa zvazvino nezvechikare zvekunobva mufi.
- Vanawo vanenge vachiri vaduku vanowanawo chikamu pafuma yevabereki.
- Kana vakura, vanokumurirana vose zvakaenzanirana.

## 19) MADZIMAMBO

- Madzimambo ndiwo aive vatongi venyika.
- Utongi hwaifanira kuve muzvido zvevatongwi
- Madzimambo aitungamirira nyika vari vamiririri vemakombwe nevanhu.
- Aishandawo namadzishe, masadunhu namasamana amatunhu akasiyana-siyana waitonga zvavaikwanisa, voendesa zvavatadza mberi.
- Vaigashirawo vapoteri nekuvapa pekugara pamwe nevanhu vavo.
- Vaipa vanhu vose ndimo napafuro pachena.
- Zvokutenga nyika izvi zvakazouya navaRungu votengesa zvavakawana pachena.
- Aigonazve kuzobvuta nzvimbo idzi kana dzaitwa zvisingamufadze.
- Mambo airiritirawo vanhu munyatwa sedzehondo.
- Ndiye aitungamira mikwerera yekukumbira mvura kana kuruma vanhu kuMabute adziva.
- Aitungamirawo vanhu pakutama.
- Aionawo kuti vanhu vagere murunyararo, airanga vemakunakuna nemhondi, nokuezanisa vakanganisirana.
- Aionawo kuti zvisi nezvimwe zvierwa zvatevedzwa.
- Aipawo mibayiro yemabasa akanaka.
- Aichengeta masvikiro nembonga.
- Aionawo kuti michero, dzimwe mhuka neshiri zviri kuchengetedzeka.
- Vanhu vaizivikanwa sevanhu vamambo ngana, miganhu iri makomo, nzizi, mapani zvichingodaro.
- Umambo hwaitangwa nekurwisa kopambwa nyika yakurirwa.
- Vamwe vaienda kusina vanhu vanotanga umambo ikoko.
- Afa, jinda guru raiyiwa ngundu, tsvimbo, mutsago kana ndono zvemufi kuti ndiye ave mambo.
- Vakadzi vamambo vairemekedzwa zvikuru, kunyanya vahosi.
- Vakadzi vaiwanda kuti machinda awandewo.
- Machindikadzi anonzi madzishe, avo vaizotsigirawo ushe hwemadzibambo avo kwavanenge varoorwa.
- Vakadzi vaduku vamambo ndovaiona nezvekudya nekuferefeta nezvevanhu vanovenga mambo voudza hosi.
- Mamwewo mazano aiuya navakadzi ava.

### **Kugadzwa Kwamambo**

- Ruzhinji kugadzwa kwaitevedza ukuru nedzimba, kuchitanga madzibaba.
- Magadzirwo aya ndiwo aizounza hondo neavo vanenge vanonokerwa nekusvikirwa natwo.
- Umambo hwaifanira kuropafadzwa nesvikiro kana kuti nemhondoro, saka aigona kuuraya munhu uya asingakodzere.
- Kare kare umambo kwaigadzwa naMunhumutapa.
- Akazotorerwa umambo ukuru uhu naMuRozvi.

- Vanhu vasarudza mambo wavo vaizodana muRozvi kuti atume nhume dzake kuzovagadzira mambo.
- Vaivatapo vofuma vachigadza mambo uyu nokumupa ngundu youmambo nokumupfumbatisa ivhu, vanhu vodya nyama.
- Ishe oga oga aifanira kupa mambo mutsva chipo chemombe kana mbudzi, zvimwe zvoorawa pamabiko aya.
- muRozvi aigona kusarudza waanoda kuti aite mambo, nokuuya nechuma osvikodana zita rewaanoda, kana adavira otiza, vanhu vozoona chuma chiya votogadzirira mabiko ekugadzwa kwake umambo.
- Kune dzimwe nzvimbo masvikiro makuru ndiwo aigadza umambo mushure mekubatsira pasarudzo yake.
- Pakauya vachena umambo kwange hwogadzwa namudzviti avo vaigona kungosarudzawo wavada vosiya wevakuru vedu pamusana pekuti havawirirani naye panyaya dzematongerwo enyika.
- vaRungu vakazopawo madzishe ndiro yemhangura inenge mwedzi uchangogara kuti vaise muhuro.
- Ndiyo ndiro yaida kuturunurwa navaRozvi kuti vape mambo wavo.
- Vakapawo madzimambo tsvimbo dzine chidhindo Chehurumende, magamenzi neherimeti.

### **Kuwigwa KwaMambo**

- Rufu rwamambo rwaizozivikanwa neruzhinji vatovigwa kare kuitira mhandu nevavengi.
- Aiti afa aibisiwa zvomukati zvovigwa, osasikwa ovigwa akasendamidzwa mubako raivigwa madzimambo vaine zvombo zvavo.
- Vanhu vaiita basa iri vainzi vanachuru, asi kune dzimwe nzvimbo raiitwa namadzisahwira kana vakwasha pamwe nevakadzi vamambo.
- Vaisendamidzwa kana kugadzikwa vaputirwa mudehwe remombe.
- Svikiro raiudzwa zverufu, asi pamwe raingouya rega mambo arwarisa kana achangofa.
- Uya aizogadzwa umambo aizodambura mutimuri wamambo.
- Avigwa, vanhu vaichizoudzwa kuti afa, vouraya mombe zhinji voita guva rechipamaso.
- Vanoudzwa zverufu mambo mutsva atosarudzwa kare navakuru vakuru pamwe nemhondoro.
- vaRozvi vaiudzwawo zverufu urwu.
- Dunzvi ramambo ndiro rairongerwa zvinofanirwa kuitwa mambo paanenge orwarira kufa, nekuchengeteswa nguwo dzamambo.
- Ndiro raizobatsira pakugadzwa kwamambo mutsva.

### **20) NZVIMBO DZINOYERA**

- Inzvimbo dzine chekuita nezvemidzimu neunamati hwedu.
- Zvinhu zvinoitika munzvimbo idzi zvinonzi hazvitsananguriki.
- Vamwe vaiti ndezvenhando, asi vakazopinda mutsekwende.

### **Mazita Edzimwe Nzvimbo Dzinoera**

- kwaMurehwa kune gomo rinonzi Hurungwe rinonzi rinoita maminimini.
- KuNyanga kune makomo eNyanga neimwe nzvimbo inonzi Chirikuutsi.
- KuBuhera kune gomo rinonzi Gombe rine dzimwe ninga dzine zviyo zvinoita sezvinonzi ndezvemwaka wakapera.
- KwaNyashanu kune makomo eShava.
- KuChinhoi kune ninga inonzi Chirorodziva ine dziva rinoita mashiripiti.
- Matoposi yeBhuruwayo ine Mabweadziva kwainokumbirwa mvura navakuru vedu.
- KuKariba kunaNyaminyami.
- KwaMutare kuna VaVhumba, Binga-guni kwaMutasa, neMakomwe rokwaMarange.
- KuHarare pedo neDzivaresekwa kune nzvimbo yaiita mashiripiti.
- Kune nziziwo dzaiera dzine madziva ane njuzu ayo asingapwi chero kwopisa zvakadini.
- Mamwe acho ave kupwa nokushandisirwa midziyo yeChirungu pakuchera mvura nesipo dzinonhuhwira izvo zvakauryisa vamwe nenjuzu.
- Pana mamwe madziva panoonekwa mukadzi akagara pakati pedziva nemhuri yake akatoyanika mbatya sezvaiita rimwe dziva rekwaMaurambinda kuBuhera.
- Rimwe remadziva aya ainzi Bedza-vaHera raive muna Murove, kuBuhera kwakare.
- Hanzi gomo rekwaMurehwa reHurungwe raida kutorwa nevaRozvi vakabva kwaSeke kuti vape mambo wavo vakazvitadza. Zvakatsamwisa gomo rekwaMutare rinonzi Zhombwe ndokuda kuzorwisa Hurungwe rakatadza ndokudzokera rikanomira rave makiromita masere. Muzvezve waro usati wavharwa nemiti yakazomera hanzi waitoonekwa.

### **Zviitikwa Zvenzvimbo Idzi**

- Mamwe makomo seHurungwe neGombe anogona kungoita moto usina abatidza muchirimo panzvimbo dzisina ukwiriko, uye dzisina uswa.
- Mamwewo makomo anoita mhute inoshamisa.
- Mamwe madziva anoita kunge ane vanhu vari pamutambo vachitoridza ngoma, mamwewo anonzwikwa mazwi avanhu vanenge vachitaura.
- paChirikuudzi vanhu vakaonekwa vachinyangarika zvekusazoonekwazve.
- Vazhinji vapenyu vakaomoka kutaura mumakomo vakaita chadzimira vakaswera vongodzengereka kusvikira vagara pasi voombera vachikumbira ruregerero kana kuisa fodya yebute pamashizha vokumbira ruregerero vachiombera.
- Vamwe vaitorwa nenjuzu pamadziva kana vakuru vavo varega kuchema nokuita zvinenge zvarehwa navakuru, vaibuda vave n'anga.

### **Muti Usinazita**

- Muti unowanikwa Buhera kwaNyashanu, uye hauna Mazhizha emuti unwe asi emiti yakasiyana-siyana.
- Umwe wacho hanzi wanga uri pedo neMarondera.
- Hanzi vakuru vaikumbira zvekudya vari pasi pemuti uyu vopuhwa sadza mumakore enzara.



### **Zvinoeresa nzvimbo idzi**

- Zvinofungidzirwa kuti semumakomo maivigirwa madzimambo mweya yavo ndiyo inopota ichiitisa maminimini.
- Mamwe madziva anenge akarovera vanhu vakawanda, mweyawo yavo yopota ichiitisa maminimini.

### **Machengeterwo Enzvimbo Dzinoera**

- Dzimwe dzenzvimbo idzi huru dzave mumaoko eHurumende.
- Vakuru venzvimbo dzisiri mumaoko ehurumende vanofanira kupota vachidziidzisa vaduku zvinobvumirwa nezvisingabvumirwi panzvimbo imwe neimwe.
- Kana munhu anyangarika kana kutorwa nenjuzu, hama hadzifaniri kuchema, asi kutobvunza vakuru venzvimbo iyoyo kuti vodini.
- Zvokushora kana kutsoropodza nzvimbo idzi zvakapinza vazhinji mudambudziko, saka hazvifaniri kuitwa.

## **21) DZIMWE NYAYA**

### **Usahwira**

- Usahwira ushamwari hwamandiriri huchiri kuwanikwa nanhasi.
- Anogona kukupa mombe chaidzo dzekuitisa zvakasiyana-siyana.
- Anokupawo mazano anovaka nekukutsiura kana worasika.
- Anotsiurira tutsika twakaipa mujee.
- Panhimbe neparooro anobatsirawo.
- Anovigawo vaganda vake, otobikirwa doru rokumutenda.
- Parufu anotevedzera mabasa ako sezviya zvinoitwa navarooro zvatakaona pachiroora.

### **Ukama Hwedu**

- Ukama hunobva pamutupo wababa vako.
- Kana baba vasingazivikanwi waizopuhwa mutupo wamai.
- Vekudivi raamai ihama dzakozve.
- Munin'ina wamai nemurume wavo ndibabamunini naamainini.
- Munin'ina wababa nemudzimai wavowo ndozvimwezvo.
- Kana vanhu ava vari vakuru kune vabereki vako, vanenge vave babamukuru namaiguru.
- Vana vemhuri idzi madzikomana, vanun'una kana hanzvadzi dzako.
- Mativi ose ana mbuya nasekuru.
- Vedivi rekumabvazuva vanoti sekuru vekwababa bambomukuru.
- Hanzvadzi dzababa ndivanatete (samukadzi/bambomukunda)
- Hanzvadzi dzaamai ndivanasekuru

- Ukama hwepedyo ndokunobva kuna baba hunosimbiswa nemutupo, zvokuti zvaiera kuroorana nevana vanabababmukuru nanababamunini vako, zvokubvisiswa mombe yemakunakuna nedzimwe dzaienda kwamambo, morambidzwa kuroorana.
- Hama dzamai dzavakabarwa nadzo mudumbu ihamawo dzapedyo zvokurambidzwawo kuroorana nadzo.
- Panehumwewo ukama huri pakati pekure nepedyo uho hwekuti maroorana maingobisiswa mombe yechekaukama, yaiurayiwa yochedwa napakati, vanatezvara vitora rwavo, vakuwasha vachitorawo rwavo rutivi.
- Ukamaruswa ndohuri pakati pevatorwa vagarisana apo umwe wehama yemhurimbiri akarooro kudzinza roumwe votoumba ukama.
- Humwe ukamaruswa ndehwe vanhu vanoera mutupo umwe, asi zvidau zvakasiyana.

### **Chiramu**

- Varamu vanun'una kana madzikoma emurume kana mukadzi wako, varume vanatete kana uri musikana, vakadzi vanasekuru vekwaamai kana uri mukomana.
- Varamu vanogona kunemerana, kusvorana kana kutukana mukufara.
- Vanogona kuroorana kana vasina kuroorwa.
- Madzimbuya vakadzi vamadzisekuru ekwamai anoitawo utukwa uhu nevazukurukomana, uye vazukurusikana.
- Vose muzukurukomana nemuzukurusikana vaitarisirwa kuratidza sekuru, hanzvadzi yaamai, chikomba kana hwanzvo vasati vapinda muwanano.
- Madzimwene (madzitete hanzvadzi dzomurume) ndovamwe vaiita chiramu chine utukwa uhu.
- Vamwewo madzimwene (mai vemurume) vaiita ukama weutukwa uhu navarooro voona kunge muroora akauya kuzogura ugaro hwekudekara hwaivapo.

### **Ngano**

- Manheru pwere dzaiungana kumba kwasarungano, vaive mbuya vemumana vaive neruzivo.
- Ngano dzaive nebasa guru rokudziidzisa tsika dzakanaka.
- Dzaibatsirawo kurodza pfungwa dzavapwere.
- Vaidzidzawo mutauro.
- Dzaivadziidziszve kuimba.
- Vaidzidzawo manzwiwo akakodzera sokuti kuchema pakakodzera, kufara nekusuwa pakakodzera.
- Dzaibatsirawo kuvaraidza pwere dzisati dzakotsira pamusana pekunakidza kwadzo nokudavira kuti “Dzepfunde”.
- Vaivaraidzikawo nokuimba pavenenge vachibvumira.
- Ngano dzaitaura zvenzara, zvekushayikwa kwemvura, zvenyatwa, zveuterera, zveumbimbindoga, zveshanje zvichingodaro.
- Dzimwe dzaingotaura chete, dzisingaimbwe, asi dzimwewo dzaiimbwa.
- Nziyo dzemungano dzaitovewo zvidimbu zvengano dzacho.
- Jandukwa raiitika panguva yekuimbwa iyi.
- Mazano nenyevero zhinji aiwanzoudzwa vatambi vemungano mukuimbwa umu.

- Sarungano aigona kuvandurira rungano kuti runange kwaanoda panguva iyoyo, kana kutovamba rungano rutsva maererano nezvaanoda kudzidzisa.
- Vatambi vemungano vazhinji vaive mhuka, asi dzimwe vaive vanhu nedzimwe dzaive musanganiswa wevanhu nemhuka.
- Dziidziso nguva dzose yainangana navanhu.
- Mhuka diki kana dzinoshoreka, nherera navanhu vaitarisirwa pasi ndizvozvaibudirira nekuwana makomborero.
- Zvaidzidzisa kusasvora mbodza neinozvimbira, kuti makomborero anonyanga dera nokuti tinofanira kuremekedza chero munhu, kwete kusvorana.
- Ngano dzaiwanzotangwa dzichinzi:
  - “Kwaivepo nomumwe . . .”
  - Kana “Kare kare zvako . . .”
  - Kana “Rimwe gore zvakati zvikati zvichiri kuitika . . .”
- Dzaiperawo nokuti, “*Apa ndipo pakafira/pakugamira sarungano*”
- Dzaigumawo nokubudirira kwezviya zvaisvorwa, uye nekunyadziswa kwezviyawo zvaiita mbirimi nevemoyo yakaipa.
- Magumo aidzidzisa vana kuti ungaru hunobatsira, uye kuita zvakanaka nguva dzose ndizvo zvinobatsira muupenyu kuumba unhu kwahwo.

### **Michero yomusango**

Ndeinotevera : matohwe, matamba, hwakwa, mado, mashuku, nzviro, chakata, nyii, chechete, shumha, tsvanzva, mugwingwiziri, matunduru, madedede, ndaswa, zvita, mhupupu, maroro, mashisha, tsambatsi, masau, tsubvu.

### **Muriwo yedu**

Ndeinoti: derere, nyevhe, munhenzwa, mujakari, mowa, chirevereve, mubvunzandadya, mubaribango, nhungumira, muboora, mutsvandimire, mukakasango, mushamba, mhuruyavarudende, munyemba, usasavi, mharupwa.

### **Marudzi ehwohwa**

Dindindi, dare, tsviritsviti, chihombiro, ruzukwe, horamutanda, huvhe, bandapakukutu, dindijava, matifi, chiropa, nhedzi, nzeveyegudo, dondowa, chinyakacheche, zheveyembuya, mbwa, mbwazvere.

### **Tsenza**

Marudzi etsenza: gotohori, nziye, chi'ai, nhura mbare, sasamwi, gombwa.

### **Mbeva**

- Kare munhu aigona kuroora nembeva dzaaipota achinopa ambuya ozongobisa roora shoma.
- Pakudzibata vamwe vaiita dzekuchera, vamwe dzokuisirisa chirongo chemvura chachererwa pasi munzira, panofamba mbeva. Chirongo chinenge chakazorerwa dovi nechemukati sehwezvo.
- Vamwe ndovaingoita dzekungorova padutu rembesa dziri kukohwewa.
- Ruzhinji runoita zvekuteya mariva.

### **Zvipembene NemaKonye Zvinodyiwa**

Zvinoti: harurwa, ishwa, mandere, ndororo, tsambarafuta, makurwe, majuru, madhandaruma, zvikumbwe, zvinyenye, hwiza, harati, nhemeteme, masinini, masodya, tsetse, madora, nhahwa, magandari, hondo kotowa.

### **Nyaya yeZvirango**

- Mombe/nyama yezvirango yaiurawa navakwasha vachibatsirwa navana vavo.
- Mukuwasha muduku paipedzwa kufunwa nekubisa zvemukati anotaura kuvakuru kuti vapedza basa.
- Aitaura izvi nezvinhindi zvenyama dzinotevera:
  - a) Chishava
  - b) Chiropa
  - c) Mupfumo weguru
  - d) Ura utete
- Vakuru voigocha votuma umwe wavo kunovaraidza kuti nyama yotemura sei.
- Pamombe/mbudzi pane vanopuhwa dzimwe ndudzi dzenyama sokuti:
  - Rwatata - vazukuru
  - Mutsipa - vavhiyi.
  - Susu - vafudzi
  - Bandauko - vakuwasha
  - Musana - amai
  - Itsvo - baba
  - Mazondo - ndaanababa (okusimbisa musana)
  - Gakava - vanhurume vose, zvikuru zvikomana zviduku.
- Mweni kana aurayirwa huku kune dzimwe nzvimbo aipuhwa gate rose kuti apakure yake.

### **Midziyo yamadzimai**

- Midziyo inotevera yaiwanzoshandiswa namadzimai:
  - Mugoti, hadyane, hata, mutswi, mukombe, nyengero, vumbiro, hurungudo, chinu, denhe, chipfuko, chinokoro, rusero, magavhu, duri, chikuvauro, guyo, chirongo, rundanyara, mharauro, huyo, nhembe, tsaiya, mutsvairo, safari, shashiko, mukombe, gate, papfihwa, mbereko, ndarira, musimba, mugwaku, musika, zengwete, chibhibhi, ndyukura, tsomo, chimbiya, mutsvi.

## **Midziyo Yavanhurume**

### ▪ **Ndeinotevera:**

- Mbezo, demo, tsvimbo, huhwa, pfumo, uta, miseve, mukutu, mhina, hwedza, nhekwe, manyatera, nhabwamavinga, mutimwe, mugwada, chikei, munondo, chitorobho, badza, nhava, maruka, majaka, chireyi, sandanga, chituro, bakatwa, muhara.

## **Mitombo yevakuru neyevadoko**

### ▪ **Yevakuru:**

- Dembe, jerusarema, govo, shangara, mhande, ngororombe, tsava, muchongoyo, kwaira, chinyambura, jeketera, mbhakumbha.

### ▪ **Yavadoko**

- Nhodo, chipakirwa, chidyaro, marugonera, gwegwe, dzwiitwii, mahumbwe, musukuza, chitsvare, madhananga, zivara, mutserendende, rihindiri, chamuvandwamuvandwa.

## **MIBVUNZO**

- 1) Donongodza zvitevedzwa zvepakurova guva uchipa zvaikosheswa patsika iyi. Sokuona kwako ndezvipi zvava kuita kuti tsika iyi iparare?
- 2) Ongorora kukosha kwechipfuyo chimwe nechimwe chaibviswa navakuwasha pakuroora.
- 3) Tsanangudza pamusoro petsika dzaunoti ndidzo dzinoita kuti ukwanise kupatsanura muShona kubva pane mamwe marudzi uchipa chinhu chimwe patsika yoga yoga chaunoyemura.
- 4) Tsanangudza pamusoro pedare semapirwo aunoriitwa naVaGombe muna Tsika dzavaShona. Zvino chiongorora kukosha kwaive kwakaita dare muupenyu hwaVaShona.

## **NGANO VOLUME 4**

**naG. Fortune (MERCURY PRESS)**

### **1) NHANGANYAYA**

Ngano dzaive nebasa guru pakudzidzisa vana, uye kuvatandadza. Zvino apa pava nemutsauko nengano dzakanyorwa. Ngano yetutaurwa ingangotorwa semutambo, nekuti munhu aitaura ngano kuvanhu vaivepo vakateerera, achiedzesera zvaita sezvinhu zviri kutoitika muupenyu tichizviona. Zvino ngano yakanyorwa inoverengwa nemuverengi, ruzhinji rwacho, achingova ega. Haana zvaanogona kuedzesera. Ngano dzakanyorwa

kuitira kuti ngano dzaitaurwa kare dzisarove, sezvo vanasarungano vacho vakapera kufa. Ngano dzainge dzichifanira kuita mugamuchidzanwa, asi zvakatoonekwa kuti dzingatorova dzikasanyorwa, sezvo zvizvarwa zvanhasi zivotandadzwa neterevhizheni, maredhiyo, makaseti, mavhidhiyo nezvimwewo zvanhasi.

Sarungano (kazhinji vaive mbuya) ndiye aitaaurira vanhu ngano, kunyanya vazukuru, vachitandara havo manheru vapedza kudya, uye vakakomba choto. Vateereri vaiwanzove vana vaduku, asi munhu wese aikwanisawo kuteerera ngano. Vamwe vateerei ava, ndivo vaizotaurawo ngano vakura. Ngano dzakawanda dzaipinduridzwa zvishoma kubva kuchizvarwa choga choga zvichienda kune chinotevera. Paive nemubatanidzwa wasarungano nevateereri kuti ngano itaurwe. Kutivateereri vave pamwe nasarungano, uye kuti vasarare, vaibvumira vachiti, “Dzefunde”, mushure mekutura mafemo kwegwa kwegwa kwasarungano. Sarungano aitauro zvidavado zvekuti vateereri vasafinhikane, sokuimba kana kuedzesera. Izvi ndozvaiita kuti ngano ibudirire pakutaurwa kwayo.

## 2) **KUUMBWA KWENGANO**

Sarungano wose aiziva marukirwo seakabvumiranwa aitauro ngano. Chinhu chikuru pakumbwa kwerungano marongerwo arwo. Rungano rwounumbwa nezvinhu zvitatu zvinoti:

### i. **MAVAMBO**

Ngano inogona kutangiswa ichiti,

*“Kare kare kwaivepo .....”*

*“Kare kare .....”*

*“Kwaivepo .....”*

Nezvimwewo.

Murungano *rwaTsuro naNzou* runotanga ruchinzi *“Kare kare kwaivepo Tsuro naNzou ....”* Mavambo akadai anokanda vateereri kunguva nekunyika iri kure kure, yekungofungidzira, inokwanisa kuitika mashiripiti. Pamavambo ndipo paitopiwa vatambi vakuru vemungano. Semungano Maminimini panonzi, *“Painge paine mumwe muchinda ainzi Joseph Makore...”* Izvi zvinoratidza kuti mutambi mukuru mungano iyi ndiJoseph Makore.

Mushure mekupiwa kwevatambi vakuru, dambudziko riri mungano rinobva rapiwa, kana kuti muverengi anobva atogona kufungidzira dambudziko racho. Mungano *yoMusoro Svininga*, munobuditswa kuti, *“Kwaivepo neumwe mukomana airambwa nevasikana – nevakadzi.”* Izvi zvinobva zvapa dambudziko remukomana uyu kuti kana airambwa, acharoora ani?

Mungano mumavambo umu, umwe anopiwa muko (mutemo) usingafaniri kutyorwa, asi kana mupi wemutemo asipo, apiwa mutemo uyu anowanzoutyora. Murungano *rweMusikana aisadya nyama yemombe*, munobuda ambuya vanopa mukuwasha wavo, ave kudzokera nomukadzi wake, mutemo wekuti vasazopa mwana wavo nyama yemombe, sezvo aive arapwa nayo. Izvi zvaiitirwa kuti asazosanduke kuve mombe, vasvika kumusha kwemurume, vamwene vakave negodo rekuti vatezvara vaiti pose pavaiurayira vamwe mombe, vaiurayira muroora nguruve. Rimwe zuva akatega nguruve yake pamoto, apo murume wake ainge asipo, iye ndokuenda kutsime, vamwene ndokusara vodira muto wenyama yemombe muchikari chiye. Muroora paakadya akabva asanduka kuve mombe. Kusavepo kwemurume, uyo akapihwa mutemo naambuya vake, kunoita kuti mutemo utyorwe.

**ii. PAKATI PENGANO**

Apa ndipo panowanikwa makakatanwa ose anowanikwa pakati pevatambi. Kunyengedza nekunyengedzwa nekunyengedzana kunobuda ipapa. Murungano *Gore renzara*, tinoona samusha vanoviga uchi hwavo numakate muvhu, vopota vachihusvuta netsanga vana vakatarisa, mukadzi ari mushishi yokutsvagira mhuri sadza. Murume aizonyengedza mukadzi achimuti ape hake vana sadza raari kusiyirwa, sezvo ari kupona nemvura, izvo munhu akaguta!

**iii. MAGUMO**

Anobudiswa apo muparanzvongo anenge arangwa kana apfidziswa, kuti pave neyambiro kuvateereri kuti varege kuteedzera tsika yakashata kudaro. Murungano *Gore renzara* murume akazopfidziswa asvutiswa dota, apo mukadzi nevana vainge vatora makate euchi ndokuenda nawo kumba, vachizadza mamwe, avakasiya, nedota. Murume akazotukirirwa nemukadzi kuti aregedze tsika yakashata kudai yekudya achinyima mhuri, achinyepedzera kuinzwira tsitsi iye akatoguta zvake. Makakatanwa anogadziriswa pamagumo engano apa. Murungano *rweMurume aidya kamba*, makakatanwa ekuti ndiani adya kamba yomurume yabikwa navahosi vasingadye kamba nomukadzinyina wavo, anopedzwa apo mukadzi mudiki anononyura padziva kubudikidza nemushonga wakapiwa murume wavo nen'anga waiimbirwa padziva. Zvakabva zvabuda pachena kuti ndiye aive adya kamba. Ngano yobva yapera. Magumo acho ndiwo ekuti, “Ndopakafira sarungano”.

**3) MUSORO WENGANO**

Rungano rwoga rwoga rwunowanikwa rwakarondana nemusoro wenyaya. Kureva kuti marongerwo nemafambiro erungano kubva kwekutanga kusvika kumagumo anofanira kupindirana nemusoro wenyaya, uyo unenge wakatakura rungano rwose.

### **Ngatitorei Semienzaniso Ngano Dzinoti**

- Huku dzotsvuura
- Vakomana shumba
- Mwana ainge asina amai
- Mukadzi nebere
- Kuudza mwana hupedzisira

Kungodoma chete musoro werungano, unobva watanga kuzvibvunza zvinotevera

- a) Sarungano ari kutaura pamusoro pei?
- b) Ari kuburitsa rungano sei?
- c) Vatambi, madingindira nezvose zvirimo zviri kududzira musoro werungano here kana kuti kwete?
- d) Munoimbwa dzimbo dzipi?

#### **4) VATAMBI VEMUNGANO**

Vatambi ndivo vanoshandiswa kubuditsa dingindira rerungano. Ndivo vanoburitsa pfungwa dzasarungano nematauriro avanenge vachiita, pfungwa dzavo, makakatanwa avo nezvose zvavanoita.

Vatambi ava vanogona kuve vanhu kana mhuka. Ruzhinji, vanhurume vanomirira ushingi, kutirira mumatambudziko, simba neungwaru semafungiro avaShona. Vanhukadzi vanowanzomirirawo vanhu vanotya, vasina simba, uye vasingatane kuchema. Vana vadoko vanomirirawo ungaru, vari vanhu vanogona kuzvimiririra mumatambudziko. Vana ava vanowanzoyeuka mirayiro yavakuru, vachizogona kununura kana vanhu vakuru chaivo. Chembere neharahwa dzinowanzomirira ungaru, ruzivo neshwiro dzoupenyu. Ndivo vatambi vanowanza kuyambira vamwe kuti vagare vakachenjera.

Pane mhuka zhinji dzinoshandiswawo sevatambi mungano, imwe neimwe inenge iine zvayakamirira. Tsuru inowanzomirira ungaru, unyengedzi neusvetasimba. Sekuru Gudo/Bveni/Mutiro akamirira kushata pameso, kuba, tsvina nekupusa. Kamba nemakwati ayo yakamirira kusakurumidza kuita zvinhu, asi ine ungaru. Pane dzimwewo mhuka dzakaita sanashumba, bere, nzou mvuu nedzimwe shiri dzinowanikwawo mungano. Sarungano ane basa guru rokusanganisa mhuka idzi navanhu mune dzimwe ngano zvichiwirirana savanhu vamwe.

Kunoita ngano dzine vanhu chete, dzine mhuka chete, dzine vanhu nemhuka kana vanhu netwupuka.



5) **NGANO NEVANHU VANE MHUKA DZINE MASIMBA AKAWEDZERWA KUDARIKA MASIMBA CHAIWO EMAZUVA OSE**

Vanasarungano vanoumba vatambi vane masimba anenge masaramusi, zvishamiso, mapipi kana mamina. Masimba aya anokahadzisa muverengi nekuti anoita kuti mutambi akwanise kuita zvinhu zvinoshamisa muhupenya, sokuti:

- a) Chinyamapezi, mungano *Chamapezi*, anoshingirira kurumwa nenyuchi zvinokahadzisa, patadziwa nevamwe vose. Hanzi, “dzava kungoruma – ziriri nga, ziriri nga. Padzinoruma achingobvisa zvakanaka” izvi zvaikwanisika sei? Zvinoshamisa.
- b) Muna *Gore renzara*, Gugu, uyo ainge apondwa namai vake acherwa nemunin’ina wake kuti ainge arasa tsumbe munzara, anoyeredzwa oendeswa mudziva, mvuu nengwena zvomumba ove munhu pakare anopota achibuda mudziva kuzotsiga munin’ina wake. Mai vake pavanouya vomutora voenda naye kumba, mvuu dzinouya dzorutsa mvura inonyudza musha wose. Izvi zvaikwanisika sei? Zvinokatyamadza.
- c) Muna, *Mwana ainge asina amai*, munin’ina aipotsa zvekupotsa zviye pakubaya shiri achingoti, “Poropotso”, asi mukoma ainge asina mai ndiye anonzi aibaya zvekubaya zviye shiri. Kubaya uku kwekuti mumwe ari kungopotsa, kwaikonzerwa nemasimba akapamhidzirwa eshavi, pada rababa vake, sezvo tinonzwa kuti vaivhimawo.
- d) Muna *Kuvakamukosi*, Fosi aingopukuta rambi rake richiburitsa chero chido chake, kutaridza kuve nesimba rakapamhidzirwa. Izvi zvinopa kuti aite zvido zvaatezvara vake zvinosanganisira zvinoshamisa.
- e) Muna, *Musikana neshato shato inotenwa- tenwa*, asi chipenga change chine musoro chinoramba chichitaura nekudya! Izvi zvinoshamisa.
- f) Dziripowo dzimwe ngano dzine vatambi vemhando iyi, dzisina kudomwa pane dzirimo mubhuku.

6) **MADINGINDIRA EMUNGANO**

Dingindira ndiwo musimbotti unozendamira rungano. Madingindira makuru maviri engano aiva kuvaraidza nokudzidzisa vana. Asi, mukuvaraidza nokudzidzisa pwere, maizowanikwawo madingindiranyana sezvinotevera.

Rimwe dingindira raive rekutsanangura kusikwa kwezvisikwa zvakasiyana-siyana zvinotakwaira pamusoro pezendereka renyika, sokuti sei kambo chine makwati, kana kuti sei dzimwe mhuka dzisingadanani, semurungano Gunyowo naKamba, umo kamba akaregerera kamuti ndokuwira pasi kubva muchadenga maaive akwidzwa naGunguwo.

Mhando yechipiri inotsanangura nezvemadzinza, mitupo, zvidao, ukama, ushe netsika namagariro avaShona. Somurungano, Mukadzi aisadya mbizi, umo yemombe, obva asanduka kuita mbizi, kuburitsa tsika yechiShona yekusadya muko (mutupo)

Pane nganowo dzinotaura nezvehondo dzakarwiwa kare kare muna Gochanhembe pakati pemadzinza akasiyana-siyana. Ngano dzerudzi urwu matura enhoroondo dzekwatakabva. Vakuru vakati kusaziva kwawakabva kufa ugere.

Pane dzimwewo ngano dzinotaura nezvetsika dzakaipa, kuti vanhu vaone kuti kungova netsika dzakanaka kwakanaka muupenyu. Idzi dzinosetsa pamwe nekuvaraidza. Ngano dzerudzi urwu dzakada kufanana nendyaringo. Semuna Garavaza umo tinodziidziswa kukosha kwekuregererana muupenyu, apo murume anourayira mukadzi wake guyu rimwe chete chairo! Zvinosuwisa izvi, asi zvichidana setswa. Chimwe chonosetsa ndechekuti akauraya zvese zvaave nazvo, nembatya dzose zvadzo, nokuti dzainge dzoimba umhondi hwake, ndokuzozviurayawo pamusana peguyu!

Pane nganowo dzinotaura nezvevanyengedzi. Ava vanyengedzi vakaita savanaTsuru Magen'a mungano zhinji dzaTsuru naGudo, Tsuru naShumba, Tsuru nedzimwe mhuka, semungano Tsuru naNzou.

Madingindira mamwe anowanikwa mungano ndeaya anotevera; uterera, godo, gore renzara nemapipi ekusanduka. MuNgano Volume 4, uterera hunobuda mungano inonzi Mwana Ainge Asina Amai, uyo akazoita ushasha hunoshamisa kwokugona kupfura shiri. Godo rinowanikwa mungano dzakati kuti, muenzanise ndewemungano yeMusikana Aisadya Nyama Yemombe. Dingindira regore renzara rinowanikwawo mungano dzakati kuti, seyekuti Gore renzara. Remapipi okusanduka riri mungano dzakati kuti zvekare. Muenzaniso ndeweiyana inonzi Murume aiita nyoka.

Rimwezve dingindira rinowanobuda mungano nderekubudirira kwevatambi vane munhu mudiki, sekuti vana vadiki, mhuka diki, zvirema, nherera, mapofu, chirikadzi nevarombo. Hanzi vanofanira kuve neunyanzvi mungano pamusana pokuti vanhu vaMwari, vanofanira kudzivirirwa nekubatsirwa mumatambudziko. Izvi zvinobva zvataridza kuti vaShona vaive vanhu vaida runyararo, vasingadi kudzvinyirira vamwe. Dzirimo ngano muNgano Volume 4 dzinobudisa dingindira iri.

Heunoi mutorododo wemamwe madingindira ari mungano dzeChiShona.

- i. Kugara hunzwana
- ii. Mushandirapamwe
- iii. Gona ana gona wakewo
- iv. Chisi hachieri musi wacharimwa
- v. Kugocha kunoda kwaamai kwemwana kunodzima moto
- vi. Nhafu kana makaro
- vii. Seka urema wafa
- viii. Usachenjedza vanyamukuta kuzvara uchada
- ix. Kare haagari ari kare
- x. Aive madziva ave mazambuko
- xi. Zanondega akanyika jira mumasese
- xii. Ushamwari hwakanaka nekwakaipa
- xiii. Kukwira gomo husendemara
- xiv. Zuva rimwe gava rakadimbura musungo
- xv. Manga chena inoparira parere nhema
- xvi. Rina manyanga hariputirwi mumushunje rinotukunyudza
- xvii. Tsindidzo haigari muhama mbiri. Mungano dziri mu*Ngano Volume 4* munadzowo dzimwe dzinoburitsa mamwe emadingindira adomwa iwaya.

## 7) **ZVIDZIDZO ZVEMUNGANO**

Zvidzidzo ipfungwa dzine ungaru dzinobatsira muupenyu kuti munhu akwanise kunzvenga matambudziko, kana kuti asadzokorore mhosho yaakamboita.

Zvimwe zvezvinobuda mu*Ngano Volume 4* ndezvinatevera:

- a) Dziva guru idivakamwe, rwepiri unowana ngwena dzasvinura. Izvi zvinoreva kuti zvinhu zvine njodzi hazvidi kuramba zvichidzokororwa, nekuti unokwanisa kozotadza kupunyuka mumatambudziko acho. Murungano rwaTuro naNzou, Nzou anodya manhanga avakarima vese ega, achinyepera Turo kuti haazivi ari kuadya, asingabatwe. Turo anozofunga kupinda muzinhanga guru racho, ndokudyirwamo naNzou. Turo akatanga kutaura ari mudumbu maNzou zvakapa kuti Nzou atange kumhanya kusvikira aneta zvakanyanya ndokupunikira pasi, dumbu richiputika, Turo achibuda iye ndokufa.
- b) Kunyengedzwa hakuna ndakura. Mungano Turo naGudo, Gudo anonyengedzwa naTuro kuti aiwisa miti nemusoro, izvo ainge amukira kuitema nedemo oisiya yasara padukuduku kudonha. Gudo akati handingakundwe naTuro ndokuedza izvi ndokukuvana musoro. Gudo zvakare, akazonyengedzwa kuti ndauraya nyoka

namakumbo, uye nekuiruma, iyo yanga yakafa nechekare. Kuzoda kuzvitevedzera vaGudo vangu, ndokurumwa nenyoka zvikazovauraya.

- c) Vanhu ngavarege kuzvidzana, izvo zvinoburitswa netsumo inoti, rega kushora mbodza neinozvimbira. Zvinodaro nekuti ruzhinji, wacho anoshorwa anotozobudirira mune zviri kutadzwa neivavo vanenge vachizvitorera pamusoro. Semungano Chinamapezi vamwe vakomana vaive vasina mhezi vaishora Chinamapezi, vakatadza kushingirira kusacheuka kuti vawane musikana aive akaisvonaka. Chinamapezi, uyo aishorwa nevamwe vakomana nokusekwa naamai vomusikana, ndiye akagona kushinga kusacheuka achibva azviwanira tsvarakadenga yake.
- d) Vanhu vanofanira kuchengeta nherera zvine mutsa, kwete kudzibatira kunzara. Murungano rwe Mwana ainge asina amai, ndiye aigona pakubaya shiri, uyo aiva namai achipotso, asi ozotakura ariye. Mai vaisvikonyima mwana nherera chokudya. Baba vevana ava vakazoonza zvaitika vakatsiura mukadzi wavo kuti aaitirei izvi, mwana uye ndokuzotangawo kupuhwa nyama iyi.
- e) Hapana chakavanzika chisingazobudi pachena. Murungano Gore renzaro baba vanosvuta uchi hwavaive vaviga pasi, vana vakatarisa, vachiti idota. Kumba vaisvikoramba sadza rainge rapambarwa nemukadzi vachiti ridyiwe nevana, ivo voti vanongoda mvura. Mukadzi nevana vakazoonza kuti baba vaisvasvuta dota, asi uchi, ndokutora makate euchi voatsiva needota. Baba musiyi vakazokatsa sadza, ndokuzotsiurwa kuti vaiitirei zvakashata kudaro zvekuvigira mhuri uchi munguva yenzara.
- f) Vanhu ngavasafananidze nguwo nedzaTarubva. Murungano Huku dzetsvuura. Mumwe murume akaona huku dzetsvuura dzemumwewo ndokudzichiva. Pakazochechenyn'a huku yake akabva asvuura kukwana dziye, sezvo ainge anyeperwa neumwe murume uya kuti aive asvuura huku dzake nerazor dzichiri twutiyo. Twukukwana twakapera kufa mushure mekupiswa huro idzi nezuya.
- g) Ngano dzimwe dziri muNgano Volume 4 dzinoburitsawo zvimwe zvidzidzo zvakasiyana-siyana.

## 8) MIBVUNZO

1. Uchishandisa ngano dzinokwana shanu kubva mu Ngano Volume 4, tsigira kana kupikisa pfungwa inoti basa guru rengano raiva rokudzidzisa vanhu mhangwa dzoupenyu.

2. Tsanangura zvaunofunga kuti zvakamirirwa nemhuka dzinoti, bere, gudo, shumba, kamba neTsuro. Tsigira mhinduro yako nengano dzinobva muNgano Volume 4.
3. Wakanangana nengano mbiri dzinoti (i) Musikana aisadya nyama yemombe  
(ii) nematariro, buritsa:
  - a) Nyaya dzirimo
  - b) Zvidzidzo zvirimo
  - c) Tsika dzavaShona dzirimo (Ngano Volume 4)
4. Tsanangura zvizere zvaunofunga kuti ngano dzaive nezvinangwa zvei. Tsigira chinangwa chimwe nechimwe nekarungano kaunoziva kubva mubhuku Ngano Volume 4. Ratidza kuti tinodzidzei pazvinangwa izvi mazuva ano.

## **GONAWAPOTERA**

**naI.M. ZVAREVASHE (College Press)**

## **RUNYAYA**

Runyaya rwebhuku iri rwuri pamusoro pekuponderana ushe kwevana vaVaChipeperekwa vachirwira ushe hweMhasi, mushure mekufa kwavo. Panofa Chipeperekwa, mwanakomana wake wechitatu, Magen'a , anouraya vakoma vake, shumbayamuka naHamamiti nevamwe vazhinji vedzinza reMhazi. Vanorarama vamwe vanotizira kwaChitsa, Gutu, vamwe vachienda kuUhera. Pane vanopunyuka vanosanganisira Pfupajena, nevanji waShumbayamuka naTawandiraushe, mwana waHamamiti. Panofa Magen'a Pfupajena, Tawanda nevana vedzimwe mhuri dzaChipeperekwa vanoenda kumariro acho. Tawanda, (Tawandiraushe) achifungira kuti Pfupajena auya kuzatora ushe, uhwo hwaaidawo, anoronga kumuuraya, otsvaga rubatsiro kuna Nyakanyaka, mwanakomana waMegan'a uyo anoramba. Shure pezvo, Tawanda nemwanakomana wake Tarwiraushe nevamwe veukama vanomutsigira, vanonyangira nokurwisa musha waNyakanyaka. Vanhu vakawanda, kusanganisira Nyakanyaka vanourayiwa. Tawanda anozvigadza iye sashe mutsva. Masango paanziva nezverufu rwemukomana wake, nokutora ushe kwaTawanda, anounganidza hondo huru kwazvo orwisa Tawanda. Vose vanhu vaTawanda vanourayiwa kusiya kwevakadzi nevana. Tawanda pachake anopunyuka, uye kumuronda nokumutsvaga kwese kunoshaya basa. Masango anozodaidza dzimwe mhuri dzose dzinenge dzasara, kusanganisira Pfupajena, uyo aive kwaGutu, kuti vauye kuzobatsira Pfupajena, mukoma mukuru, kuzosarudza ishe mutsva. Maenzanise, muzukuru mukuru, (Dunzvi) anokumbirwa kuti atungamire pasarudzo iyi. Mushure mekukakavara kukuru pakati pevana vedzimba dzaChipeperekwa dzakasiyana-siyana, kusina zvakawanda zvakwakabatsira, kuti ndiani aizove mambo. Masango anoti ndiye ane kodzero yokuve ishe, sezvo ariye akakwanisa kurwisa nokuhubvuta kubva kuna Tawanda. Asi, sezvi mukoma wavo mukuru, Pfupajena, ari mupenyu. Anoona zvakakodzera kuti ape ushe kwaari. Manheru ezuva rimwewo, Masango anouraya Pfupajena, pachivazve nokumwe kurwisana kwakaipa, Pavarume vose vakauya naPfupajena kubva kwaGutu, vaviri voga, Nyikayaramba naRuvhunambwa, ndivo vanopunyuka. Semaitiro aMagen'a nevanakomana vake, mitumbi yaPfupajena nevamwe vake inokandwa muGonawapotera, dziva

rinsonzi rinoera, uye rine mashiripiti. Murovasango, mwanakomana waPfupajena oga asara paanonzwa nezverufu rwababa vake namadzikoma ake, anopika kuzovatsiva nokutura ushe nokuti, sokuudzwa kwaainge aitwa nababa vake, ndivo vaikodzera kuve vari venhaka youshe hwacho. Murovasango anoenda namai vake kumusha kwavo kuNjanja uko vanonogara pamusha pasekuru vake kwemakore akawanda. Murovasango anoroora mwanasikana waShe Sadzaguru, Mandivavarira, uyo anomuzvarira vanakomana vakawanda vakagwinya. Panofa Ishe Sadzaguru, Mandivavarira anoitwa ishe. Anotonga vanhu vake achibatsirwa nomurume wake. Murovasango paanogutsikana kuti nguva yakwana, anounganidza varwi vose vemudzimai wake, avo vaaitungamira, odaidza vaMhazi vose kubva kunzvimbo dzakapoterredza. Hondo huru iyi inofuta Masango nevanhu vake. Varwi vaMasango vanourayiwa, iye Masango okandwawo muGonawapoterera. Murovasango anogara ushe obva akoka vana vose veMhazi vainge vatiza nguva youtongi hwaMagen'a kuti vadzoke vazovaka misha mitsva. Madzimai akawanda anouya kuzova vakadzi vaMurovasango vomuzvarira vana vakawanda. Mandivavarira vahosi vake, anosiya ushe hwake, achizogara nomurume wake. Murovasango anova mumwe wemadzishe akaita mukurumbira. Mbiri yake inopararira mativi mana enyika, zvekuti chero vamwe vachena vainge vachangotanga kupinda munyika ino vanouya kwaChirimuhanzu kuzomuona. Vanakomana vake vakuru, Shumbayamuka naTavirimirwa vanoenda kuchirungu vorega kudzoka zvachose. Murovasango anoudzwa kuti imhaka yokuti akashandisa Pfumo, Chadzimbanhema, nedemo, Nhendamuchadya kudeura ropa revanhu vedzinza reMhazi. Ishe Murovasango paanofa, ushe hunotorwa nomwanakomana wake, Tatoraushe.

### **NZVIMBO INOITIKIRA NYAYA**

Nzvimbo dzinodomwa munyaya iyi inzvimbo chaidzo dzinowanikwa munyika muno, Chirimuhanzu, Gutu neNjanja. Chero dzinza revaMhazi ririko nanhasi uno.

### **NGUVA INOITIKA NYAYA**

Gonawapoterera inganonyorwa inobudisa upenyu hwairaramwa nevaShona varungu vasati vauya munyika muno, chero zvazvo kumagumo tichizonzwa nezvevachena vakange vachangotanga kugara muno.

### **Zvinotsigira kuti chinyakare**

- Utongi hwemadzishe nokugadzwa kwawo.
- Kuita ushe hweturwirana.
- Kungopondana nyore nyore.
- Kufamba nzendo ndefu netsoka.
- Kuvapo kwemasango azere mhuka nemichero, seroMuteyo.
- Kukosheswa kwenzvimbo dzinoera.
- Kushandira mukadzi senzira yokuwana/Kutema ugariri.
- Kuzvipira kwevakadzi kuti vawanikwe nemurume semuripo wekuitirwa zvakanaka, kana kungozvipa.
- Musambo wechivhevhano.
- Kuvhima kuchishandiswa mushonga waiita kuti mhuka dzipuse.
- Kushandiswa kwemapfumo, tsvimbo uta nemiseve sezvombo.

- Kunyanyotendera mune zve midzimu.
- Kutongera vanhu rufu vachikandwa mudziva, kana kurovererwa mbambo kumusana yobudikidza nomudumbu ichipinda muvhu.

### **MADINGINDIRA**

- Kukara ushe
- Kurwira ushe
- Kushinga
- Kukoshesa midzimu nenzvimbo dzinoera.
- Nzou haitemwi nyanga iri mhenyu.
- Kupfimbana.
- Kutsiva.
- Kurayira nhaka kwowofa.
- Utsinye.
- Utongi hwakanaka.

### **MUNYORI WEBHUKU**

I.M. Zvarevashe ndi Baba vezve Mweya vechitendero mu Kirike Katorike. Vakabva mu vanhu, saka vano ziva dzimwe nhorondo nemagariro evanhu, saka vanotora mukana wokutaridza uipi hwuri mune dzimwe tsika dzaitvedzwa neva Shona. Mubhuku rino vanoshora nyaya iyoyi yokurwira ushe nokuti zvinodeura ropa rakawanda nerisina mhaka.

- Kubva muchitendero chavo chechi Kristo, tinoona kuti vanotipa vatambi vachinzi vanotenda Mwari nevadzimu, pakuchengeteka kwavanenge vaita mumarimuka (p61).
- Vanhu vanotsanangurwa vachinzi ndeva Mwari (p110)
- Chero panenge Murovasango oda kufa, tinomupihwa achikumbira ruregerero kune vose vaangadaro akatadzira, nokuna Musikavanhu kuti vamukanganwire zvivi zvake uye kuita reururo yake yokupedzisira, nokuti anoti kwaava kuenda kunoendwa “nowadura mitsenzekete yake”. (p140).

### **ZVIDZIDZO**

- Kukambira zvisiri zvako kunopinza muna Taisireva. Tawanda akazorwiswa akapisirwa misha yose, uye kutorerwa madzimai nevana vake na Masango, mushure mekunge akambira ushe ndokuuraya Nyakanyaka ainge asiyirwa tsvimbo youshe na Ishe Magen’a.
- Kana munhu akashingirira anowana zvaanoda. Murovasango akatsungirira kusvikira azotora ushe kubva kuna Masango.
- Munhu anofanira kurwira zvinokodzera kwaari. Murovasango akarwira nhaka youshe hwasekuru vake, akazove ishe ane mukumbira.
- Kuremekedza midzimu nenzvimbo dzinoera kunoita kuti munhu abudirire pane zvaanenge achida kuita. Murovasango paafamba nomusango, akapira kumidzimu yokwake, uye kukumbira kune yenzvimbo iyoyo, saka akawana michero yakawanda, akachengetedzwawo kubva kuzvikara.

- Usashore mbodza neinozvimbira. Mandivavarira akashora Murovasango, achiti haaimbofa akaroorwa nerombe rakaita saiye, asi ndiye akazoguma ave murume wake.
- Kubereka kunorwadza. VaMandirunga vakanetseka nezvekutetereka kwemwana wavo Murovasango. Pavakatevera kwaChirimuhanzu kwainge aenda, ndokuudzwa kuti akapinda muGonawapotera, vakazviwisiramo kuti vafe neshungu.
- Gona ana gona wakewo. Masango akarwisa Tawanda nokuuraya Pfupajena achida kusara iye ave ishe, asi akazorwiswawo nokukurirwa naMurovasango.
- Kufa kwegonye rinosiya chivhukuche. Pfupajena zvaakafa, mwana wake akasara, Murovasango akazorwira ushe hwemba yababa nasekuru vake hwavakafa vasina kugara akahutora.
- Mhembwe rudzi, inozvara mwana ane kazhumu. Masango aingoitawo unhu hwakaipa sezvaitwa nababa vake Magen'a, hwokuuraya vanhu achikanda muGonawapotera.
- Ushe madzoro hunoravanwa. Ishe Chipeperekwa atonga pake, zvaakafa, ushe kwakasiyirwa mwana wake Shumba kuti awanewo mukana wekutonga, chero akabva ahubvutirwa naMagen'a uyo akamuuraya. Panofa Magen'a, ushe uhwu hwunoiwazve mamwe majanha, chero ainge ari ekutora nechisimba, naTawanda naMasango. Pahunorwirwa zvakare naMurovasango, tinonzwa kuti paanofa anosiya ajekesera vana vake kuti vapewo vamwe mukana wokutonga. Iye afa chijanha chinoenda pamwanakomana wake Tarwiraushe.

### **MUSORO WEBHUKU**

Musoro wenyaya iyi izita redziva, Gonawapotera. Dziva iri rinotsanangurwa naPfupajena, achiudza mwana wake Murovasango, paanobvunza kuti, “Ko, chamati Gonawapotera chii?”

- Gonawapotera idziva rakareba zvukurukuru riri murwizi Shashe, ikoko kuChandarwarira uko kwaChirimuhanzu.
- Dziva iroro rinoera zvikuru kwazvo kupinda zvimwe zvose zvinoera kwaChirimuhanzu.
- Pasichigare, vanaKaguve, mhondoro huru kwaChirimuhanzu, vacharumisa vairima nechisi nenyuchi, ndimo mairayirwa vaipi vose. Mhondi dzaikandwa muGonawapotera.
- Dziva iri rainzi Gonawapotera nokuti raigona vose vaipotera.
- Mudziva umu ndimo maigezwa nhumbi dzoushe dzomunhu ainge ahugadzwa.
- Kana Murovasango aida kuzoita ishe mukuru ane mbiri, aifanira kundoshambiramo achibva kumucheto nokumucheto rutatu.
- Aifanira kushambiramo ambodetembera kuvadzimu varere muChandarwirira, chikomo chiri pajingapo peGonawapotera, nokuti dziva iroro haraipindwa rikabudwa nokuti rinotyisa kwazvo.
- Rine nyoka dzamarudzi namarudzi.
- Dziva iroro haripwi nyangwe kukaita chirimo chakadini.
- Mamwe madziva omurwizi urwu Shashe angaoma kuti gwagwada, asi iro rinoramba rakazara kuti ta. Harisereri nyangwe zvoita sei.
- Masaisai aro anoshamisa (p7)
- Dziva iri hwenje, hwasvisvi zvahwo (p81)



Asi pakutonga kwashe Magen'a akapedza kuuraya vanhu achivakanda muGonawapoteru. Akadana maDzviti kuzomubatsira ndokuuya pakati pousiku ndokukomba musha waShumbayamuka, baba vaPfupajena ndokumuponda pamwe naHamamiti, akakanda zvitunha zvavo muGonawapoteru.

Mai vaMurovasango, VaMandirunga, vachipopoteru Masango vanoti, “Zvawakaita iwe Masango zvitete here? Shumbayamuka bho, muGonawapoteru nyangarise! Pfupajena bho, muGonawapoteru nyangarise! Tichatonga bho, muGonawapoteru nyangarise! Nhasi Murovasango, rugotwe rwangu bho, muGonawapoteru nyangarise, vose tsvai bha!” (p84 – 85)

Tawandiraushe paakaurayawo Nyakanyaka, mwana waMagen'a akamukandira muGonawapoteru achiri kutandadza.

Masango paanouraya Pfupajena nemwana wake Tichatonga, anokanda zvitunha zvavo nezvevaiva vauya navo kubva kwaGutu muGonawapoteru.

Murovasango paakakurirawo Masango, akakanda zvitunha zvevose vainge vafa muhondo, mudziva reGonawapoteru. Masango pachake anoendwa naye paGonawapoteru, apo anoyeuchidzwa zvaakaita vamwe, oedza kuzvinunura nokunyengerera Murovasango kuti asamuuraye. Asi anobingiswa naMurovasango, kusvikira azvitongera ega kukandwa muGonawapoteru ari mupenyu. Mukunyengerera, anoti anobvuma kuita chero chese chaanenge anzi aite naMurovasango. Anonzi, “. . . ndikakuti vakira imba yako muGonawapoteru umu ungaite here?” Iye anoti, “Hongu, weMhazi, chero musingandiurayi ndinoita zvamunoreva”. Saka, Masango anosungirwa mbiradzakondo pazibwe, okandwa muGonawapoteru ari mupenyu.

Kukandwa kwaMasango nokutsakatikira kwake muGonawapoteru, kwakaunza utongi hutsva hune rusungunuko, runyararo noruenzaniso, pasi paMurovasango. VaMhazi vaidu, vakasungunuka kuuya kuzogara kuGonawapoteru, kwavakambenge vapfochomeswa vachityira upenyu hwavo. Asi Gonawapoteru rakaramba richimedza vanhu chete, nokuti iye Murovasango anonzi aitonga neruenzaniso, anonzi mhombwe, mhondi, varoyi, kana vaye vaiita makunakuna aiita kuti varoverwe mbambo kumusana yobudikidza nokudumbu, ichipinda muvhu vofa vakadaro. Kana vainzwirwa urombo vaingosungwa vakabatanidzwa, vokandwa muGonawapoteru vofiramo.

## **NZIRA DZAKASHANDISWA NEMUNYORI**

### **1) IZWI REMUNHU WECHITATU**

Munyori anotsanangura zvakaiteka kuvatambi, uye zvakaiteka achishandisa izwi remunhu wechitatu. Aya manyorero anosanganisa tsananguro dzacho nehurukuro. Panoshandiswa nzira iyi, munyori anenge achiziva zviri kufungwa nevatambi vose nezvavari kuita panguva dzakasiyana-siyana, uye kunzvimbo dzakasiyana-siyana. Maitiro aya ndiwo anoita kuti izwi romunyori akadai rinzi muzivazvose.

### **2) KUISA NYAYA MUZVITSAUKO 1 - 18**

Uku kupatsanura zviitiko nenyaya dzakasiyana. Kunobatsira kuti muverengi agare agadzirira kuziva kuti ave kuenda pane zvakasiyana nezvaanga achimboverenga.

### 3) **CHIKAMU CHAKANZI MHEDZISO**

Muchikamu umu ndimo munojekeswa nemunyori kugadziriswa kwezvvinhu mushure mekunge chizvarwa chairwira uye chapera, kwava nerunyararo, pasi paMurovasango.

### 4) **NHANGIRAPAKATI**

Nyaya inotangwa kurwisanira ushe kwevaMhazi kwatova pakati. Kunyora seizvi kunopa muverengi havi yokuda kuziva kuti, kuti zvizosvika pakadai zvainge zvamboita sei, izvo zvinojekeswa nemunyori nechidavado chinotevera.

#### **Nhendeshure**

Aya manyorero ekuti munyori ambotaura zviri kuitika panguva ino, anodzokera kumashure, kuzviitiko zvekare, otsanangura zvakaitika kareko, zvazokonzera kuti nyaya isvike payave.

#### **Fungiramumwoyo**

Mumanyorero emhando iyi, munyori anobuditsa zviri kufungwa nemutambi, asingadudzi mazwi ake (Tawanda p14, 17). Izvi zvinobuditsa manzwiro chaiwo, kugununa, uye maonero emutambi panyaya inenge ichiitika.

#### **Nhaurandoga**

Kunyora nenzira iyi kunojekesa kushungurudzika kwemutambi, nokuti anenge atobuditsa mufungo yake nemazwi chaiwo, kutaura ari oga achidududza zvinganzwika dai paine mumwe ari pedyo (Murovasango p73).

#### **Nhetembo Dzamadzina**

(Maenzanisa achidetembera Masango p42)

#### **Nhetembo Dzemhramidzimu**

Idzi dzinoitwa pakawanda, sezvo nyaya iri kuitika munguva yepasichigare.

VaMandirunga (p59 – 61)

Murovasango (p 70, 72, 74)

#### **Nhetembo Yokunyunyutira Gonawapotera (p133 – 136)**

##### **Zvirototo**

Izvi zvinobatsira kuti pave nekudyidzana pakati pevafi nevapenyu, kana kuti pakati pevanhu venyama nezvemweya. Pfupajena anotaudzwa nababa vake vakafa (p4) Murovasango anotaudzwa negoritoto (p70 – 71) Murovasango anotaaurirana naMasango (p73).

#### **Nziyo**

Idzi dzakashandiswa kujekesa zviitiko zviri kuitika panguva iyoyo, Tawanda paakauraya Nyakanyaka nokutora ushe. (p23 – 24)


Murovasango achifara akurira Masango (p121 – 122)

Murovasango mushure mekukanda masango muGonawapotera (p126).

## VATAMBI

### DZINZA REVAMHAZI

#### CHIPEREREKWA



Panotanga nyaya iri mubhuku iri chipeperekwa Shumba naHamamiti vanenge vakatofa kare kare, asi vanoramba vachingotaurwa nezvavo munyaya yacho. Pano pachatariswa nokuongororwa vatambi vane zviito zvinobata nyaya, zvekuti kusavapo kwavo kungashandura mafambiro enyaya, zvikuru takanangana nedingindira rekurwira ushe.

#### 1) MAGEN'A

- Mwana waChipeperekwa anopamba ushe hwainge hwapihwa mukoma wake shumba, mushure mekufa kwababa vavo. Zvinonzi, nokuti Shumba ainge akasimba aine hondo yakasimba, Magen'a akatoita zvekunodaidza maDzviti kuti amubatsire (p109).

- Anotonga asina nhumbi dzoushe, sezvo ainge aita hwekubvuta, saka haana kugadzwa zviri pakutemo.
- Paanenge orwarirofa, anokurudzira vanakomana vake, Nyakanyaka naMasangoemhuka, kuti vachengetedze ushe hwaava kusiya, “Ushe uhwu hwandanga ndinahwo ndohwekutorwira nokuteura ropa . . .” (p 8 – 9)
- Anoudza vana vake nezvehama dzavo dzinofanira kukurirwa kuti vachengetedze ushe, dzinoti vemba yaHamamiti vanaTawandiraushe, uye vanaPfupajena, vane madzibaba aakauraya kuti atore ushe .
- Anoudza vana vake nezvenhumbi dzoushe dzaakati dzinozivikanwa padziri naPfupajena.
- Anosiyira mwana wake, Nyakanyaka, tsvimbo yake paanofa.

## 2) NYAKANYAKA

- Mwana waMagen’a mwana waChipeperekwa. Zita rake nderechiDzviti rinoreva njonganjonga.
- Anosiya arayirwa nababa vake kuti ushe ndohwekurwira, pavanofa vomusiyira tsvimbo yavo .
- Anonyepedzera kusada hushe paanofurirwa naTawanda kuti vauraye Pfupajena.
- Anoita zimunzwamundove kuna Pfupajena, kuti agowana nhumbi dzoushe dzaizivikanwa padziri naPfupajena. Paanokoka Pfupajena pakurohwa kweguva raMagen’a anomutizve audze vanhu nezvenhumbi dzoushe, izvo zvinonzvengwa naPfupajena nekuhwanda nemashoko (p15,44)
- Paarwiswa naTawanda, anomuruma zvokukwachura mhuno, uye anobhangura Tabayiwa nechibhakera obva mazino ese epamberi.
- Anourayiwa naTawanda nokukandwa muGonawapotera.

## 3) TAWANDIR AUSHE/TAWANDA

- Mwana waHamamiti, mwana waChipeperekwa.
- Anotyapaanoona Pfupajena parufu rwaShe Magen’a, nokuti anofunga kuti auya kuzatora ushe, uhwo hwaaidawo.
- Anoedza kufurira Nyakanyaka kuti vauraye Pfupajena, asi anoramba (nokuti aida kuziva pane nhumbi dzoushe kubva kuna Pfupajena)
- Anovhunduka paanonzwa Nyakanyaka achiti nhumbi dzoushe dzina Pfupajena, ofungira kuti vaviri ava vaidakumutorera mukana wokuita ishe.
- Anonyepera mwana wake kuti Nyakanyaka ndiye ainge oda kumufurira kuuraya Pfupajena, omukurudzira kuti vanorwisa Nyakanyaka.
- Anorumwa nokubviswa mhuno pakurwisana naNyakanyaka.
- Anobaya Nyakanyaka omusiya ari mupenyu achimutaurira Mashoko ekumurwadzisa ozomukanda muGonawapotera.
- Anopembera achizviti ndiye ava ishe mutsva.
- Anokanganwa kuparadza Masango, munin’ina waNyakanyaka, uyo anouya kuzomurwisa nokuparadza musha wake.
- Anopunyuka hondo iyi onyangarika zvekutsvagwa achishayikwa.
- Anozowanikwa naMurovasango, atove harahwa, achigara pasekuru vake VaNesongana kuUhera.

- Anosoka Murovasango pfungwa yokutsiva, uye kumupa mazano emaparadziro aangaite Masango.

#### 4) PFUPAJENA

- Mwana waShumba, mwana waChipeperekwa.
- Anodzidzisa vanakomana vake, Tichatonga naMurovasango, kuti ushe hwavo hwakapambwa naMagen'a, asi iye ainge asingadi kuita ushe hwekurwira kuti ahutore.
- Anotsanangurira Murovasango nezvedziva rinonzi Gonawapotera (p7)
- Anotsanangurirazve iye Murovasango nezvenzvimbo ine guva rababa vake, Shumba, nezvenhumbi dzoushe dzinoti:
  - Pfumo rinonzi Chadzimbanhema
  - Huhwa inonzi Nhendamuchadya
  - Pfuti
  - Hari ine chitende chino mushonga wokuvhimisa chinonzi Chitendechohwanga.
- Anorayira vanakomana vake kuti nyaya dzepadare hadzipindi mumba.
- Anoenda kwaChirimuhanzu naMurovasango kunochema Ishe Magen'a
- Anozoenda naTichatonga kuguva raShe Magen'a.
- Anonzvenga kudura nezvenhumbi dzoushe paanonzi audze vanhu naNyakanyaka, nokuti anofungira kuti Nyakanyaka ane zvaaziva pakumubata zvakanaka.
- Anokokwa naMasango kuti vazosarudza ishe mutsva, mushure mekunge Nyakanyaka aurayiwa naTawanda.
- Haakambire ushe, anopa Masango mukana wokusarudza zvaanoda, sezvo ariye akarwisa Tawanda.
- Anobvuma kuripa mbudzi yamandadzoka kudare.
- Anopiswa vamwe varume vemhazi vanoedza kumupikisa padare (p39 – 40)
- Haabvumi kutaura nezvenhumbi dzoushe paanonzi naMasango ndiye waanopa ushe. Akangwara zvokuti chero panozamwa naMasango kuti amutaridze kana kudura nezvenhumbi pavaitandara haaiti saizvozvo.
- Anonyepedzera kurara padare zvekuti paanoona Masango amuka, anomubvunza kwaienda.
- Anonyangirwa obayiwa naMasango nepfumo.
- Anorwisa Masango omuruma achidimbura nzeve.
- Anoudza Masango kuti imbwende nokuti aita zvekumunyangira.
- Anovimbisa Masango kuti rufu rwaiye Pfupajena rwuchatsiviwa nomwana wake Murovasango.
- Chitunha chake chinokandwa muGonawapotera.

#### 5) MASANGOEMHONDORO/MASANGO

- Mwana waMagen'a, mwana waChipeperekwa.
- Munin'ina waNyakanyaka, anokanganikwa panopondwa Nyakanyaka nevarwi vaTawanda.

- Anoronga hondo yokunorwisa Tawanda, kutsiva kuponda kwaakaita mukoma wake, achizviti ndiye ava ishe.
- Anodimburwa nzeve nokurumwa naTobayiwa pavairwisana.
- Anokurira hondo yaTawanda nokuparadza misha, asi Tawanda anotiza.
- Anotora vakadzi, vana nepfuma zvaTawanda, oenda nazvo kumusha kwake.
- Haazvigadzi ushe paanokurira Tawanda.
- Anotuma nhume kunodaidza Pfupajena, kuti vazosarudza ishe mutsva.
- Anokoka vana vedzinza reMhazi kubva kunzvimbo dzakasiyana-siyana kuchiitiko ichi.
- Anonyepera kuzvidukupisa pakutaura negungano iri revanhu.
- Anopa Muzukuru Maenzanise mukana wokuita chinzvimbo chake pakugadza ishe.
- Aona kuti vose vose vaida kukambira ushe, anotyisidzira varume vekune dzimwe dzimba kuti vasiyane noushe nokuti ndehwake, sezvo ariye akahurwira kuna Tawanda.
- Anonyepera kupa ushe kunaPfupajena, omuti achitaurira nokutaridza vanhu nhumbi dzoushe, asi Pfupajena anonzvenga nemashoko.
- Votandara Mauro, anonyengetedza Pfupajena kuti adure nezvenhumbi dzoushe zvokona.
- Anozoronga nemwana wake, Tarwiraushe kuunganidza zvombo seri kwedare.
- Usiku anomuka obaya Pfupajena nepfumo. Panomuka hondo inofa Pfupajena nemwana wake Tichatonga nevamwe vose vavaive vauya navo kubva kwaGutu, kunze kwaNyikayaramba naRuvhunambwa, uyewo Tarwiraushe.
- Anorayira kuti zvitunha zvaPfupajena nechikwata chake zvikandwe muGonawapotera.
- Anochema kufa kwemwana wake, Tarwiraushe.
- Panouya Murovasango kwaChirimuhanzu, Masango anonyepera Murovasango nezvefiro yababa vake, Pfupajena (p79)
- Anokurudzira Murovasango kumbogara kwaChirimuhanzu.
- Panouya VaMandirunga vachitsvaka mwana wavo Murovasango, anovatsanangurira nezvemagariro aMurovasango pamusha pake, uye kunyangarikira kwake muGonawapotera.
- Anotukwa naVaMandirunga nezvovumhondi hwake, uye kukara ushe.
- Anoti VaMandirunga vanotaridzwa pakapinda napo Murovasango muGonawapotera.
- Anozorwiswa nokukurirwa nehondo inounganidzwa naMurovasango.
- Mushure mekubingiswa nezveunhubu hwaaitira vamwe, anokandwa muGonawapotera ari mupenyu.

## 6) TICHATONGA

- Ndinevanji waPfupajena.
- Mukoma waMurovasango.
- Anofa pamwe nababa vake pakurwiswa naMasango.

## 7) TABAYIRWAUSHE/TOBAYIWA

- Mwana waTawandiraushe/Tawanda.
- Anoparadza Nyakanyaka nemhuri yake achibatsirana nehondo yababa vake.
- Anotungamira hondo pakurwisa hondo yaMasango, munin'ina waNyakanyaka.
- Anoruma nzeve yaMasango pakurwisana.
- Anofa aine chipenga chenzeve yaMasango mukanwa pahondo iyi.

## 8) MUROVASANGO

- Mwanakomana waPfupajena.
- Akangwara, anoyeuka zvaakadzidziswa nababa vake, uye kupindura mibvunzo yavo nemazvo zvinovafadza, zvekare aitaurisa.
- Anodawo kuenda kwaChirimuhanzu, asi onzi achiri mudiki. Anonyengetedza baba vake vozobvuma achiti anoda kunoona izvi.
  - (a) Dziva guru reGonawapotera.
  - (b) Gomo rinonzi Chandarwarira kana Chivavarira.
  - (c) Dondo rinonzi Muteyo.
  - (d) Nhumbi dzoushe dzakavigwa muChandarwarira.
  - (e) Guva rasekuru vake, Chipeperekwa, neemamwe madzitateguru ake.
- Anoda kunodhidha muGonawapotera nokuti anoda kuzoita ishe mukuru.
- Anoenda kunochema Ishe Magen'a nababa vake.
- Anosara kwaGutu panoenda Pfupajena kunoronga nezvoushe kwaChirimuhanzu, nomukoma wake Tichatonga.
- Anorwadziwa nokushungurudzwa kwazvo norufu rwababa nomukoma wake.
- Anotsanangurira muzukuru wake Nyikayaramba zano rake rokunotsiva, kana aenda kwaChirimuhanzu.
- Anoteerera zano raNyikayaramba rokuti ambomira kuenda kwaChirimuhanzu.
- Anoperekedza mai vake kuNjanja ogara pamusha pasekuru vake VaMudemberwa, munyika yaShe Sadzaguru.
- Anotsvetsva mwana washe, Mandivavarira.
- Anonyepera amai nasekuru vake kuti aiva ombodzokera kwaGutu kunotarisa pfuma yaakasiya ichichengetwa nomuzukuru, Nyikayaramba, asi onanga kwaChirimuhanzu.
- Anorara musango reMuteyo orota goritoto.
- Anopinda mugomo reChandarwarira ndokupinda mubako maanoona nhumbi dzoushe nokuraramo.
- Anomukira kuenda paGonawapotera paanowanikwa navana vaMasango vavhimi.
- Anopinda odhidha muGonawapotera.
- Anoendwa naye kuna Masango, uyo anobvunzurudza nezvokufa kwababa vake, Pfupajena.
- Anobvuma kumbogara pamusha paMasango.
- Anozopinda muGonawapotera otiza achienda kwaGutu nokuzodzokera kuNjanja.
- Anouraya shumba yainge yakabatwa muswe naMandivavarira.
- Anorondedzera mai nasekuru vake mafambiro aainge aita.
- Anoganhiwa naMandivavarira, omupiwa semukadzi wake onzi agare paShe Sadzaguru.
- Anoita mbiri yokuvhima achishandisa zvombo zvaainge atora muChandarwarira.
- Anomboramba kutsanangura mukadzi zvinoreva mazita aakapa munyambiri avo Tavirimirwa naShumbayamuka, anopotera mukadzi achiti aisada zvokutongwa naye, asi anonyevenutswa nemashoko omukadzi wake anotapira omupa tsananguro yacho.
- Anotumwa kunodaidza hanzvadzi yaShe Sadzaguru kuUhera.
- Anosvikowana babamunini vake Tawanda vachembera, uye vasisaoni, asi vanomupa zano rokukunda naro Masango.
- Anogumbukira mukadzi wake Mandivavarira paanoda kuratidza simba rake sashe paari.

- Anoramba kukuurirwa ushe nemukadzi wake, asi anomubatsira pakutonga kwake.
- Anodzidzisa vanakomana vake kurwa.
- Anounganidza hondo yevaMhazi neyomukadzi wake otevera zano raTawanda rokunorwisa Masango.
- Anoti Masango akandwe muGonawapotera ari mupenyu.
- Anogamuchirwa nevanhu senhungamiri yerusunuko.
- Anorayira kuti mudzimai wake nevamwe vana vauye kuzogara naye kuGonawapotera.
- Haataridzi kugumbuka panoramba Mandi kuuya.
- Anoroora vakadzi vazhinji ovavakira maguta maviri okugara, ivo ndokumuzvarira vana vazhinji. Anogamuchira vahosi vake, mushure mekumbovabingisa pavanouya, ivo vakamboramba paakavadaidza.
- Anoita mbiri nokutonga vanhu zvinofadza.
- Anoshungurudzika nokurovera muchiRungu kunoita vana vake, Tavirimirwa naShumbayamuka.
- Paanofa, anosiya arayira mwana wake Tatoraushe nezvenhumbi dzoushe.

#### 9) MAENZANISE

- MuRozvi muzukuru mukuru wevaMhazi.
- Ndiye aitungamirira panyaya yokusarudza ishe mutsva.

#### 10) NYIKAYARAMBA

- Muzukuru waPfupajena anoenda pamwe naye kwaChirimuhanzu pairongwa nezvokusarudza ishe mutsva.
- Anopunyuka pahondo, pamwe naRuvhunambwa vodzokera kwaGutu.
- Anonyengetedza Murovasango kuti asaende kwaChirimuhanzu achiri mudiki.
- Anozama kudzora VaMandirunga kuti vasatame kusati kwaitwa zvirango zvekuisa makuva mumusha, uye kurove guva raPfupajena vachienda Njanja.
- Anokurudzira Murovasango kuperekedza mai vake kuNjanja, achiti anosara achichengeta musha nezvipfuyo.
- Anozivisa vaMandirunga naVaMudemberwa kuti Murovasango ainge asina kumbosvika kwaGutu.
- Anozoudzazve VaMandirunga nehanzvadzi yavo pavainge vodzoka kubva kwaChirimuhanzu kuti Murovasango aive mupenyu.

#### 11) VAMANDIRUNGA

- Mukadzi waPfupajena.
- Ndaamai vaTichatonga naMurovasango.
- Vanoedza kudzivisa murume wavo kuenda kuGonawapotera, vachiti anonourayiwa, izvo zvinobva zvaitika.
- Vanoramwa kugara pamusha, mushure mekufa kwaPfupajena naTichatonga.
- Vanokaka rwendo rwokuenda kuNjanja vachiperekedzwa naMurovasango
- Vanoramba kurara padzimba dzhama, chero dzevanhu vavaisaziva.



- Vanorara pamusasa naMurovasango.
- Vanoteketera kumidzimu yedzinza raMurovasango neyekwavo vasati vavata, uye pavanonzwa shumba kuomba usiku.
- Vanovhunduka pavanoona shumba parwizi, vodeketera kuvadzimu vachifamba.
- Vanogara mumusha mehanzvadzi yavo, Mudemberwa, munyika yaSadzaguru, kuNjanja.
- Vanoenda kwaChirimuhanzu naVaMudemberwa kunotsvaka mwana wavo Murovasango.
- Vanopoterera Masango.
- Vanozviwisira muGonawapoterera.
- Vanoungudza vari paGonawapoterera.
- Vanoramba kurara pamusha paMasango.
- Vanoda kuenda kwaGutu kunonzwisisa nezvemwana wavo Murovasango.
- Vanochema nomufaro pavanoona Murovasango ari mupenyu ave kuNjanja.
- Vanokurudzira Murovasango kuti asiyane nezvoushe, asi Murovasango anopikisa pfungwa iyi.
- Vanozofa Murovasango aroora Mandivavarira ogara kwaSadzaguru.

## 12) ISHE SADZAGURU

- Ndishe wenyika iri kuNjanja.
- Munyika mavo ndimo makasvikogarwa naMurovasango namai vake VaMandirunga, vatama kubva kwaGutu.
- Ndiye baba vaMandivavarira.
- Panoda kuwanikwa mwanasikana wavo, Mandivavarira, vanoramba pfuma voti mukomana wacho, Pfumandishe ahandire makore matatu, kutaridza kuti ainyatsoda mwanasikana wavo.
- Vanopa Pfumandishe mudzimai wake kuti achienda naye kumusha kwake kwaSadzauchi.
- Vanoripisa Pfumandishe zvikuru, pakutiza kwaanoita Mandi, vasangana neshumba munzira yokuenda kumusha kwaPfumandishe.
- Vanobvuma kuti Mandi ave mukadzi waMurovasango paanozvipira kwaari senzira yokutenda kununurwa kwake kubva kushumba yainge akabata muswe atizwa naPfumandishe.
- Vanoti Murovasango ndiye aizogara pamusha pashe, kwete kuti aende naMandi kumusha kwake kwaGutu kana kwaChirimuhanzu, kana kwasekuru vake VaMudemberwa.
- Vanosiyira mwanasikana wavo ushe, vachiti anobatsirwa kutonga nomurume wake.
- Vanotuma Murovasango kuUhera kunoshevedza hanzvadzi yavo kuti vaiudze urongwa hwavo vasati vafa.
- Pavanofa hapana kuridzwa mhere.

## 13) PFUMANDISHE

- Mwanakomana waIshe Sadzauchi.
- Anosevenza pamusha paIshe Sadzaguru kuti agopiwa mwanasikana wavo Mandivavarira kuti ave mukadzi wake, nokuti Ishe Sadzaguru vakaramba pfuma.

- Paanopiwa mudzimai anomutora vofamba vachienda kumusha kwake.
- Anotsidza kuzochengeta mudzimai seziso rake.
- Anotiza mukadzi pavanosangana neshumba.
- Paanonunurwa kushumba naMandi, anobva atiza achimusiya akabata muswe weshumba.
- Anozoripiswa zvikuru naIshe Sadzaguru.

#### **14) MANDIVA VARIRA/MANDI**

- Mwanasikana, zai regondo raIshe Sadzaguru.
- Anotemerwa ugariri naPfumandishe, baba vake varamba kuti aroorwe nepfuma.
- Paanopfimbwa naMurovasango, anomutsvinyira achiti haangaroo wi nemurombo, nherera uye rombe.
- Anozoenda naPfumandishe uya aimushandira kwemakore matatu.
- Vari munzira anokurukura nomurume wake omuudza nezvokutsvetsvwa kwake nerombe, (Murovasango) iye achiudzwa nezvogugare rwaazoitwa nomurume wake.
- Haatizi pavanosangana neshumba, sezvinoita murume wake.
- Anonunura murume wake nokubata nokugwinha muswe weshumba iyo yainge yoda kumuuraya paainge otiza.
- Anoramba akabata muswe weshumba murume wake atiza.
- Anozonunurwa naMurovasango paanouraya shumba.
- Anozvipira kuna Murovasango semukadzi wake, somuripo wokununurwa kwaakaitwa kushumba.
- Anozvara vanakomana manyambiri.
- Anobvunza zvinoreva mazita akapiwa vana, ekuti Tavirimirwa naShumbayamhuka.
- Anozvinipisa achinyengerera murume wake, mushure mekunge apoterwa kuti abvunzirei.
- Anogadzwa ushe mushure mokufa kwababa vake.
- Anoedza kuratidza simba roushe hwake pana Murovasango, asi anogandukirwa zvokuti anopedzisira okumbira ruregerero.
- Anopodza hashu dzomurume wake nokutaura mazwi akapfava, uye kumudetembera nemutupo nezvidawo zvake, achiombera.
- Anomboramba kuenda kwaChirimuhanzu paanodanwa naMurovasango, atora ushe hwake hweMhazi. Anozosiya ushe hwake aona husisina mbiri.
- Anotevera murume wake onokumbira ruregerero.
- Anoshungurudzika pamwe nemurume wake, panovera manyambiri avo matangwe, Tavirimirwa naShumbayamuka, mugonamwapotera revasinamabvi.

#### **MIBVUNZO**

- 1) Ndezvipi zvinoratidza ushingi hwaMurovasango mukutora ushe?
- 2) Munyori akagona kushandisa mazita amadunhurirwa. Dotsanangura zvinogutsa.

- 3) Magen'a anonzi aikara ushe sezvinonzi inyama, ndokutonga vana veMhazi neminwe ine nzara ndefu. Tsanangura zvizere zvinhu zvakakonzerwa nokuda kweumbimbindoga uhwu.
- 4) “Ropa rehama mazai asiyiwa nemheni”, mazwi aya anobatsira zvakadii kudzumbunura makakatanwa nedingindira zviru munyaya iyi?

## **CHIKAMU B: UVARANOMWE HWEMAZUVA ANO**

### **MUDENGU MUNEI?**

#### **NaC.D.S. HWIRIDZA (MEPEPETI) (LITHO IMAGING SYSTEMS)**

Nhetembo dziri mubhuku iri dzinogona kuiswa muzvikwata-zikwata zvinoenderana nemadingindira kana kuti, nyaya huru dzinobuda munhetembo dzacho. Nhetembo shanu dzichaongororwa pachikwata choga choga, asi dzinenge dzambodomewa dzose neuwandu hwadzo kwekutanga.

#### **1) NHETEMBO DZENHANGO/DZOKURAYIRA**

Mhando iyi yenhetembo ine nhetembo dzine chinangwa chokuchenjedza, kungwadza, kudzidzisa zvinhu zveupenyu, kuti vanhu vasapinde munjodzi dzinogona kudzivirika, kana kudzokorora mhosho dzavakamboita. Dzimwewo dzinenge dzichisvora tsika dzakaipa nokudzitsiura.

<b><u>Nyanduri</u></b>	<b><u>Nhetembo</u></b>	<b><u>Peji</u></b>
Stella Kusema	Mari muenzi	12
Charles Bhiya	Ramba Warayira	21
Charles Bhiya	Svingo retsotso	23
Gabriel M. Chiborise	Upenyu	31
Gabriel M. Chiborise	Chisvinuro Sahwira	32
Gabriel M. Chiborise	Chipo mwanangu	34

Tinashe Bob Muchuri	Mwanasikana	50
Tinashe Bob Muchuri	Ibhinya	49
Reuben B. Pakoenda	Woita zvapano	70
Munyaradzi Chizola	Ndikurayire mwanangu	75
Munyaradzi Chizola	Umhandara	86
Richard N. Changamika	Ndipewo nzeve	91
Richard N. Changamika	Chisunga Chomuchato	106
Junior Dhauramanzi	Mudengu munei?	118
Junior Dhauramanzi	Murwarazhizha	131
Junior Dhauramanzi	Ndinzweiwo	132
Israel N. Jonga	Punha	137
Israel N. Jonga	Mukadzi weZimbabwe	141
Israel N. Jonga	Ndakaitei?	147
Amanda L. Ndebele	Hapachina	150
Farai C. Madambi	Onekano negamba	151
Farai C. Madambi	Hakuerwi Seshangu	153
Farai C. Madambi	Usimbe igapu Renzara	155
Farai C. Madambi	Usazondikanganwawo	160
Farai C. Madambi	Manhanga Kusina Hari	162
Farai C. Madambi	Kugona pwere	166
Farai C. Madambi	Chitivira mwanangu	168
Farai C. Madambi	Mushamba negore	171
Simbarashe Jongwe	Chinzwa mwana	174
Simbarashe Jongwe	wekubereka	176
Simbarashe Jongwe	Zvibate	178
Trymore Munyarari	Unorumwa nechekuchera	188
Nguwo	Ndinokurotsa mwanangu	

a) **MARI MUENZI** naStella Kusema

Nyanduri ari kuyambira vanamuzvinamba kuti mari haigari pamunhu, saka vasachenamira, kudzinga kana kudadira maroja, kana mari yemutero wemba yamboshayikwa, nekuti

naivowo vanogonawo kuzongoishaya, roja rowana, uye inga vanongoramboitsvaga, nokudaro haikwaniri munhu nguva dzose.

Nyanduri anoshandisa zvidavado zvakati wandei kutsiura varidzi vemba sokuti:

- Pfekedzaunhu sepaanoti, “Kana uneni mari ziva kuti ndiri muenzi”, kuratidza kuti haigari pamunhu, saka asatarisire roja kuti riiwane nguva dzose.

- Nhevedzanwa yemibvunzonhando, sepaanoti,  
*“Ko, chinokupa kuchenamira roja chiiko?  
Ko, dai ndaive ndisiri muenzi pauri iwe  
Muzvinamudhuri ukagodii kutenga dzimba dzakawanda?  
Ko, Chinokupa kugara neroja chiiko  
Kana ini mari ndisiri muenzi?  
Ko, chinokupazve kushaya Zororo  
Mukati memudhuri wako chiizve?”*

Kusimbisa kuti kana iye achiishaya, kana rojowo pane dzimwe nguva rinoishaya.

- Chikuwo, sepananzi,  
*“Kana ndisiri muenzi bva chigara wega  
Nemba yako usinganhemaire kunonditsvaka!”*

Kusimbisa kuti kutsvaga maroja kuratidza kuti mari inouya ichienda, nokuenda kwake kunoitsvaga kunoratidza kuti anenge achitomboishayawo, saka haana kodzero yekutarisira kuti roja rive nayo nguva dzose.

- Tsumo panonzi  
*“Chirega hakoze iwe wemugomo  
Kukumbira vari pasi mapfihwa”,*

Kujekesa kutsiura muzvinamba kuti kana ainayo nguva iyoyo asadadire vasina, nokuti ichaenda osara asina.

- Zvinamatidzwa, sepanonzi, “Chiregawozve kutsengera maroja ako mvura”, kujekesa kuti asadadire maroja ake paanenge asina mari.

- Madimikira, sepananzi  
*“Chiregawozve kutsengera maroja ako mvura  
Ichibuda usvusvu”,*

Kujekesa kuti asadadire maroja ake paanenge asina mari, nokuti achaiwanawo.

- Fananidzo, panonzi  
*“Rega zvakare kufamba uchiita seunotsika  
Pane muvhunze emoto”.*

Kujekesa tsiudzo yekuti asadade achizviti ane mari, sezvo achitomboishayawo.

- Donzvo rokutama, paanoti,  
*“musasvora mbodza neinozvimbira  
Rimwe zuva aive madziva  
Achave mazambuko”*  
Kusimbisa kuti vazvinamba vasaonera maroja pasi
  
- Nhongorerashure, paanoti,  
*“Inga wani kuti utenge iwo mudhuri wako  
Iwoyu wawakadai kuzadza maroja, ndini mari  
Muenzi ndaive ndakushanyira”*,  
Kujekesa rayiro yokuti mari inouya ichienda, saka roja haringadzingwe kuti rashayawo mari musi iwoyo.

b) **RAMBA WARAYIRA na Charles Bhiya**

Mudetembi ari kutsiura kuti tisanzoramba kana kushora chinhu tisati tachiongorora. Angava munhu, bhuku kana chii zvacho, ngatisangotarisa kunze tobva tati hapana zviripo.

**Zvidavado**

- Tsumo, sekuti, *“Ramba warayira”*, (iyo inopera ichiti, Gapu rechembere ramba warayira) kujekesa kukosha kweongororo kana dzidzo yakadzama yezvinhu zvose, kwete kuzvishorera mataridzikiro azvo kunze, sezvo dzimwe nguva kuchifukidza zvakakosha zvakavanzika.
  
- Hochekeche yemhesano, apo mavara ekumagumo kwemitsetse anotanga mitsetse inotevera, sepanzi,  
*“Chipfeko hachisi mwene wacho  
Mwene wacho haasi chipfeko”*.  
Kusimbisa yambiro yekutanga tanyatsoongorora unhu hwemunhu tisati tatomutarisira pasi pamusana pemapfekero.
  
- Hochekeche yekumavambo, apo anodzokorora shoko rimwe kumavambo kwemitsetse inoteverana sezvizvi,  
*“Butiro chipfeko  
Butiro ruzhowa chete”*,  
Kusimbisawo kuti kutarisa kavha hakuna batsiro pakuti tizoti mubhuku hamuna chakanyorwamo, asi kuti tinotofanira kutanga tatomboriverenga.

- Zvikuwo, sekuti, “*Kuziva bhuku huriverenga!*” kujekesa kuti haungazivi zvakakosha mukati mebhuku rausina kuverenga wangotarisa butiro raro.
- Mutauro wekudimikira, sokuti  
     *“Wotonzwa hapana zvemunhu zvese  
     Zvese zvemunhu hapana”.*  
 Kujekesa kushorwa kunoitwa munhu, vanhu vangoona zvipfeko, ivo vasina kudziidza unhu hwemunhu.
- Dozvo rekutuma  
     *“rega dzive shiri kani mwana waamai  
     Kurukura neni zvizere kuti undizive  
     Riverenge rese urizive”.*  
 Kusimbisa dziidziso yokuti kuti uzive unhu hwemunhu, hunge wataura naye, kuti uzive nyaya iri mubhuku, kunge wapedza kuverenga bhuku racho rose.
- Zitaumbiridzwa, pakanzi, “*mutizashizha*”, kuratidza kutyira chinhu kure, usina kuchiongorora, wangovhundutsirwa nemataridzikiro acho.
- Nhevedzano yeezaniso, sekuti  
     *“Chipfeko hachisi mwene wacho  
     Mwene wacho haasi chipfeko  
     Vhunurwa harisi nyoka  
     Uye nyoka haisi vhunurwa”.*  
 Kusimbisa rayiro yekuti titange taongorora tisati tachitya kana kuchisarura, nokuti kutaridzika kwekunze kwechinhu, handicho chinhu chaicho.
- Shanduro yeurongwa hwemazwi muchivero, sekuti  
     *“Zvese zvemunhu hapana”,*  
 Kusimbisa kurudziro yekutanga nekuongorora tisati totora pfungwa pamusoro pechinhu.
- Nhevedzano yepfungwa mumitsetse yakatevedzana  
     *“Ungakorwa nehwausakadzvuta here?  
     Ingakudzipa ndeyawakanda mukanwa  
     Ukadzipwa neiri kunze tinoti chivanhu”.*  
 Kusimbisa rayiro yokuti kuziva chinhu hunge watonyatsochiongorora.
- Mibvunzonhando, sokuti, “*Ringakunakidza sei rakavharwa?*” kujekesa rayiro yekuita ongororo kutanga, tisati tangoramba chinhu nokungotarisa chete.

- Nzvenzvero kuchitendero chevaShona, *“Ukadzipwa neiri kunze tinoti chivanhu”*. Nyanduri ari kujekesa kuti chokwadi chinotozivikanwa mushure mekuve nechokuita nechinhu, saka rayiro iri pakuti tirege kungotyira zvinhu kure.

- Nyaudzosingwi, sepanonzi,

*“Unoera mhungu negavi*

*Iyo yakati tasa!”*

Kuburitsa rayiro yekuti edza zvinhu, kunyangwe nekunze zvisiri kukugutsa kuti zvingakuitire zvinhu kwazvo.

c) **UPENYU na Gabriel M. Chiborise**

Mudetembo iri vasekuru vari kurayira muzukuru wavo kuti upenyu hwakaoma, saka hunotoda kushinga sekushinga kwavakaita ivo.

**ZVIDAVADO**

- Madimikira, sepananzi,

*“Isu zvatangova hari dzofanzirofa*

*Zvokufa kwedu hazvisi kure*

*Chiuya ndikurume nzeve nezveupenyu hwekare”*,

Kujekesa kuti, kuti upenyu hurebe hunotoda wakarayirwa pamusoro pekuoma kwahwo, uko kunotoda kushinga.

- Ndevo ine shoko reukama, chirevamwene nezita remuzukuru, *“Muzukuru wangu Chirikure”*, kusimbisa kuti sekuru vane hanyi neupenyu hwake zvokumupa rayiro yeupenyu hwakareba, iyo vasingangopa chero munhu.

- Enzaniso, *“Upenyu mutoro muzukuru”*, kubuditsa rayiro yokuti upenyu hwakaoma.

- Nhamatidzwa, *“Hausiri iwe wega watanga kuiona nhamoyi”*, kuratidza rayiro yekuti hupenyu hunongoda kushinga kuti ukunde sezvakangoita madzitateguru akatanga kuiona.

- Fananidzo,

*“Ukarara nezamu mumukanwa*

*Unodzimbwa sezibanya ziguru,”*

Kujekesa rayiro yekuti ukapusira upenyu hunokurwadza zvakanyanya.

- Chivakashure chinotsanangura ukuru nokutyisa chomupanda 21, pakanzi,



“Upenyu zivira rakateyiwa muzukuru”, kujekesa kuti zvinotoda kushinga zvakanyanya kuti urege kuwira mukurayiwa nezvinetso zveupenyu izvo zvakawandisa.

- Dzokororo yeizwi, “*mukuru*”, kumagumo kwemutsetse wekutanga muzvikamu zvose, kusimbisa kuti ateerere rayiro yokushingira upenyu iyi, sezvo iri kubva kuna sekuru vake vakatowirwawo nemadzudzo oupenyu ayo vakakunda nokushinga.
- Mashoko ekurudziro, “*Unoikunda newewo ukashinga*”. Kuratidza kuti hapana mamwe maitiro ekupedza nawo mutoro weupenyu, kusara kwekushinga.
- Tsumo,  
*“Iwe zvawadai watova chigondora  
Kutadza kufura ndehwako urema”*,  
Kujekesa kuti kukunda kurema kwoupenyu kunotoda kuti muzukuru uyu atozvishingira pauzima.
- Kupa sarudzo yekuita kana kusaita,  
*“Chizunza usarudze zvaunoda zvikuru  
Nokuti zvasarirewe mwene wejira  
Kufuga kana kuwarira”*,  
Kuratidza kuti iyi inongova rayiro yekuti upenyu hwakaoma zvokuda munhu akashinga mukukunda matambudziko, saka zvave kumuzukuru kutevedza rayiro inopa upenyu “hwekure”, kana kufa asina kusvika kure nahwo.
- Mazwi okuonekedza, “*Ini sekuru ndaenda*”, kujekesa kuti vatomupa rayiro yekushinga mumatambudziko eupenyu ivo vasisipo zvekuti havachagoni kumubatsira.

d) **USIMBE IGAPU RENZARA naFarai C. Madambi**

Rayiro iri kuburitswa mudetembo iri ndeyekuti usimbe hunokonzeresa nzara iyo inozopa munhu kuba, osungwa, kuitira vakashanda zvavo shanje kana vozvidyira nekuvavenga zvekutoda kuvauraya.

**Zvidavado**

- Enzaniso, “*Usimbe igapu renzara*”, kujekesa kuti kana une usimbe unenge uchizoraramawo munzara huru nokuti unenge usina chokudya.
- Fananidzo, “*Kunenge kugarika, izvo inhamo zvayo*”, kujekesa kuti kuteedza mushana, moto nokurara vamwe vachishanda kunounza nhamo kumunhu.
- Nyaudzosingwi,  
*“Richingobuda zuva,*

*Munhu ragu pamushana sedzvinyu  
Kana ropisa  
Pamumvuri rabada sedanda”.*

Kuratidza rayiro yekuti maitiro aya ndihwo usimbe hwacho, hunozokonzera nhamo mangwana wambenge wagarika, unotevedzera zvinofadza nyama yako.

- Mubvunzonhando,  
*“Inozvizivawo here kuti  
Usimbe igapu renzara?”*  
Kujekesa kuti hapana chidiyiwa chinowanikwa munungo.
  
- Pfekedzaunhu,  
*“Makore akamuka akagumbatira zuva  
Moto wofumoririma”,*  
Kujekesa rayiro yekuti simbe haishandi, kunyange kuchitonhora inotoisa moto wekugota, yozofa nenzara, yonoba kana kuvenga vanodya zvavo.
  
- Chivakashure chekushora,  
*“Yatambarara zvayo  
Mazikumbo achipuruzirwa”,*  
Kujekesa kusashanda kwesimbe, zvisinei nekuti kunze kwakadii, ichingotevedza kufadza nyama, yozofa nenzara, nekuti usimbe hahuna chidiyiwa.
  
- Nhevedzano yenyaudzosingwi,  
*“Mupimbiri wati tsva-a  
Mbare tare tare sembariro”,*  
Kujekesa usimbe hunokonzera nokutevedza zvido zvenyama, yozoshaya chokudya, magumo kuvenga nekubira uye kuvenga vanazvo, yozosungwa simbe.
  
- Dzokororo yemazwi okupedza nawo ndima  
*“. . . usimbe igapu renzara”,*  
Kusimbisa rayiro yake yekuti simbe dziziviswe kuti magumo adzo inzara.
  
- Donzvo rekutuma, *“Udzai simbe kuti usimbe igapu renzara”,* kujekesa rayiro yake kuti anoda kuti aisvitsirwewo kusimbe noruzhinji, pasazowana anoti ndanga ndisingazive kuti usimbe hunokonzeresana nzara.
  
- Pfungwa dzinopesana mumutsetse inotevedzana  
*“Vamwe povopakura magapu anofashukira  
Simbe yofunuka rukanda rweshanje”,*

Kuratidza kuti kushanda kunopa zvidyiwa, asi usimbe hunopa nzara, munhu otanga kuitira vakarima zvavo shanje.

▪ Dongorerazvemberi

*“Mangwana vamwe vobudirira  
Vodya zvinopfachukira  
Simbe yodonha rute  
Kunge bere raona hwai  
Ziso rinobudiswapo  
Museve zvawo weruchiva”*,

Kujekesa rayiro yekuti kushanda kunopa kudya, asi usimbe hunopa ruchiva, simbe yozoba yosungwa.

e) **CHISUNGO CHOMUCHATO** na**Richard N. Changamika**

Musikana ava pedo nokuchata ari kurayirwa navatete vake, tsika dzaanofanira kuzoita kwaakaroorwa, kana aenda mushure memuchato.

**ZVIDAVADO**

▪ Dimikira,

*“Usati waenda nditambidze  
Nzeve dzako zimhandara”*,

Kujekesa kuti vari kuda kumupa mhangwa dzekunoshandisa kwavamwene, saka aterere.

▪ Mutauro wekudimikira,

*“Mweni angosvika  
Unomugashira negwaku chero nguva”*,

Kujekesa rayiro yokuti haafaniri kunyima, asi kutobikira vaeni chero nguva yavasvika.

▪ Mhesaniso yeurongwa hwemazwi mumutsara

*“Kugamuchira zhinji kunorev a kubatsira  
Dzinoshayiwa hama”*,

Kujekesa rayiro yekuti, kuti awane mari (pfuma) yakawanda, zvinoreva kuti iye anenge achibatsira hama dzinotambudzika.

▪ Tsumo, *“Gasva reukama rinozadziswa negwaku mukuseka”*, kujekesa rayiro yokuti asanyime, asi kuti abikire hama akafaranuka.

▪ Pfekedzaunhu, *“Rurimi ndirwo muvambi wenyonganyonga”*, kuburitsa rayiro yekuti azvibate pakutaura kuti asanyonganise vanhu.

- Nhevedzano yedonzvo rekurudziro,  
     *“Rurimi ndirwo muvambi wenyonganyonga  
       Ngarugare rwakachena  
       Jira ngarimonerwe mabvi achityorwa”*,  
 Kusimbisa rayiro yokutaura zvakana, uye kuve netsika yekuzvivhara muviri nokugara akasunga “Zambia”, zve netsika yokuremekedza nokutyora muzura pakakodzera
  
- Kushandiswa kwechindori, *“Ndiwo unhukadzi”*, kujekesa rayiro yemaitiro aanofanira kuita nokuti ndiwo anotarisirwa.
  
- Nhamatidzwa, *“Wozivazve kuti wagarira murume wako chete”*,  
 Kujekesa rayiro yekuti asazoite unzenza achida vamwe varume.
  
- Enzaniso, *“Murume wake ndiye shamwari yako  
       Yepamwoyo yoga”*  
 Kujekesa rayiro yekuti asaite unzenza.
  
- Nzvenzvero kutsika yekupfuhwira,  
     *“Zino irema rinosekerera newarakavenga uzvione  
       Anongokuti mupfuhwira uzive wazviurayira murume”*,  
 Kujekesa rayiro yokuti angwarire mazano aanopiwa nevanhu, nokuti vamwe vanenge vakatomuvenga vachida kumuparadza. Pakanzi asafunge kuti anomufurira kupa murume mupfuhwira anomuda, asi azive kuti muvengi anenge achida kumuurayira murume.
  
- Donzvo rokutuma,  
     *“Chengeta mazwi angu  
       . . . .  
       Chinenge chanetsa tanga wanditaurira”*,  
 Kusimbisa kuti rayiro dzatete ava dzoga ndidzo dzinofanira kumuratidza gwara ramagariro kwawo kwaava kuenda kumurume, nokudaro adzitevedzere, kana zvanetsa odzitsvaga.
  
- Nhevedzanwa yetsumo,  
     *“Chinoteerera chinorarama chinofa hachiteereri  
       Zanondega akapisa jira mumasese.*  
 Kusimbisa rayiro yokuti aterere yambiro dzavatete dzavamupa, nokudzitsvaga kwavari kana pane chanetsa.

## 2) NHETEMBO DZERUFU

Idzi inhetembo dzinoburitsa zvinoreva rufu kuvanhu vakasiyana-siyana, zvinoitika parufu, zvinoitwa navanhu, uye zvavanofunga maererano norufu nokuchema rufu.

<u>Nyanduri</u>	<u>Nhetembo</u>	<u>Peji</u>
Charles Bhiya	Maitiro angu	18
Gabriel M. Chiborise	Mbuya Murozvi	27
Simbarashe Clever Kavenga	Maungira Ekwabviwa	57
Reuben B. Pakaenda	Shungu Dzemufi	67
Munyaradzi Chizola	Ivaiwo Navo	79
Trymore Nguwoh	Munyarari Rima Muchiedza	186
Trymore Nguwoh	Munyarari Ndinokurotsa Mwanangu	188
Trymore Nguwoh	Munyarari Rashe Zuva	193
Trymore Nguwoh	Munyarari Madzonyongedze	127
Junior Dhauramanzi		

### a) MAITIRO ANGU naCharles Bhiya

Rufu rwuri kuti rwunongoerekana rwasvikira mumwe warwakananga pasina anorwisa, rwomuuraya, rwoenda zvarwo pasina arwuona, vanhu vosara vachichema, vongoona kuti rwapfuura nepo.

#### ZVIDAVADO

- Pfekedzaunhu,

*“Bherengende pindikiti*

*Ziso dwenene newandakananga*

*Maoko angu isimbi”*,

Kujekesa mauiyiro erufu ekungoerakana rwanangana nemunhu rwotomubata kusvikira asisina upenyu.

- Nhevedzanwa yenyaudzosingwi

*“Wanei pfau pfau*

*Bidiri bidiri, gwi gwi, tasa*

*Tonho-o chave chando”*,

Kusimbisa matorero anoita rufu upenyu hwemunhu, paanopfaura, kubidirika, kugwinha, kutandavara nokutwasuka mitezo nokutonhora muviri, pakufa.

- Mazitadunhurirwa,  
     *“Ini Hamburamakaka  
     Mushayamupikisi”*,  
 Kujekesa kusimba kwerufu, uye kuti hapana arwusingakundi.
- Mazitaumbiridzwa, *“Mushayamupikisi”*,  
 Kujekesa kuti hapana angati haadi kufa, kana rufu rwamushanyira.
- Enzaniso, *“Maoko angu isimbi”*, kujekesa kuti rufu rwune simba zvokuti warwabata chete rwunotouraya.

b) **MBUYA MUROZVI** na**Gabriel M. Chiborise**

Muzukuru ari kudemba mbuya vake vaichengeta vazukuru vavo zvakaenzanirana, zvisinei nokuti mwana wavo afa. Vaivabatsira nenjere nekuvayanana semhuri, saka ave kushaya kuti vachadzivirirwa nani mumatambudziko avaisimbodzivirirwa. Ari kushungurudzika nekuda kuziva kuti mbuya vakazonyatsourayiwa nei. Anoti mhuri dzapandukirana, saka anovimbisa kuti vachavaitira zvoze zvavanoda kuti vanzwe tsitsi vaone zvekuita nemusha waparara vouchengeta. Anoti pada vakadai, mafaro akare angavadzokere.

**ZVIDAVADO**

- Enzaniso,  
     *“Muonde uye zvawaoma nhai vedu,  
     Iwo waisitipa zvawo zvibereko!”*  
 Kujekesa kudemba kubatsira kwaiita mbuya Murozvi muupenyu hwavazukuru vavo.
- Mubvunzonhando, *“Nhasi tobatana neiko?”* kuratidza kudemba kurasikirwa nambuya vavo zvokusaziva kuti vachaita sei vasinavo.
- Chikuwo, *“Tarisai nhasi wenyu musha rava dongo!”* kusimbisa kudemba kukosha kwaive kwakaita mbuya Murozvi pamusha apa pasisina achagona kuchengeta.
- Mazitadunhurirwa, *“Nhai VaChipavhurire vangu”*, kujekesa kudemba tsika yokupa yavaive nayo, yovochema kuti zvino vachapuhwa nani.
- Mazitaumbiridzwa, *“VaChireranherera”*, kujekesa kukungura mbuya vaive vasina rusarura pavazukuru vavo.
- Nhamatidzwa, *“Nhaimi VaMurozvi vangu”*, kuratidza kuchema kwavari kuita mbuya Murozvi.
- Dzokororo yechirevamwene, *“vangu”* pakawanda-wanda sekuti,

*“Onai VaMurozvi vangu  
Nhai VaChireranherera vangu”*,

kusimbisa kudemba kwake ukama hwakasimba hwaaiwa nahwo naambuya vake zvekunzwa kurasikirwa zvakanyanya vasisipo.

c) **SHUNGU DZOMUFI naReuben B. Pakaenda**

Guva romufi riri kucherwa, uye mbudzi yevacheri yourayiwa. Mumwe mucheri ava kutorwadziwa nemusana uye maoko atove netupundu tweropa, saka anombopawo muzukuru womufi Mudyaneropa. Pakuchera kwavaita vabata dombo pakuchera tonera, vofundira kuti kuda mufi ari kuramba kuvigwa neshungu. VaBvudzijena vanonzi vaombere midzimu yavo vachikumbira kuti mufi avigwe azorore, kana pane chaari kugunu’una ozochireva ari pamuzukuru. Zvinonzi ambuya ava havangambodaro vakatsamwira mombe dzoumai, sezvo dzakabviswa, nokudaro vainzi vadzore mwoyo tonera ipedziswe.

**ZVIDAVADO**

- Nhamatidzwa, *“Nditambireiwo kani Mudyaneropa”*, kujekesa kunetsa kuchera kuri kuita guva romufi.
- Pfavisamukwanwa, *“Kuramba kwavo here varere mumba?”* kuratidza kuti pada mufi ane nhuna dziri kuita kuti guva rinetse kuchera.
- Nhevedzanwa dzemibvunzonhando,  
*“Kuramba kwavo here varere mumba?  
Ko, zvichirevei?  
Votya kuvigwa ivo vakafa here?”*  
Kusimbisa kusanzwisisa kwavo kuti sei vasvika padombo ivo venge vatopedza kuchera. Asi kuti mufi ane shungu?
- Nzvenzvero kumhramidzimu  
*“Isai maoko kumhepo imi Bvudzijena,  
Mugotiudzira vari kunyikadzimu kunoera  
Tinoda kuzorodza mubvana wenyu”*,  
Kujekesa tendero yokuti vari kumhepo vanogona kutaura nemufi odzora shungu dzake, ovigwa.
- Nzvenzvero kutsika yeroora, nekupfuka  
*“Inga dzoumai dzakauya imi munozviziva”*.  
Kujekesa tendero yokuti mombe dzoumai dzikarega kubviswa, zvinounzwa madzudzo kumhuri, kunyanya kana aifanira kudziyiwa wacho afa.

- Zitaumbiridzwa, “*Tabata zindanakuenda reruware*”, kujekesa kukura kweshungu dzomufi idzo dzotadzisa kuti guva ripere kucherwa avigwe.
- Mutauro wekudimikira,  
     “*Kana pane chakabata yavo hana*  
     *Vanodudza vagere pachizukuru*”,  
 Kuratidza kuti vanogona kuzoreva shungu dzavo dzezviri kuvashungurudza vasvika somudzimu pamuzukuru.

**d) IVAIWO NAVO naMunyaradzi Chizola**

Mwana ari kunamatira baba vake vakafa vachimusiya ave nherera, uye achichema. Ari kukumbira zame kuti vafambe navo kuenda kudenga. Anoteterera kuti vasaiswe kuGehena kana kupurugatoriyo.

**ZVIDAVADO**

- “*Makavahwetura segundo pahukwana*”, ifananidzo, inojekesa kuti vakangoerekana vafa pasina fungidziro.
- Nyaudzosingwi, “*Sare ini muhunherera zho*” kuratidza kuti abva ava nherera.
- Mutauro wekudimikira, “*Zvisinei, makandiseka zvenyu Zame*”, kujekesa kuti rufu runorwadzisa atorerwa muchengeti.
- Zitaumbiridzwa, “*-mupfiganebwe*”, kujekesa kushungurudza kunoita rufu pakuti aenda haadzoki.
- Kusandura urongwa hwemazwi mumutsara  
     “*kwamupfiganebwe ndichinovapfigira vangu baba*”, kusimbisa pfungwa yokuti kwaendwa nababa hakudzokwi.
- Donzvo rekutuma, “*Vachengetei*  
     *Kwemisi isingaperi ivai navo*”,  
 Kusimbisa chikumbiro chake chekuti vaende kudenga kunaZame.

**e) RIMA MUCHIEDZA naTrymore Munyarari Nguwoh**

Detembo riri kutaura kuti mukufa hapana anoziva zviri kuitika, kana zvichaitika kwaari kana kune mumwe. Vekunamata vanoti kwakanaka. Asinganamati oti mutumbi waenda, asi mweya unosara. Vaporofita havana chavanoreva nezvevafi. Kufa kunonzi kune mibvunzo yakawanda isina mhinduro, asi hapana anoziva chokwadi maererano nerufu nokuti hakuna akafa akadzoka kuzotaura nezveko.

**ZVIDAVADO**

- Hochekeche yekumavambo  
     “*Hapana anoziva ramangwana*”



*Hapana anoziva kune mumwe izvozvi  
Hapana anoziva zvichauya kwaari”*,

Kusimbisa kuti kana zviru zverufu, munhu wese hapana ane ruzivo nazvo.

- Enzaniso, “*Rinongova rima muchiedza chezuva*”, kujekesa kuti tinoita setinonzwisisa kuti kufa kudii, asi chokwadi chiri chekuti hapana anoziva zverufu.
- Tsumo, “*Kumuzinda hakuna wako*” kuratidza tese hatizivi zveko nokuti hakuna akabvako akajekesera chero ani zvake kuti kwakamira sei mushure mekufa.
- Chikuwo, “*Hapana chinonakira chimwe veduwe-e!*” kusimbisa kuti mumwe ane maonero nemafungiro ake maererano nerufu, asi hapana angati zvangu ndizvo chaizvo.
- Mibvunzonhando, “*Misha inotaurwa iriko here?*” kujekesa kuti hapana akadzoka akataura kuti iriko, saka hapana ane chokwadi nezvayo.
- Nhevedzanwa yemibvunzonhando,  
    “*Vakafa vasina kuroora  
    Vachanoroora ikoko here?  
    Ndichazovei pane rwangu rwendo?*”  
Kusimbisa kuti chokwadi hapana ane idi nokuti shure kwerufu kuchazovei.
- Nhamatidzwa, “*Hapana chinonakira chimwe veduwe-e!*” kujekesa kuti hapana ane chokwadi nemafungiro, uye maonero ake nezverufu.
- Mutauro wekudimikira,  
    “*Mapofu haatungamirirani, tose tiri murima*”.  
Kujekesa kuti hapana akajekerwa panyaya dzerufu, munhu wese anenge achingofungawo zvaada, zvichienderana nezvaanotendera, asi asina chokwadi nazvo, nokuti tose hatizivi nezverufu.

### 3) **NHETEMBO PAMUSORO PEMAGAMBA**

Nhetembo dzechikwata chino dzina vananyanduri vanochema magamba, pamwe nekupemberera rufu rwemagamba nokuda kwebasa guru ravakaita muhondo yeChimurenga, munhorondo yeZimbabwe nemune zvevatongerwe enyika.

<b>Nyanduri</b>	<b>Nhetembo</b>	<b>Peji</b>
Gabriel M. Chiborise	Vakashingaira	28
Gabriel M. Chiborise	Rakatsva reChimurenga gona	36

Simbarashe C. Kavenga	Nhasi Torangarira Gamba	56
Munyaradzi Chizola	Chindunduma	80
Farai C. Madambi	Onekano Negamba	151

a) **VAKASHINGAIRA** naGabriel M. Chiborise

Vakomana vanonzi vakashinga kurwa hondo vachiurayiwa nemuvengi, vachinzwa nzara, vachigara netsvina, vasinganyatsorara, vachinayiwa nemvura, vachitonhorwa nechando, vachigara mumasango, umo vaioneswa nhamo nezvikara, asi havana kukanda mapfumo pasi. Hanzi nechemberewo neveruzhinji vakaoneswa nhamo muhondo, asi nekuti mwana vevhu anga oda ivhu rake, vakomana vakashinga vakakunda.

**ZVIDAVADO**

- Nhevedzano yepfungwa imwe nemifananidzo yakasiyana,  
*“Akarira mabhazuka  
Zvikadhuuka zvimbambaira”*,  
Kusimbisa kushinga kurwa kwevakomana vachishandisa nzira dzakasiyana-siyana.
  
- Dzokororo yemutsara mumwe kumagumo kwezvindima zvitatu zvinotevedzana,  
*“. . . wezasi kuti shwi vakaramba vakaruma”*,  
Kusimbisa kuramba vakashinga nyangwe zvainge zvakavaomera sei.
  
- Nyaudzosingwi,  
*“Asi wezasi kuti shwi vakaramba vakaruma”*,  
Kujekesa shingiro yekusadzokera shure mukurwira rusungunuko, kunyange zvainge zvakaoma.
  
- Pfekedzaumhuka, *“Ichiruma nzara”*, kuratidza kushingirira kwegamba pakurwisa kwavo muvengi, chero vaisangana nematambudziko.
  
- Fananidzo, *“Sembavha nhando vakarara vakomana”*, kujekesa kushingirira kwevakomana kusvika vakunda muvengi, ivo vaitarisana nematambudziko akasiyana-siyana.
  
- Zitaumbiridzwa, *“Mbonambona vakaiona vana vevhu”*, kujekesa kushingirira kukuru mukurwisa muvengi mukati mekutambudzika kukuru.

b) **RAKATSVVA RECHIMURENGA GONA** naGabriel M. Chiborise

Nyanduri ari kuchema madzibaba akafa muhondo yeChimurenga Hondo iyi yakazorwiwa mushure mekubatwa uranda munyika yavo, uye kutorerwa nhaka yamadzibaba avo. Hanzhi vadzimu vedu vanaNehanda vakarwadziwa moyo vakapfukira vapambevhu ndokutunha

madzibaba kuti varwe muhondo yeChimurenga. Nokudaro, ropa ravo rakaerera ndiro rakaunza rusungunuko rwatave narwo.

### **ZVIDAVADA**

- Kusandura urongwa hwemazwi muchivero,  
*“Nokuti zibundu mangu mumoyo ratsatuka”*,  
Kujekesa kushungurudzwa kwaanoitwa nekufa kwemadzibaba muhondo.
  
- Pfekedzaunhu  
*“Ichokwadi akamuka”*,  
Kuratidza kurwisa kwemadzibaba muhondo yerusungunuko.
  
- Nhevedzano yemibvunzonhando,  
*“Kuitwa varanda here medu munyika?  
Kukangira here nyimo vane meno avo zvavo?  
Kutadziswa here kudya nhaka dzamadzibaba?  
Asi chokwadi vaiti zvinoenda nepi?”*  
Kusimbisa kuti vasinamabvi ndivo vakakonzera ndufu dzemagamba ose muhondo yeChimurenga.
  
- Dimikira, “Yakatsva yevedu vadzimu moyo”, kujekesa kuti vakarwadziwa noudzvanyiriri munyika vakasutsa madzibaba kuti arwe hondo.
  
- Nzvenzvero kunhoroondo yaMbuya Nehanda,  
*“Sokuvimbisa kwavainge vaita Mbuya Nehanda  
Kuti achamuka avo mapfupa  
Ichokwadi akamuka”*,  
Kujekesa kuti vadzimu vakabatsira mukuuya kwerusungunuko rwenyika.
  
- Hochekeche yemhesano,  
*“Ramadzibaba ropa chokwadi rakaerera  
Rakaerera kuti iwe uwane rusungunuko”*,  
Kusimbisa kuchema kwaari kuita madzibaba akafira nyika.
  
- Nyaudzosingwi,  
*“Hezvo nhasi urwo pfachu rusungunuko!”*  
Kujekesa kuti rusungunuko rwazara munyika.
  
- Chikuwo  
*“Hezvo nhasi urwo pfachu rusungunuko!”*  
Kujekesa kuti Zimbabwe yose yava norusungunuko rwakaunzwa nemagamba.

- Chivakashure chinotsanangura  
*“Nokuti zibundu mangu mumoyo ratsatuka”*,  
 Kujekesa shungu dzakanyanya dzaanadzo pamusana pokuyeuka kufa kwemagamba.
- Mutauro wekudimikira,  
*“Ndokuritungidza rechimurenga gona”*,  
 Kujekesa kutuswa kwakaitwa madzibaba kuti varwise vapambepfumi.

c) **NHASI TORANGARIRA GAMBA naSimbarashe Clever Kavenga**

Mudetembo iri, rimwe gamba rauya parakavigira rimwe gamba vachiri muhondo, kuzodzora mweya wegamba iri, chimurenga, kuti uchiuya mumusha, usarambe uchidzungaira uri musango. Ari kuti hondo yakapera, saka Chimurenga ngaachirega kushungurudzika zvake, sezvo nyika yakasungunuka, ivhu rave ravatema, izvo ari kuti ngazvitsive maronda nenzara zvakawanikwa naChimurenga pavakarwa Chimurenga ari kunzi asutse mhuri yeZimbabwe kuti ive nerudo nyenya serwaaiva narwo. Ari kurumbidzwa kuti igamba rinodzivirira musha (Zimbabwe). Hanzi pamusana pake tasungunuka, uye tagarika, semudetembi atove nemunda waari kurima pachake.

**ZVIDAVADO**

- Kutaura nevasina mumhu,  
*“Chirega kudzungaira kani Chimurenga”*,  
 Kujekesa kuti ari kupira mweya wegamba kuti uchiuya kumusha uzorore.
- Nhongorerashure,  
*“pano patakakuradza zuva riye  
 Tiri mushishi kutandanisa mhandu  
 Chako chido takazadzisa wena”*,  
 Kuratidza kuti ari kuda kuti mweya wegamba uzorore muruzivo rwekuti zvarakafira zvakazoitika.
- Nhevedzano yomutauro wekurumbidza  
*“Uri gamba wakatifira  
 Uri gamba usatsumwaire  
 Uri gamba iwe mwenje mudzimu weZimbabwe”*,  
 Kusimbisa kupemberera rufu rwegamba iri nebasa guru rokufira kuti pave nerusunuko.
- Mutauro wekomekedzo,  
*“Chirega kudzungaira kani Chimurenga”*,  
 Kujekesa chido chikuru chekuti gamba rizorore mukuziva kuti rakaita basa guru rokusununura nyika, harina kufira pasina.

- Zitadunhurirwa, “*Chimurenga*’, kujekesa kuti magamba ose akafira Zimbabwe ari kushuwirwawo kuti mweya yawo ichizorora muruzivo rwekuti zvido zvawo zvakabudirira.
- Mashoko ekubvuma mhosva,  
     “*Imhosva yangu ndinozviziva*  
     *Handina kudzoka kuzokuudza*”,  
 Kujekesa chinangwa chake chekuti magamba arangarirwe, mweya yawo idzoswe kumusha, azorore.
- Donzvo rekutuma,  
     “*Huya kumba uzorore murugare*”,  
 Kusimbisa chido chake chokuti mweya wegamba udzoke kumusha kuzodekara.
- Chikuwo, “*Uri gamba iwe!*”  
 Kujekesa kuti anoda kuti adzoke mumusha, sezvo achiri gamba reZimbabwe chero zvazvo akafa.
- Enzaniso,  
     “*Uri gamba iwe mwenje, mudzimu weZimbabwe*  
     *Uri bakatwa romusha Chimurenga,*”  
 Kujekesa kuti akadzoka mumusha ari mumweya anenge obatsira nokutungamira mhuri, uye kuichengetedza, saka ugamba hwake huchiripo!
- Hochekeche yekwekutanga kwemitsetse miviri yakateedzana  
     “*Uri gamba iwe mwenje, mudzimu weZimbabwe*  
     *Uri bakatwa romusha Chimurenga*”,  
 Kusimbisa kuti gamba harirovi nokuti mweya waro unoramba uchungamirira nokuchengeta mhuri.
- Zitaumbiridzwa, “*mutambarakede*”, kujekesa kupemberera gamba nebasa guru rarakaita kusungunura nyika kuti tigarike.
- Mutauro wekudimikira  
     “*Takakumurwa kubva mujoki reuranda*”,  
 Kujekesa kupemberera gamba guru nebasa rekutisungunura muutapwa hwevasinamabvi.

d) **CHINDUNDUMA** naMunyaradzi C. Chizola

Nyanduri anoti hondo yakakonzerwa nenzara, upfumi hwabvutwa nevapambi muZimbabwe. Vanhu vatemala vakaenda kuhondo vachibatsirwa nemidzimu nemhondoro: vanaKaguvi, Nehanda naChaminuka. Anoti pakaerera “misodzi dikita neropa” remagamba vakafa paChinhoyi, Nyadzonya Mugagao, Chomoio, uye paSilowezi. MuZimbabwe vanamukoma navanachimbwido vakaonawo ngwavaira mumasango, kukaererawo “misodzi dikita neropa”, nekufawo. Anotiyeuchidza kuti dai pasina Chimurenga pasina Zimbabwe, hwedu hupenyu hwakaoma mumaoko evapambevhu.

### **ZVIDAVADO**

- Shanduro yeurongwa hwemashoko mumutsara,  
    *“Hwedu upfumi vakati vohukambira,”*  
Kujekesa kuti kutorerwa upfumi uku ndiko kwakakonzerwa hondo.
  
- Pfekedzaunhu  
    *“KuMhandamahwe ikati  
    Yotirova zvayo nzara”*,  
Kujekesa ngwavaira yenzara yakazopa kurwisa mupambepfumi.
  
- Zitaumbiridzwa  
    *“Mechimeshamesha”*  
Kujekesa kuti ngwavaira yemutema yange yanyanya zvekuti akazvipira kurwisa mupapepfumi.
  
- Nyaudzosingwi, *“pfocho”*, kujekesa kuenda kundorwa hondo yerusunuko vari mumasango.
  
- Hochekeche yemhesano,  
    *“Pfocho naro rimwe chete  
    Rimwe chete rekusunungura nyika”*,  
Kusimbisa kubatana kwevatema pakundorwisa mupambi.
  
- Pfekedzaumhuka,  
    *“Ndizvo dzakadzvova dzedu mhondoro mwachewe”*,  
Kuratidza kuti magamba akaraidza simba rekutungamirira mukurwa hondo umu.
  
- Nhevedzano yemadimikira  
    *“Vakaitwa kanyama kanyama paChinhoyi  
    Vakahwekurirwa mweya paNyadzonya  
    Vakaitwa mutemarege wembada paMugagao  
    Vakaitwa nyama yamagora paChimoio  
    Kunyikadzimu vazhinji vakaenda paSilowezi”*,  
Kusimbisa kuurayiwa kwemagamba kunzvimbo zhinji dzavaive.

- Pfvamisamukanwa, “*Zveedu magamba ari kunyikadzimu*”, Kutaridza kuti vakafira nyika muhondo.
- Dzokororo yezwi “*Vakaitwa*”, kwekutanga mumitsara  
     “*Vakaitwa kanyama kanyama paChinhoyi*  
     .....  
     *Vakaitwa mutemarege wembada paMugagao*  
     *Vakaitwa nyama yamagora paChimoio*”,  
 Kujekesa kuurayiwa nemuvengi kwemagamba achifira nyika yavo.

e) **ONEKANO NEGAMBA** naFarai C. Madambi

Mudetembo iri gamba rave kufa riri kuonekedzana nevana veZimbabwe richivasiyira nhaka yerusungunuko rweZimbabwe. Riri kufara kuti rakaona Zimbabwe. Riri kusiya mhangwa dzekuti tisazokanganwa kuti rusungunuko rwakapedzerwa simba neropa nemagamba, saka mukufara kana kusuwa, tisazvikanganwe izvi. Mumatambudziko hanzi tibatsirane, uye tisaitirane utsinye kana shanje, nekuti misodzi neropa zvemuhondo zvakakwana, hapachadiwa zvimwezve, kumaZimbabwe. Chodiwa rufaro nerusungunuko. Gamba riri kuti tirambe tichirangarira magamba nebasa raakaita, uye kuti tizorore, asi takachenjerera muvengi nokuti angangoedza kudzoka, saka tisapunyutse nyika.

**ZVIDAVADO**

- Mutauro wekudimikira,  
     “*Nhasi vana veZimbabwe ndatama panyika*”,  
 Kujekesa kuti gamba riri kusiya mhangwa iri rave kufa.
- Donzvo rekutuma  
     “*Musazokanganwa kwakabva*  
     *Rusununguko rweZimbabwe.*  
     *Musazoitirane utsinye kana shanje*  
     *Batsiranai pakutambudzika*”  
 Kujekesa zvinofanira kuitwa kuti mhangwa yokuchengetedza nyika yeZimbabwe izadzikiswe.
- Nhevedzano yepfungwa imwe mumitsetse inoteverana,  
     “*Batsiranai pakutambudzika*  
     *Mutakurirane yenyu mitoro*”,  
 Kusimbisa maitiro anozadzikisa zviri kusuwirwa negamba iri kuti munhu wese afare, arerukirwe neupenyu, kuti vachengetedza nyika nerusungunuko rwayo.
- Fananidzo, “*Musatandavara sorunyemba*”, kujekesa kuti tisarivare tichiti tasungunuka nokuti vapambi vangadzokazve.

- Tsumo, “*Chawawana batisisa mudzimu haupi kaviri*”,  
Kujekesa kuti tisapunyutse nyika nokuti hatizoiwana zvakare.

4) **NHETEMBO PAMUSORO PEZVEHIV/AIDS**

Nhetembo idzi dzinotaura pamusoro pechirwere cheshuramatongo, chinodaidzwazve kuti mukondombera, chirwere chisingarapiki.

<b><u>Nyanduri</u></b>	<b><u>Nhetembo</u></b>	<b><u>Peji</u></b>
Stella Kusena	Shuramatongo	14
Tinashe Bob Muchuri	Wadiwa mukoma Tichafa	51
Reuben B. Pakaenda	Ngaarongedze twake	69
Munyaradzi Chizola	Ndipe nzeve mwachewe	72
Munyaradzi Chizola	Aching anzi anayo	83
Tichaona Marufu	Zingizi gonyera pamwe	114
Junior Dhauramanzi	Ndambakuudzwa	130
Israel N. Jonga	Uri kapuka hwai?	135
Farai C. Madambi	Mavara eshato	157
Trymore Munyarari Nguwoh	Ndiri mugango	180
Trymore Munyarari Nguwoh	Chenjerai shuramatongo	187

a) **SHURAMATONGO naStella Kusema**

Mudetembi ishuramatongo pachayo ichiti hainei nokuti payapfuura napo pakadii, uye kuti munhu wacho akadzidza zvakadii, kana kuti anogara pakachengetedzeka sei, inongosiya yorwarisa nekuuraya. Iri kuti mukanzwa pane dzidziso yezveshuramatongo teereresai.

**ZVIDAVADO**

- Pfekedzaunhu, “*Ini shuramatongo . . .*”, kujekesa kuzvitutumadza nokuzvipa ukuru kwedenda iri.
- Zitaumbiridzwa, “*shuramatongo*”, kujekesa kuti ichi chirwere chinogona kusiya misha yaparara, yava matongo, vanhu vaperera kufa.
- Fananidzo, “*Ini shuramatongo ndinovhuvhuta semhepo*”



*YaNyamavhuvhu chaiyo*”,  
Kujekesa kuti chirwere chisingaoneki masvikiro acho, uye hapana anoti haabatwi nacho, chinogona kubata chero munhu.

- Hochekeche yekwekutanga mumitsara miviri inoteedzana

*“Handinei kuti ijecha bedzi . . .*

*Handinei kuti ndiro chairo ivhu . . .”*,

Kusimbisa kuti shuramatongo haisarudzi zvauri pachimiro semunhu, inongobata chero wayasvikira.

- Nhamatidzwa

*“Handinei kuti muzvinamudhuri akavaka zvemhandoi”*,

Kujekesa kuti mukondombera chirwere chisingasarudzi vanhu nekugarika, kana kutambura kwavo, chinobata chero vanozviti vagere.

- Donzvo rechishuwo

*“Mukanzwa panotaurwa nezvangu*

*Musati zvitanda munzeve dzenyu pfe-e*

*Mukaona pandafuura napo*

*Musasvitse miromo yenyu kunzeve”*,

Kujekesa shuviro yekuti dai vanhu vose vanzwisisa nezveshuramatongo, uye varega kuseka vanayo, nokuti ivo vanogonawo kuzongobatwa nayo.

- Nyaudzosingwi, *“pfe-e”*, kujekesa kuti vanhu vateerere mhangwa pamusoro pemukondombera, kuti vagobatsirika.

- Mutauro wekudimikira,

*“Musasvitse miromo yenyu kunzeve”*.

Kujekesa kuti vanhu vasaseke vanenge vawirwa nedenda iri.

- Mutauro wekunembaukama.

*“Hama dzangu ini shuramatongo”*,

Kujekesa kuti titeerere yambiro yatiri kupiwa nehama yedu, kuti pada tingapone kubva kuchirwere ichi.

**b) WADIWA MUKOMA TICHAF naTinashe Bob Muchuri**

Munin’ina ari kunyorera mukoma wake Tichafa tsamba yokubuda pachena kuti ave nemukondombera, chirwere chisingarapiki. Ari kurayirisa kuti mwadhi iverengwe veukama vose varipo kuti pasawana anozoita zvekusumwa nemumwe, uye pasazowana anokahadzika kana kunetsa mangwana. Kana mufundisi Mabhande anoda kuti vazivewo

kuti mukereke zvirimo. Muzukuru Simoni, anoda kuti avepowo kuti azvinzwire agofungisisa nezvemaramiro ake.

### **ZVIDAVADO**

- Tsamba, kujekesa izwi remunyori paanotaura ega kuti ave neshuramatongo.

- Donzvo rekutuma,  
*“Verengai mwadhi ino  
Kuna baba namai  
Musakanganwe sis Mucha  
...”*

Kujekesa kuda kubudira pachena vemhuri, veukama, vekukereke nevamwewo voruzhinji pamusoro pemukondombera waave nawo.

- Nhapamazwi,  
*Munonzwa voti, “Heya Nhai!”  
“Bva-a ndezvenyu”  
“Itai tione”,*

Kujekesa kuti anoda kuti wese weukama azvinzwire kuti ave nemukondombera pasazwana anozoramwira vamwe kuti ndimi makaudzwa saka zvionerei.

- Mutauro wekudimikira,  
*“Muzukuru Simoni mudzidzei,  
Ndakaona gumbo rake rarasa zhira  
Zvinotoda kuzvinzwira omene”,*

Kujekesa kuti anoda kuti Simoni anzwewo zviru mutsamba kuti agorega mesomeso, otya mukondombera.

- Chikuwo, *“Munonzwa voti, “Heya nhai!”*  
Kusimbisa kuti havazozvibvume zvekuti ane mukondombera, saka vaitoda kuti mwadhi iraviwe vachizvinzwira vega.

### c) **NGAARONGEDZE TWAKE** naReuben B. Pakaenda

Nyanduri ari kuti chakaipa chidurwe, sezvo chiri chakaonekwa nevaviri, asiri makuhwa. Muroora akapururudzwa pamuchato, asi ave kuita gumbo mumba gumbo panze. Nyanduri ari kuti murume ngaudzwe, sezvo zvegumbo mumba gumbo panze zvave kuurayisa – zvauryisa varume, varume vakagwinya. Anoti murume haangafi, saka mukadzi ngaende pachi padyo, asati apa murume chirwere.

### **ZVIDAVADO**

- Nhevedzano yepfungwa mumitsetse miviri inotevedzana  
*“Chakaipa chakaipa ingwe haivhiyiwi  
Nekuti areva rivi atsvaga riuya*

Kusimbisa kuti chakaipa chibudiswe pachiri padyo kuti zvinakire murume.

- Dimikira, *“Hezvo zvave pamhuno sefodya muchembere”*, kujekesa kuti zveunzena hwemuroora hazvisisiri zvemakuhwa, asi kuti zvakatoonekwa navaviri, avo vozvitsigira.
- Mutauro wekudimikira,  
*“Hapana anoziva dziva  
Ranyudza hwitakwi dzavarume”*,  
Kujekesa kuti hakuzivikanwi kunozobva nechirwere chepabonde, icho chiri kuuraya varume chero nevainge vakasimba, saka unzena hwemuroora ngahuziviswe kumurume.
- Nhevedzano yetsumo,  
*“Chakaipa chakaipa ingwe haivhiyiwi  
Nekuti areva rivi atsvaga riuya  
Vakati miromo miviri haipotsi”*,  
Kusimbisa kuti mukadzi chifeve zvechokwadi, saka ngaende, asati apa murume chirwere.
- Fananidzo, *“chake ambuya raingove zamu semhou”*, kujekesa kuti aingove mukadzi wemurume wake, asi vamwe varume vaienda naye pabonde.
- Nhamatidzwa, *“Ndimizve Makati kunze kworura”*, kutaridza kuti vakuru vari kuzvionawo kuti zvechipfumbi zvouraya.
- Pfekedzaunhuka, *“Ndimizve makati kunze kworura”*, kujekesa kuti zveunzena zvave kuurayisa.
- Mhesaniso yeurongwa hwemazwi mumutsara  
*“kweake meso kure mukaka uina vene”*,  
Kujekesa kuti mukadzi ane zvikomba
- Chikuwo, *“Agomedzwa nevhu mwanakomana  
Nyika ichinakidza kudai!”*  
Kusimbisa kuti murume haangaurayiswi nemukadzi vanhu vachiona, saka anosva arambwa zvake.
- Donzvo rekurudziro, *“Apo kwete ngaarongedze twake”*, kujekesa kuti mukadzi arambwe zvake nokuti anozopa murume chirwere akafa.

d) **ACHINGE ANZI ANAYO naMunyaradzi Chizola**

Mudetembi ari kuti kana munhu anzi ane mukondombera, hazvirevi kuti ukama kana ushamwari, kana kuzivana zvabva zvapera, nekuti pamwe haana kuzvitsvagira. Hanzu kunyange akazvitsvaga, isu tinongoramba tirive pedyo vake, hazvikodzeri kuti timurase.

**ZVIDAVADO**

- Hochekeche yekumavambo kwemitsetse yakatevedzana

*“Hazvirevi kuti haachisiri wedu*

*Hazvirevi kuti hwapera ukama*

*Hazvirevi kuti tomurasa*

*Hazvirevi kuti tomukanda kudurunhuru”*,

Kusimbisa kuti kunyangwe hama yave neAIDS hazvishanduri ukama, tave kutofanira kumutambira akadaro, tisamurase.

- Nhevedzano yepfungwa nemifananidzo yakasiyana

*“Hazvirevi kuti haachisiri wedu*

*Hazvirevi kuti hwapera ukama”*,

Kusimbisa kuti ukama hahugezwi, saka totomotambira neurwere hwake ihwohwo.

- Nhamatidzwa, “*zvichida akapakurirwawo*”, kujekesa kuti kuda uri kumusamura iye isiri mhosva yake kuti anayo, saka kuve nayo ngakusapedza ukama.

- Zitaumbiridzwa, “*Muparanzvongo wehwake utenda*”, kujekesa kuti kunyange ariye honzeri yekuve nemukondombera, anongoramba ari hama yedu inofanira kuchengetwa nekuwadzanwa nayo.

- Tsumo, “*ndizvo indambukaudzwa zvayo*

*Yadai kuonekwa*

*Nembonje pahuma”*.

Kujekesa kuti chero zvake ariye akazvisorera mukondombera, isu hama dzake hatifanirwi kumurasa.

e) **NDAMBAKUUDZWA naJunior Dhauramanzi**

Nyanduri ari kunyunyutira hamarume yave nemukondombera pamusana pekusateerera mhangwa kwake. Aifunga kuti aidiwa kwazvo nevasikana, izvo chaidiwa imari yake. Nyanduri ari kunyunyutira kuti ndiye nevamwe veukama vave kuona ndondo yekumupepa achireva nokuda zvinovashamisa. Ari kumuyeuchidza kuti iye ndiye orwara achitadza kufara, asi vakateerera vatano nemhuri dzavo.

## **ZVIDAVADO**

- Shanduro yeurongwa hwemazwi mumutsara  
    *“Wangu rega ndichivhara”*,  
Kujekesa kuti aneta nekutsiura musinzwi, uye hazvichabatsiri nokuti atove nechirwere chacho.
  
- Tsumo, *“Taziva kuti kumhunga hakuna ipwa”*, kujekesa kuti mesomeso haana chakanaka, hezvo akazopedzisira orwara, izvo aiedza kumuyambira.
  
- Mubvunzonhando,  
    *“Ndoupi wemhuri asina kukutsiura?”*  
Kujekesa kuti kusateerera kwake yambiro dzehama ndiko kwakamurwarisa.
  
- Enzaniso  
    *“Wakatozopanduka kuita chikara chesango”*  
Kujekesa kuti mushure metsiudzo akabva atonyanya kusazvibata kwacho.
  
- Madimikira, *“Wakazviruma nechokuchera”*, kujekesa kuti akazviunzira kurwara nokusada kuteerera mhangwa.
  
- Nyaudzosingwi, *“Iwe zenze tuku”* kujekesa kuti akafuririka nekudiwa nevasikana vaimudira mari yake akatadza kuzvidzora achiteerera yambiro dzaibva kuhama.
  
- Zitadunhurirwa, *“Mudusi”*  
Kujekesa kuti aingodirwa mari iyoyo yoga.
  
- Fananidzo, *“Tokupepa serusvava rwafirwa naamai”*, kujekesa kugununu’unira murwere asisagoni kuzvichengeta, iye aimboudzwa kuti asiyane nemaitiro anorwarisa achiramba – Hezvo achengetwa nevaitiura, vaaifara navo vamukanganwa.
  
- Nzvenzvero kutsika namagariro  
    *“Waiti raive godo serevakadzi vepaguru”*,  
Kujekesa kuramba mhangwa dzaaipuhwa achiti vari kumuitira shanje kuti asafare, hezvi nhasi apera!

## 5) **NHETEMBO DZERUDO**

Kubva munhetembo dzerudo idzi, tinodzidza kuti rudo harunzwisisike, asi kutoti zvinoita vanhu murudo ndizvo zvoga zvinogona kuti titsanangure zvimwe zvacho zvatinowana munyaya dzerudo.

<u>Nyanduri</u>	<u>Nhetembo</u>	<u>Peji</u>
Stella Kusena	Chido Chemoyo	17
Gabriel M. Chiborise	Wadarireiko Mudiwa?	35
Tinashe Bob Muchuri	Rudo	53
Simbarashe Clever Kavenga	Ndirwo Here?	54
Simbarashe Clever Kavenga	Tichiri Kutaura	60
Reuben B. Pakaenda	Chakakutadzira	65
Munyaradzi Chizola	Rwedu Rudo	87
Richard N. Changamika	Yakada Makwati	102
Taona Marufu	Rinonyenga Rinohwarara	113
Taona Marufu	Chipo Chemoyo	116
Taona Marufu	Ndaneta	117
Junior Dhauramanzi	Rwakapfukutwa	123
Israel Jonga	Regai Ndidetembewo	134
Israel Jonga	Mwana wandinoda	145

a) **CHIDO CHEMOYO naStella Kusena**

Nyanduri ari kuti mazuva ekutanga chitsidzo chavo chekuve vese muupfumi nemurombo chaizadzikiswa apo mudiwa wake aimupa zvose, uye nekuvapowo paaidiwa. Kunyange pakurwara aivepo achimutakura, asi iko zvino haachatomboraripo. Kana nyanduri arwara anotoshinga kuzviitira.

**ZVIDAVADO**

- Enzaniso

*“Chitsidzo chekuva tose kubva mafuro manyoro  
Kusvikira mugwenga”,*

Kujekesa kuti vainge vapana mhiko yekusasiyana mukuwana nemukushaya.

- Nyaudzosingwi,

*“Usiku hwose kungoti kwangu pepu . . .”*

Kuratidza kuvepo kwemudiwa achigara naye zvakaperera.

- Dimikira, *“Ndikarwara uchinditakura rakacheka nyika”,* kujekesa kumuda zvechokwadi zvekumuchengeta mukutambudzika.

- Mibvunzonhando yakatevedzana

*“Usiku hwose muhope dzangu ndokushayiwa  
Unenge uri paiko chido chemoyo wangu?  
Waendepiko nerudo rwangu nhai  
Chido chemoyo wangu?”*

- Fananidzo  
*“Ndikarwara ndinogweshwa ndega senyoka”,*  
Kujekesa kupera kwerudo zvekuti chero mudiwa akarwara haachakendengi.
- Dzokororo yemashoko ekupedzisa mutsetse wekupedzisira pachikamu choga choga  
*“. . . chido chemoyo wangu”,*  
Kusimbisa rudo rwakasimba rwaive pakati pevaidanana ava.

**b) WADARIREIKO MUDIWA? na Gabriel M. Chiborise**

Mudiwa ari kushungurudzwa moyo nemudiwa wake asisamude pamusana pemakuhwa. Ari kuti iye haana chaakamutadzira, saka achamumirira kusvika azomuregere odzoka kwaari. Anoshungurudzika zvokusvika pakukungura kufa.

**ZVIDAVADO**

- Nhevedzanwa yemibvunzonhando  
*“Ichokwadi here zvowoti hauchandida?  
Wabvuma here kuteerera evanhu Mashoko?  
Wakanganwa here kuti  
Yevanhu miromo inoputsa, nhai Shoko?”*  
Kusimbisa kushungurudzika kwake nekurambwa nemudiwa wake pamusana pemakuhwa evanhu.
- Mubvunzonhando uri musoro wedetembo  
*“Wadarireiko nhai mudiwa?”*  
Kujekesa kushungurudzika kwake nekurambwa nemudiwa wake waasina chaakakanganisira.
- Mutauro wekudimikira  
*“Mudiwa kubva wanditakudza danda nyoro here?”* kunyatsojekesa kuti kushungurudzika kwake watove mutoro kwaari nokuda kwekurambiwa nomudiwa waachiri kuda.
- Nhongorerashure  
*“Funga kunyanya musi uye muna Chikunguru,  
Chando chichindibaya senyana risina makushe  
Ndichiyaurira iwe mudiwa wangu”,*

Kujekesa kushungurudzika nekutamburira pasina kwaakaita mudiwa wacho achizomuramba.

- Fananidzo,  
“*Chando chichindibaya senyana risina makushe*”, kujekesa kushungurudzika kwake nokurambwa nomudiwa waaitamburira.
  
- Mhesaniso yeurongwa hwemazwi mumutsetse  
“*Wadarireiko nhai wangu mudiwa?*”  
Kujekesa kushushikana nekurambwa nemunhu waanga oti wake, waanoda zvomene.
  
- Hochekeche yekumagumo kwemitsara inoteverana  
“*. . . kunyange zvodini tinosvitsana murufu*  
*. . . warutangira kutyora chitsidzo rufu*  
Kusimbisa kushungurudzika nekurambwa ivo vakambenge vatsidzirana kuzoparadzaniswa nerufu.
  
- Chikuwo,  
“*Chokwadi pane akunyengera, wangu!*  
Kusimbisa kushushikana kwaari kuitwa nokurambwa pamusana pemakuhwa.
  
- Kushandisa mutupo,  
“*Yevanhu miromo inoputsa, nhai Shoko?*”  
Kujekesa kushungurudzika nekurambiwa nokuedza kunyengerera, nokuti iye achiri kumuda.
  
- Mutauro wekukungura,  
“*Zviri nani kufa nokuti chokuraramira hapachina*”,  
Kujekesa kushungurudzika kwakanyanya nokurambwa nomunhu waachiri kuda.
  
- Nhamatidzwa,  
“*Wadarireiko . . .*”  
Kujekesa kushungurudzika nekurambiwa iye achiri kuda mumwe wake.

c) **RUDO naTinashe Bob Muchuri**

Nyanduri anoti rudo haasati aruona parwuri nekuti anongoita rwekunzwa. Hanzi vabereki vanoti vanarwo, asi vanorovana, mukomana nomusikana vanoti vanarwo, asi pamuviri pakangoita, mukomana anoparamba, musikana ozviuraya. Chero vanotsvaga rutsigiro, vanoti vanoda vanhu vasati vave nezvigaro, kana vazviwana havadzoki kuvanhu, kunze kweapo vanenge voda kuvhoterwazve.



### **ZVIDAVADO**

- Pfekedzaunhu, “*Handisati ndakuona,  
“Ndinongonzwa kuti uriyo”*,  
Kujekesa kuti maitiro evanhu vanoti vanodanana, haaratidzi kuti kudanana kwacho kudii.
  
- Chikuwo, “*Vanotaura vanoti unorarama  
Hameno  
Pamwe ndizvo!*”  
Kusimbisa kuti haachina chokwadi kuti rudo ruriko pamusana pezvinoita vacho vanenge vachiti vanarwo.
  
- Nhevedzano yezvikuwo,  
“*Kungonzi chigaro nde-e  
Hezvo navo nyangara!  
Kuzoti dzumbunu kuda kusarudzwa zvekare!*”  
Kusimbisa kuti vanhu vanonyepa kuti vane rudo vachivavarira kuwana zvavanoda, kana vazviwana, maitiro avo haataridzi rudo.
  
- Nyaudzosingwi  
“*Musikana mumuti karakata ndiye mve-e*”, kujekesa kuti panenge pachinzi pane rudo panogumisira pava norufu, obva ashayiwa shumo yerudo rwacho.

#### **d) NDIRWO HERE? naSimbarashe Clever Kavenga**

Detembo iri rinongova mibvunzonhando yoga yoga, asi mairi munobuditsa maitiro evanhu vari murudo. Nyanduri ari kubvunza kuti ndirwo here, asi haadomi kuti rwui rwaari kutaura nezvarwo. Maitiro evanotaurwa nezvavo ndiwo anoita kuti titi rudo rwuri kubvunziwa nanyanduri. Ari kubvunza kuti rudo here runoitisa kuti munhu aimbirire nekamuridzo kerufaro, ave netarisiro yekuda kuona mumwe munhu chero nguva, ongotarisa nzira mwoyo uchidokwaira, avhakachire mumwe asingatatarisirwe otambirwa nomufaro, anzwe ushoma asina kunzwa kubva kune mumwe, averenge tsamba ine mashoko mashomanene rusingaperi, uye kuti vanhu varambe vachingoperekedzana, kana vashanyirana.

### **ZVIDAVADO**

- Dzokororo yemashoko mamwe chete pakutanga kwendima yoga yoga anoti, “*Ndirwo here*”, kusimbisa kuti runoitisa mamwe maitiro asiri iwo anoitwa mazuva ose.
  
- Kunyora ndima yoga yoga iri mubvunzonhando,  
“*Ndirwo here  
Rwunoita utsvororidze kamuridzo*”

*Uchiimba kaye kambo  
Kambo kanokutokonya  
Nokuwarira dzako ndangariro?*

Kujekesa kuti rwunoitisa zvimwe zvinhu zvinonetsa kunzwisisa.

- Nhevedzano yenyaudzosingwi,  
*“Dakara tsva-a, ndo-o*  
Kusimbisa kuti rwunoitisa vanhu zvinhu zvavasingazivi kuita mazuva ose.
  
- Dzokororo yeizwi rokuita,  
*“Mashomawo anoverengwa, ogoverengwa  
Achiverengwazve”*  
Kusimbisa kuti runokuitisa zvimwe zviito zvausingasiiti, asi uchitonzwa kunakidzwa nazvo.
  
- Fananidzo,  
*“Nyemwerero dzichibvarura rima  
Semheni usiku”*,  
Kujekesa rufaro runove pamoyo kana anodiwa achinge avhakachirwa nemumwe wake, kunyangwe anga asingazvifungiri.
  
- Nhamatidzwa,  
*“Mashomawo anoverengwa, agoverengwa  
Achiverengwazve.*  
Kujekesa kuti rudo runoitisa zvimwe zviito zvakasiyana nezvemazuva ose.

e) **RWEDU RUDO naMunyaradzi Chizola**

Mudetembi ari kuyeuka rudo rwakadzama rwaaiipa mudiwa wake uyo airudzorerawo kwaari. Rudo urwu rwakazopedzwa mudetembi atorerwa mudiwa wake nevamwe. Anosuwa kamutauriro kemudiwa wake nekuti haakachanzwi. Anosuwazve kuona runako rwemudiwa wake nekubikirwa naye kwaaitarisira kuisisagoneki.

**ZVIDAVADO**

- Mhesano yeurongwa hwemazwi mumutsetse  
*“Rwedu rudo rwakaparadzwa”*,  
Kujekesa kuti vaidanana zvikuru.
  
- Mutauro wekudimikira  
*“Ndaikupa runobvira moto”*  
Kuratidza kuti aimutaridza rudo rwakawanda rwechokwadi.

- Nhamatidzwa  
*“Vakakuhwengura pandiri mwachewe”,*  
 Kuratidza kuti akamutorerwa achiri kumuda.
  
- Nyaudzosingwi, *“kwatara”*,  
 Kujekesa kusurikirwa nokupererwa kwaakaitwa paakatorerwa mudiwa wake.
  
- Nhevedzanwa yefananidzo  
*“Sare ini pasi kwatara seshizha radonha pana mai varo  
 Kaya kazwi kako kaidakadza setsuri  
 Kaya kakatetepera sesadza remurwere  
 Nhasi uno kakavhumbama sezuva  
 Mukati meguti”*,  
 Kusimbisa kuti pakatorwa mudiwa wake akasara ave neupenyu hwekusurikirwa nokubuda kwekurasikirwa nezvaimufadza nemudiwa wake.
  
- Tsumo, *“Nhasi uno dzave nhamburiko  
 Dzehope tsvimborume kurota ichiyanwa”*.  
 Kujekesa kuti zvekuroorana nemudiwa zvaishuwira hazvichangoneki.

6) **NHETEMBO DZENYUNYUTO/DZEKUTSUTSUMWA**

Idzi inhetembo dzinoburitsa nyunyuto kana nhuna dzakasiyana-siyana maererano nezvinhu zveupenyu zvakasiyana-siyana semaonero atichaita muchirongwa chinotevera.

<u>Nyanduri</u>	<u>Nhetembo</u>	<u>Nyaya huru/Dingindira renyunyuto</u>
Kusena Stella	Hupenyu	Kusanzwisisika kweupenyu
Kusena Stella	Barika	Uipi hwebarika
Bhiya C.	Tsukukuviri	Kunzi vadetembi marombe
Chiborise G.M.	Rooro	Rooro rakakurisa ratemwa
Pakaenda R.B.	Matende Mashava	Mukadzi muroyi anonyepera kunamata
Pakaenda R.B.	Handi Yangu	Kuripiswa nhumbu isiri yake
Chizola M.	Matigumurisa Imvi	Kuraswa kwetsika nevana vanhasi
Chizola M.	Gomba rine mwana	Tsika yokuti chikomba hachina mwana
Chizola M.	Makandirasisa	
Dharamanzi J.	Unodarireiko?	Mai vanopa mwana rayiro dzisidzo
Dharamanzi J.	Yananga Kamawere	Kunyadziwa pazere vanhu

Jonga I.N.	Uri mutakati	Sanduko yenyika
Jonga I.N.	Kusvika Rinhiko?	Baba vanobhinya mwanasikana
Ndebele A.L.	Ndoita Hwekudii?	Kudzvinyirirwa kwemushandi
Madambi F.C.	Makaroorwa nedoro Here?	Kushaya zano remararamiro nenhamo
Jongwe S.		Chidhakwa
Nguwoh M.	Mwava Wavatete	Mwana asingadi chikoro
Nguwoh M.	Chineunye Heya nhai?	Rudo pakati pomuduku nemudhara Kukweverwa mumatambudziko

**Cherechedzo:** Chinodiwa kuchitsvagavo zvidavado zvekuburitsa nyunyuto dziri mudetembo roga roga.

**7) BVAPFAPFA REMADINGINDIRA (NDYARINGO)**

Idzi inhetembo dzinodetembwa kuti dzifadze kana kusetsa vanhu. Dzimwe dzacho dzinenge dziri dzokudzora vanhu mugwara, kuyambira nokudziidzisa. Mune dzimwe, vanayanduri vanogona kunge vachidetemba pamusoro pezvinhu zvavakamboona, kana zvekungofungidzira. Dzimwewo dzinogona kutaura pamusoro petsika namagariro amazuva ano, kana zvinhu zvinotyisa nekutirimutsa hana dzavanhu mukuseketa, nezvimwe zvakadaro, semaonero atingaite muchirongwa chinotevera

<u>Nyanduri</u>	<u>Nhetembo</u>	<u>Dingindira/Nyaya huru</u>
Mutekwa T.	Kuverengera	Kuipa kwekuti ndichaita
Mutekwa T.	Manzuma	Munhu asinganzwisiki
Mutekwa T.	Kunyengerera	Maitiro ekunyengerera
Mutekwa T.	Ndiwe	Chibaro
Mutekwa T.	Nzvingende	Nzenza inopinza mumatambudziko
Mutekwa T.	Bhodyera	Zvakasiyana zviriri mukati
Mutekwa T.	Usazochema	Kushingiswa pakuguma kwezvinhu
Mutekwa T.	Kubvoruno	Nhamo
Mutekwa T.	Kutaurwa Kwazvo	Wenhamo ndewenhamo
Mutekwa T.	Zvasevana	Kakara kununa kudya kamwe
Chiborise G.M.	Shungu dzangu	Kutsanangura shungu dzokunyora
Chiborise G.M.	Kugadzirisa kaupenyu	Kugadziriswa upenyu
Chiborise G.M.	Hope dzangu	Maitiro ehope

Chiborise G.M.	Hondo yangu denga	Uterera
Chigono J.	Vana vaani	Vana vanogara kumisha yenherera
Chigono J.	Mushona arwara	Chirungu chakauya nechirungurira
Chigono J.	Kuchembera	Matambudziko okukwegura
Chigono J.	Pachiteshi	Puresha pabhazi
Chigono J.	Magetsi	Kuenda nekudzoka kwawo
Chigono J.	Karunhare	Kutadzisa nyaya kwenharembozha
Muchuri T.B.	Pakuchera Mbeva	Zvokungwarira pakuchera mbeva
Kavenga S.C.	Ndiri Kutsvaga	Kutsvaga rudekaro
Kavenga S.C.	Chinombova chiiko?	Chii chinotuma kuita zvisakakodzera
Kavenga S.C.	Ndakutya hanawe	Kusaziva zviri muhana
Kavenga S.C.	Pawabva	Kuzvibata
Kavenga S.C.	Zvako	Simbe inoshandirwa igere
Pakaenda R.B.	Kuberekerwa nhamo	Mwana anoberekerwa kutambudzika
Pakaenda R.B.	Rapfunhira	Mukuvhima, sango rinopa aneta
Chizola M.	Ndichinge ndakuona	Sadza
Chizola M.	Bvanyangu	Gomana mharapatsetsetse
Changamika R.N.	Kumafuro	Matinhirwo emombe
Changamika R.N.	Kukwana	Kuteerera mutemo kukwana
Changamika R.N.	Nyamuzihwa Tinotenda	Kutenda bhazi
Changamika R.N.	Mavhuradonha	Kuyemura gomo
Changamika R.N.	Mosi oa Tunya	Kuyemura mapopoma
Changamika R.N.	Yakapisa	Nzara
Marufu T.	Kubvumbi 1980	Rusungunuko
Dhauramanzi J.	Chikomborero	Mwana anounza mai nababa pamwe
Dhauramanzi J.	Kwandaive	Kusanzwisisa kwaave
Dhauramanzi J.	Vapeiwo mukana	Kuzvinyepera
Dhauramanzi J.	Ruchiva	Ruchiva
Jonga I.N.	Buda pachena	Chokwadi chinorevesa nokutukisa
Jonga I.N.	Amayi	Kurumbidza amayi
Jonga I.N.	Muroora	Kupururudzirwa kwemuroora
Madambi F.C.	Kukadzi	Kutsanangura mwedzi waKukadzi

Madambi F.C.	Tsika dzedu	Kujekesa tsika dzedu nedzisiri dzedu
Nguwoh M.	Ndinyareiwo	Miti ngaisatemwa, yakakosha
Nguwoh M.	Ndiwe here Maidei?	Kusanduka kwemwanasikana
Nguwoh M.	Ndini USD	Kuganza kweUSD muZimbabwe

**Cherechedzo:** Chinodiwa kuchitsvagawo kuti nyaya huru idzi nemadingindira acho zvinoburitswa nezvidavado zvipi.

- ❖ Cherechedzo zvinga zvinotevera pakupindura mibvunzo yenhetembo.
  - Panhetembo imwe neimwe doma zita ranyanduri nemusoro wenhetembo sezvauri mubhuku renhetembo.
  - Panhetembo imwe neimwe panodazve kapfupiso kadikidiki kanotsanangura zvinobudamo kana kuti zvainoreva.
  - Panozodawo tsananguro inopindura zvabvunzwa nemubvunzo.
  
- 8)
  - a) Sarudza nhetembo mbiri dzenhango dzakanyorwa navananyanduri vakasiyana ugoburitsa dzidziso dzinoburitswa, uye zvidavado zvakashandiswa munhango idzi.
  - b) Pavananyanduri vaviro vanoti Julius Chingono naFarai Madambi, nyora uchitaridza kuti nyanduri woga woga anowanzoda kunyora nezvei, uye mifananidzo yavanoshandisa yakafanana nekusiyana papi. Tsigira mhinduro yako nenhetembo dzavo pose pazvinokodzera.
  - c) Zvii zvakatokonya vananyanduri vakanyora pamusoro perufu? Tsigira nenhetembo shanu.
  - d) Nyora misiyano iripo pakati penhetembo nezvinyorwawo zvazvo uchitsigira nenhetembo shanu dzemuna Mudengu Munei?
  - e) Pavananyanduri vose vari mubhuku renhetembo iri, sarudza nyanduri mumwe chete bedzi waunoyemura. Zvino chinyatsotsanangura zvikonzero zvaita kuti umusarudze uchinyanya kurerekera panyaya dzake neunyananduri hwake.

## **TONGOONA**

**Na Raymond Choto (Zimbabwe Publishing House)**

### **1) NYAYA IRI MUBHUKU**

Iyi inyaya iri pamusoro petsika nemagariro. Rongetedzo yenyaya iyi haina kunyorwa yakati twasa, asi kuti inopiwa muzvidimbu-zvidimbu maererano nemaonero anoitwa nyaya nevatambi vakasiyana-siyana. Nyaya iri mubhuku iri inotenderera panaBrian Nyamayevhu. Brian ndiye anotarisirwa kutungamirira kurohwa kweguva rababa vake. Iye Brian anoti haacharovi makuva nokuti ave wechechi. Apa ndipo panoumbwa makakatanwa enyaya.

Mafungiro matsva aBrian anobva paanonodzidza kuBritain. KuBritain ndiko kwaanangana nekuroora Bertha. Bertha akazvarirwa nekukurira kuAmerica, uye baba vake mufundisi wechechi, zvokuti haana kumboona panoitwa zvirango zvechiShona muupenyu hwake. Izvi zvakakwezverawo Brian muchiKristu Kumusha haachaendi.

Vatete VaSarurai vanombouya kuHarare vachiedza kunyengetedza Brian kuti auye kumusha, asi anoramba. Tariro yavo yangosara muna Bright, munin'ina waBrian, anofarira zvechinyakare. Kushanduka kwaBrian kunoita kuti VaSarurai vavenge Bertha, vachiti ndiye anofurira Brian. Vakavengazve basa rake rokuratidzira runako, zvokuti imwe nguva vanotomboda kudurira Brian kuti Bertha akafumuka.

Panodzoka Bright kuWest Germany anofara nokubatwa kwaanoitwa naBrian naBertha, asi haafariri maitiro aBrian ekuramba kurova guva. Paanasvika anowana Brian achirwara ari muchipatara. Bertha anozvionera urwere ari oga, nokuti anoti hama dzaBrian varoyi, uye havanzwisise. Izvi hazvifadzi Bright. Anotozotsanangurirwa marwariro aBrian nemaitiro aBertha ose naPetros, museveni wepamba paBrian.

Pavana vaBrian naBertha, Lydia ndiye anotaridza kushushikana nezviri kuitika mumhuri iyi. Anepfungwa dzakatambanuka, uye anofarira zvechinyakare. Sokuona kwake, Bertha ndiye honzeri yekusabatana kwemhuri yavo. Akavenga tutsika twaBertha zvokuti rimwe zuva anotombotema terevhizheni atsamwiswa nezvaiita Bertha mune rimwe firimu.

Panozokura urwere hwaBrian, iye naBertha vanobvunzira kumuporofita. Zvavanoudzwa ikoko zvinoshandura maitiro aBrian. Anobva ashinga kudzokera kuchinyakare. Apa ndipo panoshanduka gwara rerunyaya. Bertha anoda kumborambira muchirungu, asi paanotyisidzirwa kuti anobva arambwa, anobva ateverawo Brian.

Nyaya inopera mhuri yose yekwaNyamayevhu, kusara kwaMolly, yaungana vachirova guva raVaMuchazvirega. Bertha aripowo achiita mabasa euroora nevamwe, uyuwo Brian ndiye agadzwa nhaka yababa vake. Nokuda kwechiitiko ichi, Linda anoyemura tsika dzechinyakare, zvikuru, yekurova guva.

## 2) NGUVA INOITIKA NYAYA

Nyaya iyi inyaya yemazuvano. Pane zvinhu zvirimo zvinotaridza kuti iri kuitika mushure mekuwana kuzvitonga kuzere kweZimbabwe. Zvimwe zvacho ndezvizvi. Nyaya yekodzero dzemadzimai iri kutaurwa naMolly, yakanyuka muna 1982, mushure mekudzikwa kwemutemo we”Age of Majority Act”. Chechipiri, tinonzwa kuti Bright akanodzidza kuWest Germany, uyuwo Molly kuYugoslavia. Mushure mekuwana kuzvitonga kuzere, nyika ino yakatevedza gwara reGutsaruzhinji. Izvi zvakaita kuti inyanodyidzana nenyika dzekumabvazuva dzine gwara rimwe chetero. Idzi ndidzozve dzimwe dzenyika dzakatitsigira muHondo yeChimurenga. Nokudaro, ma”Scholarship” mazhinji akabuda tichangowana kuzvitonga kuzere aive ekuenda kunyika dzakaita saidzodzi.

Tinonzwazve kuti Brian anogara kuMt Pleasant, pedyo neYunivhesiti yeZimbabwe. Chikoro chikuru ichi chakazonzi Yunivhesiti yeZimbabwe, mushure mekuwana kuzvitonga kuzere. Kugara kwaBrian kuMt Pleasant, kunotaridza nguva iri kuitika nyaya, pakuti, Mt Pleasant, imwe yenzvimbo dzaigara vachena chete munguva yeutongi hwevaRungu. Patakawana kuzvitonga kuzere, vamwe vatema, zvikuru vakadzidza vane mabasa epamusoro nedzimwewo mbozha, vakanogara munzvimbo dzaimbonzi ndedzevachena vega. Zviitiko izvi, zvinobva zvaita kuti nguva yakaitika nyaya iyi inyatsotendeseka. Chimwe chinoda kunyatsocherechedzwa ndechekuti, Choto akapa nguva yake nemanyorero akasiyana neevazhinji. Nguva yakapiwa zvakanyatsojeka. Zuva nemwedzi zvakapiwa muchitsauko chega chega. Nyaya yose iri kuitika mumwedzi gumi, guva raVaMuchazvirega rinorohwa musi wa 15 Gunyana. Zvinoita sokuti munyori akaita kuti nyaya yake ipere muna Gunyana, nokuti patsika dzechishona mwedzi weMbudzi hauitwi zvirango. Mapirwo akaitwa nguva aya, anobva ataridza kuti inganonyorwa yemazuva ano, uye inobva yanyatsotendeseka.

## 3) NZVIMBO DZINOITIKIRA NYAYA

Nyaya iri mubhuku iri rine nzvimbo dzomudhorobha zvose nokumaruwa. Nzvimbo idzi dzinobatsira kududzira zviitiko zviru munyaya, uye zvimiro zvevatambi. Somuenzaniso, kudhigidha kunoitika Brian naBertha nevanasikana vavo kunoratidza kuti chikamu ichi chiri kuitikira kudhorobha. Kumaruwa chiitiko chakadai chinganzi chipini. Munyori ari kushandisa chiitiko ichi kuratidza kumedza chiRungu kwaitwa naBrian. Haachazvioni semunyarikani wevanasikana vake.



Mubhuku iri munyori anoburitsa nzvimbo chaidzo dzinotozivikanwa dzakaita saanaMount Pleasant School, kunodzidza Lydia naLinda, University of Zimbabwe, nzvimbo inotererwa magetsi nekuHoliday Inn kunombofarira Bertha. Tinonzwazve nezvendege inouya naBright kubva kuWest Germany. Nhandare yendege inowanikwa muguta chete. Manyorero anoita munyori achitaridza zvose izvi, anobva awedzera kutendeseka kwenyaya iyi.

Zvinoitika nezvinowanikwa kwaMurehwa zvinoenderanawo nenzvimbo iyoyo. VaSarurai vari kuchema-chema nokuoma kwaita mbeu dzavo. Vari kuchema-chemazve nekwekuwana zviyo zvegova. Vanhu vari mudhorobha havanyanyozvinetsa nezvinhu izvi. Vanonetsekana nekunyanyokwira kwemari yemagetsi, sezviri kuita Brian naBertha. Zvakare, vanhu vemumamisha vazhinji havana kudzidza sezvakaita vokudhorobha. Kutsanangura kunoitwa naVaJimi kuti vanhu vazhinji vari kuuya kuzoona runako rwaBertha kunotsigira kudzikira kweruzivo rwevanhu vacho. Mumusha ndimozve munogarobikwa doro remidzimu, ndosaka VaJimi vari kugombedzera Brian kuti auye kumusha. Izvi zvinobva zvaita kuti zviriri kuburitswa nemunyori nenzvimbo iyi zvinyatsotendeseka.

**4) PFUPISO YEZVITSAUKO NEZVAKAKOSHA MAZVIRI**  
**CHIKAMU CHOKUTANGA : Svondo 29 Ndira – Chitatu 13 Kubvumbi**

**VAJIMI Svondo : 29 Ndira**

VaJimi vanoshushikana zvikuru neguva remunin'ina wavo Muchazvirega risati rarohwa kwemakore manomwe. Vana vemunin'ina wavo vane mupatsa. Bright, Molly naSarurai vanoda zve midzimu, asi Brian ari kuramba kutungamirira kurohwa kweguva. Brian anozvikudza nokuti akadzidza, uye anozviti munamati. Sokuona kwaVaJimi, kuti vanhu varemekedze dzidzo yaBrian, iye aidai aipota achiuya kuzoshanya kumusha achipawo mucherechedzo mukukurudzira tsika dzechishona. Imwe pfungwa ina VaJimi ndeyekuti Brian anofurirwa nomukadzi wake, Bertha. Vanofunga sokudai nokuti Bertha haayai kumusha, zvakare, akakurira mumhuri yechiKristu. Kumusha zvava kunyadzisa. Vazhinji vari kungorova makuva ehama dzavo kusara kwemhuri yekwaNyamayevhu. VaJimi ndivo vanonyara, nokuti ndivo sorojena mumusha iwoyo. Tariro yavo ndeyokuti vacharova guva kana Bright adzoka kuchikoro.

**ZVAKAKOSHA**

Muchitsauko chino ndimo matinonyeverwa nezvenyaya huru iri mubhuku iri. Nyaya iyi ndeyekusarohwa kweguva raVaMuchazvirega. Munyaya yeguva ndimo munobuda makakatanwa pakati pechinyakare nechirungu. Kushoropodzwa kwekumedza chiRungu kunobuda apo VaJimi vanotsvinyira Brian vachiti pfungwa dzake “dzava bhureki ende waiti”. (p1).

**LYDIA Mugovera : 4 Kukadzi**

Mwanasikana waBrian naBertha ari kushushikana nemamiriro ezvinhu mumhuri yavo. Tete Sarurai vakambouya kuzonyengetedza Brian kuti varove guva raVaMuchazvirega. Brian anoramba nerokuti anonamata. Maitiro aBertha okugamhira nyaya dzemumusha maNyamayevhu padenga anosvota Lydia, asi semwana haagoni kutsiura mai. Lydia

anofarira Tete Sarurai, nokuti naiyewo anotsigira kurohwa kweguva. Sokuona kwaLydia, Brian anofanira kupira midzimu nyangwe zvake achinamata. Izvi zvinobva zvaita kuti guva rirohwe kupera kwegore panouya Bright kubva kuWest Germany. Lydia anosvotwa nokuti munin'ina wake, Linda anotsigira vabereki vavo kuti zvekurova guva ndezvemadhimoni.

### **ZVAKAKOSHA**

- i. Muchitsauko ichi munobuda pfungwa yokuti mumagariro echizvinozvino, kana munhu afunga kupinda chechi, haafaniri kufuratira zvechinyakare. Izvi zvinobuda panonzi naLydia vanhu vazhinji vanombosiya zvechechi vombopira midzimu kana zvinhu zvanetsa.
- ii. Tinonzwa kuti Bertha ndiye anotonga mumba maBrian. Izvi zvinobuda pakushorwa kunoitwa Tete Sarurai naBertha, Brian oramba anyerere asingatsiuri.

### **VASARURAI**

VaSarurai vanouya rwepiri kuzonyengetedza Brian kuti varove guva rababa vavo, asi Brian anongotsika-tsika. Maitiro aBrian aya anotsamwisa VaSarurai. Vanosvika pakudemba nguva yavaparadza vachiuya kuHarare vachisiya minda isina anorinda makudo. VaSarurai vanofunga kuti Brian akapfuhwirwa naBertha. Sokuona kwavo, Brian ainzwisisa asati aroora. Nepozve, vanoshora maitiro aBertha. Vanoona sokuti mapfekero ake nebasa rake rokuratidzira nezverunako, hazvitaridzi unhu hwemudzimai womunhu. Vanoshorazve tsika yaBertha yokuti kana vasvika Brian asipo, iye nevana vake vanokurukura nechirungu. VaSarurai vanotenda zvikuru, asi hazvipedzi chigumbu chavo. Sokuona kwaVaSarurai, Brian naBertha havafaniri kumhura zvemidzimu nokuti mudzimu unosvika pana VaSarurai ndiwo wakavataridza mushonga wakadyiwa naBertha paazoita pamuviri paLydia.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi tinodzidza nezveruvengo pakati pavatete nemuroora. Izvi zvinobuda mukushoropodzwa kunoitwa Bertha natete Sarurai.
- b) Tinonzwazve nezvekusiyana kwemagariro emumaruwa neekudhorobha. Sokutaura kwaVaSarurai, kushoma kuti vanhu vekumaruwa vashanyire vanachiremba kuti vaongororwe utano hwavo chero vasingarware.
- c) Munyori anodzokororazve pfungwa yokuti, vanhu vanorasa midzimu vachida zvesvondo, vanozongopedzisira vadzokera kuchinyakare, kana vatambudzika.
- d) Tinotaridzwa kusatsukunyuka kana kusashandura pfungwa kwaBrian panyaya yekurova guva.

### **BRIAN Svondo : 26 Kukadzi**

Brian ane maonero ake ezviri kuparadza mhuri yavo. Anoona sokuti kufungirana uroyi nokuvimba nen'anga ndizvo zvanyanyoparadza musha wokwaNyamayevhu. Mhesanwa yaanofungira iyi ndiyo inoita kuti azeze kuendesha vana vake kumusha pazororo rechikoro.

Pananababamukuru vake, Brian anoona VaTauzeni saivo vanoti nzwisisei nokuti vanonamata. Sezvo iri Svondo, Brian akazorora pamba nemhuri yake. Vanombodhidha nekutamba tenisi mushure mekudya kwemasikati Brian anomema yadhi yake. Anoshamiswa kuona yadhi yose yakachena, asi pamba pemusevenzi, Petros, pazere marara. Anozomudaidza omukurudzira kuchenesa paanogara sezvaanongoitawo kuyadhi. Tinonzwa Brian naBertha vachikurukura nezvemhuri yavo. Bertha anofunga kuti vana vavo vanowirirana zvokuti havafaniri kuparadzaniswa. Ava ega, Brian anofunga sokuti iye naBertha havachambogoni kushanda mabasa ekumaruwa. Mabasa avo ndiyo yotova minda yavo. Anombofungawo nekutambudzika kwavaiita vachidzidza kuBritain. Izvi zvinoita kuti afunge kuti vana vake vanozodzidza paYunivhesiti yeZimbabwe achivapa zvole zvavangada. Tinonzwazve Brian achizvirumbidza somunhu anozivikanwa kwazvo nekuda kwekugona basa, uyezve nokugona kugarisana nevamwe. Anozivikanwa somurume waBertha, shasha yezvekushambadzira zvipfeko nerunako rwevanhukadzi muterevhizheni.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko umu munobuda kuti VaTauzeni ndivo vanonzi vakauraya VaMuchazvirega. Izvi zviri kuburitsa kuparadzanisa kunoitwa hama nen'anga.
- b) Kubatira kunoita Brian chiRungu pamusoro nekudhigidha kwaanoita nevanasikana vake.
- c) Panobudazve nyaya yemagariro matsva ekuti vakadzidza havachasungirwi kurima minda kumaruwa. Minda yavo yava mabasa avakadzidzira. Izvi zvinobatsira kutsanangura kuti sei vamwe vakadzi vakaita saBertha vasingagoni.
- d) Tinonzwa nezvekuzivikanwa kwaBrian muHarare nokuda kwebasa rake, uyezve nokuda kwembiri yaBertha. Izvi zvinobatsira kutaridza kuti nyangwe akasaenda kumusha, Brian hapana chaanorasikirwa nacho.

### **BRIGHT China – Chishanu: 22 – 23 Kurume**

KuWest Germany, Bright ari mugore rekupedzisira redhigirii rake. Ari kungorota vabereki vake vachimutuka. Izvi zvinomushungurudza chaizvo, asi hapana zvaangaite ari musango. Anozviziva kuti Brian haaremekedze tsika dzechinyakare. Avawo VaJimi havangorovi guva raMuchazvirega pasina mwanakomana wake. VaSarurai havangazvitungamirire nokuti mwanasikana. Bright anoraroridza mbira dzake achiteketera midzimu yake. Tinonzwa kuti mbira idzi akadzipiwa nasekuru vake, VaNyamayevhu, vasati vafa. Mbira idzi akatanga kudziridza achiri mwana muduku, asi achitokunda vazhinji. Mukukurukura kwake neshamwari yake, Temba tinonzwa Bright achiti midzimu yake inomutungamirira mudzidzo yake. Sezvineiwo zvaanoverenga ndizvo zvinobva zvauya pabvunzo. Nyangwe zvake Tembo achiita seasingatevedzere nokutendera zvechinyakare, anokurudzira Bright kuti kana adzokera kumusha, arove guva rababa vake.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha chiri kuburitswa muchitsauko ichi isimba remidzimu. Bright anoshanyirwa nevabereki vake kuhope kuWest Germany, vachimuyeuchidza nezvekurohwa kwemakuva avo. Apa munyori ari kuda kuratidza simba remidzimu.

- b) Tinonzwazve nezveunyanzvi hwaBright mukuridza mbira, uye kuremekedza kwake chinyakare. Anotendera kuti midzimu yake inomutungamirira pabvunzo paanoti kuna Temba, “Ini zvangu kulezi dzongondidhonzera kune zviri kuuya pabvunzo, ndobva ndangopasa zvangu”. p 25.

### **VAJIMI Chishanu 13 Kubvumbi**

Pamusha paVaJimi pane doro rokutenda midzimu yavo pakupona pavakaita pairwere hwakambovabata. Semutungamiri weBazi reZANU (PF), vanoziyikanwa nevanhu vakawanda. Hama, shamwari nevavakidzani vakavaunganira. Vari kuridza ngoma nekutamba. VaJimi vari kukurukura nemadzisahwira avo. Padoro apa pana Sekuru Mudyavanhu. Mukukurukura kwavo naVaJimi, tinonzwa kuti Brian haanamate nemwoyo wese. Zvinonzi anoty kurambwa naBertha. Sokuona kwaVaMadyavanhu, Bertha ndiye anofurira Brian kuti avenge vana vamai vake.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha chinobuda muchitsauko ichi ndechekukoshesa kunoita vanhu vekumaruwa chinyakare. Izvi zvinoratidzwa nekuzara kwakaita vanhu pamusha paVaJimi. Zvakare, nziyo dzavanoimba nengoma dzavari kuridza ndedzechinyakare.
- b) Nyaya huru iri mubhuku iri tinoinzwazve. Iyi inyaya yokubatira chiRungu pamusoro nekuramba chinyakare. Sokubuda kwazvinoita, chiRungu chinoparadza tsika dzechinyakare. Pfungwa iyi inoburitswa naVaZingizi pavanoti, “Ivo vana vanenge vadzidza, vamwe vacho, vari kunetsa naidzo nyaya dzemidzimu idzi . . . “ p29

### **VATAUZENI Svondo: 22 Kubvumbi**

VaTauzeni vagere zvavo muberere remba yavo vachiruka nguwani dzemurara. Varimo, vari kufunga nezvemumusha mavo. Kufa kwakaita VaMuchazvirega, ndivo vakapumhwa uroyi nen’anga. Izvi zvakaita kuti ivo naVaJimi vavengane. Iyi ndiyo nguva yavanopinda chichi yechipositori. Vanozoenda kuBocha naVaMadyavanhu naVaJimi. Ikoko vanochenurwa. Kutu havasi muroyi. Tinonzwa kuti vanobva vadzokedzana naVaJimi. Ivowo VaJimi vanovapa mombe dzomushakubvu, Muchazvirega, kuti vachengete vachirimisa kusvika guva rarohwa.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Tinonzwa nezvekuipa nekunaka kwen’anga. Dzimwe dzinovenganisa vanhu, asi dzimwe dzinoyananisa.
- b) Muchitsauko ichi tinojekeserwa nekubatana kwakaita mhuri yaVaJimi neyaVaTauzeni. Izvi zvinobuda panonzi naVaTauzeni, “Dai mweya uripo waramba wakatichengeta tiasiyane mukoma nemunin’ina” p 36.

**BRIAN****Chipiri: 1 Chivabvu**

Brian ari pamba pake kuMount Pleasant. Ari kufunga nezvemhuri yavo. Zvaita sekumushamisa kuti VaTauzeni vakabuda chechi vava kunwa doro, zve, vava kuwirirana naVaJimi. Sokuona kwaBrian, vanhu vanorarama upenyu hwakasiyana-siyana zvichienderana nendenho reupenyu ravari. Hama dzake dzokumusha hadzinyatsonzwisisi magariro ake nemhuri yake, saka vachimupomera nhando. Anozviziva kuti vanovenga Bertha. Zvinonyanyomurwadza ndezvokuti, Bright naMolly vaakaendesa kuzvikoro zvine mbiri, zvakare zvinodhura vanovengawo Bertha, uye havamubudiri pachena. Shungu yaBrian ndeyekuti dai mhuri yavo yabatana, uye Bright naMolly varemekedzawo Bertha.

**ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi tinonzwa nezvekuaparadzika kwemhuri inosanganisira hama, nemhuri inoti baba, amai nevana vavo chete. Tinonzwa Brian achiti, iye naBertha, havachagoni kusiyana nevana vavo.
- b) Tinoonazve Brian achifiririra kumhanyirana nenguva kuti afadze vanhu. Anoty kunzi akasaririra shure. Izvi zvinoonekwa mukushoropodza kwaanoita magariro ehama dzake dzekumaruwa.

**BERTHA Svondo: 13 Chivabvu**

Bertha anosvotwa nehama dzaBrian. Anozviziva kuti vanomuvenga vachiti ndiye anofurira Brian kuti arambe kurova guva raVaMuchazvirega. Bright anoda kuzivurura nekuongorora magariro aBertha akare. Izvi hazifadze Bertha. Sokuona kwake, nyangwe akada kuita zvaanoda nomuviri wake, hapana anofanira kumubvunza. Bright anomutyisa nokuti anoita seanosvikirwa, uyuwo Molly akangomuvenga Bertha anoda kufurira vana vake kuti vavenge hama dzavo nokuti hadzina kudzidza. Anodazve kuzovatsvagira varume vanovarooro. Bertha anoona sokuti kubudirira kwaBrian ndiye, zvokuti akangomuramba, anoita rombe. Tinonzwa Bertha achishoropodza varume vechitema achiti havanzwisisi chizvinozvino. Anoona kuti vanonyepera kuvenga vakadzi vanoita zveChirungu, asi vari ivo vavanomhanyira, vachisiya vakadzi vavo vavanoti vakadzikama.

**ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi tinonzwa zvimwe zvezvikonzero zvinoita kuti hama dzaBrian dzisawirirane naBertha. Bertha anoti vari, “in complete different worlds”. P.40
- b) Tinonzwazve kuti bhizinesi raBrian rakabudirira nokuda kwekuzivikanwa kwaBertha. Chimwe chinhu ndechokuti, Bertha, sezvo akakurira kuAmerica, haaoni chakaipa pakushamwaridzana nevanhurume.
- c) Chimwezve chatinoburitsirwa inyaya yevana vaBertha naBrian. Tinonzwa Bertha achipika kuti ndiye ane simba pavana, zvokuti anoita zvaanoda navo nokuvadzidzisa zvaanoda iye saamai.

**BRIAN****China 24 Chivabvu**

Brian agere ega mumba yekutandarira achifunga nezvemhuri yake. Sokuona kwake munhu mumwe nemumwe ane mararamiro ake ekuzvisarudzira gwara roupenyu. Nyangwezvo, vanhu vemhuri imwe vanofanira kubatana. Iye anozviona seakaperera mukunamata, zvokuti haafaniri kudzokera shure. Nepozve, haamanikidzi Bright naMolly kuita zvavasingadi. Chiri kunyanyonetsa Bright ndechokuti daka raBright naBertha, riri kuenderera mberi, hazviite, kuti avenge vana vamai vake, hazviite zvakare. Pava paya Bertha anouya netii. Vanonwa vachikurukura nezvenyaya dzakawanda. Vanosvika pakutaura nezvekudzoka kumusha kwaBright naMolly. Hurukuro iyi inopera vagumburisa, vasisataudzane. Maitiro aBertha anotaridza kuti haafariri kudzoka kwaBright naMolly, zvakare, haadi kuti vazogara navo.

**ZVAKAKOSHA**

- a) Chitsauko ichi chakakosha pakutiburitsira kuti Brian haachanyatsozivi divi rokurerekerera. Ava pakati sorunyemba. Imwe pfungwa inomukurudzira kurambira pakunamata kuti afadze Mwari, asi imwewo inoti chikuru chinobuda pachena ndechekuti nyangwe zvodii, Brian haangarase Bright naMolly. Izvi zvinoonekwa pakushingirira kwake kukurudzira Bertha kuti abatane navo.

**LYDIA****Chishanu: 25 Chivabvu**

Mumba yake yokurara, Lydia ari kushushikana nekutsamwisana kwakaita vabereki vake. Lydia anoona sokuti Bertha ndiye ane mhosva. Tinonzwa kuti Bertha anofarirana nevatorwa, asi achivenga hama dzomurume. Lydia anoburitsazve kuti Bertha anochengerera Brian, asi iye achiita madiro. Shamwari dzake zhinji varume. Pfungwa idzi dzinochemedza Lydia. Panouya Linda mumba maari, Lydia anomunyepera kuti anga achirota. Manheru iwayo mhuri yose igere mumba yokutandarira ichiona terevhizheni. Muterevhizheni munobuda Bertha ari mutambi mune rimwe firimu. Mufirimu umu, Bertha ari kushereketa nokudanana nomumwe murume. Brian anosvotwa nazvo. Lydia anoridza mhare otema terevhizheni nekapu. Anobva aita manyama amire nerongo mumbamo.

**ZVAKAKOSHA**

- a) Chitsauko chino chinobatsira kusimbisa pfungwa yokuti Bertha haafariri hama dzomurume wake. Tinonzwa Lydia achipupura kuti Bertha anoda hama dzake chete.
- b) Tinonzwazve kuti maitiro aBertha anoshoresa anokonzerwa nokunyarara kwaBrian. Lydia anosvika pakuti, “Iye zvino amai ndivo vanoita kunge murume mumba

muno”. P51. Nokuti hapana anomutsiura, Bertha anoenda kwaanoda nenguva yaanoda.

- c) Tinotaridzwa basa raBertha rekuratidzira mumafirimu Brian anotaridza kuti haazvifariri, asi haagoni kutaura.

### **PETROS Chishanu: 25 Chivabvu**

Pakati peusiku Manheru, Petros ari mumba make. Ari kudzungaira nokurwadziwa nekudziringwa kwaaitwa mumba yokutandarira naBertha. Zvinomurwadza zvokuti anobva azvienzanisa neshamwari dzake dzinosevenzera Frank, dzaanoti dzigere zvakanaka. Semaonero aPetros, Brian anotongwa naBertha, naizvozvo haagoni kumutsiudza, nokuti vane ma”equal rights”. Petros anofunga kuti unhu hwaBertha hahusi hwemudzimai womunhu, zvakare mitambo yaanoita muterevhizheni, ndiyo inomukonzera kusazvibata. Petros haagutsikani noupenyu hwevanhu vakadzidza. Sokuona kwake, ndivo vangadai vachiwirirana nekuronga zvinooonekera. Izvi hazvisizvo zvaanoona pamhuri yekwaNyamayevhu. Chinonyanyomutsamwisa kurasa midzimu kunoita Brian.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha chatinoburitsirwa muchitsauko chino, kusabatwa zvakanaka kwevashandi vemumayadhi nevavanosevenzera. Tinonzwa kuti mabatirwo avaitwa nevaRungu aitova nani pane avava kuitwa nevatema.
- b) Panotsinhirwa nyaya yekusazvibata kwaBertha nekunyarara kwaBrian. Kunyarara kwaBrian kunotorwa sekuremekedza kodzero yaBertha.
- c) Tinoburitsirwa zvekudzikira kwemabhizimusi aBrian. Petros anofunga kuti izvi zvinokonzerwa nekusaremekedza midzimu kunoita Brian.

### **BERTHA Chitatu: 13 Chikumi**

KuHighlands, kumba kwevabereki vaBertha, Bertha ari kukurukura namai vake. Anotanga achivhaira achiudza amai vake kuti haadi kuzogara naBright naMolly kana vadzoka. Zvinobuda pachena kuti amai vake havasi kufara nazvo. Tinonzwa vachidurira Bertha nezveupfambi hwaanoita nevarume vavanhu kunzvimbo dzakasiyana-siyana. Izvi zvinoshoresa ivo, zvinokanganisa pfungwa dzevana, uyezve zvinoshoresa baba vake somufundisi. Amai vake vanomuudza kuti Bright naMolly vanomuvengera tsika dzake dzakatsveyama. Bertha anga asingatarisiri kunzwa amai vake vachimuudza zvakadaro. Anobva asuruvara. Amai vake vanomukurudzira kuti adzikame, ade Bright naMolly sevana vake, uye avake musha wake naBrian nokugadzira zvinonetsa mumusha wavo. Ashaya chokupindura, Bertha anosimuka chinyararire odzokera kumba kwake achichema, asi ava nepfungwa itsva.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha chinobuda muchitsauko chino ndechokuti, Bertha haapindi chechi nemwoyo wese, zvakare anoita zveupfambi. Amai vake vanoti, “Two mahotera aya ndizvo akavakirwa here zvekuaita mabedroom ekuita zvivi zvenyu pamberi paMwari?” p.57
- b) Tinonzwazve kuti baba vaBertha mufundisi.

**PETROS                      Chitatu: 13 Chikumi**

Usiku Manheru emusi wabva Bertha kuHighlands, Bertha agere mumba achidziya moto wakuhwidzwa naPetros. Tinoona Petro ari mumbu make achibika tii. Anovigirwa keke naLydia. Vanombosekedzana zvavo, Lydia ozoenda. Tinonzwa naPetros kuti Brian nevana vake vanongorwara-rwara. Hama dzaBrian hadzizvizivi. Sokuona kwaPetros, urwere hwuri mumhuri yaBrian hunokonzerwa nemidzimu yaasingadi kugadzira. Tinozoonza Petros achiverenga tsamba yabva kuna baba vake. Vamunyorera vachimuudza nezvekubereka kwemombe yake, uyewo nezvenhamo iri kumusha.

**ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi munobuda zvekurwara – rwara kwaBrian nevana vake nezvekuti Bertha haana kuzivisa hama dzaBrian.
- b) Chimwezve chinobuda mwoyochena waLydia. Anopa Petros keke nekuedza kumunyaradza pakutukwa kwaaitwa naBertha. Apa munyori ari kutaridza kusiyana kwakaita Lydia namai vake.
- c) Tinonzwazve nezvenhamo iri kumusha kwaPetros. Mvura haina kunaya, nokudaro Petros ndiye anotopota achivatumidzira upfu. Izvi zvinobuda mutsamba yanyorerwa Petros nababa vake.

**CHIKAMU CHECHIPIRI**

**Chishanu 10 Nyamavhuvhu – Mugovera 15 Gunyana**

**BERTHA      Chishanu 10 Nyamavhuvhu,**

Masikati muchipatara, Brian ari kurwara ari muSpecial Ward. Dr Murovanyanga vari kukurukura naBertha. Tinonzwa Dr Marovanyanga vachiudza Bertha kuti, sokuona kwavo, Brian ava kusvikirwa. Vanoudzazve Bertha kuti marwariro aya anorapika muchivanhu, asi Bertha haatenderani nazvo. Sokuona kwaBertha, Brian ari kutumirwa mamhepo nehama dzake. Dr Marovanyanga vanopa Bertha kaseti yatepwa Brian achirotomoka kuti anoteerera ari kumba. Paanoridza kaseti iyi, Bertha anonzwa zviru kurotomokwa naBrian zvakarerekera kunyaya yekusarohwa kweguva raVaMuchazvirega. Tinonzwa Bertha achiti anoda kuzvidzima kuti zvisanzwikwe nevana vake. Tinonzwazve Bertha achifunga nezvekunaka kwemitemo mitsva muZimbabwe inokwiridzira kodzero dzemadzimai.



## **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha chatinonzwa muchitsauko chino ndechekurwara kwaBrian. Anoita seasvikirwa nababa vake nokuti mazwi aanorotomoka anotaridza kunyunyuta kwavo nekusarohwa kweguva ravo. Apa munyori ari kuda kutaridza simba remidzimu.
- b) Tinonzwa Dr Marovanyanga vachiudza Bertha kuti chirwere chaBrian ndechechivanhu, asi Bertha anofunga kuti akaroyiwa nehama dzake. Izvi zvinobatsira kusimbisa kusatenda kwaBertha mune zvechinyakare.
- c) Panobuda nyaya yeWomen’s League nezvekodzero dzemadzimai. Izvi zvinonyatsojekesa unhu hwaBertha.

## **LYDIA**

### **Chishanu: 10 Nyamavhuvhu, Manheru**

Lydia anoona sokuti Bertha akakanganisa pakusaudza hama dzavo nezvekurwara kwaBrian. Samaonero ake, izvi zvichatsamwisa Bright. Tinonzwa Lydia achiti kusawirirana kwaBright naBertha kunonyanyokonzerwa nepfungwa yaBertha yokusada kugarisana nehama dzomurume. Izvi zvinopera chete kana Bertha ahandura mafungiro ake eChirungu. Tinonzwa Lydia achiti Bright ane pfungwa dzemunhu mutema chaiye. Sokuona kwake, kupfuma kana kudzidza hazvirevi kurasa tsika dzechinyakare, zvakare, hazvishanduri ruvara rwemunhu. Linda ane pfungwa sedzaBertha. Izvi zvinosvota Lydia. Lydia ari kufarira kuuya kwaBright, uye anoona sokuti mhuri yavo ichabudirira, sezvo yava nevanhu vakadzidza vega vega.

## **ZVAKAKOSHA**

- a) Chitsauko chino chakakosha pakutizivisa nezvekudzoka kwaBright kubva kuWest Germany. Izvi tinonzvanzwa naLydia ari kuronga zvokumuitira mutambo wokumugamuchira.
- b) Tinonzwazve imwe pfungwa inokosha yokuti munhu mutema anofanira kudada nerudzi rwake. Zvakare, kuti mhuri yekwaNyamayevhu ibatane, Bertha anofanira, “kurasa kapfungwa . . . dzechiWestern” p.73
- c) Imwe pfungwa yatinonzwa ndeyekuti Bright anofarira gwara regutsaruzhinji. Izvi zvinobuda panonzi naLydia, “Bright ane pfungwa dzegwara regutsaruzhinji, uye chivanhu anochida . . .” p73.

## **BRIGHT**

### **Mugovera: 11 Nyamavhuvhu**

Mugovera waNyamavhuvhu Bright achangosvika kubva kuWest Germany. Ari kunwa doru achikurukura naBertha nezveurwere hwaBrian. Bertha anojekesera Bright kuti Brian akaroyiwa nehama dzavo, asi Bright haatenderane nazvo. Bright anotsamwa nematauriro aBertha, uyezve nekusafambidzana kwaBrian naBertha nehama. Tinonzwa Bright okurukura naLinda naLydia nezvekuchikoro. Anovaudza kuti akapasa neFirst Class

Honours – Upper Division. Ivo vanomutambira robot nebreak dance. Petros anouyawo kuzotandadza Bright. Panoenda Bertha nevana kunorara, Bright naPetros vanosara vachinwa doru. Ava kuti dhakwei, Petros anoudza Bright zvese zviri kuitika pamusha apa. Anoti Bertha anokanganisa, asi neimwe nzira anoona seisiri mhosva yake, nokuti akakura asingazivi tsika dzechinyakare. Sokuona kwaPetros, kana Brian naBright vakabatana savarume, vanogadzira zvemumusha mavo nyorenyore. Vanhukadzi, saBertha, vanozongoteverera mumashure mavo.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi tinoburitsirwazve kuti Bertha anoda zvechiRungu, uye anosvora rudzi rwake. Izvi zvinobuda paanotaura kuti vanhu vanoziva mabasa nevanovimbira, (kureva vaRungu), vakaenda kuSouth Africa shure kwekuwana kuzvitonga kuzere.
- b) Tinonzwa kuti Brian naBertha havana kumboenda kumusha kwemakore mashanu anga ari Bright kuWest Germany.
- c) Apa tinonzwazve nezvekupasa kwaBright, uyewo kukorosiponda kwaPetros kubva Grade Seven kusvika Form Four. Kukorosiponda kwaPetros paUniversity Evening School, kunoburitsa chirongwa chedzidzo yevabvezera chakatangwa shure kwekuwana kuzvitonga kuzere muZimbabwe.
- d) Apa ndipozve panobuda nyaya yokuti kusada nekusaremekedza zvechinyakare kunoitwa naBertha imhosva yokuti akazvarirwa nekukurira kuAmerica, nokudaro hapana zvaanoziva nezvetsika dzechiShona dzechinyakare.

### **PETROS**

#### **Chipiri: 14 Nyamavhuvhu**

Musi wabuda Brian muchipatara, pamba pake pazere neshamwari dzauya kuzomuona nokufara naye. Bright atodhakwa nechekare, uyuwo Petros arimo achingoona zviri kuitika. Petros haasi kufara nerumveyesano rwaitwa naBertha naDr Regis. Sokuona kwake, mudzimai womunhu haafaniri kumveyesana nemurume asiri wake. Bright anotora mbira dzake oridza. Vanhu vese vanofara. Tinoona Bertha naBrian vachivhaidzwa nounyanzvi hwaBright. Izvi zvinoshamisa Petros, uyo anoshamiswazve nokuona vanhu vakadzidza vachifarira mbira nokukurudzira Bright kuti agotsikisa marekodi. Tinonzwa Petros achiti Bertha ahanduka maitiro ake, zvakare ava kunzwanana naBright.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha ndechokubuda kwaBrian muchipatara. Kuridzwa kunoitwa mbira musi uyu shamwari dzaBrian naBertha dzakaungana kunotaridza kuremekedzwa kunoitwa chinyakare naBright.
- b) Tinotaridzwa kushanduka muukama hwaBertha naBright vava kuwirirana nekukudzana. Izvi zvinotaridza kuti pfungwa dzaBright dzatambanuka nedzidzo yaava nayo, uyuwo Bertha ava kumuremekedza, semunhu akadzidza.

### **BRIAN**

#### **China: 16 Nyamavhuvhu**

Brian naBright vagere mumba yokutandarira vachikurukura. Tinonzwa Bright achiti akawana basa kukanzuru yeHarare, zvakare ane tariro yekuzombodzokera kuchikoro kana amboti seenzei. Nezvekurohwa kweguva raVaMuchazvirega, Brian anoti iye semunamati haana chaanobata. Anoudza Bright kuti haanei nenhaka yababa vake. Bright anodomboedza kumunyengetedza, asi haamukwanisi. Bright anoudza Brian kuti ari kuenda kumusha, Brian anomupa motokari yanaLydia kuti ashandise. Anomupazve mari yemuhomwe. Bright anozoenda kunogeza, Brian osara achizvivaraidza nepfungwa dzake.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Tinonzwa kuti Brian haana hanya nenhaka yababa vake. Izvi zvinotaridza kusakoshesa kwake tsika dzechinyakare. Patsika dzechinyakare, iye somukuru, ndiye anofanira kupiwa tsvimbo dzaVaMuchazvirega.
- b) Chimwe chinobuda kupiwa motokari nemari yekufambisa kunoitwa Bright naBrian. Apa panobuda rudo rwaBrian kumunin'ina wake.

### **BERTHA Chishanu 17 Nyamavhuvhu**

Mushure mekurwara kwaBrian, Bertha anoshandura maitiro ake. Tinonzwa achiti anoona zvakanaka kuti agarisane zvakanaka nehama dzaBrian. Anofanira kutaridza Bright kuti daka ravo rakare rakapera. Anoona zvakanaka kutora zano ramai vake rekuti abate Bright naMolly sevana vake, sezvo ari iye maiguru vavo. Mazuva ano Bertha ari kugara akafara, sare kuti ari kukungura kuti dai Bright apindawo chechi.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Bertha ashanduka chaizvo. Ava kufarira Bright naMolly zvokuti ari kutofunga zvekunyengera Bright musikana wekuchechei anonzi Angela.

### **BRIGHT Mugovera: 18 Nyamavhuvhu**

Tinonzwa kuti Bright anoona sokuti kunetsana kwavaimboita naBertha kwaiva kwehwana hudiki. Ari kufara kuti Bertha ava kumufarira nokumuremekedza. Izvi zvinoita kuti anyatsonzwa rufaro rwokudzoka kumusha kune mhuri inomufarira. Bright haadi kugara pamba paBrian kwenguva refu. Akatanga basa anoda kunogara kuFlat, vagopota vachishanyirana. Sokuona kwake, munhu anofanira kuzvishandira, kuti asavengane nehama. Munhu mumwe nemumwe akasungunuka kuita zvakamunakira. Iye anoti achaita zvetsika dzechivanhu, nokuti anoziva kukosha kwadzo, uyuwo Brian akasungunuka kunamata. Bright ari kutarisira kusvikoonana nehama dzakawanda kana aenda kumusha. Ahasvikoonana naKoni, musikana wake waakasiya achimuchemera. Asi chishuwo chake chikuru ndechekuti dai Molly akasvikowana basa paanodzoka kubva kuYugoslavia.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko chino tinonzwa kuti hama dzikagara kwakasiyana-siyana panova neruvengo rushoma, zvakare zvinonakidza kuzopota vachishanyirana. Izvi zvinotaridza mufungo wechirungu wemazvakemazvake. Bright anoti, “Zvekugara vanhu makaungana panzvimbo imwe chete, zvinopa kuti pave nekutaura”. P. 93
- b) Tinonzwawo nyaya yechizivano pamabasa. Izvi zvinobuda panonzi naBright, Molly anototsamirana naBertha anozivikanwa kuti awane basa nyore nyore. Izvi zvinoburitsa dzimwe dzenhamo dziri muZimbabwe.

**MOLLY**                      **Chitatu: 22 Nyamavhuvhu**

KuYugoslavia, Molly ari kupedza kosi yake muna zvita. Tinonzwa achiti Bertha haana mhosva, zvakare kusawirirana kwavaiita kare kwaikonzerwa nekuti iye naBright vaive vasinganzwisisi mafungiro nemagariro aBertha. Anofunga kuti azogara kuflat kwaanenge akasungunuka kuita zvaanoda. Tinonzwa Molly achiti pacharohwa guva rababa vavo, Brian naBright ndivo vanogovana nhaka. Iye naSarurai havana chavanowana nokuti vanasikana. Molly anoshoropodza dzimwe tsika dzechinyakare dzinodzvinirira madzimai nekuunza ruvengo pakati pehama. Kana adzokera kuZimbabwe, anoda kubatana nemamwe madzimai mukurwira kodzero yavo. Shungu yaMolly ndeyekuroorwa nemurume anoremekedza jechetere pakati pevarume nevakadzi. Anoda kuramba achishandisa zita rababa vake nokuti ndiro riri pazvitupa zvake zvedzidzo, zvakare ndiro raanonyanyozivikanwa naro. Kana apedza dzidzo anoda kuzoshanda kunzvimbo dzinoona nezvenhau nekufambiswa kwemashoko.

**ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi munobuda nezvetsika dzechinyakare dzinodzvinirira nokusarura madzimai. Molly haagani kuwana mugove wenhaka yababa vake nokuti mwanasikana.
- b) Tinonzwawo nezvekusiyana kwakaita madzimai emuZimbabwe nekuYugoslavia mudanho rokurwira kodzero dzavo. VemuZimbabwe vachiri shure, zvakare vachiri kutya, asi vekuYugoslavia vava kutohwinha chimurenga chavo. Izvi zvinotaridza kuti hamusi muZimbabwe mega maidzvinirirwa madzimai.
- c) Chimwe chatinonzwa ndechekuda rusungunuko kwaMolly. Anoda kuzvigarira ega, zve, anoda kuroorwa nemurume anoremekedza kodzero dzemadzimai.

**BRIGHT**                      **Chishanu: 24 Nyamavhuvhu**

Manheru eChishanu, Bright anoudza Brian naBertha kuti achafumoenda kumusha. Vanombosekedzana zvavo nezvemusikana waBright. Bright anoudza Bertha kuti haangoroore guva raVaMuchazvirega risati rarohwa, nokuti pachiShona, anenge apisira guva. Mibvunzo yaBertha nezvekurova guva inotaridza kuti haana chaanoziva nezvetsika dzechiShona dzechinyakare. Brian anokomekedza Bright kuti kana asvika kumusha agorongwa naVaJimi nezvekurova guva.

## **ZVAKAKOSHA**

- a) Chinhu chakakosha chatinonzwa ndechekusaziva tsika dzechinyakare kwaBertha. Izvi zvinobuda pakusaziva kwake chinonzi kupisa guva.

### **VASARURAI            Mugovera: 25 Nyamavhuvhu**

Kumusha kwaMurehwa, VaSarurai vari kuchema nemvura isina kunaya, saka mimera yavo yakaramba nyangwe zvavo vakashanda nesimba. Vane chikwereti chefetireza kuhurumende, asi havana mari yekubhadhara. Tinonzwazve vachiti vanoda kutsvaka zviyo zvekuzobikisa doru reguva kana Bright auya. ZvaBrian havachinei nazvo. VaSarurai vari kudemba kuti dai vari murume. Sokuona kwavo, vakadzi vanodzvinyirirwa mumagariro nemutsika dzechiShona. Somuenzaniso, VaJimi vanovanyima mombe dzokurimisa, asi dziri dzababa vavo dzavakachengeta. Panosvika motokari yaBright pamba paVaJimi, vanosiya vateya chirimbani chavo, kuti vanoona kuti ndiani auya.

## **ZVAKAKOSHA**

- a) Chitsauko chino chinoburitsa nhamo dzevarimi vekumaruwa. Izvi tinozviona pana VaSarurai vanoti vakashanda nesimba, asi mbesa dzavo dzakaramba nokuti mvura haina kunaya. Vane chikwereti chefetireza kuhurumende chavanotarisirwa kubhadhara.
- b) Tinoburitsirwazve nyaya yokudzvinyirirwa kwemadzimai netsika nemagariro echiShona. Nyaya yokuti VaJimi ndivo vakachengeta mombe dzaVaMuchazvirega inoburitswawo apa. Ivo VaJimi vanonyima VaSarurai mombe dzokurimisa, nokuti mwanasikana.

### **VAJIMI                    Mugovera 25 Nyamavhuvhu, Manheru**

Pamusha paVaJimi kwaMurehwa, Bright anosvika nemotokari. Anotambirwa nemisodzi yorufaro nehama dzake. Manheru, VaJimi vava kutofunga marongerero avachaita zveguva naBright. Vari kutenda midzimu yavo nekudzoka kwaBright, zvokuti vachatomboibikira doru. Bright auya nekamuchina kakabakisa magetsi mudzimba zvokuti VaJimi vava kutoshaya hope.

## **ZVAKAKOSHA**

- a) Tinonzwa nezvekusvika kwaBright pamusha nekutambirwa kwaanoitwa nehama dzake. Ava VaJimi vari kunzwa kusimudzirwa kwazvo nedzidzo yaBright.

### **BRIGHT                    Svondo: 26 Nyamavhuvhu**

Pamusha paVaJimi, hama dzinouya kuzokwazisa Bright. Pavanozokurukura nezvekurohwa kweguva raVaMuchazvirega, VaJimi vanoti kusavapo kwaMolly hakutadzisi guva kurohwa nokuti mwana musikana. Bright anovaudza nezveurwere hwaBrian. Hurukuro yekusada kubatana nevamwe kwaBrian, inosvitsa panyaya yemutemo

mutsva wekubva zera. Vakuru vari kushoropodza mutemo uyu. Vanhu vanozonwa doro vachiridza ngoma nekutamba. Panopfumbira ngoma, Bright anoverera ombofamba-famba achifunga nezvaKoni.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Mukukurukura kwavanoita nezveguva panobuda pfungwa yokuti kusavapo kwaMolly hakutadzisi guva kurohwa nekuti mwanasikana. Izvi zvinotsinhira pfungwa yekunyimwa mombe dzokurimisa kunoitwa VaSarurai naVaJimi.
- b) Muchitsauko ichi munobudazve kuti vakuru havana chivimbo nevana vaduku, uyezve vanonyunyuta pamusoro pekushanduka kwezvinhu munyika. Izvi zvinobuda panonzi naVaMadyavanhu, “Chirungu ndicho chakuvadza vana vedu ava”. P111.
- c) Tinonzwazve nezverudo rwaBright kuna Koni. Chinhu chokutanga chaanoita asvika pamusha, kutuma Edzai netsamba kumba kwanaKoni.

### **BRIAN**

#### **Muvhuro 27 Nyamavhuvhu**

Panoenda Bright kumusha, Brian anosara orwarazve. Dr Marovanyanga naDr Regis vanomukurudzira kuti vambonobvunza vaporofita. Muporofita wavanoshanyira kwaSeke anoudza Brian kuti pane mweya uri kumutevera. Anoudzwa kuti asarudze chaanoda, kunamata zvakaperera, kana kugadzirisa zvechivanhu. Brian naBertha vanosarudza kurova makuva. Panochaya VaJimi runhare vachizivisa Brian kuti vachazobata zviyo zveguva, iye anobva avaudza kuti ari kuuya kumusha nemhuri yake. Panoudzwa Bertha nezvekuenda kumusha anomboramba, achiti akakurira muchechi, saka haaiti zvirango zvechinyakare. Nharo dzaBertha dzinoshatirisa Brian zvinoita kuti amuudze kuti kana asingadi kubatana naye ngaende zvake kumusha kwake.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chakakosha chinobuda muchitsauko ichi kuenda kunoita Brian naBertha kunobvunzira kurwara kwaBrian kumuporofita. Izvi zvinotsigira kusatenda kwavo mun’anga, asi zvechechi.
- b) Tinoona Brian achishanduka zvachose kubva mukushora nekuramba tsika dzechinyakare, kuzova izwi rinokurudzira kuremekedza tsika idzi. Tinonzwa achiudza Bertha kuti, “Zvose zvinoitwa muchivanhu zvinokosha, rega ndikuudze mukadzi wangu. Chirungu chakatipinda, asi hatifanirwe kukanganwa tsika nemagariro edu”. p.120.
- c) Muhurukuro yavo naBrian, Bertha anoedza kuramba kuenda kumusha achipa zvikonzero zvavaimbobvumirana pazviri, asi Brian anoshinga zvokuti anopa Bertha mukana wokuti aende zvake kumusha kwake kana asingadi kuita zvechivanhu.
- d) Tinonzwa kuti pakaroorana Bertha naBrian, Bertha akamboshaya mbereko, akazoita mwana mushure mekupiwa mushonga naVaSarurai. Nyaya iyi inotaridza simba rechinyakare.

### **BERTHA      Chipiri 28 Nyamavhuvhu**

Bertha haana kumboona zvirango zvechiShona zvichiitwa muupenyu hwake. Haazivi mabasa euroora ndosaka achiramba kuenda kumusha. Paanoona kuti Brian ashatirwa. Anozvipira kubatirana pamwe chete naye pakurova guva raVaMuchazvirega. Tinonzwa Bertha achiti zvinganyadzise kuti iye naBrian varambane. Anoda Brian zvokuti anozvipira kugadzirisa zviru kunetsa mumhuri yavo vozodzokera zvavo kuchechi.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Muchitsauko ichi tinoburitsirwa zvikonzero chaizvo zvinoita kuti Bertha azeze kutevedza tsika dzechinyakare. Tinonzwa iye Bertha achiti hapana kwaakambozviona zvichiitwa. Materevhizheni anongoburitsa mitambo nemafirimu anoratidza upenyu hwekuAmerica chete. Hapana zvemuno munyika zvinombotaridzwa.
- b) Tinonzwa nezvekusangana kwakaita Brian naBertha kuBritain muna 1966 nezvekuroorana kwavo. Apa ndipo panotaurwa kukosha kwerudo kupfuura zvimwe zvinhu zvose.

### **VAJIMI                      Chipiri: 4 Gunyana**

Hwahwa hweguva raVaMuchazvirega huri kupiswa. Brian nemhuri yake vava pamusha. VaJimi vari kufadzwa kwazvo nekuungana kwakaita mhuri yavo. Bertha ari kuitawo mabasa echiroora. Mbiri yerunako rwake yapararira nemusha wose. Tinonzwa VaJimi vachiti vanhu vazhinji vari kunyepera kuuya kuzoona kupiswa kwedoro, ivo vachida kuona runako rwaBertha. VaJimi vanyatsodzikama kuti varege kunyadzisa mhuri yavo kana vadhakwa.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Pano ndipo patinonzwa kuti Brian nemhuri yake vava pamusha. Vauya kuzorova guva raVaMuchazvirega. Tinonzwawo kuti Bertha ari kuitawo basa nevamwe varoora. Izvi zvinotaridza kushanduka kwaita zvinhu nekugadziriswa kwemakakatanwa anga aripo.
- b) Chimwezve chatinonzwa nezvacho ndecherunako rwaBertha. Izvi zvinobuda panonzi vana vepachikoro chepaChikuhwa nevanhu vemuraini vakazara pamusha paVaJimi kuti vaone runako rwaBertha.

### **LINDA                      Mugovera: 15 Gunyana**

Sokuona kwaLinda, kurova guva itsika yakakosha inofanira kuremekedzwa nemuShona wose. Anoti afadzwa nekurohwa kwaitwa guva raVaMuchazvirega. Mhuri yese yakaungana, uyu Bertha ari kubatirana nevamwe varoora pamabasa avo echiroora.

Tinonzwa kuti guva raVaMuchazvirega rawanikwa risina kutsva. Tinoonazve Brian achigadzwa nhaka yababa vake hama dzake dzichimukorokotedza.

### **ZVAKAKOSHA**

- a) Chinhu chakakosha chinoburitswa muchitsauko ichi zvirango zveguva. Apa panobuda mabasa evaroora, basa rasahwira nekugadzwa kwenhaka. Nyaya yezvirango zveguva inobatsira kutaridza pfungwa nechinangwa chemunyori pamusoro pekukosha kwetsika yekurova guva.

### **5) MUSORO WEBHUKU - TONGOONA**

Misoro yemabhuku mazhinji eChiShona inoendarana nezviri kuitika munyaya yacho. Kazhinji, inonyevera nokududzira nyaya dzirimo. Misoro inoenderana nezviri munyaya inoita kuti muverengi afungidzire zvichaitika asati amboverenga bhuku, zvikuru kana musoro wacho iri tsumo yakashandiswa.

Musoro wakaita saTongoona haubvi wangoti yacha mafambiro enyaya. Unopa muverengi mukana wokududzira nyaya yacho semaonero akewo, zve unopa havi yokuda kuverenga nokuti anenge asina fungidziro zvachose yezvichaitika.

Tichitarisa zviri kuitika mubhuku umu, tinoona kuti musoro wokuti Tongoona, unogona kuzadziwa uchinzi, “Tongoona kwazvichasvika”. Izvi zvinotaridza kuti munyori haasi kuda kukurumidza kupa mutongo pamaitiro evatambi. Neimwe nzira zvinogonawo kureva kuti vatambi vose vanopikisa chinyakare, havana kwavanosvika neupenzi hwavo. Hapana zvapo chirango cherufu sezviri mune dzimwe nganonyorwa, asi kurangwa kuripo. Hongu, Bertha haarangwi zvokurwadziwa nyama sezvinoitwa Brian paanorwara, asi ane murangirwo waanoitwawo. Zviitiko zvenyaya iyi zvinomumanikidza kusiya mhakatirwa dzake dzechirungu. Chinhu chinorwadza chaizvo, zvikuru mundangariro, kuti munhu asiye magariro nemafungiro aanga ajaira achitevera tsika dzechinyakare dzaasingazive. Izvi zvakafanana nokukandwa mudhigidho usingagoni kuchaira. Uku kurangwa chaiko kunoitwa Bertha.

Nyangwe zvazvo zvisiri nyore kukasika kufembera gwara richatorwa nenyaya yose mushure mekuona musoro wekuti Tongoona, musoro uyu hauna kunyanyovanzika. Kana munhu akaverenga chitsauko chokutanga, VAJIMI – SVONDO : 29 NDIRA , anogona kubva aziva zvichaitika kuna Brian naBertha. VaJimi vanoshandisa mibvunzonhando yakadurikidzana kutsanangura unhu hwaBrian. Matauriro avanoita anonyatsotaridza kuti, kuti tongoona zvinoreva kuti Brian haana kwaanovika nezvaari kuita. Muverengi anobva aziva kuti miromo yavakuru haiwiri pasi, zvakare midzimu haipikiswi. Sezvineiwo, panopera bhuku, Brian anenge atoshanduka.

Munyori anonyatsojekesa pfungwa dzevanhukadzi maererano nemabatirwo avanoitwa nevarume muupenyu. Anonyatsoburitsa nhuna dzavo, asi anenge ari kuvaseka kuti hapana kwavanosvika nekurwira kodzero dzavo. Kukundikana kunoita Bertha nekushanduka



kwaanozoita panopera bhuku iri kunenge kunonyevera vaverengi kuti vanaMolly hapana kwavanosvika. Tongoona yemunyori ndeyekuda kuburitsa kuti vatambi vanoda kupikisa marongerwo ezvinhu pachinyakare, hapana kwavanosvika. Izvi zvinobva zvawirirana nevavariro nechidzidzo chake.

## 6) **MADINGINDIRA**

### **Dingindira Guru**

Dingindira guru riri mubhuku iri nderekurova guva. Dingindira iri rinoburitswa nemakakatanwa ari pakati pevanoda kuchengetedza chinyakare nevaya vakadzidza vazvisudurudza kure netsika dzechinyakare. Kunyora nyaya ine zviitiko zviru kumaruwa nekudhorobha kunoitwa naChoto kunowedzera kunzwisisa dingindira rebhuku. Vatambi vari kumusha vose vanomirira chinyakare, uye vari kutsigira kuti guva ngarirohwe. Pfungwa huru yomunyori ndeyekuti munhu mutema nyangwe adzidza sei, haafaniri kurasa tsika dzechinyakare. Tsika yokurova guva inosiyana vatema neVarungu, zvekare inosungwa ukama pakati pevapenyu nevakafa. Pane pfungwa yokuti munhu mutema chero akapfuma sei kana kudzidza zvakadii, haashanduke kuva murungu. Pfungwa iyi inoburitswa naLydia paanoti, “Ungave businessman, kana kuti minister wenyika, president wenyika kana kuti mukurumukuru muprivate or public sector, chinzvimbo chaunenge unacho hachipi kuti ganda rako risanduke . . .” p. 71. Mafungiro aya anotsigirwa netsumo dzinoti:

- i) Gunguwo nyangoshamba sei asi idema chete.
- ii) Shiri imwe neimwe ine muririro wayo.

Marwariro anoita Brian anotaridza pfungwa yomunyori yokuti munhu haafi achirova, anofanira kudzorwa. Paanorwara achirotomoka, Brian anoita seasvikirwa naVaMuchazvirega. Nhuna dzavo dzinobuda pamazwi anotaurwa naBrian achirwara. Chikuru ndechokuti vanoda kurohwa guva. Apa munyori ari kutaridza kukosha kwetsika yekurova guva. Ari kutaridzazve kuti midzimu inogona kurwadza vapenyu kuti iitirwe zvainoda. Pamwe panoratidzazve simba remidzimu ndepanodzokera Brian kumusha kunorova guva rababa vake, nyangwe zvakadaro, munyori anenge asiri kushoropodza zvesvondo zvachose. Tikanyatsocherechedza mazwi aLydia neemuporofita akanobvunzirwa naBrian naBertha, tinoona pfungwa iyi. Pfungwa yemunyori ndeyekuti, chenga ose manhanga, hapana risina mhodzi. Dingindira guru iri rinonyatsotsigirwa muchitsauko chekupedzisira chebhuku. Apa kukakavara kwese kwaBrian naBertha kwapera, guva raVaMuchazvirega rarohwa. Matsananguriro anoita munyori zvinoitwa pakurohwa kweguva anotaridza kuti chinangwa chake ndechekudzidzisa muverengi nezvekurohwa kweguva. Anonyatsoronedzera zvirango zvese zvinosanganisira: mabasa avaroora, basa rasahwira nekugadzwa kwenhaka. Chitsauko ichi chinobva chanyatsosimbisa vavariro yemunyori.

### **Madindingira Madiki**

- a) Kurwira kodzero nejechetere kwemadzimai. Kunyangwe zvake munyori achikurudzira kuchengetedzwa kwetsika dzechinyakare mudingindira rake guru, ari kushoropodza dzimwe tsika nemagariro echinyakare, zvikuru mabatirwo emadzimai. Munyori ari kutaridza kuti madzimai haafadzwi nemabatirwo avanoitwa nevarume mumhuri dzavo. Vanogona kungonyarara sevari kugutsikana, asi mupfungwa dzavo vaine mibvunzo yakawanda. Kutsutsumwa kunoita Molly, VaSarurai naBertha kunoratidza kuti madzimai

ose, akadzidza neasina, haafadzwi nemabatirwo aanoitwa nevarume muupenyu hwawo. Zvitsutsumo zvinobatwa nemunyori ndezvinotevera.

- i) Madzimai haadaidzwewo panorongwa nyaya dzemumusha. Mutsika dzechiShona dzechinyakare murume ndiye muridzi wemusha. Izvi zvinoreva kuti ndiye anotonga nekurongera vana nemukadzi zvokuita. Mumagariro evatema, musha woga woga waive nedare rawo. J.M. Gombe anoti, “Izwi rokuti dare rinoreva nzvimbo inogara vanhurume. Kechipiri rinoreva vanhu vakaungana kutonga mhosva”. (J.M. Gombe Tsika DzavaShona 1998 p41). Izvi zvinoreva kuti urongwa hwese hwemusha nemhosva dzaitongwa padare ipapo. Iyi nzvimbo hayaisvika madzimai kunze kwekunge vachiunza zvokudya chete. Naizvozvo vaisiyiwa pahurukuro dzemusha vozongodzwa zvarongwa nezvekuita.

**Cherechedzo:** magariro evanhu mazuva ano asiyana neakare. Iye zvino matare aya apfudzika nokuti mumadhorobha munogara vanhu vazhinji hamuna matare orudzi urwu. Munyori ari kutaridza kuti nyangwe zvazvo madzimai vasingadudzi, vanoona matarirwo aya seudzvinyiriri. Vamwe vava kusimudzawo musoro. Somuenzaniso, Bertha anoti iye samai achadza kuudza vana vake zvekuita. Anoti iye anoita zvaanoda nevana. Brian haagoni kuvaendeswa kwaMurehwa kana iye Bertha asingadi kuti vaende.

- ii) Mwanasikana haapihwe nhaka yeupfumi hwababa kana vafa. Vanakomana vanogovana pachavo. Molly anoti, “VanaBright vakapedza kutamba zveguva izvi, pfuma yakasiyiwa nababa vanogovana naBrian. Ini naSarurai hapana chedu. Nekuti tiri vakadzi nhai?” p96.

**Cherechedzo:** mazuva ano zvinhu zvasiyana. Kwava nemitemo mitsva yakaita seLegal Age of Majority Act neDeceased Persons Family Maintenance Act, inopa vanasikana kodzero dzekugara nhaka sezvinongoitawo vanakomana.

- iii) Kudzvinyirirwa kwavakadzi ndiko kunounza ruvengo mumhuri. Munyori anotsanangura mhando nhatu dzeruvengo

◆ **Ruvengo pakati pavamwene nemuroora**

VaSarurai vanoti, “Kwaunoorowa zvimwe chetezvo ungonzi isa musoro pasi nokuti uri muroora. Imhaka yekuti here ndakabvisirwa pfuma, kunge kutengwa here kunopa kuti zvinhu zvimire zvakadai?” p 103

**Cherechedzo:** Izvi ndizvo zvinoita kuti mazuvano dzimwe mhare dzekurwira kodzero dzemadzimai muZimbabwe dzakaita sebato reWomen’s Action Group (WAG), dzikurudzire kudzimwa kweroora, nokuti dzinoona riri iro honzere yeudzvinyiriri hwemadzimai.

◆ **Ruvengo pakati pehanzvadzikomana nehanzvadzisikana dzinenge dzarambwa nevarume**

Paanodzoka kuzogara mumusha maakazvarirwa, anombofarirwa mazuva ekutanga achinzwirwa tsitsi, uye achitarisirwa kuti achadzokera kumurume wake. Akaira agarisa ruvengo rwunobva rwatanga. Hanzvadzi dzake dzinoti, “handichengeti pfambi”. p104.

◆ **Ruvengo pakati pevaramu**

Munyori anotsanangura ruvengo rwunonyuka apo munin’ina kana mukoma wemurume anenge achiona upfumi hwehama yake sehwake, saka zvinomusvota kuona “mutorwa” achizviita webwo. Nerimwe divi, mudzimai anoty kutorerwa upfumi hwaakashanda nemurume wake, nevaramu, kana murume afa.

**Cherechedzo:** Mazuva ano mapishapisha aya ava mashoma nekuda kwemitemo yakadzikwa mushure mekuwana kuzvitonga kuzere muZimbabwe, sokuti kana mukadzi akaroorwa aine muchato nemurume wake, hapana chokunyanyoty.

b) **Mutemo wokubva zera**

Mutemo uyu wakadzikwa musi wa10 Zvita, 1982. Munyori ari kutsanangura zvinofunga vanhu vanovimba nezvechinyakare, maererano nomutemo uyu. VaJimi naVaMadyavanhu vanofunga kuti Brian anofanira kuita zvinoda vabereki nokuti mwana. MuchiShona, zera romunhu, dzidzo yake nepfuma hazvibvisi umwana hwake kune vakuru pazera kwaari. Vechidiki vemazuva ano vanonzwisisa zvinorehwa nemutemo wekubva zera. Ndiko saka Bright asingamanikidzi Brian kutendera mune zvaasingadi kutendera. Tinonzwa achiti, “*He is free to do what he likes. Kana neniwo I am free to do what i want*”. p93. Mutemo uyu unopa munhu wose ava nemakore gumi nemasere mararamiro ekuzvisarudzira zvaanoda kuita muupenyu, uye kuzvimiririra semunhu abve zera muupenyu kana mumatare edzimhosva. Tikanyatsotarisa maburitsirwo anoitwa pfungwa dzehama dzaBrian dzinogara kumusha, tinoona kuti vakavenga shanduko inounzwa nomutemo uyu nokuti vanofunga kuti havazowani pfuma pakuroorwa kwevanasikana vavo. vaMadyavanhu vanoti, “Pandisiri kunzwisisa ndepekusi kana vachiti hapana ava kumanikidzwa kubvisa pfuma yeroora vanenge vachirevei chaizvo?” p111. Panyaya iyi chinangwa chomunyori ndechekutaridza kuti vanhu vechikuru vanotendera mune zvechinyakare havawanzofariri shanduko. Apa munyori ari kunyatsojekesa makakatanwa aripo pakati pechinyakare nechizvinozvino.

7) **ZVIDZIDZO**

- Kana munhu akadzidza kana kupfuma sei haafaniri kurasa midzimu yake, kana tsika dzechinyakare dzinobatsira.
- Midzimu inogona kuronda nekurwadza mwana wayo anenge aifuratira.
- Vanhu vemhuri imwe chete havafaniri kurasana nekuti pavanoita zvirango zvemidzimu yavo vanofanira kubatira pamwe chete.
- Havasi vose vatema vakadzidza vanorasa chinyakare.
- Mudzimai wose, akadzidza neasina anorwadziwa nekudzvinyirirwa kwaanoitwa, uye anoda kodzero yake. Kunyarara hakurevi kugutsikana.

- Madzimai akadzidza anokurumidza kuratidzira kutsutsumwa kwawo kudarika vasina kudzidza.
- Vanozvisenzevenera havatyi kurwira kodzero dzavo, nokuti nyangwe vakarambwa nevarume vanogona kuzvimirira pachavo.
- Unhu hwevanhu, ukama hwavo nezvavanofunga zvinokonzerwa nemagariro evanhu ivavo. Izvi zvinoreva kuti varume vanofunga kuti madzimai ari pasi pavo nekuti ndizvo zviri mutsika nemagariro avo. Nokuti chakatsveyama havasi varume, asi tsika nemagariro evanhu verudzi irworwo.
- Mutemo wekubva zera unobatsira vezera rechidiki kuzvirongera hwaro hweupenyu pasina anovapfuvisa.
- Vamwe vanотора mutemo vokubva zera zvisiri izvo, kana kuti zvakapindiridza, sokuramba kushandisa zita romurume kana aroorwa.
- Vanhu vechikuru, zvikuru vekumamisha, havafariri mutemo uyu.

## 8) MANYORERWO EBHUKU

### I. KUSHANDISA MAZITA EVATAMBI SEZVITSAUKO

Choto akanyora achisevenzesa zita remutambi kumirira chitsauko sokuti VAJIMI kuchibva kwateverwa nemusi nezva sekuti Svondo: 29 Ndira. Zita riri kumavambo kwechitsauko choga choga rinotaridza maonero anoitwa nyaya nemutambi iyeye. Kupa mazita akawanda sezvitsauko kunoita kuti tinzwe nyaya kubva kumaonerewo evatambi vakawanda, chidavado ichi chinoita kuti umboo hwezviri kuitika munyaya iyi hupihwe nevanhu vane zvimiro zvakasiyana-siyana.

### II. KUYANIKA PFUNGWA DZEVATAMBI PACHENA/FUNGIRAMUMWOYO

Chidavado ichi chinoita kuti zviri kutaurwa nezvazvo zvitendeseke. Manyorero aya akakosha pakuti tinoziva kuti kana munhu achitaura nevamwe anoedza kuzvinatsurudza nemanyepo, asi pfungwa dzake dzichiziva chokwadi. Izvi zvinotsigirwa netsumo:

Muromo hauzarirwi nerwizi;

Muromo kapako kekuhwanda nako;

Muromo itsvimbo unozvidzivirira nayo;

Dundundu ihozi

Semuenzaniso, tikatarisa munyaya iyi tinoona VaSarurai vachinyepedzera kufarira VaJimi chaizvo. Asi, tikazotevedza mafungiro avo chaiwo papeji 103, tinoona kuti vakavavenga zvokutoshuva kuti dai vari murume vaivarwisa.

### III. NHENDESHURE

Nyaya iri mubhuku iri haina kunyorwa yakati twasa, asi yakapiwa sezvimedu zvimedu. Mumanyorero enhendeshure, munyori anotidzorera shure achitaridza upenyu hwemutambi hwekumashure kwepaava. Somuenzaniso mumafungiro aVaJimi, pavanotsanangura nezvaBrian, tinodzorerwa kumashure Brian asati aenda kuBritain. VaJimi vanoti, “. . . Ava kukanganwa here kuti iro gore raenda kuchikoro iko mhiri kwemakungwa vanhu havana kurara vachiridza mbira kuti midzimu igomuchengeta?” p2. Manyorero akadai anobatsira kuburitsa pfungwa yokut Brian haatarisirwi kumhura

tsika dzechinyakare adzoka kuBritain, asi pakuenda akaonekedzana nehama dzake pachinyakare.

#### **IV. NZIYO**

Kuimba inzira yokutaura. VaShona inyanzvi dzokuimba. Chiitiko choga choga chine mhando yacho yerumbo. Pakushandisa nziyo senzira yokutsanangura nyaya yake, Choto ari kutaridza kutendeseka kwezvimiro zvevatambi vake. Mubhuku mune nziyo nhatu.

Rumbo 1 (p.4-5) urwu rwumbo rwejiti rwunonzwikwa naVaJimi rwuchiimbwa nemadzimai emuraini. Rumbo urwu pacharwo harwuna kunyatsonangana nezviri kuitika munyaya. Rumbo urwu basa rarwo nderekusetsa muverengi mushure mekuverenga nyaya yakadzama, uye inotemesa musoro. Chinangwa chekusetsa muverengi ndechekuti afefeterwe kana kuzorodza pfungwa. Paanozotanga chitsauko chinotevera anenge asina chinepfu. Nzira iyoyizve, inopa muverengi nguva yokuzeya zvaaverenga.

Rumbo 2 (p31) “Zvandairwara pano – ndainona ani?” VaJimi vakashandisa chimbo ichi kuburitsa zvaivagumbura, pasi pemwoyo, asi zvavasingagoni kudura muhurukuro chidavado ichi chinobatsira kuti mutambi aburitse nhuna dzake pachena nenzira inosetsa, iye pasina kugumburisana nevaari kunyunyutira. Rumbo urwu runoburitsa pfungwa yomutambi chaiyo yokugumbuka, chero ari kunyepera kufara nekuuya kwaita vanhu.

Rumbo 3 (p115 – 116)

Chimbo ichi chimbo chesvondo chakapindurwa kuti chive chematongerwo enyika. Chinojekesa nguva yakaitika nyaya iri mubhuku iri, pakati pa 1981 na 1986. VaJimi mukurumukuru weZANU (PF) mudunhu ravo. Paisangana vanhu mumakore ekutanga ekuwana kuzvitonga vanhu vaifara vachiimba nziyo dzokurangarira kupera kweHondo yeChimurenga. Chimbo ichi chinogona kuvawo kurudziro kuna Bright yekuti arove guva rababa vake.

#### **V. TSAMBA YAKANYORERWA PETROS NABABA VAKE**

Tsamba iyi inojekesa rimwe divi roupenyu hwaPetros. Tinonzwa kuti ndiye oga anoshanda mumhuri yavo. Tinoburitsirwa nhamo yokusanaya nemugore ra 1984. Petros anotarisirwa kuriritira mhuri iri kumusha chero achitambira mari shomanana. Izvi zvinobva zvapindirana nemazwi ake ari munheketero ekuti,

*“Kumawere chinongova chamupupuri  
Chinotosvora vane tsiye pfupi”.* p.60

Izvi zvinoreva kuti mukuoma kwezvinhu munyika, zvinosanganisira kuderera kweupfumi hwenyika nekusanaya kwemvura, varombo ndivo vanonyanya kutambudzika.

## 9) VATAMBI

### i. **BRIAN**

Ndiye mutambi mukuru mubhuku nokuti nyaya yose iri kutenderera paari, uye vatambi vamwe vari kunyunyuta nezvake. Unhu nemaitiro aBrian zvinoumbwa nezvinhu zvinosanganisira dzidzo yemhiri kwemakungwa neunhu hwaBertha.

- Maitiro aBrian ari pakati nepakati. Ane dzimwe tsika dzechishona dzaanorasa achimedza dzechirungu, ozotiwo dzimwe dzaanoramba anadzo, ndiko saka VaJimi vachiti, “. . . pfungwa dzake bhureki ende waiti”. p1.
- Mamwe maitiro ake ava echirungu ndeekuti
  - ◆ Anodhidha nevanasikana vake.
  - ◆ Ane ma”equal rights” naBertha.
  - ◆ Anotsvodana naBertha pane vanhu.
- Kuregedza Bertha achiita zvaanoda, kunoonekwa nekushoropodzwa naVaSarurai, Petros naVaJimi sekudheererwa nemukadzi. Vatatu ava vanoziva zvechinyakare zvekuri murume ndiye anotonga nokuti akabvisa pfuma. Zvejechetere izvi zvakatouya mazuva ano, kunyanya nevakambenge vayambuka mhiri kwemakungwa.
- Imwe tsika yaBrian inenge yeChirungu ndeyekutaura zvakananga, kungoti dyo, kwete kuita zvekukwira gomo hupoterera. Somuenzaniso paanotaura kuna Bertha vachinetsana nenyaya yokuenda kumusha kunorova guva anoti, “Chinzwa Bertha . . . Ini ndiri kubvumirana nepfungwa dzangu kuti guva rinofanira kurohwa . . . Iwe kana usingadi zvinoreva kuti waramba upenyu hwangu newe. That could be the end”. p121.
- Brian anopinda chechi, asi haana kuperera mukunamata. Kupinda kwake chechi kuzeza kugadzira zvemumusha mavo saiye nevanji. Zvinoita kuti avenge n’anga, uye asade kuendesha vana vake kumusha ndizvo zvinenge zvinomuzezesa kurova guva rababa vake.
- Kunze anokoshesa ukama chaizvo. Vavariro yake huru ndeyekuti dai mhuri yavo yabatana. Nyangwe zvake asingawirirane nehama dzake pane zvetsika dzechishona, anovatumira mari munguva yokusanaya kwemvura. Anotengera VaSarurai hembe. VaJangano vanopupurawo kuti vakambobayiwa majekiseni pachena. Molly anopupurawo kuti Brian akavadzidzisa.
- Maitiro aBrian pakupera kwenyaya anotendeseka. Vanhu vazhinji muupenyu hwamazuva ose vanofuratira tsika dzechinyakare vachihwanda nechechi. Vanotozoita zvirango zvimidzimu kana vanyanya kutambudzika, uye vaedza dzimwewo nzira dzamazuva ano dzaramba kuvabatsira.

### ii. **BERTHA**

- Kusawirirana kwake nehama dzaBrian kunobva pakusanyatsonzwisisa kwake tsika nemagariro echinyakare, semunhu akazvarirwa nekudzidza mhiri kwemakungwa. Idzowo hama dzaBrian dzinenge dzisingamunzwisisi zvokuti iye anobva aona sevari kumutsvinyira. Petros anenge anonyatsotsanangura chimiro chaBertha

paanoti kuna Bright, “Chamunofanira kuziva ndechekuti Bertha uye, munhu akakurira kuAmerica, vabereki vake vari vechechi. Muno akagara gore . . . ndokubva aenda . . . kuBritain”. p82. Izvi zvinoreva kuti zvaanoita haasi maune, asi kuti akazvidzadza mumagariro ekuAmerica nekuBritain.

- Munyori anorevererawo Bertha. Sokuona kwaBertha, hapana kwaangambowana ruzivo rwezvechinyakare. Haaendi kumusha, vanhu vanogara mumaguta vanodzidza zvinhu zvizhinji kuburikidza neredhiyo neterevhizheni. Tinonzwa Bertha achiti mafirimu anoratidzwa anogoburitsa upenyu hwemhiri kwemakunga, asingaratidziwo tsika nemagariro echiShona. Izvi zvinoreva kuti Bertha arasiswa nemagariro emudhorobha anongokurudzira zvekunze chete.
- Tsika dzechiRungu dzaakajaira dzinoita kuti ave nerusungunuko rwakati pfuuridzei. Maitiro ake anopedzisira onyadzisa mai vake naLydia.
- Bertha anomirira vakadzi vamazuva ano vakadzidza. Neimwe pfungwa, haana kumbosiyana nomukadzi wechiRungu akaroorwa nemuShona, kusiya ganda chete. Anodzidzira basa rinowanzoitwa nevaRungu, asi raonekwa novoruzhinji sechisionekwei mudzi webwe. Izvi ndizvo zvinoita kuti basa raBertha risafarirwe neveukama. Vamwe vanobva vamuona sepfambi.
- Anokurimidza kudzidza magariro evaShona nokuti muShona.
- Maitiro aBertha anotendeseka chaizvo. Kuzvityora kwaanozoita pekupedzisira kunoratidza kuti chero zvavo vakadzi vemazuva ano vachida jechetere, hapana anofarira kusiya imba yake. Panongotaura Brian zvokurambana, Bertha anobva azvidzora.

### iii. LYDIA

- Lydia anenge ane makore ari pakati pegumi nemashanu negumi nemasere. Iri izera rinoongorora chaizvo, zvikuru magariro evabereki. Izerawo rinoda kunakirwa, asi rinoti rikamboti farisei rotizve suwei.
- Pfungwa dzake dzinotaridza kuti anovimba mune zvechinyakare neunhu kwechiShona chaihwo. Naizvozvo, anoshoropodza Bertha nekubatirira kwaanoita pane zvechiRungu.
- Lydia anoburitsa mafungiro emunyori maererano nomucherechedzo wemunhu ane unhu hwechiShona chaihwo. Muupenyu hwamazuva ose vana vezera raLydia vanoonekwa sevasina zvavanzvira, asi Choto, ndiye mutambi waanoshandisa kuburitsa pfungwa dzine udzamu.
- Lydia anonzwira Brian tsitsi. Anoona seanonyanya kudheererwa naBertha.
- Anofarira Bright chaizvo. Kuda kwake Bright nekushora maitiro aBertha ekuvenga hama dzemurume kunotaridza kuti Lydia anofarira zvinhu zvinovaka, kwete kuputsa mhuri.
- Pfungwa dzake dzakatambanuka, uye anoongorora magariro emhuri yavo zvokuti anonyatsoona kuti Bertha anoda hama dzake kudarika dzekwaNyamayevhu,
- Maitiro aLydia anotendeseka. Kuyemura kwaanoita zvechinyakare, hakumurambidze kufarira zvechizvinozvino zvinodiwa nevezera rake. Anotamba, ‘break dancing’ ne’robot’, anoda zvemapati nemafirimu, uye anotaura achivhanganisa ChiShona neChiRungu nechidhorobha. Kufarira nokusekedzana kwaanoita naPetros kunonzwisisika. Anomufarira nokuti Bertha anomuvenga izvi

zvinotendeseka. Vana vezera rake vanozvimanikidza kuda chinhu chakavengwa nemunhu waasingafarire, nyangwe anga agara asingachidi.

**iv. VAJIMI**

- Somunhu wechikuru. VaJimi, vanotendera mune zvechinyakare. Izwi ravo rinokurudzira vechidiki kudzokera kuchinyakare chava kufa nekuda kwechizvinozvino. Zvinotaridza kuti vanoremekedza chinyakare kunetseka kwavari kuita nokuramba kwaBrian kuuya kumusha kuzorova guva rababa vake.
- vaJimi vanovimba nemidzimu. Pavanomborwara vozopora vanobika doru rekutenda midzimu yavo. Panodzoka Bright vanoronga zvokubika doru rekutenda midzimu. Vanonyanyoda Bright nokuti kunyangwe akadzidza, anoremekedza midzimu.
- Musha chinhu chakakosha kuna VaJimi. Vanoti achembera anobuda basa onogara kumusha kune hama nemakuva emadzitateguru. Kuna VaJimi mukadzi aroorwa anofanira kugara kumusha. NezvaBertha vanoti, “Mukadzi wako kuno kumusha haauyi. Pamba pangu chaipo haapazivi”. p3.
- Chimwezve chinotaridza kuti vanomirira chinyakare ndechekuti vanokoshesa ukama kudarika Brian. Pfungwa iyi inobuda pavanoti, “Vana vaMuchazvirega vana vangu, nokuti ini ndini ndakayamwa zamu rimwe chete naMuchazvirega. . .” p2. Kusarohwa kwemakuva mumusha maNyamayevhu kunonyanya kushoresa VaJimi saivo sorojena, ndosaka vachinyanyoshushikana.
- Mafungiro aVaJimi ekuti Brian anenge anofurirwa naBertha anotendeseka pazera ravo. Vane muono wekuti kana murume arasika ane mukadzi asina unhu nokuti, musha mukadzi.
- Kunyangwe vari izwi rinokurudzira chinyakare, twutsika twechirungu twuchirimo mavari semunhu akambosevenza muHarare. Matauriro avo ndeekusanganisa ChiShona neChiRungu dzimwe nguva. Maitiro aya anotendeseka chose, uye nekakuchenjera kavo, vanobva vasarudzwa sasachigaro weMupara-Kubatana Branch mubato reZANU (PF)

**v. BRIGHT**

- Nyangwe Bright akadzidza, uye akaenda mhiri kwamakungwa, anoremekedza chinyakare. Hapana mutsauko wakanyanya pane zvaakaenda ari kuWest Germany nezvaadzoka ave. KuWest Germany akamedza fundo yeko nekutenga midziyo yeko, asi tsika akaramba aine dzechishona.
- Muna Bright, munyori anonyatsotaridza kuti dzidzo hairambisi munhu kutevedza tsika dzechinyakare.
- Anotaridzawo musiyano naBrian pakuti Brian anoenda kuBritain kwaanouya nemukadzi, asi Bright anodzoka asina, aine vavariro yokuroora, Koni wematongo.
- Akafanana naBrian pakubudira munhu anenge amutadzira pachena. Anotsiura Bertha zviru pachena, asi zvisina ruvengo maererano netsika yake yekusaudza hama dza Brian nezvekurwara kwake.
- Bright, sezita rake, ane njere dzakapinza chaizvo. Izvi zvinoonekwa paanopasa dhigirii rake ne”First Class Honours – Upper Division”, p78. Chimwe ndechokuti



ane pfungwa dzakazaruka. Haavengi Brian nokuti aramba kurova makuva evabereki vavo. Haashoropodze Bertha nezvebasa rake. Anotofara kuti Brian naBertha vanomuda. Semaonero ake, “Brian ngaagare nekunamata kwake. *He is free to do what he likes. Kana neniwo I am free to do what I want*”. p93.

- Bright anofarirwa nevatambi vose vanotendera zvechinyakare. Iyewo anonyatsokwana muupenyu hwemumusha asina dambudziko.
- Bright semunhu akadzidza, uyewo semurume wezera rechidiki anotaura chidhorobha. Izvi zvinoonekwa muhurukuro yake naTemba kuWest Germany. Apa munyori anonyatsoburitsa mutambi akaurungana, uye anotendeseka.

## vi. PETROS

- Anomirira boka revasevenzi vomudzimba. Semunhu ane pfungwa dzakazaruka anokurumidza kuona kuti urwere hwaBrian huri kukonzerwa nemidzimu yaasiri kugadzira. Petros anonyatsoongorora mararamiro emhuri yekwaNyamayevhu, nokuti zvizhinji zvinoitika akangotarisa. Nokuti anoona zvimiro zvevanhu vemhuri yekwaNyamayevhu ari kunze kwemhuri iyi anonyatsa kutitaridza chokwadi chezvimiro zvavo.
- Bertha anonyatsomunzwisisa. Zviripo zvinhu zvinoitwa naBertha zvaasingatauri iye, uye zvisingazivikanwi naBrian, asi zvinoburitswa naPetros. Saiye anogeza motokari yaBertha anoona zvakawanda zvinotaridza kuti Bertha ane shamwari dzechirume. Anozivawo kunoenda naBertha achibva kubasa. Petros anoziva zvakawanda zvisingazivikanwi nevamwe vatambi nokuti Bertha anozviita Petros achiona achinzi musevenzi haanei nazvo, uye hapana waangazvitaure akazvibvuma.
- Petros anotendera chaizvo mune zvechinyakare nekubuda mumafirimu. Sokuona kwake, basa raBertha rinomutuma kusavimbika. Anoti, “Iyo mitambo yavanoita muterevhizheni inopa kuti kana munhu wanga uri honest zvakadii, rimwe zuva unozongozvitadza kuzvibata. . .” p55.
- Petros anoburitsa pfungwa inotendeseka yokuti vashoma varume vemuZimbabwe vangabvumire vakadzi vavo kuita zvinoitwa naBertha. Anobva aona Brian se “a very understanding husband”. P55  
Cherechedzo: Brian angange asingafarire zvinoitwa naBertha pasi pasi pemwoyo wake, asi haagoni kumurambidza nokuti:
  - ◆ Akamuwana achiita kosi iyoyo kuBritain.
  - ◆ Anotyha kuzonzi haana kudzidza, uye akasaririra shure.
  - ◆ Kune jechetere remadzimai nevarume.
  - ◆ Anomuda.
 Petros haagoni kuona zvikonzero izvi nokuti ane pfungwa dzevanhu vasingadi zvitsva, dzakangofanana nedzaVaSarurai naVaJimi.
- Petros anomirirawo izwi repovho yaitarisira kuti kana rusungunuko rwauya ichazogarikawo. Iye neshamwari dzake dzinosevenzera Frank, vaisevenza mudzimba idzodzi dzichiri dzevarungu, iye zvino dzava dzevatema, vachiri kungotambudzika.

- Uyu mutambi anotendeseka maererano nezvakaitika muZimbabwe, ane izwi rinomirira nyunyuto yeruzhinji.
- Asi Petros akangwara. Ari kuenda kuchikoro cheusiku, iye zvino ari kuita ‘O’ Level.
- Nyangwe zvazvo aine basa rinomupa mari shoma shoma mhuri yose iri kumusha yakatarisira kwaari.

#### vii. VASARURAI

- VaSarurai, saVaJimi, vanotenda zvechinyakare, zvekuti VaJimi vanokungura kuti dai VaSarurai vari murume, saivo dangwe raVaMuchazvirega, zvaiwa nyore kurova guva nyangwe Brian asipo. Kushushikana kunoita VaSarurai nekuramba kuuya kumusha kwaBrian nekufamba kwavanoita vachiuya kuHarare, kunotsigirawo pfungwa yokuti vanoda zvechinyakare.
- VaSarurai vanomirirawo vanavamwene vazhinji vasingawirirane nevaroora vavo. Izvi zvinobuda pakushoropodza kwavanoita Bertha. Pfungwa yavo yokuti, “Hanzvadzi yangu yakapfuhwirwa chete naiye Bertha mukadzi wake”, p9, inowanikwa mumadzimwene mazhinji.
- VaSarurai vanomirirawo izwi ravakuru vasingati zvachose kuti vana vevaShona vamedze dzimwe tsika dzechiRungu. Vanoona sokuti Chirungu chinokanganisa magariro echiShona, misambo neukama hwavo. Ivo vanotoona sekuti havasisina simba ravo routete pana Lydia naLinda.
- Kushora kunoita VaSarurai mapfekero aBertha hakushamisi nokuti zvinhu zvavasina kumboona zvichiitwa kumamisha.
- Vanoshorawo kutsvodana kunoita Brian naBertha pane vanhu. Kuratidzana rudo muchiShona hazviwanzoitwa pachena, kana mazwi ekurumbidzana kwevadiwa musambo une nzvimbo yawo nenguva yawo wega.
- Kutendeseka kwaVaSarurai kunobudawo pakuti, chero tichinzwa vachishora jechetere riri pakati paBrian naBertha, asi tinonzwa vachizotiwo magariro netsika dzechiShona dzinodzvinzirira vanhukadzi.

#### viii. MOLLY

- Molly musikana akadzikama, sekupupura kunoita Bright. Akazvibata zvokuti Bertha anosvikira pakumuti, “. . .chimusha ndicho chakanyanya kumupinda chaizvo”. p42. Anomudaro nokuti akamunyengera Frank akamuramba.
- Molly haanyanyoshushikana nezvokurohwa kwemakuva evabereki vake, nokuti anoziva kuti Brian naBright vachazvironga nyangwe iye asipo.]
- Ane pfungwa dzavakadzi vakadzidza vamazuva ano. Anofunga kuti mwanasikana anodzvinzirirwa nedzimwe tsika dzechiShona. Molly anonyunyuta kuti, “VanaBright vakapedza kutamba zveguva izvi, pfuma yakasiwa nababa vanogovana naBrian. Ini naSarurai hapana chedu. Nekuti tiri vakadzi nhai?” p96. Anoburitsa dzimwe nyaya dzakashandurwa nemutemo shure kwekuwana kuzvitonga kuzere muZimbabwe. Iye zvino mwanasikana anogonawo kugara nhaka yeupfumi hwababa vake. Pachinyakare mwanasikana aive mutorwa mumusha waaberekwa, agovawo mutorwa mumusha maaroorwa. Sokuona

kwaMolly, kuvengana kwavamwene nemuroora kunokonzerwawo nemimwe mitemo inodzvinzirira vanhukadzi.

- Molly anomirira izwi rinodaizira nekukurudzira vanhukadzi kubatana mukurwira kodzero dzavo. Pfungwa yake yekuti kana adzoka kuZimbabwe anoda kubata nemadzimai eWomen's League neyekuda kuroorwa nemurume anoremekedza jechetere anotaridza kufanana kwechimiro chake nechaBertha.
- Pfungwa dzaMolly dzakatambanuka nezvaakaona kuYugoslavia.
- Molly anoda Brian nokuti akapinza chikoro iye naBright.
- Matauriro ake ndemasanganiswa echiRungu nechiShona. Haatauri chidhorobha. Anonyatsotaridza kuti munhu akadzidza.
- Chimiro chaMolly chinotendeseka chaizvo kana tikatarisa upenyu hwake asati aenda kuYugoslavia nepaavako. Asati aenda anovenga Bertha nokuti semwana mudiki asati adzidza, uye asati aona nyika, anoona Bertha seanovhaira. Ava kuYugoslavia anotaridza kuti ava nepfungwa dzakajeka nezvaBertha. Ava kuona zvikonzero zvaiita kuti iye naBright vaone Bertha seanovavenga. Papfungwa dzerusunuko rwevanhukadzi, ave nerimwe naBertha.

**ix. VATAUZENI**

Pavanopumhwa uroyi nen'anga pakufa kwaVaMuchazvirega, vanobva vapinda chechi yechipostori. Izvi zvinhu zvinotendeseka. Muupenyu hwamazuva ose kazhinji vanhu vanopinda chipositori vanenga vachitiza zvinonetsa mumisha yavo. Sezvineiwo, pavanogoyananiswa naVaJimi nebatsiro yaVaMadyavanhu, VaTauzeni vanobuda chechi, vobva vatanga kunwazve doro. Matauriro avo anotaridza kuti vanofarira kubatana kwemhuri.

**x. LINDA**

- Chimiro chaLinda tinonyanyochinjwa naLydia. Akatodza Bertha, zvekare anoyemedzeka zvinoenderana nezera rake. Pfungwa dzake hadzina kutambanuka sedzaLydia, uye zvoze zvinoonekwa naLydia pamagariro evabereki vavo haazvioni. Chimiro chaLinda chinotendeseka pakuti varipo vana, zvikuru vedzimba dzakasimukira vanongotevedzera zvinoitwa nevabereki vavo, vasingazvifungire pachavo. Ava vana vakajaidzwa.
- Chitsauko chekupedzisira hachinyatsotendeseki. Muchitsauko ichi Linda anopiwa chimiro chemunhu mukuru anoyemura maroverwo emakuva. Chero mutauro waanoshandisa wabva washanduka kuva wechikuru chaiwo.

**xi. AMAI VABERTHA**

- Mutambi asina zvakawanda zvaanoita iye pachake munyaya, asi akakosha zvikuru pakuti anoshandiswa nemunyori kuumba rongetedzo yake nenzira yaanoda, uye kuendesha nyaya yake negwara raanoda, rinoenderana nevavariro yake.

- Mutambi uyu anongouya munyaya kamwe chete.
- Anoshandiswa kutsiura Bertha pamaitiro ake anga achizoparadza mhuri yake.
- Kubva musu watsiurwa, kutukwa nekuraiwa Bertha namai vake, akava nepfungwa itsva, uye maitiro matsva.
- Kushanduka kwaBertha uku, kunobva kwasandurawo chimiro cherongetedzo yebhuku.
- Amai ava havatombove nezita, asi chakakosha ibasa ravanoita mukuumba nyaya.

## 10) MIBVUNZO

- a) Ndeapi matambudziko anosangana nevanhukadzi ari kuburitswa nemunyori?
- b) “Gunguwo nyangoshamba sei idema chete”. Tsumo iyi inozadzikiswa zvakadzi mubhuku iri?
- c) Ipa pfungwa dzako pamusoro pemusoro webhuku iri uchiburitsa pachena kuti musoro uyu unowirirana zvakadzi nezviri mubhuku.
- d) “Mazita evatambi vanoti, Muchazvirega, Sarurai naBright anoreva zvakadzama munyaya iyi”. Unotii nepfungwa iyi?

## MUNZWA MUNDOVE

NaM. Mahanya (College Press)

### 1) PFUPISO YENYAYA

Muzvondiwa anopiwa basa rokuferefera mhosva yokubiwa kwenyanga dzenzou nedzevipembere, mbanje, matombo anokosha nechikumute zvaive umbowo pakamba yemapurisa. Paanenge achironga kunosungwa Joseph Makiwa, wainge achiti ndiye nyakuba, Muzvondiwa anotosungwa ndiye, zvinhu zviye zvawanikwa zviri mumotokari make. Muzvondiwa anopika jeri. Joseph Makiwa, mumwe mupurisa aishanda naMuzvondiwa anonyangarika, zvichitonzi akafa. Panozobuda Muzvondiwa mujeri, anoshanda semutikitivha akazvimiririra, pamwe nechikwata chekambani yake. Vanoferefeta kusvikira vabata kuti Joseph mupenyu, zvekare iye nechikwata chake chinanganisira Violet (Vimbai), musikana aidanana naMuzvondiwa mabasa okuferefeta umhondi, ndivo vainge varongerwa Muzvondiwa, uye kukonzera ndufu dzevanhu vane chitsama.

### 2) RONGETEDZO YENYAYA

Nyaya iyi ndeyeferefeto yeumbavha neumhondi. Inotangira pakati, mutambi mukuru, Muzvondiwa abuda mujeri. Zvimwe zviitiko zvakaitika mumashure tinozozvinzwa mumifungo yaiye Muzvondiwa, uye kubva mutsananguro dzevamwe vatambi panenge bhuku rotopera, vave kuita revururo mushure mekunge vasungwa nemhosva kana kuti vave kupa umbowo kuti nyaya yose inyatsojeka.

### 3) **NGUVA NENZVIMBO**

Nguva inoitika nyaya ndeapo Zimbabwe yainge ichangobva kuwana kuzvitonga. Izvi zvinodaro nokuti mukunyora kwake, munyori anotombopesanisa mazita. Pane panonzi Zimbabwe, poita pamwe ponzi Rhodesia. Mazita enzvimbo anoshandiswa, sekuti Harare, kureva guta guru reZimbabwe, zvakanakava tave nerusununguko. Asi, zvimwe zviitiko zvinotsanangurwa zvinoenderana nenguva youdzvanyiriri, sokuti mapurisa echitema mashomashoma aive nezvinzvimbo zvepamusoro. Nyaya iyi inoitikira mudhorobha, mumigwagwa, mumapurazi, mumaruwa, zvose nekunze kwenyika kuZambia. Kuwanza nzvimbo uku kunoenderana nenyaya yeferefeto, kuti unyanzvi hunyatsobuda panovhendenyurwa nokubatanidzwa nyaya kubva kuumbowo hwakapararira kudaro.

### 4) **MADINGINDIRA ANOBUDA**

- i. Ferefeto.
- ii. Utsotsi hwezvkwata zvakarongeka.
- iii. Uori muchipurisa
- iv. Kuvhimwa kwenzou nezvipembere zvisiri pamutemo.
- v. Kutengeswa kwematombo akakosha zvisiri pamutemo.
- vi. Kupondwa kwevanhu.
- vii. Kushungurudzwa kwevana mumhuri.
- viii. Kuparara kwemhuri.
- ix. Kusavimbika murudo.
- x. HIV/AIDS.

### 5) **ZVIDZIDZO ZVINOWANIKWA MUNYAYA**

- Rina manyanga hariputirwi.
- Guyu kutsvukira kunze mukati rina masvosve.
- Mari ine chitema.
- Chakanaka chinokunda chivi.
- Kusiyana kwevawanani kunounza kushungurudzwa kwevana.
- Vamwe vanhu vanosungirwa votopikira mhosva dzavasina kupara.
- Vamwe vanofira mhosva dzavasina kupara.
- Chivi chinodya mwene wacho.

### 6) **NZIRA DZAKASHANDISWA PAKUNYORA BHUKU**

- Nhorooondo yemunhu wechitatu/Muzivazvose.
- Nhangirapakati.

- Nhendeshure.
- Fungiramumwoyo.
- Nhaurandoga.
- Nziyo.
- Nhetembo.
- Tsamba.
- Masanganiswa emutauro weChiShona, ChiRungu nechidhorobha.
- Twumwewo twunyaya/twutsananguro twusinei nenyaya huru.
- Nzvenzvero kubhuku renganonyorwa remunyori mumwoyo, “Chinotanga mberi mashura”.

## 7) MUSORO WEBHUKU

Munzwa mundove idimikira rinoreva kurwadzisa kana kuuraya mumwe kuburikidza nokunyepedzera kuva zvausiri, uchivanza unhu hwako, kazhinji hwakaipa, zvokuti vanhu pavanozozviziva, vanova nokukatyamara kukuru. Tingatore zvedu Mashoko acho akashandiswa mudimikira iri kuti atibatsire kunzwisisa. Fungidzira, munhu asina shangu atsika ndove nyoro achingoti indove zvayo, obva asangana nemunzwa wemupangara, kana wemubayamhondoro! Anochema abayiwa, agoyuwira, nokuti anenge asangana nezvaaisafungira. Kana mudzimai anenge atora zvake ndove kuti adzure mumba make, obva adira mvura otanga zvake kudzura, obva asangana nomunzwa wechidhongwi kana tsine. Chokwadi panova nokurwadziwa nokushungurudzika nokuti anobayiwa asina kana nefungidziro.

Munyaya umu mune vatambi vanoita zvinojekesa zvinorehwa nomusoro webhuku.

### a) VIOLET/VIMBAI

- Anovanza utsotsi noumhondi hwake pakuita basa rounesi, iro rinoda vane tsitsi, mwoyochena norudo, uye vanochengetedza upenyu. Nemashandiro aaiita, hapana aimbomufungira kuti angava mutungamiri wechikwata chematsotsi nemhondi.
- Violet anorwadzisa nokuurayisa vanhu vane chitsama pasina vekunze vaimbomufungira.
  - Violet anoziva nezvokuti Joseph mupenyu kubva kuna Gedion. Gedion paanenge oda kunoono Masiyanise (Joseph) kuChomumvuri Farm, Violet anobva aziva kuti Gedion ainge oziva kuti iye Violet ainge ari mumwe wechikwata chematsotsi ichi. Violet anobva apondesa Gedion nematsotsi echikwata chake.
  - Kudana kwaanoita naMuzvondiwa kunoita kuti avanze chinangwa chake chaicho, chokuda kuziva mafambiro nemashandiro ose aMuzvondiwa.
  - Pokutanga-tanga, ndiye Violet akatumira matsotsi kuti arove Muzvondiwa, apo ainge oda kuziva nezvokutsakatika kwaGedion, ainge apondwa nematsotsi aViolet.
  - Muzvondiwa paanopunyuka nepaburi retsono, Violet anobva amuvvehetedza, munguva yake yourwere ari muchipatara, vobva vadanana. Anonyepera kuperera murudo naMuzvondiwa, otera mukana wekunyatsomubvunzurudza nekumugombedzera kutaura nezvebasa rake rokuferefeta. Paanozoudzwa naMuzvondiwa kuti ainge apiwa basa raSamson Rungano, anonyepera kuti haazive

Samson, asi iye ari hanzvadzi yake. “Ko, basa ravakupai nderekuti muferefete chii? Ndingangobvunza pamwe zviri zvenyu muri vaviri,” anodaro Violet.

- Violet paanonzwa kuti John ainge otsvaga kuti Gedion akaenda kupi, anobva asona John dzamara apfimbwa naye. Izvi anoitira kuti awane mukana wekuve padyo naye nokuzomuuraya.
- Violet anonyepera kukatyamara nokuvhunduka paanoudzwa nezvekupondwa kwaJohn Moyo, izvo ariye nyakumubaya nebanga.
- Panotaura Muzvondiwa nezvaJoseph, Violet anomupa mutorododo wemibvunzo kuti anyatsobata mamiriro ainge ane ruzivo rwaMuzvondiwa, iye achiziva zvake kuti Joseph wacho mupenyu.
- Anonyepedzera kutyira upenyu hwaMuzvondiwa oedza kumunyengetedza kuti asaite basa rokutsvaka mhondi yaJohn. (Nekuti Violet ndiye mhondi yacho!) (p45).
- Muzvondiwa asimbirira nokuti aiita basa iri, Violet anomuyambira nemashoko ane nhemeramuvhu.
  - i. “Ziva kuti iwe nebasa rako iri une mhandu dzakawanda kupinda shamwari”. (p45) [Iye Violet ndiye mhandu yacho huru!].
  - ii. “Hezvo wakambopedza chifo chegore uri muchipatara nokuda kwaRungano iyeye nemabasa ake aanokupa zvenhemanhema”.
  - iii. “Kuda kukutsvagira guva chete kwaave kuda kuita uku”.
  - iv. “Mudzorere mari yake uti hauchada basa rake iri”.
  - v. “Hevo, bva zviri kwauri kutsvaga rokufuga kana rokuwarira”.
  - vi. “Asi mangwana kana razove buno risifemberi usazoti handina kukuyambira”.
  - vii. “Tondera tsumo yevakuru yavanoti, ukakwira gomo uchitsvaga rize, unoriwana, asi kana rikakuruma, usazoti mavara azara ivhu”.
- Anonyepa kuti ainge asina kumbosvika kuKaroo Hotel, asi achinyatsoziva kuti aivako. Anotoraronetsana naMuzvondiwa nyaya yokuti Muzvondiwa aregere kutsvaga mhondi yaJohn, uye anopopota zvikuru paanorambobvunzwa kuti aive aonekwa kuKaroo aina John nevamwe.
- Violet munyepedzeri mukuru.
  - ◆ Paanofonerwa naMuzvondiwa anomuudza kuti ainge amusuwa, uye otyira kuti akawirwa netsaona, onyepera kushamisika nokuti imba yaMuzvondiwa yakapazwa, asi ari iye ainge atuma matsotsi acho.
  - ◆ Paanosvika pamba paMuzvondiwa anotopfikura kuchema, oyambirazve Muzvondiwa kuti arege basa raainge apiwa naSamson.

“Magumiro acho ndinoona kuti anenge asina kunaka. Vanhu ava vanozogumisira vakuuraya mudiwa”. (Apa Violet anobvunza nezvakanyorwa mutsamba yaainge asina kumboudzwa nezvayo, kutaridza kuti aitoziva kare).
  - ◆ Anonyepera kusuwo paanoyambira Muzvondiwa, “Asi ziva kuti ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma, kana kuti neropa kudonha. Nyaya yawaramba wati shishita nayo iyi “ichakuurayisa. . .”.
  - ◆ Anopa pfungwa dzokurasisa Muzvondiwa kuti arege kuramba achitsvaga nezvaJoseph. “Zvino newewo mudiwa wangu, unofunga ingave chokwadi here iyoyo? Idzi ndidzo dzinonzi nhema chaidzo. Saka wati hako mashura. Zvakafanana nokuona dhongi richikwira bhazi”. (p.44).

- ◆ Anozotizve pamwe, “Ini kuona kwangu mudiwa, ndinoona kuti vanhu ava vakapaza imba vanhu vaishanda pamwe naJoseph asati afa, zvino vari kutya kuti pamwe ungavafumura. Zvokuti iye Joseph mupenyu handifungi. Ungangoswera zvako uchizvitemesa musoro netunhu tusina nematuro ose”. (p75). Apa aitoziva zvake kuti Joseph wacho mupenyu, uye anotozodoma kuti ari kuZhombe, asingafungiri, paanobvunza Muzvondiwa nezverwendo rwekuZhombe, chero Muzvondiwa ainge asina kumbomuudza kuti ndiko ainge aenda.
- Anonyepera Muzvondiwa kuti ainge aenda kumusha kunoono sekuru, uye kuti ainge ashanyirwa namai vake. Apa anenge achida kuwana mukana wekuronga zvinhu zvake nechikwata chake chematsotsi.
- Anonyepera kuti ainge akadhakwa zvekuti aisaziva zvakaitika musi waanwira doro muKaroo aina Johna Moyo nevamwe. Muzvondiwa anotomuti, “Unonyepa mudiwa . . .”.
- Anonyepera kunzwisisa nokuregere Alec pakutaura kwaakaita kuti ainge aona Violet aina mushakabvu John Moyo, asi anozotsika Alec nokumuuraya nemotokari.
- Paanoziva kuti Rudo mwana waJoseph anomonyepera kuti aizomupinza basa kana ainge amupa kero yamai vake yekuZambia. Uku kwaive kuri kuti iye naJoseph vawane Acquiline, mai vaRudo, sezvo ndivo vainge vasara pavanhu vavaifungidzira kuti vane ruzivo nezvenyanga nezvimwe zvainge zvabiwa naJoseph ndokuzoshayikwa.
- Chero kushandisa mazita maviri, Violet naVimbai, kunotaridza kuti aisada kunyatsozivikanwa unhu nemafambiro ake. Somuenzaniso, panoudzwa Muzvondiwa naRudo kuti Rudo ainge avimbiswa basa nanesi Vimbai kana ainge avaudza kero yamai vake kuZambia, Muzvondiwa haanawo kuziva kuti ndiViolet aituarwa nezvake.

## **VAMWE VATAMBI VANOITA HWEMUNZWA MUNDOVE**

### **b) JOSEPH**

- Paanoziva nezvekuti Muzvondiwa ave kuziva kuti ndiye akaburitsa nyanga dzenzou nezvimwe zvaive musefa yemapurisa, uye kuti ndiye mukuru wechikwata chematsotsi, anoita zvinotevera zvaisafungidzirwa naMuzvondiwa,
  - Anoronga zvekusungisa iye Muzvondiwa wacho.
  - Anoviga zvaakaba zviye mumotokari yaMuzvondiwa.
  - Anoparadzira runyerekupe rwekuti Muzvondiwa ainge aine chokuita nezvokubiwa kwezvinhu zvainzi iye Muzvondiwa atsvage mbavha yazvo.
  - Anopa mukuru wemapurisa wechichena mazano okuti aunze matikititvha kubva kudhorobha reGweru neMasvingo kuti auye kuBulawayo kuzoferefera ‘umbavha’ hwaMuzvondiwa.
- Panosungwa Muzvondiwa, Joseph anobva akurumidza kuregedza basa ndokubva apiwa mudyandigere wake, obva anotangisa mabhizinesi. Izvi anoitira kuti vanhu vangoti



imari yepenjeni, vasingazive kuti imari yaibva pakutengesa nyanga dzemhuka zvisiri pamutemo.

- Paanoziva kuti Muzvondiwa abuda mujeri, Joseph,
  - Anonyebedzera kunge afira mutsaona yekutsvira mumotokari, nokutoitirwa mariro nokuvigwa.
  - Anozvipisa kumeso kuti asazozivikanwi nevanhu .
  - Anotenga chimwe chitupa ochinja zita, onzi Masiyanise kuti asazivikanwe, otizira kuZambia.
- Pamwe neshamwari yake Godfrey, vakavewo munzwa mundove kuna Mandivenga, uyo aive mukuru wevavhimi aiuya nenyanga achizopa Joseph, pakuti vakazomuraya ndokumupisa vachinyepedzera kuti akafa pamwe naJoseph mutsaona.
- Joseph akaita zvimwezvo kunaGodfrey wacho, nyakumubatsira kuzvishandura kuve Masiyanise nokutizira kuZambia, apo anomuraya asingachadi kugovana naye mari.
- Paanodzoka kuZambia anouraya munin'ina wake aifambisa zvitoro, onyebedzera kuzvitenga achishandisa zita rake idzva.
- Kumwanasikana wake, Rudo, akamubvuta kuna mai vake achiri chindumure, kumurega achishungurudzwa nomukadzi wainge azoroora, uye kunomutora kumba kwaMuzvondiwa nokunomurovesa naViolet, kuitira kuti mai vake vagodura kwavakaisa nyanga dzaaifungira kuti ndivo vakatora.

**c) SAMSON RUNGANO**

- Anotuma Gedion kunotsvaga mukuru wechikwata chematsotsi, asi iye ariye mukuru wacho. Izvi zvakaaita kuti Gedion azozive kuti Joseph mupenyu uye ndiye Masiyanise, zvakazosvitsa pakuti aurayiswe naViolet.
- Paanopa Muzvondiwa basa rokutsvaga Gedion, anoita kuti chikwata chake chematsotsi chizvize, izvo zvinoita kuti Muzvondiwa arongerwe naViolet kuti aitwe kafiramberi nematsotsi acho.
- Paanotuma Muzvondiwa basa rokuferefeta kuti Joseph Makiwa achiri mupenyu here kana kwete, haabudiri Muzvondiwa pachena nezvechikonzero chacho chaicho chaita kuti ade kuva noruzivo urwu. Chaaida kuwana nyanga dzaive naJoseph kuti agotsive mari yaainge aba kukambani yaaive mukurumukuru. Nyanga idzi aida kudzitengesazve Violet asingazivi.
- Pakupazve Muzvondiwa basa rokuferefeta kupondwa kwaJohn Moyo, anobva abudisa mupepanhau kuti Muzvondiwa ndiye ainge achiita basa iri. Izvi zvinoitazve kuti matsotsi ake abve awana kuronda Muzvondiwa, iye achifunga kuti ari kushanda muchivande.

**d) ACQUILINE (MAI VARUDO)**

- Anorwadzisa Joseph asingazvifungiri nokuti:
  - Anoviga nyanga nezvimwe zvinokosha mubhokisi rakazofutsirwa muguva richinzi rine mapfupa aJoseph.
  - Paanobvunzwa vave kuZambia anoramba zvachose kuti pane zvaaziva.
  - Chero panotorwa chindumurwa chake, Rudo, naJoseph sechibatiso, haaduri, uye haateveri kuZimbabwe.

- Nyangwe paanozvamburwa iye, pamwe naRudo nemboma naViolet haaduri.
- Chero pavanotyisidzirwa kuti vaizourayiwa haaduri chinhu.

e) **MUZVONDIWA**

- Iye pachake mutambi uyu mukuru, akavawo munzwa mundove kune vanotevera
  - Violet.
  - Samson Rungano.
  - Mapurisa - Choga naMaturure

**VATAMBI**

Sezvo iri nyaya yeferefeto, bhuku iri rine vatambi vakawanda chose, vakuru nevaduku, mumwe nemumwe wavo ane chinzvimbo chaanotora kubatsira kuburitsa dingindira guru, kana kuburitsawo twumwewo twunyaya twunotaurwa nezvatwo nemunyorori.

Heanoi mazita avo nezvinzvimbo zvavo nepapfupi.

- 1. David Muzvondiwa**  
Mutikitivha anoshanda akazvimiririra ega, aimbova mupurisa.
- 2. Samson Rungano**  
Museri mukuru wepepanhau reZimbabwe Tribune
- 3. Petros**  
Mutengesi wezvidyiwa zvakasiyana-siyana anowirirana naMuzvondiwa.
- 4. Joseph Makiwa (Masiyanise)**  
Aimbova mupurisa achishanda naMuzvondiwa
- 5. Mandivenga**  
Mushandi aivhimira Joseph nyanga dzenzou nezvipembere.
- 6. Godfrey**  
Shamwari yaJoseph
- 7. Elliot naTimothy**  
Vashandi vaMuzvondiwa.
- 8. Gladys**  
Munyorori waMuzvondiwa.
- 9. Alec/Alex**  
Mutengesi wedoro muhotera yeKaroo anowirirana naMuzvondiwa.
- 10. Violet/Vimbai**  
Musikana waMuzvondiwa.
- 11. Sophia**  
Shamwari yaViolet.
- 12. Detective Inspector Choga/ Sajeni Maturure**  
Mapurisa ehurumende
- 13. Gedion**  
Mutapi wepepanhau reZimbabwe Tribune anotsakatika.
- 14. John Moyo**  
Mutapi wepepanhau reZimbabwe Tribune anopondwa.
- 15. Samaita**  
Anosungwa achipomerwa mhosva yokuponda John Moyo.
- 16. Rudo**

- Mwanasikana waMasiyanise (Joseph)
- 17. Nyarai**  
Mudzimai waMasiyanise.
  - 18. Dorika**  
Mubvandıripo waNyarai.
  - 19. Marvis**  
Munin'ina waRudo, mwana waMasiyanise naNyarai.
  - 20. Aquiline**  
Amai vaRudo.
  - 21. Jack Chuma**  
Mukomana waRudo.
  - 22. Muchaneta**  
Musikana wefomu 3 akamitiswa naJack.
  - 23. Tapera Madyira**  
Shamwari yaMuzvondiwa.
  - 24. Grace**  
Mushandi waTapera/shamwari yaRudo.
  - 25. VaMaDube**  
Tete vaGrace
  - 26. Mercy**  
Mwana waMaDube /munyori wenhetembo
  - 27. Gloria**  
Mushandi waMasiyanise kuKasuwe.
  - 28. Sekuru Maposa**  
Mukuru aizivawo Joseph.
  - 29. Amai Ester**  
Muroora waSekuru Maposa akamboshanda muchitoro chaJoseph.
  - 30. VaMoyo/babavaRosemary**  
Vaitungamirira pamariro aJoseph vakasungwa bhandeji kumeso.
  - 31. VaChikomo**  
Muridzi wepurazi riri pedyo neChomukova.
  - 32. Gurai**  
Mupurisa wekuForensic Department/Shamwari yaMuzvondiwa
  - 33. Tambai**  
Aichengeta papurazi paMasiyanise.
  - 34. Mukuru wemapusa Chirombo/Sajeni Toendepi/Constable Paradzai**  
Mapurisa edunhu reKwekwe.

### **ONGORORO YEUNHU NEZVIITO ZVEVATAMBI VAKURU**

#### **a) DAVID MUZVONDIWA**

Mutikitivha anoshanda akazvimirira. Ane kambani yake yematikitivha ine vashandi vatatu vanoti, Gladys, munyori, nemamwe matikitivha anoti Elliot, naTimothy. Muzvondiwa anotanga achisevenza ari sajani mumapurisa ehurumende. Anopiwa basa rokuferera kubiwa kweumbowo musefa yemapurisa. Paanenge oziva kuti Joseph Makiwa ndiye nyakubvisa zvinhu zvacho musefa, uye kuti Joseph aive mukuru wechikwata chamatsotsi, Muzvondiwa anosungwa, zvinhu zviya zvawanikwa zvakavigwa mumotikari yake.

Anogara mujeri. Paanobuda ozvishandira ega, anoferefeta apihwa basa naSamson Rungano, kusvikira abata zvoze zvainge zvaitika mushure mekubiwa kweumbowo, uye pakuzopondwa kwevanhu vaiedza kutsvaga umbowo hwenyaya iyi.

- Muzvondiwa murume anoshuvirawo kuva nebasa repamusoro. Panomuka chinzvimbo chekukwidziridzwa muchipurisa, iye naJoseph varivo vaikodzera, Muzvondiwa anotokwikwidza naJoseph zvekutofambirana kun'anga kunoromba.
- Ane ushingi. Paanopiwa basa rokuferrefeta kutsakatika kwaGedion, mutapi wenhau weZimbabwe Tribune, iye anorohwa nematsotsi zvekuti anopotsa afa. Anotogara muchipatara mwedzi inosvika mitanhatu. Paanobuda, haaregeri basa routikitivha. Anotobvumazve kupiwa basa rokutsvaga mhondi yaJohn Moyo, mumweze mutapi wenhau weZimbabwe Tribune, uye kutsvakawo kuti Joseph Makiwa mupenyu here. Paanonyengetedzwa kupopoterwa, uye kutyisidzirwa naViolet, kuti asatore basa iri, anondinyira zvimiti munzeve, oenderera mberi.
- Haafungidzire munhu pasina chikonzero chekuti adaro. Paanopiwa basa naSamson Rungano anoribvuma, zvisinei nokuti akambopinda munjodzi mushure mekunge apiwa rimwe.
- Ane chivindi. Paanopazirwa motokari nembera, uye kusiya anyorerwa tsamba yekuti arege kuferefeta mhondi yaJohn, haambovhunduki, anotoenderera mberi nebasa racho.
- Ane unguwaru. Kuita tsvakurudzo yake muvanhu vazhinji vanosanganisira vanhuwo zvavo, kunoita kuti awane ruzivo rwakawanda. Kuwirirana kwaanoita nevanhu vane zvinzvimbo zvakasiyana-siyana muupenyu, kunomuwanisa ruzivo rwezvaanoda, uye rubatsiro, sekuti kubva kuna Petros, Alec, Tapera naGurai.
- Anokurumidza kushandisa njere.
  - Anonyepa kuna Gloria, Sekuru Maposa namai Ester kuti anosevenza kuinishumwarenzei yaida kubhadhara murume akafa pamwe naJoseph.
  - kwaMasiyanise paanonzi ndozoti ndiani kuna baba, anoti, shamwari yavo yokuBulawayo.
  - Anoronga kuti iye naElliot vanzvenge mapurisa, chonga naMaturure nokupinda nenzira dzemukati memapurazi.
  - Paanoenda kuZambia, anoronga naElliot kuti aone kana paive nevaimutevera.
- Ane rurimi rwunotapira. Anogona kunyengerera vanhu vaanenge achida kuwana ruzivo kubva kwavari, sekuti Rudo, Sekuru Maposa, mai Ester, Amai Kachingwe naVaChikomo.

## **ALEC/ALEX**

Mutengeswi wedoro mune imwe hotera inonzi Karoo, muHarare. Ane chipo chokugona kuongorora zviri kuitika munharaunda yaanoshandira.

- Anowirirana zvikuru naMuzvondiwa, uye mumwe wevanhu vaive nhotamazwi dzake.
- NdiAlec anotanga kuudza Muzvondiwa kuti anzwa nezvekupondwa kwaJohn Moyo, aishandira pepanhau reZimbabwe Tribune.
- Anoudza mapurisa kuti John ainge abuda muKaroo Hotel na10:15 dzeusiku hwaazopondwa.

- Alec akambonunura Muzondiwa obva pahotera akadhakwa chose, apo ainge akombwa nematsotsi matatu.
- Anoudzawo Muzvondiwa nezvokuti Violet, musikana waMuzvondiwa, ainwa doro naJohn Moyo nevamwe, musi wazofa John akapondwa.
- Alec anozotsikwa naViolet nemotokari nokuda kwenyaya iyi ndokutofa.

## **SAMSON RUNGANO**

Musori mukuru wepepanhu rinonzi Zimbabwe T ribune, rinove rimwe remapepa aigara achishoropodza matikitivha anozvishandira ega. Iri pepanhau rinonzi rainyanya zvikuru kushoropodza kambani yaMuzvondiwa.

- Samson mukuru wechikwata chematsotsi icho chaivhima nokutengesa nyanga dzenzou nezvipembere zvisiri pamutemo. Anoshanda nehanzvadzi yake Violet kana kuti Vimbai.
- Ane undyire. Anonzi aisada kupa Violet mugove unoenderana nebasa raanenge aita paugeven'a hwavo. Paanotuma Muzvondiwa kutsvaga Joseph Makiwa, aida kutora nyanga otengesa zvisingazivikanwi naViolet.
- Ane unyengedzi. Anonyepera kufarira Muzvondiwa nokumupa basa rokuferefeta ndufu dzevatori venhau vekambani yake, asi nekuseri omukwenyera vamwe vechikwata chake chematsotsi, izvo zvinoita kuti Muzvondiwa arohwe zvekuitwa kafiramberi. Chikwata chake ndichozve chinotyisidzira Muzvondiwa kuti arege kuenderera mberi nokuferefera nezverufu rwaJohn Moyo.
- Ane umbavha. Anoba mari yekambani yaanoshandira, izvo zvinoburitswa naMuzvondiwa.
- Ane utsinye. Aisazeza kuti vatori vake venhau vaurayiwe kana vatora ferefero yaida kuburitsa nyaya ine chokuita neutsotsi hwake.
- Anogona kuvanza zvaaari chaizvo panyaya youtsotsi. Pazvinoburitswa naMuzvondiwa vakawanda vanokatyamadzwa nazvo, kutaridza kuti aivewo munzwa uri mundove chaiwo.

## **PETROS**

Mukomana wechidiki anoita basa rokufamba-famba achitengesa zvidyiwa zvakaita semiriwo nemazai, muMbare.

- Anonzwanana naMuzvondiwa zvekuti anotoshandawo senhotamazwi yake achimuzivisa nezvimwe zviitiko zvinokosha zvinenge zvichiitika munharaunda yavo. Somuenzaniso, ndiye anoudza Muzvondiwa nezvekuti Rudo ainge atorwa nevarume vaviri vakaenda naye muzimba riya rakafa rinotambirwa nevanhu.
- Petros akangwara. Anogona kushambadzira zvitengeswa zvake achiti zvachipa, uye zvakasiyana nezvimwe. Mukudai, chero Muzvondiwa anotopedzisira atenga mazai, nokumusiyira chenji yacho.

- Anokurumidza kuongorora. Paanoona Rudo achitorwa, anocherechedza kuti Rudo anga ana varume vaviri, uye achiratidza kunge anga asingambofari zvachose, zvekare anenge anga achiratidza kutya.

## **JOSEPH MAKIWA/MASIYANISE**

Uyu murume mukuru wechikwata chematsotsi, asi anotanga achishanda muchipurisa pamwe naMuzvondiwa. Panenge uori hwake muchipurisa hobatwa, anorongera Muzvondiwa kuti asungwe nokutopika jeri.

### ▪ **Akangwara chose**

- Anoshandisa ungaru hwake kuita mabasa ehutsotsi. Anotopinda basa rechipurisa kuti asawane anomufungira kuti mukuru wechikwata chematsotsi.
- Anopota achitsakatitsa umbowo, kana vasungwa vari vechikwata chake.
- Paanoziva kuti ave kuda kubatwa naMuzvondiwa nenyaya yake yekuba zvinhu musefa yemapurisa, uye kuti mukuru wechikwata chematsotsi, anotangira Muzvondiwa mberi, omusungisa iye, mushure mekunge amuisira zvinhu zvainge zvabiwa mumotokari yake.
- Anotora zvakare, zvinhu zvainge zvasungirwa Muzvondiwa ondozviviga.
- Panosungwa Muzvondiwa, Joseph anobva aregedza basa ondotanga mabhizinesi, okuvanza utsotsi hwekutengesa nyanga dzemhuka zvisiri pamutemo.
- Aisavhima mhuka dzacho pachake, asi kuti aiva nevavhimi vaive pasi paMandivenga, opawo mukuru wake Vimbai, opiwa mari, nokuzopawo Mandivenga.
- **Anoshandisa njere nokuronga zviru pamberi.** Paanoziva kuti Muzvondiwa abuda mujeri, Joseph anorongera zvekuti atizire kuZambia nokunogara achishandako.
  - Anonyebedzera kufa, otoitirwa mariro nokuvigwa.
  - Anorongera nomunin'ina wake kuti amumirire neimwe motokari.
  - Iye neshamwari yake Godfrey vanouraya Mandivenga vomupisira mumotokari kuti vanhu vafunge kuti Joseph afawo zvechokwadi.
  - Anozvipisa nemvura kumeso.
  - Anotenga chimwe chitupa
  - Anotyairirwa motokari naGodfrey kuenda kuZambia.
  - Anourayira Godfrey kuZambia.
  - Anotizira kuZimbabwe painge ofungirwa nomudzimai pakufa kwaGodfrey.
  - Pakutiza anotora chindumurwa chavo Rudo, kuti asanetswa nemapurisa, uye serubatso kuti mudzimai agodura paakaviga nyanga.
- **Imhondi yomene**
  - Kunze kwokuuraya Mandivenga naGodfrey, paanodzoka kuZimbabwe, Joseph anouraya munin'ina wake, uyo aifambisa zvitoro zvake, onyebedzera kuzvitenga achishandisa zita rake idzva, rokuti Masiyanise.
- **Ane utsinye**
  - Paanobatwawo naViolet kuti mupenyu, uye otsidza kuti haazive kune nyanga dziye, anorongera zvokupamba Rudo, uye kurova mai Rudo pamwe nemwana wavo, kuti kana vakaona mwana wavo achirohwa, vagodura kwavainge vakaviga nyanga.

## VIOLET /VIMBAI

Mukadzi uyu mukuru wechikwata chematsotsi, ari hanzvadzi yaSamson Rungano.

### ▪ **Akachenjera zvikuru**

- Anopinda basa rounesi kuti asafungirwa utsotsi.
- Anoita zvekudanana naMuzvondiwa kuti agowana ruzivo kubva muferefeto dzaMuzvondiwa, kuti agorwushandisa mumabasa ake eutsotsi.
- Anonyepera kusaziva zvinhu zvaane ruzivo rwakanyanya pamusoro pazvo, sekuti rufu rwaJohn, Samson Rungano, kuti Joseph Makiwa mupenyu.
- Anoshandisa mazita maviri kuti vanhu varege kukurumidza kuziva kuti ndiye munhu mumwe chete.

### ▪ **Ane utsinye**

- Anoronga nechikwata chake kuti vaita Muzvondiwa kafiramberi paainge oda kuvhundunyura utsotsi hwavo paaitsvaga nezvaGedion.
- Chero aiti aidanana naMuzvondiwa, anotuma vanhu kunopaza motokari yaMuzvondiwa nemboma yake.
- Anoisia umbowo hunosungisa Samaita nemhosva yokuponda John.
- Anotuma vanhu kuti vatsike Rudo.
- Anosundidzira Rudo mumugwagwa kuti atsikwe nemotokari.
- Anorova Rudo namai vake nemboma.

### ▪ **Anokurumidza kushandisa njere**

- Paanoziva kuti Muzvondiwa ava kunotsvaga Joseph kuGokwe, anokurumidza kutuma matsotsi ake kunomutora kuti auye naye Harare kuti azodure paakaviga nyanga nezvimwe zvinhu.
- Anotuma matsotsi mamwewo kuti abate maiRudo nokuti aifungidzira kuti Joseph akapa mudzimai wake kuti vagotengesa vadya vega mari.
- Anoudza matsotsi ake kuti asarindire Muzvondiwa paKariba paainge apinda napo muZambia, asi kuti amugaririre kuChirundu, nokumurondo kwose kwaaienda.
- Anorovawo Rudo nechinangwa chokuti amai vake varwadzirwe mwana wavo vagodura kune nyanga.

### ▪ **Imhondi**

- Akaurayisa Gedion paakanzwa kuti ainge oda kunoona Masiyanise (Joseph Makiwa) kupurazi rake kuChomumvuri.
- Akauraya vanin'ina vaJoseph nokuda kumurwadzisa kuti agodura paakaviga nyanga.
- Akatuma matsotsi akaita Muzvondiwa kafiramberi paainge otsvaka nezvaGedion.
- Akabaya John Moyo nebanga, paainge otsvakawo nezvekutsakatika kwaGedion.
- Akatsika Alec nemotokari, nokuti ainge audza Muzvondiwa, uye aifungirwa kuti nemapurisa, iye Violet ainwa doro na John, usiku hwezuya razowanikwa John akafa.

### ▪ **Munyengedzi.**

- Anonyepera kuda John kuti agowana mukana wokumuuraya.
  - Anopfikura kuchema paanouya kumba kwaMuzvondiwa kwapazwa, asi ariye akaronga kuti zviitwe.
- **Igwara**
    - Aisada kumira pamberi pematare edzimhosva.
    - Anokumbira Muzvondiwa kuti amupfure zvipere.

## **TAPERA MADYIRA**

Ishamwari yaMuzvondiwa ine mabhizinesi kuZhombe paTororo pedyo neSidakeni. Tapere akambenge ari mutori wenhau werimwe pepanhau rainge ramira kudhindiswa. Anowanawo nguva yokutapira mapepanhau ane chitsama achizvishandira zvake ega, seZimbabwe Tribune. Anopa Muzvondiwa rubatsiro rukuru pakuita ferefeto yake kuZhombe.

- Ndiye anoronedzera kuna Muzvondiwa mafiro anonzi akaita Joseph Makiwa, maparariro emhuri yake, kumbofambisa kwemabhizinesi ake nemunin'ina wake, uye kuzotengwa kwemabhizinesi aya nemurume anonzi Masiyanise, uye zvirira maererano nenyaya dzaitaurwa pamusoro paMasiyanise.
- Tapera ndiye anozivanisa Muzvondiwa naRudo, mwanasikana waMasiyanise (Joseph) zvichizovika pakuti Rudo auye kuHarare kuzotsvaka basa, pedzisire ogara kumba kwaMuzvondiwa.
- Anoperekedza Muzvondiwa kunoonza zvitoro zvaMasiyanise, uye kunoferefeta nezvemushakabvu Joseph kuvagari venzvimbo iyi.
- Anoenda naMuzvondiwa kuchitoro chaimbove chaJoseph kwavanoona musikana aitengesamo, Gloria, iye ovaendeswa kwaSekuru Maposa. Sekuru Maposa vanozoshevedzawo muroora wavo, mai Ester, anova ndiye aishanda muchitoro chaJoseph makore aanonzi akafa.
- Tapera anoronga zano rokuti abve naSekuru Maposa kuti vanoona mbudzi dzavo achiti aida kuzotenga, kuitira kupa Muzvondiwa mukana wakasungunuka wekukurukura namai Ester. Muhurukuro iyi Muzvondiwa anoziviswa nezvegakava rakaitika pakati paJoseph naMandivenga pamusoro penyanga dzenzou nezvipembere, mazuva matatu epashure pekuti vazonzi vafira mutsaona yekutsvira mumotokari. Anoudzwazve nezvevitiitiko zvepamariri aJoseph, uyo anonzi mabhonzu ake akavigwa pamwe chete neaMandivenga, pachitungamirirwa naVaMoyo, baba vaRosemary, avo vainzi vainge vakafanana naJoseph, uye musi werufu vakauya kumeso kwavo kwakapobwa mabhandeji, vachinzi vakatsva nemoto wekubasa kwavanonzi vaishanda.
- Tapera anopa Muzvondiwa motokari yaanofambisa paanoferefeta nezvepurazi raJoseph. Muzvondiwa paanoshaya chibhakani chakanyorwa kunzi Chomukaya Range, anobva aenda kwakanzi Chikomo Investments, uko anonokurukura naVaChikomo. Muhurukuro iyiwo anoudzwa nezvekushandurwa kwezita repurazi kubva pakunzi Chomukaya ronzi Chomumvuri, kuti panogara munhu mumwe, uye kuti muridzi waro ane kumeso kwakatsva.

## **CHOGA NAMATURURE**



Mapurisa ehurumende anoferefeta nyaya yokupondwa kwaJohn Moyo, mutapi wenhau wepepanhu reZimbabwe Tribune.

- Vanotsutsumwa pavanoziva nezvekuti Muzvondiwa ainge apiwa basa rimwero rokutsvaka mhondi yaJohn.
- Vanofungira kuti John akafira nyaya yevakadzi nokuda kwetsamba yavainge vawana muhomwe yebhurukwa rake (p37).
- Havabudire Muzvondiwa pachena kuti havasi kunyatsofara nekushanda naye.
- Choga anovanzira Muzvondiwa kuti vatove nekero yemunhu ane zita reanozviti munyori wetsamba, Samaita yakawanikwa mutirauzi raJohn Moyo.
- Maturure anofungira kuti kupiwa basa rokuferefeta kwaMuzvondiwa naSamson vari kuita uori hwekuti vawane mari vachigovana.
- Choga anoti kana paine umbowo hweuori aigona kutosunga Muzvondiwa amuanirapo, sezvo agara achida, “kupfidzisa shasha iyoyi inoti haiitiki”.
- Ndivo vanoudzwa naMuzvondiwa nezvekupazwa kwemotokari nemumba make, voendako.
- Choga anofungira kuti vakauraya John ndivo vakapaza pamba paMuzvondiwa, nokuda kwetsamba yakasiyiwapo yayiyambira Muzvondiwa kuti asiyanebasa raakapiwa naSamson, rokutsvaka mhondi yaJohn.
- Vanovanzira Muzvondiwa nezvedhayari raJohn vomunyepera kuti vainge vaudzwa kero yaSamaita nomunhu akafona, asi akasataura zita rake.
- Pavanoenda pakero iya, 10 Chindiyo Street, vanowana iri yepazimba ratove dongo zvaro.
- Vanatora tsamba yakasiyiwa mumba maMuzvondiwa kuti inoongororwa nenyanzvi, kuti vaone kuti yainge yanyorwa nomunhu mumwe neyakasainwa kuti Samaita.
- Vanouya kuzoona Muzvondiwa muchipatara cheZimbabwe maaive mushure mekunge apfurwa papurazi raMasiyanise apo aifukunura guva rainzi rakavigwa Joseph Makiwa, ndokuriwana riine zvinhu zviya zvainge zvabiwa musefa yemapurisa, zvikapikisa iye Muzvondiwa Jeri.
- Vanotsamwiswa nemaitiro aMuzvondiwa okuvanzvenga pakudzoka kuHarare.
- Ndivo vanoudza Muzvondiwa nezvokuuya kwemusikana wake, Violet kuzopa sitatimendi kumapurisa panyaya yokupondwa kwaJohn.
- Vanosunga Samaita naPatricia vachivafungidzira kuponda John.
- Vanobvumidza Muzvondiwa kutaura nevasungwa.
- Choga anogumbuka nemashoko aMuzvondiwa ekutaridza kuti vainge vasungwa vanhu vasiri ivo.
- Vanenge varimo muhofisi maMuzvondiwa, panofumurwa utsotsi noumhondi hwaJoseph, Violet naSamson Rungano.
- Choga anozotenda Muzvondiwa pakubata chikwata ichi chematsotsi.

## **MIBVUNZO**

1. Zviri kuitika munyaya iyi zvinobvumirana kana kupikisana papi netsumo inoti, varume kutsva kwendebvu vanodzimirana? Tsigira zvinogutsa.

2. Ndehupi hunyanzvi hwamanyorero hunoshandiswa naVaMorgan Mahanya pakunyora nyaya iyi?
3. Zvinonzi bhuku rikashaya makakatanwa rinogona kuperera panzira. Wakanangana nemakakatanwa ari mubhuku iri, taridza masundidzirwo akaitwa.
4. Sekuona kwako, chii chakatokonya munyori webhuku iri kuti anyore pamusana penyaya yakadai?

## **NDIKO KUPINDANA KWAMAZUVA**

**NaC. MUNGOSHI (COLLEGE PRESS)**

### **MUSORO WENYAYA**

#### **Ndiko Kupindana Kwamazuva**

Kupindana kwamazuva ndiko kufamba kunoita mazuva eupenyu hweumwe naumwe wevatambi vari mubhuku. Ndiko, iri kureva kuti kufamba kwenguva yeupenyu ndiko kusanduka kunenge kuchiitawo maonero, maitiro, nyangwe mataridzikiro evatambi vemunyaya vanoti Rindai, Rex, Mai Garapo, Vakwiripi, Magi, Ranga naRicha Maswera.

Dzimwe dzesanduko dzinounzwa kuvatambi maererano nokufamba kwenguva ndedzinotevera.

#### **REX**

- Kungoerekana angonzwa kusanyatsogutsikana naRindai angonzwa kusada kugara naye oda shamwari yake Magi.

- Kusazodazve Magi onzwa kuda mudzimai wake Rindai.
- Kumborega kumwa doro ozongoerekana avezve chidhakwa chamakoko.
- Kumbotsidza kusatorwa moyo nedoro nekusafambidzana nezvidhakwa ozvitadza.
- Kuzongoona kuti akura neimvi.

## **RINDAI**

- Kutsidza kuti haaizombosiya Rex chero zvotsvuka seropa, ozozvipira kumusiya kumagumo pamusana paRex anga asisatsike mumusha, uye odana naMagi.
- Kupedzisira orova Ranga pamusana pekusada kuenda kuchikoro zvaakambenge asingaiti.
- Kunyepera Ranga nezvenyaya dzaRex iye aimuudza kuti kunyepa kwakaipa.
- Kumbotsidza kuti haaendi kuHarare asina kudanwa naRex ozokuenda aona kuti zvinhu zvaoma.
- Kuzoshandura pfungwa dzokusiya Rex mushure merufu rwaRanga.
- Kuzove shamwari dzamakoko naKoni Garapo uyo aimunyeya, kumudadira nemurume wake uye aine mwana wake – Sabhina aiswero mushungurudzira Ranga.
- Kumboonda kana kufuta maererano nezvinetso kana rugare rwenguva iyoyo, asi kumagumo achizongorarama nezvinenge zviripo, zvokutozobara umwe mwana nekufamba kwenguva.

## **MAI GARAPO**

- Kuzove shamwari yaRindai yamakoko, uyo waaimbodadira nekunyeya uye waaimborwisa kuti mwana wake (Rindai) arwirei nemwana wake (Koni).

## **VAKWIRIPI**

- Kupedzisira votuka Rex mushure merufu rwaRanga, apo vaimboti debe naRindai kuti muroyi ipfambi, nokudaro ngaarambwe naRex.

## **MAGI**

- Kusachengetedza chitsidzo chake naRindai chekusatorerana varume, sezvaaive aitirwawo naRindai pana Zacks Munyati.
- Kutozoguma asisakendengi kuti Rindai akaziva zvokufambidzana kwake naRex zvinomudii, ongochengeramunhu waainyatsoziva kuti ane mhuri neshamwari yake.
- Kurwariswa nedoro atadza kurirega mushure mekuudzwa nachiremba kuti arirege, iye obva atonyanya kurimwa.

## **RANGA**

- Kuona manyepo amai vake asina zvaaigna kuita nawo.

- Kupedzisira ave kutadza muchikoro pamusana pekushungurudzwa naSabhina naKondo.
- Kusateerera mhangwa dzamai ovaona sevanonyepa zvokusvika pakurwa naSabhina naKondo ivo mai vake vaiti kurwa kwakaipa.
- Kufarira mudzidzisi pazvinenge zvakanaka nekuzomuvenga zvekutiza chikoro paanenge oroverwa kutadza.
- Kufarira kuenda kuna baba vake, asi pakuzoti toenda, otanga kutya pfungwa yokutsikwa nechimunhu chine mandebvu, ayo akaita seaakambotyisidzirwa nawo nababa vake achiri mudoko.

## **TICHA MASWERA**

- Kutambira mhangwa dzaRindai dzekuti vamboendesa mukadzi wavo kumusha kwake kuti pfungwa dzimboita shoma asarware-rware.

## **RONGETEDZO**

- Rindai anonoshanda Harare achigara kwasekuru vake kukambuzuma akamirira kuzonotora kosi yeunesi kuGomo.
- Anosangana naMagret Murima pabasa apa vobva vaita ushamwari samafomu 4 vese, asi Magi ainyepa, aive nefomu 3 chete.
- Magi aiti ane vakomana vakawanda, uye aisada zvekuroorwa sezvo baba vemwana wake aichengetwa natete vake, vainge vatizira mhiri kwamakungwa, iye achibva adzingwa pamba nababa vake.
- Magi aigara ega kuKambuzuma uye aimwa hwahwa achiedza kukanganwa nhamo dzake.
- Aisadzve (Magi) kuroorwa pamusana pekuzviurayira murume kwainge kwaita mukoma wake anga arambirwa nhumbu achiita kosi younesi.
- Magi anoyambira Rindai kuti achenjerere vakomana/varume nyasire dzemuHarare kunyanya achinge azove nesi.
- Magi akapengesana naZakariya Mungoti zvokutomboregera doro.
- Zakariya sezvo aive nemota achirarawo kuKambuzuma akazopota achivatakura kuenda kubasa nokuzovadzorerera kumba, uye kuenda navo kunodya kudya kwamasikati.
- Rindai akayemura Zakariya zvokuti ainge otoona achiwana wake mukomana anenge iye asingadi kunyengedza.
- Musi wakarwara Magi, Zakariya naRindai vakenda vega kubasa pakuburutswa vakatarisana, Zakariya ndokudana zita raRindai zvenyengo omuvimbisa kuti aizomutora masakati voenda kunodya.
- Rindai akazomubhaibhisa napawindo achibva azvidurira kuti anoda Zakariya, asi ndokutya kuti Magi aizozviuraya.
- Akarwara nepfungwa iyi ndokukumbira kumbonogara panze, apo akazotorwa naZakariya masakati acho.
- Rindai akaendesa Zakariya pamusoro pezambuko guru rinochinjika njanji uko vakanodyira mbuva yaive yauya naZakariya.
- Zakariya akazodurira Rindai kuti haaizo roora Magi, nekuti haamude uye anonwa doro, achiti anoda Rindai.

- Rindai kunyange ainyatsoona kuti aidawo Zakariya, zvisinei nekuona kwake vakadzi sezvinhu zvinoiswa pachikero, akamuramba achitya kuzviuraya kwaMagi.
- Rindai akazotiza Zakariya pakudzokera kumba ndokunofoonora zvose kuna Magi, uyo akazoti kuna Rindai dai akazogonawo kumuitira zvakadarowo muupenyu hwake.
- Magi akazorambana naZakariya, iye ndokuti tonhore kuna Rindai nokutangazve kunwa.
- Kuramba kwaRindai Zacks, nokuzoramba onyengetedza Magi kwake kuti akanganwe mezvaZacks mushure mekumurambira kusamuda, zvakaita kuti ushamwari hwavo hutsviriridze.
- Mwedzi wakatevera izvi, Rex akanangawo pana Rindai ndokubva vadana.
- Panozivisanwa Rex naMagi naRindai vanodzvokorana zvokufarirana.
- Rex aive otadza kutarisana naye, kuda nekunyara kana nerudo, kutaura kwaive konetsa.
- Paakazonyatsoongorora Magi naRindai vachiseka, Rex akaona sokuti Magi akati ngwarire kudarika Rindai, asi Rindai akati nakei pachiso kudarika Magi.
- Akaona sokuti Rindai aisagona kuratidza rudo rwake kana moyo wake pachena, asi Magi aizvigona.
- Rex akazochata naRindai achiperekedzwa naMagi nokuda kwokuti aive nerudo rwamai rwaiti, “Vimba neni . . . Ndini munyaradzi, muriritiri, mudziviriri, muchengeti wako . . .”.
- Akamusarudzirazve chimiro, zviito, kutarisika nemoyo zvaaida kumunhu aizove mai vavana vake.
- Akadirazve Rindai kusangofoonora zvevamwe.
- Rindai aifunga kuti Magi aichema pamusana penhamo dzake, asi Rex aiziva kuti aida kuti dai ariye aive adiwa naRex.
- Mazuva okutanga aya Rex naRindai vaisada kushayana, asi nokuti Rindai aisada kuti Magi asurukirwe, Magi akazove mubvuri wavo kwese kwavaienda.
- Rindai aituma Rex kunotandadza Magi ega kana iye akabatikana. Dzimwe nguva aiwana achiruka, asi rimwe zuva akawana achimwa hwahwa atodhakwa, akatomboda kutiza.
- Magi akada kupa Rex doro, iye ndokuramba achiratidza kusafarira vakadzi vanomwa.
- Kwakazozvarwa Rangarirai rinove zita raakapuhwa navaSarai mai vaRindai, avawo vaKwiripi mai vaRex vachimuti Haruna.
- Mwana ave nemwedzi yakati kuti Rindai akanogara Harare nemurume.
- Mushure memasvondo maviri ekuuya kwaRindai, Magi, Langton naGibson vakauya kumakorokoto.
- Uyu Magi mushure mezuva iri ainge achiita seasisafariri Rex.
- Uyuwo Rex aive asisafariri kuti Rindai abvunze vamwe vaaimboziva asati ave mudzimai wake kunyanya Magi nekunwa doro kwake, achiti vanomufurira.
- Rex haana kufarira kufarirwa kwakaitwa vanaLangton naRindai.
- Magi akatsvoda Rex pamuromo semakorokoto achit abvumirwa naRindai, izvo zvisina kumufadza asi zvikafarirwa nempa yose.
- Magi akandobatsira Rindai kubika, vakatanga kupfipfinyika “sepfambi”, izvo zvakasvota Rex.
- Langton akanouya nemakorokoto ezvinhu zvemwana, uyu Gibson achiuya nedoro uye zvisingadhaki kubva kumota.
- Pakachema Rindai nokufarira makorokoto, Rex akabva ati ichokwadi kuti vana Langton vaizivana naRindai ndokugadzirira hondo navo.
- Magi akazomanikidza Rex doro iro akazonyatsonwa ndokudhakwa mushure mekunge azombonohwanda mumba yekurara, ndokuvingwa naRindai kuti auye kuvaenzi.

- Akazorora Magi, Rindai akanzi uri pfambi ndokupuhwa gupuro, Langton ndokudzingwa uyu Gibson ndokushonyororwa mutsipa nokukikwa.
- Sadza nehwahwa zvakadyisanwa nokumwisanwa, vanhu vakanongerwa nyama nokudzingwa.
- Rex akarohwa naRindai uye akadzvanyira pasi nemuromo, uyo wakamuka wakazvimba.
- Muridzi wemba akapomerwa kuti aive avinga Rindai.
- Asi zvekuimba rwiyo rwusina musoro aizviziva
- Rindai akarara pasi.
- Pakumuka mangwana acho Rex aitenwa nomusoro, saka akabva amwa botoro raaive arara naro.
- Rindai akachema uye mumba mainhuhwa marutsi.
- Zuva iri Rex akaswera asina mufaro naRindai kunyange naMagi.
- paMuvhuro Rindai akabvuma kuti zvose zvaive zvaitika paMugovera yaive mhosva yake nokukumbira kuti Rex asazomwazve doru asi Rex akangoti haaziviwo.
- Nguva iyi airemerwa nokunzi baba vaRangarirai,
- Mushure memwedzi minomwe kubva pakudhakwa uku, rudo rwaRex rwakatanga kusakara ongoonawo Rindai seumwewo mukadziwo zvake.
- Akatanga kuonawo tunongo twaRindai sekuti aingorega ndiro dzakati bvununu, mwana asina kubiswa manapukeni atota nezvimwe.
- Rindai ndokutangawo kutsiurira Rex tunongo twakewo sokuti haainyara here kutaura dzimwe nyaya dzaaitaura, batiro remwana nezvimwewo.
- Rex aive anzwira vanhu vose godo kunyange Ranga chaiye, kuti sei vari kufarirwa naRindai uyo airatidzika seaive asisineyi naye.
- Kusagutsikana nomukadzi kwakaita kuti achinyatsomwa naMagi, kuti akanganwe zvekumba kwake, izvo zvakafadza Magi.
- Mushure mekunge Rindai apisa mazai Rex akanoudza Magi kuti atadza kuwirirana naRindai, Magi akati ngaangoti haachadi Rindai.
- Rex haana kubvumirana nazvo mupfungwa dzake, asi kungoti anga angonetawo zvake naye.
- Rex akazongorara kwaMagi, kukave ndiko kekutanga kusarara pamba.
- Akawana Rindai oenda kunomutsvaga.
- Rex akanyepa kuti aive adhakwa kumba kweshamwari yake, asi Rindai aive ongofarira kuti mupenyu.
- Mushure memwedzi Rindai akatuma Rex kunodana Magi, uyo akanouya kubva Rex avasiya voga.
- Pamusana pezvakaipa zvaange aita, Rex akatanga kutsvagirawo Rindai mhosva, uyo aitozvifarirawo zvake.
- Paainzi akurumidze kudzoka aibva afungirwa kuti ave kumutonga, omupindura nejinyu.
- Rex aida kuti Rindai amunamate, agwagwadze kana amuona, saka kutoramba zvake achifara kwakareva kuti Rindai ave neumwe, ndokutanga kumutsvaga murumeyo.
- Mumwe musu akaona Rindai akamira naamukaka ndokufunga kuti azochibata chikomba chiye, izvo aive Denis mwana watete Rwaringeni.
- Akabva ada kuenda kubhawa iye Rindai anga atoisa poto.
- Rindai akada kuti achitanga adya ndokunyunyuta namaitiro aange aita, nokukumbira hake kuenda kumusha, ndokupedzisira ochema neshungu, asi Rex akangoenda chete.
- Akadzoka kwotoedza ndokubvunza kuti obika here, asi akazongodya nyama chete.

- Mangwanani acho akabvunzazve nezvekuenda kumusha achida mari yebhazi, ndokunzi anodii kuita zvinoita vamwe awane mari, izvo akaramba, ndokukupirwa mazai, nokunyimwa mari yacho.
- Vakagara Rindai achiita basa rake samai nemufaro, asi ave kuratidza kuneta.
- Akarambidzwa zvekuwirirana navamwe akazvirega, uye aitukwa kuti aende, asi haana kuenda.
- Rex aimanikidza Magi kunotandara naRindai, kuti anzwe paive nepfungwa dzaRindai, asi Magi aive atoshushikana nekufarirwa kwaaitwa naRindai, uye kusaudzwa chaipa pamusoro paRex.
- Magi akakomekedza Rex kuti asarambe Rindai.
- Mumwe musu Rindai akakumbira mari yokunorapisa mwana ndokunyimwa.
- Rex akaenda kubasa ndokunodzoka asisanzwewo kwazvo akawana mwana orwarisa achichema, Rindai akangomutarisa asina kunotsvaga sekuudzwa kwaakaitwa, oshaya kuti anotsvagepi iye akarambidzwa mashamwari.
- Vakazonorapisa mwana netekisi.
- Rindai akazoti dai Rex asina kudzoka airega hake mwana achifa sezvo zvaive nani pane kuti akure aina baba vasingamudi.
- Rex akuudza Rindai kuti muroyi.
- Kurwara uku kwakambovaunza pamwe vachirapisa mwana uye kwakanetesa Rex, zvokuti akamutsvagira mari kuti aende hake kumusha.
- Rex achingobva kunoperekedza Rindai akafonera Magi kuti vanonwa doru “PaLunch”.
- Kubva apa yakave tsika nditsikewo Rex naMagi votogara vese vachizviti masahwira.
- Magi anga otorambidza Rex vamwe vasikana kunze kwake chete, sezvo aibatsira Rindai mukumudzivisa uku.
- Rex aitoti akapihwa Rindai naMagi uye achifadzwa kuti vaidya mari yavo vese.
- Magi aimanikidza Rex kuenda kumusha achimupa mapasuru emwana neaRindai.
- Aitozonyora tsamba kana aita mwedzi mitatu asati aenda kumusha.
- Rindai akabata pamuviri paSameri, ichi Ranga chofamba, uye vakanga vachiri pavabereki.
- Rindai aisawirirana navaKwiripi, avawo vaMbaimbai vaisawirirana nokuti Rindai agare kumusha uye VaRwaringeni vakati abve pamusha.
- Akabvuma kuvaka pake.
- Rindai akazongoereka asvika Harare ndokuwana Rex ari pamba, uyuwo Magi achiri kubasa, izvo zvakatsamwisa Rex.
- Rex nokutsamwa, paakamhanyirwa naRanga akaita seasingamuoni, uye haana kumudavira kumusheedza kwaaita.
- Rindai paakati atsiure izvi akabva anzi atanga kushusha nekutonga uye akamubvunza chainge auyira.
- Rex akazoudza Ranga kuti haasi “papa” vake uye ndebvu tsva dzaange ochengeta akati ndiZacks Munyati, mwana ndokutoudza mai kuti zvedi havasi baba, iye ndokuzobvuma kuti ndiye, mwana orambochemera baba vake.
- Rindai akazotaura kuti aive amanikidzwa naVaMbaimbai kuzomhangara kuti aive anzi muroyi navaKwiripi izvo zvainge asina kutaura paive pagumisira Rex kusvika kumusha sezvo akafunga kuti Rex aisazvinzwa nemhaka yekudhakwa kwaave akaita.
- Rindai aive angoti kudhakwa sezvo paive padoro rake rokudunura munda.
- Chakazonetsa ndechekuti vanhu vakarutswisa nokuitiswa manyoka nedoro iri, guhu rouroyi ndokufamba.

- Vamwe vaive voti amhan'arwe kwashe, asi VaMbaimbai ndokuti vamire Rex atange aziviswa.
- Nokuti hapana akanyanyorwara nedoro iri vanhu vakazongoti pada hamheno anga ashinhira mumvura yakabikiswa doro.
- vaKwiripi vakaramba vosimbirira kuti Rindai aende kwavo, asi VaMbaimbai vakati audze Rex vanzwe zvaanofunga.
- Rex akazoti sei Rindai zvaakaona kuti akadhakwa asina kuzonyora tsamba. Rindai akati aifunga kuti zvapera.
- Rindai akarohwa botsakufa, vanhu vachitadza kudzora Rex, kusvika vakazomugona ndokumbonomurarisa kumwewo.
- Akazodzoka ndokuwana Magi achibika Rindai nomwana vagere parukukwe, uyu Rindai akazvimba musoro nekumeso zvisingabviri.
- Rindai akavunza Rex kuti adii kupfeka bhachi sezvo aibvunda.
- Izvi zvakashamisa Rex naMagi uyo akambomira kuchema kwaaiita.
- Rex akandogwadama pana Rindai achiedza kutaura, akatadza. Rindai ndokutora ruoko rwaRex, ndokurubatisa nhumbu yake akanzwa kutamba kwemwana, uyo waakati akambenge amira kutamba.
- Rindai akaudza Rex kuti aienda kumusha mangwana.
- Magi akati Rex anyengetedze Rindai abvume kuenda kunorapwa, asi Rex akatadza uye Rindai akaramba.
- Ranga akati “Jeichinati” kuna baba vake, izvo zvakanzi namai vake ari kuti Zacks Munyati.
- Rex akararoshanyarika pasina zvaafunga, ndokuseka afunga kuti Zacks Munyati.
- Magi akarara naRindai.
- Rindai achigeza Magi akati Rex aendese Rindai kuchipatara asi haana zvaakataura.
- Achiratidza kurwadziwa namakumbo nepadivi Rindai akamutsa Rex, iye ndokudavira, ndokuenda kubasa achiseka kuti ‘Jeichinati,’ asiya mari yebhazi kuti Rindai agoperekedzwa naMagi.
- Magi akati vamborega kuonana naRex kusvikira Rindai anaya, saka kwemasvondo akatevera hwahwa hwakaoneswa ndondo naRex, asingarari kumba.
- Kana kumbofunga kunyorera Rindai tsamba, asi dzimwe nguva aichema ega achiti Rindai asamusiye nekut aimuda.
- Rex akazosangana naDenis uyo aimutsvaga achimushaya, achiti mai vake vaidha kumuona, nekubvunza kuti zvaive zvadii kurega mukadzi achienda kumusha asingagoni kudaro, zvekutongosvikoendeswa kuchipatara. Akati Rindai aive ave nani.
- Mumwe musu muStar bar Rex ‘akaona’ Rindai achinyemwerera ndokubva atanga kurwadziwa nomudumbu kwava kutoenda kumba.
- Achisvika akawanawo Magi ave kumba achiti atadza kusevenza paakati ambononwa pamasikati ‘ndokuonawo’ Rindai achinyemwerera abva aenda kumba obvunda.
- Magi aitya kuenda kumba kwake ndokurara pasofa kwaRex.
- Vaviri havana kurara.
- Mangwana acho Rex akatambira shoko raibva kuna vaRwaringeni, rakauya neumwe murume akasangana navo pachiteshi kuChivhumudhara, rekuti Rindai aive nemwana mukomana.
- Akati kunze kwetumadzvanga vese mai nemwana vaive vatano, kunyange hazvo mwana aive asati anyatsosvika.
- Zvakanzizve asazvinetse nekuuya kana aine basa, Rex akaziva kuri ndiRindai aive adaro.



- Magi akafara ndokunoona Rindai mangwana acho.
- Akadzoka achiti mwana akafanana naRex, Rex ndokufarawo akandotenga doru kuti vamwe.
- Rex akazitora zororo remwedzi, mushure memasvondo matatu mwana abarwa, ndokuzoenda kumusha.
- Zororo iri rakafadza Rex zvokuti aive asisadi kudzokera Harare, asi Rindai akamuti adzokere.
- Akadzokera achiti aisazomwazve doru, asi akangonosvikomwazve, achisiya zvaave arongedzerwa naRindai mubhawamo onanga kwaMagi.
- Akaudza Magi kuti akaramba Rindai akadhakwa, zvikazomushamisa mangwana acho.
- Anga adzokera kumusha mushure memwedzi mitatu yoga yoga.
- Magi akazonyatsove mai vemba yaRex uyo anga opedzera mazororo emakore akatevera muHarare, naMagi.
- Sameri akarumurwa, Caston akazvarwa. Rindai asina kutsika kuHarare.
- Rex aindobatwa zvakanaka kumusha naRindai, Harare-wo naMagi, sezvaingoitawo varume vazhinji vokumusha kwake, saka panga pasina chekutya kuti angafoonorwe.
- Akatenga mota ndopaakazongosiyana navamwe.
- Mota yakashandura upenyu hwaRex naMagi, ndokutanga kufarisa vasingafunge kuti zvaizoguma sei, kunyanya kunaMagi aiva asina mhuri nokumusha.
- Pakunoratidza mota Magi aidawo kuenda kumusha Rex akaramba, vakapopedzana kusvika Magi arohwa akasara achichema.
- Rex akanga asisagutsikani naMagi, otarisa vamwe vasikana.
- Magi akazviona zvikamusuwisa, omwa doru zvokuda kuzviuraya naru.
- Akasara achifunga nguva yake yaakaparadza, zvikamuonza.
- Pakadzoka Rex akasvikoti kuna Magi aida kuti vaende kubhawa, akaramba achiti agare pasi vataure ozoenda kubhawa mangwana acho.
- Aona kuti Rex aida zvekubhawa akatanga kuchema, Rex akabva aenda.
- Papera svondo Rex akazowana Magi atotuta mbatya dzake kuzogara naRex, achiti haachagoni kugara asinaye, uye aive ava nepamuviri, izvo zvakasekesa Rex achiti ari kutamba, ndokuramba nhumbu achiti anoziva kuti ane mhuri.
- Magi anoudza Rex kuti Rindai ndewake, iye anoda kuroorwawo nekuti akamutadzisa kuenda mhiri kwamakungwa, kwaaida kana kuroorwawo neumwe.
- Mushure mezvi akada kuchinja mbatya kuti anofunga nyaya iyi ari kubhawa ndokuwana mbatya musisina.
- Magi akaramba kuti anadzo ndokurohwa zimbama rakavharisa ziso nekubuditsisa ropa mukwana asi Magi akati aisadziwana anosva aurawa zvake.
- Rex akaomerwa neupenyu achiziva kuti nyaya yaizozara nyika yose, uye kuti Magi aigona kuenda kumusha kwake – Rindai agotii?
- Rex akafunga zvekumunyengedza kuti akanganwe, ndipo Rex akabva arega zvekuenda kumusha kuna Rindai, kana kunyora tsamba zvako.
- Izvi hazvina kuita kuti Magi abuditse mbatya, aipota achimuisira dzekuchinja paanenge achigeza.
- Rex akanyepedzera kuti vaende kumusha kwaMagi kunokuona kuti agoroora, Magi akati vatange kwaRex kana kuti zvogara hazvo.
- Kumushawo ndipo Rindai paange ofungirwa kuti ave kudanana naMaswera, izvo kwete.

- Rangawo aive onetsawo mai vake pamusana pababa vake vaisauya kumusha kana kunyora tsamba, avo vainzi nanaSabhina vakaramba mai vake, avo vave kudana naMaswera, zvakaita kuti atange kutadza muchikoro, kutiza chikoro, kurwa nanaSabhina nekubvunzurudza mai vake kuti maiguru Magi vaaingonzwa vachirotomokwa namai vake ndiani, uye aida kuvaona.
- vaKwiripiwo vanga vongopengerawo yekuti Rindai aende kwake, nekuti aive iota chipfambi naMaswera, izvo vaitaura padoro ndokurohwa naVaMbaimbai, vonzi vaende kumba, ivo VaMbaimbai voenda kwaRex.
- Vakanoudza Rindai kuti aende kuHarare zvaakambenge audzwa naaRwaringeni, akaramba achiti haana kudaniwa.
- Akazobvuma kuenda ofunga zvaave ofungira Magi naRex uyewo nokushungurudzika kwaRanga kwaimurotesa achitsikwa nemota chena nezimunhu raive nemandebvu rainzi “Jeichinati”
- Rangawo aive asisadi kuenda Harare ndokuzongoenda achinetswa nehope dza”Jeichinati”.
- Atadza kuendesa Magi, Rex akazvipira kuti mbatya dzirove uye achirega basa aende kumusha nokuti aive aneta neHarare nezvinoitikamo, ndopasvikawo tsamba dzaRindai dzekubvunza kuti haachadiwa here, dzisina akapindura vese Rex naMagi.
- Saka paakabvuma kuenda Harare aive azvipira kunosiyira Rex vana vake, iye achienda.
- Rindai akawana Magi aripo uyuwo Rex ndokuwana Magi achisuka ndiro panze akaudzwa kuti Rindai aripo.
- Vakomana vakamhanyira baba, asi Ranga akaramba akabata mai.
- Maziso avana aibvunza Magi kuti ndiwe ani akamunyadzisa akatanga kubika, onyara.
- Rindai akazoudza Rex kuti auya kuzosiya vana achienda kwasekuru vake.
- Paakada kubuda vana vakasimukawo naye, iye ndokutopinda basa rekuvanyengerera ndokubuda, vanhu vese ndokumbopererwa nazvo.
- Caston paakadudza kuti mai vaenda, ndopakabuda Rex otevera.
- Rex paaimisa Rindai kuti atsanangure asaenda, vakanzwa Ranga odana mai vake achidarikawo mugwagwa.
- Vabereki vakacheuka ndokuona mwana wavo achitsikwa nemotokari chena yaZacks Munyati.
- Zacks akaedza kuwana rubatsiro nokuti aisave nemhosva, asi Magi aingoti wauraya mwana waRindai.
- Ranga, Rindai, Rex, Magi, Sameri naCaston vakazotakurwa neaumbureni kuenda kuhosipitari.
- Pakanzi naSameri Ranga afa, Rex akatoseka kusvika azopihwa mushonga wekunyara, asi asati akotsira akaseka kuti “Jeichinati”
- Mushure mekuvigwa kwaRanga, Magi akadzokera Harare uko akanomwa doru zvokurwariswa naro sezvo aine arirambidzwa nachiremba achinzi raimuraya munguva pfupi.
- Rex akadzoka kumusha ndokutanga kushanda kuChivhumudhara.
- Rindai akamborwara botsakufa nepfungwa asi akazotanga kugwinya hake.
- VaKwiripi vaive voti Rex ndiye benzi, Rindai ari munhu kwaye.
- Mai Maswera vainge vadzoka vasisaarwari-rwari vogara zvakanaka nemurume uye vowadzana zvakanaka nevamwe nekuita mabasa ekuchechi.
- Koni Garapo anga oshamwaridzana naRindai.

- Rex anga oendawo kuchechechi achiwadzana nanaMaswera kunyange hake aitya kufa pamusana pedoro range rouraya Magi uyewo nokukurawo, asi aive nanaMaswera naRindai vaimubatsira kudzokedzana.
- Rindai naRex vakazobara mwana wvakati Wadzanai uyo akazove mwana wababa namai Maswera wechitendero.
- Rex akazobvuma pachechechi kuti zvokurwariswa nepfungwa zvapera mushure mekumboti rware nadzo ipapo.

### **KWAKAITIKIRA NYAYA NENGUVA YAKAITIKA NYAYA**

- Nganonyorwa iyi inoitikira mudhorobha reHarare, mukadhobha keChivhumudhara nekuManyene kunove kuruzevha kwaRex.
- Nzvimbo idzi dzinonyatsopindirana nenyaya nokuti, dhorobha reHarare sedhorobha guru renyika rinove chimiriviri chenzvimbo isingapi vagari vayo nguva yekugadzikana pamusana peukiribidi hwamafaro ekuti ukaatevedza ndiwe unopera iyo ichisara ichienderera mberi.
- Totorawo kadhorobha kadoko keChivhumudhara, ndiko kunozoperera vaye vanokurumidza kuona kuti zveHarare hazvichaita vadzikama, nokuti ukiribidi hweko hwakati dzikire.
- Tozoonawo ruzhevha rurirwo rwusina ukiribidi hwakanyanya, uko munhu anenge akapoteredzwa nehama neshamwari dzinomupa rudo nerudekaro.
- Nyaya inofanira kunge yakaitika muma1960 kusvika kuma 1979, tisati tave nerusununguko, nokuti ndiwo makore aishamisa fomu 4 kuvanasikana vachivavarira kuve manesi uye ndiyo nguva apo madzimai airoorerwa kuchengeta musha, baba vari kubasa vaine mukadzi wamapoto.

### **DINGINDIRA GURU**

- Kufamba kwenguva nekusanduka kwezvinhu zvese ndiyo mhandu yechinhu chese pasi pano iyo inoda kugadzirirwa.
- Magi naRex vakafara vakasazvibvunza kuti zvavaiita zvaizoguma nekudii.
- Rex aive nani nokuti aive nemusha nemhuri, ko Magiwo aizodii asina musha kana mhuri yacho?

### **MADINGINDIRANYANA**

- Rudo.
- Makuhwa.
- Doru.
- Unzenza.
- Ushamwari.
- Undingoveni.
- Dhorobha reHarare.
- Ukama.

- Rufu.
- Kurera mhuri.
- Dziidzo.
- Dzvetsva.
- Wanano.
- Shanje.
- Nhema.
- Hasha.
- Uterera.

### **ZVIDZIDZO**

- Rudo rwechokwadi runoda kufadza umwe iwe uchizvipira kuita zvido zvake harudi chindini.
- Kuti chakaipa chose chinokwirwa nechakanaka kumagumo.
- Doro rakaipa rinoitisa zvaunozokungura uye rinorwarisa kana ririro raunoraramira.
- Nyamunatsi ndiye nyamutsigwa nebonda.
- Kusanyanyovimba neshamwari.
- Kusatyisidzira vana nezvinhu zvinozogona kuvashungurudza zveupenyu hwose.
- Kuti vabereki vasarwadzisane vachishandisa vana, zvinovakanganisa mupfungwa.
- Kuti kurovera vana kutadza muchikoro kunoita kuti vasatozoda chikoro vochivenga zvese nemurovi wacho.
- Tibudire vana pachena kana pakati pedu vabereki pave nezvinonetsa.
- Kuti pakunyenga vakomana vasaparadze ushamwari nokunyenga mashamwari.
- Kuti madzimwene asangoti pakanganisika imba yomwana mukadzi atadza, ngaaende, nekukurumidza kumupomedzera zvakashata nokuti magwana unozonyara.
- Kuti madzimai asangokurumidza kunyeya vachipomedzera vamwe mhosva mangwana vanozonyara.
- Kuti tisarwire zvepwere.
- Kuti shanje, hasha, manyepo, kufungira neundingoveni zvinoputsa musha.
- Kuti tisati zvaari mwana haaoni kuti tinonyepa kana kuti tiri kushushikana, anovhiringika mupfungwa.
- Kuti kumwe kunyangoregerera zvakashata kuchienderera kunozoipa mberi.
- Kuti kuipa kwechimwe kunogona kuve kunaka kwechimwe.

### **ZVIDAVADO ZVAMANYORERWO EBHUKU**

#### **KUYANIKWA KWEPFUNGWA DZEMUTAMBI PACHENA**

Uku kuti mutambi aburitse zvaanofunga pamusoro pake, pamusoro pevamwe uye nepamusoro peupenyu hwamazuva ese, kubudikidza nemifungo yake. Izvi ndizvo zviya

zvinodudzirwa nendevo dzinoti, zino irema rinosekerera warisingadi, pfimbi irema inohwanda mwene wayo, neyekuti kufungira mumoyo rwendo rwembwa. Saka, munhu akazviburitsira zviri mumifungo yake tinobva tanyatsomuziva zvaari chaizvoizvo pasina kunyengedzwa nezvaanotaura kana kuita, nokuti zvaari chaizvo zvinenge zviri mumoyo make. Saka tinoyanikirwa mifungo yaRindai, Rangarirai neya Rex Mbare kutijekesera utambi hwavo hwechokwadi nemaonero avanoita vamwe vari mudariro reupenyu hwavo navo.

## **NHENDESHURE**

Rongetedzo yemuna Ndiko Kupindana kwaMazuva haisi nyore nekuti haina kungoti tasa asi kuti yakaumbwa nezviitiko zvakangowanda – wanda uye zvakangokanyana-kanyana. Izvi zvinogona kuvhiringa muverengi otadza kuzonyatsonzwisisa nyaya. Izvi zvinonyatsoratidza upenyu hwechokwadi uhwo hunongova mukanyaniswa hwezviitiko zvisinganzwisisi, huchipunza musoro. Hune zviyedzo nematambudziko zvinokonzera mifungo yemunhu isave nenzire dzakanyatsoti tasa. Tinotanga nokuona Rindai achinyeyewa nanaKoni Garapo kuti akarambiwa naRex uyo aive arovera Harare asisauyi kumusha kana kunyora tsamba, tozodzokera shure kunoona kusangana kwavaviri ava, kuroorana, kubereka vana vekutanga vatatu. Tozoonazve kuzopedzisira vogarazve vese kumusha.

## **ENZANISO**

Idzi dzakawanda chaizvo mubhuku. Semuenzaniso hanzi, “Hakugari kuchingova makore chete, uyewo hakugari kuchingova zuva bedzi”, kujekesa kuti zvinhu zvoupenyu zvinosanduka-sanduka. Dzimwe nguva zvinotsamwisa, kozoita dzimwe nguva dzokufara.

**NHAURIRANO:** Somuenzaniso pakati paRex naRindai, Magi naRindai, Rindai naRangarirai. Nhaurirano idzi dzinobatsirawo kuti tinyatsonzwisisa munhu wemukati mevataurirani.

## **KURONDEDZERA NYAYA**

Uku kupuhwa nyaya nemunyorori achitiudza iye zviri kuitwa nezwi rechitatu. Kuronedzera uku kunenge kuchisanganiswawo nenhaurirano. Izvi zvakaitwa muNhumba Yomuonekedzano nemuna Wadzanai.

## **KUNYORA TSAMBA**

Setsamba yaRindai kuna Rex: Iyo inotijekeserawo pfungwa dzaRindai pamusoro peupenyu hwake naRex nevana zvese.

## **KUIMBWA KWENZIYO**

Dzimwe dzenziyo nedzaidzidziswa Ranga naSindi dzinoti Dai ndiri shiri ndaienda kuMazairona apo anenge achishuvira kuenda Harare nerwaiimbwa nambuya vaSindi vadhakwa vachiti. *Tiri vana venyu, hatina masimba*

....

*Toita zvipi zvamungatende*

Kujekesa kuti vanhu hatiiti sarudzo pane zvinoitika muupenyu uye kuti tinoita zvisingafadzi musiki.

**Zvioto:** sezvaRindai nezvaRangarirai

## **KUTIPA VANHU VANOFUNGA ZVAKASIYANA**

Zvichiitirwa kuti tinyatsojekerwa noupi kana hunaku hwemifungo iyi. Siyano idzi dzinobuda pana Mbaimbai naKwiripi, Rindai naRex nevamwe.

## **MAZITADUNHURIRWA**

Somuenzaniso:

### **REX**

Zita rinowanzopihwa imbwa iro rinomufanira pamusana pekushaya nyadzi kwake kunomuitisa zvinofadza nyama yake pasina kuzvibata.

### **RINDAI**

Akarindirira Rex ari kumusha achiitira kuti anete neHarare, vozoti vogara havo vese kumusha.

### **ZACKS**

Zita retsotsi sezvatinoona achinyenga shamwari mbiri zvisinei nekuti zvinozodii paushamwari hwavo.

### **MAGI**

Zita rechiRungu remudzimai wanhasi anozvimwira doro semurume anozviti akati ngwarire kukunda vanaRindai. Anomanikidza zvido zvake nguva dzose, ozoguma ave muna taisireva.

### **RANGARIRAI**

Ndimai vaRindai vaiti munazorangarira chitsidzo chenyu cherudo rwekuramba muchichengetana.

### **WADZANAI**

Mwana akaitwa vanhu kuti vasunganidze rudo rwange rwopera.

## **MAI GARAPO**

Vari kunzi vagare pamusha nemhuri baba vari Harare nevemapoto sekutaura kwaRex. Kunozoitawo zvidavado zvamazuva ose sokuti tsumo, madimikira, zvichingodaro.

## **KUPEDZA CHITSAUKO SEZVIZVI**

Sezvavaitwa muchitsauko 14 chaRex Mbare. Kujekesa kuti kuchazovezve nemamwe mazuva omufaro muupenyu hwaRindai naRex mberi. Ichi ndochokwadi choupenyu kuti matambudziko anouya achipera asi upenyu haumiri hunongor amba huchienderera mberi zvisinei kuti muri panguva ipi. Ndizvo zvinoita kuti hunetse kunzwisisa.

## **KUPFEKEDZERA TUMWE TUNYAYA**

Senyaya yaRindai yaVaBuziripi yaakaudza Rex vachifara zvavo ari pazororo

## **MAKAKATANWA**

Anowanikwa pakati pa

- Rex naRindai.
- Rex naMagi.
- Rex naLangton naGibson.
- Rindai naKoni Garapo.
- vaKwiripi naRindai.
- Rindai naRangarirai.
- Rangarirai nanaSabhina naKondo chezisorimwe.
- Rex nevanhu vaimudzivirira kurova Rindai.
- Kwiripi naVaMbaimbai.

## **MAPISHAPISHA**

Anowanikwa mupfungwa dza:

- Rangarirai
- Rex
- Rindai
- Magi
- Ticha Maswera.
- VaMbaimbai.

## **VATAMBI**

### **REX**

Ane shanje, nhema, hashu, udhakwa, ugumbo mumba gumbo panze, kusazvidzora, anonyara.

## **RINDAI**

Akavimbika, ane rudo, haatevedzeri zvemakuhwa zvemumba make, akangwara, anovimba nevamwe, haakurumidzi kutirimuka, akapusa, ane tsitsi, anoregerera.

## **MAGI**

Inzenza, chidhakwa, ane hwenyakwese, haachengeti zvitsidzo, akangwarira paduri sehuku.

## **KONI GARAPO**

Ane makuhwa, ane hasha, anodada, anotambira kanganirwo, anoshora vamwe, anerufungira, anopindira munyaya dzisinei naye, ane godo.

## **MASWERA**

Ane moyo wokubatsira, anogona basa rake, anotambirawo mhangwa kubva kune vamwe, ishamwari yakanaka.

## **RANGARIRAI**

Ane njere dzakapinza, ane tsitsi, ane rudo, haateereri mai vake dzimwe nguva.

## **VAKWIRIPI**

vanosanduka-sanduka serwaivhi, vane mharidzira, chidhakwa, vanotya murume wavo, havana rudo.

## **VAMBAIMBAI**

Chidhakwa, vanoita ubaba hwavo, vanodzora mukadzi wavo, vanoita usekuru hwavo, vanoda muroora wavo.

## **MIBVUNZO**

1. “Chivi chinodya mwene wacho”. Donongodza uchitsigira zvizere kuzadzikiswa nekuszadzikiswa kwemashoko aya uchitarisa nyaya iri mubhuku iri.
2. Buritsa zvinogutsa kuwirirana kunoita musoro webhuku nerunyaya rwurimo.
3. Munyori akabudirira zvakadii uye nemitoo ipi pakutiratidza unhu nemaitiro evanhukadzi vari mubhuku iri?
4. Chidavado chendeshure chakashandiswa zvakanyanya munyaya iyi. Dzumbunura pose pakashandiswa chidavado ichi, uchiburitsa nyaya dzacho dzairondedzerwa.

## **NDAKAITEI**

**NaE.F. RIBEIRO (LONGMAN)**



## 1) PFUPISO YEZVITSAUKO ZVEBHUKU

### CHITSAUKO 1

Ndakaitei anoshanyirwa nambuya VaMucharukwana kumba kwake nemurume wake Posendi kuLuveve kuBulawayo. Anoudza mbuya maitiro aPosendi ekusagara pamba achitevera vakadzi nedoro mumabhawa, dzimwe nguva zvekusatorara pamba. Mbuya vanomushingisa kuti atirire, agare pamba pake. Zuva rakarero Posendi anozouya usiku chahwo achisiyiwa neshamwari dzake, ovimbisana neshamwarikadzi yake kuti anozoitira zuva rinotevera. Izvi zvese zvaive mumeso nemunzeve dzaNdakaitei. Anononokera Posendi pakuzarura mukova votanga kutaudzana nezvazvo. Posendi anoudzwa nezvekurwara kwemwana wavo Muchineripi, asi anoratidza kuti haanei nazvo, uye anonzi haana hanyin’ a nekuchengeta mhuri, achiti ibasa remukadzi waari kubvumidza kusevenza iye akamuroora. Posendi anopomedzera Ndakaitei kusada hama dzemurume nekusada kuenda kumusha. Ndakaitei anoti musindo unokonzera nehama idzi ndiwo waasingadi. Posendi anozotyisidzira mukadzi nokumorova sezvaagara achiita.

### CHITSAUKO 2

Mwedzi mitatu kubva mubopoto, Ndakaitei ane zororo ramazuva gumi, Posendi anoenda kubhawa naSipambano, uyo aive tsvingu yaidziidzira unesi, zvainyatsozivikanwa naPosendi. Sipambano aizivawo kuti Posendi ane mudzimai. Vanononwa neshamwari dzavo Moyo naGrace. Kumba, Ndakaitei airongedzera kuenda kumusha, apo Tete Kubvoruno vanosvikawo kubva kumusha. Vanobvumirana kuti voudza Posendi chifambire chavo chemiripo yavainzi vabvise naVaChawira, sezvo vaive vadyirwa bindu nemombe dzatete, vobva vangoenda vose chifumi chacho. Ivowo vanoti nzombe yavo yaive yatemwa matatira, uye vainzi varipe pondo gumi. Posendi anozouya tete vatorara ndokuudzwa nezvatete avo anozoudza kuti havasi kuzorara pamba apa, asi kutoenda naNdakaitei vasina chero mari yemuripo, nekuti ndivo vaine vatadza kuchengeta mombe dzavo. Tete vanoedza kumuonesa kuti vaive nekodzero yokubatsirwa naye kubudikidza nekumuchengeta, mai vake vamusiya achi mudiki, baba vasinei nemhuri, uye vachizofa, babamudiki vake vakagara nhaka ndokuparadza pfuma yose. Vanogunun’unazve kuti vakabva pamurume nokuda kwanaPosendi. Posendi anovapomera unzenza ovati vadzokere kumurume wavo kuti vachengetwe. Anovati havana ‘senzi’ (kureva njere) nokuti ndevemukusha vanongoda kuchengetwa nevemutaundi. Vakanzi ngavapuhwe nemukadzi wavo Ndakaitei, uyo anoti kana paine mamwe mataka avo vataurirane pane kuti Posendi atuke tete. Tete vanoti vakambosanhwa nekupiwa chibhakera padoro paVaMunjai, nokudaro vanoti votondofira havo musango. Posendi anonorara mushure mekutsinhira kuti haana chaachaita nenhau yauya natete nekudzokorora kuti vaende muzuva rinotevera.

### CHITSAUKO 3

Tete naNdakaitei vanosvika pamusha zuva rinotevera zvinoshamisa vose kuti tete vanga vadzoka zvarinhi. Nyemudzai anozoudza sekuru Murasiranwa, kuti tete Kubvoruno vaive vasina kuwana chifambire, vachiti Posendi aisaripa chikwereti chemunhu, saka aizowanepi mari yokupa tete vake. VaKubvoruno vanozopira nyaya yechifambire chaNdakaitei. Vanoti Posendi anonzi haachagari pamba, mukadzi akada kumubvunza pomuka bopoto. Vanotizve ave kudanana nevamwe vakadzi, izvo zviri kurwarisa mwana, uyo anovhumuka, kutadza kudya nokupisa muviri. Mukadziwo anonzi akatembenge aitiswa chirwere chepabonde.

Ndakaitei ainyunyutazve kuti Posendi ava kukwidza vasikana vake mumotokari yaakabatsirawo kutenga. Anogunun'unazve kuti Posendi akamboramba kubata Muchineripi azvarwa, akatozoripa huku chena yanga yatozadza danga pamusha, nokuti Ndakaitei akaramba kuitambira. Vanozobvumirana kuti Posendi adanwe, VaMurasiranwa, vagadzirise nyaya yake nemukadzi wake.

#### **CHITSAUKO 4**

Ndakaitei natete vanodzokera kudhorobha zuva rinotevera. Vanosvika pamba Posendi naSipambano vari mumba yokurara. Ndakaitei anorwisana naSipambano achimudzingira panze, Posendi akayeve zvake. Tete vanoedza kutsiura Posendi kuti ari kuitei, asi iye anotovabvunza chavadzokera vasina kumbonogara. Sipambano anozobuda pachena kuti ane pamuviri, izvo zvinopa Ndakaitei kuti akandire nhumbi dzake panze. Sipambano anoudza Posendi kuti hazviite kuti aendwe naye kwasisi vake nepamuviri, asi Posendi anatora kiyi dzemotokari kuti aende naSipambano. VaKubvuruno vanoedza kumudzivisa kuti asasiye mhuri nembera, asi vanoudzwa kupenga, uye kuti vaisazomutonga kana kumuitisa zvaaisada. Anobva audza Ndakaitei kuti aisazodzokazve pamba apa. VaKubvoruno vanomubata hembe vachimudzivisa kuenda, Posendi ndokuvatuka, kuvasanha nokuvarova chibhakerwa vovira pasi. Vanomupikira kuti havadi kuchemwa naye, kana kuti aende pavanovigwa, uye vakamuti havachina ukama naye. Vakativze nyaya iyi vaizokwidza dare. Ndakaitei anokungura kuti dai ainge arohwa iye, asi Posendi anoti abve aenda natete, sezvo vaiti mukadzi wavo. Ndakaitei anopomedzerwa mhosva yokundomhangara kumusha. Ndakaitei anoshoropodza ushoma hwaiva naPosendi asati amuita munhu sezvaange ave. Anotivze haadi kubata tsvina dzemumwe mukadzi. Vatete vanoyeuchidzazve Posendi zvavakamuitira pana Ndakaitei, vomuyeuchidza kuti aizonetseka zvinhu zvikaoma aina Sipambano waasina kuroora. Posendi anodzokorora kuti havanei nazvo, asi ngavatore Ndakaitei, sezvo ari mukadzi wavo. Vanoda kuyeuchidza Posendi kuti ndivo vakamurera, asi anoti haana basa nazvo. Vava kuda kundorara kuchiteshi, Ndakaitei anoti zviri nani kuti vaende kwaTete Mazviwanza. Vasvikako vanoziwiswa nemufambiro waPosendi, uyo waizozivikanwawo neguhwa. Usikuhwo vadzoka kwaPosendi vanosvikowana mukova wakiyiwa. Remangwana VaKubvoruno vanokwira bhazi rokuenda kumusha. Vasvika paMashava vanoburuka vachida kutenga nyama ndokutsikwa nebhazi ravange vaburuka ndokufirapo. Muhomwe maive netsamba yainge yanyorwa naNdakaitei ndiyo yakabetsera mapurisa kusvitsa shoko kumusha nekumba kwaNdakaitei. Ndakaitei anoedza kutsvaga Posendi kuti amuudze nezverufu, asi anomushaya.

#### **CHITSAUKO 5**

Grace ainwa doru naPosendi kumba kwake apo anoudza Posendi kuti ave muranda wedoro, uye aitwa mhetamakumbo naro. Nokuona kuti Posendi adhakiswa, uye achiri kuenderera, anofunga zano rokunomusiya kubhawa iye achidzoka zvake kumba kwake. Anodhirairwa iye vasvika kubhawa uko vanosangana nedzimwe shamwari dzavo, Moyo naNgwenya, avo vanoti Posendi adzokerwe naye kumba. Posendi aramba kuti Moyo atyaire, vose vanokwira votyairirwa naPosendi, uyo anovhetemesa motokari vachibva vaita tsaona yokubonderana neimwe motokari, Moyo ndokufirapo pamwe nomudzimai wemurume wemota yakabonderanwa nayo. Posendi naGrace vanokuvara zvakanyanya. Ngwenya ndiye anotozoshanyira Posendi naGrace kuchipatara. Grace anoona kuti tsaona ingadai isina kuitika, uye anoramba kupa umboo hwakamonyoroka hwaidiwa naNgwenya. Mushure mekuzwa rufu rwaVaKubvoruno, Ndakaitei anobva azonzwa zvetsaona yaPosendi, oenda kuchipatara

kunomuona osvikhodhumana naSipambano achipa Posendi bhanana, vombotaudzana zveshanje uyu Sipambano achibvapo. Ndakaitei anoedza kuonesa Posendi kuipa kwezvaakaita zvekuurayisa Moyo nemukadzi waSibanda pamusana pedoro. Posendi paanoda kuchema Moyo, anoudzwa nezverufu rwaTete Kubvoruno, avo anoyeuchidzwa kuti ndiye aive avashura nezvaakavaita Posendi anokungura kufa, uye mukurwadziwa anoti Ndakaitei “mudiwa”. Ndakaitei anosvoterwa Posendi, omuti ngaadaidze Sipambano amunyaradze. Anoti Posendi akadyiswa. Paanoda kuziva chakawana tete, Posendi anonzi zvaavaita ndizvo honzeri. Anoyeuchidzwa uipi hwedoro nekutendwa kuti aive asiya imba, saka Ndakaitei aizochengeta vana vake aripo. Anomuyeuchidza kuti chekuba hachikodze, nokumuoneka achiti vaizosangana kudenga. Posendiwo anozoudza Ndakaitei kuti vakatorambana zvikapera. Ndakaitei anobuda muchipatara.

### **CHITSAUKO 6**

Tete Showerai naNyemudzai vanosvikhodzwa zverufu rwaVaKubvoruno nemapurisa, vodemba zvikuru, nekuti ndivo vaive vakabata musha. Vavakidzani vanokotonoka vachiuya kurufu. VaMurasiranwa vanotozovika pamusha zuva vachisvikonzwawo zverufu ndokudunurawo zvakananyanya. Vanochitanga kuronga zvekunotoro mutumbi kubva kuMashava. Vanotuma Chatambudza nemudzimai wake. Vanopuhwa mutumbi vouisa mubhokisi ratengwa naNdakaitei. Vasvika pamusha, Pachida anoti vanhu vapirwe mafambiro, Chatambudza oita saizvozvo, vanhu ndokuungudza, avawo varoora vachiita chitutsi chavo. Veukama vanodemba kusavepo kwaPosendi. Vanhu vanoraroimba. Mangwanani guva rapera, vanhu vanoona chitunha. Vapedza, VaMurasiranwa vanotaura kumwana wavo vachimukumikidza kumadzitateguru ake nekumudziidzisa zvokuita. Panovigwa munhu, VaRowesai, Pachaida naMazviwanza vanotaurawo. Mushure, Ndakaitei anozoudza VaMurasiranwa kuti Posendi aiva muchipatara mushure metsaona, uye ainge anomuona. Anoti kuenda kwaPosendi aive amusiya pamba achitevera musikana. Sekuru Murasiranwa vanoti agare pamba kusvikira murume wake auya, asi iye anoti anofanira kudzokera kubasa kunoshandira mhuri. Vanomubvumidza vachiti vaizonzwa naPosendi kuti chii chiri kuitika, sezvo Ndakaitei asina gupuro. Vanoti vari kunetseka nevakaurayiswa naPosendi, nokudaro vaizonobvunzira, uye vanovimbisa kuzopota vachinoona vana. Achibva kunhamo Ndakaitei anoenda kunoudza vabereki vake zvekusiwiwa nemurume kwake achinotoro mumwe mukadzi, asi baba vake, VaMugariri vanoti pasina gupuro vaisamutambira pamusha pavo, nekuti havazivi kana asi iye akatiza murume. Ndakaitei anodoedza kuti barika haarigoni, mai vake VaRwaringeni, vodoedza kudzora murume wavo, asi zvinoshaya basa. Anozodzokera Bhuruwayo asisazive chekuita.

### **CHITSAUKO 7**

Posendi naSipambano vanotafurana nenhau yekuti Posendi ari kuda kunotoro bhuku remombe kumusha kuti ape vekukoti sechibato che\$300 dzaive dzasara pamari yekuti agone kumirira kutongwa asiri musungwa. Sipambano aitya kuti Posendi akaenda haaidzoka pamusana pamaitiro ake asina chokwadi. Airwadzirwa masofa ake aive aenda serubato. Aiti sei asina kuendesha zvinhu zvemukadzi wake. Anonyunyutira Grace, uyo aive ofambidzana naPosendi. Posendi anozoti haadi zvekushaudwa, sakaoti vaende vese kumusha, asi Sipambano anoramba nokuti haadiwiko, uye vanoziva Ndakaitei. Paanopinza Ndakaitei, Sipambano anonzi amusiye, ari kupenga. Iyewo Sipambano anoti Posendi ane ngozi. Posendi anoshatirwa ndokumurova nedondoro pamhanza. Manheru Sipambano anorwara ndokusungunuka mapatya, izvo zvakapa

kuti vazoenda kumusha mushure mamasvondo matatu. Mbuya nasekuru vanotaridza kusafarira Sipambano. Posendi anozotaura chifambire chake chebhuku remombe, sekuru vombogwinya kuramba naro, kusvika vazoti anoenda naMazviwanza kuti anonyatsonzwa kukoti kuti haasi kuzodzitengesa here. Vanobva vamudzinga ne'Chikadzi' chake ndokufumiroenda kwakare Bhuruwayo.`

### **CHITSAUKO 8**

Posendi naSipambano vanotaudzana nenyaya yaPosendi yekuramba achinwa doru iro ainge arambidzwa nachiremba, sezvo zvainzi chiropa chake change chisisina kunaka. Sipambano anogunun'unazve nenyaya yekusiyiwa oga munhu achizodzoka nguva dzisakafanira. Ari kurwadziwa nekusapedza kosi yeunesi yaaiita. Anonzi kana zviri kumusvota ngaaende, sezvo aichigarotaura kuti haanyengereri. Anonyunyutazve kuti haachadiwa nokuti haachagoni kufambwa naye, sezvo ari muzvere. Posendi anoti akamutorera kuti aite vana nekugara pamba. Anobva ati ave kuda kurara, asi anoda kutanga anwa tubhurandi. Izvi zvinoshatirisazve Sipambano, omuyeuchidza mashoko achiremba, uye nekuti ane vana nevamwe vanhu vekuchengeta, avo vaanofanira kuraramira, nechitoro chinoda maneja. Sipambano anobvuta kiyi dzefiriji dzinenge dzatorwa naPosendi. Posendi anoramba achipopotera kiyi, nokuudza Sipambano kuti handiye akamurambisa murume, uye akamuwanira mubhawa, saka haafaniri kumurambidza doru, uye kuti ayeuke kuti aigona kungodiwa nevamwe vasikana kubhawa ikoko, iye amudzorera kubhawa kwakare. Sipambano arambisisa nekiyi, Posendi anoburitsa dzimwe kiyi, ndokunwa bhodhoru rebhurandi raanosiya paduku kupedza, asingambokendengi yambiro yekufa yaaipuhwa naSipambano. Kwaedza, Posendi anomukira kuchitoro asina kuoneka kumba, ongoti gare gare, opfuurira kuenda kubhawa parinongovhurwa. Anosangana naGrace, Ngwenya nemusikana waNgwenya ndokuhodha jinni nezvekusanganisa nazvo, uye dhazeni ramabhiya, vonwa zvayo vachikurukura nyaya dzakasiyana-siyana, sokuti sei varume vakarooro vachiita vasikana padivi. Bhawa ravharwa Posendi anonosiya Grace oenda kwake uko anonowana Sipambano akasvinura. Anomukwazisa nokungorara asina kupfekenura, uye aine bhutsu ndokutanga kukungura kosi yaaive asiyiswa yotopera, nemurume waainge arambiswa.

### **CHITSAUKO 9**

VaMurasiranwa vanoperekedzwa naMazviwanza kwaNdakaitei, uyo akati Posendi aisada kuti vaendeko. Vanogamuchirwa nomufaro. Vakamirira kudya, vanokurukura nezvenhamo dzemudhorobha. Vanoti dzimba dzacho dzakamanidzana, dzinonetsa kuwana, dzinonetsa pokugara nevana vachinge vakura, mutero unonetsa, chokudya nechokupfeka chinoda kutengwa nemari yechikoro inenge ichidiwa. Ndakaitei anogunun'una kuti zvose izvi zvinenge zvakamirira iye, vana vachizotorwa kana achembera. Anogun'una nokuparadzirwa imba yake nemidziyo naPosendi. Anoti haachatengi mimwe midziyo otongoita zvekuriritira vana. Ari kutyira upenyu hwake kuti pakuchembera achachengetwa nani. Vadya, VaMurasiranwa vanodzokera kwaMazviwanza, uko vanofumirodzokera kumusha. Vanosvikowana Chatambudza achiti awana mombe yemudanga raKubvoruno yanyura mudeve, apa panga padyiwa mhuru yemudanga rimwewo mwedzi waive wapfuura wacho. Zvinopa Rowsai naVaMurasiranwa kugunganya kuti chii chaidariso. Rowsai anoshupikazve nemheni yainge yarova muti pasina mvura yakanaya, mumunda mukaita semaive macherwa nenhire. Anobva arasa sadza muchoto kuri kuriramwa. Uyuwo Chatambudza anoti haasi kuda sadza nemunjonjo.

### **CHATSAUKO 10**

Posendi anodanwa kumusha kuti vambofamba kwanga kwanzu vauye naye. Anomboda kuramba, asi ozobvuma. Vanotorana pamwe naChatambudza naVaGwangwadza, sekuru vanaPosendi vekudivi kwamai vake. N'anga, Dzivaguru inovaudza kuti vane mhosva nhatu. Pokutanga mbuya vana Posendi vakashaya pokuisa shavi ravo rokuroya ndokuitisa kuti Vakubvoruno vatadze kubereka, uye kuparadza imba yababa vanaPosendi. Kechipiri, pakafa mai vanaPosendi vanaMurasiranwa vakachengeta vana, vasina kudzosea chinu chemuroora, nekudaro ndiye ari kukonzera kusatsarukana kuvana vake. Chetatu, Kubvoruno ari kuchemawo kuti atadziswa kuita vana, VaMurasiranwa vakaramba kumupipirira nokumutsipika, uye imba yake yakaparara vakatarisa. Ochiti regai ndirere mwana wehanzvadzi asisina mureri, okura ndiye omudzinga pamba pake kuti anofa, mushure mekunge aroodzwa nemombe dzekuroorwa kwavo. Vanoti, ko tsvina yake yandaibata! Nokudaro, vanoda kutandirwa botso kuti hasha dzipore. VanaPosendi vanonzi havana kubvisira amai fuko. VaDzivaguru vanoudza VaGwangwadza naVaMurasiranwa kuti vapomerane mhosva zvavakange voita. Vanozoti mai vanaPosendi vambofanonyaradzwa netsiru vachimirira kuchenurwa nemwana. vekwaMurasiranwa vanonzi vasakanganwe chinu chamai vanaPosendi. Kwatete vaPosendi zvinonzi vatandirwe botso, uyezve zvinonzi hasha dzavo dzaitozonyatsopora kana Ndakaitei ogarazve naPosendi semukadzi nemurume.

### **CHITSAUKO 11**

VaMurasiranwa vanopira zvavakaudzwa kun'anga kugono remusha nokuripira kuti vave kuzovigadzira semaudzirwe avakaitwa. Kumba vanokomba rukuva, VaMurasiranwa vachigamhana naVaRowesai, vakapirawo Kubvoruno kuti vave kuzomitira zvavainge vaudzwa nen'anga. Vanotiwo Posendi aratidza kubvuma kwake nezviyo neshereni zvemupiro. Vanopirawo madzisekuru ekwamai vake nokukomekedza Posendi kuti achigadzirisana naNdakaitei. Vanopirawo Kubvoruno kuti vave kunitora Ndakaitei kuti vamuudze kuti mwana wake ndiye aizonzi Kubvoruna, ova muridzi wepfuma yaakasiya. Ndakaitei anozvibvuma, kunyange amai vake vanogununa nazvo. Vanopa mwana uye mombe nhatu somuripo waibva kuna Posendi kuenda kuna tete vake. Ndakaitei anoripwa mombe naPosendi kuti vadzokerane, asi anoti imbosara pamusha achitora chokwadi, sezvo akarwadziswa zvakananyanya. Posendi anobvuma kutanda botso, Ndakaitei odzokera Bhuruwayo, baba namai vake vachidzokera kwavo. VaMurasiranwa vanofumira kurwizi kunotsvaga pavaizoitira basa redoro raPosendi rokutanda botso. Vapawana vanopirazve midzimu yavo kuti vave kutandira Posendi musango. Posendi, pose paanosvika, anotukwa, kurohwa nokuitwa zvinhu zvakasiyana-siyana paanotaura nyaya yake, ozopihwa zviyo. Mushure mamazuva matatu anodzoka kumba otambirwa naPachaida oenda naye kurwizi kunobvisa mamvemve aaive akapfeka nokumugeza. Anozotambidza zvapakemhwa kumusha, VaMurasiranwa ndokundopira gono remusha kuti adzoka, uye vave kubika doro rebotso. Vanoendazve kuchikuva ndokupira zvimwezvo, nokupirazve mombe yeusavi yaive yabviswa naPosendi. Mbuya Rowsai vanopopotera Kubvoruno kuti daka nemwana ribve rapera. Doro rakazobvuvirwa naMbuya Rowsai. vaMurasiranwa naPachaida vanondopira kugono kuti doro rave kuzonwiwa. Mombe yousavi, Bhuresi, inobva yaurayiwa pamutambo uyu. Mutambo unoitwa vanhu vachinonota nokukomekedza Posendi. Zvaperu, Tete Kubvoruno vanozokomekedzwa kuti daka nomuzukuru ribve rapera. Panozonzi Ndakaitei ataurewo kana

pane zvaanoda kutaura, anoti vamunzwirewo kuti Posendi anotii negwaro rake raive rasvika mangwanani kubva kuna Sipambano, raiti Tembi ari kuchipatara, uye vaainge atorere nhumbi vaidamari yavo. Posendi anombogandukira kuti tsamba isaraviwa, asi inozongoraviwa.

### **CHITSAUKO 12**

Posendi anosvika kuBhuruwayo onanga kubasa kwaGrace. Anopuhwa kiyi dzokumba kuti afanogeza nokunwa dororiri mufiriji. Grace anozotevera kumba nokubvisisa Posendi hembedzakaunyana, uye dziine mamhororodzi edoro dzaaive akapfeka, kuti adziwache nekuchisa. Anomuti abvisezve ndebvu, nokuzora mafuta. Dororinondotengwa vobva vanwavachitandara, asi Posendi anenge akaita zvokuzvambarara pamubhedha. Grace achichisambatya dza Posendi, anoona ruvara rwaPosendi rwashanduka, uye chiso chazvimba. Grace anobika kudya kwamanheru omutsa Posendi uyo anomuka zvokuvhunduka. Anosiyiwa achidya, Grace achipedzisa basa rake. Anonzwa Posendi ave kukosora, ndokunzwa omushevedza. Posendi anotanga kurutsa akabata pamoyo. Anozadza dhishi ndokumbomira, ozotangisazve. Anobvuma kuti ainge azoneta, uye muchipfuva maipisa, zvekare aive asati amboita murutsiro wakadai, kunyange achimborutsa zvake. Anozorutsa ropa ndokumboti favava, apo anomboburitswa panze. Anodzokapo asisagoni orariswa pamubhedha, asi Grace haana kurara. Kwave kuda kuchena Grace anombobuda panze, odzoka achiona kuti marariro aPosendi haasisiri iwo, ndokumudana akasadavira, atofa. Anomhanyira kumapurisa. Mazviwanza anonoudzwa vose naSipambano. Mazviwanza anoudzawo Ndakaitei. Sipambano naGrace vanotukana zvokutozodziviswa kurwa navanhu. Chitunha chaPosendi chinoendeswa kumochari.

### **CHITSAUKO 13**

Vanhu vari kuchema Posendi muBhuruwayo pamba paPosendi. Sahwira waPosendi anobata vanhu vese maoko kusara kwaSipambano. Mazviwanza anogunu'unira vakadzi kuti vapedza varume. Sahwira anoda kuziva kuti Ndakaitei audzwa here, achiti auye kuzochema murume wake pamwe nevana, nokuti tsvingu haina basa nemurume. Sipambano anenge akangotarisa achinangwa kunzi ndiye aive nemunhu achinyatsoziva kuti murume wemunhu. Paanozonzi akauya nengozi dzekumba kwavo, uye vana ndevake nokuti havazive kana vari vaPosendi, anochema. Anopomerwa kuti ndiye akauraya Posendi. VaShowerai vanosvikawo vachichema muzukuru wavo vana Chatambudza vochema naMazviwanza, voratidza kuti Sipambano angaasisadi Posendi nekuti akambomudira mvura inopisa VaRowesai vanodunura vachiti Sipambano haana kana nepfuma yaPosendi yaaburitsa. Mazviwanza anozodawo kuona bhuku remari. Anopinza mai Sipambano mukati achidhenha kuti Sipambano adavire, obva adavira kuti mwana wavo, aipedza mari kubhawa nekupfambi dzake, zvese nenhumbi dzake nokuti ndiko kwaave ogara. Anoramba upfambi hwaaipomwerwa achiti akatorwa nokuti aigona kumubata. Anopomerawo madzimbuya aya mhosva yokutadza kurera Posendi, saka anga asina kuteramira, achichiva vakadzi vevanhu vanozviseenzera. Anovapomera kukara mari, ovati vatore mwana wavo vanoviga. Anoti vaimudana vachienda naye asingazive, uye haana kufira mumaoko ake. Anobvuma kuti akafeva kuti ariritire vana vake, uye anonyunyutira kurwisa kwavaimuita kuti asiyane naPosendi. Anovashora kuti akafirwa nemwana vakasazomuchema, ovapomerawo mhosva yokufa kwaPosendi. Mbuya Rowsai vanozomutsiura pamatauriro aainge oita, voti sezvo aingovawo muchengetwi waPosendi, asina kuroorwa, vachingomuchema pamwe chete. Nyemudzai anozokungura mabasa aPosendi

mudhorobha nepaainge avasvitsa. Mbuya Rowsai vanodembawo zvebasa rebotso ravainge vaita, nekuripwa kwambuya vake zvikashaya chitsvene chabuda. Vanoti mombe youmai vakabvisa nezvimwe zvavakagadzirisa, saka vanobvunza kuti sei zvino Posendi afa. Vanopomera vekwamai Posendi vachiti sei vave kutungamidzana naKubvoruno. Vanotsindidza kuti vasasvike kuvakuwasha. VanaChatambudza vanodzoka pamwe naNdakaitei nevana vachiti vaizondotora Posendi achinovigwa kumusha. Shamwari dzaPosendi, naGracewo dzinenge dzavepo. Ndakaitei anonzi aizoripwa mombe kuti agogezesa murume wake, izvo zvakasvota Sipambano Chiremba ainge ati Posendi afa nechiropa change chadyiwa nedoro, asi hama dzake hadzizvitenderi. Vanozosuma Posendi kuti achivatungamirira vanomuviga kumusha, akatungamirirwa naNdakaitei. Madzisekuru ekwamai vake vanowana avekowo kumusha. VaMurasiranwa vanobvisa fuko yavo nemombe yenhevedzo. Vanovimbisa kuti pfuma yaPosendi iri mumaoko aSipambano vaizoifambira kumatare kuti ichengete vana. Posendi anobva amisa mumvuri uyo unopopoterwa nambuya vokwaMurasiranwa uchibva wanyangarika. VaMugariri vanobvisawo fuko yemukuwasha wavo, vachiti anga akarooro, nyangwe anga asisagare nemwana wavo, vaive nemvumo yekumuchema, uye sezvo aisave negupuro, anga achiri mukadzi wavo. Vanogununa kuti vaine vasina kuudzwa rufu rwemukuwasha wavo. Chatambudza anotozokumbira ruregerero. Rechimangwana Posendi anovigwa veruzhinji voparara. Ndakaitei anoudzwa naVaMurasiranwa vaine mhuri yose kuti musha ndewake. Ndakaitei anogununa neushoma hwaainzwa pamusoro peupenyu hwake naPosendi kusvikira mukufa kwake, nokudaro anoti hapana chaanga achayemura pamunhurume. Sipambano anoendawo nevamwe, sezvo asina kugamuchirwa mumusha umu. Mushure memazuva mashanu Ndakaitei anodzokera kubasa kuBhururwayo. Sipambano anogashira tsamba yemaro vachida kumuona maererano nemhosva yaPosendi yokurovera mota. Anonoudzwa kuti chitoro chaPosendi chifanira kutengeswa kuti abhadhare zvikwereti zvaakatorera bhero auti. Anobvunzwa muchato oti haana. Anoti ane mwana, asi anga asati ave nechitupa chekuzvarwa. Anotizve haana chitupa chemurume. Gweta rinofonera Ndakaitei pakarepo ndokuburitsa Sipambano. Gweta rinobvunza zvakaanda pamusoro paPosendi naNdakaitei robata kuti Ndakaitei zvose zvavaida aive nazvo, ndokuzomuti azouye kuhofisi pamwe chete naVaMurasiranwa. VaMurasiranwa vanozovimbiswa negweta kuti vaizopuhwa bhuku ravo remombe. Uyuwo Ndakaitei anovimbiswa kuti kana zvese zvapera aizopiwa pfuma yese inenge yasara kuti ichengete iye nevana. VaMurasiranwa vanozvitenda vachiti ivo vanongova ziso ravazukuru.

## 2) **RURO/RONGETEDZO YENYAYA**

Rongetedzo yenyaya yaNdakaitei yakati twasa somutsetse. Nyaya yacho yakangorondana semabudiro ainoita muzvitsauko zvebhuku racho.

## 3) **MADINGINDIRA**

- Ngozi/Botso
- Chipfambi
- Doro
- Ukama
- Ushamwari
- Mhosva
- Kurambana
- Roora
- Rufu

- Kupira
- Rudo

Chinodiwa kutsvaga kuti zvirii kunzii mubhuku iri pamusoro pemadingindira iwaya.

#### 4) ZVIDZIDZO

- Usarere munhu uchitarisira kuzochengetwa naye.
- Doro, kunyanya bhurandi, rinorwarisa zvekusvitsa pakukuvadzisa nhengo dzemuviri nokuuraya.
- Mufaro mwena kuutevedza unoguma.
- Muto wetsenza ndomumwe.
- Kurova mai kana tete nekuvatuka zvinokonzera ngozi.
- Kusateerera kutsiurwa kunopinza mumatambudziko.
- Mubereki pfambi, anokonzera kurwara kwemwana wake, kunyanya akada kumubata.
- Munhu haamanikidzwi wekuda.
- Shiri ine muririro wayo haiuregi.
- Nyamunatsi ndiye nyamutsigwa nebonda/Tsitsi dzinotsitsirira.
- N'anga nyoro unoodza maronda.

#### 5) NGUVA NENZVIMBO INOITIKA NYAYA

Ndakaitei? inyaya ine runyaya rwechimanjemanje, asi tichiri kutongwa nevaRungu. Munguva iyoyo vanasikana vakadziidza vainyanyoita manesi nematicha. Vanakomanawo vaiita mabhizimisi ezvitoro nekutsvetsva iwo manesi nematicha aya kunyanya. Nyaya inotora nzvimbo zvese kumaruwa nemudhorobha, kunyanya reBhuruwayo. Izvi zvinopa Posendi pfungwa yokuti vanhu vekumusha vakasarira mumaonero avo ohupenyu, achizoguma apara ngozi.

#### 6) MANYORERWO EBHUKU

##### a) **Ronedzero yemunhu wechitatu**

VaRibeiro vanonyanyoshandisa munhu wetatu mukuronedzera kwavo nyaya, asi zvakasangana nenhaurirano. Nhaurirano iyi inobatsira kuti tikwanise kunyatsonzwisisa vatambi vedu.

b) **Rwiyo**, sepapeji 51, urwo rwunotionesa maonero ari kuita VaKubvoruno kuti vachafa zvine chokuita naPosendi.

c) **Fungiramumoyo/Nhauriramumoyo** saNdakaitei naVaKubvoruno vari mubhazi vachidzokera Bhuruwayo kwavainge vanzi vanodana Posendi kuti azozvidairira nyaya dzake. Manyorero aya anopawo muverengi nzwisiso pamusoro pemifungo yevatambi isina kutaurika.

d) **Kutipa vatambi vakanyatsosiyana** pamafungiro, maitiro, kana maonero avo, sekuti, Ndakaitei naSipambano, Grace naNgwenya, zvichingodaro. Izvi zvinobatsira munyori kuburitsa upi kana unako hwezvaari kuda kuonesa muverengi.



- e) **Tsamba** (peji 98) iyi yakabatsira munyori kuburitsa chimwe chezvidzidzo zvake chekuti, shiri ine muririro wayo haiuregi.
- f) **Mazitadunhurirwa**, sokuti Ndakaitei, apo anenge ozvitongesa kuti akatadzira Posendi chii chinomupa kumushungurudza kudaro.
- g) **Kushandisa misambo yekutura** inoenderana nezviitiko zvakasiyana-siyana, parufu, pakupira, pan'anga.
- h) **Zwimwe zvidavado** zvemutaurosiri zvezvazvava ose, setsumo, madimikira, fananidzo, enzaniso.

## 7) MUSORO WEBHUKU

Musoro webhuku iri mubvunzo, Ndakaitei? Mubvunzo uyu unogona kuonekwa nepaviri. Kuti ndakaitei kubvunza kuti pane zvaakaita here zvave kukonzera kuti upenyu hwake husaite zvakanaka, kana kuti kukungura kuti ndakaitei zvakaita, izvo zvave kupinza mumadzudzo. Pane vatambi vane chitsama munyaya iyi vangazvibvunze uyu mubvunzo.

- **Ndakaitei**
  - Kuzvitongesa chaakatadza chinopa Posendi kumushungurudza zvisingagumi, chero akadotsiurwa sei, uye chero nani.
  
- **Tete Kubvoruno**
  - Kuzokungura kurera kwavakaita Posendi, uyo anozovatuka nekuvarova, izvo zvinozokonzera rufu rwavo.
  - Kukungura kuroorera Posendi kwavakaita iye opedzisira asisadi mukadzi oti vamutore sezvo ari wavo.
  
- **VaMurasiranwa vanokungura**
  - Kusaita zvinotarisirwa parufu rwemuroora, amai vaPosendi, kunyanya zvekusadzosea chinu chavo, zvinokonzera kuti vapfukire vana vavo.
  - Kurega kutsipika mbuya vavanaKubvoruno zvinoita kuti Kubvoruno ashaye mbereko, ozobatsirana kupfukira mhuri nemuroora, mai vaPosendi.
  
- **Posendi anokungura**
  - Kutuka nokurova vatete, achizotanda botso.
  - Kusateerera vanaMoyo pavanoti asatyaire akadhakwa, ozourayisa Moyo nemukadzi wake, zvinozomupa kurasikirwa nepfuma, uye kutatapurira vemhuri yake ngozi mbiri idzi.
  
- **Sipambano**

- Kuramba kwaakaita murume wake achida Posendi, uyo ave kumusiyazve achienda kune mumwe mukadzi.
  - Kusiya kwaakaita kosi yeunesi panzira achitizira Posendi, uyo asisamuriritire pamwe nevana vake.
  - Chaakatorera murume wemunhu kumhuri yake, iye achizoguma atorerwawo naGrace, uye pfuma yaPosendi yaive yasara pakubhadhara zvikwereti ichienda kumukadzi wake wemuchato nemhuri yake.
  - Kutukwa parufu rwaPosendi achinzi ndiye honzeri yorufu, asi iye akafira kwaGrace.
- **Grace**
    - Anokungura chaaidanirana naPosendi apo Posendi anofa ari mumba make.

## 8) VATAMBI

### **NDAKAITEI**

Ndiye mutambi mukuru nokuti vamwe vatambi vose vane chekuita naye. Chinogona kunge chichiunza makakatanwa naye kana kuwirirana naye. Anoshandiswa nemunyorori kuburitsa pfungwa yokuti mukadzi wemuchato anogona kubatanidza mhuri yekwaakaroorwa kana akaramba akamira panzvimbo. Anenge ari kuti chero baba vakapumhuka, mai vakaramba vakachengeta mhiko dzomuchato, vana havazorasikirwi nepfuma yababa vavo yose, vanotozowana chimwe chavanasara vakabata. Nokudaro tinomuona aine rudo kumhuri yose.

### **POSENDI**

Chidhakwa chinongozvifunga icho. Anotongwa nezvido zveanzwiro enyama yake zvokuti haazomboremekedzi tete vake, kana zvake zvauya. Haagani kuzvidzora kana achinge adhakwa zvekuti haazombooni kukosha kwevamwe vanhu muupenyu hwake, asi munyorori ari kuti muitiro wake wakaipa unokonzerwa nengozi yamai vake kutanga, kepiri neyatete vake. Yamai iyi tinoionawo kumukoma wake Chatambudza ichimuitisa rombe risingaendi kubasa richingodhakwa riri pamusha. Kusazvidzora kwaPosendi kunomuita pfambirume, nokuzomurayisa nedoro kumagumo.

### **KUBVORUNO**

Ingomwa, asi zvinonzi ungomwa hwakakonzerwa nengozi yaambuya vavo vairoya vaida kugara paaari, akaramba, zvikamukonzera kushaya mbereko. Ane rudo rwakanyanya kuhama dzake, sezvo tinomuona achiritira vanaPosendi pavakasiiwa namai vavo nepakazofa baba vavo. Anochengeta nokuriritira mhetamakumbo, uye anomiririrawo Ndakaitei paaishungurudzwa naPosendi. Munyorori anenge ari kuti kana uine chivanhu chaunacho chisina kugadzirwa, zvinenge zvichitoda kugadziriswa nokuti zvinonyonganisa zvakanaka zvose zvaungade kuita, hezvo vakazofa vaine chigumbu naPosendi, vakapfuka.

### **VAMURASIRANWA**

Ndisamusha vakatadza kunyatsokoshesa chivanhu. Hongu vane gono remusha, asi vanopira gotsi kunyaya yekutsipika ambuya VaKubvoruno vaida kuti aroye. Vakaregazve kunobvisira

vazukuru vavo fuko panofa mai vaPosendi vana vachiri vaduku, uye havachemi nemadzitezvara, vanotosvika zvatopera. Pamusoro pezvo, havadzoreri chinu chomufi. Munyori ari kuti, chivanhu chikasatevedzerwa chinovhiringidza musha.

#### **VAMWE VATAMBI NDEVANOTI**

- Sipambano
- Grace
- VaMucharukwana
- VaRowesai
- VaShowerai
- Mazviwanza
- Pachaida
- VaMugariri nemudzimai wavo
- Sahwira waPosendi.

#### **9) MAKAKATANWA**

Makakatanwa kusapindirana kwepfungwa namaitiro pakati pevatambi. Munyaya iyi tinoawana:

- Pakati paVaMucharukwana naNdakaitei panhau yekutsiura Posendi.
- Pakati paNdakaitei naPosendi panhau yeubaba hwaPosendi, uye panhau yemabatiro aanoita Tete Kubvoruno.
- Pakati paPosendi naTete Kubvoruno panhau yekuti tete vanoti vane kodzero yekuchengetwa naye, uye vanoti Posendi anofanira kubata Ndakaitei zvakanaka, sezvo mombe dzavo dziridzo dzakamuroora, Posendi achizviramba.
- Pakati paPosendi naSipambano panhau yekusagara pamba kwaPosendi, kunwa doro kwaPosendi, iye akarambidzwa navanachiremba, uye kusachada kufamba naye, achifamba naGrace.
- Pakati paPosendi nanaGrace, Moyo naNgwenya pavaiedza kumurambidza kutyaira motokari akadhakwa.
- Pakati paSipambano naGrace pavanononotana parufu rwaPosendi.
- Pakati paSipambano nehama dzaPosendi, avo vanoda Ndakaitei, vachipomedzera Sipambano kuda pfuma yaPosendi chete, uye kuzokonzera rufu rwake, iye achipokana navo.
- Pakati paVaMurasiranwa naVaMugari pamabatirwo amai vanaPosendi pavaakafa nemhura yavanaPosendi.

#### **10) MAPISHAPISHA**

Aya makakatanwa anenge ari mupfungwa dzemutambi, sekuti,

- Tete Kubvoruno mubhazi paye vachinetsika nepfungwa dzekuti Posendi anga apindwa nei kuda kuramba Ndakaitei, achida pfambi. Izvi ndozvavaitiwo hazvife zvakaitika.
- Ndakaitei aifunganyawo kuti anga atadzirei Posendi chaikonzera kuti amushungurudze.

## 11) MIBVUNZO

- 1) Zvakanzi neumwe muongorori, “Izvi ndizvo zvakaumbwa naBaba Ribeiro kuita rungano runosiririsa kwazvo runonzi, Ndakaitei?” Ratidza kuti rungano urwu rwunosiririsa pakadii.
- 2) Doma tsika dzeChiShona dzinobuda mubhuku Ndakaitei?
- 3) Nyaya yaNdakaitei? Inotendeseka zvakadini takatarisana neupenyu hwanhasi?
- 4) Ongorora matambudziko anosanganikwa nawo nevatambikadzi vari mubhuku iri.

## TSANO

### NaT.K. TSODZO (MAMBO PRESS)

#### NZVIMBO NENGUVA

- Mutambo uri kunyanyoitikira mudhorobha reHarare murokisheni rweHighfields nekuChitungwiza kuChirambahuyo, asi tinombonoti dongorerei upenyu hweruzevha kuMhondoro.
- Kuitikira kwekamwe kadimbu kemutambo kuChirambahuyo kunonongedzera kuti mutambo uyu wakaitika pakati pa1977 kusvika kokutanga kwema1980. Iyi ndiyo nguva yaive yatsviriridza hondo yeChimurenga muZimbabwe, apo ruzhinji rwakatizira mumadhorobha kuti vaihwande, kunyanya vezera rana Runesu avo vanga vachine muraramiro wokufanira kunge vari varwi muhondo iyi. Vaizoti vasvika Harare pokugara poti uya hende, vanokwanisa voroja, kana kuti kana vasisazvigoni zvekuroja vodzingwa basa saRunesu, vanovaka zvitangwena kuChirambahuyo uko vainowanawo vagari variko vasingashandi vanopona nokuba saCledz, Geodz naNedz nepfambi sanaAlice.
- Kuitikirawo kwekamwe kadimbu kemutambo kumhondoro kunobatsiridzawo kutendeseka kwenguva yakaitika nyaya iyi pakuti, tinonzwawo Takundwa achituka Charles Muranganwa achiti, “Ndihwo umujibha hwenyu hwokudaniso kusakudza vakuru here ihwohwo?” vanamujibha ndivo vaive vasori nenhume dzamakomuredhi airwisa masoja ehurumende yaSmith kuti ibviswe. Rumbowo rwekuti “Ndini komuredhi Masango”, rwunotsinhirawo kuti ndiyo nguva chaiyo yaitsviriridza Chimurenga. Kana shoko rinouyawo naTapiwa kuna komuredhi Masango rokuti “charira pachikomo apa” uye kuna Takundwa kuti. “Tichavinga zvinhu zvedu zviya”, iye Takundwa ongoti, “Watumwa nevedu ava kanhi?” Charira chii? Chimurenga! Vedu ava ani? Makomuredhi. Izvi zvobva zvajekesa nguva yakaitika mutambo uyu nokupa kutendeseka kwawo.

#### RONGETEDZO

- Rongetedzo isinganetsi kubata nokuti yakangoti tasa.
- Kubudikidza nokuseketa, nhemeramuvhu nenyn’ambo nyaya inobva yangonzi yacha pachena zvinofadza.
- **Muchitambo 1 dariro 1**, sekai naTaurai vanoudzwa naRunesu kuti abuditswa basa, saka haachagoni kutera imba yaari kuroja nguva, saka achabhadhara amboendesa mukadzi wake ane mimba kunovhenekwa. Taurai anoona zvichiita, asi Sekai anozviramba Runesu obva atandwa.
- **Mudariro II, rechitambo I** Runesu anenge achivaka chitangwena chake kuChirambahuyo, chobva chanyanyosebera kune chaAlice, uyo anonyunyutira Runesu kuti apwane zvaavaka azvisudurudze. Paanoda kumbozengurira achiti ozozviita mangwana acho nekuti aneta, vanaClever (Cledz), Never (Nedz) naGeorge (Geodz) vomumanikidza kuchipaza nguva iyoyo. Alice anonyunyutira Clever kuti haana kumutengera wigi yaakamuvimbisa. Vakomana vanoenda, Runesu amboti azorore achitarisa bepa pazvakabuda parotari oona akahwina \$15 000, izvo anoratidza Alice oti amuperekedze kunoitora, Runesu obva atonyenga Alice nokudiwa.

- **Mudairo III remutambo 1** George, Clever naNever vanoenda kun’anga yechikadzi inonzi Sekuru Madzumbunure kuti vanoona kuti vangadii nokurambwa kwaClever asina mari kuchidiwa Runesu anayo uye nokunonzwa kuti haasiriye here ave kuvapa munyama yavave kugara nayo. Semaudziro avakafanoita makumb i wen’anga iyi aive murume wayo anonzi VaJameson Gava, n’anga yakazongotiwo minyama iri kubva kuna Alice kunyange ariye anga azvipira kuchinoto chake, akangotsamwa zvikadaro kuti akamusiya.
- **Muchitambo 2 Dariro (1)** Alice anobvutirwa bhegi rine makiyi nemari nezvimwewo oudza Runesu kuti pamwe matsotsi achazouya kuzovabira asi Runesu anoti hazvigoni nokuti tsotsi yacho inenge isingazive kuti ikii dzepamba ipi. Runesu anenge akamirira shamwari dzake dzaari kuitira mutambo obuda kunotarisa kana dzave kuuya. Anoono mukadzi wake Tsitsi achiya nomuzukuru wake Peter. Anodzokera mumba oudza Alice kuti achamupira kuvaviri ava semuzukuru. Vaviri vanosvika vakatsamwa, asi pavanozonzi Alice muzukuru, vanosununguka Peter ototi aive ototy kuti mbuya vake vaive vorambwa somutaurirwo wazvo nemakuhwa, uyuwo Tsitsi otoratidza banga raainge auya naro kuzobaya naro Alice. Shamwari dzinobva dzauya mutambo wotanga. Vanobikirwa kudya naAlfonse, vodhanza Tsitsi achingotsika Runesu, kusvikira Peter azoti vasekuru vadhanze naAlice, uyu Peter otamba zvake naTsitsi. Runesu anopopotera kutsikwa achiti ndizvo zvaange akaronga saka kuzouya zvisina chirangano. Peter paanoda kupodza bopoto anobva oda kurohwa naRunesu, shamwari dzake dzomudzivisa. Peter anobva aenda hake kwake kuMufakose achisiya kudya. Runesu anodanwa naAlice vozonodya.
- **Mudairo (II) rechitambo 2** Rechimangwana Runesu anoperekedza Alice atombonoti nya. Adzoka Tsitsi anotsiura kuperekedza uku oshoropodza kuchenjeresa kwemuzukuru achiti ndiye ari kuronzira Runesu kusauya kumusha. Anotizve imba yaRunesu iSodhoma neGomora. Runesu anoti kumusha kune hondo saka anoty magandanga ayo anoti anonzi haadi vanobva Harare (kumadhorobha) Tsitsi anotsvinyirazve shamwari dzaRunesu dzaanoti dzine mimba kunge vakadzi. Runesu anotizve kumusha kune korera nevaroyi. Anozoti Alice ndiye ari kutsvagira Runesu vasikana obva apomerwa kusada hama dzaRunesu achida dzake. Tsitsi anobva apomera Runesu kusachengeta vabereki. Runesu anozoti anotadziwa kuchengeta vabereki vake nokuti Tsitsi ariko kumusha uye haavatsvagiri museveni nokuti Tsitsi ndiye museveni wavo. Tsitsi anobvuma kupuhwa hake gupuro pane kugara nemurume ava “kuzvibata setineja, warevuka sehundi”, pamusana petumari. Anopihwa gupuro \$500 onzi ozopfuura achitora vana nekutora zvose zvaanoda mumba umu chero zvisiri zvaAlice. Runesu hazvimutambudzi sezvo anoti haashayi vasikana nokuti ane motokari. Anoti VaSango nomukadzi wavo vakamuchengeta abve aita chitsaramvi chavo. Aenda Runesu anonzwa kufefeterwa otuma Alfonse kumuunzira doru. Paanoti Alfonse anofara achiti hure riri kurehwa ndiAlice obva atukwa ochema ari panze, otonzi kana achida Tsitsi amutevere. Alice anopinda oudzwa kuti Tsitsi arambwa saka vanobvumirana kumboenda ku’honeymoon’. Alfonse anobva apinda mumba owoneka kuti haachadi basa, vobva varwa Runesu anzi ‘iwe’ uyuwo Alfonse aramba kunzi ane zvaaita naTsitsi. Runesu anopunzika arohwa, Alice oti vaende kunomhangara kumapurisa.
- **Mudairo (III) rechitambo 2** Tsitsi anosvika pamusha oudza Takundwa naMareveni kuti kuHarare kune muzukuru uyo vakashaya kuti ndiani. Pavakanzi zvekuti Runesu ave nemukadzi manyepo nekuti Tsitsi haana kumuona, Takundwa akabva ada kunozvionera kunyanya paakanzwa kuti Tsitsi aive apuhwa gupuro re\$500, nembatya zvese nevana. Vese Takundwa naMareveni vakati Tsitsi haendi kusvika Takundwa anobata chokwadi.

- **Mudairo (IV) rechitambo 2** vanaGeorge, Never naClever vanonokiyinura mumba maRunesu vodya kunwa nekuba mari nezvimwewo. SaMadima vanosvikapo vobvunza Runesu voudzwa kuti akaenda kuhoneymoon uye kuti ivo ndivanatsano vaRunesu. Vanodzvinga SaMadima vosara vachiba bhuku rekubhanga nekunyorera Runesu tsamba.
- **Muchitambo 3 dariro (i)** VanaRunesu naAlice vanotadziiswa kuenda ku'honeymoon' nemhaka yekuti Runesu haana raisenzi parodhi bhuroku yamapurisa. Vanosvikoona tsamba yavanaCledz nekuona kuti zvinhu zvabiwa uye mutsamba mainzi matsotsi achadzokazve, voti ihanzvadzi dzaAlice asi iye anodziramba, vozogumisira voti ndiPeter akaba vachirangana naTsitsi. SaMadima vanosvikotaura kuti vakaona vanatsano Cledz kuda ndivo vakaba. Izvi zvinorambwa naAlice achiti matandi aPeter ekuda kuzvivanza. SaMadima vauya kuzoudza Runesu zvekuti vatizwa nemudzimai kwavo vachinzi vanoshusha achienda kune umwe murume kutangwena yekwaRusape. Vanobvumirana vari vatatu kuti vaende kunomhangara nyaya kumapurisa, nefoni ayo anobva ati vauye kukamba yavo. Vanoenda.
- **Mudairo (II) Rechitambo 3.** VaTakundwa vanosvika Mushangwa Gore (Jameson) uyo anova sekuru vaTakundwa. Vanobvunza pamba paRunesu vobva vatoudzwa kuti vafambira zvekupa kwaRunesu mukadzi wake gupuro. Sajeni anoudzawo muzukuru kuti ari kuvingawo zvakaitika kwaari. VanaAlice vanobva vangosvikawo pakamba, Runesu oedza kukwazisa baba voramba. Gore anobva otaura nyaya yake seasingazivani navo, Runesu obva aronedzera zvakaitika kwaari naAlice uyo waaisaziva zita rizere obva oda kuti ishamwari yake izvo zvakarambwa naTakundwa achiti inzenza yaaigara nayo achiti muzukuru. Alice anoshatirwa nazvo azviramba, obva oda kuenda. Anodzoswa naSajeni, VaMadima vanotaura nyaya yanaCledz semaziviro avo. Gore anopiwe tsamba yakanyorwa nanaCledz, obva audza vanaRunesu kuti vabatwa vachida kudhirowa mari kechipiri mubhangi. Constable Madhaka vanonouya navanaCledz vofunga kuti Alice ndiye avatengesa vomuoverera kuti iye semusikana waClever ndiye akavapa makiyi. Anodza kuzviramba asi VaMadima vanobva vaziva George, vanaGeorge vobva vati VaMadima vaive mutikitivha aive atumwa naAlice kuzovaongorora. Clever anomutuka kuti hure, oti vanotosungwa vese sezvo vaizofoonorawo zvose zvaakaita. Runesu anoshama kuti apinzwa mumadhaka aya naAlice asi Alice anoti amusiye. VaMadima, Alice naRunesu vanonzi kugara kwavo mudhorobha vari kuzokufurusha nanaClever, anonzi naGore asiyane nezvekutyisidzira vanhu. Cledz anoti Runesu akapusa. Vasungwa vanoendeswa kuchitokisi Gore naTakundwa vanobuda kunotaura dzavo panze uye Runesu osara achinyunyutira midzimu yake nokuita zindakupa zindakutorera. Ozvipira kuenda kumusha kwaaimboti kune hondo. Anoonawo kutadzira kwaakaita Tsitsi okungura dai akamuwana ari kumusha uko ari kuti haambonouraiwi nemakomuredhi nokuti haana chainge atadza.

## **ZVIKONZERO ZVEMADAMBUDZI KO EMUNA TSANO**

### **HONDO**

Vazhinji vagari vemumaruzevha vakatiza hondo yeChimurenga vachiyuwa mumadhhorobha umo mavakasvikotambura pokugara, ndosaka Alice ari kugara kuChirambahuyo uyewo ndosaka Runesu paakatadza kubhadhara rendi kwaVaMadima akadzingwa akanogara kuChirambahuyo. Paanozobirwa kubudikidza naAlice, anozofunga kumusha oti makomuredhi haamukuvadzi nokuti haana kuvatadzira. Munyori ari kutijekesera kuti vazhinji vaingotiza zvavo, asi vanakomuredhi vaive vasinei neasina kutadza.

## **MADHOROBHA**

Vatema vanotadza kunyatsogadzikana mumadhorobha umo muri kuwanikwa mhuri dzichiputsika, semhuri yaVaMadima, mukadzi achienda nemurume asingashushe nemhuri yaRunesu yakapotsa yaparara dai pasina vabereki vakati Tsitsi haaende kusvikira zvanyatsoitwa zvine gwara. Saka tingangoti T.K. Tsodzo sevamwe vanyori, ari kutiti tiyemure nyaya yekuve nemisha, tichitevedza chivanhu chedu panyaya dzekubata mhuri kuti dzisaparare. Kugunga kudzokera kumusha kwake kunoitwa naRunesu ndiko kunopa kuti titi madhorobha anokonzera kuparara kwemhuri pamusana pezvinetso zvawo. Tinoona Mai Madima vachiudza murume zvekuita panodzingwa Runesu, asi chivanhu chichiti murume ndiye anopa shoko rokupedzisira pazviitwa zvepamusya. Ndivozve vanotoramba murume pasina weukama anopindira nokuti ugaro hwemudhorobha hauna ukama hunoenda kunze kwababa, mai nevana. Nokudaro VaMadima nokuda hama vanetenge votora Runesu sehama yavo. Saka VaTsodzo vari kuti kumusha ndiko kwemutema, kune ukama kunoumbiridza mhuri, seyaRunesu yakaumbiridzwa navabereki kumusha. Vari kutizve dhorobha rinosandura munhu otanga kuzviona seasanduka paugaro hwake uye nepatarisiro yake yeupenyu hwakanaka.

## **KURARAMA NEMARI**

Iyi inzira tsva yekurarama nayo. Isu taingoziwa zvekuzviriritira kubudikidza nokurima zvekudya zvedu. Vatambi vemuna *Tsano* havasi kuwana mari iyi iyo inopa raramo mumadhorobha. Nokudaro tinoona vatambi vakati kuti vachiita zvinoshoreka kuti vaiwane kana kuti vaiwedzere. vanaCledz vanoiba. VanaAlice vanohura. VanaMai Madima kunyange vasiri varombo havana tsitsi neroja rabuda basa risisagoni kubhadhara mari yerendi nenguva. Tsodzo ari kuti upenyu hwedhorobha hunongonakira ane mari, asina ngaadzokere kumusha.

## **N'ANGA DZEMANYEPO**

Makumbi Gava nemukadzi wake anozviita n'anga vanokonzera kuvengana pakati paAlice nanaCledz, nokuti vanonyepera matsotsi aya kuti Alice ndiye honzeri yemhanza yakaipa pabasa ravo rekutsotsa vanhu. Tinoti vakanyeperwa nokuti tinoona kuti Gava akatofanofeya-feya chifambire chevakomana ndokunoudza n'anga iyo yakazongosvikoti nemo nemo. Saka Tsodzo ari kuti tichenjerere kuvenganiswa nen'anga dzenhema idzi.

## **KUBHEJA**

Kana munhu abheja nokuhwinha mazimari anobva angova munhu mutsva muzvinhu zvinoti

- i) Anenge otoverengwa pazvinoto muupenyu
- ii) Anenge ototarisa zvepamusoro muupenyu. Ndizvo zvakaitika kuna Runesu patinomuona otamba nezvinoto zvine matumbu anenge evakadzi vakurirwa, asi vaine “vakadzi” vemazera evana vavo. Ndosaka tichionawo Runesu oita Chikwekwe naAlice anozomuunzira dambudziko rekubirwa. Ndosakawo tichimuona odyo nyika rutivi naAlice vaChiita mapati, kugara mumba yakanaka, kudya nokumwa zvakakanaka uye kuenda ku'honeymoon', izvo zvinomuunzira dambudziko rokuramba mukadzi ane



man'a achitora Alice waanoona seave kupindirana naye nemari yake. Saka Tsodzo ari kuti mari inon'oresa munhu otovionera pamusoro nokudada.

### **KUTENDERA MUROYI**

Runesu anoti haaendi kumusha nokutya kunoroyiwa sezvo ave wedhorobha, zvomupinza mudambudziko rekuti paanobuditswa basa otadza kubhadhara rendi, odzingwa naVaMadima paairoja, anosarudza kutogara kuChirambahuyo muchitangwena pane kudzokera kumusha. Zvinobva zvamupinza mudambudziko rokuzosangana naAlice uyo anozokonzeresa kubirwa kwake. Kuzongofunga kudzokera kumusha, mushure mekubirwa nokubatwa kwamatsotsi naAlice, wavo, kwaRunesu kunoita sokuti Tsodzo ari kuti, zvimwe zvitendero sezvizvi zvinongotitadzisa kugara upenyu huri nyore hwekuruzevha tichitya varoyi vatinongonzwa.

### **DINGINDIRA**

Inhoroondo yekuedza kusandura tsika namagariro avanhu kuti zvifambirane neshanduko dzinenge dzichivawira muupenyu sokuti hondo neupenyu hwemari iyo inodiwa muugaro hwemudhorobha. Shanduko idzi dzinoyawo nematambudziko adzo kuvanhu sokuti kuzove munhu asisina unhu hwemutsika nemagariro ake. Ndizvo zviru kunzi naTsodzo zvinogadzirika bedzi kana mutema aramba achiyeuka kumatongo kwake sezvakazoita Runesu.

### **MANYORERWO EMUTAMBO**

#### **NHEMERAMUVHU/CHIBHENDE**

Uru ruzivo runenge rwune vaoni vemutambo runenge rwusiri kuzivikanwa nemutambi ari kutaura zvobva zvaita kuti mutambo unakidze pamusana 'pekupusa' kwemutambi, seapo tinonzwa Tsitsi achiti, "Kwete amai, kana ariko umwe mukadzi ini handina kumuona", muverengi achiziva kuti akamuona. Hanzizve naiye – Tsitsi, "Hongu baba, aifungidzirwa navanhu kuti mukadzi nyina wangu muzukurusikana agere ikoko nababa waTsitsi", apo atori mukadzinyina wake chaiye. Zvikanzi naPeter kunaRunesu, ". . . zvandakaona hanzvadzi yangu iri kukicheni kwenyu uko ndakabva ndangobvumira zvairehwa navanhu kuti makawana umwe mukadzi . . .," vaoni vachinyatsoziva kuti zvairehwa navanhu ndizvo chaizvo, haasi hanzvadzi yake. Mune dzimwe nhemeramuvhu dzakawanda dzaungatsvagewo.

#### **NHUNGANO YEMBUDZI**

Izvi zviitiko zvine nhemeramuvhu inodana setswa zvekare sokuti apo Tsitsi anouya nebanga kuzouraya Alice dzokono ogojonorwa mapfupa onzwa kuti muzukuru. Kana panokurudzira Alice kuti iye naRunesu vaende kundomhangarira mbavha (Tsitsi naPeter) kumapurisa dzokono onovharirwa ariye, zvichingodaro.

### **MASANGA**

Tsodzo anoshandisawo masanga akati kuti sepapo Runesu anopunziswa Chitangwena chake nanaCledz obva atongoona kuti ahwina rotary, upenyu hwotomunakira. Kana panoenda

Takundwa Harare kuna Runesu anotsvaga sekuru vake Gore pakamba yamapurisa kuti abvunze panogara Runesu, otowana inga ndivo vasekuru vacho vaari kutaura navo uye otonzwa zvonzi vanaRunesu vacho vari kutouya kukamba uku kanawo panouya vanatsano kuzoba uyuwo SaMadima obva angouyawo nedzakewo nyaya musi iwoyo achizofakaza ndivo chaivo vana'tsano' vacho kwete hanzvadzi dzaTsitsi, neamwewo masanga akangowanda –wanda.

## **UTAMBI**

Tsodzo anoshandisawo mazitadunhurirwa sokuti

## **RUNESU**

Rushavashava rwekubirwa, kudzingwa paairoja kugara ne'pfambi' inozoita kuti abirwe nezvimwewo.

## **TAURAI**

Kuti mbavha ndiani uye kuti Runesu haachadiwi pamba pavo kana asina mari.

## **SEKAI**

Muitiro wake ndewekuseka roja Runesu kuti sei asisina mari, saka ngaabve pamba pake uye zvaanozoita zvekutiza murume ane imba muHighfield achinogara kuChirambahuyo cheKwarusape zvinosekesa. Zvaanoitazve kutiza murume waaiudza zvaanoda achiteererwa omuti anoshusha zvinosekesazve.

## **NEVER (NEDZ) CLEVER (CLEDZ) GEORGE (GEODZ)**

Mazita echitsotsi anofambirana nekubatira chirungu pamusoro, sokunonzi varungu vanongowana mari nyore. Hezvo 'ungwaru' hwanaClever hwakazovapinza muchitirongo, vanaClever vakazosungwa pamwe vaiti hazvifi zvakaitika. Ava vanaGeorge madzimambo vakazotungamirira vamwe muchitokisi uye kun'anga dzenhema.

## **GAVA**

'Ukava' huzere chaizvo muna makumbi uyu, uyo akatapa mukunwa vanaClever 'vakazvishopera' voga kubudikidza nemhinduro dzavo idzo dzakazongonzi njo munzeve 'dzasekuru', n'anga iya ndokuzongosvikotitwo njo kunana Clever vava, ivo ndokubva vadyira, vopa vanhu mari mahara.

## **RUGARE**

Vanarwo sezvo vaine mabhisimusi uyewo zvinoratidza rugare rwake nedzimwe shamwari dzake vanaDzvombi panonzi naTsitsi, "Ndizvo zvamunoswerofurirana notuzukuru twenyu neshamwari dzinenge dzine mimba ivo vari varume izvozvo?"

## **TSITSI**

Dzokuregera kubaya Alice zvaave auya akaronga. Tsitsi dzekusasiya vatezvara navamwene achienda kwavo sekukumbirwa kwaave aitwa navo.

## **ALFONSE**

Murudzi sezita rake. Zita rinoburitsawo kubatwa kwake neseri kweruoko navanaRunesu. Rinongoitawo zvinowanaita marudzi ose zvekuti kana mabatirwo akaipa aya anyanya, vanosva vadzokera havo kunyika yechibarirwo. Saka, tinoona pana Alfonse kutarisirana pasi kwamarudzi rinova rimwe ramadingindiranyana emutambo.

## **MIBVUNZO**

- 1) Zvanzi naTsitsi kuna Runesu, “Uchiri murombo waive murume mukuru akadzikama, zvino netumaritwo twawakazowana wava kuzvibata setineja, wareruka sehundi”. Tsanangura zvinoreva mazwi aya maererano nenyaya iri mubhuku iri wakatarisana nerunyaya rwemari sekuburitswa kwarwunoitwa nemunyorori T.K. Tsodzo.
- 2) Nyora yemuro kana tsoropodzo yerunyaya rwehondo yeChimurenga sekupuwa kwatinorwuitwa mumutambo uyu *Tsano*. Nyatsotsigira mhinduro yako nechinyorwa ichi.
- 3) Taridza kukosha kwemakakatanwa mumutambo *Tsano* uchiburitsa pachena kuti ndiwo akasunganidza mutambo uyu.
- 4) Tsano mutambo unopa nhoroondo inotarisa umwe hugaro hwanga kwakaomera vaShona apo vaiedza kusandura tsika namagariro avo amazuva ose kuti zvifambirane nenguva iyi. Unotii nepfungwa iyi? Tsigira zvizere nezvinobuda mumutambo uyu.

## **MUBAIRO**

**Na D. HWENDAENDA (COLLEGE PRESS)**

## **ZVINANGWA ZVEONGORORO**

Ongororo yebhuku Mubairo yakanangana nekupenengura zviri mubhuku iri zvingangobatsira vadzidzi veChiShona padanho re’A’ Level. Bhuku iri rinowanikwa muchikamu B, cheuvaranomwe hwamazuva ano.

### **1) MUSORO WENYAYA - MUBAIRO**

Mubairo chipo chinopiwa, kana zvimwewo zvinoitika pamusana pemumwe muitiro wako. Mubairo uyu unogona kuve zvinhu zvakanaka kana zvakashata zvaunopinda mazviri, kunyanya nemuitiro wako kune vamwe, ungave wakanaka kana wakaipa. D. Hwendaenda anotipa vatambi vari kuwana mibairo yakasiyana-siyana kuburikidza nemagariro avo nevamwe mumhuri dzavo nemunharaunda. Hwendaenda anoisa George Chiratidzo mumhuri ine

mukoma nemunin'ina nyope dzinogara kumusha iye ari mudhorobha. Anozwana mari mutorari, inova mubairo wokubheja, obva angosiya basa nekutengesa imba yake yemuHarare onanga kumusha kunogara pedyo nemukoma wake Makate, nemunin'ina wake Kamukombe, achiti ndiko kuti vagoshanda pamwe vachisimudzira mhuri.

George anorasa pfungwa yokuti vaviri ava itsimbe, izvo anoedza kuyeuchidzwa naEunice, mudzimai wake, uyo ane pfungwa yokuti vatsvage musha kure nehama idzi dzine mbiri yedoro, sezvinongorehwa nemazita avo. George anoomesa musoro achiti haatongwi nemukadzi vogumisira vanovaka pakati pemisha yehama dzake idzi.

Mumagumo, George anowana mubairo wekuomesa gotsi achirega kutambira yambiro yemudzimai orwara neB.P. Kurwara nokuda kwokunyanyofunga uku kunokonzerwa nezviitiko zvine chitsama, sekuti

- Kurambirwa naKamukombe kuti Makate atakurwe naGeorge nemotokari, paaitadza kufamba nokudhakwa.
- Kurohwa kwaSheila namai vake, pamberi paGeorge, nokutukwa achinzi anotambirei nevana vevarungu.
- Kusauya kuzoonekwa kwaGeorge nehama dzake paainge aita tsaona yokubondera pagedhi nemotokari.
- Kutemerwa-temerwa zvirimwa nemahosipaipi mubindu.
- Kusamairwa nehama dzake paairwara ari muchipatara.
- Kunzwa mudzimai wake achitukwa naKamukombe akadhakwa.

Makate nemudzimai wake, uye Kamukombe nemudzimai vanopedzisira vavengana semhuri, vakadzi vorwa vachirumana nzeve nemhuno, nokubvisana mazino. Varumewo vanopedzisira vatama musha, voti aziva kwake, aziva kwake, George naEunice, ndokusara vave nomubairo werugare! Kamukombe anowana mubairo, paanoda kupfimba Eunice achiti George haapo, apo anotandaniwa ndokudonha negotsi achizomukapo obereka tsoka. Naizvozvo, anowana mubairo wekuiswa panzvimbo pake chaipo, apo anotandaniwa sembwa, uye kuvheyeserwa – vheyeserwa chitsiga chomoto.

Mai Mandizvidza namai Musekiwa vanopihwawo mubairo wavo namai Tichaona, apo vainge vanyeya Eunice mushure mekunge auyiwa naye kuchechei kekutanga namai Tichaona. Vanoti Eunice aivhaira nerokwe rake kuchechei, uye zvimiriwo zvavaipuhwa kwaive kushaya kwekurasira. Mbatya dzavaisitumirwa vanoti aive ma'*rejects*'. Vanoti George aive apfuhwira mai Tichaona, vanonzi vaireverera Eunice naGeorge nokuti vaitsvaka ushamwari kuna Eunice, ndokusaka vakamhanya kutsaona yaGeorge, "kunge nesi we"*Red Cross*". Ndipo pavanozopiwa mubairo wavo wekunzi varwe. Pavanobweza, vanosvipirwa kumeso nokunangwa uroyi. Pedzezvo, vanofambiswa mberi, amai Tichaona vari shure vachivashoropodza pamusoro peumbavha, kusazvimirira voga, uye varume zvidhakwa.

Makate naKamukombe vanowana mubairo wekuzonyimwa muriwo naMusiyiwa pamusana pekuti Kamukombe ainge atuka Musiyiwa nezveunherera hwake, uye kumuti ibhoi, pamusana pekuti aive aramba kufurirwa kuita zvaidiwa naKamukombe, zvaaiti, "mhenyu inofamba", yaizopedza nhamo yaMusiyiwa. Saka, panozorwara George, Musiyiwa ave iye mabatakiyi

kubindu, anoramba kuvapa muriwo pachena, kunyange mushure mekunge anzi naEunice avape muriwo.

Mai Mandizvidza namai Musekiwa vanowanawo mubairo wavo kubva kuna George, wekunyimwa muriwo, mushure mekunge vaukumbira apo vainge vonyimwa naMusiyiwa. Mai Musekiwa vanoyeuchidzwa nezvekutuka kwavo Hazvinei vachimuti mwana wevarungu nekurova kwavo Sheila pamusaka pebhora.

George anowanawo mubairo wakanaka kubva kuna Musiyiwa, wekuvimbwa naye nekushandirwa basa rake zvemhando yepamusoro, zvikapa kuti kunyange mukurwara kwake, hapana chakamira. Izvi zvakabva mukuita kwaGeorge kwekubvunzawo Musiyiwa mazano ake, oaitawo, uyewo kumufundisa zvekusvika pakumupa fundo yemabhuku neyokudhiravha motokari.

Iyewo Musiyiwa anowanawo mubairo wakanaka kubva kumhuri yaGeorge pamusana pokuita basa nemazvo, achiteerera zvinodiwa, nokusatevedza zvevanhu vakaita saKamukombe. Izvi zvinomuwanisa mubairo wokugara naGeorge somunin'ina wake chaiye achipuhwa ruzivo, nenyevero yeshwiro dzeupenyu, kunyange kubva kuna Eunice.

### **Dzimwewo Pfungwa Dzingashandiswa Kutsigira Musoro**

- Kugarisana kwaGeorge nemaroja ake mudhorobha.
- Kudzivirira kwaEunice vana vake kuzviitiko zvemumhuri zvakaipa
- Kugarisana kwaGeorge nababa vaTichaona sevavakidzani.

### **2) NGUVA NENZVIMBO**

Nguva iyi inoitika muZimbabwe yave nokuzvitonga kuzere. Zvekuti mumaruwa akaita seMagunje muve nemakirinika, zvakauya nerusungunuko. KuParirenyatwa kunonzi George aive muwadhi C3, kwaisaendwa nevatema munguva yeudzvanyiriri, nokuti chaive chipatara chevarungu chete. Zita rokuti Parirenyatwa rakapiwa tave nerusungunuko, richibva paGamba reZimbabwe rakaurayiwa nemabhunu raive mumwe wavanachiremba vekutanga vechitema. Nyaya iyi inoitikira zvese mudhorobha nemuruwa. Saka, kusuduruka kwaMakate naKamukombe, kureva here kuti zimhuri redu riye ziendanakuenda, muzuva ranhasi, rave kutoparara kunyange nekumamisha?

### **3) PFUNGWA DZAKASIMUDZWA MUCHITSAUKO 1 DZINOZAZANURA RONGETEDZO/RURO/RUNYAYA**

- a) Kutengeswa kwemba yaGeorge zvisina chibvumirano nomudzimai, kuti vandovakira kumusha pedyo nedzimwe hama dzavo, zivotiratidza kuti pane chakaipa chinoitwa nehama idzi chichanovatadzisa kugara mberi.

- b) Kusada kunyatsofungisisa pamusoro pemazano aEunice kunoitwa naGeorge, nekusangoda chete kuti angazonzi anotongwa nemukadzi, kunoratidza pachena kuti achazoono kuti pfungwa dzaEunice dzanga dzisina kuipa, zvinhu zvave kumuipira iye.
- c) Kukanganisana nekuvhiringana kekutanga kubva zvavange varoorana kunoita George naEunice, kuratidza kuti Eunice ane zvaaiiona zvakaipa zvaizovawira mberi, kana vavakira pamusha pananaKamukombe naMakate. Iye aida kuti vasuduruke.
- d) Kunyatsoona zvake kwaGeorge kuti mukadzi wake ane mhangwa dzakanaka, sokuramba kwaanoita kuzvionesa kuti vahwinha rotary nekupemberera nemabiko, zvinoreva kuti George achazokungura kusateerera mudzimai wake mberi.

Rongetedzo yebhuku racho yakanyatsoti twasa yakangodondana nezvitsauko zvirimubhuku racho.

#### 4) **VATAMBI** **GEORGE**

Ndiye mutambi mukuru nokuti vamwe vatambi vose vane chekuita naye, kuda pamusana pemakakatanwa anenge ari pakati pavo, kana kuti, pamusana pekuwadzana kwavo. Anounza pfungwa yokuti zimhuri redu riya ziendanakuenda, rinosanganisira vanababamunini vanababamukuru nemhuri dzavo rave kunetsa kugara riri pamwe chete, kunyanya kana riine tsimbe nezvidhakwa mukati. Kunyange zvake achiedza, pamusana pemoyo munyoro wake, kuti tsumo yekuti chawawana idya nehama mutorwa ane hanganwa ishanda munhuri mavo, anotoona kuti mutorwa ndiye anotoita nyore kudya naye, nokuti ndiye anototenda!

#### **EUNICE**

Mudzimai waGeorge anoburitswa ari mutambi azere noungwaru, unyoro nomwoyo unogona kupfundira. Kumavambo anoramba kuti vaite mabiko ekupemberera kuhwinha rotary kwaGeorge, asingade kuita baridzira. Panotaurwa nezvokunovaka kumusha, mudzimai anoedza kudzivisa murume wake zvokona, oedza kukurudzira murume kuti vanovaka pavo voga, asi murume paanoramba zano iri, Eunice anozviisa pasi pemurume wake, ongotevedzera. (Enzanisa naVaEfeso 5 : 22). Kumusha anokurumbidza kuongorora, kubata nokuziva, zvimiro, uye unhu hwevaanogara navo. Panotanga kuita matambudziko vava kumusha, haamboti kumurume ndakambokuudza, asi kuti anoedza kudzimirira George nevana kuti vasazive uipi hwehama dzavo. Haapindiri mumakuhwa anoda kuitwa nemuvakidzani, mai Tichaona, vachireva hama dzaGeorge. Haazvitutumadzi nokuva noupenyu hwakanaka panouya Tete Mai Chimanga. Chero Musiyiwa, musevenzi wavo, anomudeedza achiti Mukoma Munjodzi. Anoshanda nemaoko ake iye pachake nokudzidzisa vana vake zvimwezvo. Eunice anomiririra madzimai ane hunhu kwahwo mumaziso etsika dzechivanhu, uye dzeChiKristo.

#### **VATAMBI VANE MAZITADUNHURIRWA**

#### **MAKATE**

Kubvira mazigari makuru edoro. Sokuona kwatinoita munyaya doro anoriwanza zvinova zvinotomukonesa kuriritira mhuri yake, nokuda kwekugaroradza.

### **KAMUKOMBE**

Kureva kuti ndiko kanochereswa doro pakunwiwa kwaro, saka chidhakwawo samukoma.

### **VACHIRATIDZO (GEORGE)**

Mucherechedzo kune vamwe werudo, tsitsi, moyo munyoro, kushanda nesimba nezvimwe zvakangowanda-wanda zviru munyaya iyi.

### **GARIKAI**

Imbwa yakatumidzwa zita regodo nokuti vanaGeorge nemhuri yake, zvinhu zvavo pamusha zvaingobudirira. Vakanga votonzi varungu nehama dzavo, saka vainzi ngavagarike, vagovariritira ivo, asi vachivashoropodza nokusavatenda, vachiti vapuhwe zvakawedzera.

### **MUSEKIWA NAMANDIZVIDZA**

Mazita echihani akapiwa vana vaMakate naKamukombe, vakazvarwa George nemhuri yake vava kugara pamusha, kureva kuti mhuri idzi dzainzwa kuti dzaitarisirwa pasi nemhuri yaGeorge, iyo yavaiti yevarungu. Mutsauko waivapo pazvimiro zvemisha, uye mararamiro ndiwo waiita kuti mhuri idzi dzinzwe kuninipiswa kana dzichizvienzanisa neyaGeorge.

### **MUNJODZI**

Zvechokwadi baba ava nomudzimai wavo vakaurayiwa nemheni vachisiya zai regondo ravo, Musiyiwa, nokudaro vakafira munjodzi yemheni, vachisiya mwana wavo ari munjodzi youpenyu hweunherera.

### **MUSIYIWA**

Kududzira kuti akasiyiwa navabereki vake ari nherera, uye achingova oga mumhuri pavakaurayiwa nemheni.

### **TICHAONA**

Kureva kuti zvichabuda pachena kuti doro, makuwa, usimbe, kuvimba nokuitirwa nevamwe nekushaya hany'n'a nevanokuitirai zvinokusvitsai kupi. Hezvo vanaMakate navanaKamukombe vakatama wani vachienda uyu kwake, uyu kwake, uye kuri kure naGeorge.

### **TENDAI**

Kureva kuti hama dzaGeorge dzitende zvadzaiwana kubva kwaari, kwete kushoora nekutsoropodza, nokuti muchero pawakazooma, vakazoburana pachavo nemhaka yenzara.

### **HAZVINEI**

Kureva kuti Eunice aingoti zvaitirwa mhuri yake nevemhuri yaGeorge hazvina basa kwaari, chero aiziva kuti zvichaguma, chokwadi chazoti yacha pachena. Zvingarevazve kuti George haana kuda kutora yambiro yemudzimai wake yekusavakira pedyo nehama dzake, asi iye aiziva zvake kuti mumwe musu, murume wake aizoona chokwadi cheyambiro yake.

## **YEUKAI**

Ndiyezve Hazvinei, asi iri zita ndiro raaidaidzwa naamai vake, kurevera George, kuti arangarire yambiro dzaakambopiwa nomudzimai wake vasati vauya kuzogara kumusha, uye kuti vemhuri dzanaMakate naKamukombe vayeuke zvavakaita kuvanyimisa muriwo.

## **VAMWE VATAMBI NDEAVA**

- |  |   |  |
|--|---|--|
| i) Baba namai vaTichaona                     | - | vavakidzani vaGeorge   |
| ii) Mai Musekiwa                             | - | mudzimai waMakate  |
| iii) Mai Mandizvidza                         | - | mudzimai waKamukombe   |
| iv) Peter na Sheila                          | - | vana vaMakate  |
| v) Mai Chimanga                              | - | hanzvadzi yaGeorge   |
| vi) Andrew, Gabriel, Jacob, Miriam, naMagumo | - | vazukuru vaGeorge vana vaMai Chimanga nevemunin'ina wavo wekuMhondoro. |
| vii) Joseph Chaparadza                       | - | muroja waGeorge  |
| viii) Amai Nyasha                            | - | muroora waEunice   |

## **5) MADINGINDIRA**

Dingindira guru remunyori kuparara kuri kuita mhuri dzeChiShona dziye dzakaita ziendanakuenda, dzichitorerwa nzvimbo nedzeChingezi dzinove baba, mai nevana vavo.

## **MAMWE MADINGINDIRA ANOBUDAMO**

- Usimbe
- Kuraradza
- Ruvengo/godo/shanje
- Urwere
- Ukama/mhuri
- Mupfuhwira
- Upenyu hwemudhorobha/uroja

## **6) MAKAKATANWA ANOBUDA PAKATI PEVATAMBI**

### **a) George naEunice**

- Nenyaya yokunogara kumusha
- Nenyaya yepokunovakira
- Eunice achirambidza George kurwisa Kamukombe.

### **b) Eunice naKamukombe**

- Kamukombe achida nyama yehuku, apiwa yemombe.



- Kamukombe achida kutandara naEunice manheru.
  - Kamukombe achiganza achifunga kuti George haapo.
- c) Mai Tichaona namai Musekiwa namai Mandizvidza
- Nekuti mai Tichaona vauyirei naEunice kuchechi, uyo wavaiti aivhaira nedhirezi rake.
  - Nenyaya yokunzi mai Tichaona vainyengerera ushamwari kuna Eunice.
- d) Kamukombe naMusiyiwa Munjodzi
- Kamukombe paanoedza kufurira Musiyiwa, oramba, obva amushora achimuti kanherera.
  - Kamukombe paanouya kumba achida mari achizviti ndiye bhasi, George naEunice vasipo, onyimwa, obva atuka Musiyiwa achimuti bhoi.
- e) Musiyiwa nemadzimai aKamukombe naMakate
- Pakuvatengesera muriwo sevamwewo vanhu vokunze.
  - Pakuvanyima muriwo wemahara achiti vatange vanyorerwa tsamba nemuridzi webindu raashanda.
- f) Kamukombe naGeorge
- Kamukombe paanorambira Makate kuti atakurwe nemotokari naGeorge, akadhakwa
- g) George navaramu vake
- Pavanouya kuzokumbira muriwo, voti ngavanyorerwe tsamba yokuenda nayo kuna Musiyiwa, George oramba, ndokuvayeuchidza pavakamborova Shiela vachiti asatambe nevana vevarungu.
- h) Tete Mai Chimanga navaroora Mai Kamukombe naMai Makate, naKamukombe panyaya dzinoti:
- Kushungurudza kwavanoita George nemhuri yake.
  - Usimbe.
  - Kuraradza.
  - Kusariritira mhuri dzavo
- i) Mai Musekiwa namai Mandizvidza
- Nenyaya yokuti voita sei kuti vanopiwa muriwo naMusiyiwa.
  - Vave kupomerana mhosva yokuti ndiani ainge akonzera kuti vanyimwe muriwo nemuramu wavo George.
  - Pakuti mai Musekiwa vakumbire ruregerero kuna George.
- j) Kamukombe naMakate

- Kuti ndiani anoronedzera muzukuru Andrew zvakaitika kuti mai Musekiwa vakuvare zino.
- Pakunenedzerana pakuti mudzimai waani akakonzeresa kuti vazonyimwe muriwo.
- Kurwisana votsivana kuti mumwe nemumwe ainge akuvadzirwa mukadzi wake.

k) Eunice nehanzvadzi yake yekuMufakose (baba vaNyasha)

- Nenyaya yokuti Eunice ainge atangirei kuudza amai nababa vavo nezveurwere hwemurume wake, asati audza iye, hanzvadzikomana.

### **MAPISHAPISHA MUPFUNGWA DZEVATAMBI**

a) **GEORGE**

- Panyaya yokuti mudzimai wake aisafarira kunovakira pedyo nehama dzaGeorge vanaKamukombe naMakate.
- Kuti aizoudza sei maroja ake kuti ainge atengesha imba.
- Panyaya yokurwira bhora kwaSheila naYeukai, Sheila orohwa namai vake vachipopota vachiti asatambe nevana vevarungu, asi Eunice, mudzimai wake oshaya hanya nazvo.
- Mushure mehurukuro yake nemukuru wechikoro pamusoro pehama dzake, uye yeuchidzo yemazwi emudzimai wake ekuti, “Makaberekwa mega”.
- Pavanowana madomasi, muriwo nemahosipaipi zvaparadzwa kubindu.

b) **MAI CHIMANGA**

- Vachinetseka nokuti urwere hwaGeorge hwainge hwakonzerwa nei, asi vachifungira kuti kushushwa nehama dzake, tsimbe, dzaainge avakira padyo nadzo.

c) **EUNICE**

- Panyaya yokuti murume wake aivavarira kunogara pamwe nehama dzake dzaive nenungo.
- Panyaya yekushaya hanya kwehama dzaGeorge netsaona yakaitwa naGeorge.
- Panyaya yaKamukombe yekuda kuita chiramu chakapfuuridza naye paakazomudzgingirira nechitsiga chomoto.
- Panyaya yokuti Tendai ainge arambidzwa kudya sadza pamwe naPeter, rainge rabikwa namai Peter achinzi aizorwara naro nokuti raive netsvina.
- Pakutyira George kuti angazovibata kuti Makate ndiye ainge amuparadzira zvaive mubindu.
- Panyaya yokuvanzira vana chokwadi chezvaitika mumusha mavo.

d) **MUSIYIWA MUNJODZI**

- Achishushikana netsaona yaGeorge yekurovera pagedhi otyira kuti acharasikirwazve nomuriritiri, sezvaakamboita pakafira vabereki vake mutsaona yokurohwa nemheni.

- Achifunga nekuda kufurirwa kwaaitwa naKamukombe, kana oramba otukwa, kuti angatsive sei.

## 7) **ZVIDZIDZO**

- Kuve nechipo chekuona zvemberi hakunei nokuti uri munhui, mukadzi kana murume. (zvinobuditswa naEunice).
- Varume ngavadzidze kutambira mazano anobva kumadzimai avo, nokuti mazano haanei nenyaya yomupfuhwira (George akazoyeuka bako anayiwa).
- Usimbe hahuna chidiyiwa (Vanamai Musekiwa namai Mandizvidza vakazozvionera pavainge vonyimwa muriwo wemahara naMusiyiwa).
- Nhamo nekudhakwa madzisahwira (Mhuri yaKamukombe neyaMakate dzaitambura nokuti madzibaba aikudza doru).
- Kufunganya kwakanyanya kunoonza nokukonzera kurwara neHigh Blood Pressure (George akarwara zvekuti paMagunje Clinic vakamuendesa kuKaro Hospital, vepaKaro vakamupfuudzawo kuchipatara cheHarare, gumisire asusukidzwa kuParirenyatwa Hospital).
- Rina manyanga hariputirwi. (George akaguma azviziva chete kuti mukoma wake, Makate, ndiye ainge amuparadzira bindu rake).
- Nyadzi dzinokunda rufu. (Huipei hwaMakate nemhuri yake, uye Kamukombe newakewo mukadzi pahwakange hwazobuda pachena, uye ivo pachavo vafumurana nokurwisana, vakaona kuti kurambogara pamusha uyu zvainge zvisisaiti. Nokudaro, Makate nemhuri yake vakatamira kuGokwe, uyuwo Kamukombe neyake ndokutamira kune rimwe dunhu, makare muHurungwe).
- Nyamunatsi ndiye nyamutsigwa nebonda . (George akazvionera ega kuti hama dzake dzaaitira zvakanaka, dzakamudzosea nokumuitira zvakaipa).
- Kuoma kweupenyu hwekuroja mudhorobha (Zvinobuda mutsamba inonyorerwa George nomurume aimboroja pamba pake muHarare, Johnson Chaparadza).
- Kuchengeta nherera zvakanaka tisingadzishungurudzi. (George nemhuri yake vakaratidza kuti izvi zvinokwanisika kuburikidza nemagariro avakaita naMusiyiwa Munjodzi).

- Usahwira hunogona kukunda ukama.  
(Kubva pahukama hwaGeorge nemukoma nemunin'ina wake, uye nababa vaTichaona muvakidzani, George anoti, “Kana tsumo iye yandaitenda inoti, chiuya idya nehama mutorwa ane hanganwa handichawirirane nayo kwete. Ndingatoti, chiuya idya nehama, asi mutorwa haakanganwe”). (p108).
- Makuhwa akaipa  
(Mai Musekiwa namai Mandizvidza vakazvioneswa izvozvo namai Tichaona) (p 40 – 41)
- Kusarudza Mashoko edu, zvisinei nekuti tagumbuka zvakadii, kuti asazotipinza muna taisireva. (Mai Musekiwa vakazonyimwa muriwo naGeorge achirangarira Mashoko ainge ambotaurwa namai ava vachipotera nokurova mwana wavo) (p 26, p 100).
- Kuchenjera mazita atinotumidza nokuti anogona kureva zvimwe zvinozotipinza mune chakasara. (Mazita akatumidzwa vana vanaKamukombe naMakate, George ava kugara pamusha akanyatsoyanika goda ravo).
- Chiramu chakapindiridza hachinakidze vakadzi vazhinji (Kamukombe anopotsa apiswa nechitsiga chemoto naEunice) (p33)
- Kusvondo kunodzidziswa zvoupenyu chaizvo, asi zvinotevedzerwa nevashomashoma (Vanamai Musekiwa namai Mandizvidza, vanongoti kubuda mavapindira svondo macho, vobva vatanga kuita zvinopikisana nezvabva kudzidziswa. Chitsauko 8 na 9).
- Pane kudiyidzana kwevashakabvu nevapenyu kubudikidza nezviroto (Hope dzaGeorge p110)

## 8) ZVIDAVADO ZVAKASHANDISWA PAKUNYORWA KWEBHUKU

### a) Tsanangudzo yemunhu wechitatu

Munyori anoita nyaya yekurondedzera achishandisa izwi remunhu wechitatu, zvichibatsirana nehurukuro, kuti tinyatsoona mamiriro evatambi kubva kune zvavanotaura, zvinotaurwa nevamwe vatambi pamusoro pavo, uye tsananguro yemunyori pachake.

### b) Tsamba

Kunyora tsamba kunoshandiswa kuti tione maonero chaiwo emutambi, sekuti tsamba yaMai Chimanga kumunin'ina wavo (p62 – 63). Inogona kutiburitsirawo dzimwe nyaya dzisiri munyaya huru yemunyori, sekuti tsamba yaJohnson Chaparadza kuna George (p 68 – 69)

### c) Nhaurandoga nenhauriramumwoyo

Izvi zvinoonesawo muverengi zviri kuitika mupfungwa dzemutambi, sekuti paye Eunice paanenge achida kuti murume nevana vake vasazive zvimwe zvaanenge aona kana kuti aziva kubva mune zvinenge zvichiitika, tinomunzwa achizvidemba nechomumwoyo.

d) Nziyo

Makashandiswa dzemhando dzakasiyana-siyana asi dzose dzichibatsira kujekesa zviri kuitika munyaya:

Rwekusvondo (p39)

Rwepahumwe (p44)

Rwevakaradza (p59)

RwaZacks Manatsa neGreen Arrows, “Munhu akanaka haararame” (p95), kunanganawo neupenyu hwaGeorge.

RwaPaul Matavire neJairos Jiri Band, “Nhamo yemuriwo” (p96), kunanganawo nedambudziko ramai Musekiwa namai Mandizvidza.

e) Mazitadunhurirwa

Aya mazita ane zvaanotsanangura maererano nezviri kuitika munyaya, sekuti imbwa yakanzi Garikai, kurevera George nemhuri yake.

f) Mharidzo yokusvondo

Iyi yakashandiswa kujekesa maonero emunyori maererano nedambudziko riri mumhuri yaChiratidzo. Mashoko aaida kunyanyosimbisa akatonyorwa wani nemavara makuru (37).

g) Nhetembo dzendyaringo

YaMusiyiwa yokushambadza (p 29)

YaKamukombe yokuzvitutumadza (p52)

Zimwe zvidavado zvingatariswe

- Mutauro wechiRungu
- Zviroti
- Nzvenzvero kuBhaibheri
- Nhemeramuvhu
- Dzimudzangara / Nhepfenyuro
- ‘Telegram’ nenhare
- Zvivakashure zvekushora
- Zvamagaroziwa sezvizvi, tsumo madimikira, nyaudzosingwi zvichingodaro.

## **CHERECHEDZO**

Chinodiwa pazvidavado, kuzvitsvaga nokuona kuti zviri kushandisirwei nomunyori maererano nebhuku.

**9) NGATIONEIWO IZVI**

Imbwa, Garikai, iri munyaya iyi, imbwa zvayo here kana kuti inokodzera kunzi ‘mutambi’.

- a) Inopindira panopopoterwa Peter namai vake vachimurambidza kupawo mai Hazvinei imwe yetsuro dzainge dzabatwa nembwa iyoyi (p49)
- b) Inoramba kuvhima mazuva airwara George ari kuchipatara
- c) Panorwa mai Musekiwa namai Mandizvidza inopindirazve panenge poda kutemwa mai Mandizvidza nezidombo.
- d) Padzivo raKamukombe naMakate maitiro ayo ndiwo akakonesa botso ringadai rakaitika musu uyu.

**10) MIBVUNZO**

- 1) Musoro wokuti Mubairo unofambirana zvakadii nezviitiko zvebhuku?
- 2) Bhuku Mubairo ringanzi rinonyatsoyanika pachena zveupenyu hwechizvinozvino here?
- 3) Dingindira guru rinobuda mubhuku Mubairo nderekuparara kwemhuri yeChiShona iya yakatambanuka. Unobvumirana nazvo here?
- 4) Mashoko ekuti, “. . . makaberekwa mega”, (p11 ne p29) anozadzikiswa sei muupenyu hwaGeorge, semabuditsirwo azvinoitwa munyaya iyi?

